**Вильгельм Буш**

# ИСУС – ТЭ ТИНАСЫП

**Вильгельм Буш**

# ИСУС – ТЭ ТИНАСЫП

Магнит лентэхэм
атыратхыкӀыжьыгъэ уарзэхэр

СВЕТ НА
ВОСТОКЕ

© оригиналыр къыдэзыгъэкIырэр:
Aussaat- und Schriftenmissions-Verlag GmbH, Neukirchen-Vluyn
Оригиналым ыцI: Jesus – unser Schicksal 1991

# ДЭТХЭР


Тхьэр тэштэ, ау сыда Исус зыкIытищыкIагъэр? ............ 9

Сыда сэ сызыфытетыр? .................................. 27

Уахътэ сиIэп сэ! ....................................... 41

Шъуфэсакъ! ШъуищыIэныгъэкIэ щынагъо! ................. 57

Сыда адэ тэ тшIэн фаер? ............................... 75

Сыда Тхьэм зыпари къызыкIимыIорэр? .................... 92

ШIулъэгъуныгъэмкIэ тэ тифитыныгъ! ..................... 110

Тхьэм удэгущыIэн плъэкIына? ........................... 127

Тэ ащ нахьыбэ тшIошъ мыхъужьымэ,
сыда тищыIакIэ зыфэдэ хъущтыр? ........................ 140

Зэпымыожьэу тыхэукъоу мысэ тыхъумэ, сыдэущтэу
тищыIэныгъэ зыпкъ идгъэуцон тлъэкIына? ................ 157

ЦIыфхэм тагъэгубжы хъумэ, сыдэущтэу тызекIон фая? ..... 173

ЗэкIэри зэхъокIыгъэ хъун фае, ау сыдэущтэу ара? ........ 187

Хьау, сэрэу ар орэмыхъу! ............................... 202

Дин IофыгъохэмкIэ гъэнэфэгъэ шъыпкъэу
зыгорэ пшIэн плъэкIына? ................................ 215

ШIошъхъуныгъэр цIыфым ежь ышъхьэ иIоф ара? ............. 232

Сыдигъуа дунаир зыхэкIодэщтыр? ......................... 250

ТищыIэныгъэ Тхьэм IэкIэтлъхьэмэ,
сыда тэ ащ хэтхыщтыр? .................................. 271

# ИСУС – ТЭ ТИНАСЫП!

«Исус – тэ тинасып!» – джары дин пащэу Буш 1938-рэ илъэсым къалэу Эссен КъэбарышIур игъэкIотыгъэу щаригъэшIэным пае къафиIотэнэу Iофыгъо шъхьаIэу къыхихыгъагъэр.

Гопэшхо щыхъоу ар дин пащэу къалэу Эссен щыпсэурэ ныбжьыкIэхэм яIагъ, ау КъэбарышIур цIыфхэм алъыгъэIэсыгъэным гуетныгъэшхо фыриIэу зэрэпылъыгъэм къыхэкIэу бэрэ къыкIухьан фаеу хъущтыгъэ. Лекцие пчъэгъабэхэу къалэхэм ыкIи къуаджэхэм, КъокIыпIэм ыкIи КъохьапIэм, Европэм ыкIи зэкIэ дунаим къащишIыщтыгъэхэмкIэ ар цIыфхэм зэряджэщтыгъэр агукIэ Исус гъусэгъу фэхъунхэу ары.

Тхьэм и КъэбарышIоу къафиIотэщтым едэIунхэу цIыфхэр жъугъэу ежьым пае къызызэрэугъоихэкIэ, сыд фэдэу ащ гушIогъошхо къыщыхъущтыгъа? Сыд фэдэрэ уахътэ пштагъэми, Исус ехьылIэгъэ КъэбарышIур анахь узыIэпызыщэрэ къэбарэу зэрэщытым ащ ицыхьэ пытэ телъыгъ.

Ащ къыIуатэрэм едэIунхэу нэбгырэ мин пчъагъэхэр къызэрэугъоищтыгъ, ау дин Iофыгъохэр ягъэшIэгъэнхэмкIэ гъэсэкIо шъыпкъэу зэрэщытыгъэм къыхэкIэу ар шъхьадж шъхьафэу дэгущыIэрэм фэдэу къыпшIошIыщтыгъ. Тхьэм и КъэбарышIу ащ къызэриIуатэщтыгъэм джары анахь къыхэщырэ нэшанэу щытыгъэр. Къащым тыраIулIэгъэгъэ ыкIи нэужым лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэ Исус Христосым икъэбарIуатэ фэдэу шъо шъуащыщ пэпчъ ар шъхьафэу къыдэрэгущыI магнитофоным тыратхагъэм тегъэпсыкIыгъэу мы тхылъым къыдэхьагъэхэмкIэ.

«Исус – тэ тинасып!» – джары Тхьэм и КъэбарышIоу ащ къыIуатэрэр анахьэу зыфэгъэхьыгъэр. Адэ а къэбарыкIэр зэхэшъухынкIэ шъуфая? Ащ фэдэ амал шъо шъуагъэгъоты. Ащ къыIуатэхэрэм шъо шъушъхьэкIэ шъуядэIоу къызышIожъугъэшI ыкIи джащыгъум бэ темышIэу шъо шъуицыхьэ зытель хъущтыр «Исус – тэ тинасып!» зыфиIорэ Iофыгъор зэкIэ цIыфлъэпкъым, зэкIэ тищыIэныгъэ яIофыгъо шъхьаIэу зэрэщытыр ары.

Карл-Гейнц Эринг

# ТХЬЭР ТЭШТЭ, АУ СЫДА ИСУС ЗЫКIЫТИЩЫКIАГЪЭР?

Мары арэущтэу зыкIасIорэр: къэзгъэшIагъэм дин пащэу къэлэшхом Iоф щызышIэщтыгъэ лIыжъэу сызэрэщытым къыхэкIэу бэрэ мыщ фэдэ упчIэхэр илъэс заулэм къыкIоцI къысатэу къыхэкIыщтыгъэ: «Сыда Тхьэм Iофыгъо Iаехэр къэхъунхэр зыкIафидэхэрэр?» «Каинрэ Хьавэлрэ зыны къылъфыгъэ зэщыхэу щытыгъэх. Каин ыукIыгъ Хьавэл. Адэ Каин къыщэгъэ шъхьэгъусэр тыдэ къырихыгъа?» Анахьэу бэрэ мыщ фэдэх къысаIощтыгъэхэр: «Зиусхьанэу, Буш, о ренэу Исус укъытегущыIэ. Къаигъэгъэ шэн-зекIуакIэба ар. Динэу улэжьыщтыр зыфэдэм ащ фэдиз мэхьанэ иIэп ныIа. Анахь мэхьанэшхо зиIэр Зынахь ЛъапIэ ЩымыIэм, Амылъэгъурэ Тхьэм ыпашъхьэ щынагъо щыуиIэныр арыба»?

Шыбгъэзыен умылъэкIын шъыпкъагъэ а гушыIэхэм ахэлъэу къышъущэхъуба? Ардэдэр ары ыIогъагъэри сичIыпIэгъу цIэрыIоу Гете – ари сэщ фэдэу Франкфурт къыщыхъугъ: «Анахь мэхьанэшхо зиIэр зэхапшIэрэр ары. Пкъыгъом ыцIэ е цIыфым ыцIэ – ар макъэ ыкIи Iугъо ныIэп»... Алахьыр, Буддар, тищыIэныгъэкIэ къытэрыкIощтыр е «апшъэрэ псэушъхь» тэIокIэ, сыда ахэр зэрэзэтекIыхэрэр. Анахьэу мэхьанэ зиIэр зы шIошъхъуныгъэ горэ тыфэшъыпкъэу тиIэу, дин горэ тэлэжьымэ ары. Ар зыщыщ диным ащ фэдизэу мэхьанэ иIэп. Шъо шъуазыныкъомэ джарыба зэралъытэрэр, шъыпкъэба ар? Сыгу къэкIыжьы, къысиIорэр сшIошъ ыгъэхъумэ шIоигъоу ишъыпкъэу бзылъфыгъэ хэкIотагъэ горэ къызэрэсэнэкъокъущтыгъэр: «Зиусхьанэу пасторыр, сыдэу ужэ дэмыкIэу мы Исус тебгъэгъалIэрэ адэ! Ежьыр Исус шъыпкъэр арыба мырэущтэу къэзыIуагъэр: «Сэ сятэ иунэшхо унэхэу хэтхэр бэ. ЗэкIэми ащ шъхьэегъэзыпIэ щагъотыщт!» Синыбджэгъухэр, хэукъоныгъэшхуи арэущтэу пIоныр!

Зэгорэм гъогу сытетэу Берлин иаэропортэу «Темпельгоферфельд» зыфиIорэм сытетыгъ. Къухьэлъатэм зыщитIысхьаным ыпэкIэ джыри зэ типаспортхэр ауплъэкIухэу рагъэжьагъ. Сапэ итыгъ лIы лъэгэшхо горэ – джы къызынэсыгъэми ар сынэгу кIэтэу къысшIошIы: лIы шъэджэшъагъ, зэкIоцIыщыгъэшхо горэ ыблыгу чIэлъэу, – псынкIэу ащ ипаспорт тызыуплъэкIурэм фищэигъ. Ау контролерым зэкIэм ащ къыриIуагъ: «ЗыIэжэгу! Уипаспорт ипIа-

лъэ икIыгъ!» Мо лIышхом раIорэр къекIугъэп: «Сыда ащ мэхьанэу иIэр? Паспорт зэрэсиIэр ары зэкIэми анахь мэхьанэ зиIэр». – «Хьау, – теубытагъэ хэлъэу къыриIожьыгъ контролерым, – анахь мэхьанэ зиIэр а паспортым кIуачIэ иIэу пIэкIэлъыныр ары!»

Джащ фэдэ къабз зэрэщытыр шIошъхъуныгъэм иIофи: анахь мэхьанэ зиIэр шIошъхъуныгъэ горэ шIэныр арэп. Шъхьадж шIошъхъуныгъэ горэ иIэшъ гъэнэфагъэ. БэмышIэу сэ зыгорэм мырэущтэу къысиIуагъ: «Сэ сшIошъ мэхъу лы фунтмитIум лэпс дэгъу хэужъукIын зэрэплъэкIыщтыр». Ари шIошъхъуныгъэу щыт, къызэрыкIо дэдэу гъэпсыгъэ нахь мышIэми. Iофыр зыфэгъэхьыгъэр шIошъхъуныгъэ горэ уиIэн къодыер армырэу, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэу чIыпIэ къин уифагъэми IэпыIэгъу къыпфэхъун зылъэкIыщтыр, псэкIодышIэным удэзыгъэхын пылъ Iоф щыбгъэзыеныр, хьадэгъум ущызымыгъэщынэщтыр уиIэныр ары. ШIошъхъуныгъэу уиIэр тэрэзымэ зэрэуушэтын плъэкIыщт анахь амал дэгъоу щыIэр хьадэгъур ары!

Тэрэзэу ущыIэным ыкIи тэрэзэу улIэным апае зы шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ закъу ныIэп уиIэн фаер – ар Зиусхьанэу Исус Христосыр, Тхьэм ЫкIъор пшIошъ хъоу ущыIэныр ары. Ежьым Исус шъыпкъэм ыIуагъэба: «Сэ сятэ иунэшхо унэхэу хэтхэр бэ». Ау Тхьэм ипсэупIэ уфэзыщэрэр зы къэлапчъэ закъу ныIэп: «Къэлапчъэр сэры. СэркIэ дахьэрэр мыкIодэу къэнэжьыщт». Ащ фэдэ къэлапчъэу щытыр Исус ары! СэшIэ сэ цIыфхэм ар зэхахынкIэ зэрэфэмыехэр. Тхьэм ехьылIагъэу сыхьат пчъагъэхэр зыкъудыирэ зэнэкъокъухэр зэхэпщэнхэ плъэкIыщт. Зым Тхьэр къызэрэшIошIырэр зы шIыкI, адырэм къызэрэшIошIырэр нэфэшъхьаф. Ау ИсускIэ узэнэкъокъу хъунэу щытэп. Мырэущтэу къышъосIонэу фиты сыкъэшъушI: «Исус, Тхьэм ЫкIъо шIошъхъуныгъэ фыуиIэмэ ары ныIэп зыкъэбгъэнэжьын, тэрэзэу ущыIэн ыкIи рэхьатэу улIэн зыплъэкIыщтыр!»

Ащ фэдэ шIошъхъуныгъэр загъорэ цIыфхэм щхэнэу къызэрашIошIырэр къэзыушыхьатырэ щысэ горэ къышъуфэсIотэн. Илъэс заулэкIэ узэкIэIэбэжьмэ, Эссен иурам горэм сырыкIозэ, гъогунапцэм Iут лIитIум, енэгуягъо, ахэр шахтерщтыгъэхэкIэ, саIукIагъ. Ахэмэ саблэкIызэ, тIумэ язы шIуфэс къысихыгъ: «Уимафэ шIу, зиусхьанэу пасторыр!» Сэ ащ зыфэзгъази есIуагъ: «ТызэнэIуаса орырэ сэрырэ?» Ар щхыгъэ ыкIи игъусэ лIым риIуагъ: «Мыр пасторэу Буш ары! КIэлэ шIагъу!» «Тхьауегъэпсэу!» – есIожьыгъ сэ. – «Ау, гухэкI нахь мышIэми, ышъхьэ тIэкIу къыщэкIэн

фае!» – къыпигъэхъожьыгъ ащ...– «Сыдэущтэу ар – ышъхьэ тIэкIу къыщэкIэн фае пIуагъа?» – сыкъэгубжыгъ сэ. Джащыгъум а лIым къыIогъагъэр къыкIиIотыкIыжьыгъ: «Зытет шъыпкъэмкIэ, пасторыр кIэлэ пшъхьапэу щыт, ау зы дагъо иI: ренэу Исус къытегущыIэ!» – «Ара зыфапIорэр, – сыкъэгушIуагъэу мэкъэ IэтыгъэкIэ ащ есIожьыгъ, – ар фэшъхьаф шъыпкъи! Илъэсишъэ тешIагъэу шъо адрэ дунаим шъущыIэщт. Джащыгъум уиIоф зэрэхъущтыр зэпхыгъэр Исус шъо шъушIошъ хъущтыгъэмэ е мыхъущтыгъэмэ ары. Джащыгъур ары нафэ зыхъущтыри: джэхьнэмыр арыми е уашъор арымэ шъузэрыфэщтыр. КъысашъуIоба адэ: шъошIа шъо Исус?» – «Олъэгъуба джы ори, – къэщхи, ащ игъусэ зыфигъэзагъ, – ащ лъыпытэу джыри къыригъэжьагъ!»

Джары сэ джыри сипсалъэ къызэрэсыублэмэ сшIоигъор. Библием мыщ фэдэ сатыр ит, ар зэкIэми пэублэ афэсшIымэ сшIоигъуагъ, мары ар: «Къо лъапIэр зыгу илъ цIыфым а щыIэныгъэр иI». Исус Христосым ехьылIагъэу къаIуатэу шъо зэхэшъухыгъэнкIи мэхъу, ау шъо ар шъуиIэп. «Къо лъапIэр зыгу илъ цIыфым, – зэхэшъоха, – зыгу илъ цIыфым! – щыIэныгъэ иI – мы дунаими ахърэт дунаими! «Къо лъапIэр зыгу имылъым, щыIэныгъэр иIэп». Тхьэм и ГущыI ары арэущтэу къэзыIорэр! ЦIыфхэм мырэущтэу аIо: «ЗиIэм иI!» Джащ фэдэ шъыпкъэ мэхьан Библием ит чIыпIэм мэхьанэу иIэр. Сэ сызыфэягъэр, сыдэу хъугъэми – шъо шъуифедэ пае – къышъуасIорэр шъушIошъ жъугъэхъунышъ, Исус шIошъхъуныгъэ фышъуиIэныр ыкIи шъуищыIэныгъэ ащ IэкIэшъулъхьаныр ары. Джа зызакъор ары шъузыфэлэжьэн фаери, сыда пIомэ Ар шъугу щымыщымэ, шъуищыIэныгъэ мэхьанэ гори иIэщтэп».

Джы сэ къышъуфэсIуатэмэ сшIоигъор Исус зэкIэми ахэлъэу ыкIи тыди щыIэу зыкIыщытыр ыкIи Исус шIошъхъуныгъэ фыуиIэныр тэрэз закъоу зыкIэслъытэрэр ары. Е, фиты сыкъэшъошIымэ, сэ къасIомэ сшIоигъор гупшысэр сэ сшъхьэкIэ къысэхьылIагъэу згъэпсынэу ары. Мары къышъуфэсIуатэмэ сшIоигъор: сыда сэ Исус зэрэсищыкIагъэр ыкIи сыда Ар сшIошъ зыкIэхъурэр?

## 1. Исус – ар Тхьэр зыфэдэр зэхэтэзыгъэшIыкIырэр ары

Сэ зыгорэм мырэущтэу къысиIомэ: «Сэ Тхьэр сшIошъ мэхъу! Ау Исус сыда зыкIытищыкIагъэр?», мыщ фэдэ джэуап ащ естыжьыщт:

«Сыд фэдэ делагъа къапIорэр! Тхьэр зэхэушъэфэгъэ Тхьэу щыт! Исус IэпыIэгъу къытфэмыхъоу тэ Тхьэм ехьылIагъэу зыпари зэдгъэшIэн тлъэкIыщтэп!»

Шъыпкъэ, цIыфхэм ежьхэм яшIоигъоныгъэхэм атегъэпсыкIыгъэу Тхьэ къызыфаугупшысыжьын алъэкIыщт, гущыIэм пае, мыщ фэдэ зиусхьан Тхьэу, хьалэлыжъэу мафэ къэс пивэ таситф нахь изымышъурэ цIыф зафэ пэпчъ щызымыгъэзыерэр. Ау ар Тхьэпи! Алахь, Буддэ – ахэр тэ тишIоигъоныгъэхэм атегъэпсыкIыгъэхэу щытыхи! Адэ Тхьэр? Исус иIэпыIэгъу хэмылъэу тэ зыпари Тхьэм ехьылIагъэу тшIэн тлъэкIыщтэп. Исус ары Тхьэр къызыщылъагъорэри. Исус ыцIэкIэ Тхьэр дэ дунаим къытфехыгъ.

Мыщ фэдэ щысэкIэ сэ ар къыжъугурызгъаIомэ сшIоигъу: къызышIожъугъэшI Тхьэр къызыхэмыщыжьырэ Iугъо-пщэгъошхо шъуапашъхьэ итэу. ЦIыфхэр щыIэнхэ алъэкIыщтэпышъ Тхьэр ямыIэу. Арышъ, ахэмэ рагъажьэ Ащ лъыхъухэу. А Iугъо-пщэгъошхом пхырыкIынхэу ахэр фежьэх. Динхэм а Iофым кIуачIэу рахьылIэрэр джары къызыщылъагъорэр. ЗэкIэ дин пстэури цIыфыр Тхьэм лъыхъузэ къыугупшысыгъэх. Дин пстэуми зэхьыщырэу зы нэшанэ ахэлъ: ахэр а пщагъом хэгъощыхьэх, ахэмэ Тхьэр къагъотыгъэп.

Зыфэдэ шъыпкъэр уекIолIэн умылъэкIынэу Тхьэр гъэпсыгъэ. Исайас (Ешайа) зыцIэ пегъымбарым ар къыгурыIуагъ ыкIи ыгу къыдеIэу мэкъэ IэтыгъэкIэ къыхэкуукIыгъагъ: «О Зиусхьан, тыокIолIэн тлъэкIынэу тэ амал тиIэп. Ошъогур къызэIупхэу О укъытфехыгъагъэемэ!» ШъушIошъ мэхъуа къасIорэр -Тхьэм зэхихыгъэ а гузэжъо макъэр. А Iугъо-пщэгъошхор Тхьэм зэIуигъэзыкIи, тэ къытфехыгъ. Бэтлэхьэм губгъом итхэу мэлэIичыхэм мырэущтэу орэдыр къызэдаIо зэхъум: «Шъощ пае джы КъэгъэнэжьакIор къэхъугъ! Уашъом щыIэ Тхьэм щытхъур ыдэжь!» – джа лъэхъанэм тэ Тхьэр къытфехыгъ. Непи Исус мырэущтэу къытеIо: «Сэ сызылъэгъурэм Сятэ елъэгъу».

Исус щымыIагъэмэ сэ Тхьэм ехьылIагъэу зыпари зэзгъэшIэн слъэкIыщтыгъэп. А зызакъор ары ныIэп Тхьэм ехьылIэгъэ къэбар шъыпкъэхэр сэ къысIэкIэзыгъэхьан зылъэкIыщтыр! Арышъ, «Исус шIошъхъуныгъэ фысимыIэми, сыщыIэн слъэкIыщт» пIонышъ, сыдэущтэу къэпIон плъэкIына?!

Сэ а Iофыгъом кIэкIэу сыкъытегущыIэн слъэкIыщт ныIэп ыкIи бэ блэстIупщын фаеу хъущтыр. Исус ехьылIагъэу бэ дэд сэ

къышъуфэсIотэн слъэкIыщтыр, ау сыкъызыщыуцущтыр «Сыда Исус зыкIытищыкIагъэр?» зыфиIорэ упчIэмкIэ анахь мэхьанэшхо зиIэ щысэхэм якъэIотэн ары ныIэп.

## 2. Исус ары Тхьэм шIу тызэрилъэгъурэм пае КъэгъэнэжьакIоу къытфигъэкIуагъэр

Сэ ар къыжъугурызгъэIон фае. Бэ мышIэу гъэзетым статья фэзыгъэхьазырыщтыгъэ журналистыр къыздэгушыIэзэ, мырэущтэу къысэупчIыгъагъ: «ПIопэн хъумэ, сыда о ащ фэдэ лекциехэм укъызыкIяджэрэр?» Мыщ фэдэ джэуап сэ ащ естыжьыгъ: «СыкъызыкIяджэрэр цIыфхэр джэхьнэмым ифэнхэкIэ сытещыныхьэшъ ары». Джащыгъум ащ къыздыримыгъаштэу къысиIуагъ: «Арэущтэу хъун ылъэкIыщтэп!» Сэри ащ десымыгъаштэу есIожьыгъ: «Зэ тIэкIу тегъашI! Илъэсишъэ горэ тешIагъэу о къэпшIэщт – шъуащыщэу шъыпкъэр къэзыIорэр – орымэ е Тхьэм и ГущыIэмэ. Адэ къысаIоба, – сеупчIыгъ сэ ащ,– зэгорэм нэмыIэми о Тхьэм ущыщынэу къыхэкIыгъа?» – «Хьау, къыхэкIыгъэп,– къыситыжьыгъ ащ джэуап, – гукIэгъу зыхэлъ Тхьэм ущыщынэнэу ищыкIагъэп». Джащыгъум сэ ащ гурызгъаIомэ сшIоигъоу есIуагъ: «АщкIэ о лъэшэу ухэукъо. Тхьэм тIэкIу нэмыIэми хэзышIыкIырэм къызыгуригъэIон фаер зэфагъэ зыхэлъ Тхьэ ЛъапIэм, типсэкIодшIагъэхэм апае хьыкум къыттезышIыхьэрэм нахь щынагъо зэрэщымыIэр ары. Адэ о уипсэкIодшIагъэхэр Ащ тэрэззэу елъытэу къыпшIошIа? Тхьэу гукIэгъу зыхэлъым о укъытегущыIэ. Библием ащкIэ къыщиIорэр фэшъхьаф. Библием ащ нахьи нахьыб къыщиIорэр: МыхъомышIагъэ зэрэпшIагъэм пае, щыIэныгъэ зиIэ Тхьэм ыIэмычIэ уифэныр сыдэу щынэгъошхуа!»

Зэгорэм Тхьэм ущыщынэу къыхэкIыгъэба? КъыхэмыкIыгъэмэ, ащыгъум о къыбгурыIуахэрэп Тхьэр зэрэлъапIэри ишъыпкъагъи ыкIи Ащ ыпашъхьэкIэ псэкIодшIэ цIыфэу узэрэщытыр. Тхьэм ущыщынэу зыхъурэм, мыщ фэдэ упчIэ зэмытыжьын плъэкIыщтэп: «Сыдэущтэу сэ Тхьэм ыпашъхьэ сыкъиуцон слъэкIыщта?» Сэ къызэрэсшIошIырэмкIэ, тилъэхъанэ анахь акъылынчъагъэу къыхафэрэр Тхьэм игубж зэрэщымыщынэхэрэр ары, ар хэгъэкIыри, ЩыIэныгъэ къызбгъодэкIырэ Тхьэм цIыфхэм япсэкIодшIагъэхэр зэряфэшъушэу зэраригъэпщынырэр цIыф-

хэм зэрэзэхамышIэрэр ахэмэ язэхэшIыкIыныгъэ фэхъурэ щыкIэгъэшхоу щыт. Китаим зэкIом, Пекинг къыщилъэгъугъэхэм яхьылIагъэу профессорэу Карл Гейм къыIуатэщтыгъэ зэгорэм. Ар зыдащэегъэгъэ къушъхьэм ышыгу къурмэншIыпIэ – «ошъогу къурмэншIыпIэ» тетыгъ. ХьакIэм къызэрэфаIотагъэмкIэ, «Тхьэм зыщешIужьхэрэ чэщым» а къушъхьэ шыгум дэкIуаех шъо зэфэшъхьафхэмкIэ гъэлэгъэ остыгъэ цIыкIухэр зыIыгъхэ нэбгырэ минишъэ пчъагъэхэр. Императорыр (ащыгъум Китаим императорхэр арых пэщэныгъэ дызезыхьэщтыгъэхэр) къушъхьэ шыгум дэкIуаешъ, зипэщэ лъэпкъым пае зэшIужьныгъэм икъурмэныпхъэ ащ къыщехьы. Ащ ехьылIагъэу къыIуатэзэ, профессорэу Гейм хигъэунэфыкIыгъ: «А цIыфхэу Тхьэр зымышIэхэрэм, Тхьэм игубжи, Тхьэм ешIужьыгъэн зэрэфаеми зыгорэ хашIыкIыщтыгъ».

Гъэсэныгъэ зиIэ европейцэм «шIу тызылъэгъурэ Тхьэм» игугъу ешIы, Ащ ехьылIагъэу зыгорэ къыгурыIоу къышIошIы, цIыфхэм чылыс хьакъулахьхэр аты къодыемэ, Ар насыпышIоу алъытэжьы. Тхьэм тыщыщынэу икIэрыкIэу етэжъугъэгъэжьэжь! ЗэкIэми тэ псэкIодшIагъэхэр тиIэхэба! О умышIыгъэуи? Арэущтэу хъун ылъэкIыщтэп!

Тхьэм тыщыщынэным икIэрыкIэу зызыфэдгъэсэжьыкIэ, джащыгъум тэ тыкъэупчIэщт: «Сыдэущтэу Тхьэм игубж тыIэкIэкIын тлъэкIыщта? Тыдэ щыIа зыкъызэрыдгъэнэжьын тлъэкIыщт амалыр?» Джащыгъур ары ныIэп тэ къызыдгурыIощтыр: Исус – ары Тхьэм шIу тызэрилъэгъурэм пае къытфигъэкIогъэ КъэгъэнэжьакIор. «Тхьэр фай цIыф пстэури мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэу». Ау, зэфагъэ хэмылъэу Ар зекIон ылъэкIыщтэп. Ащ гугъуемылI еплъыкIэ псэкIодшIагъэм фыриIэщтэп. Джащ пае Ащ Ежьым Ыкъо къурмэныпхъэ зыкIитыгъэр – цIыфхэр къыгъэнэжьынхэм, ахэр Тхьэм ригъэшIужьынхэм пае.

ШъукъыздакIу Ерусалим. А къалэм идэхьэгъу дэжь Iут Iуашъхьэ. Ащ тетэлъагъо нэбгырэ мин пчъагъэхэр къыщызэрэугъоигъэхэу. Ахэмэ ашъхьагъ къащищ щыгъэIагъэх. СэмэгумкIэ щыт къащым пылъагъэр псэкIодшIагъэ зиIэу, тэщ фэдэ цIыф. ДжабгъумкIэ пылъагъэри – джащ фэдэ къабз. Ау ахэмэ азыфагукIэ Пылъагъэр! Шъуеплъ Ащ: панэм хэшIыкIыгъэ тандж Ащ ышъхьэ щылъагъ, Ар щыIэныгъэ цIыфхэм язытырэ Тхьэм Ыкъу! «Нэгу нэфыр, нэгу пшъхьапэр, сыд емыкIуа О къыуашIагъэр!» Сыда Ар ащ зыкIыпылъагъэр? А къащыр Тхьэм икъурмэншIыпIэу щыт.

Исус – Ар Тхьэм икъурмэныпхъэ Шъынэу зэкIэ дунаим псэкIодшIагъэу щызэрахьагъэр зытралъхьагъэр ары ыкIи Ащ Тхьэм цIыфхэр регъэшIужьых.

ШъошIа шъо, Исус шъогъотыфэкIэ, Тхьэм игубж шъо шъуашъхьагъ итыщт, шъо ащ гу лъышъумытэрэми, ары пакIошъ, Ар шъо щышъогъэзыеми. Исус ыдэжь къакIорэр ары ныIэп Тхьэм гупсэфыныгъэ зэритырэр: «Тидунае ипсэкIодшIэгъэ пстэури Тхьэм зэригъэпщыныжьыгъэр Исус ары».

Щысэ къызэрыкIо дэдэ къышъуфэсIотэнэу фит сыкъэшъушI. Апэрэ дунае заом илъэхъан сэ топыгъаоу сыщытыгъ. А топыхэм атетыгъэх зыкъобгъэбылъыхьан плъэкIынхэу мэIухэр. Зэгорэм тэ лъэсыдзэр тимыгъусэу, заохэрэм апэкIэ титэу заом тыкIон фаеу хъугъагъэ. Танкэхэр зыхэлэжьэрэ зао ащ дэжьым къыташIылIэгъагъ. Ошъум фэдэу щэхэр тимэIухэм къатетакъощтыгъэх. Ау мэIухэр зэрэпытэхэм ишIуагъэкIэ тэ щынагъо гори къытшъхьащыхьэщтыгъэп. Арыти, сэри сегупшысагъ: сэ сIэ мо мэIу къогъум къызэрэкъосэгъэщэу щэхэм ар зэхаулыIощт ыкIи сэри лъэу чIэсынагъэм силIыкIыщт.

КъэсIотагъэм имэхьанэ шъо къыжъугурыIуагъ: ащ фэдэу сэ сыкъэзыухъумэрэр Исус ары. СэшIэ сэ: Исус игъогу сырымыкIомэ, Тхьэм хьыкум къыстришIыхьащт, сыкIодыщт. Исус игъогу сырымыкIомэ, сыд сшIагъэми, мамыр сыгу илъын ылъэкIыщтэп. Исус сыгу щыщ мыхъумэ, аджалым ищынагъо скIэхэмыкIэу сылIэн слъэкIыщтэп. Исус игъогу сырымыкIомэ, мыкIодыжьын хьадэгъум сыхэтыщт. МыкIодыжьын хьадэгъу щыI – шъори ар шъулъэгъун! Ау Исус икъащ ыкъогъу сыкъотымэ, сэрыкIэ зи щынагъо щыIэп, мэIум ыкъогъу сыкъотым фэд. Джащыгъум сэшIэ сэ: Ары Тхьэм сезыгъэшIужьырэр! Ар сэ си КъэгъэнэжьакIу! Исус – Тхьэм шIу сызэрилъэгъурэм пае КъэгъэнэжьакIоу Исус къысфигъэкIуагъ.

Зэхэшъоха шъо: Тхьэр зыфаер зэкIэ цIыфхэр мыкIодхэу къэнэжьынхэр ары. Джащ фэшIыкIэ Ащ Ежьым ЫкIъо цIыфхэр къыгъэнэжьынхэм, ахэр Тхьэм ригъэшIужьынхэм пае къурмэныпхъэу зыкIаритыгъэр. Ощ паий ары Ащ арэущтэу зыкIишIыгъэр!

Арышъ, джы о ащ щэхъукIэ зымыгъэрэхьат, Тхьэм а гупсэфыгъор къыуетыфэ, умыкIодэу укъегъэнэжьыфэкIэ!

Сыда Исус зыкIытищыкIагъэр?

## 3. Исус – тищыIэныгъэкIэ анахь Iофыгъошхор зэшIозыхын зылъэкIырэ закъор ары

ШъошIа шъо тищыIэныгъэкIэ анахь Iофыгъошхоу щытыр? Шъыпкъэ, зыныбжь хэкIотагъэхэр ащкIэ зэгупшысэхэр яшIу, яжъэжъыехэр е фэшъхьафэу а уахътэм узыхэрэр ары. Iофыгъо гурыIогъуаех, арыба? НыбжьыкIэхэмкIэ, ахэмэ афэдэ Iофыгъохэу щытхэр «пшъашъэр» е «кIалэр» ары. ЗэрэхъурэмкIэ, шъхьадж ежьым ышъхьэ фэгъэхьыгъэу анахь зыгъэгумэкIырэ Iофыгъохэр иIэх. Ау сэ къышъуасIорэр шъушIошъ жъугъэхъу: тищыIэныгъэкIэ анахь Iофыгъошхоу хъурэр Тхьэм ыпашъхьэкIэ псэкIодшIагъэу щытиIэр ары!

Илъэсипш1 заулэхэм къакIоцI сэ ныбжьыкIэхэм Iоф адэсшIагъ дин пэщэ IэнатIэр згъэцакIэзэ. Тхьэм ыпашъхьэкIэ псэкIодшIагъэу щыряIэр къагурызгъэIоным пае сэ ренэу щысэ-амалхэм салъыхъущтыгъэ. А щысэхэм ащыщ горэ мыщ дэжьым къыщысIуатэ сшIоигъуагъ. Сэ ахэмэ ясIуагъ: «КъызышIожъугъэшI мырэущтэу: пшъэм къешIэкIыгъэу пшъэхъу илъэу тыкъэхъугъэу. ЫкIи псэкIодшIагъэ горэ тэ тIэкIашIэм къэс, а пшъэхъум джыри зы пшъэхъунэ къыпагъажъэ. Гупшысэ мыкъабзэ горэ сыгу къихьагъ – джыри зы пшъэхъунэ къыхэхъо; Iэдэбынчъэу сянэ сыдэгущыIагъ – джыри зы пшъэхъун; нэмыкI цIыфхэм яхьылIагъэу зы гущыIэ бзаджэхэр сыжэ къыдэкIыгъэх – джыри пшъэхъунэ къыхэхъо. Тхьэр щымыIэ фэдэу тхьэлъэIу сымышIэу зы мафэ тешIагъ – джыри зы пшъэхъунэ. Къончагъэ къызыхэзгъэфагъ, зыгорэ згъэпцIагъэ – джыри зы пшъэхъун».

Джы шъуегупшыс – сыд фэдэ пшъэхъу кIыхьа къытпышIагъэу зыдэтлъэшъурэр! КъыжъугурэIуа шъо – ар чIыфэпщыныжь пшъэхъоу щыти! Тхьэм ыпашъхьэкIэ псэкIодшIагъэ зэрэщытиIэр гъэнэфагъэу щыт, а пшъэхъур нэрылъэгъоу щымыт нахь мышIэми. ЕтIани ар, а пшъэхъур кIыхьэ дэд. Тэри тыдэ тыкIуагъэми, ар къытпышIагъэу зыдэтэлъэшъу. Бэрэ сызэупчIыжьэу къыхэкIы: сыда цIыфхэр нэгушIо шъыпкъэхэу ыкIи насыпышIохэу щытынхэ зыкIамылъэкIырэр? Зыгорэм шъуфыщымыкIэрэмэ, адэ шъо, зытет шъыпкъэмкIэ, шъунасыпышIоу зышъолъытэжьа? Шъо шъунасыпышIон шъулъэкIыщтэп. ЗыкIэшъумылъэкIыщтыр тыдэ шъукIуагъэми псэкIодшIагъэм ипшъэхъу зыдэшъолъэшъушъ ары! ЕтIани диным сыд фэдэрэ иIофышIи, мэлэIичи ар шъупшъэ рахын алъэкIыщтэп. Тхьэми

ар ыкIуачIэ къыхьын ылъэкIынэу щытэп, сыда пIомэ Ащ шъыпкъагъэ хэлъэу щытышъ ары: «ЦIыфым хьасэм зэрэхилъхьэрэм фэдэу къыгъотыжьыщт».

Ау Исус мары! Джа Зызакъор ары тищыIэныгъэкIэ анахь Iофыгъошхоу тапашъхьэ илъыр зэшIозыхын зылъэкIынэу щытыр. Тэ типсэкIодшIагъэхэм апай Ащ ыпсэ зыкIитыгъэр. Ежьым ылъыкIэ а псэкIодшIагъэхэр ыпщыныжьыгъэх. Арары Ащ псэкIодшIагъэм ипшъэхъу ттырихыжьынэу амал зыкIиIэр. Ар зыкIуачIэ къыхьын зылъэкIыщтыр а Зызакъор ары ныIэп!

Сэ сищыIэныгъэ сигъэшIагъэхэм щыщ къышъуфэсIотэн: сипсэкIодшIагъэхэр Тхьэм зэрэсфигъэгъугъэхэр зэрэзэхасшIэрэр - шъхьафитыныгъэ шъыпкъэр ары. Зыныбжь хэкIотагъэхэр, сыкъышъоджэ: псэкIодшIагъэхэр Тхьэм шъуфигъэгъугъэхэу мы дунаим шъуехыжьын шъулъэкIыщт! Е зэкIэ шъупсэкIодшIагъэхэр зэрэшъутелъыхэу ахърэт дунаим шъукIожьын шъулъэкIыщт! Арэущтэу хъумэ, ар тхьамыкIэгъошхоба!

СэшIэ сэ цIыфхэу ежьым къагъэшIагъэм ренэу мырэущтэу зыIощтыгъэхэр:»Сэ сыхьалэл, сэ сызаф». Ау хьадэгъур къафэблагъэ зыхъукIэ ахэмэ къагурыIоу рагъажьэ щыIэныгъэм икъуашъо псы шIоркъ орышхом хэтэу адрэ дунаим – Тхьэм ипэгъокIэу зэрихьыхэрэр. Ахэмэ зыпари зыдаштэн алъэкIыгъэп – уни, банкэм илъыри, ахъщэ пчъагъэр зыдэтхэгъэ тхылъыри – япсэкIодшIагъ ныIэп зыдаштэнэу хъугъэр. Арэущтэу угъэпсыгъэу Тхьэм ыпашъхьэ укъиуцонэуи! ГукIодыгъо дэд! Ау джарэущтэ шъыпкъэу ары цIыфхэр зэрэлIэхэрэр. Ау шъо мырэущтэу шъуIомэ: джаущтэу ары зэкIэри зэрэлIэхэрэр! – арымэ, ащыгъум джащ фэдэ шъыпкъэу зэкIэри малIэх! Ау шъо арэущтэу шъулIэ хъущтэп! Исус цIыфхэм япсэкIодшIагъэхэр афегъэгъух! Джы щыIэ щъхьафитныгъэ пстэуми анахьи анахь иныжьэу щыт ащ фэдэ шъхьафитныгъэр.

Илъэс 18 зыныбжь кIалэу сыщытыгъ, сэ псэкIод гъэгъуным икъэбар зызэхэсэхым. А чIыпIэм пшъэхъур зэбгырытэкъугъэ. Орэд горэм мырэущтэу къыщеIо: «ПсэкIодхэр зэкIэ Тхьэм тфигъэгъугъэх /гуIэрэ псэм пае/джары щыIэныгъэр зыхэлъыри,/ Исус ыцI ары псэкIод гъэгъуныр тфэзыгъэхьазырыгъэр». Ащ фэдэ шъори зэхэшъушIэнэу ары сэ сызыкIэхъопсырэр. Исус ыдэжь шъукIу! Неп ары шъузыкIон фаер. Ар шъо къышъожэ. Мырэущтэу Ащ ешъуIу: «А Зиусхьан, сищыIэныгъэ зэщыкъуагъэ ыкIи бзэджагъэхэр ащ бэу хэлъ. Ренэу ар сыушъэфыщтыгъ ыкIи

сызыщытхъужьыщтыгъ. Джы зэкІэ ахэр О къыосэхьылІэх, джы сэ сшІошъ згъэхъумэ сшІоигъор О плъыкІэ сипсэкІодшІагъэ зэрэстептхьакІыкІырэр ары». Сыдэу насыпышІуагъа уипсэкІодшІагъэхэр Тхьэм пфигъэгъужьынхэр!

Я 17-рэ лІэшІэгъум Англием щыпсэущтыгъ Буньян ыцІэу лІы горэ. ИшІошъхъуныгъэ пае агъэмысэу а Буньяныр илъэс пчъагъэрэ хьапсэм чІагъэсыгъ. Лъэхъэнэ пстэуми ары зэрэхъущтыгъэри. Тхьэм и ГущыІэхэр зыпкъ ит Іофэу щыт, ау ахэм анэуж анахь зыпкъ ит Іофыгъоу щытыр хьапсэхэр ары. Ащ фэдэ хьапсым чІэсэу а Буньяным тхылъ шІагъоу ытхыгъэм джы къызынэсыгъэми мэхьэнэшхо иІ. Хъугъэ-шІэгъэ щынэгъуабэмэ зыщяутэкІыгъэ зекІом фэдэу чыристаным ищыІэныгъэ къыщехъулІагъэр ары а тхылъым къыщиІуатэрэр. Мары ар къызэрэригъажьэрэр: Зы лІы горэ щыпсэущтыгъ «Мамырныгъ» зыфаІощтыгъэ къалэм. ОшІэ-дэмышІэу ар къэгумэкІыгъ ыкІи мыхэмэ яхьыщыр гущыІэхэр къыІуагъэх: «Зыгорэущтэу мытэрэзэу къысщэхъу мыр. Сэ сыгупсэфын слъэкІырэп. Сынасыпынчъ сэ. Мы чІыпІэр сэ къэсыбгынэн фае». ИгумэкІхэм ащ ишъхьэгъусэ ащигъуазэ ышІыгъ. Ащ мырэущтэу къыриІуагъ: «О огумэкІыщэ. УищыкІагъ зыбгъэпсэфын фаеу». Ау зыми ишІуагъэ ащ къекІыгъэп. ЛІыр гумэкІ-гупшысэм къыІэкІэкІын ылъэкІыщтыгъэп. Арау, зэгорэм ащ мыщ фэдэ зэфэхьысыжь ышІыгъ: «Сэ хэти ишІуагъэ къысигъэкІын ылъэкІыщтэп, арышъ, мы къалэм сыдэкІыжьын фае!» Джаущтэу тыриубыти, ащ ышъхьэ хихьажьыгъ. Гъогум тетэу кІозэ, ащ къызэхишІагъ хьылъэ горэ ыплІэІу илъэу. Ар зытыридзымэ шІоигъу, ау къыдэхъурэп. ЫкІи ыпэкІэ нахь чыжьэу лъыкІуатэ къэс хьылъэу ыхьырэр нахь онтэгъу мэхъу. Нахьыпэм ар ащ фэдизэу онтэгъуми зэхишІэщтыгъэп. Іо хэмылъэу къепхьакІын фэе хьылъэу ары къызэрэщыхъущтыгъэр. Ау джы къалэу «Мамырныгъ» зыфиІорэм нахь пэчыжьэ хъурэм къэс, а хьылъэр нахь хьыгъуае къыщыхъущтыгъэ. Аужъыпкъэм ащ ерагъэу ылъакъохэр зэблихыхэ хъугъэ. Гъогу лъагъом тетэу къинышхокІэ къушъхьэм ар дэкІуае. Хьылъэу ыплІэІу телъым къинышхо регъэлъэгъу. ОшІэ-дэмышІэу гъогу зэхэкІыпІэм дежь ащ ыпашъхьэ къащыр къеуцо. Иакъыл щыуагъэу пІоми хъунэу, къащым ыпашъхьэ ар щефэхы, ыІэхэмкІэ ар ыубытыгъэу ерагъэу къыдэплъые. А такъикъ дэдэм ащ зэхешІэ ыплІэІу илъыгъэ хьылъэр зэризыжьыгъэр ыкІи мэкъэшхо пыІукІызэ бгычІэм зэрефэхырэр.

Тхыгъэ шІагъом къыщыреІотыкІы Исус Христос икъащ дэжь

цIыфым ыгу ихъыкIын ылъэкIыщтыр зыфэдэр: СыгукIэ сэ сыкъэкIэжьыгъэу къащым сыкъыдэплъыягъ, /Тхьэм и Къурмэныпхъэ Шъынэ сэ ащ щыслъэгъугъ, /ылъ Ащ щигъэчъагъэу, /сэщ пае Ар ащ телIыхьагъ. /СэукIытэми сызэуцолIэжьырэр /ащыгъум Iоф шIэгъуитIу зэрэслъэгъугъэр ары:/шIуагъэ зыхэлъ шIулъэгъуныгъэшхорэ /сипсэкIодшIагъэ ионтэгъугъэрэ». СипсэкIодшIагъэхэр къысфэгъугъ! – мыхъунэу сшIагъэхэр зэкIэ Исус ежьым ылъыкIэ сфипщыныжьыгъэх. ЧIыфэ пшъэхъоу стелъыгъэхэр стехыжьыгъэ хъугъэх. Хьылъэу сплIэIу илъыгъэр стезыжьыгъ. УипсэкIодшIагъэхэр пфегъэгъух! – ар зышIэн зылъэкIыщт закъор Исус ары ныIэп.

Сыда Исус зыкIытищыкIагъэр? Джыри шъо къыжъугурызгъэIон фаеу щыт, Исус сэ сшIошъ зыкIэхъурэр.

## 4. Исус – Iахъо хьалэлыр

Шъо зэкIэми зэгорэм къыхэкIыгъэба зэхэшъушIагъэу шъуизэкъо дэдэу шъукъэнагъэу ыкIи щыIэныгъэр пкIэнчъэ шъыпкъэу къышъущыхъоу. Джащыгъум шъо ошIэ-дэмышIэу зэхэшъошIэ зыгорэм шъузэрэфыщыкIэрэр. Ар хэта, сыда? Сэ ар къышъосIон: шъо шъузыфыщыкIэрэр щыIэныгъэ къызбгъодэкIырэр ары!

Джыдэдэр ары сэ къызышъуфэсIотагъэр, типсэкIодшIагъэхэр ыпщыныжьынхэм пае Исус къащым зыкIытелIыхьагъэр. Мы гущыIэхэм шъунаIэ атешъудз: «Дунаим ицIыфхэм япсэкIодшIагъэ пстэури Ащ ыпшъэ ралъхьэгъагъ». ЕтIанэ къушъхьэцакIэм хэупкIыгъэ къэунэм Ар чIалъхьэгъагъ. Къэунэм ичIэхьапIэ дэжь мыжъо онтэгъу IуагъэукIорэегъагъ. ЗэкIэри зыпарыми темыщынахьыным ыкIи гупсэфынхэм пае Рим щыщ Iэшъхьэтетым мыжъом мыхъур тыридзагъ, ыкIи а чIыпIэм рим дзэкIолIхэр къэрэгъулэхэу Iуигъэуцуагъэх. Хэгъэгу зэфэшъхьафхэу Галлием (джы Францием), Германием, Азием, Африкэм ащызэогъэ дзэкIолI пхъашэхэр а къэрэгъулэхэм зэрахэтыгъэхэр къызышIосэгъэшIы. Тыркъохэр мымакIэу зытыращэгъэ кIэлэ пытагъэх ахэр. Джы мары ахэр ящэнэрэ мафэм инэфшъагъо дэжь мэIур яIэлэжьэу, пчыпыджыныр IэджабгъумкIэ аIыгъэу ыкIи гъучI паIор ащыгъэу къэунэр къаухъумэу щытых. Рим щыщ дзэкIолIыр къэрэгъулэнэу зыгорэм Iуагъэуцуагъэмэ, ащ уицыхьэ тегъэлъ. Ау ошIэ-дэмышIэу мафэм фэдэу зэкIэм нэфынэшхо

къэхъугъ. Ащ фэгъэхьыгъэу Библием мырэущтэу къыщеIо: «Зиусхьаным имэлэIич уашъом къехи, къэунэм Iухьи, мыжъошхор IуигъэукIорэикIыжьыгъ». Исус къэунэм къычIэкIыжьы! Ар зыфэдэ амылъэгъугъэ Iофышхо шIагъоу зэрэщытыгъэм къыхэкIыкIэ, дзэкIолIхэр инэу щтагъэх, зыкъамышIэжьэу зэхэфэгъагъэх. Сыхьат заулэ тешIагъэу Исус пшъэшъэ тхьамыкIэм къыIокIэ. Исус а пшъашъэм джынэпцIибл хифыгъэу ары Библием къызэрэщиIуатэрэр. А пшъашъэр мэгъы, Исус ащ кIэлъырэхьэ, ау ар мэхэу зэхафэрэп. Iофыр зэрэхъурэр фэшъхьаф шъыпкъ: лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэ Зиусхьанэу Исус зэришIэжьыгъэм ар егъэгушIо ыкIи къеIо: «Раввуни!» Джы ар ыгукIэ гупсэфыжьыгъэ, сыда пIомэ, ешIэ ащ: «Исус Iахъо хьалэл, псэу ыкIи Ар сэ сигъусэ!»

ЕтIани шъошIа шъо: Исус ащ фэшъхьафкIи сэ зыкIысищыкIагъэр Ащ ыIапэ сIыгъыным пае. СищыIэныгъэ сэ тIокIэ шIункIым сыдидзэу къыхэкIыгъ. Исус сызэрэфэлажьэрэм пае нацист хьапсэхэм сачIэсыгъ. ЧIыпIэ къинхэм сащырихьылIагъ, мыщ фэдэу сегупшысэу: «Джыри зы лъэубэкъу зысыдзыжькIэ, сиакъыл симыежьэу сыхъунышъ, хэкIыжьыпIэ зимыIэ чIыпIэ сифэщт». А лъэхъанэр ары Христосыр сыпашъхьэ къызиуцуагъэр! ЫкIи зэкIэри дэгъоу хъужьыгъэ! Арымырмэ, сэ фэшъхьафэу ар зыпкъ къикIыгъэр къэсIон слъэкIыщтэп.

Джэхьнэм шъыпкъэкIэ плъытэн плъэкIыщтыгъэ, пчыхьэ горэ сэ хьапсэм сычIэсэу къысэкIугъагъ. ХьапсэчIэсхэр концлагерым зыщэнхэ фэе машинэр хьапсэ пчъэIум къыIуагъэхьагъ. ЦIыфхэу ащ ащэнхэ фаеу къыхахыгъэхэм зы гугъапIэ гори яIэжьыгъэп: ахэмэ ащыщхэр бзэджэшIэгъэ ин зезыхьэгъэ цIыфхэу щытыгъэх, адрэхэр лажьэ зимыIэу агъэтIысыгъэ джуртыгъэх. Шэмбэт пчыхьэ горэм зэкIэ а цIыф купыр тхьамыкIэгъо гукIодыгъом зэлъиштагъэх. Ашъэ икIыгъэхэм фэдэу ошIэ-дэмышIэу ахэр къэзэрэгъэкууагъэх, къэзэрэгъэкIыигъэх, къэзэрэгъэгъоргыгъэх, шъо ар къызышIожъугъэшIын шъулъэкIыщтэп. Зыгу кIодыгъэу, зышIэщтыр зымышIэжьырэ хьапсэчIэсхэр куощтыгъэх ыкIи дэпкъыхэмрэ пчъэхэмрэ атеощтыгъэх. Къэрэгъулэхэр гумэкIым зэлъиштагъэхэу Iэчъэ-лъачъэщтыгъэх, шхончыхэмкIэ кIашъом дэуаещтыгъэх, мокIэ-мыкIэ чъэщтыгъэх ашIэщтыр амышIэжьэу, хьапсэчIэсхэр зэхагъэзыхьэщтыгъэх ыкIи утын гъушъэкIэ яощтыгъэх. Сэ сикамерэ сисэу сегупшысэщтыгъэ: «Джары джэхьнэмыр зэрэщыщытыр». А пчыхьэм сэ ащ щыслъэгъугъэр къэсIотэ-

жьынэу сижэбзэ амал къыхьыщтэп. Арэущтэу зыщыхъугъэм дэжь сэ ошIэ-дэмышIэу сыгу къехьэ: «Исус! Ар мыщ щыIэба!» Сэры шъыпкъэм сшъхьэкIэ скIэхэкIыгъэр ары къышъуфэсIуатэрэр. Джащыгъум сэ мэкIэ-макIэу сикамерэ сисэу къасIоу езгъэжьагъ: «Исус! Исус! Исус!« ЫкIи такъикъищкIэ зэкIэ тыдэкIи рэхьат щыхъужьыгъ. КъыжъугурэIуа шъо: Ащ зыфэзгъази сэ селъэIугъ. Зы нэбгырэ горэми ар зэхихыгъэп. Зэхэзыхыгъэ закъор Ежь ары ныIэп – ыкIи джынэхэм ашъхьэ Iуахыжьын фаеу хъугъагъэ! ЫкIи мыщ дэжьым сэ сымакъэ Iэтыгъэу орэд къыхэсыдзагъ – ар къытфадахэщтыгъэп: «Исус – О утигушIогъошху, спсэ шIугъэу уриI, О дэхагъэу усиI. Сыдэу сыгукIэ сыфалIэра, бэшIагъэуи сыкIэхъопсыра, мащтэми ар фаблэра сыдигъуи О уигъусэнэу!« ЫкIи зэкIэ хьапсэчIэсхэми ар зэхахыщтыгъэ. Къэрэгъулэхэми зы гущыIи къажэдэзыгъэп, сэ орэдыр мэкъэ IэтыгъэкIэ къасIощтыгъ: «Жьыбгъэ фыртынэшхо жъалымэм /зэкIэ дунаир ыгъэтIыгурыгуми /сэрыкIэ IэпыIэгъур – Исус ары!» Синыбджэгъухэр, джащыгъур ары сэ зызэхэсшIагъэр щыIэныгъэ зиIэ КъэгъэнэжьакIор уиIэным имэхьанэ зыфэдэр.

Тэ зэкIэхэм зэгорэм къиныгъошхо дэдэ горэ – сэ ащ игугъу къышъуфэсшIыгъагъ – зэпытчын фаеу хъущт – хьадэгъум ихъуат ар. Зэгорэм сэ къысэгыигъэх: «Шъо, дин пащэхэр, ренэу лIэныгъэмкIэ цIыфхэр шъогъэщынэх!» Сэ ахэмэ мыщ фэдэ джэуап ястыжьыгъ: «Сэ ащкIэ зыгорэ згъэщтэнэу ищIыкIагъэп, зэкIэми тэ ащ лъэш дэдэу тыщэщынэба!» Джащыгъум, улIэ зыхъукIэ, зыгу къыпфэхьалэл ухъумакIом, ыIэ къыбнэсынэу уиIэнкIэ сыдэу дэгъуа! Ау сэ къысаIо – ыкIи ар шъыпкъэ: «Джы непэ щыIэ цIыфыр, хьадэгъум нахьи нахь лъэшэу, щыIэныгъэм щэщынэ. ЩыIэныгъэр гугъэкIод дэдэу щыт, ар хьадэгъум нахьи нахь щынагъу!» Синыбджэгъухэр, щыIэныгъэми Исус гъусэу щышъуиIэн шъулъэкIыщт!

Бэрэ къафэсIуатэу къыхэкIыгъэ хъишъэ горэ, щысэкIэ къышъуфэзгъэлъагъомэ сшIоигъу. Ар шIошъ хъугъуаеу щыт, ау хъугъэ-шIэгъэ шъыпкъэу щыт. Эссен сыдэсэу сэ зэгорэм сатыушIэ горэм нэIуасэ сыфэхъугъагъ; шIукIаеу ыгу къысфихыгъэу ар сэ къыздэгущыIэщтыгъ: «Зиусхьанэу дин пащэр, сыдэу дэгъоу пшIэра кIэлэцIыкIухэр шъыпкъэныгъэм игъогу зэрэтепщэхэрэр. Ма, къыосэты марки 100, Iофэу пшIэрэм пае». Ащ ипэгъокIэу сэ есIожьыгъ: «Адэ оры, о ащ укъыхиубытэу зыплъытэжьырэба?»–
»Хьау, хьау, зиусхьанэу, дин пащэр, сэ дунэееплъыкIэ гъэнэфагъэ

сиIэ хъугъахэ...» КъыжъугурэIуа шъо, уеплъынкIэ цIыф бэрчэт, лIы шIагъу, ау Тхьэм пэчыжь, Сириус мазэм зэрэпэчыжьэм фэдэу. Зэгорэм сэ къэззэрэщагъэхэм нэчахь афэсшIыщтыгъэ. Чылыс нэкIышхом а хъугъэ-шIагъэр щырагъэкIокIы зыхъукIэ, нэшхъэигъэ тIэкIу къыхафэу мэхъу. Къэзэрэщэхэрэм афэшъхьафэу нэбгырипшIы горэ къекIуалIэрэр. Чылыс нэкIышхом ахэр чIэтыхэ зыхъукIэ, ашIэштыр амышIэу, тIэкIу щтэуIугъэхэм фэдэу мэхъух. Адрэ сатыушIэу, синэIуасэр шыхьатэу ары ащ хэлэжьэн фаеу зэрэхъугъагъэр! Сишъыпкъэу сыгу егъущтыгъэ а лIы зэтегъэпсыхьагъэу, цилиндрэ паIор зиIэдакъэу щытыгъэм. Чылысым узэрэщызекIон фаем ащ зыпари хишIыкIыщтыгъэп. Гу лъымытэн плъэкIыщтыгъэп джащ къыхэкIэу, мыщ фэдэ упчIэхэм ащ гъогу къызэрамытыщтыгъэм: «ЛъэгонджэмышъхьэкIэ сэрэтIыса? Къащ зэсадзыжьын фае шъуIуа? Сыдэущтэу сызекIон, сыд сшIэн фае шъуIуа?» Сэ тIэкIукIэ ащ IэпыIэгъу сыфэхъугъ, ипэIо цилиндрэ IэкIэсхи, ыбгъукIэ щыт тIысыпIэм теслъхьагъ. Ащ ыуж Тхьэм ищытхъу къизыIотыкIырэ орэдыр къаIуагъ. Ау зыпари а орэдым ащ хишIыкIыщтыгъэп, е ащ фэдашъо ащ тепштэщтыгъ. Шъо шъулъэкIына, а зиусхьаныр къызышIожъугъэшIын? Мы дунаим щыпсэурэ цIыфыр. Ау ошIэ-дэмышIэу гъэшIэгъон дэд хъугъэр. Чылысым кIэлэцIыIухэм апае тхьэлъэIухэр щашIыхэ зыхъукIэ, ар зезыщэхэрэм яIэпыIэгъоу пшъашъэу дакIорэр зэрэщытыгъэм къыхэкIэу, пшъэшъэжъые 30 фэдиз галереим тетхэу, тхьэ орэд къэзыIощтыгъэхэм амакъэ къэIущтыгъ. Ясабый мэкъэ шъэбэ цIыкIухэмкIэ ахэмэ анахь тхьэ орэд къызэрыкIо дэдэу, енэгуягъо, шъори шъушIэ къаIощтыгъ: «Сэ Христос сыришъынэ цIыкIу! /Сыгум насыпыр изыбз/КъэгъэнэжьакIор сэ къысфэгумэкIы...»

Сэ мыщ дэжьым семыгупшысэн слъэкIыгъэп, мо синэIуасэм зыгорэ къыщышIыгъ, зыгорэкIэ къысэмыджагъэмэ шIэ? Ащ зызэхиутIыIуагъэ, ыIэхэмкIэ ынэгу ыгъэбылъи, ежьыри къэтIыгурыгугъ. Зыгорэ ащ къыщышIыгъэу ары сэ зытесыубытагъэр! Iазэр къыфэсщэн фае. Ау мыщ дэжьым гу лъысэтэ, сэлъэгъу: а лIыр мэгъы, етIани къызэтепIэжэн умылъэкIынэу ары! «... КъэгъэнэжьакIор сэ къысфэгумэкIы, Ащ тыригъусэмэ, сыдэу тхъагъуа тищыIакIэ», – къаIощтыгъ тхьэ орэдыр кIэлэцIыкIухэм. – «ШIулъэгъуныгъэм сыхэтэу Ащ сэ сызэрещэ /сцIэкIи къысаджэ./Ащ итамыгъэ лъапIэу сашъхьагъ щаIыгъым сычIэтэу /сэ сызыфыщыкIэрэ щымыI:/ Ащ имылъку-гъомылэхэр бэдэд...»

Мары джы, щыс лIыр, сатыушIэ тегъэпсыхьагъэр ыкIи… мэгъы. Джащыгъум сэ къызгурыIуагъ ащ къехъулIагъэр. ЕжькIэ зэкIэм нафэ хъугъэ: «Сэ симыIэр кIэлэцIыкIухэм яI: Iахъо хьалэлэр. Ар ахэмэ я КъэгъэнэжьакIу ары. Сэ сизэкъо дэд, сыкIодыгъэ цIыф!»

Хъулъфыгъэхэмрэ бзылъфыгъэхэмрэ, шъорыкIэ щыIэныгъэм анахь гъэхъэгъэшхоу щыщытыр, а кIэлэцIыкIухэм шъуафэдэу, шъори Исус Христос имэлы Iэхъогъум шъущыщэу, Къэгъэнэжьэ-кIо хьалэли шъушъхьащытэу къэшъуIон шъулъэкIынэу зыхъукIэ ары. Ар щыIэныгъэмкIэ анахь гъэхъэгъэшхо-насыпыгъэшхоу щыт! Ар къэшъуIон шъулъэкIынэу шъухъуным шъупылъ, шъуфэ-бан! Сыда сэ Исус сшIошъ зыкIэхъугъэр, Ащ шIошъхъуныгъэ зыкIыфысиIэр? Ар сэ си КъэгъэнэжьэкIо хьалэлэу, сэрыкIэ анахь ныбджэгъушIоу щытышъ ары. Ар сэ си КъэгъэнэжьэкIо шъып-къэу щыт.

Сыда Исус зыкIытищыкIагъэр? Мары джыри сэ къышъуасIомэ сшIоигъор:

## 5. Исус – щыIэныгъэр зыIэ илъыр

Илъэс заулэкIэ узэкIэIэбэжьмэ, ныбжьыкIэхэр тигъусэхэу тэ Богем мэзым зыщыдгъэпсэфыщтыгъ. Шъэожъыехэр ядэжь зэкIожьыхэ нэужым, сэ джыри зы мафэкIэ ащ сыкъыщыуцунышъ, автомашинэу къыслъыкIощтым сежэн фаеу хъугъагъэ ыкIи нахьыпэм пачъыхьэ горэм иегъэ шэкIо унэм сэ чэщыр щисхыгъ. Ащ изакъоу исыгъ мэзпэсыр. Унэр зэхэожьыным IукIэгъагъ. Электричествэ ещэлIагъэу щытыгъэп. Ау зы унэшхо ащ хэтыгъ джэгу зиIэ хьаку итэу. Ащ машIо къысфырашIыхьи, фэтагын остыгъэ къысфыгагъани, «Уичэщ шIу охъу», – къысаIожьи, сизакъоу сыкъагъэнэгъагъ. Щагум жьыбгъэшхор щыхъушIэщтыгъ. Унэм хъураеу къегъэтIысэкIыгъэ ельхэм ощхыцэхэр къахаощтыгъэх: хъункIэкIо-бзэджашIэхэм яIоф шIоихэм апае, фэдэ уахътэ гъотыгъуай. Сэ а уахътэм тхылъ гори седжэнэу сIэкIэмылъэу къычIэкIыгъ. Каминым телъхьапIэу иIэм тхылъ цIыкIу къытезгъотагъэти, фэтагын остыгъэм сыкIэлъырытIысхьи, ащ седжэу сыублагъэ. Ащ фэдэу уигъэщынэу тхыгъэ тхылъ сэ къэзгъэшIагъэми сызэремыджагъэр, къышъуасIо сшIоигъу. А тхылъ цIыкIум къыщиIуатэщтыгъэр Iазэ горэм аджалым лъэшэу фэгубжэу, ар ылъэгъу зэрэмыхъущтыгъэр ары. НэкIубгъо зырызхэм

мыщ фэдэ гущыIэхэр къарыбгъотэнхэ плъэкIыщтыгъэ: «О аджалыр, цIыфлъэпкъым ипыир! Тхьэмэфэ псэум къыкIоцI сэ цIыфым ищыIэныгъэ сыфэбэнагъ ыкIи ар къэзгъэнэжьыгъэу къысщыхъущтыгъ, ау о укъыскIэнакIэзэ, гъолъыпIэм укъыкъокIышъ, пIэхэр къэощэихэшъ, зэкIэ сэ къинэу слъэгъугъэр пкIэнчъэу ошIы. Зыпари сишIуагъэ язгъэкIын зэрэсымылъэкIыщтыр зэхасшIэзэ, сэ цIыфхэм IэпыIэгъу сафэхъу,сыда пIомэ пIэу къупшъэ закIэхэмкIэ ахэмэ уакъылъыIэбэщт. О аджалэу къумалыр, о упый!» Аджалыр дунаим тиралъагъо зэрэмыхъурэр къизыIотыкIырэ нэкIубгъохэр къызэкIэлъэкIох. ЕтIанэ сызэджагъэр анахь щынэгъо дэдэр ары: «О аджалыр! О – угъунапкъ, о – Iэтыгъэ тамыгъ!» Ащ къыкIэлъыкIоу Iазэм мы гущыIэхэр къетхых: «О нэлат зэрахыгъ, о уIэтыгъэ тамыгъэ закъоу ущытыгъэмэ! Ау сэ сыкъызыоплъыкIэ, упчIэ тамыгъэу о охъужьы. Джащыгъум сэри сызэупчIыжьы: адэ лIэныгъэр зэкIэми якIэухэу щыта, хьауми ар кIэухэу щымыта? Сыда ащ къыкIэлъыкIон ылъэкIыщтыр? Аджалыр – о зэкIэхэмкIи упчIэу ущыт».

Еплъи ар зэрэщытым! Сэрымэ, шъо къышъосIон, лIэныгъэр зэкIэми якIэухэу зэрэщымытыр! А упчIэм иджэуап зышIэрэ Исус мырэущтэу къыIуагъэба: «КIодыпIэм икъэлапчъэ шъуамбгъо, ау щыIэныгъэм икъэлапчъэ зэжъу!» Ау пхъэдзыр зыщырадзэрэр мы щыIэныгъэр ары! Сэри сызыкIэгушIорэр мыщ щыIэныгъэ къысэзытыгъэ КъэгъэнэжьакIо зэрэщысиIэр, Ежьыри Ар щыIэныгъэу зэрэщытыр ыкIи щыIэныгъэм Ащ сызэрэфищэрэр ары, джащ пае сэ гуапэ сщыхъоу Ащ икъэбар къышъуфэсэIуатэ. ШъошIа шъо, апэрэ дунае заом илъэхъан тхьэмэфэ заулэ Верден сыпэмычыжьэу сыщыIагъ, ыкIи ащ дэжьым а заом къыхэхъухьэгъэ зэо-бэнэшхохэм зыкIэ ащыщыр щырекIокIыгъ. Зэзэорэ лъэныкъуитIумэ азыфагу хьадэмэ хьадэхэр ателъэу щылъыгъэх. Сэ сщыгъупшэн слъэкIырэп IэшIугъэкIэ тIэкIу хэлъэу хьадэхэм мэу къапыущтыгъэр. ЫкIи сыдигъуи, «Хэгъэгум пае фэхыгъэх» зыфиIорэ гущыIэхэр зытетхэгъэ саугъэтхэр зыслъэгъукIэ, Верден пэмычыжьэу хьадэхэм амэу къыщысэущтыгъэхэр сыгу къэкIыжьы. Илъэсишъэ горэ зытешIэкIэ, зэкIэми тэ мы дунаим тызэрэтемытыжьыщтым сегупшысэ зыхъукIэ, аджалым ижьыкъэщэ мэхъэшагъо зэхэсэшIэ. Адэ шъори ар зэхэшъошIа?

Мы дунаеу зэкIэри зыщылIэжьыщтым щыщыI Зы нэбгырэ, лIагъэхэм КъахэтэджыкIыжьыгъэр. Ащ къеIо – къызышIожъугъэшI шъо – «Сэ сыпсэу, шъори шъупсэоу шъущыIэщт! СэркIэ

шIошъхъуныгъэ зижъугъаI! Садэжь шъукъакIу! Сэ зыкъысфэжъугъаз! Сэ сIэ зыкъишъулъхь!» Сэ щыIэныгъэм шъуфэсщэщт! Адэ хьалэмэтыба мыр? Адэ зэкIэри зэгорэм зыщылIэжьыщт мы дунаим ущыщыIэн плъэкIына КъэгъэнэжьакIо уимыIэу? Ежьыр щыIэныгъэри, гъогоу мыкIодыжьын щыIэныгъэм уезыщалIэри!

Профессорэу Геймэ бэшIагъэу къыхаригъэутыгъэ письмэм джырэблагъэ седжагъ. Ар зытхыгъагъэр чыристан шIошъхъуныгъэм фэшъыпкъэгъэ дзэкIолIэу ятIонэрэ дунэе заом илъэхъан Россием щыфэхыгъэр ары. Мыщ фэд ащ итхэгъагъэр: «ТыдэкIэ уплъагъэми, тыдэкIэ зыбгъэзагъэми гур зыгъэкIодырэ тхьамыкIагъо щэхъу плъэгъурэп! ЗэкIэ Iэшэ лъэпкъэу аIэкIэлъхэмкIэ къытаохэу урысхэм къызырагъажьэкIэ, тшъхьэ зыдэтхьыжьыщтыр тымышIэу тэхъу. Адэ чъыIэ лыгъулыстышъ! Адэ осышхошъ! ГукIодыгъу! Ау сэ зыпарэми сыщыщынэрэп. ЗыгорэкIэ мыщ сыкъыщаукIымэ, дэгъу дэдэ хъущт. Ащыгъум сэ ащ лъыпытэу уашъом сифэщт. Ащыгъум бырысырыри рэхьатыжьынышъ, си Зиусхьани ыпашъхьэ сиуцожьыщт ыкIи Ащ ищытхъу сыкъигъэнэфыщт. Мыщ сыщыхэкIодэным сэ сыпэуцужьырэп». Бэ темышIэу ар фэхыгъэ. Ащ ытхыгъэмэ сяджэ зэхъум, сэ сегупшысэщтыгъ: «Сыдэу дэгъу дэда Исус зэришIэрэм къыхэкIэу, кIэлэ ныбжьыкIэр хьадэгъум зэрэщымыщынэрэр».

Ары, Исус щыIэныгъэр зиIэ илъыр! Ежьым игъогу техьэхэрэм Ащ гугъапIэ къареты, мыкIодыжьын щыIэныгъэ яIэнэу!

Зэгорэм Лейпциг иратушэ дин мэфэкIышхоу щырагъэкIокIыгъэм илъэхъан хэбзэм ипэщэ IофышIэхэмрэ чылысым иIэшъхьэтетхэмрэ зэIукIэу щыряIагъ. БгъуитIумкIи агу римыхьыщт горэми игугъу къамышIэу, зэсэжьыгъэхэ псалъэ горэхэр къаIощтыгъэх. КIэух псалъэр къышIынэу къыкIэлъэIуи, гущыIэр аIихыгъ Германием евангелием икомитет а лъэхъаным ипащэщтыгъэу Генрих Гизен. ЕгъашIэми сщыгъупшэжьытщтэп, къэтэджи ащ къыIогъагъэр: «Шъо шъукъытэупчIы, зиусхьанхэр, тызфэдэ цIыфхэмкIэ. Зы гущыIэухыгъэкIэ сэ ар къышъуасIомэ сшIоигъу: «Тэ – тыцIыф, мыщ фэдэ тхьэлъэIу тэшIы: Тхьэм ищынагъо сыгу илъхь, Сятэу – Тхьэр, ахърэт мафэм уашъом тандж щысиIэ хъуным пае». ЫкIи ичIыпIэ тIысыжьыгъэ. Ащ фэдэ джэуапым цIыфхэу къэзэрэугъоигъэхэр лъэшэу ригъэгупшысагъэх.

Заоу илъэс щэкIым къыкIоцI кIуагъэм илъэхъан Пауль Герхардт мыщ фэдэ усэхэр ытхыгъагъэх: «Сэ къыздэзгъэхъунэу сызыпылъыщтыр /мы дунаим гукъэбзагъэкIэ сыщыпсэуныр, /мы

хымэ хэгъэгум сыкъинэным сыфэмыяхэу. /СырэкIо сэ сигъогу /уашъом сыфэзыщэрэм, /Сятэ ащ щысфегъэхьазыры /сызыгъэрэхьатыщтхэр». Шъори къыжъудэхъумэ сшIоигъу, шъуищыIэныгъэ гъогу джащ фэдэу шъурыкIонэу.

Сыда тэ Исус зыкIытищыкIагъэр? Аужыпкъэм зэкIэри зэпхыжьыгъэу хъурэр Ар шъушIошъ жъугъэхъоу, шъугукIэ шъоштэмэ ары!

## СЫДА СЭ ДУНАИМ СЫЗЫФЫТЕТЫР?

Арышъ, сыда сэ сызыфыщыIэр? Е: сыда сэ мы чIыгум сызыфытетыр? Е: сыда сищыIэныгъэ мэхьанэ иIэр?

Эссен сыщыпсэузэ, зэгорэм сэ сатыушIэ горэ гузэжъогъу макъэкIэ телефоным къысфытеогъагъ: «Зиусхьанэу дин пащ, елбэтэу садэжь къакIо!» Сэри псынкIэу ащ ыдэжь сынэсыгъ, ежьыри къыспэгъокIи къысиIуагъ: «Скъо зиукIыжьыгъ!» Сэ сшIэщтыгъэ а кIалэр. ЕджэкIуагъ ар. КIэлэ ныбжьыкIэм ищыкIагъэр зэкIэ ащ иIагъ. Псэуныгъэ дэгъу иIагъ, зэкIужьэу лъэгъупхъагъ, ныбжьыкIагъ, ыкIи баигъ. БэшIагъэ ащ ежьым иунаеу автомобиль псынкIэ зиIагъэр. Iоф гохьыгъуаджэ горэми хэлъэшъуагъэу щытыгъэп. ЕтIани ащ фэдэ кIэлэ ныбжьыкIэм ынатIэ шхонкIэкIыр реубытэшъ, зеукIыжьы! Тхьэпэ тхыгъэу къыгъэнагъэм мары итыгъэр: «Сэ дунаим сызыфехыжьырэр, узыфыщыIэн фэе мэхьанэ щыIэныгъэм хэслъагъорэпышъ ары!» Хъурэр гъэшIэгъоны!

Шъори зэрэшъулъэгъоу, тищыIэныгъэ имэхьанэ фэгъэхьыгъэ Iофыгъом мэхьанэшхо иI. Ащ фэдизэу мэхьанэшхо ащ зыкIиIэр щыIэныгъэу тэ тиIэр зызакъошъ ары! Адэ зэгорэм шъо шъуегупшысагъа зы щыIэныгъэ закъо нахь тыщыIэнэу зэрэтимыIэм?

ЕджапIэм сычIэсы зэхъум, хьисапымкIэ сиIофхэр хъатэу кIощтыгъэхэп. СикIэлэегъаджэ зыкIи фэегъахэп сэ хьисапыр зэрэсшIырэ шIыкIэр къызыгуригъэIонкIэ. ХьисапымкIэ гъэцэкIэнхэу сшIыгъэхэр ыуплъэкIунхэу зестыхэкIэ, ахэр тэрэзэу сфэшIыгъэхэми ымыуплъэкIухэу, емыплъэу ыкIи яфэшъошэ уаси къафимышIэу нахьыбэрэмкIэ мэрчэп плъыжькIэ ситхьапэхэр къызэхитхахьыщтыгъэ. УеплъынкIэ гущтэгъуаджэу щытыгъ ар. ЫкIи арэущтэу хьисапымкIэ сиIофшIагъэхэр Iаеу зэхэтхыхьагъэ зыхъукIэ, ар сымыухыгъэу щытыгъэми, ащ пае къэсымыгъанэу ар згъэтIылъыжьыти, тхьапэхэр кIэу-дахэу, къабзэу сщэфыщтыгъэ. Ар сэ икIэрыкIэу езгъэжьэн слъэкIынэу щытыгъ. Арэущтэу щыIэныгъэми удэзекIон плъэкIынэу щытыгъэмэ! Сэ къышъуасIорэр шъушIошъ жъугъэхъу: нэбгырэ миллион пчъагъэхэм яхьадэгъу къызыщысырэ сыхьатым агукIэ мырэущтэу зэраIожьы: «Е-о-ой, сыдэу сыфэягъа икIэрыкIэу джыри сыкъэхъужьынэу! ЗэкIэри фэшъхьаф шIыкIэу сэ джащыгъум сшIыныгъи!»

ЕджапIэм щагъэфедэрэ тетрадыр кIэу пщэфынышъ, икIэрыкIэу ар ебгъэжьэн плъэкIыщт, ау щыIэныгъэм арэущтэу удэзекIон

плъэкIыщтэп. Тэ щыIэнычгъэр зэзакъу ныIэп къызэрэтатырэр! Адэ тэ ар дгъэкIодыгъэмэ, тэрэзэу ар къэтымыгъэшIагъэмэ, сыдэу ар емыкIуа ыкIи тхьамыкIагъуа! ЩыIэныгъэ зызакъу ныIэпи тэ къытатыгъэр! Ар чIэунагъэу къычIэкIымэ, ащыгъум ар егъэшIэрэ чIэнагъ. Сишъыпкъэ дэдэу сэ ар къышъосэIо.

Ныпчэдыжь хьакIэщэу сызычIэсым ишъхьаныгъупчъэ чэм Iэхъогъу блэкIыгъ. Уарзэу цIыфхэм афэсIотэщтым а сыхьатым Iоф дасшIэщтыгъ ыкIи сегупшысагъ: «Сыдэу насыпышIоха мы чэмыхэр, ящыкIагъэп ахэр егупшысэнхэу мы дунаим зыфытетхэм. Ар нафэ: щэ къэтыгъэн, аужыпкъэм лы хъунхэ фае. Шъо къыжъугурэIуа? ЗыфыщыIэм егупшысэнэу хьайуаным ищыкIагъэп. Джары цIыфыр хьайуаным зэрэтекIырэр. Ау мары гъэшIэгъоныр: Сыда сэ, пIопэн хъумэ, сызыфыщыIэр? – аIоу зэгорэми зэмыупчIыжьхэу цIыф жъугъабэ дунаим къытехьэ ыкIи ехыжьых. Ахэр хьайуаным текIыхэрэп. Шъори зэрэшъулъэгъоу, тэри ахэмэ бэп тызэратекIырэр. Сыда цIыфыр цIыфэу зышIырэр? Ащ мыщ фэдэ упчIэ зэритыжьын ылъэкIыщт: Сыда сэ сызыфыщыIэр, сыда сэ дунаим сызыкIытетыр?»

## 1. Зэмыгупшысэгъэхэ ыкIи шъхьэпсынкIэгъэ джэуапхэр

Арышъ, синыбджэгъухэр, «Сыда сэ сызыфыщыIэр?» зыфиIорэ упчIэм иджэуапхэу кууIэм нэмысыхэу ыкIи зэмыгупшысагъэхэу бэ щыIэхэр. Илъэс пчъагъэкIэ узэкIэIэбэжьмэ, сэ а зы уахътэм зэдакIохэу а кууIэм нэмысыхэу ыкIи зэмыгъупшысагъэхэ джэуапхэр згъотыгъагъэх. Ар зыхъугъагъэр 1936-рэ илъэсыр ары, Гитлер унэшъошI шъхьэзакъоу зыщытыгъэ лъэхъанэр ары. Мюнстер щыщ еджакIохэр къысэлъэIугъагъэх, «СищыIэныгъэ имэхьанэ сыда зыхэслъагъорэр?» зыфиIорэ темэмкIэ садэгущыIэнэу. Ахэмэ ащ лъыпытэу къысаIогъагъ ащ ехьылIэгъэ лекцием едэIунхэкIэ зэрэфэмыехэр, ахэр зыфэягъэхэр а темэмкIэ гущыIэгъу тызэфэхъунэу арыгъэ. «Дэгъуба, ащыгъум, къежъугъажьэба шъо, – ясIуагъ сэ ахэмэ. – СищыIэныгъэ имэхьанэ сыда зыхэслъагъорэр? Сыда сэ сызыфыщыIэр?» ЫIпшъэкIэ къызэрэщысIуагъэу, Гитлер унэшъошI шъхьэзакъоу зыщытыгъэ лъэхъанэм тефэу зэдэгущыIэгъур зэхэтщэгъагъэти, къэзэрэугъоигъэ ныбжьыкIэхэм ащыщ горэ къэтэджи, мыщ фэдэ джэуап а упчIэм къыритыжьыгъ: «Сэ

сызыфыщыIэр сицIыфлъэпкъ ары. Ар чъыгымрэ ащ пыт пкIашъэмрэ афэд. ПкIашъэм зи мэхьанэ иIэп, чъыгыр ары зэкIэри зэлъытыгъэр. Сэ сызыфыщыIэр силъэпкъ ары!» Ащ сэ мыщ фэдэ джэуап естыгъ: «Дэгъу! Адэ сыда чъыгыр зыфыщыIэр, сыда цIыф лъэпкъыри зыфыщыIэр?» ТизэдэгущыIэгъу зэпыугъэ! Ари ащ ышIэщтыгъэп. КъыжъугурыIуагъа, анахь мэхьанэшхо зиIэ упчIэм иджэуап емытыжьыгъэу къэнагъ. Джащыгъум сэ ахэмэ мырэущтэу ясIуагъ: «О синыбджэгъу лъапIэхэр! ЗэкIэми шъо джэуапэу къэшъутыжьыщтыр упчIэм имэхьанэ купкI ебгъукIо хъущтэп, ащ иджэуапи IуигъэкIоты хъущтэп!»

«Арышъ, сыда сищыIэныгъэ имэхьанэ зыфэдэр? Сыда сэ сызыфыщыIэр?» икIэрыкIэу сэ ахэмэ сяупчIыгъ. Джащыгъум фэшъхьаф кIалэ горэм мыщ фэдэ джэуап къытыжьыгъ: «Сэ мы дунаим сызыфытетыр сипшъэрылъ згъэцэкIэныр ары!» – «Ныбджэгъур, – есIуагъ сэ ащ, – джарыба Iофыри зыфэгъэхьыгъэр: сыда а пшъэрылъыр зыфэдэр? ГущыIэм пае, сэ сипшъэрылъэу зыфэслъытэжьырэр Тхьэм и ГущыIэ шъо къышъулъызгъэIэсынэу ары. Матильдэ Лудендорф ипшъэрылъэу ежьым ылъытэрэр Тхьэр щигъэзыеныр ары. Арышъ, сыда пшъэрылъкIэ лъытэгъэн фаер?» Зэгорэм къулыкъушIэ ин горэм къысиIогъагъ: «Зиусхьанэу дин пащэр, шъэфэу о къыосэIо: мэфэ реным зэпымыоу сэ документ горэхэр кIэсэтхыкIыжьыхэшъ сыщыс, ау зыгорэкIэ ахэр стыгъэхэми, ащ пае къэмынэу щыIэныгъэр ыпэкIэ лъыкIотэщт нахь, къызэтеуцощтэп. Ащ фэдизэу мэхьанэнчъэу щыт IофшIэныр зэрэзгъэцакIэрэм пае сэ къинышхо сэлъэгъу.» Сыда пшъэрылъ зыфаIорэр? Эсэсовцэ мин пчъагъэхэм нэбгырэ минишъэ пчъагъэ агъэкIодыгъ. Ау ахэр хьыкумышIэм ыпашъхьэ къызиуцохэкIэ, мырэущтэу къаIо: «Тэ типшъэрылъ дгъэцакIэщтыгъ, ащ фэдэ унашъо тэ къытфашIыгъагъ». Фэшъхьаф цIыфхэр ыгъэкIодынхэр цIыфым ипшъэрылъэу хъун ылъэкIыщтэу шъо шъушIошъ мэхъуа? Ар сэ сшъхьэкIэ сшIошъ згъэхъун слъэкIыщтэп. Арыти, еджакIохэм мырэущтэу ясIуагъ: «Джары Iофыр зыфэгъэхьыгъэри: сыда сипшъэрылъ зыфэдэн фаер? Хэта ар къысэзыIон зылъэкIыщтыр? Джыри мары тэ зэкIэми ащ тышIокIын тлъэкIырэп».

Ащ нэужым зиусхьан ныбжьыкIэхэм нахьыбэрэ джэуапхэм ягупшысэхэу рагъэжьагъ. ЕтIанэ ахэмэ ащыщ горэ къэтэджи, зыщыгушхукIыжьызэ къыIуагъ: «Сэ ижъырэ пщы лъэкъ сыкъызыхэкIыгъэр. ЛIэуж 16-кIэ узэкIэIэбыжьымэ, силъэпкъ щыщыгъэхэм ацIэ къесIон слъэкIыщт. Лъэпкъ къутэмэ лъэшэу тыщыт

тэ! Адэ ар щыIэныгъэм имэхьанэу плъытэ хъущтыба, а лъэпкъ шIагъор лъыгъэкIотэгъэныр пшъэрылъ шIагъоба?» Сэри мыщ фэдэ джэуап ныIэп ащ естыжьын слъэкIыгъэр: «Ныбджэгъур! А лIэуж 16-р зыфыщыIагъэм ущымыгъуазэмэ, я 17-рэ лIэужыр ахэмэ ахэгъэхъожьыгъэнэу ищыкIагъа?»

Шъолъэгъуа, сыда фэдизэу бэ хъухэра куупIэм нэмысыхэу ыкIи икъукIэ зэмыгупшысэгъэхэ джэуапхэу къатыжьыгъэхэр. Зыгорэ зэрэлIагъэм фэгъэхьыгъэ мэкъэгъэIухэр тигазетхэм къарыхьэу бэрэ къыхэкIы, мыщ фэдэ усэ щынагъохэр ахэмэ акIэтэуи урихьылIэщт: «IофшIэн щэхъу о уищыIэныгъэ щыплъэгъугъэп, /о пшъхьэ пщыгъупшагъэу, /зэкIэ бгъотырэр уиIахьылхэм яптыныр, /джары о уипшъэрылъ шъхьаIэу щытыгъэр». Шъуащыгъуазэба ахэмэ афэдэ гущыIэхэм? А усэхэм сяджэ къэс сыкъызэкIащтэ. ЗэрэсшIошIырэмкIэ: «Шыр зэрэлIагъэм фэгъэхьыгъэ мэкъэгъэIу мыр!» Шъыпкъэба адэ? ЕгъашIэми IофшIэн щэхъу зымышIэрэр шыр ары ныIэп. Ау ежьым къыгъэшIагъэм ыбг ымыузэнкIэу Iоф ышIэным пае цIыфыр къэхъугъэу сэ сшIошъ згъэхъун слъэкIыщтэп. Ар тхьамыкIэгъуащэу хъущтыгъэ. Ащыгъум тэрыкIэ анахь хэкIыпIэшIоу тиIагъэр илъэси 10 тыныбжьэу зыщэтым зытыукIыжьыныр арыгъэ, арарымэ тызыфыщыIэн фаеу щытыр. «IофшIэным щэхъу о уищыIэныгъэ щыплъэгъугъэп...» Ар тхьамыкIэгъо дэди!!! Хьау, арарэп тищыIэныгъэ мэхьанэу иIэр.

Джащыгъум фэшъхьаф еджакIо горэм джэуап къыситыжьыгъ: «ОшIа о, сэ Iазэ сыхъумэ сшIоигъу. ЦIыфхэм ящыIэныгъэ къэгъэнэжьыгъэныр – адэ ар шIушIагъэба?» Сэ ащ дезгъэштагъэп: «Дэгъу! Ау цIыфыр зыфыщыIэр умышIэрэмэ, ащыгъум цIыфым ищыIэныгъэ къэбгъэнэжьыным мэхьанэ имыIэу мэхъуба». Сэ къышъуасIорэр тэрэзэу къызыгурыжъугъаIу ыкIи къысэшъумыIуалI цIыфхэр къэбгъэнэжьынхэр имыщыкIагъэу къышъосIуагъэм фэдэу. Сэ зигугъу къэсшIырэр щыIэныгъэм имэхьанэ шъыпкъэ фэгъэхьыгъэ упчIэм иджэуапэу ар зэрэщымытыр ары ныIэп.

А лъэхъанэм ар лъэшэу сымыгъэшIэгъон слъэкIыгъэп, – ахэр ащыгъум студентыгъэх, – ары пакIошъ, гъэсэныгъэ зиIэ цIыфхэми джырэ тимафэхэм агу къэкIырэп егупшысэнхэу, мы дунаем зыкIыщыIэхэр зэрагъэшIэнэу.

Сэ сикъэгущыIакIэ шъугу римыхьырэкIэ енэгуягъо. Шъыпкъэ, сэ гущыIэ лъэшыхэр, IэкIыб къэрал гущыIэхэр ахизыбзэхэу, къэсIонхэ слъэкIыныгъи, ау ащыгъум, гъэнэфагъэу, шъо сыхьатныкъокIэ шъухэчъыеныгъи. Ащ сэ лъэшэу сыщэщынэшъ, зэны-

бджэгъухэр урамым щызэIукIэхэмэ зэрэзэдэгущыIэхэрэм фэдэу, сыкъыжъудэгущыIэмэ нахьышIоу сэлъытэ. КъыжъугурэIуа ар? Тхьашъуегъэпсэу!

Шъолъэгъуа зэрэхъурэр. Зэгорэм ар зэкIэ зызэхапшIэкIэ, тIэкIу нэмыIэми ащ игугъу къызафыхэбгъэпсыкIэ, джащыгъум Мюнстер щыщ студентхэм къысаIуагъэу зэхэсхыгъагъэм фэдэ джэуап къыуатыжьыщт: «ПIопэн хъумэ, щыIэныгъэм ащ фэдизэу мэхьанэ куу иIэп. Сэ сыкъызэрэхъугъэр ошIэ-дэмышIэ Iоф къызэрыкIоу щыт. Ащ фэдиз мэхьанэ ащ иIэу щытэп. Арышъ, зэкIэми анахь дэгъур щыIэныгъэм шIуагъэу хэпхын плъэкIыщтым зыхэмыгъэныныр ары». ЦIыфыр анахь дэзыгъэхын зылъэкIыщт гупшысэр, мыщ фэдэн фаекIэ енэгуягъо: «СищыIэныгъэ зы мэхьанэ гори иIэп. Гухэлъ гъэнэфагъэ горэми ар тегъэпсыкIыгъэп. Сянэ-сятэхэр къэзэрэмыщэгъагъэхэмэ, сянэ ышъо сэ сыхэфэщтгъагъэп ыкIи сыкъэхъущтгъагъэп. ОшIэ-дэмышIэу, ау сыдми, сэ мы дунаим сыкъытехъонэу хъугъэ ныIэп. ПIопэн хъумэ, зэрэпсаоу сищыIэныгъэ мэхьанэнчъэ шъыпкъэу щыт». ЗыгорэкIэ ащ фэдэ гущыIэхэр зэзыIожьырэ цIыфым ищыIэныгъэ хьылъэу къызычIэкIыкIэ, ащ фэдэ сыхьатым зиукIыжьыным ар тенэцIыхьэу мэхъу: «Сыда мыщ фэдэ щыIэныгъэр зыкIылъызгъэкIотэщтыр? Адэ зэкIэри ошIэ-дэмышIэ Iофэу ыкIи мэхьанэнчъэу щытхэмэ, ащыгъум ащ фэдэ щыIэныгъэм кIэух фэшIыгъэмэ нахьышIуба?» ШъошIа шъо зызыукIыжьхэрэм япчъагъэ, Германием гъогум щыхъурэ къиныгъохэм ахэкIуадэхэрэм анахьи, зэрэщынахьыбэр? ШъошIа шъо зызыукIыжьхэрэм азыныкъо фэдизыр илъэс 30-м емыхъугъэ ныбжьыкIэхэу зэрэщытхэр? Тэ тилъэхъанкIэ гур зыгъэкIодырэ пчъагъэх ахэр: щыIэныгъэм акъылыгъэ зыхэлъ мэхьанэ тэ джы хэтлъэгъожьырэп.

«ЩыIэныгъэр ащ фэдизэу мэхьанэнчъэу зэрэщытым къыхэкIэу енэгуягъо е зызгъэтхъэжьэу сыхэтызэ сыщыIэнкIэ е зысыукIыжьынкIэ», – джащ фэдэ гущыIэхэмкIэ къысэтхьаусыхылIэщтыгъэ цIыфхэм бэрэ садэгущыIэу къыхэкIыгъ. Джащыгъум мырэущтэу сэ ахэмэ сяупчIыщтыгъ: «Адэ зыгорэкIэ ащ мэхьэнэ гъэнэфагъэ иIэу щытэу, ау арэу щытыми, о ар мэхьанэнчъэу плъытэзэ къэбгъашIэмэ? Сыдэущтэу джашыгъум къызышIобгъэшIыра уищыIэныгъэ икIэух?»

Библием сатыр горэ хэт узэрэщытэу къыпхырилэу. Мары ащ къыщиIорэр: «ЦIыфыр зэгорэм лIэжьын фае, етIанэ Тхьэм хьыкум тыришIыхьащт». Шъори зэрэшъулъэгъоу: «Сыда сэ сызыфы-

щыIэр?» зыфиIорэ упчIэр шъуишъыпкъэу зэшъутыжьыным пае, Библием щыщ мы гущыIэхэр шъушIэнхэ фае. Адэ тищыIэныгъэ имэхьанэ шъыпкъэ зыфэдэр тымышIэщтыгъэу блэттIупщыгъэмэ, сыдэущтэу тэ Тхьэм ихьыкум ыпашъхьэ тыкъиуцон тлъэкIыщта?! Джы шъо икъукIэ а упчIэр къыжъугурыIуагъа? Ащыгъум сэ лъысэгъэкIуатэ, пысэдзэжьышъ:

## 2. Хэта джэуап къэзытыжьын зылъэкIыщтыр?

Хэта мыщ фэдэ упчIэм иджэуап къезытыжьын зылъэкIыщтыр: «Сыда сэ сызыфыщыIэр?» Хэта – чылысыр ара? Хьау. – Пасторыр ара? Хьау! Шъощ фэдэ къабз ащ иIоф зытетыри. – Профессорхэр арыха? – Философхэр арыха? Ахэми – «Сыда сэ сызыфыщыIэр?» – зыфиIорэ упчIэм иджэуап къытатыжьын алъэкIыщтэп. Тэ тызыфышыIэр къытэзыIон зылъэкIыщтыр Зы закъу ныIэп: ар тэ щыIэныгъэ къытэзытыгъэ, тыкъэзыгъэхъугъэ Тхьэр ары ныIэп!

Мыщ фэдэ щысэ къызэрыкIо къышъуфэсIотэнэу фит сыкъэшъушI. Зэгорэм сэ фэтэр горэм сихьэгъагъ. Исыгъ ащ лIы мытIыр горэ, гъучIычхэмрэ остыгъэ цIыкIухэмрэ зыгорэхэр ахишIыкIыхэу. Сэ ащ сеупчIыгъ: «Сыд фэдэ джэхьнэм машина зэхэбгъэуцорэр? Сыд хъущта мыр?» Шъыпкъэ, ащ сэ зэкIэри къысфиIотагъ, ау сеуцолIэжьын фае, сэ зыпари къысфаIотагъэм щыщэу къызэрэзгурымыIуагъэм ыкIи сегупшысагъ: «Сэщ фэшъхьафи, хэти ар къыгурыIощтэп, зэренэгуягъомкIэ, ар къызгурыIон зылъэкIыщт закъор – ар зэхэзыгъэуцуагъэр ары ныIэп».

Тэ тищыIэныгъэ фэгъэхьыгъэу къэпIон зыхъукIэ, джа дэдэр ары зэрэхъурэр. Тэ тыкъэзыгъэхъугъэр ары ныIэп къытэзыIон зылъэкIыщтыр тыкъызыфигъэхъугъэр! Ар мары къызэрэбгурыIощтыр:»Сыда сэ сызыфыщыIэр?» – зыфиIорэ упчIэм иджэуап тэ дгъотын зэрэтлъэкIыщтыр Тхьэм ар къыдгуригъаIомэ ары. Тхьэр ары ар къыдгурызгъэIон фаер. Джырэ нэс Библием семыджагъэу шытыгъэмэ, а упчIэм изакъоу Библием сыкъыфищэн фаеу щытыгъ. Мы нэлат хъугъэ дунаим сызыфытетыр зэсымыгъэшIэгъагъэмэ, ащ щэхъукIэ сэ сфэщэIэжьыныгъэп. «Мы нэлат хъугъэ дунаир» зыфиIорэ гущыIэхэр лъэшэу пхъашэу шъо къышъушIошIа? Ау а гущыIэхэр Библиер арыба зэрытхэр. Къэлэшхом идин пащэ илъэсныкъом къыкIоцI шъуIукIэу щытыгъэмэ, шъо шъушIэщтыгъэ сэ зигугъу къэсшIырэр зыфэдэр: мы дунаир нэлат

хъугъэу щыт. Тхьэм игущыIэ шъхьэихыгъэхэмкIэ джэуап къысIэкIэмыхьэгъагъэемэ, ащ нахьыбэкIэ ащ сыщыщыIэн слъэкIыныгъэп.

ЩыIэныгъэм имэхьанэ зыфэдэмкIэ Тхьэм тэ БиблиемкIэ джэуап къытетыжьы. СэшIэ сэ цIыфхэу, лъэшэу зызыгъэпагэхэу, мырэущтэу зыIохэрэр: «Сыдэу зышъушIыгъэкIи Библием теджэщтэп!» Ащ фэдэ гущыIэхэм мыщ фэдэ джэуап къястыжьын слъэкIыщт: «Шэсы сыфэхъун слъэкIыщт – 'Сыда сэ сызыфыщыIэр?' – зыфиIорэ упчIэм иджэуап зэжъугъэгъотыным шъуишъыпкъэу шъуегупшысэу къызэрэхэмыкIыгъэмкIэ. Ау акъылынчъагъэр жъугъэу къяузырэ узэу щыт икIи а узым ыгъэузэу щытыгъэмэ, зэкIэ дунаир къэзэрэгъэкуоныгъэи. Сэ Библием къыхэсхыгъэ зы гущыIэухыгъэкIэ джэуап къышъостыжьыщт: Тхьэм тыкъызыкIигъэхъугъэр Ащ тырибынэу тыхъуным пае!»

Тым ыкъо ежьым фэдэу хъумэ зэрэшIоигъом фэдэ къабзэу Тхьэми «Ежьым итеплъэ фэдэу» цIыфыр къыгъэхъугъ. Тхьэр зыфаер, тэ ибын тыщыщ тыхъунэу, Ежьым псалъэ дэзышIэу икIи Ежьыри псалъэ зыдишIэу, Ар шIу зылъэгъоу икIи Ежь шIу ылъэгъурэ ибынхэу тыхъуныр ары. Адэ шъо тхьэлъэIу шъошIа? ИкIалэ илъэс заулэм къыкIоцI псалъэ къыдимышIымэ, сыдэущтэу тым ар къин къыщыхъура! Джащ фэдэ къабз тхьэлъэIу зымышIырэ цIыфыри – ащ ошъогум щыриIэ Тым псалъэ дишIырэп ныIа. Шъолъэгъуа, Тхьэр зыфаер Ащ тырибынхэу тэ тыхъуныр, тэ Ащ псалъэ дэтшIыныр ары, Ежьыми шIу ылъэгъухэу, Ежьыри шIу зылъэгъухэу тыхъуныр ары. Джары мы дунаем тызыфытетыр! СышъолъэIу, шъуасIомэ сшIоигъор тэрэзэу къызыгурыжъугъэIонэу: къасIорэр зыфэгъэхьыгъэр чылысыр арэп догмэр арэп, диныр е ащ фэдэ горэп, Тхьэ псаур ары нахькIэ. Ибынхэу шъухъуным пае, джары шъо шъукъызыкIигъэхъугъэр! Адэ шъо ащ фэдэу шъущыта?

Джы тапэкIэ тылъыкIотэп. Тхьэм тырибынхэу тыщытын фае, ау тигъэпсыкIэкIэ арэущтэу тыщытэп. Библием ипэублэ мырэущтэу къыщеIо: «Тхьэм Ежьым итеплъэ фэдэу цIыфыр къыгъэхъугъ». Ащ нэужым Библием тхьамыкIэгъошхоу къэхъугъагъэмкIэ макъэ къегъэIу. Икъу шъыпкъэу шъхьафитныгъэ иIэу Тхьэм цIыфыр къыгъэхъугъ, етIани ащ пае къымыгъанэу ащ рехъухьэ Тхьэм пэуцужьынэу. Фамыдэгъэ пхъэшъхьэ-мышъхьэр ешхы – ащ къикIырэр: «Сэ сызэрэфаеу, зыми ыIорэм симыгъапэу, сыпсэущт! Сэ Тхьэр симыгъусэу сыпсэун слъэкIыщт»- ыIоу ары. Къыжъу-

гурэIуа къасIорэр – Адам егъашIэми ехъырэхъышагъэп Тхьэр зэрэщыIэм, ау ар Ащ гокIыгъ: «Сэ сызэрэфаеу сищыIэкIэ-псэукIэ сэгъэпсы!»

Ащ епхыгъэу зы хъугъэ-шIагъэ къышъуфэсIуатэ сшIоигъу. Джырэблагъэ зы лIы горэ урамым къыщысэупчIыгъ: «Дин пащэу Буш, ренэу о Тхьэм укъытегущыIэу зэхэсэхы. Ау сэ ар сшъхьэкIэ слъэгъурэп. КъысаIоба Тхьэр къызэрэзгъотын слъэкIыщт шIыкIэр?» Сэри мыщ фэдэ джэуап ащ естыжьыгъ: «КъыуасIорэм уишъыпкъэу къедэIу! Мырэущтэу къызышIогъэшI: уахътэм имашинэу илъэс минкIэ узэкIэкIожьын ыкIи уапэкIэ укIон озыгъэлъэкIырэр щыIэу. Арышъ, уахътэм а имашинэкIэ цIыфлъэпкъым икъэхъупIэ-къежьапIэ нэс сэкIо. Пчыхьэ горэм джэнэт чъыг хатэм зыщызгъэпсэфы, къыщысэкIухьэ. ОшIэба о цIыфым апэрэ псэкIод зэришIагъэм икъэбар? А чъыг хатэм дэт шъхьандэхэм акъогъу Адам, апэрэ цIыфэу дунаим къытехъуагъэм, сыщыIокIэ. «Уипчыхьэ шIу, Адам», – шIуфэс есэхы. «Уипчыхьэ шIу, дин пащэу Буш»,– ежьыми джэуап къысетыжьы. «УкъызэрэсIукIагъэр огъэшIагъуа? – сеупчIы ыкIи есэIуатэ арэущтэу хъуныр къызыхэкIыгъэр, – дунае театрэм идекорацие зэблахъу зэхъум, мышIэ IофкIэ мыщ, Эдем чъыг хатэм, сыкъыдэфагъ». – «Адэ сыд пае мощ фэдизэу гупшысэм узэлъиштагъа?» – къысэупчIы ар. Джащыгъум ащ джэуап есэтыжьы: «ОшIа о, сызэгупшысэрэр лIы горэм къыситыгъэгъэ упчIэр ары: Сыдэущтэу Тхьэр къэзгъотын слъэкIыщта? – ыIуи, ар къысэупчIыгъагъ. Лъэшэу щхызэ, Адам сэ къызгуригъэIуагъ: «Iофыр зыфэгъэхьыгъэр Тхьэр къэбгъотын зэрэплъэкIыщтыр арыхэп. Ар мыщ дэжьым щыIэба! Зэфагъэ къызыхэгъаф, дин пащэу Буш, Iофыр зэкIэ зыфэгъэхьыгъэр о Тхьэм уIэкIэкIын плъэкIыщтмэ ары. Къиныгъор зэкIэ зыхэлъыр, Ащ уIэкIэкIын плъэкIынэу зэрэщымытыр ары!»

Тэрэзба адэ Адам къызыфиIорэр? Тхьэр тыдэкIи щыI! Ар къэбгъотын плъэкIыщт! Ау уIэкIэкIэн плъэкIыщтэп! Мы аужырэ илъэс 300-м къыкIоцI дин Iофым къырыкIуагъэм ухэплъэжьмэ нафэ къыпфэхъу Тхьэм гокIынхэм, IэкIэкынхэм пае зыпари алъэкI къызэрамыгъэнагъэр. Ау тэ Тхьэм тыIэкIэкIын тлъэкIыгъэп. Синыбджэгъухэр, зытет шъыпкъэмкIэ, зэкIэми шъо Тхьэр зэрэщыIэр шъушIошъ мэхъу, ау шъо Ащ шъуриIэрылъхьэуи шъущытэп. ЦIыфхэм янахьыбэм зэрашIырэм фэдэу шъори Тхьэм фэгъэхьыгъэ Iофыгъор нахь чыжьэу зэкIэшъохьэ зэпыт. Ар щагъэзыерэп, ау джащ фэдэуи Ащ иIэрылъхьэхэу щытхэп. Тхьэр

шъо шъуипыеп, ау ащ фэдэ къабзэуи Ар шъуиныбджэгъоп. Арышъ, зэрэхъурэмкIэ, тищыIэныгъэкIэ анахь мэхьанэшхо зиIэ Iофыгъор зэрэзэшIомыхыгъэу къэнэжьы.

Швейцарием щыщ Iазэ горэм ежьым ытхыгъэ тхылъым къызэрэщиIорэмкIэ, цIыфым ежьым ищыIэныгъэкIэ мэхьанэшхо зиIэ Iофыгъохэр зэшIомыхыгъэхэу зыхъухэкIэ, ыгукIэ ащ къинышхо ещэчы. «Тэ, КъохьапIэ лъэныкъом щыпсэухэрэмкIэ, Тхьэр узэу щытиI, – етхы Iазэм. – Тэ Тхьэр щыдгъэзыерэп, ау ащ тыриIэрылъхьэуи тыщытэп, тэ сыдми Ар тиIэнэу тыфаеп. Джащ къыхэкIэу Тхьэр тиузэу къэтэхьы».

Ары, сэ ащ десэгъаштэ!

«Джырэ тилъэхъан щыпсэурэ цIыфыр Тхьэм пылъэп», – аIоу сэ тыдэкIи щызэхэсхы зыхъукIэ, мыщ фэдэ джэуап ныIэп ащкIэ ястыжьын слъэкIыщтыр: «Джырэ тилъэхъан щыпсэурэ цIыфым иIоф дэгъоп». Ау сэри ахэмэ афэдэ цIыфхэм сашыщба, ау а Iофыгъом сегъэгумэкIы, сынаIэ тесэгъэты. ЫкIи зыми ымыгъэшIэгъожьрэ Iофыжъ горэм сыпылъэу зыслъытэжьырэп. Ау джырэ тилъэхъан щыпсэурэ цIыфым ежьым зыкъигъэнэжьыным иIоф ымыгъэгумэкIымэ, ащыгъум Iофыр лъэшэу дэи! Щысэ горэ къышъуфэсIуатэ сшIоигъу. ПшэрыхьакIом а сэнэхьатым фигъэсэрэ кIэлэ ныбжьыкIэр къызышIожъугъэшI. Зэгорэм ар зыгъэсэрэ пщэрыхьакIом а кIалэм ехьылIагъэу мырэущтэу къысиIуагъ: «Пщэрыхьан Iофым зызэрэфигъэсэным ар зыкIи ыгъэгумэкIырэп». ПщэрыхьакIом сеупчIы: «Адэ сыда шIогъэшIэгъонэу ар зыуж итыр?» ПщэрыхьакIом джэуап къетыжьы: «Пластинкэхэмрэ пшъэшъэхэмрэ». «Адэ сыдэу пшIыщт,– есэIо сэ ащ,– ащыгъум, зэкIэ ахэр къыдэплъытэхэзэ, ащ удэгущыIэ зыхъукIэ, пластинкэхэмрэ пшъэшъэхэмрэ ащэхъу утемыгущыIэн фаеу хъущт». – «Хьау, хьау, – къезэгъыгъэп пщэрыхьакIор, – а кIалэм пщэрыхьэкIо Iофым ымыгъапэмэ, ащыгъум исэнэхьат икъыхэхынкIэ ар хэукъуагъ!»

КъыжъугурэIуа шъо – Тхьэр къызыфытэджагъэр, Тхьэм ибынхэу тыхъуныр ары. Арэу зыхъукIэ, джырэ тилъэхъан щыпсэурэ цIыфыр ащ ымыгъэгумэкIымэ, ащыгъум Тхьэр зыфеджагъэ пшъэрылъыр ащ егъэцакIэу пIон плъэкIыщтэп. Ащыгъум зи мыхьанэ иIэп ежьым шIоIофыми, ащ сыд фэдэрэ Iофыгъуи игугъу фэпшIынэу, ау сэ щызгъэтыщтэп къэсIонэу: «Шъо цIыфы шъузыхъун шъулъэкIыщтыр, Тхьэ псаум шъурибынэу шъузыхъукIэ ары ныIэп!»

## 3. УпчIэ пстэуми яупчIэжьэу щытым Тхьэм къыритыжьырэ джэуапыр

Сэ джыри къыкIэсэIотыкIыжьы: тигъэпсыкIэкIэ тэ Тхьэм тырибынэу тыщытэп, ау Тхьэм тырибынхэу тыхъуныр ары мы дунаим тызыфытетыр. Джащ къыхэкIэу тищыIэныгъэ зыгорэхэр къыхэхъухьанхэ фае. СилекциекIэ сэ сыгу хэлъыр ащкIэ сишIуагъэ къэзгъэкIонэу ары. Сэ шъуапашъхьэ сыкъызыкIиуцуагъэр, шъуизэщ тIэкIу тезгъэуныр арэп, сэ сызыфаер зыгухэр къызэIузыхырэ нэбгырэ заул нэмыIэми ящыIэныгъэ мэхьанэ горэ хэлъэу хъуныр ары. Ар сэ къыздэхъугъагъэемэ!

Арышъ, Тхьэм тырибынхэу тэ тыщытэп, Тхьэр шIу тлъэгъурэп, Ащ иунашъохэм татекIы, тэ Ащ Iоф дытиIэп, Тхьэм телъэIурэп – къин горэ къытэхъулIэу тегъэзыгъэ зыхъукIэ ары ныIэп загъорэ Тхьэм телъэIунэу къызэрэхэкIырэр. Джащ фэшI упчIэ пстэуми яупчIэжьэу щытыр: Тхьэ псаум тырибынхэу сыдэущтэу тыхъун тлъэкIыщта? – зыфиIорэр ары. ДжырэкIэ анахь псынкIагъоу щытыр тхылъыпIэрэ къэлэмрэ яттэу мырэущтэу ятIомэ арыгъэ: «Къэшъутх Тхьэм ибынхэу шъузэрэхъун шъулъэкIыщтэу къышъушIошIырэр». Зыхэм къаIоныгъэи цIыф хьалэлэу ухъун фаеу. Адрэхэм аIоныгъэи Зиусхьанэу Тхьэр пшIошъ бгъэхъун фаеу. Ау зэкIэ ахэр икъухэрэп! УпчIэ пстэуми яупчIэжьэу щытыр, а зыр арэу къэнэжьы: «Тхьэ псаум ибынэу сыдэущтэу сэ сыхъун слъэкIыщта?»

УпчIэ пстэуми а яупчIэжьэу щытым иджэуап сэ зэрэзгъотыжьын слъэкIыщтыр Тхьэм ар къызгуригъаIомэ ары ныIэп. Сыдэущтэу Тхьэм Ежьым ибынэу сиштэн ылъэкIыщта? Ар Ежьым ышъхьэкIэ сэ къысиIон фае. Дин пащэми ар къыугупшысын ылъэкIыщтэп. Библиер арымэ, ащ джэуап гъэнэфэгъэ шъыпкъэ къеты. Мары ащ къыщиIорэр: «Исус уиIэпыIэгъоу ары ныIэп ар къызыдэбгъэхъун зэрэплъэкIыщтыр! «Синыбджэгъухэр, Iофыр Исус нэсы зыхъукIэ, джащыгъум сыгу нахь лъэшэу къытеоу къырегъажьэ, сищыIэныгъэкIэ анахь мэхьанэшхо зиIэ Iофыгъом а Iофыр фэгъэхьыгъэу мэхъу. Тхьэм сырибынэу сыхъун зэрэслъэкIыщтыр – Исус сиIэпыIэгъумэ ары ныIэп!

Библием хэт гущыIэ горэ, гущыIэ-гущыIэу ар зэбдзэкIын хъумэ, мары къыIорэр: «Тхьэм идунае къыхэкIи, Исус мы дунаим къэкIуагъ». Непэ тэ ренэу зэхэтхырэр дунаим зэгорэм, бэшIагъэу фыряIэгъэ еплъыкIэжъыр Библием къыщыкIеIотыкIыжьы фэдэу ары: ышъхьагъ уашъор, ычъэгъ чIыгур. Акъылынчъагъэх

ахэр, дунаим фэгъэхьыгъэ ащ фэдэ еплъыкIэ Библием хэтэп. Ар хэгъэкIыри, мары ащ Тхьэм фэгъэхьыгъэу къыщиIорэр: «Бгъу пстэумкIи О сэ сыкъэоуцухьэ». Ар фэшъхьаф шъыпкъэба. Къыжъугурэ Iуа шъо: ары пакIошъ, чIычIэгъыми сэ Ащ зыщышIозгъэбылъын слъэкIыщтэп, сыда пIомэ Ар ащи щыI. Джырэ бзэу тызэрыгущыIэрэмкIэ къэпIон хъумэ, дунаир шэпхъэ пчъагъэхэмкIэ къэшыгъэу Библием къыщегъэлъагъо. ШэпхъищкIэ къэшыгъэ дунаир ары тэ непэ тызыщыпсэурэр: икIыхьагъ, ишъомбгъуагъ, илъэгагъ. Ау ахэмэ анахьыбэ хъухэу шапхъэхэри щыIэх. Тхьэри фэшъхьаф шапхъ зыдэщыIэр. Ар тэ къыдготэу къыддэкIо. Тхьэр къызыщырамыдзэрэ гъогухэм уатетэу Ащ о уилъэгъугъ. Ау фэшъхьаф шапхъэ тыхэхьаным пае тазыфагу ит дэпкъыр тэ пхырытыутын тлъэкIыщтэп. Тхьэр ары ныIэп ар зылъэкIыщтыр. Ащ дэпкъым пхыриутыгъ ыкIи Исус хэлъэу тэ Ар къытфэкIуагъ!

Ащ пыдзагъэу КъэбарышIум къыщеIуатэ Исус ехьылIагъэу: «Ежьым ицIыфхэм адэжь къэкIуагъ, ау ахэмэ Ар аштагъэп». Ары шъхьэкIэ зэрэдунаеу Ежьырба зыер! Джащ фэд КъэбарышIум ихъишъэ джы къызынэсыгъэми. Исус ыдэжь зэрэкIорэр ылъэгъузэ, цIыфым Ащ ыпашъхьэ пчъэр къырегъасэ. «Ежьым ицIыфхэм адэжь къэкIуагъ, ау ахэмэ Ар аштагъэп». ПIопэн хъумэ, а къэбарыр ащ щыбгъэтIылъыжьы хъущтыгъэ, зэкIэ Тхьэмрэ цIыфымрэ Iоф зэдырямыIэжьэу хъущтыгъэ. Ау, сыд фэдизэу гурыIогъуаеу щыт нахь мышIэми, а Iофым джыри къыкIэлъэкIо, сыда пIомэ: «Ау Ар зыштагъэхэм аритыгъ фитыныгъэ Тхьэм ибынхэу хъунхэу». Арышъ, Тхьэм ибын ухъуным пае, Исус угукIэ пштэн фае! Адэ шъо шъуищыIэныгъэ ипчъэ Исус фызэIушъухыгъа? «Ау Ар зыштагъэхэм аритыгъ фитыныгъэ Тхьэм ибынхэу хъунхэу».

Апэрэ дунэе заом илъэхъан офицер ныбжьыкIэу сыщытыгъ ыкIи Тхьэм сыгукIэ лъэшэу сыпэчыжьагъ сэ къызысэхъулIэм, ащ фэдэ зэфэхьысыжьым сыкъызыфакIом ыкIи Исус сыгукIэ зызесэтым, Ар зысэштэм. А хъугъэ-шIагъэм зэкIэ сищыIэныгъэ къызэпыригъэзагъ. Ау сэ зы нэгъэупIэпIэгъу горэми ащ сыфыкIэгъожьырэп. Христос пае сэ гъогу къинхэм сарыкIон фаеу хъугъэ. Христос пае сэ хьапсэм сычIадзэгъагъ. Христос пае сэ бэ къинэу, фэныкъуагъэу сщэчыгъэр. Ау джыри щыIэныгъэу шъэ пчъагъэ сиIагъэми, сиакъыл къызыщыкIуагъэм къыщыублагъэу сэ сызэрыгъозэщтгъагъэр мы гущыIэхэр ары: «Ау Ар зыштагъэхэм аритыгъ фитыныгъэ Тхьэм ибынхэу хъунхэу». СищыIэныгъэ мэхьэнэ гъэнэфагъэ иIэу зыхъугъэр Тхьэм сырибынэу сызыхъугъэм

къыщегъэжьагъэу ары! ЕтIани сэ Iофэу сшIэрэм – дин пащэу е щагу пхъэнкIакIоу сыщытыми, генеральнэ директорэу е пхъашIэу, унэгъо хъызтэмашIэу е кIэлэгъаджэу сыщытыми емылъытыгъэу, – сищыIэныгъэ мэхьэнэ гъэнэфагъэ иIэу зыхъурэр сэ Тхьэм ибын сызыхъурэр ары ныIэп. Арышъ, шъори Исус шъугукIэ шъуштэн фае! Джащыгъур ары ныIэп шъуищыIэныгъэ мэхьэнэ гъэнэфагъэ иIэу зыхъущтыр! Джащыгъур ары ныIэп!

Ащ епхыгъэу КъэбарышIум къыхэфэрэ цIыфхэм зафэбгъэзэнкIэ гъэшIэгъоны. ГущыIэм пае, ащ къыхафэ бзылъфыгъэ горэ, ищыIэныгъэ акъылынчъагъэу гъэпсыгъэу: ар Мерэм Магдалэ къуаджэм щыщыр. Ащ фэгъэхьыгъэу еIокIыныгъэкIэ ары ныIэп игугъу къызэрэщишIырэр: «ДжынэпцIибл Iаехэм ар рагъэзыгъагъ». Ау сэ сэшIэ цIыфхэр пчъагъэ джынэпцIэ пшIыкIутIу Iаехэм рагъэзыгъэхэуи. Енэгуягъо, а бзылъфыгъэм ищыIэныгъэ тхьамыкIэгъо шъыпкъэу щытыгъэкIэ. Ащ къыхэкIэу бзылъфыгъэм къинышхо ыщэчыщтыгъэ. Ау мары ащ ищыIэныгъэ къыхэхьэ Исус, КъэгъэнэжьакIор – Тхьэм Ыкъо – ыкIи ащ джынапцIэхэр бзылъфыгъэм хефых. Ар Ащ ыкIуачIэ къыхьын ылъэкIыщт! Ар Ащ къыдэхъу! А уахътэм къыщегъэжьагъэу а бзылъфыгъэр Зиусхьанэу Исус иеу мэхъу. Ащ ищыIэныгъэ мэхьэнэ гъэнэфагъэ иIэу мэхъу. ЕтIанэ ащ инэрылъэгъоу Исус къащым тыраIулIэ ыкIи Ар малIэ. Бзылъфыгъэр щтэм зэлъештэ: «Джыри нахьыпэм зэрэщытыгъэм фэдэу, мэхьанэ зимыIэ щыIэныгъэм сыпидзэжьыщт». Исус къащым зытыраIулIагъэм ыуж мэфищ тешIагъэу, пчэдыжьым ар Исус икъэунэу чъыгхатэм дэтым дэжь лъэгонджэмышъхьэкIэ щетIысэхыгъэу мэгъы. Исус икъэунэ дэжь бзылъфыгъэр къызэкIом, ар нэкIэу къычIэкIыгъ, чIэхьапIэм мыжъошхоу Iулъыгъэри IуагъэукIорэикIыгъэу ылъэгъугъ. Ары пакIошъ, Исус ихьадэ къэунэм дэлъыжьыгъэп. Ащ къыхэкIыкIэ ар гъыщтыгъэ. Сэ дэгъу дэдэу къызгурэIо а бзылъфыгъэм ыгу щышIэщтыгъэр. ЗыгорэкIэ сэ Исус непэ симыIэжьэу сыкъэнэгъагъэмэ, мэхьанэ зимыIэжь щыIэныгъэм итIокIэ куу сыдэфагъэу слъытэныгъи. Ащ ыгу щышIэщтыгъэр сэ къызгурэIо. «КъэгъэнэжьакIор щыIэжьэп. Арышъ, джы сищыIэныгъэ, нахьыпэм зэрэщытыгъэм фэдэу, мэхьэнэнчъэу хъужьыгъэ». Ау ащ ошIэ-дэмышIэу ыкIыбкIэ къыщыIугъэ макъэр зэхехы: «Мерэм!». КъызэплъэкIы, зыпсэ къыпыкIэжьыгъэ Исус ыпашъхьэ итэу елъэгъу. Сапашъхьэ итхэм фэдэу ахэр сэлъэгъух: насыпым, гушIуагъом ыкIи къинэу къызэринэкIыгъэхэм янэпсыхэр ащ ынэгу къытелъэдагъэх: «Раввуни, си Зиусхьан!»

А бзылъфыгъэм ищысэкIэ сэ нафэ къысфэхъу – щыIэныгъэм имэхьэнэ гъэнэфагъэ фэгъэхьыгъэ упчIэм иджэуап зэбгъэшIэным пае философием ащ фэдизэу зыдебгъэхьыхынэу ищыкIагъэп. Анахь цIыф къызэрыкIоми гъэнэфагъэу къыгурэIо: «СищыIэныгъэ мэхьэнэнчъэу щыт! ПIопэн хъумэ, сыда сэ сызыфыщыIэр?» А нэгъэупIэпIэгъоу Мерэм Магдалэ къуаджэм щыщым ыгукIэ Исус зештэ нэужым ищыIэныгъэ мэхьэнэ гъэнэфагъэ иIэным фэгъэхьыгъэ Iофыгъор а бзылъфыгъэмкIэ зэшIохыгъэ хъугъэ, Тхьэ псаум ибынэу ар хъугъэ, ищыIэныгъи мэхьэнэ гъэнэфагъэ хэлъэу хъугъэ.

Джащ пае сэ зыкъышъуфэзгъазэу къышъуасIо сшIоигъуагъ: «Исус шъугукIэ шъуштэ! Ар шъо къышъуажэ! Шъуиунэ шъыпкъэ екIурэ гъогум шъутетэу шъукIожьы зыхъукIэ, шъо Ащ шъудэгущыIэн шъулъэкIыщт. Ар шъо лъэшэу къышъупэблагъ. Лъэшэу дэгъугъэ цIыфыбэхэм апэрэу Исус зыфагъазэу еджэгъагъэхэмэ: «Зиусхьанэу Исус! СищыIэныгъэ мэхьанэнчъэу щыт. Мерэм Магдалэ къуаджэм щыщым ыдэжь узэрэкIогъагъэм фэдэу, сэри садэжь къакIо!»

Гъэнэфагъэ, Исус тэ тыгукIэ зытштэкIэ, тищыIэныгъэ зэхъокIыныгъэшхо къыхэхъухьащт: Ащ сэ фит сешIы Ежьым илIэныгъэ сыришыхьатынэу ыкIи, арэущтэу, сипсэкIодышIэ шэныжьыр малIэ. Сэ фитыныгъэ сиIэу мэхъу Ащ сыригъусэу Тхьэм ибын фэдэу щыIэкIакIэм пае сыкъэхъужьынэу. Ащ Ежьым ЫпсэЛъапIэ сэ къысхелъхьэ, сыда зыпIокIэ фэшъхьаф шIыкIэу сыгупшысэу мэхъу, фэшъхьаф Iофхэм сагъэгумэкIэу мэхъу. Ау зэкIэ ахэр шъо шъушъхьэкIэ зэхэшъушIэщтых. Исус шъугукIэ шъуштэнэу ары ныIэп ищыкIагъэр! Ащ лъыпытэу сэ къышъосIон фай: Исус зыгукIэ зыштэрэм щыIэкIакIэ иIэу мэхъу. Тхьэм ибынэу ухъуным къикIырэр – гупшысакIэр фэшъхьаф хъунэу арэп, ащ къикIырэр фэшъхьаф шъыпкъэу гъэпсыгъэ щыIакIэ уиIэ хъунэу ары.

БлэкIыгъэ лIэшIэгъум Вестфалие хэкум щыпсэущтыгъ цокъашIэу Раленбек зыцIагъэр. Ащ «Тхьэм икъэбар зыгъэIурэ пасторкIэ» еджэщтыгъэх, ар диным илэжьын ишъыпкъэу пылъыгъ, джащ фэдизэу ащ ыгукIэ Исус ыштэгъагъ. Зэгорэм ащ ыдэжь къэкIуагъ дин пащэ ныбжьыкIэр. Раленбек ащ риIуагъ: «Зиусхьанэу дин пащ, дин Iофыр зэрэзэбгъашIэрэм пае, Тхьэм урибынэу зыплъытэжьыным ифитныгъэ уиIэу хъурэп. О угукIэ Исус пштэн фае». Дин пащэм джэуап къыритыжьыгъ: «Ары шъыпкъ, Исус сигъус. Зыщезгъаджэхэрэ унэкIоцIым, ары пакIошъ, Ащ исурэт

пылъагъ». Ащ ипэгъокIэу ыныбжьыкIэ хэкIотэгъэ Раленбек къыриIожьыгъ: «Ары, Исус исурэт рэхьатэу ыкIи мамырэу дэпкъым пылъагъ. Ау Ар о угукIэ зыпштэрэ ыкIи Ар уищыIэныгъэ къызыхахьэрэм ыуж, уищыIэныгъэ бырысыр зыщыхъущтыр».

Шъо къыжъудэхъумэ сшIоигъоу сызыфаер, а бырысыр шIагъор шъугукIэ зэхэшъушIэнэу, шъуипсэкIодышIэ шэныжъыр лIэу ыкIи шъо Тхьэм ибын фэдэу икIэрыкIэу шъукъэхъужьыгъэу, уашъом щыпсэурэ Тхьэм ищытхъу шъуIуатэнэу ежъугъэжьэнэу ары, сыда пIомэ шъо дунаим шъузыфытетыр шъошIэшъ ары, етIанэ Тхьэм ибынхэу шъузыхъурэ нэужым Iофэу шъушIэрэмкIэ, псалъэу къэшъушIыхэрэмкIэ, гупшысэу шъуиIэхэмкIэ Тым ищытхъу шъуIотэщт.

КъызыгурыжъугъаIу: мы къышъуасIорэр дин лэжьынымкIэ кIэщыгъо Iофэу щытэп, дин IофышIэм къыугупшысыгъэуи щытэп, ау джары зэлъытыгъэр шъуищыIэныгъэ ыкIи шъуилIэныгъэ, мыкIодыжьын шъуищыIэныгъэ ыкIи мыкIодыжьын шъуилIэныгъэ.

Зиусхьанэу Исус къыIуагъ: «Мары, пчъэм сыIутэу сыкъытео. Зыгорэм сымакъэ зэхихэу, пчъэр къыIуихымэ сихьащт». ДжарэущтэуИсус тэри къытеIо: «Мары уищыIэныгъэ ипчъэ сыIут! КъысфыIух ар! УищыIэныгъэ мэхьанэ хэлъэу къыпфэсшIымэ сшIоигъу!»

Зэгорэм шахтер лIыжъ горэ садэжь къэкIогъагъ ыкIи мырэущтэу къысиIуагъ: «Зиусхьанэу дин пащэр, сыбдэгущыIэн фае. Джыдэдэм илъэс 70-рэ сыныбжь, ау илъэс 17 сыныбжьэу зыщэтым КъэбарышIур зыщагъэIущтыгъэ зэIукIэ горэм сыхэхьанэу хъугъагъэ. Сэри зэхасшIэгъагъэ Исус сыгу къызэрэтеощтыгъэр. Ау ащыгъум мырэущтэу зэсIожьыгъагъэ: «Сишъыпкъэу а Iофым секIуалIэу, Ар сыгукIэ зысштэкIэ, синыбджэгъухэр къыздэхьащхыных. Арышъ, арэущтэу сшIы хъухэщтэп». ЫкIи сэри зэIукIэм сахэкIыжьи, сычъэжьыгъ. Ау мары згъэшIэщтыр згъэшIэгъахэ. Сэ жъы сыхъугъ. Джы сэшIэ сищыIэныгъэ мытэрэзэу зэрэщытыгъэр, сыда пIомэ а уахътэм сыгу Исус фызэIусхыгъэп.

Ныбджэгъухэр, тэ щыIэныгъэу тиIэр зызакъу зэрэхъурэр ыкIи ащ къыхэкIэу тищыIэныгъэкIэ анахь мэхьанэшхо зиIэ Iофыгъоу щытыр: «Сыда сэ сызыфыщыIэр?» Исусэу къащым тыраIулIэгъагъэу зыпсэ тфэзытыгъэмкIэ ыкIи лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэмкIэ, Тхьэм а упчIэм джэуап къытитыжьыгъ. Джы мары Исус шъуипчъэ Iутэу къытео. ШъуищыIэныгъэ Ащ ыIэ ишъулъхь, егъашIэми ащ пае шъо шъукIэгъожьыщтэп.

# УАХЪТЭ СИIЭП СЭ!

Силекциехэм ядэIунэу зыгорэ къырагъэблагъэу: «ТыгъакIоба, дин пащэу Буш тедэIун!» – зыраIокIэ, нахьыбэрэмкIэ, мыщ фэдэ джэуап къыратыжьырэр: «Уахътэ сиIэп сэ!»

Мы къэсIотэщтыр зыщыхъугъагъэр курортыр ары. ШхапIэм зыныбжь хэкIотэгъэ лIы горэм ыпэчIынатIэу сыщысыгъ ыкIи нэбгыритIуми дэгъоу тызэгурыIощтыгъ. Ыгъатхъэзэ ар зэрэшхэрэмрэ, гупсэфэу тIысэу тыгъэнапэм зэрэщышъхьаукъэрэмрэ сяплъы хъумэ, ащ ехьылIагъэу мырэущтэу семыгупшысэн слъэкIыщтыгъэп: «Мы лIыр ежьым ышъхьэ щэхъу ыгъэгумэкIырэп!» ТIэкIу-тIэкIузэ тызэдэгущыIэ зыхъукIэ, Iоф цIыкIу-шъокIу щэхъу игугъу зэрэтымышIырэм сигъэгумэкIы хъугъэ. «Адэ сыда ащ дэеу хэлъыр?» зыIонхэр къышъухэкIынхэкIи мэхъу, ау сэ а Iофым фэшъхьаф еплъыкI фысиIэр. Сэ сицыхьэ пытэ зытелъыр Тхьэр гъэнэфагъэу зэрэщыIэр ары. Мыщ фэдэ Iофыгъо ин дэдэ Тхьэм зэрэзэшIуихыгъэр зысэшIэ нэужыр ары зэкIэ сищыIэныгъэ зэхъокIыгъэ шъыпкъэ зыхъугъэр. Мары а сатырэхэр: «Сыда пIомэ, Тхьэм дунаим ицIыфхэр ащ фэдизэу шIу зэрилъэгъугъэхэм къыхэкIэу, Ежь Ыкъо Закъор ытыгъ, хэти Тхьэм ЫкъокIэ шIошъхъуныгъэ зыIэр мыкIодэу къэнэжьыным ыкIи мыкIодыжьын щыIэныгъэ иIэ хъуным пае». Тхьэм ащ фэдэ ынэшIу къызэрэпщыфэрэм унаIэ темыгъэтэу щыбгъэзыеныр сыдэу тхьамыкIагъуа! Сэ сигущэIэгъу лIым джары къыщышIыщтыгъэр. Ахърэт мафэм Тхьэм ыпашъхьэ къызиуцокIэ, сыда ащ къехъулIэщтыр?! Зэгорэм, щэджэгъуашхэ тшIынэу тызызэIокIэм, ащ естыгъ сэ стхыгъэ тхылъ цIыкIур: «Мы тхылъ цIыкIум уеджэнэу сыолъэIу. Тхьэм уригъусэу къэбгъэшIэн плъэкIыщт щыIэныгъэм мыр къытегущыIэ. Мэхьанэшхо зиIэу узэгупшысэн ащ дэбгъотэщт!» ЕтIанэ ащ къысиIуагъэр шъошIа? Ыгу къыдеIэу къызэрэсфэразэр къысиIуи, ащ къыпигъэхъожьыгъ: «Сэ мыщ зыщысэгъэпсэфы, ау тадэжь сызыкIожьыкIэ, уахътэ къысфыдэфэнкIи мэхъу седжэн слъэкIынэу!» Джа гущыIэхэр къыIохи, тхылъ цIыкIур ыбгъукIэ ыгъэтIылъыгъ. Сэ ар сшIоигъоджагъ. Мыщ дэжьым щыриIэ уахътэм нахьыбэ ащ сыдигъуи иIэу хъущтэп. ПIопэн хъумэ, фэягъэп ар Тхьэм уахътэ тыригъэкIодэнэу. Арэущтэу Тхьэм удэзекIоныр щынагъоу щыт, джащ къыхэкIэу ащ тегущыIэгъэн фае.

## 1. Iофхэр зэрэхъухэрэр къызыгурыгъэIогъуай

ПIопэн хъумэ, сыда тэ уахътэр зыкIытфимыкъурэр? ЗэкIэми апэу, шъунаIэ зытешъудзэмэ сшIоигъуагъэр зы Iофыгъоу сэ сшъхьэкIэ гурыIогъуаеу сшIошIырэр ыкIи зы нэбгырэ горэми къызгуригъэIон ымылъэкIырэр ары.

Шъор-шъорэу шъуегупшыс: илъэсишъэкIэ узэкIэIэбэжьмэ, Штуттгарт щыщ сатыушIым зэзэгъэныгъэ Эссен щыщ ежьым фэдэ IофышIэмэ адишIын фаеу зыхъукIэ, почтэ ку псынкIэм исэу а къалэм нэсыным ыкIи къэсыжьыным пае мэфэ тфырытф тыригъэкIодэн фаеу хъущтыгъ. Ар мэфипшI мэхъу, етIани зэзэгъыныгъэхэр зэдэшIыгъэнхэм мэфитIу фэдиз текIуадэщтыгъ. Арышъ, мэзэныкъу пIоми хъунэу Iофым текIуадэу хъущтыгъ. Джырэ сатыушIэр телефонкIэ зыфэе хэгъэгум гущыIэн елъэкIы, ащ пае зыгори къыдэIэпыIэнуи щытэп – занкIэу мэгущыIэ, арэущтэу, ащ мэфэпшIыкIутIур къыфэнэжьы. Ау а сатыушIыхэм уяупчIымэ, хэти мэфэпшIыкIутIу лыеу иIэп. Iофхэм языте зэрэхъугъэр фэшъхьаф шъыпкъ! Ахэмэ ащыщ пэпчъ къыуиIощт: «Сэ уахътэ сиIэп!» Сыда адэ ар къызыхэкIырэр?

СыцIыкIузэ, сэ нахьыпэм сянэжъырэ сятэжъырэ адэжь Швабскэ Альб зыфаIорэ чIыпIэм сыкIон фаеу зыхъукIэ, Эльберфельд сикIэу Урах сынэсыфэ, дунаир хъураеу къэскIухьагъэу къысщыхъущтыгъ. Непэ щыIэ транспортымкIэ а гъогур сыхьатитфыкIэ пкIущт. Ащ къыхэкIэу цIыфхэм уахътэ лыябэ яIэ хъугъэу къыпщэхъу! Нахьыпэм тхьамафэм сыхьат тIокIищырэ ыкIи ащ нахьыбэрэ Iоф ашIэщтыгъэ. Джы тхьамафэм Iоф зэрашIэрэр сыхьат тIокIитIу икъурэп. ЕтIани зы нэбгырэ горэми уахътэ лые иIэп. Адэ ар сыдэущтэу хъура?

Е джыри: непэ щыIэныгъэр зэкIэ зэрэгъэпсыгъэ шIыкIэр зэкIэри нахь къызэрыкIоу шIыгъэныр ары. Сэ сянэ мафэ къэс Библием щыщэу шъхьиплI ыджыщтыгъ, етIани ащ фэшъхьафэу зэкIэ иIахьылхэм апае Тхьэм елъэIунэу уахътэ къыхигъэкIыщтыгъ. Къыдэлъытэжьыгъэн фае а лъэхъаным электрическэ зэрэгыкIэхэрэ ыкIи зэрэпщэрыхьэхэрэ машинэхэр зэрэщымыIагъэхэр. Ащ фэшъхьафэуи кIэлэцIыкIуиймэ ар къадекIокIын фэягъэ. Ахэмэ нейлон щыгъынхэп ащыгъыгъэхэр, ялъэпэдхэри дыжьыгъынхэ фаеу хъущтыгъ. ЕтIани ащ уахътэ хигъуатэщтыгъэ мафэ къэс КъэбарышIум щыщэу шъхьиплIым еджэнэу! Адэ ащ фэдиз зэшIожъугъэкIынэу шъо уахътэ къыхэжъугъэкIын шъолъэкIа? Хьау, ащ фэдиз уахътэ шъо шъуиIэп! Адэ ар сыдэущтэу хъура?

КъыжъугурэIуа: зэкIэри зэрэгъэпсыгъэр – уахътэр нахьыбэу къызэрагъэнэжьыныр ары, етIани зы нэбгырэ горэми уахътэ лые иIэп. Адэ ар къызыхэкIырэр къэшъуIотэн шъулъэкIына? Сэ бэрэ а Iофым сегупшысагъ, ау ар сыдми къызгурыбгъэIон умылъэкIын Iофыгъоу щыт. Зытет шъыпкъэмкIэ, ар къызыхэкIырэр зы Iофыгъу, ар цIыфхэм зэхахынкIэ фэмыехэ нахь мышIэми, ау фэшъхьаф горэм ар ыпкъы къикIэу сэ сшIэрэп: зыгорэ тауж итэу тэ тыкъырефэкIы! ЦIыфым уахътэ лые имыIэу ышIыным фэгумэкIырэ горэ щыI. Циркым зыкъыщызышIырэ хьэкIэ-къуакIэхэр зыгъасэхэрэм фэдэу, зыгорэм лъэхъукIэ тегъачъэ, егъэзыгъэкIэ тэ тапэкIэ тычъэным пае тызыгъэщынэрэ горэ щыI. А дэдэр ары къыщиIорэр Библием: ары, а «зыгорэр» щыI! Ар шэйтаныр ары. Джы тэ тапашъхьэ къеуцо мыщ фэдэ упчIэ: адэ джы шэйтаныр щыIа? Ащ иджэуап сэ къышъосэты: ары, шэйтаныр щыI! «Мы дунае шIункIым ипэщэшхохэу джынапцIэхэр» щыIэх.

Джырэблагъэ лIы горэм сыдэгущыIэзэ къысиIуагъ «чыристан диным иIофэу ежьым фэгъэхьыгъэр ыухыгъэу». Сэ ащ къыIорэм дезгъэштагъэп: «Сыд фэдэ хэукъоныгъа пшIырэр! Шэйтаныр ары ащ фэдэ лъэубэкъу пхэндж озыгъэшIырэр! Джары шъыпкъ о уиIоф зыухыщтыр!» ЛIыр IущхыпцIыкIи, къысиIожьыгъ: «Шэйтаныр пIуагъа! ЩыIа сэIо ащ фэди?»

Библием мырэущтэу итхагъ: «Шэйтаным Исус Iуашъхьэ лъэгэ дэдэ горэм дещае, ащ утетэу зэкIэ дунаер плъэгъун плъэкIынэу щыт. Шэйтаным зэкIэ пэрыохъоу нэм къыпэшIуафэхэрэр щигъэзыегъагъэх ыкIи ащ ишIуагъэкIэ Исус ыпсэкIэ зэкIэ дунаем пачъыхьагъоу тетхэмрэ ахэмэ ящытхъурэ ылъэгъугъэх. ЕтIанэ шэйтаным мырэущтэу Исус къыреIо: «ЗэкIэ мы плъэгъухэрэр сэ сIэ илъых, ыкIи сызыфаем естынхэ сыфит, арэу зыхъукIэ, лъэгонджэмышъхьэу укъэтIысэу, сэ сыбгъэлъапIэмэ, ахэр зэкIэри оуие хъущтых». Библием щыщ чIыпIэу анахьэу гумэкIыгъо сыхэзыдзэхэрэм ар зыкIэ ащыщ, сыда пIомэ Исус а къыраIуагъэр щигъэзыерэпышъ, шэйтаным мы дунаир ыIэ зэрилъым Ар еуцуалIэшъ ары.

КъышъосIон, шIункIым ыкIуачIэ зэрэщыIэр къыбгурымыIоным пае нэшъоу ыкIи акъылынчъэу ущытын фае. Арэущтэу щымытмэ, сыдэущтэу дунаир зэрэгъэпсыгъэ шIыкIэр къызыгурыжъугъэIон шъулъэкIыщта? Iофыгъо заул ныIэп сэ зигугъу къышъуфэсшIымэ сшIоигъор.

ГущыIэм пае, сэ цIыфыбэхэр сыгу къэкIыжьых зекIокIэ-шIыкIэ дэйхэм кIэхъопсэныгъэ дэйхэм дахьыхыхэу. Зэгорэм чэщым са-

дэжь къэкIуагъ IофшIапIэ горэм иIэшъхьэтет – ылъакъохэм атетыжьын ымылъэкIэу ешъуагъэу – ыкIи къысиIуагъ: «IэпыIэгъу къысфэхъу, семышъон слъэкIырэп, кIочIэгъу сызыфэхъужьынэу амал сиIэп! Сятэ ешъуакIоу щытыгъ. А шэныри сэ схэлъэу сыкъэхъугъ. Джы сыдэу зысшIыгъэкIи, зыхэзгъэзыжьын слъэкIырэп! Сыдэущтэу шъо къышъушIошIыра – «арымырэу сэ сыщыIэн слъэкIырэп, сишэн зекIуакIэ зэблэсхъунэу кIочIэгъу сызыфэхъужьырэп» зыIорэр нэбгырэ тхьапша щыIэр? Хэта ахэр къезыфэкIыхэрэр? ЗэкIэ тхьамыкIагъоу мы дунаим къытехъухьэхэрэм шъуяплъыри, шъори къыжъугурыIощт – «мы дунае шIункIым ипэщэшхохэу дынапцIэхэр» зэрэщыIэхэр, Библием къызэрэщиIорэм фэдэ къабзэу!

Е шъуегупшыс джырэ тимафэхэм къэзэрэщэхэрэм ащыщыбэ зэрэзэгокIыжьхэрэм. ЛIы горэм унэгъо шIагъо иI, ишъузи гохьы, ау ошIэ-дэмышIэу «пцэкъэнтфым пэфэ» иIофшIапIэ щылэжьэрэ бзылъфыгъэ горэ пыщэгъу ешIы. Сэ ащ ыдэжь сыкIуагъ ыкIи есIуагъ: «ШъхьэкIафэ пфэсшIызэ, къыуасIорэм къедэIу! УищыIэныгъэ огъэкIодыжьы, уиунагъо зэхэогъэтакъо, уикIалэхэмэ апашъхьэ емыкIу къыщыохьы!» IэнатIэ ин зиIэ лIы зишIугъоу сапашъхьэ исыгъэр, непи фэдэу къызышIосэгъэшIы. «Зиусхьанэу дин пащэр, а бзылъфыгъэм ыуж сикIыжьын слъэкIырэп, ар скIуачIэ къыхьырэп!» Адэ ащ фэдэ хъугъэ-шIагъэм шIункIыныгъэм ыкIуачIэхэм ятетыгъо хэшъулъагъорэба шъо?

Инджылыз тхэкIо цIэрыIоу Сомерсет Моэм тхылъышхо ытхыгъ, «ЦIыфыр ышъхьэ зэрэфимытым ехьылIагъ» зыфиIорэ цIэр иIэу. Зыр адрэм фэIорышIэу сыдэущтэу цIыфхэр хъунхэ алъэкIыра? Гитлер фэIорышIэщтыгъэ цIыфхэр сыд фэдэ пщылIхэм афэдэхэу хъугъагъэха! Ахэмэ ашIошъ хъущтыгъэ, тIур тIоу пштэмэ тIокIы мэхъоу – сыда пIомэ ар фюрер ыIуагъ. Джы енэгуягъо шъо зэхэшъошIэкIэ шIункIыныгъэм ыкIуачIэ зэрэщыIэр, шъушIошъ мэхъукIэ шэйтаныр дунаим зэрэтетыр.

Нэмыц усэкIошхоу Гете ытхыгъ зэлъашIэрэ драмэу «Фауст» зыфиIорэр. Гъэсэныгъэ зиIэ цIыфхэу шъущытхэу ыкIи «Фауст» шъущыгъуазэу сэ къысшIошIы. «Фауст» къыщегъэлъагъо пшъашъэу Маргаритэ. Ар ипсэукIэкIэ пшъэшъэ къабзэу щытыгъ, ау хагъэукъуагъ. Ышы Маргаритэ къыухъумэнэу зыфежьэкIэ, пшъашъэр хэзыгъэукъуагъэхэм ар аукIы. Хэзыгъэукъуагъэр ыдэжь къихьан ылъэкIыным пае, Маргаритэ янэ хэзыгъэчъыещт уц реты, ау а уцым янэ егъалIэ. Сабый къызыфэхъум, Маргаритэ ар ыукIыжьыгъ, джырэ тилъэхъан лъэрымыхь хъугъэ бзылъфыгъэ-

хэм акIоцI зэрилъызэ, сабыир зэраукIыжьырэм фэдэу. Сыд фэдиз псэкIодшIагъа ащ зытыралъхьажьыгъэр! Джы мары драмэм икIэух а пшъашъэр тапашъхьэ къыщеуцожьы: янэ, ыш ыкIи сабыир ежьым екIодылIагъэх ыкIи ащ къыхэкIэу гур зыгъэкIэзэзырэ макъэкIэ къеIо: «Сэ ащ фэдэхэр сэзыгъэшIагъэр, о си Тхьэ, ащ фэдизэу сэ сшIогохьыгъэр ары». Гете акъылынчъэу щытыгъэп. «Фаустым» ащ къыщиIуатэрэр, зэкIэ а хъугъэ-шIагъэхэр шэйтаным ыпкъ къикIыгъэу зэрэщытыр ары!

Къэлэшхом идин пащэу сызэрэщытым пае ащ фэдэ хъугъэшIагъэхэм сэ бэрэ сарихьылIэу къыхэкIы. ЫкIи зыгорэ сэ садэжь къакIоу: «Шэйтаныр щыIэп», – къызысиIокIэ, сэ ащ мырэущтэу сеупчIынэу ары ныIэп къысфэнэжьырэр: «ПIопэн хъумэ, сыд фэдэ къоджэжъ цIыкIуа о укъызыдикIыгъэр?» – ащ фэдэ къоджэжъ цIыкIухэми джынапцIэ ащымыIэу плъытэнкIэ цыхьэшIэгъоу щымыт нахь мышIэми.

Синыбджэгъухэр, чыристанхэм ежьхэм яхэукъоныгъэхэм афэгъэхьыгъэу зыпари къагурымыIуахэуи зэрэхъурэм сылъыплъэ зэхъур ары, шэйтаныр зэрэщыIэр сэ сшIошъ къызыхъугъапэр. КъыхэкIы загъорэ, гущыIэм пае, Тхьэм ищынагъо зыгу илъэу, Тхьэр лъэшэу зышIошъ хъурэ бзылъфыгъэр инысэ лъэшэу фэдэеу, ежьым ышъхьэ щэхъурэ гугъу имыIэу, ау ежьым ащ гу лъимытэу. Тхьэр лъэшэу зышIошъ хъурэ бзылъфыгъэр! ШIошъхъуныгъэ зиIэ цIыфхэр, шъуелъэIу Тхьэм шэйтаным ифэмэбжьымэ шъукъыIэкIихыжьынэу.

КъыжъугурэIуа шъо, шэйтаныр, шIункIыныгъэм ыкIуачIэ, гухэлъ гъэнэфагъэ диIыгъэу цIыфхэм ауж имыкIырэр, ренэу гумэкI горэм тыхэтэу тэ тызыIыгъырэр зэрэщыIэр къыдэтымылъытэу дунаир къызыгурыдгъэIон тэ тлъэкIыщтэп. Джарэущтэу ар тауж зэритыр ары уахътэ лые тимыIэу тэзыгъаIорэри. ШIункIыныгъэм а ыкIуачIэ тыкъыIэкIэкIыжьын зэрэтлъэкIыщтым тыримыгъэгупшысэным, уахътэ ащ фэшI тимыгъэгъотыным пае, шэйтаным зэкIэ кIуачIэу иIэр рехьылIэ! Джы, ятIонэрэмкIэ, а кIуачIэм укъыIэкIэкIыжьын зэрэплъэкIыщт шIыкIэр сэ къэсIотэн фае.

## 2. Факт шIэгъо дэд

Факт шIэгъо дэд къышъуфэсIотэщт – ащ фэдэ фэмэ-бжьымэм укъыIэкIэкIын пплъэкIыщт! Синыбджэгъухэр, сыдэу сэ сыгушIо-

ра, ащ фэдэ къэбар гушIуагъо зэрэсиIэм пае! СэмэркъэушIылэкIэ заджэхэу, гущыIэ пкIэнчъыхэр зышIыхэрэм, карнавал зэхащэмэ зыкъыщашIы. Загъорэ сегупшысэ: пчыхьэм ядэжьы кIожьыгъэхэу, ащыфагъэхэр анэгу тыраукъэбзыкIыжьы зыхъукIэ, сыда ахэмэ агу изытет зэрэхъурэр. Зэфагъэ хэлъэу къэпIон хъумэ, ащ фэдэ сэмэркъэушIылэм мырэущтэу зэриIожьын фаекIэ енэгуягъо: «Сэ ахъщэ къызэрэзгъахъэрэр мэхьанэнчъэ сэмэркъэухэр, гоштэгъоджэ мэхьанитIу къызэрыкIырэ къэбархэр къэсIуатэхэзэ ары». Ащ пае ар ежь зыщэукIытэжьын фае! Ащ фэдэ шIункIыныгъэм ыкIуачIэ укъызэрэIэкIыжьын плъэкIыщтым ехьылIагъэу къышъуфэсIотэн зэрэслъэкIыщтым пае, сыдэу сынасыпышIоу зыслъытэжьы!

Апостолэу Павел зы чIыпIэ горэм мырэущтэу къетхы чыристанхэм яIофхэм язытет ехьылIагъэу: «ШIункIыгъэм итетыгъо ыIэчIэгъ тыкъычIихыжьи, Ыкъоу шIу ылъэгъурэм итетыгъо ыIэчIэгъ тычIигъэуцуагъ. Ыкъоу ары лъэу къащым щыкIэкIыгъэмкIэ тэ тшъхьэхэр зыщэфыжьыгъэхэр». Арышъ, учыристаныным къикIырэр, апэрэ чэзыоу, уаумэхъыгъэу ущытыным е чылыс хьакъулахьыр птыным язакъоп. Учыристанэу ущытыным къикIырэр зэкIэми апэу икIэрэкIэу укъэхъужьыныр, шIункIыныгъэм ыкIуачIэ укъыIэкIэкIыгъэу ущытыныр, ыкIи щыIэкIакIэм ЗиусхьаныкIэм ихэбзэ кIуачIэ учIэтэу ущыщыIэныр ары!

Ащ епхыгъэу сэ къышъуфэсIотэщт Берлин щыщ миссионер горэм къысфиIотэгъэ къэбар. ЕшъуакIо горэм а шэн Iаер хыригъэнэжьыным пае фагъэзэгъагъ а миссионерым. Уз тхьамыкIагъоу щыт ар. Зэгорэм миссионерым зэхихыгъэ а лIыр джыри лъэшыщэу ешъуагъэу, унэм ит Iэмэпсымэхэр зэхикъутагъэу, ишъузи утын рихыгъэу. Джащыгъум ар ащ ыдэжь кIонэу тыриубытагъ. Щэджэгъоуж уахътэу щытыгъ, лIы ешъуакIор пщэрыхьапIэм исэу кофе ешъощтыгъ. Ащ къыгосыгъ ыкъо цIыкIоу илъэситф зыныбжьыгъэр. Миссионерым гуфэбагъэ хэлъэу лIым шIуфэс рихыгъ ыкIи еупчIыгъ: «Адэ джыри къебгъэжьэжьыгъа?» ЛIым ыцэхэр зэригъэшхыхэзэ, къызыщылъэтыгъ. Зы гущыIэ гори миссионерым къыримыIоу, гъэтIылъыпIэу пщэрыхьапIэм къыготым ихьи, гыкIыгъэхэр зыпалъэхэрэ кIапсэр къырихыгъ. ЕтIанэ зи ымыIоу ащ ыкъо цIыкIу пхъэнтIэкIоу зытесым пытэу тыripхыхьагъ. «Сыд шъуIуа мыщ ышIэн ыгу хэлъыр? Зэрешъуагъэр джыри кIэмыкIыжьыгъэн шъуIуа?» Ау зи ымыIоу ащ ышIэщтыр ригъэшIагъ. Ащ ыкъо цIыкIу пхъэнтIэкIум тырипхыхи, кIэпсэ цыпэхэр

пытэу зэкъуидзэжьыгъэх. ЕтIанэ ащ пхъашэу текуагъ: «Къэтэдж!» Шъэожъыем гъэу къыригъэжьагъ ыкIи ятэ къыриIуагъ: «Сыкъэтэджын слъэкIыщтэпи!» Джащыгъум а ешъуакIом миссионерым зыкъыфегъазэшъ, гур ыгъэкIодэу ынэгу зэхэгъэхьагъэу мырэущтэу къыреIо: «Сэри джащ фэдэ къабзи къысэхъулIэрэр – кIочIэгъу сызыфэхъужьырэпи!» Гу лъачIэм нэсэу уегъэкIэзэзы: «СкIуачIэ къыхьырэпи!» Джащыгъум миссионерым шъэжъые чаныр иджыбэ къырихи, унагъом зэрарэу ришIэрэми пымылъэу, кIэпсэ шIагъор зэпиупкIыгъ ыкIи рэхьатэу шъэожъыем риIуагъ: «Къэтэдж!»

Шъэожъыер къэтэджыжьыгъ, миссионерыр джащыгъум ешъуакIом зыфигъэзагъ: «Мары адэ къэтэджыжьыгъэри!» – «Ары, къэтэджыжьыгъ,– къезэгъыгъ адрэр,– сыда пIомэ о кIапсэр зэпыуупкIыгъэ!» Ащ фэгъэхьыгъэу миссионерым ешъуакIом риIуагъ: «КъыуасIорэм къедэIу: тэ тызэкIоцIызыпхэрэ кIапсэр зэпызыупкIын зылъэкIыщт закъоу щыIэр Зы ныIэп, Ар Исус ары!»

Дунаим цIыфхэу бэдэдэх щыпсэухэрэр мыщ фэдэ хъугъэшIагъэр къаушыхьатын алъэкIынэу: «Исус къысфэкIуагъ ыкIи сипшъэхъухэр стезыжьыгъэх, /аджал пшъэхъухэр ащ зэпичыгъэх, /емыкIум ылъапсэ Ащ къыгъэтIэсхъагъ. /КъэгъэнэжьакIом – Тхьэм Ыкъо шъхьафитыныгъэ тэ къытитыгъ. /ТипсэкIодшIагъэхэмрэ тиемыкIурэ ачIыпIэкIэ, щытхъу къытитыгъ, /Исус къытфэкIуагъ ыкIи тибжьыхэр зэхикъутагъэх».

Факт шIэгъо дэд: шIункIыгъэм ыкIуачIэ укъыIэкIэкIыжьын плъэкIынэу щыт.

ЯщэнэрэмкIэ, сэ шъо къышъуфэсIотэн фаер:

## 3. СыкъызтегущыIэрэ Iофым имэхьанэ купкI

СыкъызытегущыIэрэ Iофым имэхьанэ купкIи? Шъхьафитыныгъэ цIыфым Исус ихьатыркIэ егъоты! Сэ джы Исус ары сыкъызтегущыIэн фаер. Исус сыкъытегущыIэ зыхъукIэ – джары сэ сиIофыгъо шъхьаIэу щытыр.

Сыгу къэкIыжьы, Нью-Йорк сыщыIэзэ, негрэхэм яклуб сызэрэрагъэблэгъагъэр. ЦIыф лъэпкъхэр а хэгъэгум зэрэщызэхадзыхэрэм ыпкъы къикIыкIэ, ащ Iофхэр зэрэщыкъинхэм шъо шъуащыгъуаз. Клубым ичIэхьагъум мраморым хэшIыкIыгъэ саугъэт горэ чIэтэу слъэгъугъэ. Гъэнэфагъэу щытыгъ ар зэрэмынегрэр. Сэ згъэшIэгъуагъэ зыкIышъо шIуцIэхэм саугъэт цIыф фыжьым

зэрэфагъэуцугъэр ыкIи зыкIышъо шIуцIэ лIы горэм сеупчIыгъ: «Ныбджэгъур, хэта мыр зисаугъэтыр?» Ащ ыуж слъэгъугъэр егъашIэм сщыгъупшэжьынэп. А лIыр саугъэтым ыпашъхьэ иуцуи, гушхуагъэ хэлъэу къысиIуагъ: «Мыр – Авраам Линкольн, сэ шъхьафит сызышIыжьыгъэр ары!» Джащыгъум сэ къызышIозгъэшIыгъ, а лIы ныбжьыкIэр къэхъункIэ бэдэдэ щыIэу президентэу Линкольн зэо лъыгъачъэу ышIыгъэм ишIуагъэкIэ негрэхэр шъхьафит зэраригъэшIыжьыгъэхэр. А лIы ныбжьыкIэр а заом хэлэжьагъэп. Ащ пае къэмынэу ар лъэшэу фэрэзагъ, лъыгъэчъэ заом ишIуагъэкIэ, Авраам Линкольн шъхьафитыныгъэу къыфихьыгъэм пае. Сэ лъагэу дэкIояпIэм сызыдэкIоехэ нэужыми къэслъэгъущтыгъэ а лIыр, саугъэтым ыпашъхьэ зэритэу къыкIэзыIотыкIыжьыщтыгъэр: «Авраам Линкольн сэ шъхьафитыныгъэр къысфихьыгъ!»

Джащ фэдэ къабзэу сэри Исус икъащэ ыпашъхьэ сыуцоу, къасIо сшIоигъу: «Исус сэ си КъэгъэнэжьакIу!»

Библием гущыIэухыгъэ гъэшIэгъон горэ хэт Iоф шIагъом фэгъэхьыгъэу: «Тхьэм ЫпсэЛъапIэу щыIэныгъэ шъыпкъэр къытэзытырэм ихабзэ, псэкIодымрэ лIэныгъэмрэ яхабзэ ыIэчIэгъ сыкъычIихыжьи, шъхьафит сишIыжьыгъ». Дунаеу тызыщыпсэурэм ихабзэ гъэуцугъэхэр щыIэх. IэкIэ сIыгъ IэплъэкIыжьыер стIупщымэ, природэм ихэбзэ гъэуцугъэу щыIэм теткIэ ар ефэхыщт. Ар щыбгъэзыен, зэблэпхъун плъэкIынэу щытэп. Ау сэ а ефэхы тетыр IэкIэ къызысыубытыкIэ, чIыгум тефэщтэп. НэмыкIэу къэпIон зыхъукIэ, нахь лъэшэу щыт кIуачIэ къызыхахьэкIэ, IэплъэкIыжьыер зэрефэхырэр къызэтебгъэуцон плъэкIыщт. Джащ фэдэу тэри тизекIуакIэ-шIыкIэхэм атегъэпсыкIыгъэу псэкIодымрэ лIэныгъэмрэ яхабзэ защытыухъумэн тлъэкIырэп. ЗэкIэми тэ тефэхы, мыухыжьын кIодыныгъэр Iахьэу тиIэ мэхъу. Тэ ар зэхэтэшIэ. Джы зэкIэри зэлъытыгъэр нахь кIочIэ лъэш горэм тэ а тызэрефэхырэр къызэтыригъэуцоныр ары. ТипсэкIодшIагъэхэр ттырихыжьынхэм ыкIи шъхьафит тышIыжьыным апае тэ ащ фэдэ нахь кIочIэ лъэшэу къытфигъэкIуагъэр Исус ары. КъыжъугурэIуа шъо, Исус джынапцIэм иаужырэ кIочIэ хабзэ ыгъэкIодыгъ! Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ ыкIуачIэу Исус къытхилъхьэрэмкIэ тэ кIэу щыт шъхьафит щыIэкIакIэмкIэ тыщыIэн тлъэкIыщт!

ХэгъэунэфыкIыгъэн фаер, дунаим Исус зыщидзыен зэримылъэкIыщтыр ары. Шъо ар къыжъугурэIуа? Зэгорэм къаIоу зэхэсхыгъагъэ Исус зыми щымыщ пкъыгъоу мы дунаим щыщытым

фэдэу. Ары, джары шъыпкъ зэрэщытыри: ошъогум къикIыгъэ пкъыгъоу Ар дунаим щыщыт! Хэта адэ а Исус? Мыщ дэжьым сэ тIэкIу сыкъыщызэтеуцон фае, сыда зыпIокIэ, Исус нахьышIоу шъо нэIуасэ шъуфэхъун фаешъ ары. СызэрэшъолъэIурэр, журнал горэхэм къызэратхырэм тегъэпсыкIыгъэу Исус щытэу къызышIошъумыгъэшIынэу ары. Зытет шъыпкъэмкIэ, Исус зыфэдэр зымышIэрэ цIыфхэм зяшъумыгъэгъапцI. Исус зыфэдэ шъыпкъэм ехьылIэгъэ къэбар шъыпкъэр къызыщиIуатэрэр КъэбарышIур ары ныIэп. Библием тегъэпсыкIыгъэу гупшысэзэ, Лютер мырэущтэу къыIогъагъ:»Сыдигъуи щыIагъэу, Тхьэ шъыпкъэу Ар щыт, ардэдэми пшъашъэу Мерэм къылъфыгъэ цIыф шъыпкъэуи щыт». Тхьэ ыкIи цIыфы! Ошъогумрэ чIыгумрэ Ащ щызэпхыжьыгъэх!»

Исус – «цIыф шъыпкъэу щыт!»

Лазарь ихьадэ зычIэлъыгъэ къэунэм кIэлъырытэу Ар гъын ылъэкIыщтыгъ. Сэ къызэрэсшIошIырэмкIэ, Ар щхын ылъэкIыщтыгъэ игъогу рыкIохэрэм мы гущыIэхэр ариIохэ зэхъум: «Ошъогум щыбыбырэ бзыухэм шъуяплъ. Ахэмэ чылапхъи апхъырэп, лэжьыгъи къахьыжьырэп, конхэм аратэкъожьырэп, ау щытми шъуятэ ЛъапIэу уашъом щыIэм ахэр егъашхэх!» Ары, сэлъэгъу си-КъэгъэнэжьакIо ишъыпкъэу щхэу: «Бзыу нэхъоинчъэх! Ахэр зыгъэгумэкIыхэрэ щыIэп, ау ащ пае къэмынэу загъэшхэкIы ыкIи пшэры мэхъух». Ей, сыд фэдэ цIыф шIагъуа Исус!

Библием къызэрэщиIуатэрэмкIэ, Тхьэм игущыIэхэр Ащ цIыфхэм къазыфеIотэ нэужым нэбгырэ минитфым заригъэгъэшхэкIыгъ. Нэбгырэ минитфым, бзылъфыгъэхэмрэ кIэлэцIыкIухэмрэ хэмылъытагъэхэу! Бзылъфыгъэхэр ахэгъэкIыгъэхэмэ, сыда тизэIукIэхэм ащыщэу къэнэжьыщтыгъэр? Зиусхьанэу Исус ыдэжь щыIэгъэ зэIукIэр сыд фэдизэу инын фэягъа: бзылъфыгъэхэмрэ кIэлэцIыкIухэмрэ хэмылъытагъэхэу нэбгырэ минитф! ЕтIани Ащ макъэр зыгъэинырэ Iэмэпсымэ иIагъэп. Сыд фэдэ мэкъэ шIагъуа Исус иIэн фэягъэр! ЦIыф шIэгъо дэдэу Ар щытыгъ!

КъэбарышIум къыщиIотэрэ хъугъэ-шIагъэхэм ащыщэу гум имыкIыжьынэу щытыр Рим къикIыгъэ Iэшъхьэтетэу Понтий Пилат иунашъокIэ Исус утынхэр зэрэрахыщтыгъэхэр ары. Ащ ышъхьэ панэм хэшIыкIыгъэ танджыр щалъэгъагъ, Ащ ынэгу пчъагъэрэ кIэужъунтхэгъагъэх. ЦIыфыр щыIэжьэп пIоми хъунэу щытыгъ! Джы мары Ар цIыфхэм апашъхьэ къеуцо… Пилат зэкIэми апэу Ащ ынэгу кIэплъэ, етIанэ цIыфхэм ахаплъэ, ащнэужым Исус Iапэ фешIышъ, цIыфхэм мырэущтэу къареIо:

«Мыр – цӀыфыр!» Лютер мары ар зэрэзэридзэкӀыгъэр: «Шъуеплъ мыр зыфэдэ цӀыфым!» ГущыӀэ-гущыӀэу зэбдзэдэкӀы зыхъукӀэ, а гущыӀэхэм мары къарыкӀырэр: «Мыр – цӀыфы!» ыӀоу ары. АщкӀэ Пилат марын фае къыӀомэ шӀоигъуагъэр: «Бэ хъухэу лъэкъуитӀу зиӀэ псэушъхьэхэр слъэгъугъэх, ау ахэр тыгъужъ нэкӀыгъэхэу, къэплъан щынагъохэу, бэджэ хъоршэрыхэу, зышӀошӀыжьхэрэ мэзчэтыхэу, ары пакӀошъ, мамунэхэу щытыгъэх. Исус арымэ, – Ар цӀыф шъыпкъ!» Пилат къыгурыӀогъэнкӀи мэхъу: «Тэ зыфэдэ тыхъун фэе цӀыфым фэд Исус!» БэмышӀэу лӀы горэм къысиӀуагъ: «Исус тэщ фэдэ цӀыфэу щытыгъ». Ау сэ ащ дезгъэштагъэп: «Исус цӀыфэу щытыгъ, ау тэ тызыфэдэ цӀыфым фэдэу, Ар щытыгъэп, зыфэдэ тыхъун фаем фэдэу ары нахь!» Исус зыфэдэ цӀыфыр – тэ зыфэдэ тыхъун фэе цӀыфыр, Тхьэм цӀыфыр къызэрэзышӀуигъэшӀырэм фэдэ цӀыфыр ары. «Исус тэщ фэдэ цӀыфэу щытыгъ» ыӀоу зыгорэм шъо къызышъуиӀокӀэ, мыщ фэдэ упчӀэ ащ фэжъугъэуцу: «Адэ о пшъхьэкӀэ Исус фэдэ цӀыфэу ущыта?»

Исус – «сыдигъуи щыӀагъэу, Тхьэ шъыпкъэуи, цӀыф шъыпкъэуи щыт!»

Зэпысымыгъаоу сэ ар къафэсӀотэнэу сыфэягъ. Геннисарет псы хъураем тетхэзэ, хыоешхом къуашъор зыхеубытэм къащышӀыгъагъэм фэгъэхьыгъэ къэбарыр ары нэмыӀэми. Къуашъом нэгъэупӀэпӀэгъукӀэ псыр изы хъугъэ. Пкъэу лъагэу къухьэм тетыр мэкъутэ. «Ау ащ фэдэ цӀыкӀу-шъокӀум морякхэм агу къыгъэкӀодынэу щытэп ныӀа!» – зыщэтхъужьых ахэр, сыда пӀомэ ахэмэ ахэтыгъэхащ фэдэ хыуае щынагъохэм пчъагъэрэ ахэфэгъагъэхэр. Арэу щытми, Исус игъогу рыкӀохэрэр сыдэу хъуми къэзэрэгъэщтагъэх, арыти, къэзэрэгъэкууагъэх: «Адэ тыдэ щыӀа Исус? Ары шъыу, Ар къошъо кӀоцӀым ыкӀэкӀэ Ар щэчъые!» Ахэр ечӀалӀэх Ащ, ауж къыкӀэлъэчъэ псыри ыкӀи ахэмэ Ар къагъэущы: «Зиусхьан, псым тычӀехьэ!» Джащыгъум сэ сэлъэгъу Исус къуащъом къызэритаджэрэр, жьыбгъэшхом пэуцужьыным пае. СыдигъокӀи тэ тызыпылъыр Исус чылыс унэ рэхьатхэм ачӀэтыубытэнэу ары. Джы мары Ар хыоешхом хэтэу къыщекӀухьэ. Адэ шъо шъошӀа а хъугъэ-шӀагъэр? Хыое жьыбгъэшхом Ащ ылъакъохэр кӀиутынхэм ищынагъо щыӀэу къыпшӀошӀы. Ау Ащ ыӀэ ещэишъ, гушхуагъэ хэлъэу хыуаем унашъо фешӀы: «Щыгъэт!» Ащ лъыпытэу хыр лъэшэу зэрэуалъэщтыгъэри зэпэужьы, ошъопщэ онтэгъухэри зэбгырэкӀыжьых! А хъугъэ-шӀагъэр сэ сикӀэлэцӀыкӀужъыехэм къафэсӀуатэ зэхъум, ащыщ цӀыкӀу горэм къыхигъэхъожьыгъ:

«Шыблэм игъуагъуи щигъэтыжьыгъ!» «Ары,– къэсыушыхьатыгъ сэ,– шыблэм игъуагъуи щигъэтыжьыгъ». Тыгъэри къепсыжьыгъ. Игъогу рыкIохэрэри лъэгуанджэкIэ мэтIысых: «Сыд фэдэ цIыфа Мыр! Тэщ фэдэ цIыфэу Ар щытэп!» Аужыпкъэм ахэмэ джэуап къагъотыгъ: «Ар Тхьэу цIыфы хъугъэр ары!»

Ар зыфэдэ шъыпкъэр къызагурыIуагъэр Пасхэм илъэхъан Исус лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьи, къэунэм къызыдэкIыжьыр ары ныIэп. Синыбджэгъухэр, пшысэп къышъуфэсIуатэрэр. А къэбар шъыпкъэм пытэу сицыхьэ темылъыгъэмэ, шъуапашъхьэ сыкъиуцоным сытегушхухьаныгъэп – лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэ Исус ыцIэкIэ къытфэкIуагъэр Тхьэ псаур арэу щымытыгъэмэ.

Ар къащым теIулIагъэу сеплъыныр ары сэ нахь гъэшIэгъонэу къысщыхъурэр. Джащыгъум Ар, зытет шъыпкъэмкIэ, «Тхьэ ыкIи цIыфы». Сэ сызыфэягъэр шъо шъуанэгу къыкIэжъугъэуцон шъулъэкIынэу Ащ исурэт къышъуфэсIотэныр скIуачIэ къыхьынэу арыгъэ. Ар мыскъарэ ашIыгъ ыкIи екIэнэкIагъэх. ЫIэ лъэшхэр къащым теIулIагъэх. Ежьыри, ышъхьэ ыбгъукIэ къыриуфэхи, ыпсэ хэкIыгъ.

Шъуеплъ а Исус, ыпашъхьэ шъуиуцори шъукIэупчI: «Сыда Ар зыкIыпылъагъэр?» ШъукIэупчI зэпышъумыгъэоу ащ иджэуап шъогъотыфэ: «Ащ Ар зыкIыпалъагъэр шIункIынығъэм ыкIуачIэхэм сакъыIэкIехыжьышъ ары! Ащ, къащым пылъагъэу, шэйтаным ыкIочIэ лъэшы сыкъыIэкIехыжьышъ ары». Сэ игъоу къышъуфэслъэгъун слъэкIыщт уахътэу Исус къащым зыщыпылъэгъагъэм шъугукIэ зыфэжъугъэзэжьынэу, ыкIи Ар зэжъугъэлъэгъунэу, ыкIи шъушIошъ жъугъэхъунэу, ыкIи къызыгурыжъугъэIонэу: «Тхьэм ибын шъхьафитэу сыхъуным пае, мы чIыпIэм шIункIынығъэм ыкIуачIэмэ сакъыщаIэкIыхыжьызэ, сэ сшъхьэ щыщэфыжьыгъ Исус». Джы ащ щэхъукIэ шъо шэйтаным зыкъырешъумыгъэфэкIыми хъущт, ау къащым шъуеплъызэ, шъо шъушIошъ жъугъэхъун шъулъэкIыщт: «Шэйтаным икIуачIэ кIэух фэхъугъ! Исус ащ нахь лъэш! Мыщ къащым щытыраIулIагъэм сэ сшъхьэ ыщэфыгъ ыкIи сэри шъхьафит сыхъужьыгъ!»

Тэ тилъэхъанэ иIофыгъо мыхьанэ зимыIэхэм шъуапылъыным ауж шъуикIыжь! Нахь Iофыгъо инхэм ауж шъуихь! Тхьэм ицIыф шъхьафитхэу тэ тыхъунхэ фае ыкIи ащкIэ фитныгъэ тиI! Тэщ пае къащым тыраIулIэгъэ ыкIи тэщ пае лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэ ИсускIэ, Тхьэм зэкIэ ащ пае ищыкIэгъэ амалхэр щыIэ ышIыгъэх!

СэшIэ сэ Тхьэм игугъу къашIы зыхъукIэ, цIыфыр укIытапIэ ефэ. Сыд пае шъуIуа? ШъошIа шъо, зэкIэми тэ тызыфэдэр Библием къыщиIотэрэ кIодыгъэ къор ары. Ятэ иунэу зэрысыгъэр ащ къыбгыни, къэкIухьакIо ежьагъ, фэшъхьаф чIыпIэхэм нахь щыIэкIэ тхъагъо ащыIэу къышIошIызэ. Ау ятэ иунэ пэIапчъэу зэхъум, къиныбэ пэкIэкIын фаеу хъугъагъэ. Игуапэу ащ ядэжь къыгъэзэжьынигъи, ары шъхьае ятэ щыщынэщтыгъ, лIыгъэ къызыхигъэфэн ылъэкIыщтыгъэп. Сыд пае? Ежьырырэ ятэрэ язэфыщытыкIэхэр дэгъугъэх пIон плъэкIыщтэпышъ ары!

Джащ фэдэ къабзэу цIыфыбэхэри Тхьэм IукIэнхэкIэ фаехэп, сыда пIомэ куоу агукIэ ахэр мары зэрэгупшысэхэрэр: «Сэрырэ Тхьэмрэ зэфэмыдэныгъэу тазыфагу илъхэм апкъы къикIыкIэ тэ тызэзэгъыщтэп». АщкIэ тэрэз шъыпкъ ахэмэ зыфаIорэр. Уемыхъырэхъышэжьынэу, ахэр шIункIыныгъэм ыкIуачIэ ыIэ илъых ыкIи Тхьэм зыIуагъэкIэн алъэкIынэу щытэп! Ари шъыпкъэ, ау сыдэущтэу шъо къышъушIошIырэ адэ: Исус тэ шIункIыныгъэм ыкIуачIэ тыкъыIэкIихыжьынэу тыриубытагъэмэ ыкIи Тхьэм ицIыфхэу тишIын ыгу хэлъымэ, ащыгъум Тхьэмрэ тэрырэ тазыфагу илъ пэрыохъуныгъэхэр зэкIэ ыгъэкIодыхэ шIоигъоба! ЫкIи Ащ къащым ар щигъэцэкIагъ. Джы тэ типсэкIодшIагъэхэр къытфигъэгъунхэу Ащ телъэIун тлъэкIыщт. Ары, джа Исусэу къащым тыраIулIэгъагъэм типсэкIодшIагъэхэр тфипщыныжьыгъэх! Паул ар къыгурыIуагъэти, мары Ащ фэгъэхьыгъэу къыIуагъэр: «Тхьэм шIункIыныгъэм итетыгъо ыIэчIэгъ тыкъычIихыжьи, Ыкъоу шIу итетыгъо ыIэчIэгъ тычIигъэуцуагъ». Тэ тицIыф гъэпсыкIэкIэ шэйтаным ыIэ тилъ. Исус, Тхьэм Ыкъо, типсэкIодшIагъэхэр къытфигъэгъухэзэ, тэ Ащ тыкъегъэнэжьы.

Ащ фэшI, синыбджэгъухэр, Исус шъхьафитныгъэ тиIэ ыгъэхъунэу, Тхьэм уахътэ къытитыгъ!

## 4. ЦIыфэу уахътэ лые зимыIагъэм ехьылIагъ

Сэ джыри къэсыухыгъэп. Джы къышъуфэсIуатэмэ сшIоигъуагъэр шъощ фэдэуи уахътэ лые зимыIэгъэ нэбгырэ горэм икъэбар. Тэ ащ КъэбарышIум тыщыIокIэ. Ар цIыфышхо дэдэу щытыгъ: Рим ар ипэщагъ. Ащ ыцIагъэр Феликс. ЦIэ шIагъу. Феликсым къикIырэр «насыпышIу». Ащ шъуз иIагъ Друзиллэ ыцIэу, ихьапсэчIэси зэреджэщтыгъэхэр Паул. Уахътэ иIэ хъугъэу къызщыхэкIыгъэ

мафэ горэм ащ ариIуагъ: «А Паул теупчIынэу къятэжъугъэгъащэба. Шъузыр, гъусэ къысфэхъу ори!» Арыти, зэгъусэхэу ахэр хыкумыр зыщашIырэ унэшхом кIуагъэх, мышIэр апышIыкIэу, купышхо ягъусэу тIысыгъэх. Ахэмэ яджабгъурэ ясэмэгурэкIэ къэрэгъулэхэр къяуцокIыгъагъэх. ЕтIанэ хьапсэчIэсыр унэм къыращагъ. «КъытфэIуатэба Паул, сыда о пхъэ пшъэхъухэр плъакъохэм ателъхэу хьапсэм узыфычIэсыр?» – еупчIы ащ Феликс. Джащыгъум къыригъажьэшъ Паул, псалъэ шIагъо къешIы. Сэри джащ фэдэу сыгущыIэн слъэкIынэу сыфэягъ. Iофыр къызэIахьэу ригъэжьагъ. ЗэкIэм унэм къыщызэрэугъоигъэхэм зэхашIэ хъугъэ Тхьэ псаур чIыпIэм зэрэщыIэр. Зэфагъэ хьыкумышIэм зэрэхэлъын фаер Паул къеIуатэ. Ащ игущыIэхэр Феликс ыпкъышъол зэрэщытэу щыпхырэкIых. Ащ ыгу къэкIыжьых нэшхъэигъэ хъугъэ-шIагъэхэу къуалъхьэкIэ цIыфхэр зэрищэфыщтыгъэхэр. Паул къызтегущыIэрэр зэфагъэр, къэбзагъэр ары. Друзиллэ мыщ дэжьым ипхъэнтIэкIу къефэхынкIэ макIэ къанэрэр. «А кIал, сыд фэдэ лIэшIэгъум узыщыщыр?» – егупшысэ ар. ИгущыIэ лъигъэкIуатэзэ, Паул къеIо: «Джары шъыпкъ Тхьэри зыфаер!» – мыщ дэжьым нэбгыритIуми фэбэ дэдэу къащэхъу. Ащ нэужым Паул къызытегущыIагъэр Тхьэм ихьыкумэу цIыфыр зыхэкIодэн ылъэкIыщтыр ары. Джащыгъум Феликс къызыщыхъушъути, къыIуагъ: «Паул, зыIэжэгу! ЗэкIэ къэпIуагъэхэр дэгъух ыкIи мэхьанышхуи яI. Уахътэ сиIэ зыхъукIэ, джыри къэпIуатэхэрэм сядэIущт. Ау джыдэдэм уахътэ сиIэп!» ЫкIи хьапсэчIэсыр Iуащыжьынэу унашъо ышIыгъ. КъызэрэбгурыIонэуи, ащ нэужым зыпарэкIи ащ уахътэ лые иIэу къыхэкIыжьыгъэп...

Сэри сызытещыныхьэрэр шъыпкъагъэм, зызэтеIэжэгъэным, Тхьэм хьыкумэу къыттыришIыхьащтым фэгъэхьыгъэу къытиIорэм тедэIунэу, уахътэ къыхэдгъэкIын тымылъэкIымэ, ащыгъум Феликс къехъулIагъэм фэдэ шъыпкъ тэри къытщышIыщтыр. Тхьэр зэрэщыIэ шъыпкъэр зэхатшIэ зыхъукIэ, тэ ащ гумэкIыгъом тыхедзэ. Шъыпкъэба къасIорэр? Джащыгъум тызэрэзекIощтымкIэ нахьышIоу къыхэтхырэр кинотеатрэм тычъэныр е телевизорым ыпашъхьэ титIысхьаныр ары. Мыхъу зымыхъужьыкIэ, джащыгъум Ащ тэ тегупшысэрэп. Арышъ, зэкIэри зэрэщытыгъэм фэдэу къэнэжьы!

Щынагъоба ар – щыIэныгъэм ехьылIагъэу мырэущтэу къэпIон фае зыхъукIэ: «ЗэкIэри зэрэщытыгъэм фэдэу къэнагъ – егъашIэми арэущтэу щытынэуи!? Ау Тхьэм Ыкъо тэ къытфехи

къытиIуагъ: «Мары, Iоф пстэури кIэу сэшIыжьых. БлэкIыгъэр Сэ шъуфэсэгъэгъу! Сэ къурмэн зызэрэшъуфэсшIыгъэмкIэ шъуипсэкIодышIагъэхэр шъутесхыжьыгъэх ыкIи Тхьэм и-Тетыгъошхо шъучIэхьанэу шъуфэшъуашэу шъусшIыгъ! ЦIыфыкIэхэу шъухъуным пае Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ шъугу исэлъхьэ!» Ау тэ Ащ етэIо: «Хьау, тыкъезэгъырэп!» – ыкIи зэкIэри зэрэщытыгъэм фэдэу егъашIэрэм щытынэу къэнэжьы. ЩыIэх чыристанхэр зишIошъхъуныгъэ бэшIагъэу псэ зыпымытыжь фэдэ хъугъэхэр, ау ахэмэ джыри ащ гу лъатэрэп ыкIи нахьыпэм зэрэщытыгъэм фэдэу зэкIэри къэнэжьых. Е о-ой, синыбджэгъухэр, сыгу къыздеIэу сэ сызыфэягъэр ащ фэдэ шъо къышъомыхъулIэнэу ары. Сэ сызыфэягъэр зэкIэ шIоу щыIэр къыжъудэхъунэу, зэкIэри зэрэщытыгъэм фэдэу къэмынэнэу, Исус шъугу илъэу, икIэрэкIэу шъукъэхъужьынэу ары!

## 5. Уахътэ зиIэ цIыфым ехьылIагъ

ИкIэухым мэхьэнэшхо зиIэ Iофыгъу къышъуасIомэ сшIоигъор: тэ шэйтаным тыIэкIэлъыфэ, зышъхьэ фимытыжь цIыфхэу тыщытыщт. Ау сэшIэ Зы нэбгырэ шъощ пае уахътэ иIэу: Ар Исус, лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэ КъэгъэнэжьакIор ары. Хъулъфыгъэхэр мэтхьаусыхэх: «Сэщ пае сишъуз сыдигъокIи уахътэ иIэу къыхэкIырэп». Шъузыхэри мэтхьаусыхэхэкIи енэгуягъо: «Сэщ пае силIы сыдигъокIи уахътэ иIэу къыхэкIырэп». Ны – тыхэр мэтхьаусыхэх: «Тэщ пае тилъфыгъэхэм сыдигъокIи уахътэ яIэу къыхэкIырэп». Зэхэшъоха? Зиусхьаным иI уахътэ? Исус тэщ пае иI уахътэ!

СэрыкIэ ар мы аужырэ уахътэмкIэ къэбарыкIэу щыт. БлэкIыгъэ тхьэмафэм Iофыгъо заулэ зэшIосхын фаеу хъугъагъэ, ахэр зыфэдэхэм джы сакъытемыгущыIэ сшIоигъуагъ. Ау тилъэхъан зэдемыгъэштэ-зэмызэгъыныгъабэхэу узыщыIукIэхэрэм Iофышхохэм уахадзэ. Сыгу зэрэкIодыпагъэм къыхэкIэу сишъузы къысиIуагъ: «КIо о уцIыф щэIэгъуаеу ущыт ныIэп, сэ ар къызгурэIо!» Сэ сыкъэукIытагъ ыкIи мэзым сычъагъ. Ащ кIым-сымыгъэм сыщыхэтэу, си-КъэгъэнэжьакIо сыдэгущыIагъ: «Исус, сыдэу хъугъэми О къыпфэсIотэн фае сиIофхэм язытет зэрэхъугъэр...» Сэ зэкIэри Ащ къыфэсIотагъ. ЗэкIэри зэхэугуфыкIыгъэу къыфэсIотэн слъэкIыным пае уахътэ Ащ къыгъотыгъ. Зи хэсымышIыкIэу, сыхьати-

тIур кIуагъэ. Сэ ситхылъэу КъэбарышIур къызэгосхыгъ, – ащ гущыIэ пэпчъэу дэтхэр сэщ пае Тхьэм къытыжьырэ джэуапэу щытыгъ. ГушIом сызэлъиштагъэу тадэжь сыкъэкIожьыгъ! ЗгъэшIэгъуагъэ сшъхьэкIэ згъэунэфыгъэ Iофыр: сэщ пае Исус уахътэ иI!

КъэбарышIум къэбар гъэшIэгъон дэд къыщиIуатэрэр. Нэшъу горэ гъогунапцэм кIэлъырысэу, сэдакъэ кIэлъэIу. Пхъэджэмышхышхо ащ ыIыгъ. Зыгорэ къакIоу ылъэмакъэ зызэхихыкIэ, ащ лъыпытэу иджэмышх фещэи ыкIи реIо: «Сэдакъэ къысэт». Ау мары куп горэ блэкIы. Нэшъур егупшысэ: «Хэты щыщынха мыхэр? Хьадэ агъэтIылъа, хьауми дзэхэр блэкIыха?» Аужыпкъэм гу тыришIыхьи кIэупчIагъ: «Сыда къэхъугъэр?» ыIуи. Мэкъэ лъэшыкIэ ащ джэуап къыратыжьыгъ: «Исус мыщ дэжьым блэкIы». Джащыгъум нэшъур ыгукIэ къычэфыгъ. Исус икъэбар ащ нахьыпэкIи зэхихыгъэу щытыгъ. Ащ ицыхьэ телъыгъ Исус Тхьэм Ыкъоу зэрэщытым. ЫкIи мэкъэ IэтыгъэкIэ Ащ еджэу регъажьэ: «Исус, Тхьэм Ыкъо, IэпыIэгъу къысфэхъу! Исус, Тхьэм Ыкъо, угу къысэгъэгъу!» ЦIыфхэр ащ ыгъэохъущтыгъэх ыкIи нэшъум ащ пае къыраIоу рагъэжьагъ: «Мырэущтэу умыкуу, Исус къыIорэр тэ зэхэтхын фаеба». Ау нэшъум зэпимыгъоу, мэкуо: «Исус, Тхьэм Ыкъо, гукIэгъу къысфэшI». Джащыгъум ащ цIыфхэр ыгъэгубжыхи, ар агъэщынэу дырагъэжьагъ: «Ужэ зэтемылъхьэмэ, лажьэ къыпфихьыщт!» Ау нэшъум ыжэ афызэтырилъхьагъэп, щигъэтыгъэп: «Исус, Тхьэм Ыкъо, гукIэгъу къысфэшI!» Сэ къысэупчIыгъагъэмэ, мырэущтэу ащ есIоныгъи: «О лIыр, уасIорэм къедэIу: къызыгурыбгъэIон фаеба Исус зыщаукIыщт Голгофэм ежьагъэу зэрэкIорэр. ЗэкIэ цIыфхэм япсэкIодшIагъэхэр афигъэгъунхэм пае Ащ ищыIэныгъэ ытын ыгу хэлъ. Дунаир ипсэкIодшIагъэхэм ахэунахъо. Исус а Iофыгъор зэшIуихы шIоигъу ыкIи цIыфхэр Тхьэр ригъэшIужьынхэм пае япсэкIодхэр зытырелъхьажьых. ЕтIанэ Ар лIэныгъэм текIонышъ, лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьынэу ыгу хэлъ. Ар зыпшъэ укIожьын умылъэкIын Iофыгъошхо дэд! Сыда о уиIоф цIыкIу-шъокIу пае пэрыохъу узыкIафэхъурэр?» Ау зэрилъэкIэу нэшъур мэкуо: «Исус, Тхьэм Ыкъор гукIэгъу къысфэшI!» Ащ къыкIэлъэкIох КъэбарышIум щыщ гущыIэхэу, гур зыгъэткIухэрэр: «Исус къызэтеуцуагъ». Сэ Ащ мырэущтэу есIомэ сшIоигъу: «О си Зиусхьанэу Исус, псынкIэ шъыпкъэу зэIукIэ сиIэн фаеу зыхъурэм, хэти сэ зезгъэгъэгужъорэп!» Библием арау мары итхагъэр: «Исус къызэтеуцуи, Ежьым ыдэжь а лIыр къырагъэщагъ.» Дунаим иIофыгъошхохэр зэшIозы-

хырэ Исус уахътэ къыхегъуатэ сэдэкъэхэдз нэшъум пае! Ащ фэдиз иинагъэу Ащ цIыфыр егъэлъапIэ!

Ащ фэдизэу шъори Ащ шъуегъэлъапIэ! Ащ щэхъу дунаим зыгорэ щышъуиIа ащ фэдизэу шъугъэлъапIэу? ЕтIани Ащ пае шъо уахътэ шъуиIэп, ара? Енэгуягъо, шэйтаным лъэшэу шъузыIэкIиубытагъэкIэ!

Зэгорэм сэ гур зыгъэцIыкIурэ къэбар къаIуатэу зэхэсхыгъэ: къухьэр псым чIихьэщтыгъ. Стюартым къухьэр къызэпичъыхьзэ, зэкIэми мэкъэ IэтыгъэкIэ якуощтыгъ: «ЗэкIэри къухьэ кIыIум шъукъыдэкIуай. Къухьэр псым чIехьэ!» ПщэрыхьапIэм блэчъы зэхъуми, пщэрыхьакIоу атэкъэ ныбжьыкIэхэр зыгъажъэщтыгъэми ардэдэр риIуагъ, ау ащ мары стюардым къыриIожьыгъэр: «Ыпэ рапшIэу сэ сиIофшIэн згъэцэкIэн фае!» Джащ фэдэу ары сэ къызэрэсшIошIырэр тимафэхэм щыIэ цIыфхэр: Исус пIуагъа? Хэта Ащ игугъу зышIыжьырэр! СшIогъэшIэгъонэп сэ! Уахътэ сиIэп сэ! «Дунаири, Исус ымыштэу, занкIэу джэхьнэмым екIу!

Сэ къызэрэсшIошIырэмкIэ, анахь мэхьанэшхо зиIэр зэкIэми апэу гъэцэкIэгъэн фае. Ау Тхьэм укъигъэнэжьын ыгу хэлъэу щытымэ, ащыгъум анахь мэхьанэшхо зиIэр Ащ уезэгъыныр ары! Сэ сызыфэягъэр джыдэдэм къащым ыпашъхьэ шъо шъуиуцонышъ, мы орэдэу къыкIэлъыкIощтыр зэхэзылъхьагъэм шъуригъусэу къыдэшъуIонэу ары: «Хэты сищыIэныгъэ ыIэ ислъхьан слъэкIыныгъа, /Пачъыхьэу къащым тыраIулIагъэр ара?/Сыгу ипчъэхэр О къыпфызэIусэхы /ыкIи сищыIэныгъэ О пIэ къисэлъхьэ, /къащым сыкIэрытэу гущыIэ осэты /сыуиIофышIэу ыкIи ренэу сыпфэлэжьэнэу».

## ШЪУФЭСАКЪ! ШЪУИЩЫIЭНЫГЪЭКIЭ ЩЫНАГЪО!

Гъогум сытетэу автомашинэкIэ шъуадэжь сыкъэкIуагъ. Шъо къышъуфэсIотэщтым щэхъу сшъхьэ илъыгъэпти, сэри мары ренэу сызэрегупшысэщтыгъэр: «Шъуфэсакъ! ШъуищыIэныгъэкIэ щынагъо!« КъыжъугурэIуа, джы тэ тилъэхъан нахьыбэрэмкIэ цIыфхэр зэрэлIэхэрэр къагъэшIэщтыр къагъэшIэгъахэу, щыIэныгъэм хахын алъэкIыщтыри зыхахыгъэ нэужыр арэп. Непэ нахьыбэрэмкIэ ящыIэныгъэ цIыфхэм зэраухырэр ошIэ-дэмышIэ IофкIэ тхьамыкIагъоу къяхъулIэрэр е гуузым къызэрэриутыхэрэр ары. Нахьыпэм цIыфхэм илъэс 90-м нэс къагъашIэщтыгъэ ыкIи жъыныгъэм илIыкIыщтыгъэх. Джы зэрэхъурэр фэшъхьаф шъыпкъ. Джырэ тимафэхэм хышхом ышъхьагъ итэу быбызэ къухьэлъатэр къаошъ, нэбгырэ 80 хэкIуадэх. Автобусыр зыгорэм еутэкIыгъ, чапэм ечъэхышъ, нэбгырэ 60 хэкIуадэ. Фабрикэм зыгорэ къыщэо – джыри цIыфхэр хэкIуадэх. Рур хэкум ичIычIэгъ къычIэхыпIэхэм ренэу цIыфхэр ащыхэкIуадэх. ИлъэсипшI заулэ тешIэрэм къэс зэошхохэр къэхъух. Зы заом нэбгырэ миллионитIу хэкIуадэ, къыкIэлъыкIорэм – нэбгырэ миллионитф хэкIуадэ. IIопэн хъумэ, лъэубэкъу пэпчъ щынагъохэр цIыфым къыщежэх.

А Iофым сэ сегупшысэ зыхъукIэ, бэрэ сшъхьэ къихьэу мэхъу: «Сыд щыIэныгъа тызыхэтыр, ары пакIошъ, рэхьатэу уагъэлIэщтэп». Джы мырэущтэу къызышIожъугъэшI: непэ сыхьатыр 10-м тхьамыкIагъо горэ къышъохъулIэ. Арэущтэу хъун ылъэкIыщт шъыпкъэба? Адэ ащыгъум тыдэ шъущыIэ хъущт шъо сыхьатыр 11-м? Сыд ащыгъум къышъохъулIэн ылъэкIыщтыр? Зэгорэм ащ шъуегупшысэу къыхэкIыгъа?

### 1. Уишъыпкъэу узэгупшысэн фэе Iоф

Зы хъугъэ-шIагъэ горэ къышъуфэсIотэщт сэ сшъхьэкIэ къысэмыхъулIагъэми, сятэжъ къысфиIотэжьыгъагъэу. Къэбар къэIотэным фэIэпэIасэу, лIыжъ губзыгъэу ар щытыгъ. КIэлэ ныбжьыкIэ горэ ятэшэу зыныбжь хэкIотагъэм ыдэжь къакIуи, гушIом хэтэу къыриIуагъ: «Сятэшыр, къысфэгушIу, экзаменхэр, стыхи, аттестат къыдэсхыгъ!» – «Дэгъу дэд, – къыриIуагъ ятэшым, – ма, къы-

осэты гушIуапкIэу марк тIокI, зыгорэ рыпщэфын. Джы къысаIу тапэкIэ пшIэн угу хылъыр». – «ТапэкIэ седжэн ыкIи юрист сыхъун сыгу хэлъ», – къыреIожьы кIалэм. – «Дэгъу, – еIо ятэшым, – етIанэ?» – «КIо, етIанэ хьыкумэм иапэрэ инстанцие иIофышIэу сыхъущт». – «Дэгъу, – еIо ятэшым, – етIанэ?» – «ЕтIанэ тихэкукIэ хьыкумэм иIофышIэу сыхъущт». – «Дэгъу, – ыIуагъ ятэшым, – етIанэ?» – «КIо, ащ нэужым къэсщэщт ыкIи унагъо сиIэу хъущт». – «Дэгъу, – ыIуагъ ятэшым, – етIанэ?» – «КIо ащ нэужым, енэгуягъо, IофышIэшхоу сыхъункIэ – хэку хьыкум шIыным сыритхьаматэу е апэрэ прокурорэу». – «Дэгъуба адэ, – ыIуагъ ятэшым, – етIанэ?» – «КIо, ащ нэужым, – кIалэр хэпшIыкIэу къэзэрэгъэгумэкIыгъ, – етIанэ зэгорэм жъы сыхъунышъ, пенсием сыкIощт». «Дэгъу, – ыIуагъ ятэшым, – етIанэ?» – «КIо, джащыгъум сэ чIыпIэ дахэ горэм сыщыпсэунэу сыкIожьынышъ, цумпэ сылэжьыщт». – «Дэгъу, – ыIуагъ ятэшым, – етIанэ?» КIалэр къэгубжыгъ. «ЕтIанэ сэ зэгорэм сылIэщт». – «Ары Iолъ, – ыIуагъ ятэщым, – етIанэ? КIалэр ащ нэужым мыщхыпцIыжьэу ятэшым ыпашъхьэ итыгъ. Лъэшэу дэдэу ар къэщтагъ. «ЕтIанэ сэ сылIэщт, ау – етIанэ?» «ЕтIанэ сыд???» – къеупчIыгъ кIалэм ятэшыр. «Сятэшыр, – ащ нэужым къысэхъулIэщтым сэ ныбжьи сегупшысагъэп». – «Ар сыдэущтэу хъура адэ, – ыIуагъ ятэшым, – уныбжь зэрикъугъэм елъытыгъэу шIэныгъэ гъэнэфагъэхэр уиIэ зэрэхъугъэхэр къэзыушыхьатырэ тхылъ о къэулэжьыгъ, ау щыIэныгъэм хэпшIыкIырэр мыщ къыщегъэжьагъэу мыщ нэс зыфаIорэм фэдизым шIомыкIэу ара? Адэ цIыфэу акъыл Тхьэм къызэритыгъэр ащ блэкIыIоу гупшысэн ылъэкIынэу ипшъэрылъыба? Сыда ащ нэужым о къыохъулIэщтыр? Сыда ащ нэужым хъущтыр?» КIалэм псынкIэу джэуап къытыжьыгъ: «ЦIыфыр зылIэрэ нэужым къехъулIэщтыр хэти ышIэрэп!» – «О къызэрэпшIошIырэм Iофыр тетэп, сикIал, щыI Зыгорэ лIэныгъэм ыуж цIыфым къехъулIэщтыр, къырыкIощтыр ышIэу, ар Исус ары. Мары Ащ къыIуагъэр: КIодыпIэм икъэлапчъэ шъуамбгъо, ащ кIорэ гъогури гъогушхошъ ары. ЩыIэныгъэм икъэлапчъэ зэжъу, ащ кIорэ гъогури бгъузэ. ЛIэныгъэм Тхьэм ихьыкум къыкIэлъыкIощт. ЫкIи укIодыжьыщт е умыкIодэу укъэнэжьыщт».

УлIэным нэсыфэ, уищыIэныгъэ къырыкIощтым, пшIэщтым уегупшысэкIэ зэримыкъущтыр къышъуасIомэ сшIоигъу. УзэупчIыжьын фае: адэ сыда нэужым къыкIэлъыкIощтыр? НыбжьыкIэхэм апае дин пащэу Iоф зэрэсшIэрэм елъытыгъэу, сызыфэгъэзэгъэ

кIэлакIэхэм бэрэ ясIоу къыхэкIы: «Сицуакъэхэр язгъэдыжьынхэм пае сызыдакIорэр автослесарым ыдэжьэп. Автослесархэр цIыф шIагъох, ау цокъэдыжьыным хашIыкIырэ щыIэп. Сицуакъэхэр езгъэдыжьынхэу зыдэжь сыкIощтыр цокъашIэр ары. Ау сиавтомобиль къутэмэ, цокъашIэм ыдэжьэп сызыдакIорэр, автослесарым ыдэжь нахькIэ. Джащ фэдэу зыгорэкIэ хьалыгъу сщэфын фаеу хъумэ, лыр зыщэрэм ыдэжьэп сызыдакIорэр. Ар цIыф шIагъу, ау ащ хьалыгъу цIыкIухэр ыгъэжъэнхэ ылъэкIырэп. Ахэмэ апае сызыдакIорэр хьалыгъугъажъэм ыдэжь ары. Псыр къызэрыкIорэ трубэу сиунэ хэтыр къутагъэмэ, тенэчышIэм ыдэжь сэкIо. НэмыкIэу къэпIон хъумэ, сызыфыщыкIэрэм елъытыгъэу ренэу зыдэжь сыкIорэр а Iофым фэIэпэIасэр ары. Арэу зыхъукIэ, тызылIэрэ нэужым тэ къытэрыкIощтыр зэдгъашIэ тшIоигъоу зыхъукIэ, апэу тызыIукIэрэм теупчIы е тэ анахь гомыIу гупшысэхэу тшъхьэ къихьагъэхэм зыдятэгъэхьыхы. Адэ ащ фэдиз мэхьанэшхо зиIэ IофыгъомкIэ – тызылIэрэ нэужым къытэрыкIощтымкIэ Iофым хэшIыкI фызиIэм – зисэнэхьатым зыфэдгъазэмэ нахьышIуба?! Ар – Тхьэм Ыкъоу, фэщъхьаф дунае къикIыгъэр ыкIи хьадэгъум итетыгъо зыдэщыIэ чIыпIэм щыIагъэр ары. Ар къащым телIыхьагъ ыкIи лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъ. Зыфэгъэзэгъэ Iофым Ащ хэшIыкIышхо фыриI. Мары Ащ къыIуагъэр: «О джэхьнэмым уифэн плъэкIыщт! Ау о джащ фэдэуи уашъом уифэни плъэкIыщт!» ЫкIи непэ профессор тIокIырэ тфырэмэ тызылIэрэ нэужым зэкIэри ащ щыухыгъэ хъурэм фэдэу сэ сшIошъ агъэхъунэу къысфежьэхэмэ, джащыгъуми мырэущтэу ахэмэ ясIощт: «Шъо шъушIэныгъэ куухэм шъхьэкIэфэшхо афэсэшIы, ау а Iофым хэшIыкIышхо фызиIэ цIыфхэу шъущытэп. Шъо джыри ахърэт дунаим шъущыIагъэгоп. Ау сэ сэшIэ ащ щыIагъэ горэ: Ар Исус ары. ЫкIи а IофымкIэ Ащ къыIорэр фэшъхьаф шъыпкъ».

Ежьхэм къызэращыхъоу ыкIи къызэрашIошIэу гупшысэхэзэ, джы цIыфхэр щыIэх. Ахэмэ къашIошIырэр зылIэхэрэ нэужым зэкIэ ащ щыухыгъэ хъущтым фэдэу, е умэхъыгъэхэу зыщытхэкIэ ыкIи дин пащэм ахэр ыгъэтIылъыжьыщтхэмэ, Iо хэмылъэу, уашъом щыIэ хъущтхэу ары. Ау аумэхъыгъэхэу ыкIи дин пащэм ыгъэтIылъыжьыгъэхэу щыт цIыфхэр бэ дэдэ хъухэу джэхьнэмым щыщыIэных! ШъуищыIэныгъэкIэ щынагъоу щыт чIыпIэм джыдэдэм шъузэритыр къыжъугурэIуа? ЗэкIэми тэ – бэ тешIэн, макIэ тешIэн – Тхьэм ихьыкум ыпашъхьэ тиуцонэу къытпыщылъ.

Сэ шъуапашъхьэ шъхьэихыгъэу сеуцолӀэжьын фае – а гупшысэр арышъ зыпкъ къикӀыгъэр, непэ мыщ дэжьым сызэрэщытыр. СыныбжьыкӀэу сызыщэтым, егъашӀэми сегупшысэнэу сыгу къихьэщтыгъэп зэгорэм дин пащэ сыхъунышъ, кафедрэм сыкъыкӀэлъырыуцощтэу. Апэрэ дунэе заом илъэхъан дзэ пащэ ныбжьыкӀэу сыщытыгъ. Сызыхэтыгъэ полкым щыщхэу бэ хэкӀуадэщтыгъэр. Адрэ дзэ пащэхэм анахьышӀоуи, анахь дэеуи сыщымытэу, сэри сыдзэ пащэ къызэрыкӀуагъ. Ау – «Зэгорэм диным ехьылӀагъэу цӀыфхэм зэлъябгъашӀэу чылысым учӀэты хъущт,» – зыгорэм къысиӀогъагъэмэ, ар къысэзыӀуагъэм лъэшэу сэ лъэшэу сыщхыныгъи. Сишъыпкъэу сеуцолӀэжьын: ащыгъум бэу сэ Тхьэм сыпэчыжьагъ. Зэгорэм сятэ къысэупчӀыгъагъ: «Тхьэр пшӀошъ хъурэба?» – ыӀуи. Мы джэуапыр ащ естыжьыгъ: «Ащ фэдизэу сэ сыделэп, Тхьэр сымыдэнэу. Тхьэр щыӀэп пӀоныр – арары делагъэр, сэ Тхьэм сыӀукӀагъэп, джащ къыхэкӀэу Ар сшӀогъэшӀэгъоны хъоу сыпылъыгъэп». Ащ ыуж бэ темышӀэу синыбджэгъоу, сэщ фэдэ лейтенант ныбжьыкӀэ сигъусэу, Францием тыщызаоу титызэ, къалэу Вердэн дэжь окопым тыдэлъынэу хъугъагъэ. Заом тыпэхьаным пае, унашъоу къытфашӀыщтым тежэу тыщысыгъ ыкӀи анекдот Ӏаехэр къызэфэтӀуатэщтыгъэх. Сэ къэсӀотэрэ анекдотыр къысэухым, сыныбджэгъу къэщхыгъэп. «Сыда адэ зыкӀыпшӀомыщхэныр?» – сӀуи сеупчӀыгъ ыкӀи ылъэныкъокӀэ сыплъагъ. Мыщ дэжьым слъэгъугъэ ар зэрэзэхафэрэр ыкӀи ыпсэ зэрэпымытыжьыр. Къыогъэ гранатэм къыхэутыгъэ тыкъыр цӀыкӀур занкӀэу ащ ыгу къытефагъ. Апэм сэ гумэкӀыгъо горэми сызэлъимыштэу, синыбджэгъу ихьадэ ыпашъхьэ зэрымырым фэдэу ситыгъ ыкӀи сыгукӀэ зэсӀожьыщтыгъ: «Сыдэу шъхьэкӀэфэныгъэ горэ пхэмылъэу укъычӀэкӀыгъ, синыбджэгъу, анекдотэу къэсӀуатэрэр къэсэухыфэ укъысэжэжьынэуи уфэягъэп!» Ау ардэдэм сапашъхьэ мыщ фэдэ упчӀэ къиуцуагъ: «Адэ джы тыдэ щыӀэ ар?» Джыдэдэми сынэгу кӀэт, а уахътэм окопым сыдэтэу нэфэ дэдэу, атом къэоным инэф нахьи нахь нэфынэу, а упчӀэм сызэригъэгупшысагъэр: «Ар джы Тхьэ ЛъапӀэм ыпашъхьэ ит!» Ащ къыкӀэлъыкӀоу сэ мары сшъхьэ къихьагъэр: «Ар зыдэщысыгъэм сэ сыщысыгъэмэ, сэры джыдэдэм Тхьэм ыпашъхьэ итыщтыгъэр!» Зы цӀыф горэп зыпашъхьэ сиуцощтыгъэр, – Тхьэу Ежьым ишӀоигъоныгъэкӀэ зэкӀэри зыгъэпсыгъэр ыкӀи хабзэу щыӀэр зэкӀэ зыгъэуцугъэр, сэ зэкӀэ сыукъогъэ хабзэхэр зыгъэпсыгъэхэр ары нахькӀэ. Джащ фэдэ

къабзэуи шъори шъуукъуагъэхэр! ЩыIэх цIыфхэр, зипсэкIодшIагъэ ошъогум нэсэу инхэр, ау ащ пае къамыгъанэу ахэмэ аIоу зэхэпхыщт: «Сэ шъыпкъагъэ зыгу илъ цIыфэу сыщыт ыкIи зыми сыщыщынэрэп!» Сыдэу пцIы дэда ар! А уахътэм сэ сшIэщтыгъэ: Тхьэм зэкIэ ыгъэуцугъэ хабзэхэр сыукъуагъэх. ЫкIи джыдэдэм хьадэгъущэр къыстефэмэ, джащыгъум Тхьэм ыпашъхьэ сэри сиуцощт! А лъэхъанэм сэ къызгурыIуагъ джэхьнэмыым сызэрифэщтыр. Ащ дэжьым шыхэр яIэдэжьхэу кIалэхэр садэжь къыIулъэдагъэх: «ТапэкIэ тылъэкIуатэ!» Лъэтемытэу сэ уанэм зисыдзагъ. Сиыбджэгъу ихьадэ а чIыпIэм къыIунагъ. Илъэсыбэрэ сымышIагъэу апэрэу сIэхэр зэгуаслъхьэхи, Тхьэм сызелъэIугъ: «О си Тхьэ, джэхьнэмыым сызэримыфэщтым сицыхьэ телъ охъуфэкIэ сыхэмыгъэкIуад!» Рэхьатэу къышъуасIомэ сшIоигъор ащ нэужым дзэм ипасторы ыдэжь сызэрэкIогъагъэр ыкIи сызэреупчIыгъагъэр ары: «Зиусхьанэу пасторыр, сыда сшIэн фаер джэхьнэмыым симыфэным пае?» Мыщ фэдэ джэуап ащ къыситыжьыгъ: «Зиусхьанэу лейтенантыр, зэкIэми анахь Iофыр тэ татекIоныр, татекIоныр, татекIоныр ары!» Ащ къысиIуагъэм сэ дэзгъэштагъэп: «Ори а упчIэм иджэуап пшIэрэп!» ГухэкIышхоба ар: кIэлэ ныбжьыкIэ мин пчъагъэхэр хьадэгъум пэгъокIых ыкIи хэти ахэмэ ариIошъурэп зыкъызэрагъэнэжьыщт шIыкIэр зыфэдэр. ЕтIани ар зыщыхъурэр чыристан диныр зыдэжьырэ лъэпкъыр ары! А лъэхъанэм сыгу кIодыпэныгъи сымышIахэу КъэбарышIур къысIэкIэмыхьэгъагъемэ. Француз мэкъумэщышIэ унагъоу сызэрысынэу хъугъагъэм иунэ зэрэгъэпсыгъагъэр джыри дэгъоу сыгу къэкIыжьы. «ГъэшIэгъоны слъэгъурэр – КъэбарышIур ары! Енэгуягъо мыщ итхагъэкIэ умыкIодэу зыкъызэрэбгъэнэжьын плъэкIыщт шIыкIэр!» – сегупшысагъ сэ. Аукъодыеу ащ итхьапэхэр зэпырызгъазэщтыгъэх ныIэп, сыда пIомэ тхылъыр синэIуасэу щытыгъэп. Зы гущыIэухыгъэ закъу ныIэп сынаIэ зытесыдзагъэр: «ПсэкIод зышIэхэрэр мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэм пае, Исус Христос мы дунаим къэкIуагъ». ПчыкIэр къысэуагъэм фэдэу ащ сыкъызэкIигъэщтагъ. «ПсэкIод зышIагъэр» сэрэу щытыгъ, ащ нахьыбэрэ ар къызгурыбгъэIожьынэу ищыкIэгъагъэп. Адэ ащ фэдэ къабзэу шъори шъугу къышъуиIорэба ащ фэдэ зэфэхьысыжьым шъукъыфэкIонышъ, Тхьэмрэ цIыфхэмрэ апашъхьэ мыщ фэдэ гущыIэхэр къашъуIохэзэ, шъущеуцолIэжьынэу: «ПсэкIод сэры зышIагъэр!» Шъыпкъагъэ хэмылъэу шъо зызэрэшъуухыижьырэм ыуж шъуикI! А уахътэм

дин пащэ гори сищыкIэгъагъэп. «ПсэкIод зышIагъэр сэры!» – ар сэрыкIэ гъэнэфагъэу щытыгъ. ЫкIи сыфэягъ сымыкIодэу сыкъэнэжьынэу! Ау дэгъу дэдэу сшIэщтыгъэ ащ къикIырэр зыфэдэр. Сэ зы къызгурыIуагъэр: сымыкIодэу сыкъэнэжьыным пае сэрыкIэ ищыкIагъэу щытыгъэр сиеплъыкIэхэр зэблэсхъунхэр ыкIи Тхьэм ежьым сешIужьыныр арыгъэ. «ПсэкIод зышIэхэрэр мыкIодхэу къыгъэнэжьыным пае, Исус Христос мы дунаим къэкIуагъ». Исус ар ыкIуачIэ къыхьын ылъэкIынэу щытымэ, ащыгъум Исус къэзгъотын фае! Ащ ыуж тхьэмэфэ заулэ тешIагъ. Исус икъэбар къысэзыIотэшъущтыр къэзгъотыным ыуж ситыгъ. Джащыгъум сэ сшIагъэр шъори шъушIэнэу игъоу къышъуфэсэлъэгъу. Тэ а лъэхъанэм заом тыхэхьанэу тежьэгъагъ. Француз мэкъумэщышIэ горэм иунэ сихьагъагъ. Унэр ныкъозэхэкъутэу нэкIэу щытыгъ, ау зы унэ цIыкIу псаоу къэнэгъагъ. Пчъэм IункIыбзэр игъэнэгъагъ. Унэм сихьагъ, IункIыбзэр саужкIэ къезгъэтыжьи, лъэгонджэмышъхьэкIэ сетIысэхи, мэкъэ IэтыгъэкIэ къэсIуагъ: «Исус! Библием къыщеIо псэкIодышIэхэр къэбгъэнэжьынхэм пае Тхьэм ыдэжь укъикIи, мы дунаим О укъызэрэкIуагъэр, сэри сыпсэкIодышI. ТапэкIэ сызэрэщытыщтымкIэ гъэнэфагъэу зи гугъапIэ остырэп, сыда пIомэ шэн Iае схэлъ. Ау хьадэгъущэр къыстефэмэ, джэхьнэмым сифэнэу сыфаеп. Джащ къыхэкIыкIэ, Исус, сищыIэныгъэ О пIэ къисэлъхьэ сышъхьапхэтыку къыщегъэжьагъэу слъэдакъэхэм анэсыжьэу. О узыфае цIыфым фэдэу сышI!» Мыщ дэжьым игугъу пшIынэу ащ фэдизэу сищыIэныгъэ зи зэхъокIныгъэ къыхэхъуагъэп, ау джы зиIэрылъхьэу сыщыт Зиусхьаныр сэ къэзгъотыгъ.

Ащыгъум илъэс 18 сыныбжьыгъэр ыкIи мафэ къэс нахь гъэнэфагъэу къызгурыIо хъугъагъэ цIыфхэр чIыпIэ щынагъоу зэрытхэр зыфэдэр. ЯпсэкIодхэр афамыгъэгъухэу ахэр щыIэх! Адэ шъо шъошIа шъуипсэкIодшIагъэхэр Тхьэм къышъуфигъэгъугъэхэмэ е къышъуфимыгъэгъугъэхэмэ? Сыдэущтэу адэ шъо Тхьэм ихьыкум ыпашъхьэ шъуиуцон шъугу хэлъ?! Тхьэм емышIужьыгъэхэу цIыфхэр щыIэх. ЗэхъокIныгъэ афэхъуным фэмыехэу мэпсэух. ЯтеплъэкIэ ахэмэ чыристанышъор ателъ, ау агухэр нэкIыхэу, тхьамыкIэхэу, зыми емышIужьыгъэхэу, икIэрэкIэу къэмыхъужьыгъэхэу мэпсэух! Зэхэшъоха? – Тхьэр фаеп тэ джэхьнэмым тифэнэу! Тхьэр фаеп ащ! Тхьэр зыфаер зэкIэ цIыфхэр мыкIодыхэу къэнэжьынхэр ыкIи шъыпкъагъэр зыфэдэр ашIэныр ары.

Джащ пае Ащ Ежьым Ыкъо къызыкIигъэкIуагъэр. Ау, синыбджэгъухэр, ащыгъум Исус ыдэжь тыкIон фае. Ащыгъум тэ тищыIэныгъэ Ащ ыIэ итлъхъан фае. Ау щытыми, Германиеми, фэшъхьаф чIыпIэхэми Тхьэмрэ, Исус тымыкIодэу тыкъызэригъэнэжьынымрэ яIоф зэрэщыфыщытхэм фэдэу уафыщыты хъунэу щытэп. КъызыгурыжъугъаIоба, щыIэныгъэмкIэ чIыпIэ щынэгъо дэд тызэрытыр, сыда пIомэ Тхьэм ихьыкум ыпашъхьэ тиуцонэу тэкIо.

Сэ сызыфэлажьэрэ ныбжьыкIэхэм ахэтыгъ зы кIэлэ шIагъо горэ. Апэрэ уахътэм ар ренэу Тхьэм и ГущыIэ ЛъапIэ изэгъэшIэн къекIуалIэщтыгъ. Гитлер ипачъыхьэгъу лъэхъанэр ары ар зыхъугъагъэр. ЕтIанэ, ошIэ-дэмышIэу ащ национал-социалистическэ еджэным икурс ыкIун фаеу хъугъагъэ ыкIи ащ ыпкъы къикIыкIэ кIалэр гъогу занкIэм текIыгъ. Ащ нэужым а кIалэм сыIукIэжьыгъэп. Ау сыдэу хъуми зэгорэм сыIукIэнэу хъугъагъэ. «Уимафэ шIу, Гюнтер!» – есIуагъ сэ ащ. «Хайль Гитлер», – ыIуи пэгъокI къытыжьыгъ ащ. «Гюнтер, сыдэущтэу уиIофхэр? БэшIагъэ узысымылъэгъужьыгъэр!» – сеупчIы ащ. Зандэу зырищи, сапашъхьэ къиуцуи, кIалэм джэуап къыситыжьыгъ: «Сэ джы шъыпкъагъэ сиI ыкIи ащ фэшI хэти сыщыщынэрэп! ЗыгорэкIэ сищыIэныгъэ мытэрэзыныгъэ горэ къыхафэмэ е Тхьэр щыIэмэ, ащыгъум, цIыф зафэу сызэрэщытым елъытагъэу, Тхьэм ащ пай пэгъокI естын слъэкIыщт. Ау сищыкIагъэп зэкIэ псэкIодэу щыIэр къурмэныпхъэм фэдэу зытыралъхьэрэ Исусэу сэщ пае зищыIэныгъэ зытырэр!» КIалэм ежьым ищысэкIэ къысфиушыхьатыгъэр ежьым фэдэ нэбгырэ миллион пчъагъэхэр зэрэщыIэхэр, ахэмэ аIорэр псэкIоди амышIагъэу, емыкIу зекIуакIи къахэмыфагъэу ыкIи ежьхэм ящыIэныгъэ пае Тхьэм пэгъокI ратын алъэкIэу!

ШIу слъэгъурэ синыбджэгъухэр, сэ шъыпкъагъэ зиIэ цIыфэу сыщыт, къэсIонэу сыфаеп. Iофхэм язытет нэмыкI шъыпкъ: сэ шъыпкъагъэ зиIэ цIыфэу сыщыт сIомэ, сищыIэныгъэ щынэгъошхо хэфагъ. Шъуицыхьэ тежъугъэлъ зэкIэми Тхьэм ихьыкум ыпашъхьэ тыкъызэриуцощтым! Сэри ащ шъо гу лъышъозгъатэмэ сшIоигъуагъ. Зыми ымыгъэгумэкIыхэу цIыфхэр Тхьэм ихьыкум ыпашъхьэ иуцонхэу зэрэкIохэрэм сегупшысэ зыхъукIэ, ахэмэ лъэшэу сафащтэ!

СурэтышIэу ыкIи скульпторышIэу Эрнст Барлах IэшIэгъэ шIагъохэр ышIыгъэх. Ау ахэмэ ямызакъоу театрэм пае пьесэ шIагъоу «Утэшъогъэ Болл» зыфиIорэри ытхыгъ. Утэшъогъэ

Боллыр – помещикэу ешъогъэ зэпытыр ыкIи ащ пае чэф зиIэр ары. Зэгорэм щэджэгъуашхэм игъом ар шIоу ешъуагъ ыкIи мэфэ жъоркъым къэлэ цIыкIум ибэдзэр шIыпIэ кIуагъэ. Чылыс пашъхьэм дэжь ар къыщыуцугъ зичIэхьэгъу дэжь тешIыхьэгъагъэм сурэткIэ шъэожъые цIыкIуиплI сырынэхэм япщэхэу. Ахэмэ гуфаплъэу яплъызэ, ащ къышIошIы хъугъэ ахэмэ псэ апытэу, Тхьэм ихьыкум фэгъэхьыгъэу цIыфхэм макъэ арагъэIу фэдэу мырэущтэу къаIозэ: «Джы дэдэм зэкIэ цIыфлъэпкъыр Тхьэм ихьыкум ыпашъхьэ къиуцощт!» Барлах мырэущтэу етхы: «Шъуакъыдэкl пхъэмбайхэм адэлъ хьадэхэр! ЧIыгум шъузэрэхэкIодэжьырэм пкIэ иIэп! ШъуакъыдэкI шъуипхъэмбайхэм!» Мыщ дэжьым утэшъогъэ Болл ышъхьэ къелъадэ: «Тхьэм зыIусымыгъэкIэн слъэкIыщтэп. Зэгорэм сэ Ащ ыпашъхьэ сыкъиуцон фаеу хъущт, сыд фэдиз сигуштэгъоджагъэми!

Зытет шъыпкъэмкIэ, зэкIэми тэ тэшIэ псэкIодшIагъэ тимыIэу зытлъытэжьызэ, – «Сэ сэ шъыпкъагъэ зиIэ цIыфэу сыщыт ыкIи джащ пае хэти сыщыщынэрэп!» – зэрэтIорэмкIэ чыжьэу тыкIон зэрэтымылъэкIыщтыр. Тхьэм ихьыкум хэти къыфэсыщт! Джащыгъум тизэфагъэ, шэфыр машIом псынкIэу зэригъэткIурэм фэдэу, къэткIущт!

Шъыпкъэ, сешIэ сэ ащ фэдэ къэбарым ямыгуапэу непэ къызэредэIущтхэр. «Исус ыпашъхьэ уипсэкIодшIагъэхэм уащыфыкIэмыгъожьымэ, джэхьнэмым шъуифэщт!» – сIоу афэзгъэпытэ зыхъукIэ, IущхыпцIыкIыхэзэ, сэ къысаIожьы: «Джэхьнэмыр – ар гурыт лIэшIэгъухэм ялъэхъан къаугупшысыгъ ныIэп. ЩыIэп ащ фэдэ!» Джащ фэдэ гущыIэхэр зызэхэсхыхэкIэ, сыгу къэкIыжьы зы хъугъэ-шIагъэ горэ, ар сэ къышъуфэсIуатэ сшIоигъу.

Ар зыхъугъагъэр заом илъэхъан ары. Зыгорэм ыдэжь сыкIонэу сыфэягъ. Гъогум сытетызэ, къухьэлъатэхэм бомбэхэр къызыщырадзыхырэ уахътэм сытефагъ. Ащ фэдэу къызыщыхэкIырэм, бомбэхэм защаухъумэным пае зычIахьэхэрэ ухъумапIэу анахь къыспэблагъэу сигъогупэкIэ къытефагъэм сычIэлъэдагъ. ЕтIанэ къухьэлъатэхэр зыIобыбыкIыжьхэм, сигъогу сытехьажьыгъ сызыдежьэгъэ къуаджэм сыкIонэу. Джы къызынэсыгъэми а къуаджэр а чIыпIэм зэрэщыт. Ау ащыгъум сызынэсыгъэгъэ къуаджэм дэт унэ тIокIыр зэкIэри абгынэжьыгъэхэу къычIэкIыгъ. Сэрсэрэу зэсIожьыгъ: «ПкIыхьыпIэ сэлъэгъуа! – зэкIэ унэхэр псаухэу щытых, ау цIыфхэр арысхэп!» Мыщ дэжьым цIыфхэм бомбэхэр къефэхыхэ зыхъукIэ зызыщаухъумэрэ чIыунэм икъэрэгъул къы-

сIукIагъэти сеупчIыгъ: «Сыда мыщ дэсыгъэ цIыфхэр зыкIыдэкIыжьыгъэхэр?» Зыпари къысимыIожьэу къэрэгъулым сыблыпкъ еубытышъ, зы унэ горэм сырещэ ыкIи шъхьаныгъупчъэмкIэ сырегъэплъы. Сэри слъэгъугъэ: унэхэр зэкIэ гупчэшхом къегъэтIысэкIыгъэхэу щытыгъэх, а гупчэм ыгузэгу дэдэм мэшIокум ихьаку фэдиз иинагъэу бомбэшхо щылъ. «Къэмыогъэ бомб!» – есэIо сэ. «Хьау, – къезэгъырэп къэрэгъулэр,– ащ фэдагъэмэ Iофыгъа, мыр къызыщыощт уахътэр пшIэн умылъэкIыщт бомбэу щыт!» Ахэр анахь бомбэ щынагъохэм ащыщыгъэх. Къефэхэу чIыгум къызэрэтефэрэм пае къэорэ бомбэхэм афэдагъэхэп ахэр, сыхьатитфыкIэ, ары пакIошъ, сыхьат тIокI тешIэмэ къонхэ алъэкIынэу щытыгъ.

ЦIыфхэм ухъумапIэхэр къабгынэхэу яунэхэм зыщякIолIэжьыхэрэ уахътэр ары ахэр къызыощтыгъэхэр. «Джары мы чIыпIэр зэкIэми зыкIабгынагъэр, зэхэоха ащ хэт сыхьатыр къызэрэтеорэр?» Сыхьатэу хагъэуцуагъэм итео макъэ чанэу къэIущтыгъ. Бомбэр сыд фэдэрэ уахъти къэон ылъэкIынэу щытыгъ. «ТыIугъэкIот мы чIыпIэм, – селъэIугъ къэрэгъулэм, – гур щырэхьатырэп мыщ!» Тэ а чIыпIэм чыжьаIоу тыкъыIукIотыгъ, бгъагъэ горэм тычIэуцуагъ зыгорэкIэ бомбэр къаомэ, лые къытимыхыным пае. Мыщ дэжьым щхэны слъэгъугъэр: бзыу куп къэбыби, мыгумэкIыхэхэу бомбэм тетIысхьагъэх. Ары пакIошъ, ащыщ горэ къэзыгъэощт пкъыгъоу хэлъыр ары зытетIысхьэгъагъэр. Сэ сыкъэмыкуон слъэкIыгъэп: «Бзыужъыехэр, щынэгъо дэди ар!» Сэри къысшIошIыгъ ежьхэр къысэкуожьхэу: «Хьа-хьа! Тэ а къэбарым тыщыгъуаз! Хэта джы бомбэр зышIошъ хъужьырэр!? ЗыпарэкIи щынэгъуахэп!»

КъыжъугурэIуа? Джащ фэдэ къабзэу акъылынчъагъэу мэзекIох непэ щыIэ цIыфхэр. Ежьым и-ГущыIэкIэ, ихьыкумхэмкIэ, тэ тилъэпкъи зэрахэтэу, Тхьэр ишъыпкъэу зэкIэхэми къадэгущыIагъ. Тхьэм Ыкъо арымэ, Ар тидунай къакIуи, къащым зытырарыгъэулIагъ ыкIи нэужым лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъ. Шъхьаджи ар ышIошъ ыгъэхъун ылъэкIыщт: «Тхьэр щыI ыкIи Ар Тхьэ ЛъапIэу щыт!» ЗыгорэкIэ шъуадэжь къакIохэу: «ШъуищыIэныгъэ щынагъо шъхьащыт! Шъупсэхэр къэжъугъэнэжьынхэ фае!» аIоу къазараIокIэ, ащ ипэгъокIэу цIыфхэр мэщхых ыкIи мырэущтэу аIо: «Хьа-хьа! Хэта джы къызынэсыжьыгъэм ащ фэдэр зышIошъ хъурэр!»

ШъошIа шъо, Библиери лъэшэу акIэнэкIэн ылъэкIыщт. Ате-

измэм, нэмыкIэу къэпIон хъумэ – Тхьэр щымыIэу пIоным – ехьылIагъэу а тхылъым зычIыпIэ закъу ныIэп узыщырихьылIэрэр. Мары ар: «Акъылынчъэм ыгукIэ мырэущтэу ыIуагъ: «ЩыIэп Тхьэ». Джащ фэд, джащ фэдэ къодый Библием атеизмэм фэгъэхьыгъэу къызыщиIорэр.

## 2. ЩыIэныгъэм икъэгъэнэжьыкI

Зэгорэм Тхьэм зэрэдунаеу хьыкум пхъашэ тыришIыхьэгъагъ. Ащыгъум псаоу къэнэгъэгъэ закъор зы нэбгырэрэ ащ иунагъорэ ары. Ащ ыцIагъэр Нухь. ЦIыфхэр зэригъэпщынэщтхэ шIыкIэр ыгъэцэкIэным ыпэкIэ Ащ Нухьэ унашъо фишIыгъагъ къухьэ ыгъэпсынэу. Дунаир псым зэрэчIихьэгъагъэм икъэбар шъошIа? ШъумышIэрэмэ, хэти ар къызыдешъумыгъашI, сыда пIомэ зэкIэ дунаир псым зэрэчIихьэгъэм икъэбар умышIэныр емыкIушху! Арыти, Тхьэм ихьыкум цIыфхэм атыришIыхьаным ыпэкIэ, Тхьэм Нухьэ унашъо фишIыгъ: «Орырэ уиунагъо зэкIэ исхэмрэ а къухьэм шъуихьэх!» Нухьэ къухьэм ихьагъ ыкIи Тхьэм иунашъокIэ къухьэм ипчъэ зэфэшIыжьыгъ.

ШъунаIэ тешъудз: Тхьэм ихьыкум зафэ дунаир джы къыпэблэгъагъ. Ау уищыIэныгъэ къызыщыбгъэнэжьын плъэкIыщт къухьэ щыI – ар гукIэгъоу ИсускIэ тэ къытфигъэшъуашэрэр ары. Тхьэм идунае шIагъом къикIи, тэ тидунае тхьамыкIэ Ар къэкIуагъ. Къащым теIулIагъэу тэщ пае Ащ ыпсэ ытыгъ! ШъукъэдаIу мыдэ: зэкIэри шъо икъоу къыжъугурымыIомэми, мыр ау щытми шъо къыжъугурыIощт: Тхьэм Ежьым Ыкъо хьадэгъу жъалымагъэкIэ къащым телIыхьанэу аретымэ, ащыгъум анахь псэкIодыбэ зыгъэхъэгъэ цIыфыри ащкIэ къыгъэнэжьыщтба! ЛIагъэхэм Ар къахэтэджыкIыжьыгъ. Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэкIэ Ар тэ къытэджэ. Исус – Ар къухьэу Тхьэм тымыкIодэу тыкъызэригъэнэжьырэр ары! Зэгорэм Тхьэм Нухьи зэрэриIогъагъэм фэдэу: «Ори уиунагъуи къухьэм шъуихьэх!» – джащ фэдэу Ар сэ сиIэмыркIэ шъо къышъуаджэ: «Исус Христосым игукIэгъу шъуштэ! Тхьэм идунае екIурэ лъэубэкъур шъушIы! Пэрыохъу къышъуфэхъухэрэр щыжъугъэзыех! Уи-КъэгъэнэжьакIо мырэущтэу еIу: «ПсэкIодшIэгъабэ зиIэ цIыф уадэжь къакIорэр». ЗэкIэ шъупсэкIодшIагъэхэр Ащ икъащ телъхьэх. Ощ пае Ащ ылъ зэригъэчъагъэр пшIошъ гъэхъу! ЕIу Ащ мырэущтэу: «О Зиусхьан, зэкIэ сищыIэныгъэ

уапашъхьэ къисэлъхьэ». УмыкIодэу укъэзыгъэнэжьырэ къухьэм уихьаным джары къикIырэр.

«ШъунаIэ тешъудз! ЩыIэныгъэмкIэ щынагъо!» Икъу шъыпкъэу зыгукIэ икIэрэкIэу къамылъфыжьыгъэхэу ыкIи Тхьэм ихьыкум пэблагъэ хъухэу тэ тхэтыр сыдэу бэ хъухэра! Ау Тхьэм игукIэгъу гъунэ иIэп ныIа. Ащ шIошъхъуныгъэ фыуиIэным къикIырэр Тхьэм ихьыкум укIэрыкIынышъ, Исус игукIэгъу лъэубэкъу фэпшIыныр ары. Ау а лъэубэкъур кIэлэцIыкIу джэгоу щытэп. Ащ къикIырэр щыIэныгъэм къыфыкъокIыгъэ щынагъом ухэкIынышъ, умыкIодэу укъэнэжьыныр ары.

Сэ синэIосэ Альберт Гофман, ГвинеякIэм Iоф щызышIэрэ апэрэ миссионерым, зэгорэм къысфиIотэгъэгъэ хъугъэ-шIагъэр егъашIэми сщымыгъупшэжьынэу сыгу къинагъ. Мары ащ есIогъагъэр: «Скъошэу Гофман, чыристан шIошъхъуныгъэу сэ сызыфэлажьэрэм сишъыпкъэу сыфэбэнэжьын фаеу мэхъу. ДжынапцIэм бэшIагъэу фэIорышIэрэ дунаеу гузэжъогъукIэ джэхьнэмым зезыгъэхьырэм пасторэу ущылэжьэныр ащ фэдизэу псынкIагъоу щытэп». – «Ащ фэгъэхьыгъэу сэри зыгорэхэр къыосIощтых», – къыригъэжьагъ ащ. – «Тэ, ГвинеякIэм щыпсэухэрэм, мыщ фэдэ шэн-зекIуакIэ тхэлъ: чыристан диным ихьэхэмэ зышIоигъо папуасхэм Исус тэрэзэу зэхашIэн алъэкIыным пае шъхьафэу Библием итхэм рагъаджэх. ЕтIанэ, ащ нэужым къыкIэлъыкIорэ тхьаумэфэ мафэ горэм, ахэр аумэхъых. А мафэр мэфэкIышхом фэдэу рагъэкIокIы. Тхьэ нэпцIхэр зышIошъ хъухэрэри бэу ащ къыщызэрэугъоих. Ау анахь мэхьанэ зиIэр зыщызэхащэрэр ащ ыпэрэ мафэм ипчыхь ары. Пхъэ мэшIошхо ашIышъ, аумэхъыщтхэр ащ къыщекIуалIэх. Тхьабэ ашIошъ зэрэхъущтыгъэм ишыхьатхэр – тхьэсурэт пкъыгъохэр – амулетхэр, талисманхэр – аIэкIэлъых... МашIом къызекIуалIэхэкIэ, ящыIэкIэжьым IэкIыб зэрэфашIырэм ишыхьатэу, а пкъыгъо зэфэшъхьафхэр машIом падзэх. Зэгорэм сэ бзылъфыгъэ ныбжьыкIэ горэм изекIуакIэ сылъыплъэгъагъ. Ари адрэмэ афэдэ къабзэу машIом къыкIэлъырыхьагъ тхьэсурэт пкъыгъуабэ ыкIи амулетхэри ыIыгъэхэу. Ау а пкъыгъохэр ащ машIом зыщыпидзэщтхэм дэжь, зы кIочIэ шъэфы горэм къызэтыриIажэрэм фэдэу, къызэтеуцуагъ. Енэгуягъо, ар мырэущтэу егупшысэщтыгъэкIэ: «Сянэжъ-сятэжъхэми, ахэр къызытекIыгъэхэми мыхэр арых тхьэкIэ ашIошъ хъущтыгъэхэр, мыхэр арых зэрэщыIагъэхэр, зэкIэ щыIэныгъэм игъогоу къэскIугъэр мыхэр арых зэпхыгъэр, джы ахэр IэкIыб сшIынхэ

слъэкIыщтэп!» Ар къызэкIэкIожьыгъ. Ау ащ ышъхьэ къыредзэ: «Ау арэущтэу сымышIымэ, Исус сыриеу сыхъун слъэкIыщтэп ныIа!» ЫкIи ащ джыри ыпэкIэ лъэубэкъуищ езды, ау етIани ышIэщтым тыриубытэн ылъэкIырэп, а пкъыгъохэр IэкIыб ышIынхэр ыкIуачIэ къыхьырэп ыкIи джыри зэ зэкIэкIожьы. Джащыгъум ащ сыкIэлъырыхьи, мырэущтэу есIуагъ: «Къин къыпщэхъу мо пкъыгъохэр IэкIыб пшIынхэр, арыба? Егупшыс джыри зэ. КъыкIэлъыкIорэ умэхъыгъо мафэми укъэкIон плъэкIыщтыба». Бзылъфыгъэ ныбжьыкIэр джыри зы такъикъэ егупшысэ, псынкIэу а лъэбэкъуищыр едзы, ыгъэлъапIэщтыгъэ тхьэсурэт пкъыгъохэр машIом педзэх ыкIи ащ лъыпытэу мэмэхышъ, къызэхэфэ.» Сэ сщыгъупшэжьыщтэп миссионерэу Гофман а къэбарыр къызэриухыжьыгъэ гущыIэхэр: «Сэ къызэрэсшIошIырэмкIэ, а бзылъфыгъэм ыгу щышIагъэр, ащ зэхъокIныгъэу фэхъугъэр къызыгурыIон, зэхэзышIэн зылъэкIыщтыр икIэрэкIэу къалъфыжьыгъэ шъыпкъэр ары».

Синыбджэгъухэр, шъуищыIэныгъэ къэзыгъэнэжьын зылъэкIыщт Тхьэм шъунэсынкIэ зы лъэубэкъу ныIэп шъудзынэу ищыкIагъэр! ЩыIэныгъэмкIэ щынагъоу щыт шъолъырым шъукъыхэкIыри, Исус ыIэ зишъулъхь. Ау а лъэубэкъур апэрэм къызэрэпшIошIынэу псынкIагъоу щытэп. Ащ къикIырэр щыIэкIэ-псэукIэу блэкIыгъэ лъэхъанэм шъуиIагъэр щыжъугъэзыеныр ары. Ау – зэхэшъоха шъо? Ащ нахьи нахь пыутэу къышъуфыдэкIыщтэп!

Икъоу къыжъугурыIон шъулъэкIынэу къышъуфэсIотагъа? Щынагъом шъуфэсакъ япIоми, ащ пае къамыгъанэу цIыфхэр амыгъэзэжьышъунэу ежьхэм якIодыпIэ гузэжъогъукIэ зэрэфакIохэрэр зыслъэгъукIэ, сыгу атекIуадэ ыкIи сымыгъэшIэгъон слъэкIырэп! Фаеп ащ Тхьэр! Ар зыфаер шъо шъумыкIодэу шъукъэнэжьынэу ары! Джащ пае Ежьым Ыкъо шъо шъуадэжь къызыкIигъэкIуагъэр ыкIи Ащ ылъкIэ шъо шъуипсэкIодшIагъэхэр зыкIыригъэпщыныжьыгъэхэр. Шъо къышъуфэнэжьырэ закъор шъуипсэкIодшIагъэхэр Ежьым ыпашъхьэ ишъулъхьанхэр ыкIи шъумыкIодэу зыкъежъугъэгъэнэжьыныр ары!

Ящэнэрэ рейхым илъэхъан зэгорэм сэ гестапом сащэнэу хъугъагъэ, шкафхэр зычIэгъэуцогъэ унэм сисэу къызэрэсэджэщтхэм сежэу сыщысыгъ. ЦIыфхэм къапагъэтэджэгъэ Iофхэр зыдалъхьэгъэ папкэхэр шкафхэм адэмыфэжьыхэу адэлъыгъэх. Папкэ пэпчъ тхылъ зиIоф зэхафыхэрэм алъэкъуацIэхэр атетхэгъагъэх: «Майер, Кард, Шульце, Фридрих». Уахътэ шIукIаерэ а

шкафхэм сакIэлъырытын фаеу хъугъагъэти, сэри семыгупшысэн слъэкIыгъэп, Тхьэм сызэрэфэразэр есIуагъ мощ фэдэ тхылъыпIэхэм сахэсэу сыщыIэныгъэ згъэкIонэу зэрэмыхъугъэмкIэ. СщIэщтыр зэрэсымышIэрэм къыхэкIэу, аукъодыеу а цIэхэу атетхагъэхэм сыкъяджэу езгъэжьагъ: «Майер, Карл, Шульце, Фрифрих». ЗэкIэм сынэ къыпэшIофагъ: «Буш, Вильгельм!» «Ар сэ къыспагъэтэджэгъэ Iофыр арыгъэ! ШъушIошъ хъуна, а такъикъым къыщегъэжьагъэу мо шкафхэм фыщытыкIэу афысиIагъэр зэхъокIыгъэ хъугъэ. Ахэмэ ащыщ горэм дэлъыгъ сэ къысфэгъэхьыгъэ Iофыр. Лъэшэу сыфэягъ а папкэр къыдэсхынышъ, сэ къысэхьылIагъэу датхагъэр зэзгъэшIэнэу. Ащ гу тесшIыхьэшъугъэп, ау сыкIэзэзэу ыпашъхьэ ситыгъ: «Сэ къысэхьылIагъ ащ дэлъыр!»

ЫкIи шъошIа шъо, джащ фэдэ къабэ къысэхъулIэгъагъэр Исус икъащкIэ. КъыхэкIыщтыгъэ сэ сищыIэныгъэкIэ уахътэхэр чыристан диным нахь зэщыгъо Iоф щымыIэу къысщыхъоуи, ау ахэр сыгу къызихьэщтыгъэр Исус икъащ апэрэу сынитIукIэ сэлъэгъуфэ ары ныIэп: «Ар сэри къысэхьылIагъэу щытба! МыщкIэ Iофыр зыфэгъэхьыгъэр сэ псэкIодшIагъэу сиIэр ыкIи зыкъэзгъэнэжьын зэрэслъэкIыщтыр ары!» Ащ къыщегъэжьагъэу Исус икъащ нахьи нахь сэ сшIогъэшIэгъон дунаим тетэп. Панэ танджыр зышъхьэ телъ ЦIыфым шъуеплъ! Ар – ЩыIэныгъэм и-КъэгъэнэжьэкIошху! Ащ, а къащым, ори сэри тыкъызэригъэнэжьырэм иIоф щызэшIуехы! Ори ар къыпфэгъэхьыгъэу щыт, о ащ зи хэшIыкI фыуимыIэ нахь мышIэми. Сэ мэкъэ IэтыгъащэкIэ ар къэсэIо, нахь шъабэу ар къэсIон фае, ау уищыIэныгъэ къызэрэбгъэнэжьын плъэкIыщтым ехьылIагъэу рэхьатэу ыкIи шъабэу къэпIотэп плъэкIына?

## 3. ЛIэныгъэм ухэкIэу щыIэныгъэм уIэкIэхьаныр

ШъуунаIэ тешъудз! ЩыIэныгъэмкIэ щынагъо!» Сэ сыфэягъ а гущыIэхэр фэшъхьаф шIыкIэуи къышъозгъэлъэгъунхэу. «ШъунаIэ тешъудз! Щынагъо щыI! Къызэтеуцу! Къэгъэзэжь, цIыфыр! Лъыхъу уищыIэныгъэ Къэзыгъэнэжьыщтым!» Джащыгъум сегупшысагъ: щынагъом хэфэн зылъэкIыщтыр псэоу щыIэр ары ныIэп! Автобусыр тIуакIэм дафи, зэкIэ ащ цIыфэу исыгъэхэр хэкIодагъэх, ахэмэ ящыIэныгъэкIэ щынагъо щыIэ-

жьэп. КъыжъугурэIуа? Джы сызыфэягъэр мыщ фэдэ шIыкIэкIэ шъо къышъосIонэу ары: «ЕгъашIэми щыIэнығъэм шъукъыфэмыкIоным ищынагъо шъорыкIэ щыI, етIанэ мы дунаим игъунапкъэхэм шъулIагъэу шъуашъхьапырадзыжьыным ищынагъо шъо шъушъхьащыт». ИкъукIэ къыжъугурыIоу къышъуфэсэIуата? Сэ сызытещыныхьэрэр щыIэнығъэр зыIэкIэжъугъэкIыпэныр ары. Библием нэфэ шъыпкъэу къыщеIо: «Къо ЛъапIэр зыгу илъ цIыфым щыIэнығъэр иI. Къо ЛъапIэр зыгу имылъым щыIэнығъэр иIэп».

Мы мафэхэм сэ сыIукIагъ Берлин къикIыгъэ пшъашъэм, хымэбзэкIэ езыгъаджэхэрэм. «Угу къысэмыгъабгъ! – есIуагъ сэ ащ,– пасторым загъорэ къемыкIурэ упчIэхэр аритынхэу фитныгъэ иIэуи къыхэкIы: илъэс тхьапша, пшъашъ, уныбжьыр?» Пшъашъэм ыныбжьыкIэ еупчIыхэ хабзэп. Ау зыныбжь хэкIотэгъэ пасторым ащ фэдэ упчIэхэри загъорэ аритынхэ ылъэкIыщт. Арыти, мо пшъашъэм ащ лъыпытэу сиупчIэ джэуап къырitыжьыгъ: «Илъэсий». «Зэгуи!- згъэшIэгъуагъэ сэ, – илъэсий пIуагъа? О IэкIыб къэрал бзищкIэ еогъаджэх ыкIи илъэсий нахь умыныбжьынэуи?« Пшъашъэр щхыгъэ ыкIи иджэуап имэхьанэ къызгуригъэIуагъ: «ИлъэсийкIэ узэкIэIэбэжьмэ сэ Исус къэзгъотыгъ. Ащ щегъэжьагъэу ары ныIэп сыпсэоу зезгъэжьагъэр, ащ нэсыфэкIэ сылIагъэу сыщыIагъ». Сэри лъэшэу згъэшIэгъуагъэ: «Олахьэ шIущэу къэпIуагъэм!» ЫкIи ащ къыкIэлъыкIоу мы гущыIэхэр пшъашъэм къысиIуагъэх: «Тхьэм Ыкъо ЛъапIэ зыгу имылъым щыIэнығъэ иIэп!» ЕтIанэ ащ къыпигъэхъожьыгъ: «ОшIа о, нахьыпэм КъэгъэнэжьакIо сиIагъэп, щыIэкIэ тэрэзкIи сыщыIагъэп. Ахъщэ къэзгъахъэти, сищыIэнығъэ чэфэу згъакIощтыгъ, ау ар щыIэнығъэу щытыгъэп!»

Адэ ащ фэдэ гущыIэхэр темыщыныхьэхэу къаIуагъэхэу щытхэба? Ежьым ыгу къызэрэриIорэм теткIэ Исус ыIэ зизымылъхьэрэм, пIопэн хъумэ, щыIэнығъэ иIэп. Ары шъыпкъ, Исус иIоф къахимылъхьэу щыIэнығъэр зыфэдэр тэ къыдгурыIон тлъэкIыхэщтэп! Тхьэм Ыкъо зыгу илъыр ары ныIэп щыIэнығъэ зиIэр!

Илъэс заулэкIэ узэкIэIэбэжьымэ, садэжь кIэлакIэ горэ къэкIо. Сэ ащ сеупчIы: «Сыда узыфаер?» «Сэри сшIэрэп ар, – къысетыжьы ащ джэуап, – сшIэрэ закъор джы сищыIакIэ тэрэзэу зэрэщымытыр, къинышхо зэпымыужьэу сэркIэ ар зэрэщытыр ары!» Зэхэсхырэр згъэшIагъозэ, сегупшысэ: «Ар сыдэущтэу хъура? О упхъашIэ ыкIи дэгъоуи къэогъахъэ!» «Ары шъхьакIэ, ар щыIэ-

ныгъэп! – къезэгъырэп кIалэр есIорэм, – щыIэныгъэпи ар! Блыпэм – сыпхъашI, гъубджым – сыпхъашI, бэрэскэжъыем – сыпхъашI, мэфэкум – сыпхъашI, бэрэскэшхом – сыпхъашI, шэмбэтым – футболым сэкIо, тхьаумафэм – киному сеплъы ыкIи пшъэшъэжъыехэм адэжь сэкIо: щыIэныгъэпи ар!» Джащыгъум ащ есэIо: «Ары зэрэщыт шъыпкъэр, кIал, къапIорэр тэрэз, ар щыIэныгъэу зэрэщымытыр къыбгурэIомэ, ащыгъум уиакъылкIэ хэхъоныгъэ ошIы! Сэ къыуасIомэ сшIоигъу щыIэныгъэр зыфэдэр. Сэ сищыIэныгъэ зэхъокIыныгъэшхо фэхъугъ. Исус сыкъигъотыгъ, сэщ пае Ар къащым телIыхьи, нэужым лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъ. Сэ Ар си-КъэгъэнэжьакIоу хъугъэ ыкIи Тхьэм сыригъэшIужьыгъ. Сэ ар къызызгурэIом, сыгу Ащ ыIэ ислъхьагъ. ЫкIи пшIошъ хъуна – ащ къыщегъэжьагъэу сищыIэкIэ сэлъытэ!» А кIалэм ащ къыщегъэжьагъэу щыIэныгъэ иIэу хъугъэ. Джырэблагъэ ащ джыри Фрайбург сыщыIукIагъ. «Сыд, кIал, уиIофхэр сыдэущтэу хъухэрэ? Адэ джы щыIэныгъэ тэрэз уиIа?». Чэфыр ынэгу къыкIэщэу, кIалэм джэуап къыситыжьыгъ: «Ары шъыпкъ, джы щыIэныгъэ сиIэ хъугъэ!» Джы ащ чанэу Iоф ешIэ, ныбжьыкIэ зэIукIэм ипащэу щыт, ныбжьыкIэхэр Исус дэжь ещэх. Исус гъусэгъу зэрэфэхъугъэм ащ щыIэныгъэ хигъотагъ.

КъыжъугурэIуа? Христосым ехьылIагъэу къэбархэр зэхэшъухыхэу, ау шъуи КъэгъэнэжьакIо егъашIэми къызэрэшъумыгъотыгъэм къыхэкIэу шъуищыIэныгъэ блэбгъэкIыным ищынагъо шъо шъушъхьащыт!

СиI сэ ныбджэгъу, бизнесмен ар. Джырэблагъэ ар фабрикант горэм ыдэжь ригъэблэгъагъ, парк дэхэ дэдэ дэтэу а езыгъэблэгъагъэм унэ зэхэт зэтегъэпсыхьагъэ иIагъ. Нэбгыришъэ фэдиз хъущтыгъэ хьакIэу ригъэблэгъагъэр. МэфэкI бырсырым хэтхэу бысымым зыIокIэм, синыбджэгъу ащ риIуагъ: «Сыдэу шIущэу ущыIа! О пачъыхьэм уфэд! Мощ фэдэ унэ зэтегъэпсыхьагъэ уиунаеу уиI. Фабрикэшхо огъэлажьэ! Шъхьэгъусэ бзылъфыгъэ шIагъу! УикIэлэцIыкIухэр гохь дэдэх!» Бысымым къыриIожьыгъ: «Ары, шъыпкъэ о къапIорэр, сэ фэшIыгъэу сыщыI!» Ау мыщ дэжьым ащ ынэгу къызэхэхьагъ ыкIи къыпигъэхъожьыгъ: «Арэу щытми, укъыкIэмыупчI мыщ ыкIоцI щыхъурэмкIэ!» ыIуи, ыгу зыдэшылъым дэжь ыIэ тырилъхьагъ.

Урамым сырыкIо зыхъукIэ, сегупшысэу бэрэ къыхэкIы: «ТIэкIу нэмыIэми цIыфхэм нахь шъыпкъагъэ ахэлъэу шытыгъэхэмэ, ахэр къызэтеуцонхэшъ, къэкуоныгъэхи: «ШъукъыкIэмыупчI мыщ,

сыгу, щышIэрэм!» Илъэп ащ мамыр. ЦIыфым ыпсэ гупсэф къезымытырэ псэкIодшIагъ ащ илъыр.

Христос закъор ары ныIэп тызыгъэхъужьын зылъэкIыщтыр. КъызышIожъугъэшI мырэущтэу! Тхьэм елъэгъу шъугукIэ шъузэрэтхьамыкIэр. Тэ тэр-тэрэу Тхьэм ыдэжь пэблагъэ зытшIын тлъэкIыщтэп, ау Ежьым шIулъэгъуныгъэшхоу къытфыриIэм пае Тхьэр ИсусымкIэ дунаим къытфехыгъ. Сэ къэбарэу шъо къышъуфэсIотэщтым шъугу къымыIэтын ылъэкIыщтэп: «Сыда пIомэ Тхьэм дунаим ицIыфхэр ащ фэдизэу шIу зэрилъэгъугъэхэм къыхэкIэу Ежь ЫкIъо закъор ытыгъ, хэти Тхьэм ЫкъокIэ шIошъхъуныгъэ зиIэр мыкIодэу къэнэжьыным ыкIи мыкIодыжьын щыIэныгъэ иIэ хъуным пае». Сэрыгъэмэ, ащ фэдизэу мы дунаир шIу слъэгъуныгъэп, шIоигъэрэ, бзэджэшIагъэрэ, делагъэрэ зытиз мы дунаир зэхэсыупкIэтэныгъи. Арэу щытми, Тхьэм ар шIу ылъэгъугъ! КъызыгурыгъэIогъуай ар! «Сыда пIомэ Тхьэм дунаем ицIыфхэр ащ фэдизэу шIу зэрилъэгъугъэм къыхэкIэу, Ежь ЫIкъо Исус ытыгъ, зэкIэ цIыфхэу а шIулъэгъуныгъэр зыгукIэ зыштагъэхэр мыкIодыхэу, щыIэныгъэ агъотыным пае». КъысашъуIуи адэ, мыкIодыжьын щыIэныгъэ шъуиIэ хъуным пае Ежьым ЫIкъо къурмэн къызэрэшъуфишIыгъэм нахьыбэу сыда Тхьэм джыри къышъуфишIэн ылъэкIыщтыгъэр?!

Сипсалъэ икIэухым къэбар гъэшIэгъон горэ къышъуфэсIуатэ сшIоигъу. Исус икъэбар зыгъэIурэ инджылыз цIэрыIоу Чарльз Сперджен кIалэ горэ кIэлъырыхи, мырэущтэу риIуагъ: «Зиусхьанэу пастор, тэрэз о къэпIотагъэр, сэри Голгофэм къин зыщэчыгъэ ЦIыфым сылъыхъун ыкIи Тхьэм сырибын сыхъун фае. Зэгорэми сипсэкIодшIагъэхэм сафыкIэгъожьыщт.» – «Зэгорэм пIуагъа?» – еупчIыгъ Сперджен кIалэм. – «Ары, нахь кIэсаIоу ары!. – «Нахь кIэсаIоуи? Сыда джыдэдэм ар зыкIэмыхъущтыр?» ТIэкIу укIытагъэу кIалэм джэуап къытыжьыгъ: «Сэ зыкъэзгъэнэжьымэ сшIоигъу ыкIи ащ фэшI зэгорэм Исус ыпашъхьэ сипсэкIодшIагъэхэм сащыфыкIэгъожьыщт, ахэр къысфигъэгъунхэу селъэIущт, ау а мафэр къэмысызэ, мы щыIэныгъэм зыгорэ хэсхымэ сшIоигъуагъ». Сперджэн лъэшэу щхыгъэ ыкIи кIалэм риIуагъ: «А кIал, о узыфаер мэкIэдэд. ШыIэныгъэм хэпхымэ пшIоигъоу укъызэрыгущыIэрэр, сэ сишIошIыкIэ, мэкIаIо. Сэ тIэкIоп щыIэныгъэм хэсхынэу сызыфаер, щыIэныгъэ псау сиIэнэу ары нахькIэ. Си Библие мары ащ фэгъэхьыгъэу итхагъэр (мыщ дэжьым ащ Библиер къышти, кIалэм къыфеджагъ): «Сэ

сыкъызфэкIуагъэр щыIэныгъэшхоу икъугъэр цIыфхэм ястыныр ары». Ащ фэдэ псалъэ къэсыухы зыхъукIэ сэ гумэкIым сызэлъештэ, сыда зыпIокIэ семыгупшысэн слъэкIырэп: «ЗыгорэкIэ мы Iофыгъор къагурыIон алъэкIэу цIыфхэм къафэмыIотэгъакъомэ!»

Арышъ, джыри кIэкIэу зэ къыкIэсIотыкIыжьынэу фит сыкъэшъушI. Тхьэм Исус къащым телIыхьанэу зыкIаритыгъэр тэщ пае, цIыф кIодыгъэхэу псэкIодшIагъэхэр зихъойхэр, нэлат зэрахыгъэхэр, – мы дунаим тызэрэщыпсэузэ, джыдэдэм щыIэныгъэ тиIэным пае. Пчэдыжьым сыкъызыущыжькIэ, гушIуагъоу сызэлъызыщтэрэм пае орэд къасIо сшIоигъоу сэхъу, сыда пIомэ сэ Тхьэм сырибын, сыда пIомэ сэ Ащ щыIэныгъэ хэзгъотагъ.

Зэхэшъоха? Исус мыщ къызыкIэкIуагъэр мы дунаим мыкIодыжьын щыIэныгъэ щытиIэ хъуныр ары, Тхьэм ихьыкум къыттыримышIыхьаныр ары. Джащыгъум шъхьадж ыгукIэ рэхьатэу, гушIуагъом зэлъиштагъэу ищыIэныгъэ гъогу рыкIон ылъэкIыщт.

Мыщ фэдэ щысэ мыин горэ къышъуфэсIотэнэу фит сыкъэшъушI: ар зыхъугъагъэр ноябрэ мазэм изы пчыхьэ гор. Ощх дыхэтэу къесыщтыгъ. Жьыбгъэ къепщэщтыгъ, чъыIагъэ. Урамым нэбгыритIу рыкIощтыгъ. Зым къэзыгъэфэбэн щыгъыгъэп, икIако пшъапIэ къэIэтыгъ. Лъэшэу зэрэуцIыныгъэми ар ыгъэгумэкIырэп, зыдакIорэри ышIэрэп, сыда пIомэ ащ ышъхьэ зэригъэзын чIыпIэ иIэп! Джащ фэдэу цIыфхэм янахьыбэмэ мы дунаим къышакIухьэ.

Гухэлъ гъэнэфагъэ яIэп ахэмэ. Сыда къяхъулIэщтыр ахэмэ? Сыд фэдэу гухэкIа ар – мурад гъэнэфагъэ уимыIэныр! Тхьэр зышIошъ мыхъурэ философэу Ницше иусэ горэм мырэущтэу щетхы: «ЗэрэгъэкIыихэзэ, къолэжъхэр къалэ лъэныкъом зэрэгъэбыбых, /шIэхэуи ос къесыщт, /ыкIи унэ зимыIэхэр унэхъугъэх». Адэ ори уиIэба егъашIэрэ псэупIэ? Ау мары ятIонэрэ хъулъфыгъэу урамым рыкIорэр. Ари джащ фэдэ къабзэу зыхэтыр а ос-ощхыр, жьыбгъэшхор ары. Ау ащ пае къымыгъанэу ар ицыхьэ зытелъыжьэу, кIэшъуикIызэ ыпэкIэ регъэхъу. Сыд пае? Ащ чыжьэкIэ елъэгъушъ ары иунэ къипсырэ нэфынэр! Ащ ежьымкIэ щыгупсэфыгъу! Ащ щыфаб! Гъогоу зэрыкIорэм джащ пае ыгу къыгъэкIодырэп. Джарэущтэу яцыхьэ зытелъыжьэу, гушхохэу мы дунаим рэкIох цIыфхэу Исус зыгу илъэхэу, Ащ зищыIэныгъэ хэзыгъотагъэхэу ыкIи ащ ишIуагъэкIэ мыкIодыжьын щыIэныгъэ зиIэ хъугъэхэр.

Тхьэм мырэущтэу Нухь риIуагъ: «Ихь къухьэм!» Ащ фэдэу сэри

шъо сышъолъэIу: шъуихь Исус ыдэжь! Ар къышъупэблагъ! Шъо Ащ шъуепсэлъэн шъулъэкIыщт. Шъугу илъэу, шъузыгъэгумэкIырэр зэкIэ Ащ къыфэшъуIат. Зыгорэ мырэуштэу къысэупчIыгъагъ: «Уадэжь къэкIонхэу зебгъэблэгъэрэ сыхьатхэр гъэнэфагъэхэу уиIэхэба?» Сэ ащ джэуап естыжьыгъ: «Сыд пае? Сэ къыздэгущыIэнхэу цIыфхэм ящыкIагъэп. Ахэр ежьхэм ашъхьэкIэ Исус дэгущыIэнхэ фае!» Шъори джаущтэу шъушIы.

# СЫДА АДЭ ТЭ ТШІЭН ФАЕР?

Синыбджэгъухэр, къысІокІэх сэ тхыгъэ пчъэгъабэ зэфэшъхьаф упчІэхэр арытхэу. Тхыгъэ горэм мыщ фэдэ упчІэ къыщигъэуцущтыгъ: «О къытфэпІуатэрэр о пшъхьэкІэ уиеплъыкІа, хьауми уичылыс ыІохэрэр ара?» Мыщ фэдэ джэуап ныІэп ащ естыжьын слъэкІыгъэр: «Ар – Библием ыІохэрэр ары!» Джыри сегупшысагъ: Пасторэу Буш къыІуатэрэм шъуедэІуфэ, шъо агъэпцІэрэ цІыфэу шъущыт. Шъощ пае ащ федэу хэлъыр макІэ. Шъо шъузэдэІун фаер Исус ымакъ ары. Исус Іахъо ХьалэлкІэ зэджэжьыгъэ. ЫкІи а Іахъо Хьалэлым ымакъэ шъо шъукІэдэІукІын фае. Сэрымэ Іофыр зыфэгъэхьыгъэр, кІочІаджэу сызэрэщытым елъытыгъэу, Исус «сыпсэ и-Іахъо Хьалэлым» ымакъэ зэхэшъухынымкІэ скІуачІэ къызэрихьэу ІэпыІэгъу сыхъуныр ары сипшъэрылъыр.

Арышъ, «сыда адэ тэ тшІэн фаер?» – зыфиІорэ ІофыгъомкІэ джы тызэдэгущыІэн фаеу хъугъэмэ, ащыгъум анахь мэхьанэшхо зиІэр шъо шъушъхьэкІэ Исус къыжъудэгущыІэнэу фит шъушІыныр, шъо шъушъхьэкІэ Исус ымакъэ зэхэшъухыныр ары.

## 1. ШъуишІошъмыхъуныгъэжъыр щыжъугъэзый

Къэлэшхом ипасторэу сызэрэлажьэщтыгъэм елъытыгъэу бэрэ зэхэсхэу къыхэкІыщтыгъ КъэбарышІур зыгукІэ зымыштэхэрэм ащ къыраІуалІэштыгъэхэр. Ащ дакІоу ар зыІощтыгъэхэм пэсэрэ шІошъмыхъуныгъэу яслъэгъулІэщтыгъэм пае, шъупсэ къэгъэнэжьыгъэным фэшІ зэкІэми апэу мары сызэрэшъолъэІумэ сшІоигъуагъэр: шъуишІошъмыхъуныгъэ щыжъугъэзый!

Заом илъэхъан сэ ныбжьыкІэхэм япасторэу сызэрэлажьэрэм фэшъхьафэу сымэджэщ иным чІэлъыгъэ сымаджэхэми сынаІэ атезгъэтыщтыгъ. Зэгорэм палатэхэм ащыщ горэм ипчъэ сыІухьагъ ыкІи ащ сызыщытеощтым Іазэм иІэпыІэгъу бзылъфыгъэ ныбжьыкІэр къысэчъэлІагъ ыкІи гуІэзэ къысиІуагъ: «Зиусхьанэу пасторыр, Тхьэм пае сыолъэІу, мы палатэм уимыхьанэу!» – «Сыда сызыкІимыхьащтыр?» – сеупчІы сэ ащ. «Мы зиусхьаным къытфигъэпытагъ пастор ипалатэ итымыгъэхьанэу. Гъэнэфагъэу ар фаеп ыдэжь ихьанхэу! Укъырифыщт ащ ипалатэ!» Мыщ дэжьым ащ Іапэ фишІыгъ палатэм ипчъэ сымаджэм ыцІэ зытетхагъэм

ыкIи сэ ащ теслъэгъуагъ рекламэмкIэ синэIосэ сатыушIэм ылъэкъуацIэ. «О пшъашъэр, – есэIо сэ ащ, – сэ синервхэр, бэшIагъэу гъучIым фэдэу хъужьыгъэх!» – ыкIи пчъэм сытеуагъ. «Къихь!» – зэхэсхыгъэ хъулъфыгъэ мэкъэ лъэш. Сэ палатэм сихьагъ. ПIэм хэлъыгъ зышъхьац фыжь хъугъэу зныбжь хэкIотэгъэ зиусхьаныр. «Уимафэ шIу! – шIуфэс есхыгъ ащ. – Сэ сыпасторэу Буш!» – «О, – къыситыжьыгъ ащ джэуап,– бэрэ пцIэ зэхэсхыгъэ, о садэжь укъычIэхьан уфит!» – «Дэгъу дэд!» – сыгушIуагъ сэ. Ау ежьым мырэущтэу къыпигъэхъожьыгъ: «Ау уичыристан дин семыгъэгъэгумэкI!» – «Сыдэу адэ сиIоф къимыкIыгъа, – сыIущхыпцIыкIыгъ сэ, – ардэдэр ары сэ сызэрэбдэгущыIэн сыгу хэлъыгъэр!» – «Игугъу къысфэпшIы хъухэнэу щытэп!» – IэутIэкIэ ар теубытагъэ хэлъэу зэрэщигъэзыерэр къыгъэлъэгъуагъ. – «А Iофыгъор бэшIагъэу, къытегъэзэ имыIэжьэу сэрыкIэ, зэшIосхыгъахэ! ОшIа о, сыкIэлэцIыкIузэ, Тхьэм ехьылIэгъэ орэдхэр егъэзыгъэкIэ сагъашIэщтыгъэх, ау Дарвин, Геккел ыкIи Ницше яеджэныгъэм атегъэпсыкIыгъэу сэ сшъхьэкIэ дунаееплъыкIэ гъэнэфагъэ сиIэ хъугъэ!» Гукъао нахь мышIэми псынкIэу сыкъэгубжэу сишэн ыкIи ащ сыжэхэхьагъ: «Мыдэ, зныбжь шIукIаеу хэкIотэгъэ лIыр, илъэс 16 зныбжь кIэлакIэм, гущыIэм пае, Ницше ежьым ипегъымбарэу зэриштагъэр къысиIогъагъэмэ, ащыгъум сэ сыIущхыпцIыныешъ, мырэущтэу ащ есIоныгъи: «КIо ар сэ къызгурэIо, о ныбжь хэхъогъу уахът узэрытыр. Зэгорэм о къыбгурыIожьын джырэ философхэми ежьхэм япегъымбаркIэ алъытэщтыгъэхэм аIорэр ашIошъ зэрэмыхъужьырэр». Ау ащ фэдэ гущыIэхэр зыныбжь хэкIотэгъэ лIэу мы дунаир зыхъожьыным ипчъэIу Iутым къыIоу зызэхэпкIэ, ар тхьамыкIагъу! О узэрылIыкIыщт узыр ары джыдэдэм къыоузырэр. Ащ фэдэ акъылынчъэгъэ гупшысакIэр зыдэпIыгъэу Тхьэм ыпашъхьэ уиуцо пшIоигъу шъуIуа? ТхьамыкIагъу!

Зэхихырэр лъэшэу ыгъэшIагъоу сэ ар къысэплъы. Ащ фэдэ дэгущыIакIэр ащкIэ ошIэ-дэмышIэ шъыпкъэу къычIэкIыгъ. Джащыгъум сэ тIэкIу сызэрэхэукъуагъэр къызгурыIожьы ыкIи сэрсэрэу зэсэIожьы: «Къызэтеуцу! Сымэджэщым о ущыгубжын уфитэп. Къэтэбэ цокъэ шъабэхэр ащыгъэу мыщ щэзекIох». ЫкIи зэкIэм сэ мо лIы тхьамыкIэм сыгу лъэшэу егъужьыгъ. Арыти, нахь сырэхьатыжьи, мэкъэ шъабэкIэ къыфэсIуатэу езгъэжьагъ Исус ехьылIагъэу, Ар ащи и-Iэхъо Хьалэлэу хъумэ зэрэшIоигъор. Сымаджэр куоу хэщэтыкIыгъ ыкIи къыIуагъ: «Ары, арэущтэу

щытыгъэмэ дэгъугъэ! Ау сыда джы есшIэжьыщтыр сидунэе-еплъыкIэ? Сэ къэзгъэшIагъэм сызэрыгъозагъэр, сшIошъ хъущтыгъэр зэкIэ джы щызгъэзыежьынэуи?!» «Ары шъыпкъ о пшIэн фаер!» – сыгушIозэ мэкъэ Iэтыгъэкlэ сэ ащ есIуагъ. – А сигупс! Ахърэт дунаим зыкIи къыщымыпшъхьапэщтхэр уемыхъырэхъышэу щыгъэзыех. Непэ шъыпкъэм зэкIэ ахэр щыгъэзыех, неущрэ Iоф умышIыжьэу! Сыдэу Iо фаеми, о шIошъмыхъуныгъэжъэу уиIэмкIэ джы тэрэзэу ущыIэни ыкIи улIэ зыхъукIэ зыкъэбгъэнэжьыни плъэкIыщтэп. Арышъ, о Тхьэм ЫIкъо ыIэ зилъхь, Ар дэдэр ары ощ пае лIагъэр ыкIи пшъхьэ къэзыщэфыжьыгъэр. А КъэгъэнэжьакIор ори уи-КъэгъэнэжьакIоу хъумэ шIоигъу!» Мыщ дэжьым Iазэм иIэпыIэгъу пшъашъэу палатэм къихьагъэм рэхьатэу ыкIи тыгу зэфакIоу тызэрэзэдэгущыIэрэр ыгъэшIэгъуагъ ыкIи IэутIэкIэ къысигъэшIагъ ащ нахьыбэрэкIэ сымаджэр згъэгумэкIы зэрэмыхъущтыр. Сэ зиусхьан лIыжъым ыIапэ пытэу къэсыубытыжьи, палатэм мэкIэ-макIэу сыкъикIыжьыгъ. СшIэрэп сэ Исус ащ ыгукIэ ыштагъэми. Чэщым ар лIагъэ!

ШъошIа шъо а лъэхъанэм анахь згъэшIэгъуагъэр – ары пакIошъ, гъэсэныгъэ зиIэ цIыфхэми Дарвиным, Геккел ыкIи Ницше гъусэ зафашIыгъэу кIо сыдэу щытми чIыгум щэцуахъох ыкIи джащ фэдэ шIошъмыхъуныгъэжъым иягъэкIэ мыкIодыжьын насыпым зыхагъэны. Арышъ зэкIэми апэу сызэрэшъолъэIурэр мары: «ШIошъмыхъуныгъэу шъухэлъыр къызэрэжъугъэшъыпкъэрэ сыд фэдэ пэсэрэ ушъхьагъухэр щыжъугъэзыех. Ауж шъуикI ахэм! ШъуишIошъмыхъуныгъэжъ бетакъи ыуасэп! Библием мырэущтэу къыщеIоба: «Тхьэр зы цIыфхэр Тхьэм ыдэжь зыщэрэри зы, ар цIыфэу Христос Исус ары.»

Зэгорэм сэ лIы горэм ыпашъхьэ сисыгъ. Мырэущтэу къапIомэ хъущтмэ, пчъищ зиIэ шкафым фэдагъ ар. СыгукIэ ащ ренэу сызэреджэрэр Кофтэр ары, сыда пIомэ ащ кофтэ щыгъыщтыгъ, ау ащ зэреджэщтыгъэхэр фэшъхьаф шъыпкъ. Ащ ишъхьэгъусэ бомбэу къырадзыхыгъэм ыукIыгъ. ЫкъуитIуи зэом хэкIодагъэх. Цыф тхьамыкI! Ащ ыдэжь сыкIонэу исхъухьагъ. Ау тIысыгъо симыфэзэ, ежьым къыздыригъэжьагъ: «Зиусхьанэу пасторыр, зыкIэ тызэгъэзэгъ: уичыристан дин укъысфытегущыIэнэу къемыгъажь. Сэ ащ фэдизэу къиныбэ зэрэсщэкIыгъэм пае, зи сшIошъ хъужьырэп». Джащыгъум сэ сыкъэщхыгъ ыкIи есIуагъ: «Сэ ар зыкIи къызгурыIорэп! КъысаIоба адэ, зиусхьанэу Кофтэр, – зытет шъыпкъэмкIэ, фэшъхьафыцI ащ зэреджэщтыгъэхэр, –

загъорэ о мэшIоку гъогумкIэ узекIоу къыхэкIырэба?» – «КъыхэмыкIы хъуна», – къыситыжьыгъ ащ джэуап. Джащыгъум ащ есэIо: «Ащыгъум гъогу утехьэрэм къэс, енэгуягъо, мэшIокур зыфырэм укIэлъырэхьэшъ, мэшIокур ыгъэзекIонымкIэ фитныгъэ иIэмэ оуплъэкIун фае, арыба?» – «Хьау, хьау! – къысетыжьы ащ джэуап, – мэшIоку гъогур зыIэ илъ IофшIапIэм имашинистхэм яцыхьэ зэрателъыр сэ сшIошъ хъунба...» – «Сыдэущтэу пIуагъа?! – сэгъэшIагъо сэ, – мо кIалэу мэшIокум ыпэкIэ исым локомотивыр ыфын зэрилъэкIыщтым уицыхьэ темылъэу мэшIокум уетIысхьа?! Хьау, къысэдэIу мыдэ, зиусхьанэу Кофтэр, уищыIэныгъэ зыгорэм уицыхьэ телъэу ыIэ иолъхьэмэ, ащыгъум ар шIошъхъуныгъ! Мыщ къыщегъэжьагъэу джы къысэмыIу: «Сэ зи сшIошъ хъурэп», – ау пIо хъущт: «МэшIокугъогу лигэм фэшъхьафэу сшIошъ хъурэ щыIэп». Ащ пыдзагъэу лIым сеупчIы: «Зиусхьанэу Кофтэр, загъорэ о аптекэм окIуа?» «СыкIон адэ, – къыушыхьатыгъ ащ къыIорэр, – бэрэ сшъхьэ мэузы. Джащыгъум аптекэм шъхьэуз уцыр къыщысэщэфы». «Ары шъхьаекIэ, – есэIо сэ ащ, – зиусхьанэу Кофтэр, къыхэкIыба аптекэм тесхэм ащыщхэм, шъыпкъэ, амышIахэу, Iэзэгъу уцыхэм ачIыпIэкIэ щэнаутхэр къаратыхэу. Енэгуягъо, о ыпэрапшIэу шъхьэуз уцыр тэрэзэу къыуатыгъэмэ зэогъашIэкIэ?» – «Хьау, – еIо ащ, – ащ фэдэ бэ зыгъэунэфыгъэ аптекэтесым Iэзэгъу уцыхэм зыгорэ ахешIыкIын фае, сигъэпцIэщтэп ныIа ащ!» – «Сыдэу пIуагъа? – сэгъэшIагъо зэхэсхыгъэр,– умыуплъэкIоу Iэзэгъу уцым уешъо, ара? Аптекэтесым уищыIэныгъэ ыIэ иолъхьэ – цыхьэ фэошIы, арыба? Ащ уицыхьэ телъэу Iэзэгъу уцэу къыуитырэм уешъо Iолъ?! ШIошъхъуныгъэ шIагъу уиIэр! О сикIасэ зиусхьанэу Кофтэр, ащ щэхъукIэ сэ джы къысэмыIожь: «Сэ зи сшIошъ хъурэп!» О джы пIон фаер мары: «МэшIокугъогу лигэмрэ аптекэмрэ яIофышIэхэм аIорэм щэхъу зыпари сшIошъ хъурэп!» Джаущтэу тизэдэгущыIэгъу лъызгъэкIотагъ. КъыжъугурэIуа шъо? А къэсIотагъэм фэшъхьафэу бэ ащ иеплъыкIэ къыхэзгъотагъэр. Арыти, мырэущтэу есэIо: «КъедэIу къыуасIорэм: зэгорэм сыIукIэнэу хъугъагъэ Тхьэм лIыкIоу чIыгум къыгъэкIуагъэу лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэм ыкIи зыIэхэм гъучIыIунэу ахаIугъагъэхэм ялъэужхэр джыри къызытенагъэхэм, а уIагъэхэм къаушыхьаты гъунэнчъэу Ащ шIу сызэрилъэгъурэр. Исус къысфишIагъэм фэдиз егъашIэми сэ хэти къысфишIагъэп! Исус фэдэу цыхьэ зыфэпшIымэ хъун мы дунаим тетэп! Исус зэгорэм пцIы ыусыгъагъэу къыпшIошIа о ?

Хьау! Арэущтэу хэтрэ цIыфи фэгъэхьыгъэу къэсIон слъэкIыщтэп Исус фэшъхьафэу! Ащ сызеуцуалIэм, джащыгъум зэсIожьыгъэ: сищыIэныгъэ Исус ыIэ ислъхьэмэ сшIоигъу! Джащыгъум сызыдэгущыIэщтыгъэр къысэупчIыгъ: «Арэущтэу къызэрыкIо Iофэу ар щытынэуи?» Сэри ащ джэуап естыжьыгъ: «Ары шъыпкъ, зиусхьанэу Кофтэр, джаущтэу ар къызэрыкIоу гъэпсыгъэ. Джаущтэу къызэрыкIу! О уицыхьэ зытемылъи, пшIошъы мыхъури щыIэп, ау, зытет шъыпкъэмкIэ, уицыхьэ зытелъын фэе Закъор, пшIошъ хъун фэе Закъор ары о щыбгъэзыерэр! УишIошъмыхъуныгъэ пэсэрэ лъапсэхэу иIэхэр щыгъэзыехэри, зиусхьанэу Кофтэр, уищыIэныгъэ Зиусхьанэу Исус ыIэ илъхь!» Зэгорэм кIэлэкIишъэ пчъагъэхэм апашъхьэ ситэу садэгущыIэзэ, мырэущтэу ясIогъагъ: «Исус ыгукIэ зэриштагъэм пае кIэгъожьыгъэ горэ къэзыгъотырэм шIухьафтынэу доллар миллион естынэу гущыIэ шъосэты!» Сэ доллар миллион сиIагъэп, ау ащ фэдиз ахъщэ естынэу семыхъырэхъышэжьэу гущыIэ ястын слъэкIыщтыгъэ, сыда пIомэ Исус ыгукIэ зэриштагъэм рыкIэгъожьыгъэ гори дунаим къытебгъотэщтэп. Ау сэшIэ цIыф бэдэдэ арэущтэу зэрамышIыгъэм фыкIэгъожьыгъэхэу!

Арышъ шIошъмыхъуныгъэжъ IэкIыб шъушIы! Шъощ пае зэкIэ ЗышIагъэм шъуицыхьэ тежъугъэлъ! А Iофыр Ежьымрэ шъорырэ арых ныIэп зэшIозыхырэр. Ащ пае ищыкIагъэр уизакъоу зыпшIынышъ, рэхьатэу зыщыщыт чIыпIэу узыдэщыIэм мырэущтэу къыщыпIонэу ары: «Зиусхьанэу Исус, непэ къыщегъэжьагъэу сищыIэныгъэ О пIэ къисльхьэмэ сшIоигъу!»

## 2. Узафэу къызэрэпшIошIырэм кIэух фэпшIын фае

Библием мырэущтэу итхагъ: «Мы гущыIэхэр шъыпкъэх, цIыф пстэуми ахэр адэнхэуи яфэшъуаш: ПсэкIод зышIэхэрэр мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэм пае, Исус Христос мы дунаим къэкIуагъ». А гущыIэхэм цIыфыбэ агъэгубжы ыкIи ахэмэ мары аIорэр: «Ары шъхьаекIэ, сэ сыпсэкIодышIэп ныIа! СыбзэджашIэп сэ!» Ау сэ ахэмэ джы мырэущтэу ясэIо: «ПцIы шъоусы! Ар ахърэт мафэм шъо Ежь Тхьэ Шъыпкъэм ешъуIон фае ащ шъузырихьылIэкIэ: «Сэ псэкIодшIагъэ сиIэп! О унашъоу къытфэпшIыгъэхэр зэкIэ згъэцакIэщтыгъэх!» КъэшъуIон шъулъэкIыщта адэ арэущтэу? Шъыпкъагъэ шъуиIэу къызэрэшъушIошIырэм нахь шIэхэу кIэух

фэшъушIымэ нахьышIу, ащ къышъушIуигъэшIырэр, зытет шъыпкъэмкIэ, шъо шъуиIофхэр зэкIэри дэгъоу зэпыфэхэу ары! Ау арыхэпи шъо шъуиIофхэр зэрэщытхэр, фэшъхьаф шъыпкъ нахькIэ! Илъэс заулэкIэ узэкIэIэбэжьмэ, илъэс тIокI фэдиз зыныбжь кIалэм сызэрэдэгущыIагъэр егъашIэми сщыгъупшэжьыщтэп. Мафэ горэм ащ сызыIокIэм есIуагъ: «Адэ, Гейнц, кIэлэ шIагъу, ныбжьыкIэ зэIукIэу Библиер зэгъэшIэгъэным пае зэхатщэхэрэм уащыслъэгъужьырэпи!» Ежьым мыщ фэдэ джэуап къысетыжьы: «ОшIа, о, зиусхьанэу пасторыр, а уахътэм къыкIоцI сэ бэ сэпэсщэчыгъэр, сызэгупшысагъэр. ПсэкIодшIагъэ зиIэхэм апае лIэгъэ Исус ехьылIагъэу о ренэу къытфэоIуатэ. Ары шъхьаекIэ, сэ сищыкIагъэп сипсэкIодшIагъэхэм апае зыгорэм къин сфилъэгъунэу. Сэ сшъхьэкIэ мыхъун горэ сIэкIэшIагъэмэ, Тхьэри щыIэ шъыпкъэмэ, ащ пае Ащ ыпашъхьэ пшъэдэкIыжь сэшъхьэкIэ щысхьыным сыфэхьазыр. КъэгъэнэжьакIо горэу сэщ пае зыпсэ зытыгъэм сыщыгугъыныр щхэны мэхъу!» Ащ десымыгъаштэу мырэущтэу есIуагъ: «Дэгъуба адэ, синыбджэгъу! КъызэрэпIорэмкIэ, Тхьэм ыпашъхьэ о IэубытыпIэ къыщызыфэпшIын угу хэлъыр хабзэр ары. Ар о пшIэн плъэкIыщт! Исус къимыдзэн ыкIи мырэущтэу къэпIон о плъэкIыщт: «Сэ Тхьэм ыпашъхьэ хэбзэр IэубытыпIэ щысэшIы!» Ау, синыбджэгъу лъапI, зэу мыр къызыгурыгъаIу: Францием щаухэсыгъэ хабзэкIэ хьыкум щашIы, Англием – а хэгъэгум щаухэсыгъэ хабзэр ары. Тхьэм ыпашъхьэ ащ фэдэ Iофыр зэрэщызэшIуахырэр Тхьэм ыухэсыгъэ хабзэр ары! О, кIэлэ шIагъу, къыбдэхъумэ сшIоигъор зы ухэсыгъэ хабзэ гори умыукъонэу ары, зэ ухэукъомэ, ухэкIодагъ! ХъяркIэ!» – «Зэгу, уIумыкIыжьыгу, – ыIуагъ ащ, – ары шъхьаекIэ, ащ фэдизэу фэсакъыпэхэзэ Iофым хэплъэнхэу щытэп ныIа?» – «Хьа, пIорэр гъэшIэгъоны, – дезгъэштагъэп ащ, – сыдэущтэу къызышIобгъэшIыра о Тхьэ ЛъапIэр? КъызышIогъэшI мырэущтэу: илъэс 50 сэ къэзгъэшIагъ псэкIодынчъэу, етIанэ такъикъищым къыкIоцI зы пкъыгъо горэ къашIостыгъугъ. Ар къашIагъэу къычIэкIы ыкIи хьыкумым ыпашъхьэ сыкъеуцо. Джы мары хьыкумышIэм ыпашъхьэ сит ыкIи ащ къыфэсэIуатэ: «Зиусхьанэу хьыкумышIэр, мырэущтэу зымыгъэцыд, Iоф цIыкIу-шъокIухэм зашIомыгъан! Илъэс 50-м къыкIоцI щысэтехыпIэу сызэрэщыIагъэмрэ такъикъищым къыкIоцI сыхэукъуи зыгорэ къызэрэстыгъугъэмрэ зэбгъэпшэнхэ плъэкIына! Адэ арэущтэу Iоф цIыкIу-шъокIухэм зашIобгъанэ хъуна, зиусхьанэу хьыкумышIыр?» Джащыгъум

хьыкумэшIым мыщ фэдэ джэуап къыситыжьыщт: «Сэ сыкъызытегущыIэрэр илъэс 50-у о тэрэзэу къэбгъэшIагъэр арэп, сэ зэхэсфырэр а такъикъищым къыкIоцI узэрэтыгъуагъэр ары нахькIэ! Хэбзэ ухэсыгъэу щыIэм джары узэригъэмысэрэр!» Тэ мы дунаим къыддытет хьыкумышIыр арэущтэу мэзекIомэ, ащыгъум Тхьэри арэущтэу зэрэзекIощтым уемыхъырэхъышэжь!

Тхьэм ыдэжькIэ ухыеу зыолъытэжьа? Тхьэм уипсэкIодшIагъэхэр къыпфигъэгъунхэу уимыщыкIагъэу ара къызэрэпшIошIырэр? ПсэкIодшIагъэ уимыIэу ара зэрэплъытэрэр? Мыдэ къысэдэIуи, узышIохыиеу зызэрэплъытэжьырэр щыгъэзый ыкIи Зиусхьанэу уипсэкIодшIагъэхэм апае къащым телIыхьагъэм ыкIи ащкIэ о уипсэкIодшIагъэхэр зыпщыныжьыгъэм зыфэгъаз. УгукIэ штэ, уипсэкIодшIагъэхэр зэкIэ Ащ ыпашъхьэ илъхьэх ыкIи мырэущтэу елъэIу: «Зиусхьаныр, О къыосхьылIагъэх зэкIэ сэ сшъхьи симысагъи! УнэшIу къысщыгъаф! УилъыкIэ сыкъэукъэбзыжь!»

## 3. Теубытагъэ зыхэлъ лъэубэкъу шIы

Сэ зигугъу къэсшIы сшIоигъор нахь тэрэзэу къыжъугурыIоным пае, джыри зы хъугъэ-шIагъэ къышъуфэсIотэщт. Ар зыхъугъагъэр нацист рейхыр загъэпсыгъэ апэрэ илъэсхэр ары, а уахътэм IэнэтIэшхо зиIэ IофышIэ горэм сыIукIэн фаеу хъугъагъэ. Щтэм сызыIэкIиубытагъэу ыкIи сыкIэзэзызэ ащ ыдэжь сыкIощтыгъ, сыда пIомэ пасторхэм ащ фэдиз шъхьэкIафэ ащыгъум афашIыщтыгъэп. Ау, сэри ар згъэшIагъо икъугъ, а лIым сыкъыIуифыныр хэгъэкIыри, къысфэчэфэу къыспэгъокIыгъ ыкIи къысэдэIугъ. СиIоф зысэух нэужым сеупчIыгъ: «СыолъэIу къыуасIорэм укъедэIунэу! Ощ фэдэ IэнэтIэшхо зиIэхэр о укъызэрэспэгъокIыгъэм фэдэу къыспэгъокIыхэу ыкIи ясIорэм къедэIухэу мэкIэ дэд къыхэкIыгъэр. Ащ пае сызэрэпфэразэр уасIо сшIоигъу! Мырэущтэу укъысфэнэгуихыгъэу укъырэзэрэспэгъокIыгъэм пае шIухьафтынышхо къыпфэсшIы сшIоигъу. Сэ къэбар шIагъо къыпфэсIотэщт: Тхьэм дунаим ицIыфхэр ащ фэдизэу шIу зэрилъэгъугъэхэм къыхэкIэу, Ежь Ыкъо Закъор ытыгъ, хэти Тхьэм ЫкъокIэ шIошъхъуныгъэ зиIэр мыкIодэу къэнэжьыным ыкIи мыкIодыжьын щыIэныгъэ иIэ хъуным пае». Ар сэ гуфаплъэу къысэплъыгъ ыкIи къысиIуагъ: «Ащ пыдзагъэу къысфэ-

мыIуатэми хъущт, сыда пIомэ сятэ-сянэхэр Тхьэм ищынагъо зыгу илъ цIыф хьалэлых, сикIэлэгъум къыщегъэжьагъэу а къэба-рышIоу о къысфэпIотэнэу къебгъэжьагъэми сэ сыщыгъуаз. Ау..». ТхылъыпIэ тхьэпэ фыжь ащ къышти Iанэм къытырилъхьи, етIанэ къэлэмыр къышти, а тхылъыпIэ фыжьым гъунапкъэ щызэпырищыгъ, етIанэ къыIуатэрэм пидзэжьыгъ: «Зиусхьанэу пасторыр, зэкIэ о къызыфапIорэр сэ къызгурэIо ыкIи ащ сыкъезэгъы сшIоигъоу хъугъагъэмэ, мы згъэтхъыгъэ гъунап-къэм сыкъызэпырыкIын фаеу хъущтыгъэ, сищыIэныгъэкIэ джа-ры зэрэхъун фаери. А гъунапкъэм сэ сыпэблэгъабзэу сыщыт, – мыщ дэжьым ащ Iапэ фишIыгъ тхылъыпIэм къэлэмымкIэ щызэпырищыгъэ гъунапкъэм. – Сэри сшIэн фаеу къэнэжьырэ закъор теубытагъэ къызыхэзгъэфэнышъ, а гъунапкъэм себэкъо-нэу ары!» ЕтIанэ тIэкIу къэукIыти, ащ къыIуатэрэм къыпигъэ-хъожьыгъ: «Ау ащ тесыубытэнымкIэ пэрыохъу къысфэхъурэр цIыф зэхэтыкIэм щысыубытырэ чIыпIэр ары!» Сэ зэхэсхыгъэр лъэшэу гукъао сщыхъоу, ащ сыкъыбгъодэкIыжьыгъ. БэшIагъэ а лIыр зыщымыIэжьыр. ЦIыф зэхэтыкIэм чIыпIэу щиубытыщ-тыгъэм адрэ дунаим ар мыкIодэу зыми къыщигъэнэжьыщтэп! Ау ащ къыгурыIуагъ: «Тхьэм и Тетыгъошхо сычIэхьанэу сыфаемэ, а гъунапкъэм сышъхьапырыкIын фае».

Адэ о ащ фэдэ теубытагъэ-гупытагъэ къызыхэбгъэфэн плъэ-кIыщта? Е-ей, ащ укIэгушIужьынэу щыт! IаплIыкIэ узыIэкIиубы-тэнэу Исус о къыожэ! Теубытагъэ къызыхэгъафэри, а гъунапкъэм ебакъу – Исусым о IаплI къыуищэкIыщт!

## 4. ПсэкIод гъэнэфагъэм зыщышъудзый

СэшIэ сэ зы лIы горэ ишъхьэгъусэ шъыпкъэнызгъэу фыриIагъэр ыукъуагъэу. Ар нафэ къызысфэхъум, сэ ащ есIуагъ: «О уишъуз огъапцIэ ыкIи фэшъхьаф бзылъфыгъэ упылъ! О уишъуз насы-пынчъэ ошIы! ЕгъашIэрэу о укIодыщт!» Ежьым ащ мыщ фэдэ джэуап къысетыжьы: «ЗыпарэкIи ар къисыдзэрэп! Мары ар къыбгурызгъэIощт: сишъуз сэ сызыфэдэ цIыфыр къыгурыIо-рэп...» ЫкIи ащ къысфиIуатэу къыригъэжьагъ, мыхъун зекIуакIэ къызэрэхафэрэр гъэнэфагъэу ышIэщтыгъэ нахь мышIэми. Щы-хьэгъухэр зыIэ цIыфхэр нахьыбэрэмкIэ мары ахэмэ аIорэр: «Си-пый ары зэщыхьэныгъэм кIэщакIо фэхъугъэр!» ПIопэн хъумэ,

зэщыхьаныр щыIэ зыхъурэр зы лъэныкъом къыригъажьэмэ ары ныIэп. ЕгъашIэми зы нэбгырэ горэми зэщыхьаныр ежь къыригъэжьагъэу пфеуцолIэщтэп, арыба? Ренэу ар къезыгъажьэрэр адрэ лъэныкъор арэу къычIэкIы. Ау сэ къышъосIонэу сызыфаер, Тхьэм ащ еплъыкIэу фыриIэр ары, зэщыхьаныр цIыф уукIыным нахьи зыкIи нахьышIоп! Адэ сыд пае о зэщыхьаным кIэух фэмышIырэ? «Адэ сыда сэ сшIэн фаер?» – укъэупчIэ о. Ащ мыщ фэдэ джэуап сэ къестыжьыщт: «ПсэкIод гъэнэфагъэм зыщышъудзый!»

Шъукъызэтеуцори, шъор-шъорэу шъузэупчIыжь: «Сыда сэ сищыIэныгъэ къэзыушIоркъырэр? Зытет шъыпкъэмкIэ, сыд фэдэ шэн-зекIуакIа зыхэзгъэзыжьын фаер?» Ар бгъэунэфыныр ащ фэдизэу къин къышъущыхъущтэп! Джыри зэхашъушIэхэзэ псэкIодхэр шъушIэхэ хъумэ, Исус къышъуфигъэгъунышъ, ынэшIу къышъущифэнэу шъогугъа? Библием мырэущтэу итхагъ: «УипсэкIодшIагъэхэм афакIэгъожь!» КIодыгъэ къор фыкIэгъожьи, гъогу тэрэзым теуцожьыгъ. Шъо шъузэрэщытым фэдэу, хьылъэ онтэгъу шъутелъэу, шIошъхъуныгъэ шъуимыIэу Исус зыфэбгъэзэн плъэкIыщт. Арау кIодыпIэм уезыщэлIэрэ сыд фэдэрэ Iофэу зепхьэрэм зэкIэ защыбгъэзыен фае, ар зэрэпсэкIодыр гъэнэфагъэу пшIэу щытымэ.

Письмэ пчъэгъабэу къысIукIэхэрэм къаратхэ лъэшэу агу римыхьэу: «Пхъэшащэу хьыкум о зэрэпшIырэр. Мыр ыкIи модрэр псэкIодэу щытхэп!» ЫкIи бэрэ ягугъу къашIы, сэ сызытемыгущыIэгъахэхэу. ЗэкIэ ахэмэ зэфэхьысыжьэу сагъэшIырэм къыушыхьатырэр Исус Христос тетыгъор тищыIэныгъэ щиубытыным ахэр зэрэпэуцужьхэрэр ары. КъышъуасIорэм шъукъедэIу: шъуищыIэкIэ-псэукIэ мыхъун зекIуакIэу къыхафэрэр зыхэжъугъэзыжьынэу гупытагъэ къызыхэжъугъафэн ыкIи джарэущтэу Исус шъуищыIэныгъэ ыIэ ишъулъхьан шъулъэкIынэу лIыгъэ къызыхэшъумыгъафэмэ, шъо шIошъхъуныгъэ шъыпкъэм шъулъыIэсын ыкIи шIошъхъуныгъэ шъыпкъэр зижъугъэIэн шъулъэкIыщтэп. ПсэкIод гъэнэфагъэм зыщышъудзый!

## 5. Тхьэм дэгущыI!

Тхьэм шъузэрелъэIун фае шIыкIэр шъошIа? Езбырэу зэжъугъэшIэгъэ сатыр цIыкIу горэ шъуIупчъапчъэзэ къэшъуIон шъулъэ-

кIынкIи мэхъу, ау Тхьэм шъыпкъэу шъуелъэIушъущта? Ащыгъум зэжъугъашIэ: Тхьэм узэрелъэIун фаер зырызхэм къызэрагурыIорэ шIыкIэр зысэшIэм, ар зэрэзгъэшIэгъуагъэм шъхьац стетыгъэмэ зыкъаригъэIэтынигъи. Джырэблагъэ унагъо горэм сихьэгъагъ ыкIи бысымгуащэм мырэущтэу къысфеIуатэ: «Ары адэ, тэри тычыристан хьалэл шъыпкъэх. Кларочка, мыдэ моу садэжь къакIо!» Ным илъэсиплI зыныбжь ипшъэшъэжъые мары риIорэр: «О дэгъу дэдэу Тхьэм уелъэIуба, адэ пасторым тхьэлъэIу горэ къыфэIуатэри!» ЫкIи сабыим къыригъэжьагъ. Ау сэ псынкIэу ащ зэпезгъэгъэугъ: «Икъущт, икъущт, тхьэлъэIу горэ пасторым къыфэIотэгъэн фаеу щытэп. СышъолъэIу ащ щыжъугъэуцунэу! Мыр тхьэлъэIухэп! Тхьэм уелъэIуным къикIырэр Тхьэ псаум ыцIэкIэ чIыгум къытфехыгъэ Исус уепсэлъэныр, угу илъыр зэкIэ Ащ къыфэпIотэныр ары. Адэ зэгорэм о арэущтэу Тхьэм уелъэIоу къыхэкIыгъа?»

Инджылызым щыщ епископ Робинзон «Фэшъхьафырэ Тхьэр» зыфиIорэ тхылъ щынагъор ытхыгъ. А тхылъым къызэрэщиIорэмкIэ, джырэ тилъэхъан щыIэ цIыфыр ащ нахьыбэкIэ Тхьэм елъэIужьышъурэп. Шъыпкъэ, сэ ащ десэгъаштэ. Ау ащ къыушыхьатырэр тхьэлъэIур арэп зыпэшIуекIорэр, джырэ тилъэхъан щыIэ цIыфыр ары нахькIэ! Шъыпкъэба? А епископэр зыфаер зэкIэ чыристан пстэури икIэрыкIэу ыгъэсэжьынхэу ары, сыда пIомэ джырэ тилъэхъан щыIэ цIыфхэр ащ нахьыбэкIэ Тхьэм елъэIужьышъурэп. Арэущтэу Iофыр зыхъурэм, ащыгъум фэшъхьаф шъыпкъ къэсIосщтыр: «НахьышIур джы щыIэ цIыфым икIэрыкIэу Тхьэм зэрелъэIун фае шIыкIэр зэрерэгъашI!»

Зэгорэм Тхьэм уелъэIунэу пылъ! Ары пакIошъ, аукъодыеу мырэущтэу Тхьэм зыфэбгъазэми: «О Зиусхьан, укъэзгъотынымкIэ IэпыIэгъу къысфэхъу!» Е: «О Зиусхьан, сымыкIодэу сыкъэгъэнэжь сэ!» Е: «О Зиусхьан, шъыпкъэныгъэ зыхэлъ шIошъхъуныгъэм сыфащ!» Е: «О Зиусхьан, къысфэгъэгъух сипсэкIодшIагъэхэр!» Егъажьэри ары ныIэп! Ащ лъыпытэу Тхьэм дахэу уелъэIунэу зэбгъэшIэщтэп. Пастор зырызхэм тхылъыр зыдаIыгъэу, ащ къеджэхэзэ, дахэу япсалъэ зэгъэкIугъэу Тхьэм елъэIунхэкIи мэхъу. Ау тэркIэ ащ фэдизэу мэхьанэ иIэп дахэу типсалъэ зэгъэфагъэу Тхьэм телъэIуным, анахь мэхьанэ зиIэр Тхьэ псаум, зытет шъыпкъэмкIэ, тепсалъэу едгъэжьэныр ары. Ежъугъажь, етIанэ тхьэлъэIу шIыкIэр шъуIэ къихьащт!

ЗэжъугъашIэ: шIошъхъуныгъэ уиIэным къикIырэр си-Зиус-

хьанрэ сэрырэ тыгу зэфихыгъэу тызэфыщытыныр ары. Арэу зыхъурэм, узэмыпсэлъэнэу хъухэщтэп, тэрэзба къасІорэр? Джащыгъум сэ Ащ сепсалъэ, Ежьыри сэ къысэпсалъэ. Арышъ, джы къыкІэлъыкІорэ Іофыгъом сыкъекІолІагъ.

## 6. Библием шъуедж!

Адэ сыдэущтэу Тхьэр цІыфым къыдэгущыІэра? Ащ Ар къызэрэдэгущыІэрэр Библиер ары! Джащ къыхэкІэу шъо шІокІ имыІэу Библием шъуеджэн фае! «Джы хэти Библием еджэжьырэп!» – къышъушІошІы шъо. ГухэкІ нахь мышІэми, джары зэрэхъугъэр. Зэгорэм сэ зэхэсхыгъагъэ мыщ фэдэ шъхьэусыгъо. КъэбарышІум рылэжьэрэ чыристанхэм реформацием имафэ агъэмэфэкІы зыхъукІэ ренэу къаІорэр Лютер ыусыгъэ гимнэу «ЦыхьэшІэгъу ухъумапІэ» зыфиІорэр ары. Мары ар къызэриухырэр: «Щэрэт ГущыІэр ичІыпІэ имыкощыкІыжьэу!» Арыти, чыристанхэм ар тхылъхэр зытыралъхьэрэ мэкІаем тырагъэуцуагъ ыкІи ащ ІэкІэ нэсыжьыхэрэп, ау мары зэрэгупшысэхэрэр: «Мары ар цыхьэшІэгъоу ыкІи ухъумагъэу ичІыпІэ щыт!» Ау Лютер а игущыІэхэм ащ фэдэ мэхьанэп къаригъэкІыщтыгъэр.

Унэхэм сарыхьэ зыхъукІэ, зэхэсхэу бэрэ къыхэкІы: «Ары, зиусхьанэу пасторыр, ары пакІошъ, тиІ тэ 1722-рэ илъэсым къыдагъэкІыгъэ Библиер, ар зиягъэр тянэ янэжъ ары!» ЕтІанэ къысфахьы а тхылъыр, гъэнэфагъэу хэти зэмыджэрэр! Ижъырэ Библиехэм шъхьэкІэфэшхо афэсэшІы нахь мышІэми, игъоу къышъуфэслъэгъурэр КъэбарышІур зыдэт тхылъ цІыкІу зэжъугъэгъотынэу ары! Ахэмэ ащыщхэр сІэгу нахьи нахь цІыкІух. КъэбарышІур шІущэу зэгъэфагъэу къыдагъэкІыгъэхэуи щыІ. Джырэ тилъэхъан ащ фэдэу къыдагъэкІыгъэ тхылъым шъущэфы!

ЕтІанэ мафэ къэс ащ шъузыщеджэщт уахътэр жъугъэнафэ. ЫкІи шъугу етыгъэу шъуедж! Ежь Исус арыба шъо къыжъудэгущыІэрэр!

ЗыпарэкІи ямэхьанэ къыжъугурымыІоу чІыпІэхэм шъуарихьылІэнкІи мэхъу, ау рэхьатэу къыкІэлъыкІорэм шъуедж. Сэ сыздэлажьэрэ ныбжьыкІэхэм мырэущтэу агурысэгъэІо зэпыт: «Бразилием щыщ фермер горэм къызэрэсфиІотагъэмкІэ, зыщыпсэурэ чІыпІэм апэ рапшІэу къызэкІом чІыгоу ащ къыфыпаупкІыгъагъэм мэз зэхэкІыхьагъ тетыгъэр. Чъыгхэр ри-

хынхэ, чъыг лъапсэхэр къыхитIыкIынхэ ыкIи мыжъошхохэр Iуихынхэ фаеу хъугъагъэ. ЕтIанэ цуитIу кIишIи, пхъэIашэкIэ а чIыгур зижъон фэегъэ мафэри къэсыгъ. Ау лъэубэкъуищи ымыкIузэ, ащ ипхъэIашэ мыжъом шIонагъ. Сыда адэ фермерым ышIагъэр? Ядэжь кIожьи, динамит къызыдихьи, мыжъохэр къыгъэуагъэх пхъэIашэри цухэри дыригъахьэу? Хьау! ИпхъэIашэкIэ ар мыжъом ебгъукIуагъ ыкIи ижъон лъигъэкIотагъ. ЗэкIэ хьасэм ижъон зеухым, чIыгум итеплъэ хьазырэу гугъэкIодэу щытыгъ. Арэу щытми, зэгорэущтэу чылапхъэхэр хилъхьагъэх ыкIи зыгорэхэр Iуихыжьыгъэх. КъыкIэлъыкIогъэ илъэсым а хьасэр ащ ыжъо зэхъум, Iофыр нахь къыфэпсынкIагъ. ЛэжьакIом джыри хьасэм къыхэнэгъэ чъыглъапсэхэр къыхитIыкIыгъэх, гъэнэфагъэу лэжьыпIэр джыри нахьышIу хъугъэ. Ящэнэрэ илъэсыми хьасэр джыри ащ нахь лэжьыгъошIу хъугъэ.

Джащ фэд шъори Библием шъузэреджэн фаер. Зэгорэм ежъугъэжьэн фае! ЧIыпIэ горэ къыжъугурымыIоу къыхэкIми, ар блэшъутIупшыгу. Ау амал иIэу зэпышъумыгъэу! ЕтIанэ КъэбарышIум иапэрэ шъхьэхэм ащ лъыпытэу мыщ фэдэ гущыIэхэр къахэфэщтых, мары ахэр: «Исус ылъэпкъ ипсэкIодхэм къаIэкIихыжьынышъ, мыкIодхэу къыгъэнэжьыщтых». Джащыгъум о мырэущтэу къэпIощт: «Ар сэ къызгурэIо! Ащ сэ десэгъаштэ!» Джаущтэу Тхьэм амал ешъут БиблиемкIэ къыжъудэгущыIэн ылъэкIынэу! Тхьэм и-ГущыIэ шъуеджэным пае мафэ къэс уахътэ къыхэжъугъэкI! Мыщ дэжьым Ащ шъуелъэIу: «О Зиусхьан! ШIэныгъэ къысэт! Сызаджэрэр къызгурыIонымкIэ IэпыIэгъу къысфэхъу! Къэфэгъэнэфых сыгу, сиакъыл ыкIи сыпсэ!»

Джыри мыр къыхэзгъахъо сшIоигъу: Библием нэIаекIэ шъуригъэплъыныр хэти фэшъумыд. Библиер – тхылъ шIагъу! Библием фэдэу цIыфхэм нахь ящыкIагъэу ыкIи узыIэпызыщэрэ тхылъ дунаим тетэп!

СыдзэкIолI ныбжьыкIэу, апэрэ дунае заом илъэхъан, зэгорэм сэ разведкэм сагъэкIуагъэу сыщыIагъ. Пчыхьэ хъугъагъэ. Мэзахэ къэхъоу ригъэжьэгъагъ. Хьотэ куум инэпкъ сыIусэу сыщысызэ, зэкIэм гу лъыстагъ мэзахэм къыхэщэу типыйхэм япщэрыхьапIэу сысызэ мэкIэ-макIэ, мэзым хэупкIыгъэу фашIыгъэ гъогум рыкIозэ зэрэщыкIуашъэрэр. Ары пакIошъ, а мэз гъогум арэущтэу урыкIон плъэкIыщтыми тэ тшIахэщтыгъэп. Ау а пыйхэм япщэрыхьапIэу шIункIы къэхъуфэ емыжагъэм, нафэ къытфишIыгъ пыйхэм ящытыпIэ екIолIапэу иIэр. Арыти, къыдгурыIуагъ:

пщэрыхьапIэр ащ рыкIон елъэкIымэ, ащыгъум а гъогум рыкIонхэ алъэкIыщт лъэсыдзэми, щэгынхэр зезыщэрэ колоннэхэми. Мы чIыпIэр ары пыим екIолIапIэу иIэр зыдэщыIэр! Адэ сыда тэ тшIагъэр? ЗыгорэкIэ мэз Iапчъэм тынаIэ тедгъэтэу тылъыплъэнэу, ау тямыонэу итхъухьэгъэна? Хьау, арыхэп тэ тшIагъэр: а мэз Iапчъэр ары чэщ реным къаом хэтэу тIыгъыгъ!

КъышъуасIорэм шъукъедэIу! Библиер екIолIапIэу, гъомлапхъэхэмрэ щэгынхэмрэ зищыкIэгъэ чIыпIэм нэгъэсыгъэнхэмкIэ агъэфедэрэ гъогоу, чыристанхэм акIуачIэ гъэпытэгъэным пае, Тхьэм игъогоу ары зэрэщытыр. Шэйтаныр зэрэтхьагъэпцIым къыхэкIэу Тхьэм а игъогу ары зэонэу къыхихырэр. Шъэожъые шъхьэпае горэм пхъэтэпэмыхь ышIэу мырэущтэу къыIощт:» Е! Мыри сыд тхылъ!» Анахь IушыкIэ алъытэрэ профессорхэм аIорэр Библиер цIыфыIэхэм атхыгъэ къодыеу ары. КъыжъугурэIуа шъо? Джары зэкIэми зыщызэдырагъаштэрэр: Библием утын ехыгъэн фае! Ау шъо Тхьэм ибынхэу, мыкIодыжьын щыIэныгъэ шъуиIэ шъухъунэу шъуфаемэ, ащ фэдэ гущыIэхэм зяшъумыгъэгъэгумэкI. Библием нэIаекIэ шъуезыгъэплъынэу къышъупыхьэхэрэм шъуямыдэIу! Библием къызэрэщиIорэмкIэ, Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ зыгу илъы хъугъэхэу ыкIи ащ ригъэшIагъэу щытыгъэ цIыфых ар зытхыгъэхэр. ЫкIи Библием шъуеджэнэу зэжъугъажьэкIэ, шъори шIэхэу къыжъугурыIощт ащ фэшъхьафэу Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ зэрэхэлъыр.

Зэгорэм лIы горэ къысэтхьаусыхылIэгъагъ: «СэрыкIэ Тхьэм и-ГущыIэ псэ пымыт шъыпкъэу щыт. СымыкIодэу Тхьэм сыкъыгъэнэжьынэу сыфай, ау Ащ и-ГущыIэ зыпари къызгурыIонэу къизгъэкIырэп». Мыщ фэдэ джэуап ащ естыжьыгъ: «Тхьэм Ежь ЫIпсэ ЛъапIэ угу илъынэу елъэIу! Илъэсым ызыплIанэ къыкIоцI, ищыкIагъэ хъумэ, мафэ къэс елъэIу: «О Зиусхьан, уи-ГущыIэ къызгурыIоным, шIошъхъуныгъэ сиIэу хъуным пае у-Псэ ЛъапIэ сыгу илъхь!» КъыуасIорэр пшIошъ гъэхъу: гъэнэфэгъэ шъыпкъэу Тхьэм джэуап къыуитыжьыщт!

Джы аужырэ къэбарыр къышъуфэсIуатэ сшIоигъу:

## 7. Тхьэм и-ГущыIэхэм шъуачIэуцун фае!

Тхьэм и-ГущыIэ къабзэ зыщызэхэшъухын шъулъэкIыщщт чIыпIэм шъукIу! Игъом къышъуасIомэ сшIоигъор зэхэгъэкIухьэгъэ

КъэбарышIур къызыщаIотэрэ зэIукIэхэр непэ зэрэщыIэхэр ары. Ащ фэдэ чIыпIэм сэ сыкIоныгъэп, сыда пIомэ КъэбарышIу къабзэр ары гушIуагъо зыхэзгъуатэрэр нахькIэ, зэхэгъэкIухьагъэ горэп сищыкIагъэр! ГушIуагъо зыхэлъ КъэбарышIур арыми арымырыми шъо къышъуфаIуатэрэр ащ лъыпытэу къыжъугурыIощт. КъэбарышIур къафэзыIотэн зылъэкIыщт дин пащэхэр тыдэкIи щыбгъотынхэ плъэкIыщт. Сыд фэдэ чIыпIэ шъуифагъэми, тыдэ шъущыIэми, ар зэхэзыхы зышIоигъохэр гъусэгъу шъушIых. Джырэблагъэ сэ лIы горэм мырэущтэу къысиIуагъ: «ОшIа, о, сышъхьэзэкъоныр сэ сишэн?» Мыщ фэдэ джэуап ныIэп ащ естыжьын слъэкIыщтыр: «Чыристанхэм уахахьэу-уахэкIэу емыгъажьэмэ, Тхьэм и-ГущыIэ зыщараIотэрэ чIыпIэхэм уащымыIэрэмэ, ащыгъум мыкIодыжьын шIошъхъуныгъэ о уиIэн плъэкIыщтэп!»

Сипсалъэ икIэухым зэгорэм нэIуасэ сызыфэхъугъэгъэ ныо горэм икъэбар къышъуфэсIуатэ сшIоигъу. Зэгорэм кIэлакIэ горэм мырэущтэу къысиIогъагъ: «Мы ныожъым ехьылIагъэу ащ нахьыбэкIэ къытфэмыIотэжь!» Сыд япшIэна – джащ фэдэх джырэ ныбжьыкIэхэр! Арэу зэрэщытзэ, а бзылъфыгъэ хэкIотагъэм сищыIэныгъэ къэгъэзапIэ фэхъунымкIэ ишIогъэшхо къысэкIыгъ. Джащ фэдэу а бзылъфыгъэм ишIуагъэкIэ инженерищ Исус шIошъхъуныгъэ фыряIэ хъугъэу сарихьылIагъ. Сэ гу лъыстагъ а бзылъфыгъэм кIочIэ ин дэдэ къызэрэпкъырыкIырэр, джащ пае сэ ар зыщыпсэурэр къызэзгъэгъотыгъ. Ар шахтер горэм ишъузабэу шытыгъ. Ар лъэшэу гушIуагъэ ыдэжь сызэрэкIуагъэм пае ыкIи къысфиIотагъ Исус ышIошъ зэрэхъугъэ шIыкIэр. Зэгорэм къэлэ гъунэщтыгъэу, джы Эссен щыщ хъужьыгъэм ащыгъум ар щыпсэущтыгъ. Газетым итэу ар еджэгъагъ Паулус-кирхе (чылысым ыцI) пасторитIоу къэкIогъакIэхэр зэIукIэм нэIуасэ къыщыфашIыныхэу. Джащыгъум ащ ежьым ипшъэшъэгъухэм ариIуагъ: «ЭссенкIэ ащ фэдэр сыдигъокIи хъугъэ-шIэгъэ инэу щыт. ТызэдэжъугъакIу ащ!» Губгъохэр зэпачыхэзэ ахэр Эссен кIуагъэх. Паулус-кирхе екIурэ гъогур кIыхьагъэ. Пшъашъэхэр ащ нэсыфэхэкIэ, бэдэдэ зычIэфэрэ Паулус-кирхе чIэзэрэмыгъэфэжьыхэу цIыфыр чIизы хъугъагъэ. Арыти, ахэр зэкIэми акIыб дэуцуагъэх. Джы мары апэрэ пасторыр – Юлиус Дамманн ыцIэ къыраIо, цIыфхэм нэIусэ къафашIы. Ащ Эссен лъытэныгъэшхо щыфашIыщтыгъ. Бзылъфыгъэм къеIуатэ: «Юлиус Дамманн кафедрэм къыкIэлъырыуцуи, апэрэу ипсалъэ къыригъэжьагъ:

Тхьэм дунаим ицIыфхэр ащ фэдизэу шIу зэрилъэгъурэм къыхэкIэу, Ежь Ыкъо Закъор ытыгъ, хэти Тхьэм ЫкъокIэ шIошъхъуныгъэ зиIэр мыкIодэу къэнэжьыным ыкIи мыкIодыжьын щыIэныгъэ иIэ хъуным пае. Ащ нэужым пасторым талъэныкъокIэ зыкъыуфи къыпигъэхъожьыгъ: Библием хэт гущыIэ минишъэ пчъагъэхэм ащыщэу гущыIэу КIодыныгъэр зыфиIорэм фэдэу сыщыщынэу зыпари ахэтэп. Тхьэм зыфэмыгъазэу егъэшIэрэу укIодыжьыни плъэкIыщт. Ау ащ къикIырэр джэхьнэм! Ащыгъум сэ сыпшъэшъэ ныбжьыкIагъ ыкIи чылыс инышхом ичIэхьэгъу шъыпкъэ дэжь сызыдэщытыгъэр. Ащ щэхъу зэхэсхыгъэп. ПчыкIэм фэдэу а гущыIэхэр къысхэуагъэх: ащыгъум сэри сыкIодыгъэба! Сэри джащ фэдэу Тхьэм мамырныгъэ дысиIэп ныIа! Сэри сипсэкIодшIагъэхэр къысфагъэгъугъэп! Сэри Тхьэм сырибынэп! СыкIодыгъ сэ! Чъыем сыхэтым фэдэу, тадэжь сынэсыжьыгъ. Мэфищ тешIагъэу сятэ къысэупчIыгъ: Усымаджа? Джащыгъум сэ сызэгупшысэхэрэр сянэ-сятэхэм агурызгъаIомэ сшIоигъоу садэгущыIагъ. Уиакъыл зэщыкъуагъэ? Уинервхэр зэIэхьагъэхэшъ гъэнэфагъэ!» Ащыгъум ащ зы нэбгырэ горэми гуригъэIон ылъэкIыгъэп аджалым фэдэу ар зыщыщынэщтыгъэр: «Сэ сыкIодыгъ!» Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ зылIэужыгъор зэхэшъушIэным пае ыкIи «СыкIодыгъ!» зыфиIорэ гущыIэр къыжъугурыIоным пае ащ фэдэ хъугъэ-шIагъэм шъори шъуеутэкIымэ сшIоигъу шъуапэкIэ шIоу щыIэр зэкIэ къыжъудэхъуным пае. Ащ пыдзагъэу ныом къыIуатэщтыгъэ: «ТхьэмэфиплIым къыкIоцI зэрымырым фэдэу сыхэтыгъ. Ау джыри седжагъ пасторэу Дамманн чылысым къызэрэщыгущэIэщтыр. Джыри сэ Эссен сычъагъ. Гъогум сытетыфэ Тхьэм селъэIущтыгъ. Сшъхьэ къихьэгъэгъэ закъор орэдым щыщэу сатыр заул, зы тхьэлъэIу ныIэп: «Зызакъу ныIэп, Зиусхьан, сэ сищыкIагъэр /О усшIэным сыфэгъас! /Адрэхэр зэкIэри бжьы хьылъэу /Сэ сыхафызэу стелъых.» Гъогум тетыфэ пшъэшъэжъыем а орэд сатырэхэр зэпымыоу къыкIиIотыкIыжьыщтыгъэх. Джы мары ар Паулус-кирхе къэсыгъ. Дамманн къэгущыIэ. Джыри чылысым чIэзэрэмыгъэфэжьыхэу цIыфхэр чIизых. Джыри а чылысым чIэхьан ылъэкIырэп бзылъфыгъэр ыкIи чIэхьапIэм ыдэжь къыIонэ щытынэу. Джыри ащ къыкIеIотыкIыжьы орэдым щыщ сатырхэр: «Зызакъу ныIэп, Зиусхьан, сэ сищыкIагъэр /О усшIэным сыфэгъас! /Адрэхэр зэкIэри бжьы хьылъэу /Сэ сызэхафызэу стелъых». Ащ нэужым чылысым чIэт цIыфхэм къаIоу рагъэжьэгъэ орэдыр зыдэт тхылъыр къызэгуехы. Лъэшэу ыгъэ-

шIэгъуагъ а орэд дэдэу «Зызакъу ныIэп, Зиусхьан, сэ сищыкIагъэр, О усшIэным сыфэгъас...» зыфиIорэр къызэраIорэр. Арыти, пшъэшъэжъыкр егупшысагъ: «ЗэкIэми а орэдыр тхьэлъэIум фэдэу къаIомэ, ащыгъум зыгорэ къэхъун фае!» Ащ нэужым пасторэу Дамманн кафедрэм къыкIэлъырэхьэшъ, КъэбарышIур Иуан къызэриIотагъэм щыщ сатырэхэм къяджэ: «Исус мырэущтэу къытеIо: Къэлапчъэр сэры. СэркIэ дахьэрэр мыкIодэу къэнэжьыщт... Амин». Ащ къыIуатэщтыгъэ: «Джы сэ ятIонэрэу чылысым сызэрэчIэхьагъэр ыкIи джыри а гущыIэм щэхъу сшъхьэ къихьэщтыгъэп, сыда пIомэ а такъикъым сэ нафэ къысфэхъугъ: ЛIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэ Исус ары щыIэныгъэм ыдэжь кIорэ къэлапчъэр! Сэри а къэлапчъэмкIэ сихьагъ. Пасторым къыIуагъэм щыщэу ащ щэхъу зэхэсхыжьыщтыгъэп, ау зэхэсхыгъахэри сэрыкIэ икъущтыгъ. Сэ щыIэныгъэм сыхэхьагъ!»

«Чылысым сыкIорэп! Ащ жьэу чIэтыр сфэщаIэрэп. Ащ нахьи нахьышIу мэз шхъуантIэм сыкIомэ, бзыухэм яорэдыIуи, пкIашъэхэр зэрэIушъашъэхэрэми сядэIумэ», – аIоу къысаIоу къызыщыхэкIырэм, а хъугъэ-шIагъэр къафэсэIуатэ. АIорэм десымыгъаштэу ахэмэ мырэущтэу ясэIо: «Тхьэм и-ГушыIэ едэIунэу чылысым мыкIогъагъэмэ, а бзылъфыгъэр егъашIэми мыкIодыжьын шIошъхъуныгъэ ыгъотыныеп!»

Сыда адэ тэ тшIэщтыр! ШъуишIошъмыхъуныгъэжъыр щыжъугъэзый! ШъупсэкIодынчъэу къызэрэшъушIошIырэм кIэух фэшъушI! Теубытагъэ зыхэлъ лъэубэкъу шъушIы! Гъэнэфэгъэ псэкIодми зыщышъудзый! Тхьэм дэгущыI! Библием шъуедж! Тхьэм и-ГущыIэхэм шъуачIэуцу!

«Сыда адэ тэ тшIэн фаер?» – зыфиIорэ упчIэм иджэуап къестыжьын фэягъэ. ИкъукIэ къэгъэшъыпкъэгъэ джэуапхэр ащ къестыжьыгъэх. Ау икIэухым гущыIэ заулэхэмкIэ анахь мэхьанэ зиIэр къисIотыкIын фае.

Зэтет шъыпкъэмкIэ къэпIон зыхъукIэ, анахь мэхьанэшхо зиIэр тизекIуакIэ арэп, зэкIэми анахь мэхьанэшхо зиIэр – Тхьэм тэ Исус къытфыригъэшIагъэр ары! Джа къэбар гушIуагъор ары шъо къышъосIуатэмэ сшIоигъор: «Тэ зэкIэми Исус зэкIэри къытфишIагъ! Ар тэщ пае дунаим къытехьагъ. Ащ тэ икIэрэкIэу тыкъигъэхъужьыгъ. Тхьэм иджабгъукIэ Ар тэщ пае щыс. Ар – тиIахъо Хьалэл, имэлхэм апае зэкIэри зышIэрэр ары. Тхьэм фэгъэхьыгъэ я 23-рэ орэдым хэтэу мырэущтэу ащ къеджэрэм къытфеIо: «Зиусхьаныр – сиIахъоу щыт ыкIи джащ пае зыми

сыфыщыкIэщтэп...» ЕтIанэ Iахъо Хьалэлым ащ къыфишIэхэрэр зэкIэ бэдэдэ хъухэу къеIуатэ. Сэри къыжъудэхъумэ сшIоигъор джащ фэдэ къабзэу шъори мырэущтэу къэшъуIон шъулъэкIынэу ары: «Зиусхьаныр – сэ сиIахъо Хьалэл!»

# СЫДА ТХЬЭМ ЗЫПАРИ КЪЫЗЫКIИМЫIОРЭР?

Дунаим жъалымыгъэу щызэрахьэхэрэм шъхьацышъор къагъэтэджы!

Сыхэмыукъорэмэ, ар зыхъугъагъэр 1937-рэ илъэсыр ары: Эссен иурам горэм сытетыу сыкIозэ, лъэшэу гумэкIым зэлъиштэгъэ, илъэс 16 зыныбжь кIэлакIэ горэм сыIукIагъ. НыбжьыкIэхэу Iоф зыдасшIэхэрэм ащыщыгъэти, ар синэIосагъ ыкIи ащ пае сеупчIыгъ: «Сыда къыохъулIагъэр?» СиупчIэ иджэуапэу мыр зэхэсхыгъэ: «ЕгъэзыгъэкIэ сымэджэщым сычIагъэгъуалъхьи сасэкIыгъ сянэ зэрэджуртым пае. Тадэжь сыкъызэкIожьым, сянэсятэхэр ащ изгъотэжьыгъэхэп». Нэужым ар ахэмэ атеплъэжьыгъэп. Ятэ агъэтIысыгъагъ, янэ дадзэгъагъ концентрационнэ лагерэу Аушвиц! Сэ сшIэн слъэкIыгъэ закъор – кIалэр Голландием згъэкIоныр ары. Ащ икIи, етIанэ ар Америкэм кIожьыгъагъэ. Ау сэ егъашIэми а кIалэм ынэгу зыфэдагъэр сщыгъупшэжьыщтэп: «ЕгъэзыгъэкIэ сымэджэщым сычIагъэгъуалъхьи сасэкIыгъ сянэ зэрэджуртым пае. Тадэжь сыкъызэкIожьым, сянэсятэхэр ащ изгъотэжьыгъэхэп!» Ау ащ фэдэ хъугъэ шIагъэхэр миллион пчъагъ зэрэхъущтыгъэхэр! Джащыгъум мыщ фэдэ упчIэхэр къэуцух: «Адэ Тхьэр? Тыдэ щыIа Тхьэр? Сыда Тхьэм зи зыкIимыIорэр?»

Нэмыц усэкIо цIэрыIоу Фридрих Шиллер зэхилъхьэгъэ усэу «ГушIуагъом теуфагъэу» зыфиIорэм мыщ фэдэ сатыр хэт: «Скъошхэр! Жъуагъохэм ашъхьагъ щыIэ дунаим тэ шIу тызылъэгъурэ Тятэ щыщыI!» Ау джырэ тилъэхъан щыIэ цIыфым мырэущтэу къыIон елъэкIы: «Скъошхэр, жъуагъохэм ашъхьагъ щыIэ дунаим шIу тызылъэгъурэ Тятэу щыIагъэм ыпсэ пытыжьэп!»

«Адэ тыдэ щыIа Тхьэр? Сыда ащ фэдэ жъалымыгъэхэр Ащ зыкIафидэхэрэр? Ахэмэ афэдэ жъалымыгъэхэр зэрэзэрахьэхэрэм сыда Ащ зыгори къызыкIыримыIуалIэрэр?» – ахэмэ афэдэ упчIэхэр зышъхьэ къихьэрэ цIыфхэр гупшысэ щынагъом зэлъештэх: «ЗыгорэкIэ Тхьэр щымыIахэмэ? Енэгуягъо ошъогум зыпари щымыIэкIэ?! ЗыгорэкIэ атеизмэр нахь шъыпкъаIомэ?!» Синыбджэгъухэр, ащ фэдэ гупшысэхэр зышъхьэ къихьэхэрэм инэу щынэнхэ фае: зытет шъыпкъэмкIэ, Тхьэр щымыIэу къычIэкIыгъагъэмэ, ащыгъум тхьамыкIэгъошхоу ар къычIэкIыныгъи. Ащыгъум тэ – цIыфхэр, тэ – гукIэгъунчъэхэр, тизакъоу тыкъызэ-

фэнэныгъэхи. Ащыгъум тызыфэдэ хъущтгъагъэр кIэлэцIыкIу гъощагъэхэу зиунэ къэзыгъотыжьын зымылъэкIыхэрэр ары. Тхьэр щымыIуи? Ар боу тхьамыкIагъу къэпIонкIэ. АщкIэ шъо къашъуIорэм имэхьанэ тэрэзэуи къызыгурыжъугъэIон шъулъэкIырэп! Ащ къикIырэр дунае мэхьанынчъ тызытетыр! Тэ тызэрэфаеу тызекIонэу тыкъызэлъэханэ! Тэ тизакъоу тыкъызэфанэ! ЦIыфымкIэ цIыфым нахь щынагъо хъужьырэп, арыба зэрэщытыр? Рим щыпсэущтыгъэхэм мыщ фэдэ гущыIэжъ яIагъ: «ЦIыфыр цIыфымкIэ тыгъужъ!» Сыдэу щынагъуа!

КъышъуфэсIотэшъущтэп ипчъагъэ, сызэрэпасторым пае, садэжь къакIохэу мыщ фэдэ упчIэхэр къызэрэсатыхэрэр: «Сыдэущтэу Тхьэм ащ фэдэ жъалъымыгъэхэр афидэхэра? ЗэкIэ ахэмэ сыда Тхьэм зыгорэ къазыкIыримыIуалIэрэр?» Ащ фэдэ упчIэ бэрэ къызэрэсатырэм пае, ащ иджэуап джы къестыжьынэу сшIоигъу.

Ау ыпэрапшIэу къышъуасIомэ сшIоигъу Тхьэм сыритхакIоу сызэрэщымытыр. Игухэлъхэр сэ къысиIотагъэхэу щытхэп ыкIи игухэлъхэри стхынхэуи къысэлъэIугъэп. КъасIорэр шъо къыжъугурэIуа? Тхьэр къызыгурыдгъэIон тлъэкIыщтым фэдэу къызышIодгъэшIыныр акъылынчъагъэу зэрэщытыр гъэнэфагъэ. Сэ къызгурыIон слъэкIыщт Тхьэр, енэгуягъо, гъэсэкIо-егъэджакIоу е хъызмэтым пылъ IофышIэу щытын фаекIэ. Ахэр сэ къызгурыIонхэкIи мэхъу. Ау, зытет шъыпкъэмкIэ, сэ къызгурыIон слъэкIыщтыр Тхьэу щытын ылъэкIыщтэп. Библием ичIыпIэ горэми Тхьэм мырэущтэу къыщеIо: «Сэ сигупшысэхэр шъо шъуигупшысэхэп, Шъуигъогухэри шъо – сэ сигъогухэп». А гущыIэхэм шъыпкъэм урагъэуцуалIэ.

Арэу щытыми, Библием ащкIэ шIэныгъэ горэхэр къыхэсхыгъэх, арэу зыхъукIэ амалэу сиIэмкIэ «Сыда Тхьэм зи къызыкIимыIорэр?» зыфиIорэ упчIэм иджэуап къестыжьмэ сшIоигъуагъ.

## 1. Лъапсэу иIэмкIэ, упчIэр тэрэзэу гъэуцугъэп

АпэрэмкIэ, сэ къэсIон фаер упчIэу «Сыда Тхьэм зыгорэ къызыкIимыIорэр?» зыфиIорэр тэрэзэу зэрэмыгъэуцугъэр ары. Мыщ яхьыщыр ар зэрэхъурэр: хьыкумыр зыщызэхащэрэ унэкIоцIым хьыкумэшIыхэм япхъэнтIэкIу шъабэхэм зиусхьанэу Шульце бзылъфыгъэр ыкIи пасторэу Буш атесых, зиIоф аIохэрэм япхъэн-

тIэкIу Тхьэр тес. ЫкIи тэ Ащ мырэущтэу етэIо: «ЗиIоф аIорэ Тхьэр, сыдэущтэу мыхэмэ афэдэ жъалымыгъэхэр ашIэнхэу фиты пшIыхэра? Сыда О зыгорэ къызыкIэмыIорэр?» Гъэнэфагъэ шъыпкъэу къышъуасIомэ сшIоигъуагъ: «ЩыIэп ащ фэдэ Тхьэ, зиIоф аIохэрэм япхъэнтIэкIу пфытетIысхьанэу, о хьыкумэшIыхэм япхъэнтIэкIу шъабэ утесэу узэригъэупчIынэу!

Пастор ныбжьыкIэ дэдэу сыщытэу къысэхъулIэгъэгъэ емыкIу хъугъэ-шIагъэ горэ къышъуфэсIотэжьмэ сшIоигъу. Илъэс 27-рэ ныIэп ащыгъум сыныбжьыгъэр, зэкIэри лъэшэу зыгъэгумэкIыгъэхэ забастовкэр шахтерхэм къаIэтыгъакIэу Эссен сыкъэкIогъагъ.

Мафэ горэм цIыф купышхоу зэхэтым саблэкIыщтыгъэ. Хъулъфыгъэ горэ сабын зыдэлъыгъэ пхъэ къэмланышхом тетэу ыпашъхьэ къыщызэрэугъоигъэ цIыф жъугъэхэм мэкъэ IэтыгъэкIэ къадэгущыIэ. Гъаблэм ригъэзыгъэ кIэлэцIыкIухэм, лэжьэпкIэ макIэ къазэрэратырэм, IофшIэн зэрамыгъотырэм ар къатегущыIэщтыгъэ. ЗэкIэм ащ сэ гу къыслъитагъ, сыкъишIэжьыгъ ыкIи куоу ригъэжьагъ: «А, марыба пасторыри! Моу мыщ дэжьым къакIо!» ШIу зыгу илъэу къысаджэхэрэм адэжь сякIуалIэу сихабзэ. Арыти, сызэресагъэу купым секIолIагъ. ЦIыфхэр зэбгырэкIотых ыкIи сэри къэгущыIэрэм секIолIэ. Шахтер нэбгыришъэ фэдизмэ сыкъаухъурэигъ. Сэ тIэкIу сыкъэщтэуIугъ, сицыхьэ зытемылъыжьэу сыкъэгумэкIыгъ. Ащ фэдэ чIыпIэ уифэмэ, узэрэзекIон фаем университетым сыщыфагъэсагъэу щытыгъэп. Псалъэр къэзышIырэм къыздыригъэжьагъ: «Мыдэ моу къасIорэм къедэIу, пасторыр! Тхьэр щыIэу щытымэ, сэ ащ хэшIыкI фысимыIэми, щыIэнкIи Ар мэхъу, арэу щытымэ, сызылIэкIэ Ащ ыпашъхьэ сихьащт ыкIи Ащ сеупчIыщт, – мыщ дэжьым ар къэкууагъ: «Сыда О цIыфхэр зэопIэ губгъохэм зыкIыщябгъэупкIэтагъэхэр? Гъомлапхъэу къялыекIыхэрэр зыхэм зыщыратэкъужьхэрэ лъэхъаным сыда о кIэлэцIыкIухэр зыкIибгъэлIыкIхэрэр? Сыда О цIыфхэр рак узым хъыбый зыкIебгъэшIыхэрэр? Сыд пае?! Сыд пае?! Джыри сэ Ащ мырэущтэу есIощт: «О, Тхьэр, зыIуегъэх! ЗыIуегъэх танэIу! Зытэмыгъэлъэгъу!» Джащ фэдэхэр къыIохэзэ, а лIыр куощтыгъэ... Мыщ дэжьым сэри сыкъэкууIагъ: «Тэрэз шъыпкъ къапIорэр, а Тхьэм зыIурерэгъэх! А Тхьэр танэIу ерэкI!» ЗэкIэм купышхом кIымсым къыщыхъугъ. КъэгущыIэщтыгъэм зэхихыгъэр ыгъэшIагъэу къысеIо: «ПIорэр сыда! Упасторба о! А Тхьэр танэIу ерэкI! –

пIоу о укуон уфитэп!» Джащыгъум мыщ фэдэ джэуап ащ естыжьыгъ: «Мыдэ къыуасIорэм къедэIу! О зыпашъхьэ укъыщыгущыIэрэ Тхьэр, зыпашъхьэ ужэ зыщызэкIэпкъын плъэкIырэр, зиIоф аIорэм хьыкумэшIым ыпашъхьэ зыкъыщиухыижьын фаеу зэрэхъурэм фэдэу о уапашъхьи зыкъызыщызыухъумэжьын фаеу хъурэ Тхьэр – ащ фэдэ Тхьэр о къэуугупшысыгъэ Тхьэу щыт ныIэп. Ащ фэдэ Тхьэм фэгъэхьыгъэу сэри къэсIон слъэкIыщт танэIу зыIуригъэхынэу! Тэ тилъэхъан «къыгъэшIыгъэ» ащ фэдэ Тхьэу тызыщыфаем дгъэмысэн, IудгъэзыкIын е къызыкъотыубытэжьын тлъэкIыщтыр тищыкIагъэп! Ащ фэдэ Тхьэ щыIэп! Ау фэшъхьаф горэ сэ къыуасIо сшIоигъу: щыI фэшъхьаф, мыкIодыжьын Тхьэ шъыпкъэ. ЗиIоф аIорэм фэдэу Ащ ыпашъхьэ укъиуцощт, джащыгъум о, ары пакIошъ, ужи къыпфызэтехыщтэп, сыда пIомэ Ащ мыщ фэдэ упчIэх къыуитыщтхэр: «Сыда Сэ шъхьэкIафэ къызыкIысфэмышIыщтыгъэр? Сыда о шIоим ухэтэу узыкIэпсэущтыгъэр? Сыда сыкъыбдэIэпыIэнэу укъызкIысэмылъэIущтыгъэр? Сыда о пцIы зыкIэуусыщтыгъэр? Сыда о цIыфхэр плъэгъу зыкIэмыхъущтыгъэхэр? Сыда о узкIямызэгъыщтыгъэр, узкIащыхьэщтыгъэр? Сыда о...» ахэмэ афэшъхьафхэри. Джарэущтэу Ар къыоупчIыщт. Джащыгъум уигущыIэхэр пчый инэщтых! УпчIэ мин пчъагъэмэ зыгорэми джэуап ептыжьын плъэкIыщтэп! СанэIу зырегъэх! Зырегъэх! зэпIон плъэкIыщт Тхьэ щыIэп. Ау щыI мыкIодыжьыщт Тхьэ, зэгорэм: СанэIу зырегъэх! – о къыозыIошъущтыр.

Шъори къышъуасIомэ сшIоигъуагъ: Сыдэущтэу Тхьэм мощ фэдэ жъалымагъэхэр зэрахьанхэу афидэхэра? Сыда Тхьэм зыгори къызыкIимыIорэр? – цIыфхэм аIоу зызэхэшъухыкIэ, мырэущтэу ящъуIу ахэмэ: «Тэ Тхьэр дгъэмысэн тлъэкIынэу щытыгъэмэ, ащыгъум Ар акъылынчъэ, къаугупшысыгъэ Тхьэ нэпцIэу къычIэкIыныгъи! Ори сэри тызэрахэтэу тэ тызыгъэмысэрэ зы Тхьэ ЛъапIэр ары ныIэп щыIэр». Тхьэм иунашъохэр жъугъэцэкIагъэха? Ащыгъум сыдэущтэу Тхьэр къызышIожъугъэшIыра? Иунашъохэм афэгъэхьыгъэу Тхьэр бэу пхъашэу мэзекIо. Тхьэр арэп хьыкум зытырашIахьырэр, тэры нахь!

Ар апэрэу, гъэнэфэгъэ шъыпкъэу къышъуасIомэ сшIоигъуагъэр ары: ылъапсэмкIэ упчIэ тэрэзэу гъэуцугъэп.

Джы ятIонэрэр ары:

## 2. Тхьэм зыпари къызэримыIорэм къикIырэр Ащ тэ мысэу тызэрилъытэрэр ары

«Сыда Тхьэм зыпари къызыкIимыIорэр?» Ары, Тхьэм бэрэ зыпари къымыIоу къыхэкIы ыкIи Тхьэм зыгорэ къызэримыIорэр тэрыкIэ анахь хьыкум хьылъэу щыт!

Джэхьнэм зэрэщыIэм сэ сицыхьэ пытэ телъ. Ау сурэтыбэхэм къызэрагъэлъагъорэм фэдэу – мэшIошхом тегъэуцогъэ табэмкIэ джынапцIэм псэкIодшIагъэ зиIэ цIыфым ыпсэ ыгъэжъэу е джащ фэдэ мышъо-мылхэм къагъэлъагъохэрэм афэдэу щытхэп. Сэ джэхьнэмыр къызэрэзышIозгъэшIырэр Тхьэм цIыфхэм къариIожьын щымыIэ зыхъукIэ ары. Джащыгъум ахэмэ къагурыIощт, ыкIи джащыгъум ахэр Тхьэм елъэIухэу къырагъэжьэщт – ау Ащ ахэмэ джэуап къаритыжьыщтэп! Урыс тхакIоу Достоевскэм зэгорэм мырэущтэу къыIогъагъ: «Джэхьнэмыр зыфэдэ чIыпIэр – ар Тхьэр ащ щэхъукIэ зэмыплъыжьырэ чIыпIэр ары», – зытет шъыпкъэмкIэ, ащ ифагъэхэр Тхьэм IэкIыб ышIыпагъэх. Ары шъыпкъ, Тхьэм зыпари къызэримыIорэм къикIырэр! Ащ тэ мысэ тызэрилъытэрэр ары. Арышъ, зэрэхъурэмкIэ, Тхьэм зыпари къымыIо зыхъукIэ, ащ къикIырэр джы тызэрэщыIэзэ, джэхьнэмыр къытфэсыгъахэу ары. Сыда зыпIокIэ Тхьэм тэ тибгынэжьыгъ.

Ащ епхыгъэу Библием къыхэхыгъэ тарихъ горэ къышъуфэсIуатэ сшIоигъуагъ. Лъэхъанэ горэм щыIагъэх къэлитIу – Содомрэ Гоморрэ, зекIокIэ-зэхэтыкIэ ин ахэмэ яIагъ, ящыIэкIэпсэукIи пшъхьапэу гъэпсыгъагъэ. А къалэхэм ащыпсэущтыгъэхэм Тхьэр щагъэзыещтыгъэп. Мыхъэтэ дэдэхэу пасторхэри яIэгъэнхэкIи мэхъу. Ау зэрифэшъуашэу Тхьэм шъхьэкIафэ фашIыщтыгъэп. Нысэщэ джэгу е хьадагъэ яIэ зыхъукIэ, ахэмэ Тхьэм зыфагъэзэщтыгъэнкIи мэхъу, ау ахэмэ афэшъхьафырэ зы Iофыгъо горэмкIи Ар ахэмэ ящыкIагъэу алъытэщтыгъэп. Тхьэм иунашъохэр зэкIэ пхъэтэпэмыхь ашIыщтыгъэх. Содом щыпсэущтыгъ шъыпкъагъэ зиIэ лIы горэ, Лут зыцIагъэр. Бэрэ ащ цIыфхэм ариIоу къыхэкIыщтыгъ: «Шъо зэрэшъушIырэм фэдэу Тхьэм уфыщыты хъущтэп! ЗышъумыгъэпцIэжь, Тхьэм зышъуигъэгъэпцIэщтэп! ЦIыфым хьасэм зэрэхилъхьэрэм фэдэу къыгъотыжьыщт!» – «Ашъыу,– ратыжьыщтыгъ ащ джэуап, – уисэмэркъэу темыгъэудэгу! О упасторэп ныIа! ЦIыфым хьасэм зэрэхилъхьэрэм фэдэу зэригъотыжьыщтыр делагъ!» Ау мары

зэгорэм Тхьэм а къалэхэм машIорэ тхъомзашхъорэ уашъом къыщыригъэщхыгъэх. Заом илъэхъан бомбэхэр къыттырадзэхэ зэхъум ар зыфэдэр тэ зэхэтшIагъэ. Ау къухьэлъатэхэр ымыгъэфедэу Тхьэм ар ыгъэцэкIэн ылъэкIыщт. Сэ нафэу къызышIосэгъэшIы цIыфхэр япIэхэм къазэрэхэлъэтыщтыгъэхэр ыкIи замышIэжьэу зэрэкуощтыгъэхэр: «ЧIыунэм тычIэжъугъахь!» Ау чIыунэм щыжъоркъы мэхъу хьакукIоцIым фэдэу. Ащ нахьыбэкIэ пщэIэжьын умылъэкIынэу мэхъу. Джыри икIэрыкIэу къэкуох: «Жьым тхыхэжъугъахь!» ЫкIи ахэр чIыунэхэм къачIэхъушъутыжьыгъэх. Ау жьым къыхахьэхэмэ, тыдэкIи тхъомзашхор уашъом къыщещхы ыкIи машIор къетэкъохы. Амалынчъэх цIыфхэр: чIыунэхэм къачIэкIынхэ алъэкIырэп, къычIэмыкIхэмэ, жьы амыгъотэу щызэгоутыщтыхэшъ гъэнэфагъэ. Ащ ехьылIагъэу Библием къыщеIуатэ. Сэ къызышIозгъэшIыгъ зэфэшъхьаф шъыпкъэ цIыф купхэу зэхэтхэр: бзылъфыгъэ лъэрыхь гъэшIуагъэу джырэ нэс Тхьэр пхъэтэпэмыхь зышIыщтыгъэр, лIыжъ хьалэлыжъым фэдэу ар къызышIозыгъэшIыщтыгъэр; зыныбжь хэкIотэгъэ зиусхьанэу зэ ехъумпIэгъукIэ санэр зыфэдэ лъэпкъыр къэзышIэн зылъыкIыщтыгъэр. Ащи джащ фэдэ къабзэу Тхьэм дао фыриIагъэп, ау Ар щыI-щымыIэми ежьымкIэ изэфэдагъ. Джащ фэдэу цIыф куп зэфэшъхьаф шъыпкъ чIыунэм зэдычIэсыгъэхэр: цIыф шIагъохэр, лъытэнэгъэ зыфашIыхэу, цIыф зафэхэу, хьакъулахьыр хьалэлэу зытыхэрэр. Джыдэдэми цIыф пэпчъ шъэф зэриIэм фэдэу зэкIэ ахэмэ яшъэф шIоихэр яIагъэх. ЧIыунэм нахь жъоркъэу, нахь жьы къыщыщэгъуаеу щыхъущтыгъ, ау къычIэкIынхэ алъэкIынэу амал яIагъэп, сыда пIомэ къызычIэкIыхэкIэ къызыхэфэщтхэр ащ лъыпытэу зыхэкIодэщтхэ машIу. Джащыгъум ахэр тхьамыкIагъо гугъушхом зэлъештэх. ЛIы пщэрышхом мыщ дэжьым къареIо: «О куп, Лут ыIощтыгъэр шъыпкъэу къычIэкIыгъ: Тхьэр шъыпкъэмкIэ псэу!» Бзылъфыгъэ ныбжьыкIэ гъэшIуагъэм мыщ дэжьым къеIо: «Ащыгъум а Зыр ары ныIэп тэ IэпыIэгъу къытфэхъун зылъэкIыщтыр: джы дэдэм Тхьэм тежъугъэлъэIу! Ау хэта Тхьэм елъэIун зылъэкIыщтыр?!» Джы мары аIэхэр къязэрэгъэIэтыгъэх (пэсэрэ лъэхъаным аIэхэр Iэтыгъэхэу Тхьэм елъэIущтыгъэх), ащ ыпэкIэ ащ пае аIэхэр егъашIэми зымыIэтыгъэхэр. Макъэхэр къэзэрэгъэIух: «Зиусхьан, угу къытэгъэгъу! Тэ емыкIоу тызекIуагъ! Тэ укъитыдзэщтыгъэп! Ау щытми тилъэIу къызэхэх! ЦIыфхэр шIу зылъэгъурэ Тхьэу ущытба О, гукIэгъушхо

пхъэлъыба О! Зиусхьан, угу къытэгъэгъу!» Ау Ащ зыпари къыжэдэкIырэп. КъэIурэ мэкъэ закъор, машIор зэрэщыхъушIэрэр ары. Джащыгъум аIэхэу дащэегъагъэхэр къыратIупщэхыжьых, Iэбжымыхэр зэкIалъхьэх: «Тхьэр! Сыда О зыпари къызыкIэмыIорэр?!» Ау тыдэкIи кIым-сымэу щыт! МэшIошхом ихъушIэ макъ ныIэп къэIурэр. Джы ахэр фитых тхьэлъэIу ашIынэуи, цIэцIэнхэуи – Тхьэм ащ щэхъукIэ ахэмэ джэуап къаритыжьыщтэп!

ШыI гъунапкъэ, зы нэбгырэ гори, зи къалэ гори, зы цIыф лъэпкъ гори зэпырачын амылъэкIынэу – ар Тхьэм псаум къыпфимыIоф хъуныр ары. Ащ къыщегъэжьагъэу щэхъукIэ Тхьэм зэхихыжьырэп е джэуап къытыжьынэу фаеп! Джащыгъум ахэмэ тхьэлъэIу ашIын, ецIэцIэнхэ алъэкIыщт – ау ащ щэхъукIэ Ащ джэуап къаритыжьыщтэп. КъыжъугурэIуа шъо – Тхьэм зыпари джэуап къызэраримытыжьыщтыгъэр – Содом щыпсэущтыгъэхэмкIэ пщыныжьышхо дэдэу щытыгъ. Тхьэм ехьылIагъэу Библием мырэущтэу итхагъ: «Сэ сышъоджагъ, ау шъо джэуап къэшъутыжьынкIэ шъуфэягъэп». Сыда о, цIыфыр, зыгорэ зыкIемыIожьырэр, Тхьэр къыуаджэ зыхъукIэ?

Арышъ, мары зэфэхьысыжьыр: Тхьэм зыпари къызэримыIорэм къыкIырэр, Ащ тэ анахь пщыныжьышхо къыттырилъхьагъэр ары!

Ящэнэрэу къышъуасIомэ сшIоигъуагъэр ар:

## 3. Нахь упэчыжьэ къэс зэхэпхырэр нахь макI

Тхьэм зыгорэ къызэрэтимыIорэм гу лъытэтэмэ, ащыгъум тэ Ащ пэчыжьащэу тыщыIэнкIи мэхъу!

Джырэблагъэ кIэлэ ныбжьыкIэ горэ къысэкIуалIи, мырэущтэу къысиIуагъ: «Пасторэу Буш, уикъэгущыIакIэ симыгъэгубжын слъэкIырэп! О ренэу Тхьэм укъытегущыIэ. Гъогум сыкъызыщыпIукIэкIэ, ащ лъыпытэу Тхьэм укъытегущыIэнэу къеогъажьэ. Сэ Тхьэм къыIорэр зэхэсхырэп ыкIи Ежьыри слъэгъурэп. Сыдэущтэу Ар къэгущыIэра? Сэ зыпари зэхэсхырэп!» Сэ ащ джэуап есэтыжьы: «СиныбджэгъуныбжьыкI, ятэ къыбгыни, къэкIо-хьакIо хэхьажьыгъэгъэ кIом икъэбар ущыгъуаза?» – «Сыщыгъуазэ фэд!» – къетыжьы ащ джэуап. – «Сыщыгъуазэ фэд пIоным къикIырэр ащ ехьылIагъэу зыпари зэрэмышIэрэр ары. А хъишъэу Исус Ежьыр шъыпкъэм къыIотэгъагъэр къыпфэ-

сIотэжьын. Зы лIы бай горэм къуитIу иIагъ. НахьыкIэр тIэкIу нахь шъхьэпсынкIаIоу щытыгъ. Ядэжь щыриIэ щыIакIэр ащ шIозэжъугъ, зэрэфаеу щызекIон ымылъэкIэу ылъытэщтыгъ, кIо, пIон хъумэ, ыгу рихьыщтыгъэп, фэщъхьафырэ чIыпIэхэм щыIакIэу ащыIэм ежьхэр ыуж къинэхэу ылъытэщтыгъ. Мафэ горэм кIалэм ятэ мырэущтэу реIо: Тят, унагъом имылъку щышэу къыстефэрэ Iахьыр джыдэдэм къысэтыри, сызэрэфаеу дунаир къэсэгъэкIухь». Тым ыкъо къызыкIэлъэIугъэр фигъэцэкIагъ ыкIи кIалэр игъогу техьагъ. Ащ ыуж кIалэм ехьылIагъэу мары итыр: МыхъомышIэ псэукIэкIэ имылъку щигъэкIодыгъ». Шъыпкъэ, о ар дэгъоу къыбгурэIон фае – къэлэшхом ахъщэр псынкIэу щыогъэкIоды. А лъэхъэнэ дэдэм тефэу гъаблэ къэхъугъагъ ыкIи цIыфхэм агъэцэкIэн IофшIэн агъотыщтыгъэп. ХэкIыпIэ имыIэу къызэрэнагъэм ыпкъ къикIыкIэ аужым къохэр ыгъэхъун фаеу хъугъэ. Израил хэгъэгум къор хьайуан шIойкIэ щалъытэщтыгъэ. Ащ щыпсэурэ цIыфхэмкIэ къуахъоу укъэнэным къикIыщтыгъэр анахь Iаеу цIыфым къехъулIэн ылъэкIыщтыр арыгъэ. Ау, а лъэхъаным гъэблэшхоу зэрэщытыгъэм къыхэкIэу къохэр зыщагъашхэщтыгъэ пхъэIанлъэм къыригъуатэрэ шхыным ар кIэгушIущтыгъ. Ятэ ымакъэ а чIыпIэм щызэхихын ылъэкIынэу щытыгъэп. КIодыгъэ къор чыжьащэу щыIагъ. Ащ мырэущтэу ыIон ылъэкIыщтыгъ: «Сятэ ымакъэ сэ зэхэсхырэп». Ар къыбгурыIонэуи щыт. Шъыпкъэ, ятэ ымакъэ ащ зэхихыщтыгъэп! Библием ащ фэгъэхьыгъэу арэущтэу къыщимыIуатэрэми, а хъишъэм сишIошI къыхэзгъэхъонэу фит сыкъэшъушI: мары а кIэлэ шъхьэпаеу хэхьажьыгъэр ыгъэхъурэ къохэм апашъхьэ исэу щыс. Гъаблэм ригъэзыгъ ыкIи ащ пае ятэ егъэмысэ: «Сыдэущтэу ащ фэщыIэра мощ фэдиз къин ыкъо зэрилъэгъурэр?» Джырэ дунаир ащ фэд сэ къызэрэзышIозгъэшIырэр. А дунаим Тхьэр ыбгынэжьыгъ, ау тхьамыкIагъо горэ къызэрэшъхьащыхьагъэм лъыпытэу куоу къырегъажьэ: «Сыдэущтэу Тхьэм мощ фэдэр афидэра? Сыда Ащ зыгорэ къызыкIимыIорэр?!» Ау Исус фэшъхьаф къэIотакIэкIэ къеIуатэ къэкIо-хьакIо хэхьажьыгъэгъэ кIалэм ихъишъэ: кIалэм ищыIэныгъэ уахътэ къыхэфэ ышIагъэм фыкIэгъожьэу: «Сыакъылынчъ сэ сшъхьэ къызэресхьыжьыгъэмкIэ! Сятэ гъомлапхъэр ихъой, сэ мыщ гъаблэм сыщегъалIэ. Сытэджынышъ, сятэ ыдэжь сыкIожьынышъ, селъэIун: «Сят псэкIод сшIагъэ!» – ЫкIи кIалэр къэтэджышъ, ядэжь къэкIожьы! Ятэ ар чыжьэкIэ къешIэжьы ыкIи гушIоу

къыпэгъокIы. КIодыгъэ къоми ятэ реIо: «Сят псэкIод сшIагъэ!» – Тым ыкъо IаплIышхо рещэкIы ыкIи иунэIутхэм унашъо афешIы: «Щыгъынхэм анахь дэгъур псынкIэу къыфэшъухьи щышъулъ. Зы Iэлъыни Iэрышъулъхь, цуакъэхэри щышъулъэх!» Джы къом ятэ ымакъэ зэхехы. «Тхьэм ымакъэ шъо зэхэшъумыхымэ, ащыгъум о Ащ упэчыжьэшъ ары! О Ащ зыфэбгъэзэн зэрэфаер дэгъу дэдэу ошIэ!» – есIуагъ а кIалэм.

КIодыгъэ къом шхынлъэм зыкIэрысыгъэм фэдэ къабзэу цIыфхэр Тхьэм лъэшэу пэчыжьэнхэ алъэкIыщт. Апэрэ дунэе заом илъэхъан, цIыфхэр Тхьэм анахь пэчыжьэхэ зыщыхъугъэгъэ лъэхъанэм, – ащыгъум сэ сылейтенантыгъ, – сшIэщтыгъэ ыкIи мырэущтэу сегупшысэщтыгъэ: «Аужыпкъэм Тхьэм зыфэзгъэзэнышъ селъэIун фае!» ДжырэкIэ зы нэбгырэ горэми сыIукIагъэп Тхьэм зыфигъэзэн зэрэфаер ымышIэу. Бзылъфыгъэу, ежь зыщыгугъужьырэ горэм мырэущтэу къысиIогъагъ: «Сэ сищыIэныгъэ зэкIэри тэрэзэу гъэпсыгъэ!» Ау ащ нэужым сыдэгущыIэу зесэгъажьэм ар еуцолIэжьыгъ: «ПIопэн хъумэ, Тхьэм бэшIагъэу сешIужьын фэягъ! СищыIэныгъэ макIэп мыхъунэу щысIэкIэшIагъэр. Зытет шъыпкъэмкIэ, сыгу мыжъом фэдэ шъыпкъэу хъугъэ!»

Тащыщ пэпчъ ешIэ: «Тхьэм зыфэзгъазэу селъэIун фае!» Адэ сыда ар зыкIэшъумыгъэцакIэрэр? Тхьэм зыфэжъугъази шъуешIужьы ащ нэуж Тятэ ЛъапIэу уашъом щыIэм ымакъэ зызэхэшъухыщтыр!

УпчIэу – «Сыда Тхьэм зыпари къызыкIимыIорэр?! – зыфиIорэм щыщ Iахьэу къыкIэлъыкIорэм икъытегущыIэн сыфежьэн фае.

## 4. Тхьэм икIэух гущыIэ зэхэтхын фае

Джыри шъукъысэдэIун шъулъэкIыщта? Е сэ шъуезгъэзэщыгъа? ЗыгорэкIэ къэсIуатэрэр шъорыкIэ зэщыгъомэ, ар сэры нахь зилажьэр, къэсIотэрэ КъэбарышIур арэп. Пасторхэм КъэбарышIур зэщыгъоу къыпшIуагъэшIын алъэкIыщт – ар ахэмэ акIуачIэ къыхьыщтышъ гъэнэфагъэ. Ащыгъум тэ тыхэмытэу, шъоршъорэу а КъэбарышIум шъуедж. КъышъуасIорэр шъушIошъ жъугъэхъу – КъэбарышIум узыIэпещэ сыдырэ тхылъи фэмыдэу, ащ упэтэджыкIын плъэкIынэу щытэп!

КъышъуфэсIуатэмэ сшIоигъор анахь мэхьанэшхо зиIэр ары: Тхьэм зыпари къымыIоу къышъущэхъумэ, ащыгъум шъо Тхьэм икIэух псалъэ зэхэшъухын фае! Арышъ, сыкъышъуфеджэщт КъэбарышIум щыщэу зы гущыIэухыгъэ, ау ар зэрэкIыхьэ дэдэм пае ятIонэрэу къыкIэсIотыкIыжьын фэягъ. Апостол Паул еврей цIыфхэм тхылъэу афитхыгъэм иапэрэшъхь ар зыхэтыр: «Пасэм Тхьэр пегъымбархэм ажэкIэ бэрэ ыкIи зэтефыгъэу тятэжъхэм къадэгущыIэщтыгъэ. Ау мы уахътэм, мы дунаим иаужырэ дэдэ мафэхэм, Ыкъо ыжэкIэ тэ къыддэгущыIагъ». ШъошIа шъо – хэта Тхьэм а Ыкъор? Ар Исус ары!

Исус! Джыри анахь шIу слъэгъурэм сыкъытегущыIэнэу къыфэзгъэзэжьыгъ. Исус сыкъытегущыIэн слъэкIынэу амал сиIэ зэрэхъоу сыгу нахь псынкIэу къытеоу регъажьэ. А Исус Тхьэм и-ГущыIэу цIыфэу хъугъэр ары. Зэгорэм ащ мырэущтэу къызэрэраIолIэгъагъэм фэдэу: «А ГущыIэр цIыфэу хъугъэ ыкIи къытхэтыгъ. Ежьым ищытхъушхуи тлъэгъугъэ». КъыжъугурэIуа шъо: тэ тыжэ къыдэкIымэ, гущыIэр пахъэм фэдэу жьым хэхьажьы. Тхьэм Ежьым къыжэдэкIыгъэ гущыIэ цIыфы хъугъэ – ар Исус ары. Арышъ, Исус Тхьэм икIэух гущыIэу щыт!

Шъущыгъуаза шъо мыщ фэдэ къэIуакIэм: «Сэ сиаужырэ гущыI?» ГущыIэм пае, сэ чэм шъо къышъуасщэмэ сшIоигъу. Шъумыщын, ар сшIэн сыгу хэлъэп! Чэмыхэр зэращэхэрэ шIыкIэм зыпари хэсшIыкIырэп. Ау къызышIотэжъугъэгъэшI чэм къышъуасщэмэ сшIоигъоу. Сыда чэмым ыуасэ? СшIэрэп сэ. Маркэ 1000-у къызышIотэжъугъэгъэшI. КъысэшъоIо: «Маркэ 300 къышъосэты, зыпарэкIи нахьыбэп!» Ау къыжъугурысэгъаIо, зытет шъыпкъэр пIон зыхъукIэ, ащ маркэ 1200-рэ кIэсхын зэрэфэягъэр. Джащыгъум маркэ 400 къысэшъоты. Сэ а уасэм сыкъезэгъырэп, маркэ 1100-рэ чэмым кIэсхын фае! ЫкIи шъорырэ сэрырэ тызэдао уасэмкIэ, етIанэ сэ уасэм къыкIесэгъэчышъ, щэфакIом есэIо: «Арымэ, маркэ 800 – джыры сиаужырэ гущыIэ!» ЫкIи сигущыIэ згъэшъыпкъэжьы хабзэмэ, джа уасэр къэнэжьыщт, Iофыри джащ щыухыгъэ хъущт. Исус Тхьэм иаужырэ ГущыIэу щыт. Ар шъо зышъумыштэкIэ, ащыгъум Тхьэм ащ щэхъукIэ къышъуиIон щыIэп. КыжъугурэIуа? Тхьэр къызэрэддэмыгущыIэ-рэм цIыфхэр егъэгумэкIыхэмэ, ащыгъум ахэмэ мырэущтэу ясэIо: «Тхьэм ащ щэхъу къышъуиIожьын щыIэп, сыда пIомэ Ащ иаужырэ ГущыIэ шъо шъугукIэ шъуштэрэп. Шъо Исус шъугукIэ шъуштэн фае! Армырмэ, Iофыр кIэкIыщтэп!

Мырэущтэу къысэзыIорэ цIыфхэм бэрэ сарихьылIэу мэхъу: «Сэри Тхьэр сшIошъ мэхъу, ау Исус сыда зэрэтищыкIагъэр?» ШъукъедэIу, Исус – цIыфэу къэлъэгъуагъэу, Тхьэм иаужырэ ГущыIэу тэ къытфэгъэхьыгъэр ары. Ащ къикIырэр сэ ыужкIэ къышъуфэсIотэщт. Ау ащ пае Исус ехьылIагъэу тIэкIу къышъуфэсIотэщт. Ар зыгорэм къыфэсIотэныр сэ зэкIэми анахь сигуапэ!

Мары Исус къаухъурэигъэу цIыф купышхуабэ кIэлъырыт. Ар ахэмэ адэгущыIэ. Ау ахэмэ акIыбкIэ зы бырсыр горэ къыдэтаджэ. ЦIыфхэр къэзэрэгъэгумэкIых, зэдэгущыIэх. Исус къыIуатэрэр зэпегъэу. «Сыда къэхъугъэр?» Къэхъугъэр гукIодыгъо дэд: агъэхъужьын амылъэкIырэ шъоджэ уз Iаер зиIэ сымаджэ горэ а чIыпIэм къыIухьагъ. ШъошIа а шъоджэ уз щынагъор зыфэдэр? ЦIыфыр зэрэпсаузэ зэхэшъухьэ. Гур къегъэкIэзэзы ар зыплъэгъукIэ: мэшъух ащ ытхьакIумэхэр, ыпи, ыIупшIэхэри. А узыр зэпыхыгъошIу дэдэуи щыт, ары пакIошъ, жьэу зыIупщэрэмкIи сымаджэхэм ар апыпхын плъэкIыщт. Джащ къыхэкIэу а узыр къызэузыхэрэр язакъоу шъоф нэкIым щыпсэунхэ фэягъэ. Ахэр цIыфхэм къахахьэмэ хъунхэу щытыгъэп. ЫкIи мары ошIэдэмышIэу ащ фэдэ сымаджэр цIыфхэм къахэхьагъ! Исус икъэбар зэхехы, зэтепIэжэн умылъэкIынэу ащ Исус ылъэгъумэ шIоигъу: «Исус слъэгъунэу сыфай!» Джы мары ар ыпэкIэ къылъэкIуатэ, ащ ыпашъхьэкIэ цIыфхэр щызэбгырэкIых ыкIи ащ екуох: «Ей зыгорэ къыуамышIэ рапшIэзэ зыIуегъэх мыщ дэжьым! ЗыIуегъэх!» ЦIыфхэм ащыщхэм мыжъохэр къаштэх ыкIи ащ зытырашIыхьэ. Ау ар афызэкIакIорэп. Сэ сынитIукIэ слъэгъурэм фэдэу къызышIосэгъэшIы ащ ыпашъхьэкIэ цIыфхэр зэрэщызэбгырыкIотыхэрэр ыкIи ар Исус къызэрэбгъодахьэрэр. Хьау, Исус ыпашъхьэ ар къиуцорэп, Исус ылъакъохэм адэжь гъогу сапэм зыщыхедзэ ыкIи ынэпсыхэр зэпымыоу къехыхэзэ, итхьамыкIэгъо щыIакIэ КъэгъэнэжьакIом къыфеIуатэ: «ЩыIэныгъэ гукIодыгъу сэ сызыхэтыр, Исус, уфаемэ, О сыбгъэхъужьын плъэкIыщт. IэпыIэгъу къысфэхъу!» ШъошIа шъо – зищыIэныгъэ хьазабым хэтэу къэзыхьырэмрэ КъэгъэнэжьакIомрэ, Тхьэм Ыкъо ары, шIокI имыIэу зэIукIэнхэ фаеу щытых! Джары зэрэщытын фаери: титхьамыкIагъо Исус ыпашъхьэ къиуцон фае! Ей, сыд фэдэу сыфэягъа «шIошъхъуныгъэ макIэ тIэкIу зэхэлъыкIэу» шъо шъулъытэхэрэр щыжъугъэзыехэу шъуитхьамыкIагъохэр ешъуIотэнхэу Исус ыдэжь шъукIогъагъэмэ.

Джы мары а шъоджэ уз Iаер къызэузырэр Исус ыпашъхьэ илъ: «Уфаемэ, О сыкъэбгъэнэжьын плъэкIыщт!» къырeIо. Мыщ дэжьым а чIыпIэм щыхъугъэр гущыIэхэмкIэ къэIотэгъуаеу, зекIокIэ шIагъоу сэ къысщэхъу. Мырэущтэу Исус зекIощтэу къызышIобгъэшIын плъэкIынэу щытыгъ: Исус лъэубэкъукIэ къызэкIакIошъ, а сымэджэ егъэзыгъэу зэбгырызырэм реIо: «Дэгъу! Къэтэдж! Псаоу хъужь!» Хьау, арэп цIыфхэм алъэгъурэр. Исус ыпэкIэ лъэубэкъу едзы ыкIи ыIэхэр сымаджэм ышъхьэ тырелъхьэх! Щтэм зэкIиубытагъэхэу цIыфхэр къэзэрэгъэкуох: «А шъоджэ уз Iаер къызэузырэм ыкIышъо унэсыхэ хъущтэпи!» Библием мырэущтэу къыщеIуатэ: «Исус ыIэ ыщэий, теIэбагъ». Сыд фэдэрэ нэджэ-Iуджэгъэ шIоий Исус щымэхъашэрэп! Сыд фэдэрэ тхьамыкIагъуи ащ иныщэкIэ ылъытэрэп! Ащ ыIэ сымаджэм ышъхьэ тырелъхьэ! Сэ фэшъхьафырэ Вильгельм Бушэу – сурэтышIэу сыщытыгъэмэ, мары ар къызэрэзгъэлъэгъощтгъагъэр: Исус ыIэхэр а шъоджэ уз Iаер къызэузырэ сымаджэм ынэгоу зэхэшъухьагъэу зэбгырызырэм тырилъхьагъэу ары. Джащ фэд Исус – зыфэдэ къэмыхъугъэ шIагъу! Тилъэхъанэ ицIыф горэ, зэкIэ зыщымэхъашэхэу, мы чIыпIэм щытмэ, ащ пае къымыгъанэу Исус ащ Ежьым ыIэ тырелъхьэ ыкIи реIо: «Сэ о усщэфыжьыгъ, сэры укъэзыгъэнэжьырэр.» Зыгорэм псэкIодшIэныр узышхоу иIэу щытымэ, Исус ащ ыIэ тырелъхьэшъ, реIо: «Псаоу хъужь!» Тхьэм зэкIэ Ежьым ишIулъэгъоу цIыфхэм афыриIэр Исус хэлъэу тэ къытлъэIэсы, типсэкIодшIагъэхэм къалъэIэсы, титхьамыкIагъохэм къалъэIэсы, тиузыхэм къалъэIэсы! Исус – ар Тхьэм и-ГущыIэу цIыфэу хъугъэр ары. Арэу зэрэщытзэ, цIыфхэм мырэущтэу аIон алъэкIы: «Сыда Тхьэм зыгорэ къызыкIимыIорэр?» Адэ цIыфхэм афырикъунэу ыкIи шIущэу ащкIэ Тхьэр къадэгущыIагъэу ащ къикIырэба? Адэ ар Тхьэм ипсалъэу щытыба?!

ЫкIи джы мары а Исус лъэхъан горэм къащым тырагъэгъуалъхьэ, ыIэхэмрэ ылъакъохэмрэ гъучIыIунэхэмкIэ тыраIулIэх. Ащ нэужым къащыр къаIэты. Къащым дэжь бырсырышхо къызыхэIукIырэ купышхо щыт. Рим къикIыгъэ дзэкIолIыхэм цIыфхэр а чIыпIэм къыIуагъэзыкIых. Тэри а чIыпIэм тыIужъугъахь, цIыфхэу ащ къыщызэрэугъоигъэхэм тахэжъугъахь ыкIи тэри джащ фэдэу къащым тычIэжъугъэуцох! Шъуеплъ Ащ – Голгофэм къинышхо щызыщэчыгъэм! ЫнатIэ лъы закI, уIагъэхэр тыращагъэх, ащ зэрэкIэнакIагъэхэр къыхэщы, панэм хэ-

шIыкIыгъэ тандж ышъхьэ тыралъхьагъэми къеушыхьаты Ащ къинышхо зэрэрагъэлъэгъурэр. Щъуеплъ Ащ! ШъуеупчI Ащ: «Сыда О мыщ узыкIыщыпылъагъэр?» Ежьыри джэуап къыуитыжьыщт: «О Тхьэм ыпашъхьэ мыхъунэу ущызекIуагъэшъ ары. Ащ пае е о джэхьнэмым ущыпщынэщт, е уичIыфэ сэ мыщ щыспщыныжьыщт. Хэтми зыгорэм пщыныжьыр ыхьын фаеу щыт! Сэ сыфай о уипшыныжь спшъэ дэкIынэу. Арышъ, джы къыщегъэжьагъэу сэркIэ шIошъхъуныгъэ зигъаI!»

Джыри сыныбжьыкIагъ, сыкIэлэкIагъ ар къызызгурэIом – Ар къурмэныпхъэ шъынэу дунаим ицIыфхэм япсэкIодшIагъэхэр зыпщыныжьырэр ары ыкIи ахэмэ ащыщэу сэ сипсэкIодшIагъэхэми апае ищыIэныгъэ ытыгъ (мыщ дэжьыр ары Ащ сипсэкIодшIагъэхэр сэщ пае зыщипщыныгъэхэр, мыр чIыпIэр ары Ащ Тхьэм сызыщыригъэшIужьыгъэр, мы чIыпIэр ары Ащ сичIыфэ щипщыныжьи, Тхьэм ыпашъхьэ сызыщищэфыжьыгъэр), джащыгъум сэ сыгу къащым дэжь къэсхьи, мырэущтэу къыщысIуагъ: «Къащым лъы зыщыкIэчъыгъэ Пачъыхьэр,/ Ощ фэшъхьафэу хэт сэ зыIэ зислъхьащтыр,/ КъурмэншIыпIэм Ощ фэшъхьафэу хэты пае /слъи, сипкъышъоли, сыгуи – зэкIэ зыфытеслъхьащтыр».

Къушъхьэтхым хэупкIыгъэ къэунэм Исус ихьадэ чIалъхьэ. Ащ ичIэхьагъум дэжь мыжъошхо IуагъэукIорае. Рим къикIыгъэ дзэкIолIыхэр ащ къэрэгъулхэу Iуагъэуцох. ЕтIанэ ящэнэрэ мафэм, нэфшъагъом, зэкIэм ошIэ-дэмышIэу, атом бомбэ къэуагъэм фэдэу, тыдэкIи лъэшэу къызэлъынэфыгъ, ащ ыпкъ къикIыкIэ мо дзэкIолI кIэлэ пытэхэу, пшъэшъэ щталэхэм афэмыдэхэр, чIэхьэгъум дэжь Iуагъэуцуагъэхэр алъакъо тетынхэ алъэкIыгъэп – укIыгъэхэм фэдэу къызэхэфагъэх нахькIэ. Аужырэу ахэмэ къалъэгъугъэр Исус къэхъужьыгъэу, нэфынэшхо къыпкъырыкIызэ, къэунэм къызэрэчIэкIыжьыгъэр ары.

Пшысэп сэ къышъуфэсIуатэрэр. Ар къызыкIышъуфэсIуатэрэр сэ сшъхьэкIэ сэшIэшъ ары – Исус лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъ ыкIи ыпсэ къыпыкIэжьыгъ. Исус шъощ пае лIагъэр – псэоу щыI! Исус зыфэмылIэгъэ цIыф мы дунаим тетэп. Тхьэм иаужырэ ГущыIэу зэрэщытым елъытыгъэу Ар шъо къышъуаджэ! Ар шъугукIэ шъуштэщтмэ, – джары шъо шъуищыIэныгъэкIэ анахь мэхьанэшхо зиIэ Iофыгъоу щытыр!

«Сыда Тхьэм зыпари къызыкIимыIорэр?» Синыбджэгъухэр, хэта зыIуагъэр Тхьэм зыпари къымыIоу. КъэгущыIи Ар! Ащ

и-ГущыIэр – ар «Исус» ары! Ащ къикIырэр шIулъэгъу, нэшIу щыфэныгъ, гукIэгъу!

СищыIэныгъэ къыхэфагъ охътэ щынэгъо дэдэхэр – ахэр нацистхэм яхьапсэ сычIэсы зэхъур ыкIи бомбэхэр къыттырадзэхэ зэхъур ары. Анахь тхьамыкIэгъошхоу слъэгъугъагъэр сщыгъупшэхьыхэрэп. Бомбэхэр къырадзыхы зэхъум сызыдащэгъэгъэ щагум щыслъэгъугъэм зэрымыр сызэришIыгъагъэм къыхэкIэу сыбзэ ыубытыгъагъ. Бомбэхэр къырадзыхыхэ зыхъукIэ зыщаухъумэнэу зычIахьэхэрэ чIыунэм къычIахыжьыгъэ хьэдэ 80 фэдиз а щагум дэлъыгъ. Апэрэ дунэе заом илъэхъан ащ фэдэ хьадэхэр слъэгъухэу зэп-тIоп къызэрэхэкIыгъэр. Ау мыдырэр адрэхэм зэратекIыщтыгъэр мыр нахь тхьамыкIагъоу зэрэщытыгъэр ары, сыда пIомэ мыщ зихьадэ щылъыгъэхэр дзэкIолIыхэп, нэжъ-Iужъыгъэх, кIэлэцIыкIугъэх нахькIэ. Заом илъэхъан оды хъужьыгъэ кIэлэцIыкIухэм яхьадэхэр арых анахьэу гур къэзыфызыщтыгъэр. КIэлэцIыкIухэр! Сыда ахэмрэ зышъэ икIыгъэ заомрэ зэзыпхынхэ зылъэкIынэу щытыр? ЫкIи джащыгъум, а хьадэхэм сахэты зэхъум, тхьамыкIагъор сынэгу шъыпкъэ къызыкIэуцом, кIым-сымышхом сыхэтэу, сыгу къикуукIыщтыгъ: «О си Тхьэ, адэ О тыдэ ущыI? Сыда О зыпари къызыкIэмыIорэр?» Мыщ дэжьым Библием щыщ гущыIэхэр сыгу къилъэдагъэх: «Сыда пIомэ Тхьэм дунаим ицIыфхэр ащ фэдизэу шIу зэрилъэгъугъэхэм къыхэкIэу, Ежь Ыкъо Закъор ытыгъ». СшIэщтыр сымышIэу, къин сызыщыхэт уахътэм Тхьэм а гущыIэхэр сыгу къыригъэхьагъэхэкIэ енэгуягъо. Джащыгъум сэ зэкIэм сапашъхьэ къиуцуагъ Голгофэ Iуашъхьэм тырагъэуцогъэгъэ къащэу, Тхьэм Ыкъо тэщ пае лъыр зыщыкIэчъыгъэр!

Сэ къызгурыIорэп Тхьэр. Сэ къызгурыIорэп ащ фэдиз тхьамыкIагъор къэхъунэу, Тхьэм фит зыкIишIыхэрэр. Ау щыI Ащ шIу тызэрилъэгъурэр къызэригъэлъэгъорэ тамыгъэ горэ, мэкъэъэIу горэ, саугъэт горэ. Ар Исус зыпалъэгъэгъэ къащыр ары. «Тхьэу, Зыкъо шъхьамысыжьэу, тэ зэпстэуми пае къурмэныпхъэу зышIыгъэм, Ыкъо тыригъусэуи шIугъэ пстэури къытитынба?» Джары къызэриIорэр апостолэу Паул. Джары ыкIи зэрэщытыр: Исус икъащ сыкIэлъырытэу, Тхьэм сешIужьыгъэу хъу зыхъукIэ, ащыгъум ащ щэхъу упчIэ сэ сиIэжьэп.

СикIалэхэр цIыкIухэу зыщэтым, сэ сшIэрэр зыфэдэр зэкIэ икъоу къагурыIощтыгъэп, ау яцыхьэ къыстелъыгъ: «Тятэ зэкIэри тэрэзэу ышIэщт!» Исус икъащ сыкIэлъырытэу Тхьэм

сешIужьыгъэу хъу зыхъукIэ, Тхьэм ибыны сызыхъукIэ, ащыгъум сыри уашъогум щыIэ Тым джащ фэдэу сицыхьэ телъэу мэхъу: Ащ зэкIэри тэрэзэу зэрегъэзекIо. Сэри ащ щэхъукIэ Ащ упчIэ фысиIэжьэп. ЗэкIэ Iофыр зыфэгъэхьыгъэу къызыфэнэжьырэр Тхьэм а иуажырэ ГущыIэ – Исус – зэхэшъушIэныр ыкIи шъугукIэ шъуштэныр ары!

Джыри такъикъитф горэм шъукъысэдэIун шъулъэкIыщта? Мэхьанэшхо дэдэ зиIэ Iофыгъо горэ джыри къышъуфэсIотэн фае.

## 5. Тхьэм зыпари къызэримыIорэр – ар шъо къышъуаджэу хъужьын ылъэкIыщт

Тхьэм мощ фэдэ е мыщ фэдэ горэ къэхъунэу фит зэришIырэр сыдэущтэу пIозэ, сыхьат пчъагъэрэ унэкъокъон плъэкIыщт, ау а Iофыгъор нахь пхъашэу къагъэуцугъэ зыхъущтыр ар о пшъхьэкIэ къыпфэгъэхьыгъэ зыхъукIэ ары. Арыба зэрэщытыр? Сыд фэдизэу сищыIэныгъэ анахь охътэ шIункIыхэр ыкIи гукIодыгъохэр къыхэфагъэхэми, дэплъыпIэ нэф зыщызгъотыщтыгъэр Исус икъащ дэжь ары ныIэп.

Джырэблагъэ пшъэшъэ ныбжьыкIэ горэм ыгу кIодыгъапэу мырэущтэу къысиIуагъ: «Ащ нахьыбэрэ сыщыIэжьын слъэкIырэп!» Сэ сшIэрэп шъо шъугу изытет, ау шъуищыIэныгъэ хэкIыпIэ хэшъумылъагъомэ, мырэущтэу къышъуасIо сшIоигъуагъ: ЗэкIэ Iофыр зыфэгъэхьыгъэр мырэущтэу шъузэрэупчIэрэр ары: «Сыд пае? Сыд пае? Сыд пае?» ШъукъызэрэупчIэн фаер: «Сыд шIуагъэу иIэр?» шъуIозэ ары. А Iофыгъом епхыгъэу икIэухым зы къэбар горэ къышъуфэсIуатэмэ сшIоигъуагъ:

ИлъэсипшI заулэкIэ узэкIэIэбэжьымэ, шахтерхэр зыщыпсэухэрэ чIыпIэ горэу, тхьамыкIэгъо Iофхэр зыщыхъущтыгъэм пасторэу Iоф щысшIэщтыгъ. ТхьамыкIэгъо дэдэх ащ къыщыхъущтыгъэхэр. Зэгорэм зэхэсхыгъэ шахтер горэм тхьамыкIагъо Iофыгъо къехъулIагъэу. Мыжъор ыбг къытефэгъагъ ыкIи ыбг къыщегъэжьагъэу ыпкъышъол ащ пае пиубытыкIыгъагъ ыкIи гугъапIэ хъужьынэу ащ иIагъэп. ТхьамыкIэгъо дэд! Сэ ащ ыдэжь сыкIогъагъ, ау щынэгъо бэлахь сыщыхэфагъ. Ащ фэдэу сыгу къыгъэузыгъэу зыгорэми ыдэжь сыкIогъагъэу къэсшIэжьырэп. Сымаджэм иунэ шахтерхэр изэрэмыгъэфэжьыхэу

исыгъэх. Столым тетыгъэх аркъ бэшэрэбхэр. Зыпкъ пиубытыкIыгъэр икурэжъые исыгъ. Унэ цIыкIум сызэрехьэу, куохьау къаIэтыгъ: «О, пхъэуIу шIуцIэр, укъимыхь мы унэм! Тыдэ щыIагъа адэ уи Тхьэ мыжъор сыбгы къызытефэм? Сыда Тхьэм зыпари къызыкIимыIорэр?» Ащ нэужым хъонэгъо гущыIэхэр къыстырипхъэнкIагъэх. КIо пIон зыхъукIэ, джэхьнэм шъыпкъ! ГущыIэ горэ сыжэ къыдэзгъэкIын слъэкIыгъэп ыкIи зыпари ясымыIожьэу унэм сыкъикIыжьыгъ. А чIыпIэм щыпсэухэрэ шахтерхэм ащыщэу ныбджэгъу заулэ сиIагъ. КъыкIэлъыкIогъэ пчыхьэм ахэмэ сазыIокIэм, а сымаджэм ыдэжь сызэрэкIогъагъэр къафэсIотагъ. Тхьэмафэ тешIагъэу, а куп дэдэм сыIукIэн фаеу щытыгъэти, тызыщызэрэугъоирэ уахътэм тефэу, мэкъэшхо пыIукIэу, пчъэр къыIуиубгъукIи, шахтер сымаджэр икурэжъые исэу унэм къихьагъ. Синыбджэгъу шахтерхэм ар къызыдащагъэу къычIэкIыгъ. СшIэрэп бэрэ ащ еушъыигъэхэми къызыдащэным къезэгъыным пае, ау енэгуягъо, мыбэкIэ. Джы мары сапашъхьэ ар ис. Ащыгъум сэ сыкъызытегущыIэщтыгъэр темэу: «Сыда пIомэ Тхьэм дунаим ицIыфхэр шIу зэрилъэгъугъэм къыхэкIэу», – тэ мыщ дэгъоу тыщыщыIэным паеп, ау «Ежь Ыкъо Закъор ытыгъ». Сэ сыкъызытегущыIэщтыгъэр Исус – Тхьэм иаужырэ ГущыIэу тэ тызэдэIун фаер ары ыкIи ащ пыдзагъэу къафэсIотэщтыгъ: «...хэти Тхьэм ЫкъокIэ шIошъхъуныгъэ зиIэр мыкIодэу къэнэжьыным ыкIи мыкIодыжьын щыIэныгъэ иIэ хъуным пае». А шахтер сымаджэр къедэIущтыгъ къэсIуатэрэм! Апэрэу Исус икъэбар зэхихыщтыгъ! ОшIэдэмышIэу нэфынэр ащ ылъэгъугъ. Нахь кIэкIэу къэпIон зыхъукIэ, мэзищкIэ Исус Зиусхьанэу ащ ыгукIэ ыштагъ. Ары пакIошъ, сэ къышъуфэсIотэн слъэкIыщтэп ащ ипсэукIэ икIэрэкIэ шъыпкъэу зэрэхъугъэр. Ащ ипсэупIэ IэпкIэ-лъапкIэу зэIэхыгъэу хъугъэ. Нахьыпэм бэрэ зыщыхъуанэщтыгъэхэм джы Исус ехьылIэгъэ орэдхэр къыщаIощтыгъэх. Иныбджэгъужъхэр ащ щэхъукIэ ыдэжь къэкIожьыщтыгъэхэп, ау ахэмэ ачIыпIэкIэ ныбджэгъукIэхэр къакIощтыгъэх. Аркъ бэшэрэбхэр иIанэ текIодыкIыгъэх, Библиер ащ къытехьагъ. ЕгъашIэми сэ ар сщыгъупшэщтэп. ЦIэ шъэбэ дах ащ зэреджэщтыгъэхэр: «Амзел». Ащ ыгу хэкIыщтэп ыцIэ къызэрэсIорэм пае, сыда пIомэ ащ мыкIодыжьын щыIэныгъэ иIэ хъугъэ. «Амзел, – сэ ащ сеупчIыгъ, – сыдэу хъурэ уиIофхэр?» – «Е-ей, – ыIуагъ ащ, – Исус сищыIэныгъэ зыIэкIэслъхьагъэм щегъэжьагъэу, сипсэкIодшIа-

гъэхэр зэкIэ Тхьэм зысфигъэгъугъэхэм щегъэжьагъэу, Тхьэм ибын сызыхъугъэм къыщегъэжьагъэу сиунэ, – мыщ дэжьым ар тIэкIу дэдэ егупшысагъ ыкIи къыпидзэжьыгъ – сиунэ мафэ къэс Христос къызыхъугъэ мафэм икъэсыгъом фэдэу къысщэхъу». Шъыпкъэба, шахтерымкIэ гушыIэ шIагъохэба къыIуагъэхэр?! Ащ къыкIэлъыкIоу егъашIэми сыгу илъыщт гущыIэхэр къыIуагъэх: «Буш! ШIэхэу сылIэщт сэ, зэхэсэшIэ ар!» Тэ зэныбджэгъу тыхъугъагъ ыкIи ащ пае джарэущтэу, зэлэгъухэм афэдэу, тызэдэгущыIэщтыгъ. «Джащыгъум, къэлапчъэхэм садэкIынышъ, Тхьэм ыпашъхьэ сиуцощт. Сэ сицыхьэ пытэ телъ, лIэныгъэм зэкIэ щыухыгъэ зэрэмыхъурэм. Арышъ, ахърэт дунаим сыщыIэ зыхъурэм, Ащ ыпашъхьэ сихьанэу зыхъурэм, ыдэжь зыщесыдзыхыщт ыкIи Ащ сыбг зэрэзэпиутыгъэм пае сызэрэфэразэр есIощт». – «Амзел,– сыкъэщтагъэу есIуагъ, – сыда къапIохэрэр?» Ау ежьым джэуап къысетыжьы: «СэшIэ сэ къасIорэр. Арэущтэу мыхъугъагъэмэ, Исус зышIошъ мыхъухэрэмэ ягъогу Тхьэм сыкъытыригъэнэгъагъэмэ, сэ занкIэу джэхьнэмыым сифэщтыгъэ, егъэшIэрэу сыхэкIодагъэу хъущтыгъэ. Джащ къыхэкIэу, тымыкIодэу тыкъэзыгъэнэжьырэ Тхьэм шIулъэгъоу къысфыриIэр къыгъэлъагъозэ, сищыIэныгъэ пхъашэу къыхэIэбэн ыкIи сыбг зэпиутын фэягъэ. Ащ фэдэу зыкIэхъугъэр, сэ Ежь ЫкъоИсус, къэзгъотыныр ары. Ежьыр ары Тхьэм ибын насыпышIоу сызышIыгъэр. Джащ пае, сэ Ащ щытхъу фэсшIы сшIоигъу!» Нэужым къыкIэлъыкIуагъэх ащ игущыIэхэу егъашIэми сщымыгъупшэщтхэр: «Лъэкъо псауитIур уиIэу, джэхьнэмым учъэным нахьи, пкъэр ыубытыгъэми, Тхьэм ибын ухъугъэу, Исус угукIэ пштагъэу ущытыныр нахьышIу!» Джащыгъум ащ есIуагъ: «СилъапIэу, Амзел! Тхьэм о къыныгъошхохэр къыпфигъэкIуагъэх. Апэрэ уахътэм укъезэгъыщтыгъэп. «Тыдэ щыIагъа Тхьэр? Сыда Ащ зыпари къызыкIимыIорэр?» – пIощтыгъ. Джы къыбгурыIуагъ, а къиныр о Тхьэм къызыкIыпфигъэкIуагъэр: Ар зыфэягъэр, Исус дэжь о уищэныр, етIанэ Исус Ежьым о Тхьэм уфищэжьыныр ары!»

Джы шъо шъолъэгъуа? Тэ «сыд пае?» тIоу тыупчIэн фаеп, фэшъхьаф шъыпкъ: «Сыд шIуагъэу иIэр?» тIозэ ары тызэрэупчIэн фаер. Джыри мыр къышъуасIомэ сшIоигъуагъ: сицыхьэ телъ, зэкIэ къиныгъохэу тищыIэныгъэ зыкIыщыщыIэхэр, Исус къыпкъырыкIыкIэ Тхьэм Ежьым ыдэжь тызыфищэным пае! Орэд ЛъапIэм щыщ пычыгъоу, мы къыкIэлъыкIорэр, къэсIонэу

сикIас: «О Тят, Пкъо ыдэжь сэ сыфащ, /етIанэ Пкъо сэ Уадэжь сыкъищэным пае, /Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIи сыгу игъэлъ, /Тхьэм игупсэфыныгъэ сиIвэным, /ыкIи тхьэорэд гушIуагъор сыгукIэ О къыпфэсIоным пае». Сэ лъэшэу сызыфэягъэр, шъори джащ фэдэу орэд шъузэгъусэу къызэдэшъуIоныр ыкIи Тхьэм шъуелъэIуныр ары.

# ШIУЛЪЭГЪУНЫГЪЭМКIЭ ТЭ ТИФИТЫНЫГЪ!

Загъорэ а темэр мырэущтэу къысэIотыкIы: «ШIулъэгъуныгъэр мыхъун зекIуакIэу хъун ылъэкIыщта?» Мыщ дэжьым Iофыр зыфэгъэхьыгъэр пкъышъолымкIэ шIу зэрэлъэгъунхэр ары, нэмыкIэу къэпIон зыхъукIэ, тэ зэкIэми тызыфэзыкъудыирэр ары. Арышъ, «ШIулъэгъуныгъэмкIэ тэ тифитныгъ!» – зыфиIорэ темэм икъытегущыIэн къезгъэжьэнэу фит сыкъэшъушI. Ащ ехьылIагъэу мэхьанэшхо зиIэ Iофыгъо сыкъытегущыIэн сыгу хэлъ.

## 1. ТхьамыкIэгъэшхо дэд

Анахь гъэшIэгъонэу хэгъэунэфыкIыгъэн фаер, джырэ фэдэу цIыфхэм агукIэ язакъоу сыдигъуи къызэрэхэмыкIыгъэр ары. ЕтIани ныбжи джырэ фэдэу цIыфхэр жъугъэу зыщыпсэурэ чIыпIэхэм ащызэхэсэуи къыхэкIыгъэп. Сыд фэдизэу Iужъоу тызэхэсэу тэпсэу нахь мышIэми, джырэ фэдэу тыгукIэ тизакъоу тыщыIэу хъугъэп.

Илъэс 16 зыныбжь зы шъэожъые мафэ горэм къысиIуагъ: «СыгукIэ спэблагъэу зы нэбгырэ гори сэ сиIэп». Ау сэ ащ дезгъэштагъэп: «Делагъэхэр умыIох! УиIэба уятэ!» – «Ей-ей! Мо лIыжъыр ара зыфапIорэр! – ыIуагъ ащ. – Щэджэгъоужым, сыхьатыр тфыхэм адэжь къэкIожьынышъ, тIэкIурэ цIацIэу унэм итынышъ, шхэнышъ, етIанэ икIыжьыщт». – «Адэ уянэ?» – «Ей-ей, сыд фэдиз Iофа ащ ыпшъэ дэкIын фаер, сэ ащ сышIоIофыжьа!?» – «Адэ IофшIэным ныбджэгъоу щыуиIэхэр?» – «Ахэр сиIофшIэгъух ныIэп! Арышъ, сыгу дэхъыкIырэр зэсIотэн зыпари сиIэп». Ар къысэзыIуагъэр илъэс 16 зыныбжь шъэожъый. Ау ащ фэдэу зыгукIэ зизэкъон зылъэкIыщтыр кIэлэцIыкIухэм язакъоп. ЯлIыхэм зэрягъусэхэзэ, загъорэ ащ фэдэу агукIэ язакъоу бзылъфыгъэхэр къэнэнхэкIэ мэхъу. Джащ фэдэуи хъулъфыгъэхэри шъуз зэряIэзэ, агукIэ язакъоу къэнэнхэ алъэкIыщт. Ишъуз зыгъэгумэкIырэ Iофхэм лIым зыпари ахишIыкIырэп, шъузхэм ялIыхэр зыгъэгумэкIырэ Iофыгъохэм зыпари ахашIыкIырэп. ЕтIани ахэр зэлIы-зэшъузыхэкIэ алъытэх! ПIопэн хъумэ, тэ зэкIэми тыгукIэ тизакъоу тыщыIэх!

Джырэ лъэхъанэм щыIэ цIыфхэр агукIэ язакъохэу зэрэпсэухэ-

рэм фэгъэхьыгъэу джырэ философхэр къэгущыIэхэ зыхъукIэ, ахэмэ ядэIунхэу цIыфхэр бэ дэдэу къагъотых. ЦIыфыр мэкуо пIоми хъущт, зэкъоным къыIэкIахыжьыным пае. ЕтIанэ шъолъэгъуба шъори, агукIэ язакъоу зэрэпсэухэрэм къыIэкIэкIыжьынхэм цIыфхэр зэрэкIэхъопсыхэрэр зэпхыжьыгъэ хъурэр тищыIэныгъэкIэ анахь кIочIэ инэу щытыр – цIыфхэр зэгохьанхэм зызэрэфащэирэр ары. Джащыгъум сыд фэдэрэ шапхъэхэри щыгъэзыягъэхэу мэхъу: илъэс 15 нахь зымыныбжь шъэожъыер лъэхъу зэризакъор щызыгъэгъупшэн зылъэкIыщт пшъэшъэжъыеу гъусэ ышIыщтым. Шъхьэгъусэ зиIэ хъулъфыгъэм ыгукIэ зэризакъом къыхэкIкIэ, исекретарь бзылъфыгъэм ыдэжь кIоу къырегъажьэ, изэкъоныгъэ ащ тыригъэунэу щыгугъы. Университетым щеджэрэ студент 11000-м е 20000-м ахэт студентэу, зытет шъыпкъэмкIэ, зизакъоу зызылъытэжьырэ студент пшъашъэм дыщыIэнэу рехъухьэ. Джащ фэдэ къабзэуи а пшъашъэм изакъу. ЗэкъоныгъэмIэкIэкIынхэм зэрэпылъхэр джаущтэу зэпхыжьыгъэ хъурэр, тищыIэныгъэ къыхафэрэ анахь кIочIэ лъэшыр ары – цIыфхэм язэгохьан ыкIи ащ ыпкъ къикIыкIэ джырэ лъэхъанэм хэтакIо шъхьэмылъытэжьыныгъэ щыIакIэм лъэшэу зиушъомбгъугъэу мэхъу. ЦIыфхэм язэкъоныгъэ зышъхьащахыным пае хэтэкIо-шъхьэмылъытэжьныгъэ щыIакIэр къызэрэхахырэр федэ къэкIуапIэу зышIырэ цIыфхэр мымакIэу къахэкIых. ГущыIэм пае, кинофильмэхэм япродюсерхэр, тхакIохэр. Ахэмэ ябыракъэу ашIыгъэр: хъулъфыгъэмрэ бзылъфыгъэмрэ пIэм зэдыхэлъхэу къэмыгъэлъэгъуагъэу, зы фильм гори амыгъэуцуныр ары! ЗэшъхьэгъуситIумэ яз адрэм фэмышъыпкъэу зекIоныр къыхэмыфэу, зы тхылъ гори амытхыныр ары!

ЦIыфхэм тIэкIурэ узалъыплъэкIэ олъэгъу сэмэркъэухэр зэфашIыхэу, зэбэухэу, зым ыгу адрэр зэрэрихьырэр зэраIоу – ыкIи къыпшIошIы зэкIэри шIу зэрэлъэгъухэу, агухэр зэфихыгъэхэу зэдыщыIэхэу. Зэгорэм пшъэшъэ ныбжьыкIэ горэм мырэущтэу къысиIогъагъ: «Зиусхьанэу пасторыр, а IофыгъомкIэ тэ еплъыкIэу тиIэр тятэхэм ыкIи ахэмэ ятэхэм яIагъэм зыкIи фэдахэп. Тэ джы фэшъхьаф шъыпкъэу щыт шэн-зекIуакI, фэшъхьаф шъыпкъэу щыт еплъыкI тызэрыгъуазэхэрэр!» А пшъашъэм паIо сщыгъыгъэмэ фызыщысхынэу ыкIи мырэущтэу есIонэу тIэкIу къэнэгъагъэр: «ШъхьэкIафэ къыфэсэшIы!» Ау къэлэшхом пасторэу илъэс пчъагъэрэ Iоф щыпшIагъэ зыхъукIэ, ахэмэ афэдэ гущыIэ гъэкIэрэкIагъэхэр пшIошъ гъэхъугъуае. Сэ згъэунэфы-

гъэмкIэ, а гущыIэ гъэкIэрэкIагъэхэм акъогъэбылъхьагъэр агукIэ ахэр зэрэтхьамыкIэхэр ары: кIэлакIэхэу е пшъэшъэжьыехэу пэсащэу зэгохьагъэхэу ащ фэдэ зекIуакIэм кIэух фэзышIынкIэ кIуачIэ зэзымыгъотылIэжьыхэрэр. Зэшъхьэгъусэхэу зэрэгъэпцIэжьыхэзэ зэдыщыIэхэр е зэгокIыжьыхэрэр. Гъунэ зимыIэ тхьамыкIэгъо щыIакI! ЕтIани ащ фэдэ тхьамыкIагъо щыIакIэр тинэрылъэгъоу зэрэщытыр тэ зэкIэми зыдэтэшIэжьы. Зы цIыф лъэпкъ гъэнэфэгъэ горэп сыкъызтегущыIэрэр, тэрырэ шъорырэ нахькIэ.

Илъэс заулэкIэ узэкIэIэбэжьымэ, къэлэ цIыкIоу Липперланд а IофыгъомкIэ лекцие сыкъыщеджэн фаеу хъугъагъэ, сыкъызыфеджэн фэягъэр ныбжьыкIэхэр ары. Собэшхом сызычIахьэм, сыгу кIодыгъэ: «Джэхьнэма мы сыкъызыдэкIуагъэр!» КIалэхэр, пшъашъэхэр зэхэсых, тутын Iугъом узэригъэлъэгъужьырэп! КIэлэ заулэмэ, ары пакIошъ, аркъ бэшэрэбхэр къаштагъэх. Пшъэшъэ заули кIалэхэм акокIхэм арысых. ЕтIани ахэмэ апашъхьэ сэ сыкъыщыгущыIэн фае! Сыд епIолIэна ащ фэдэ чIыпIэм! Джаущтэу сэ сегупшысагъ ыкIи мыщ фэдэ гущыIэхэмкIэ сипсалъэ къезгъэжьагъ: «Хъулъфыгъэхэмрэ бзылъфыгъэхэмэрэ зэгохьанхэмкIэ Iофхэм язытет зыфэдэ хъугъэр гукIодыгъо дэд!» А такъикъым къызэрэпшIошIыщтыгъэр пэIухъо горэ Iухъогъагъэу къаIэтыгъэ фэдэу ары. Джыри сэлъэгъу фэд кIэлэкIэ цIыкIум игъусэ пшъэшъэжъыер зэрэзыIуигъэкIотыгъэр. А къэсIогъэ гущыIэхэр ащ лъыIэсыгъэх. Ащ лъыпытэу собэшхом кIым-сым щыхъугъ. Сэри сфэмыхъоу сегупшысагъ: «Апэрэ уахътэм зэкIэри дэгъоу, зэкIэми анэгуи агуи зэфихыгъэм фэдэу, ягушIуагъоу арыба къызэрэпшIошIыщтыр, ау сэ сигущыIэхэмкIэ анахь узырэм сынэсыгъ: Хъулъфыгъэхэмрэ бзылъфыгъэхэмрэ зэгохьанхэмкIэ язэфыщытыкIэхэр гукIодыгъо дэдэу хъугъэ!»

## 2. Сыда тхьамыкIагъор къызыпкъырыкIыгъэр?

Шъолъэгъуа шъо, тхьамыкIагъор, зытет шъыпкъэмкIэ, зыпкъ къикIырэр шIумрэ емрэ зэхэтымышIыкIыжьхэу тызэрэхъугъэр ары. Мырэущтэу тэIо: «А Iофыгъом тэ фэшъхьафых еплъыкIэу джы фытиIэхэр!» Ау зэмыхъокIыжьынэу зы къанэрэр: псэкIодыр псэкIодэп пIо хъущтэп, ар сыдигъокIи нафэ къэхъу. ЫкIи сэ псэкIод сшIэмэ, ар сыгу къехьылъэкIы мэхъу, ащ сегъэукIытэ. Ар нафэу шъыпкъэ! ЗэрэхъурэмкIэ, тхьамыкIагъор къызежьэрэр,

емрэ шӀумрэ зэхамышӀыкӀыжьхэу зыщыхъурэр ары. Арышъ, зы упчӀэ дысэ горэ къэзгъуцунэу фит сыкъэшъушӀ: къызэрэщэнхэм ыпэкӀэ кӀалэмрэ пшъашъэмрэ зэгохьанхэм дегъэштэгъэн фая, хьаумэ ар мыхъун зекӀуакӀэу щыта? Хъулъфыгъэхэр ежьхэр зэрэзэгуахьэхэрэр е ахэмэ фыщытыкӀэ шӀойхэу шъэожъыехэм адыряӀэхэрэр мыхъун зекӀуакӀэха, хьауми арэущтэу мылъытэгъэнхэ фая? Онанизмэр, зэлӀ-зэшъузхэр зэгокӀыжьынхэр – ахэр емыкӀу зекӀуакӀэхэу щытха е щымытха? Зытет шъыпкъэр къэпӀон зыхъукӀэ, сыд фэдэ зекӀуакӀэр ара мыхъунэу щытыр ыкӀи тэрэзэу лъытэгъэн фаер? Джа дэдэр ары тхьамыкӀагъор къызыщежьэрэри! Тхылъишъэ пчъагъэхэм а Іофыгъор емрэ шӀумрэ яшапхъэхэм ахахых ыкӀи джарэущтэу а Іофыгъор зэкӀэми ахагъэкӀы. Шъыпкъэба ар – джэгъогъуныгъэр – ар емыкӀу зекӀуакӀ, ау ыпшъэкӀэ зигугъу къэтшӀыгъэ Іофыгъор шӀуми еми ахахьэрэп. Тэжъугъаштэх джырэ тилъэхъан къыдагъэкӀыхэрэ фильмэхэр: зэрээкранэу зэлъиубытэу зэрэзэбэухэрэр къагъэлъагъо, ащ нэужым пэӀухъор къыратӀупщэхы, ащ ыкӀыб ныбжьыкъухэр къыщэлъагъох. ЗэкӀэ ахэр зыми ымыгъэшӀэгъожьхэу хъугъэх, арэущтэу щытынхэ фаеу алъытэ, ахэмэ афэдэ зекӀуакӀэхэр шӀуми еми ахэмыхьэхэ фэдэу алъытэхэ хъугъэ. Адэ ар тэрэза? Сыда емыкӀу зекӀуакӀэр зыфэдэр ыкӀи сыда зекӀокӀэ тэрэзыр зыфэдэр? Сэ сыгу къэкӀыжьы: сыныбжьыкӀэзэ, сэр-сэрэу сыпыхьэгъагъ сэщ пае мы Іофыгъор зэшӀосхынэу: сыда сэ сшӀэнэу сызыфитыр ыкӀи сыда сшӀэмэ мыхъущтыр?

А упчӀэм джэуап тэрэз къетыжьыгъэным фэшӀ, ащ ыпэкӀэ фэшъхьаф упчӀэ къэгъэуцугъэн фае: хэта, зытет шъыпкъэмкӀэ, шӀумрэ емрэ зэрэзэтекӀыхэрэр къэзыгъэнэфэнхэ фаер? Хэта ащкӀэ аужырэ гущыӀэр къэзыӀонэу фитныгъэ зиӀэр? Зэгорэм сапашъхьэ ныбжьыкӀитӀу – кӀалэрэ пшъашъэрэ – къыуцогъагъ: пшъашъэм ынэхэр кӀэгъэлыкӀыгъагъэх черникэм фэдэу, кӀалэр зэпылэлэу, гугъуемылӀышъоу, зэшъорэ тутыным ыӀэхъуамбэхэр гъожьы пишӀыкӀыжьыгъагъэх. Ахэмэ сэ ясэӀо: «Ей, къилометриблыкӀэ къышъупэчыжьэхэми шъо къышъохъулӀагъэр къашӀэн алъэкӀыщт». Джащыгъум пшъашъэм мырэущтэу къыӀуагъ: «Зиусхьанэу пасторыр, тэ тазыфагу къихъухьагъэм ащ фэдизэу бгъэшӀэгъон хэлъэп ныӀа. Зыпари ащ бгъэшӀэгъон хэлъэп!» Сэ ащ дезгъэштагъэп. «Зэ зыгъэсамбыр! Хэта ар къэзыгъэнэфэн зылъэкӀыщтыр: сыд фэдэр ара мыхъун зекӀуакӀэр ыкӀи сыд фэдэр ара зекӀокӀэ тэрэзыр?» Хэта, зытет шъыпкъэмкӀэ зэхэзыфырэр шӀум-

рэ емрэ? Чылысыр ара? Хьау! Сэры шъыпкъэми ащ сыфэIорышIэныгъэп. СыныбжьыкIэу зыщэтым, пасторым къысиIорэмкIэ сыпсэуным сезэгъыхэщтыгъэп, джы сэры шъыпкъэм сыпастор. Хэта адэ джы ар къэзыIощтыр – сыд фэдэ зекIуакIэр ара мыхъунэу щытыр ыкIи сыд фэдэ зекIуакIэр ара тэрэзкIэ лъытэгъэн фаер? Сятэшыпхъоу Амалие ара? Хьаумэ сэ сыгу ара? «Сыгу илъ макъэм седэIу!» Хэта адэ, зытет шъыпкъэмкIэ, къэзыIощтыр мыхъун зекIуакIэр ыкIи зекIокIэ тэрэзыр зыфэдэр?

Шъолъэгъуа шъо, мэхьанэшхо зиIэ Iофыгъу тыкъызэкIолIагъэр. ЩыIэныгъэ къэзытырэ Тхьэр, мы дунэешхор ЗыIэ илъыр щыIэмэ, ащыгъум Ащ къыIон фае ер зыфэдэри шIур зыфэдэри! Ау сыд фыдэрэ Тхьи щымыIэмэ, ащыгъум шъузыфаер шъушIэ, шъузэрэфаеу шъузекIу! Уятэшыпхъоу Амалие пае тэрэзэу узекIоным упылъыным сэ зыпари акъылыгъэ хэслъагъорэп. Мыщ дэжьым нэбгырэ пэпчъ ыпашъхьэ упчIэ къеуцо: щыIа адэ Тхьэ, хьауми щымыIа? СэшIэх сэ цIыфхэр шIоим хэтхэу псэухэрэр ыкIи а охътэ дэдэм Зиусхьанэу Тхьэм шъыпкъагъэ фыряIэу аIоу. Акъылыгъэнчъагъ ар! Тхьэр щыIэмэ, ащыгъум Ащ ишIоигъоныгъи цIыфым а ищыIэкIэ лъэныкъуи къыхиубытэн фае. Шъор шъорэу а Iофыгъор зэшIошъухын фае. Тхьэр шъуищыIэныгъэ хэжъугъэкIыни шъулъэкIыщт, ау къыдэшъулъыт джащ фэдэ щыIакIэм шъухэтэу шъузэрэлIэщтыри! Тэ тлъэкIыщтэп илъэс 45-рэ тыныбжьэу Тхьэр тшIошъ мыхъоу дэгъоу тэпсэу къэтIон, етIанэ – жъы тызыхъукIэ, Ар тшIошъ дгъэхъужьын! Хъущтэп ащ фэдэ зекIуакIэр. «Шъулъыхъу Зиусхьаным, Ар къэжъугъотын шъолъэкIыфэкIэ», – къыщеIо Библием, ау къыщиIорэп: «шъорыкIэ игъо зыхъукIэ». Сэ джыри къышъосэIо: Тхьэр щымыIэмэ, ащыгъум шъо шъузэрэфаеу шъупсэун шъулъэкIыщт. Шъузыфаер шъушIэн шъулъэкIыщт. Тхьэр щыIэмэ, ащыгъум Ащ къыIон фае шIур зыфэдэр ыкIи ер зыфэдэр. Ар нафэ, шъыпкъэба?

Джы сэ къышъосэIо: Тхьэр щыI псэоу! Тхьэр щыIэ шъыпкъ! ЫкIи арэущтэу гъэнэфагъэу ыкIи ащ сицыхьэ телъэу къызыкIасIорэмкIэ шъукъысэупчIымэ, мыщ фэдэ джэуап къышъостыжьыщт: Сыда пIомэ Ар Исус къыщылъэгъуагъэшъ ары. Сэ сыфэягъ ар шъо шъушIошъ згъэхъунэу: Исус дунаим къызыкIуагъэм къыщегъэжьагъэу Тхьэм пэшIуекIорэ акъылынчъагъэу зэрахьэрэр е Ар щымыIэу зэраIорэр мышIэныгъэм къыпкъырыкIыгъэу щыт е яшIэ хэлъэу къончэгъэ зекIуакIэу щыт. Тхьэр псэоу щыI! Ар псэоу щыIэмэ, ащыгъум аужырэ гущыIэр Ары къэзыIон фаер:

мыхъун зекIуакIэр ыкIи зекIокIэ тэрэзыр зыфэдэхэр. Шъо шъуфит Ар шъуищыIэныгъэ хэжъугъэзыкIынэу. Мырэущтэу шъуIон шъуфит: «Тэ джы фэшъхьаф шэн-зекIуакIэх тызэрэпсэухэрэр!» Ау сицыхьэ телъэу къыщъуфэзгъэпытэрэр, шъуищыIэныгъэу къэжъугъэшIагъэмкIэ Тхьэм ыпашъхьэ джэуап щышъутын фаеу зэрэхъущтыр.

ШIумрэ бзаджэмрэ Тхьэм зэрэзэхифырэр, ошIэ-дэмышIэу къыпфызэIухыгъэу зыхъукIэ, ар сыд фэдизэу псынкIэгъошхо хъура? Ежьым и ГущыIэу – Библием – гъэнэфэгъэ шъыпкъэу Ащ къыщеIо а Iофыгъом ехьылIагъэу. Зы цIыф горэ зэгорэм, лъэшэу ыгъэшIагъоу, къысэупчIыгъагъ: «Ащ фэдэ Iофыгъохэми яхьылIагъэу Библием къыщеIуата?» Сэ ащ джэуап естыжьыгъ: «Ары, ащ фэдэ Iофыгъохэм яхьылIагъэуи ащ къыщеIуатэ! ЦIыфхэр зэгохьанхэм фэгъэхьыгъэ IофыгъомкIэ зекIокIэ мыхъунэу ыкIи зекIокIэ тэрэзэу щытыр зыфэдэр Тхьэм гъэнэфагъэу къеIуатэ!»

Сэ сигупшысэ зыфэгъэхьыгъэр къыжъугурыIуагъа? УпчIэр мары тэ зэрэдгъэуцун фаер: «ЦIыфхэм язэфыщытыкIэхэмкIэ а Iофыгъом ехьылIагъэу сыда Тхьэм къыIорэр?» Тежъугъэплъ ащ ехьылIагъэу Библием къыщиIорэм.

## 3. Сыда Тхьэм ащкIэ къыIорэр?

*а) ЦIыф зэгохъан шэныр Тхъэм ымыдэу щытэп.*

ЩыI усэ зы усакIо горэм зэхилъхьагъэу, къызэрэщиIорэмкIэ: ышъхьэкIэ къыщебгъажьэу ыбгы нэсыфэкIэ ар чыристанэу щыт, ыбгы къыщегъэжьагъэу ылъапэ нэс – тхьэ нэпцI зиIэ цIыф. Ар делагъ! Библием гъэнэфагъэу къыщеIо: «Тхьэм цIыфыр къыгъэхъугъ, хъулъфыгъэуи бзылъфыгъэуи къыгъэхъугъэх». ЫкIи Тхьэм цIыф зэгохьан шэныри тхэлъэу тыкъыгъэхъугъ! Джащ пае сэ мырэущтэу шъхьэихыгъэу ащ сыкъызыкIытегущыIэрэр. УзытегущыIэ мыхъун Iофыгъоу ар щытэп. Тхьэм сэ хъулъфыгъэу сыкъыгъэхъугъ, шъори, хъулъфыгъэхэр, джащ фэдэу хъулъфыгъэу шъукъыгъэхъугъ. Арымэ, ащыгъум хъулъфыгъэу тыщыжъугъэтых нахькIэ, тызэрэщымытэу зытэшъумыгъэшI. Шъо Тхьэм бзылъфыгъэу шъукъыгъэхъугъ. Арышъ, бзылъфыгъэхэу шъущыт! Бзылъфыгъэхэр хъулъфыгъэхэм афэдэхэу зекIонхэу, хъулъфыгъэхэри джащ фэдэу бзылъфыгъэхэм афэдэу зекIонхэу зэрэфежьэхэрэр лыуз Iофыгъоу къафэхъу. КъыжъугурэIуа къышъу-

асIорэр? Бзылъфыгъэ шъыпкъэхэу шъущытых! «Тхьэм цIыфыр къыгъэхъугъ, хъулъфыгъэуи ыкIи бзылъфыгъэуи къыгъэхъугъэх», – ахэмэ афэшъхьафэу ящэнэрэ лъэпкъ – мыхъу-мыбз – зыпари Ащ къыгъэхъугъэп. Тхьэм цIыф зэгохьан шэныр ымыдэу щытэп. Ар хэти ышIэн фае. МыщкIэ зыгори зэрэщымытэу къэбгъэлъагъо хъущтэп. Тыхъулъфыгъэми тыбзылъфыгъэми – Тхьэр ары тыкъэзыгъэхъугъэр.

Ау Тхьэм тыкъыгъэхъугъэми, Тхьэм гухэлъэу къытфыриIэр зымыгъотыгъэу, зымыгъэцакIэрэ цIыфэу тыщыт. Тэ дэеу тызекIо хъугъэ. Тхьэм апэу къызегъэхъум зэрэщытыгъэм фэдэу джы дунаир щытыжьэп. Джащ къыхэкIэу ары цIыфхэм язэгохьан Iофым щынагъо къызыкIышъхьащыхьагъэр. Джары Тхьэми а лъэныкъор фэсакъызэ къызыкIиухъумэрэр.

*б) Тхьэм къеухъумэ цIыф зэгохьан шэныр къэзэрэщэнхэм ишIуагъэкIэ*

Зэгохьанхэу цIыфхэр Тхьэм фит ешIых ыкIи хъулъфыгъэмрэ бзылъфыгъэмрэ къэзэрэщэнхэм ишIуагъэкIэ ар къеухъумэ. Къэзэрэщэнхэр – цIыфхэм зэдашIырэ зэзэгъыныгъэу арэп зэрэщытыр, ар Тхьэм къыгъэуцугъэ хабзэу щыт нахькIэ.

Чыристанэу щымыт нахь мышIэми, американскэ психиатрэу а Iофыгъом фэгъэхьыгъэу тхылъышхо зытхыгъэм мары ыIорэр: «Библием зэритым фэдэу егъашIэми ащ фэгъэхьыгъэу ащ нахь гущыIэухыгъэ шIагъо щыIагъэп: Тхьэм цIыфыр къыгъэхъугъ, хъулъфыгъэуи бзылъфыгъэуи къыгъэхъугъэх.

ЫкIи ащ пыдзагъэу мырэущтэу къеIо: «Сэ сычыристанэп, ау психологэу сызэрэщытым елъытыгъэу, къэсэIо: джащ фэдэ шIыкIэр ары къэзэрэщэкIэ тэрэзэу щытыр». Тэрэзэу шъо къызыгурыжъугъаIу: шъыпкъагъэ ахэлъэу къэзэрэщэнхэр – ар Голливуд ижъуагъохэр (артист цIэрыIохэр) яблэнэрэу, яенэрэу, ябгъонэрэу е япшIэнэрэу къызэрэзэрэщэхэрэм фэдэп! Ащ фэдэу къызэрэзэрэщэхэрэр щысэтехыпIэу зэраIорэр джащ фэдэу тилъэхъанэ иакъылынчъагъэхэу щыт ыкIи тыгукIэ тызэрэтхьамыкIэр ащ къеушыхьаты. Тхьэм къэзэрэщэнхэм иIоф къызэригъэуцугъэр шIулъэгъумрэ зэфэшъыпкъэнхэмрэ атегъэпсыкIыгъэу ары.

Джы къэзэрэщэнхэ Iофым фэгъэхьыгъэу псэлъэ кIэкI къышъуфэсшIымэ сшIоигъуагъ. Шъуз кIасэхэр! ШъуилIыхэм щэджэгъоушхэ дэгъу афэжъугъэхьазырыгъэкIэ ыкIи якIыIухэр афишъодэжьхэкIэ, ащ пае шъо шъушъхьэгъусэ дэгъукIэ шъуа-

лъытэнхэу щытэп. ЛIыхэр! ХъызмэтымкIэ зыфэещтхэ ахъщэр шъуишъхьэгъусэхэм яшъотыкIэ ыкIи ащ щэхъукIэ зыми шъумыгъэгумэкIымэ, – ар икъунэу щытэп. Зэкъонsocial зэрэIэкIэкIыщтым иамалэу хъун фаер – Тхьэм ишIоигъоныгъэкIэ къэзэрэщэнхэр ары. Адэ, шъо зэшъхьэгъусэхэр, шъукъызэрэзэрэщагъэр арэущтэу гъэпсыгъэу щыта? ЗыгорэкIэ зыр зым дэгущыIэнэу, сыда тэ тызыхэхьагъэр зэшъуIожьыным игъо нэсыгъэу шъулъытэрэба? Къэзэрэщэн Iофыр цIыфхэмкIэ зэкъоныгъэм къыIэкIэкIынхэм иамалэу щытын фае! ЫпэрапшIэу Тхьэм мырэущтэу къыIуагъ: «ЦIыфым изэкъоныр дэи. Сэ ащ IэпыIэгъу къыфэзгъэхъун». КъыжъугурэIуа шъо: зэкъоныгъэм къыIэкIэкIыжьыгъэным пае ар!

Мыщ дэжьым игъо дэд къэпIотэнкIэ зы хъугъэ-шIагъэ: «Сышъэожъые цIыкIоу тиIахьылхэм адэжь нысэщэ джэгоу щыIагъэм сшыпхъурэ сэрырэ тызыдащэгъагъ. Сэ апэрэу сызыдэкIогъэгъэ нысэщэ джэгоу ар щытыгъ ыкIи зэкIэри ащ щысшIогъэшIэгъоныгъ. Ку гъэкIэрэкIагъэкIэ тэ чылысым тыкIуагъ, етIанэ хьакIэщым ешхэ-ешъошхо щашIыгъагъ. Шхынэу къатыщтхэр зыфэдэхэр зэрытхагъэ тхылъхэу къытатыгъагъэхэм аужкIэ итхэгъагъ: «Морожен».

Iэнэ пакIэм дэжь сэрырэ сшыпхъурэ тыщысыгъ ыкIи тызыфаеу тызажэщтыгъэр нахь псынкIаIоу мороженэр къытатыныр арыгъэ. Ау ар къамытэу бэ дэдэу уахътэ тырагъэшIагъ, сыда пIомэ зы лIы горэм къымыухыжьэу псалъэ кIыхьэ къышIыщтыгъэ. Ащ фэдэ псалъэхэу нысэщэ джэгум къыщашIыгъагъэхэр тэ лъэшэу зэщыгъохэу къытщыхъущтыгъэх. Ау ащ пае къэмынэу а псалъэхэм ащыщ горэ сыгу егъашIэми сщымыгъупшэжьынэу къинагъ. Къырагъэблэгъэгъэ лIыхэм ащыщ горэ къэтэджи, зэрэжэбзашIор къыгъэлъэгъоным пылъэу, къыIуагъ: «СихьэкIэ лъапIэхэр! Зы такъикъ нэмыIэми кIэмыгъожьыгъэ къэзэрэщэгъэ нэбгыритIум апае уашъом пхъэнтIэкIуитIу щагъэуцугъэу, ахэмэ къяжэ фэдэу къаIуатэ. Ау джы къызынэсыгъэм а пхъэнтIэкIуитIумэ хэти атемытIысхьагъэу щытых!» Ащ дэжьым лIым игущыIэ къызэпагъэугъ: сятэ, зэкIэхэм ымакъэ къахэщэу, адрэ Iэнэ пакIэм кIэлъырыс сянэ екууагъ: «Зэхэоха, а пхъэнтIэкIухэм тэ татесыщт!» Сэ сышъэожъые цIыкIугъ ыкIи ащ къыхэкIэу а гущыIэхэм мэхьанэ куу зэракIоцIылъым гу лъыстэгъагъэп. Ау гушIуагъом сызэлъиштэгъагъ: зэхэсшIагъэ сянэрэ сятэрэ язэфыщытыкIэ къыпкъырыкIырэ фэбагъэм сызэриухъурэягъэр». Адэ шъо шъукъэзэрэзэ-

рэщагъэр ащ фэдэу щыта? Джащ фэдэ шъыпкъэу щытынэу ары къэзэрэщэнхэр Тхьэм къызэриугупшысыгъэр!

Сэ къызысэщцэм, сиIофшIэгъоу зыныбжь хэкIотагъэм Iанэу тызыпэсым къыщишIыгъэгъэ псэлъэ кIэкIыр Библием къыхэхыгъэ сатырэр ары зытегъэпсыкIыгъагъэр: «Сэ ащ IэпыIэгъу къыфэзгъэхъун, ежь епэсыгъэу». НэмыцыбзэкIэ зэдзэкIыгъэу къэпIон зыхъукIэ, мары ар зэрэхъурэр: «Ащ ренэу къыдырекIокIэу игъусэнэу IэпыIэгъу къыфэдгъэхъун». Ащ джыри къыIуагъ: «Зигъэгощэ пагэу, лIым тетыгъо фызиIэм фэдэп, унэIут бзылъфыгъэ папкIэу фэпщылIыщтым фэдэп, ежьым дэжь щытын закъори арэп, хьапщып кIыгъу фэдэу, ау къыфэгумэкIэу, бзылъфыгъэ IэпыIэгъу гъусэгъу фэхъунэу ары». Ей, сэ икъоу уахътэ сиIагъэмэ, къэзэрэщэным фэгъэхьыгъэ щытхъу орэд шIагъо джы къышъуфэсIоныгъи!

«Тыжьын джэгукIэ» заджэхэрэр хагъэунэфыкIы зэхъум, лъэшэу сыгу къинэгъэ гущыIэхэр сятэ ащ къыщиIогъагъэх. Ишъхьагъусэ еплъи, мырэущтэу ащ къыIогъагъ: «Илъэс тIокIырэ тфырэм къыкIоцI сэ нахь шIу усэлъэгъу зэпыт!» Джащыгъум сыгу къихьэгъагъэх зэшъхьэгъусэхэу, илъэс тIокIырэ тфырэм къыкIоцI тIэкIу-тIэкIузэ зизэфыщытыкIэ фэбагъэхэр кIосэжьыгъэхэр. ТхьамыкIэгъу ар! Къэзэрэщэгъэ пчъэгъабэ щыI мырэущтэу зэраIоным игъо хъугъэу: «КъэдаIуа, тэрыкIэ игъо хъугъэ зэкIэри икIэрыкIэу къедгъэжьынэу!» Арэущтэу ашIын алъэкIыщт, алъэкIыщт шъыпкъ ыкIи!

Джы ящэнэрэ Iофыгъор ары сыкъызытегущыIэщтыр: ныбжьыкIабэхэм мырэущтэу аIоу зэхэпхыщт: «Сэ джыри къэщэн Iофым сегупшысэрэп». Адэ ащыгъум сыдэу хъущтха Iофхэр? ТшIоигъор тэ тшIэмэ хъущта? Ахэмэ афэдэхэм мы къыкIэлъыкIощтыр ары сэ ясIорэр.

*в) Тхьэр зыфаер ныбжьыкIэхэр къэбзэу псэунхэр ары*

СэшIэ сэ ащ фэдэ гущыIэхэр джырэ тилъэхъан къэпIонкIэ зэрэщхэнхэр, ау Тхьэр «мода» – зыфаIорэм лъэплъэкIэ шъогугъа? Сэ сишIошIэп къасIорэр, ащ фэгъэхьыгъэу къыщеIо Библием.

Амал зэрэсиIэкIэ ащ лъапсэ къыфэсшIы сшIоигъуагъ. ШъошIа, Библием гупшысэ шIагъо хэлъ? Ар къытегущыIэ Исхьакъ зыцIэ кIалэм ехьылIэгъэ хъишъэм. Зэгорэм ащ ятэ ежьым иIофтабгэ гъогу тырегъахьэ, ыкъо шъхьэгъусэ фэхъун бзылъфыгъэ къыфигъотыным пае. КIалэр ащ къыщегъэжьагъэу шъузы

фэхъущтым фэшъыпкъ, ар зыщыщыр джыри ымышІэрэ нахь мышІэми. Шъо, кІэлакІэхэр, джыри къэзыщэн гухэлъ зимыІэхэр, шъузэмыхъырэхъышэ хъущтыр ищыкІэгъэ уахътэм Тхьэм шъо шъуащыщ пэпчъ пшъашъэ къызэрэфигъотыщтыр ары. ЫкІи джы дэдэм къыщегъэжьагъэу а пшъашъэм шъо шъуфэшъыпкъэн фае. Е джащ фэдэ къабзэу пшъашъэхэри зекІонхэ фае. Шъо, пшъашъэхэр, шъузыдэкІощт кІалэхэу джыри шъо нэІуасэ шъузыфэмыхъугъэхэм, джы къыщегъэжьагъэу шъуафэшъыпкъэн фае. Джары Библием къыщиІотэрэ къэбарым мэхьанэ купкІэу хэлъыр зыфэдэр. Тхьэр зыфаер джырэ ныбжьыкІэхэр а лъэныкъомкІэ къабзэхэу щытынхэр ары.

Зэгорэм синэІосэ психиатрэм мыр къысфиІотэгъагъ: «Сэ сицыхьэ зэрэтелъымкІэ, пшъашъэм ежь къыгъэшІэщтым зэ ныІэп шІулъэгъу шъыпкъэкІэ хъулъфыгъэ кІалэр шІу зэрилъэгъурэр. Зэзакъу ныІэп ащ ыгу шІулъэгъуныгъэ шъыпкъэм пае зыкъызэрэзэІуихырэр. Ау ащ фэдэ пшъашъэм бэрэ шІу ылъэгъугъэу щытымэ, ащыгъум къэзэрэщэн ІофымкІэ ащ мэхьанэ иІэжьэп. Ар яблэнэрэ кІалэм дэкІощт, ау ыгу илъыщтыр апэрэ кІалэу шІу ылъэгъугъагъэр ары». Сэ ащ джэуап естыжьыгъ: «ГъэшІэгъоныр Тхьэм и ГушыІэ къызэрэщиІорэм фэдэ къабзэу а Іофыгъом ори укъызэрэтегущыІэрэр ары».

Арышъ, икъукІэ гъэнэфагъэ хэлъэу къышъосІон фае: шъукъэзэрэмыщэзэ шъузэгохьаныр, зэрэщытын фаем темытэу шІу зэрэлъэгъунхэр, хъулъфыгъэр хъулъфыгъэм гохьаныр, зэшъхьэгъусэхэр зэфэмышъыпкъэнхэр, зэлІы-зэшъузхэр зэгокІыжьынхэр – зэкІэ ахэр мыхъун зекІуакІэх ыкІи ахэмэ апае шъо Тхьэ ЛъапІэм ыпашъхьэ шъукъиуцонышъ, джэуап ешъутыщт!»

ПІопэн хъумэ, ащ сыкъыщыуцужьми хъущтыгъэ. Сэ сшъхьэкІэ зэхэсшІэгъэ Іофэу щыт Тхьэр зыфаер къыгурыІомэ кІэлакІэмкІэ ІэпыІэгъушху. Тхьэ закъор ары аужырэ гущыІэр къэзыІон фаер. Ау ащ сыкъыщыуцоу, мэхьанэшхо зиІэ Іофыгъо горэ къыхэсымыгъэхъожьмэ, сэрыкІэ жъалымыгъэ хъуныгъи.

## 4. А тхьамыкІагъор сыдэущтэу щыбгъэзыен плъэкІыщта?

Библием къыщеІуатэ гур къыгъэбырысырэу ыкІи зыщыбгъэгъупшэн умылъэкІырэ къэбар гъэшІэгъон горэ. Исус, щыІэныгъэ

зиIэ Тхьэм Ыкъо, цIыф купым ахэтэу щыт. ОшIэ-дэмышIэу цIыфхэр къэзэрэгъэгумэкIых, зэкIэ зэбгырыкIотых. ЦIыфы купым – дин IофышIэхэми, цIыф къызэрыкIохэми – бзылъфыгъэ ныбжьыкIэ дахэ купэу щытыгъэм ахещэ. Сэ, джы фэдэу, сэлъэгъу ар джэнэ ныкъозэIэтхъыр щыгъэу сэпашъхьэ итэу. Исус дэжь къыращалIэшъ, къыраIо: «Исус! Мы бзылъфыгъэ ныбжьыкIэр, зинэ ышIэ пэтэу къэтыубытыгъ. Таурат хабзэм ит – зинэ зышIэрэ цIыфым укI ифэшъуашэу. Тхьэм ыухэсыгъэ хабзэм къызэрэщиIорэмкIэ, зинэ зышIыхэрэм хьадэгъу пщыныжь яфэшъуашэу ары. О ренэу угукIэгъушIыл, Исус, ау Тхьэм иунашъо Ори зи къепIолIэн умылъэкIынкIэ енэгуягъо. О къапIоу зэхэтхынэу тэ тшIоигъу, мыжъохэмкIэ теозэ тыукIынэу мы бзылъфыгъэм зэрифэшъуашэр». Мыщ дэжьым Исус бзылъфыгъэ ныбжьыкIэм къыIуплъагъ ыкIи къеупчIыгъэхэм къариIуагъ: «Ары, Тхьэр лъэшэу пхъашэу а Iофыгъом еплъы ыкIи Ащ иунашъо тетэу узекIон хъумэ, мы бзылъфыгъэм укIыгъэныр ифэшъуаш». Къэзэрэугъоигъэхэм анэгу рэзэныгъэр къакIэщы. Ахэмэ ащыщ зырызхэм мыжъохэр къапхъотэгъахэх, сыда пIомэ зинэ зышIэхэрэр зэраукIыщтыгъэхэр мыжъохэмкIэ яохэзэ ары. Ау Исус ащ пыдзагъэу къеIо: «Зэ шъусамбырыгу! Шъо шъуащыщэу зыпари псэкIодшIагъэ зимыIэм, – игупшысэхэмкIи, игущыIэхэмкIи, изекIуакIэхэмкIи – джащ фэдэу шъо шъухэтым зэкIэми апэу имыжъокIэ мо бзылъфыгъэм ерэу!» Ащ нэужым Исус ышъхьэ риуфэхи, зыгорэхэр пшахъом тыритхэхэу ригъэжьагъ. Сэ лъэшэу сшIэмэ сшIоигъоныгъи Ащ пшахъом тыритхэщтыгъэхэр, ау ащ ехьылIагъэу Библием къыщиIорэп. ТIэкIу тешIагъэу Ащ ышъхьэ къыIэтыгъ – чIыпIэу зыдэщытыгъэм зы нэбгыри Iутыжьыгъэп, къыIунэгъэгъэ закъор бзылъфыгъэу къыращэлIэгъагъэр ары. Библием мырэущтэу къыщеIо: «АгухэмкIэ загъэмысэжьэу, зым ыуж адрэр итэу, аужырэм нэс зэкIэ IукIыжьыгъэх».

Джы шъо зэкIэми къышъуфэгъэхьыгъэу сышъоупчIы: адэ апэрэ мыжъор а бзылъфыгъэм тешъудзэныгъа – шъуигупшысэхэмкIи, шъуигущыIэхэмкIи, шъуизекIуакIэхэмкIи а IофыгъомкIэ шъукъабзэу зышъулъытэжьызэ? Апэрэ мыжъор тешъудзэн шъулъэкIыныгъа? Тешъудзэн шъулъэкIыныгъэп – шъыпкъэба? Арышъ, зэрэхъурэмкIэ, зэкIэ тэ мыщ къыщызэрэугъоигъэхэмкIэ псэкIодшIагъэхэр зиIэ закIэхэу тыщыт.

Шъолъэгъуа шъо: а къэзэрэугъоигъэгъэ цIыфхэм ашIэн фэягъэр фэшъхьаф шъыпкъ. Ахэмэ мары къаIон фэягъэр: «Зиусхьа-

нэу Исус! Тэ мы бзылъфыгъэм тыготынэу къыттефэ. Ащ хьыкум О тепшIыхьагъэп, тэри IэпыIэгъу къытфэхъу!» Исус фэшъхьаф мы тхьамыкIэгъо Iофэу тиныбжьыкIэхэр зыхэфагъэмкIэ IэпыIэгъу къытфэхъун щыIэу сэ сшIэрэп. Ащ иIэпыIэгъу къызыфэзыгъэфедагъэхэм зыкIэ сащыщэу сызэрэщытым елъытыгъэу ары сэ ар къызэрэсIорэр. Исус ехьылIагъэу сэ къэсIуатэ зыхъукIэ, зы теорие горэм зезгъэушъомбгъунэу арэп сыгу хэлъыр. Исус ары егъашIэми сищыIэныгъэкIэ сызыгъэгъуазэрэр ыкIи джы къызынэсыгъэм гъусэшIоу сиIэр. Пасторыр зыми ымыгъэгумэкIырэ, зыми зиIоф хэзымылъхьэрэ цIыфэу щытэп ныIа, ари псэ зыпыт цIыф. Шъощ фэдэ къабзэу ащи КъэгъэнэжьакIо ищыкIагъ. ЩыIэныгъэм пчъагъэрэ къысфиушыхьатыгъ КъэгъэнэжьакIоу сиIэр зыфэдэр, мыхэр арых ахэр:

*а) Исус псэкIодшIагъэр афегъэгъух*

Шъо шъуипсэкIодшIагъэхэр, шъуимыхъун зекIуакIэхэр пасторыми, дин IофышIэхэми, ары пакIошъ, мэлэIичыхэми къышъуфагъэгъунхэ алъэкIыщтэп. Апэрэ гухэлъ шIоеу шъхьэм къихьэрэр ыкIи емыкIу зекIуакIэ пэпчъ, Iо хэмылъэу, псэкIодшIагъэхэу щытых. Шъуимыхъун зекIуакIэхэу шъуIэкIэшIагъэхэр шъупшъэ дэлъхэу шъо Тхьэм ихьыкум шъуекIуалIэ – Исус шъо къэшъумыгъотэу ахэр Ащ ыпашъхьэ ишъумылъхьэхэмэ, ахэр хэти къышъуфигъэгъунхэ ылъэкIыщтэп. Исус закъор ары шъуипсэкIодшIагъэхэр шъуфэзыгъэгъунхэ зылъэкIыщтыр.

КъызышIогъэшI угукIэ Исус ыпашъхьэ уитэу ыкIи епIоу: «Джы аужыпкъэм сикIэлэгъу илъэхъан псэкIодшIагъэхэу сIэкIэшIагъэхэр зэкIэ О уапашъхьэ къисэлъхьэх. ЗэкIэ мыхъун зекIуакIэу сызэсагъэхэр О уапашъхьэ къисэлъхьэх зыпари ахэсымыушъэфыкIэу». Джащыгъум пшъхьэ къэIэтыри, Ар зыпылъэгъэгъэ къащым уинэплъэгъу тедз ыкIи мыщ фэдэ гущыIэхэр къаIох: «Исус ылъ къащым къечъэхыщтыгъ /Ащ ынатIэ, Ащ ынэгу, /сэ дагъоу сиIагъэр бэу щытыгъ, /джы а лъымкIэ ситхьакIыжьыгъ». Зэхэшъоха? «Тхьэм Ыкъоу Исус Христос ылъэу къащым щыкIэкIыгъэми псэкIод пстэури тыгухэм ареукъэбзыкIыжьы». Шъхьафитныгъэ къытфэзыхьырэ гущыI!

Илъэс пшIыкIубл сыныбжьыгъ дзэкIолI сызэхъум. Дзэ къулыкъум щыIэгъэ хабзэ шIоигъэм икубзыпIэм сыхигъэфэгъагъ. ЗэкIэм сыкъэущыжьыгъэм фэдэу къэскIугъэ гъогум сырыплъэжьыгъ ыкIи сызэупчIыжьыгъ: «Адэ сикIэлэгъум мыхъунэу сшIа-

гъэхэр хэта стезыхыжьыщтыр?» Джащыгъум къызгурыIуагъ: Исус ары ныIэп блэкIыгъэ уахътэм мыхъунэу сшIагъэхэр зыгъэкIодыжьынхэ зылъэкIыщтыр. Исус сипсэкIодшIагъэхэр сфигъэгъущтых! ЫкIи, Исус лъэIу фысиIэу зыфэзгъэзагъ. Джы Ащ сыримыгъусэу сэ джащ нахьыбэрэ сыщыIэнкIэ сыфаеп.

Зэгорэм Дюсселдорф щызэхащэгъэгъэ зэIукIэшхом сыкъыщыгущыIэзэ къэсIонэу хъугъагъэ Исус цIыфым ипсэкIодшIагъэхэр фигъэгъухэзэ, ащ иблэкIыгъэ уахътэ зэригъэкIодырэр. ЗэIукIэр зытэух нэужым зэкIэми пчъэ икIыпIэм зыфаузэнкIыгъ, ау сэ гу лъыстагъ лIы зэтегъэпсыхьагъэ горэ купым къыхэкIыгъэу къызэрэсэкIуалIэрэм. ЕтIанэ а лIыр сапашъхьэ къиуцуи, гумэкIым зэлъиштагъэу ишъыпкъэу, къысэупчIыгъ: «ПсэкIод гъэгъуныр шъыпкъэу щыIа, о къызэрэпIотагъэм фэдэу?» – «Адэ шъыпкъэу щыI, – есIожьыгъ ащ, – Тхьэм щытхъур ыдэжь, джары сэ сызэрэщыIэри!» Джащыгъум а лIым къысиIуагъ: «Сэ сыпсихиатр. ОшIа о – зи акъыл зэщыкъуагъэу сымаджабэ садэжь къакIо. Ахэмэ узэу къызэдяузырэр бэ, ахэмэ ашIэрэп къяузырэ узыхэр зыфэдэ шъыпкъэхэр. А узыхэм янахьыбэ къызыпкъырыкIырэр ахэмэ зэгорэм аIэкIэшIэгъэгъэ мыхъун зекIуакIэхэу, джы ащ нахьыбэкIэ агу къагъэкIыжьынхэ амылъэкIыхэрэр е агу къагъэкIыжьынкIэ зыфэмыехэр ары. А нахьыпэрэ зекIокIэ мыхъунхэу ахэмэ къахэфэгъагъэхэр агу къэзгъэкIыжьынхэм пае ахэмэ бэрэ Iоф адэсшIэн фаеу мэхъу. Ау джащ дэжьыр ары скIуачIэ зыщысыухырэр. СкIуачIэ къыхьын ылъэкIыщтыр мыхъун зекIуакIэу зэгорэм къахэфэгъагъэр къычIэзгъэщыжьыныр: пцIыусыныр, зэщыхьаныр, зинэ шIэныр, ау сэ нахьыбэрэмкIэ сшIэщтыр сымышIэу сегупшысэ: ежь а мыхъун зекIуакIэу къахэфэгъагъэхэр згъэкIодыжьынхэ слъэкIынэу щытыгъэмэ! Джащ къыхэкIэу, зиусхьанэу пасторыр Буш, сыоупчIы: адэ щыIа шъыпкъэмкIэ Зыгорэ, а мыхъун зекIуакIэу цIыфым зэгорэм къыхэфэгъагъэр джы зыгъэкIодыжьын зылъэкIырэр? Шъыпкъа а къэпIотагъэр?» Джащыгъум гушIогъошхом сызэлъиштагъэу къэсIотагъэр джыри зэ къэсыушыхьатыжьыгъ: «Тхьэм щытхъур ий – шъыпкъэ!» ЫкIи сэ къызгурыIуагъ зыфэдэ зэхамыхыгъэ къэбар шIагъоу КъэбарышIум къытфихьыгъэр: Исус цIыфхэм япсэкIодшIагъэхэр афегъэгъух!

ЫкIи ятIонэрэр:

*б) Исус лъэхъухэр атырехых*

Зэгорэм бзылъфыгъэ ныбжьыкIэ дэхэ дэдэм мырэущтэу есIогъагъ: «А пшъашъ, узытекIодэн Iоф узыхэхьагъэр, уиIэшъхьэтет

фыщытыкІэ дэйхэу дыуиІэхэр хъухэнэу щытэп! А лІымрэ иунагъорэ умыгъэунэхъух!» Зэхихыгъэр лыуз зэрэщыхъурэр ынэгукІэ къыхэщэу пшъашъэм джэуап къыситыжьыгъ: «Ары шъхьаекІэ кІочІэгъу сызыфырикъужьын слъэкІырэп – ар шІу сэлъэгъуба!» «Ар шъыпкъэ, – есІуагъ ащ. – Ары шъхьаекІэ, а лІым шъузи, кІэлэцІыкІухэри иІэх, арышъ, о жъалымыгъэу озекІо!» Ау бзылъфыгъэм джыри къыкІеІотыкІыжьы: «Зыпари сэ сшІэн слъэкІырэпи, пшъэхъухэр стелъыхэм фэд!» Мыщ дэжьым гу лъыстэгъагъ ежь бзылъфыгъэми къин зэрилъэгъурэр а зэфыщытыкІэм къыхэкІэу, ау кІуачІэ къызыхигъотэжьын ылъэкІырэп ащ кІэух фишІыным пае. Сэри сынасыпышІоу зыслъытэжьыгъ мыщ фэдэ гущыІэхэр ащ зэресІошъугъэм пае: «Шъыпкъэ, ащ фэдэ зэфыщытыкІэхэм язэпхыныгъэхэр тэ зэпытчынхэ тлъэкІыщтэп, ау Библием ащ ехьылІагъэу мары къыщиІорэр: Къо ЛъапІэм шъхьафит шъуишІыжьымэ, шъхьафит шъыпкъэ шъухъужьыщт. Исус зыфэгъазэри елъэІу! УкъызыІэкІэкІын умылъэкІырэ пшъэхъухэр Ащ птырихыщтых!»

Мы гущыІэхэу тхьэорэдым щыщхэр сэ лъэшэу сикІасэх: «Исус къэкІуагъ ыкІи Іэхъу-лъэхъухэр бзэхыгъэх, /хьадэгъу пшъэхъухэу тэ ттелъхэр Ащ зэпиутыгъэх, /ЕмыкІум ылъапсэхэр Ащ къыгъэтІэсхъагъэх. /КъэгъэнэжьакІоу Тхьэм ЫкІо шъхьафит тэ тишІыгъ. /ЕмыкІумрэ нэпэнчъагъэмрэ Ащ щытхъумкІэ зэблихъугъ, /Исус къэкІуагъ ыкІи типшъэхъухэр ыкъутагъэх».

Къэлэшхом ипасторэу сызэрэщытыгъэм къыхэкІэу сэ сыни-тІукІэ слъэгъунэу хъугъэ, псэкІодшІагъэм яаджал пшъэхъухэр зэрэзэпыутыхэрэр. ЦІыф зэгохьаным фэгъэхьыгъэ тхьамыкІагъохэу ыкІи зэфыщытыкІэхэу джы тызэутэкІыхэрэм тахаплъэзэ нафэ къытфэхъурэр, ныбжьыкІэхэми нахьыжъхэми КъэгъэнэжьакІоу шъхьафит зышІыщтхэр зэрящыкІагъэр ары. Шъхьадж ыгъэунэфын ылъэкІыщт Исус зыфэдэ амылъэгъугъэ шъхьафитныгъэ шІагъо къаритын зэрилъэкІырэр! ШІокІ имыІэу шъо КъэгъэнэжьакІо шъуищыкІагъ, армырмэ шъуищыІэныгъэ зэщыгъо щыІэкІэ-псэукІэу тхьамыкІагъоу щытыщт.

## 5. Дунаир зыкІэхъопсырэр шІулъэгъоу «агапэ»

Джыри зыгорэхэр а къэсІотагъэм къыхэзгъэхъон фае. Пшъашъабэхэм аІоу зэхэпхыщт: «Ары шъхьаем, илъэс тІокІитІу тыныбжь

хъугъахэ, ау джыри тыдэмыкIуагъэу тыщыс. Сыда адэ тэ тшIэщтыр?»

Зэхэшъоха шъо – заор анахь зылъэгъу мыхъухэрэм сэ сащыщ ыкIи арэущтэу сыхъуныр зыпкъ къикIыгъэр ахэмэ афэдэ пшъашъэхэу зизакъоу къэнагъэхэм ятхьамыкIагъу ары. ЯтIонэрэ дунэе зэошхом иилъэсхэм кIэлэкIэ нэбгырэ миллионитф хэкIодагъ. Ащ къикIырэр тилъэпкъ щыщэу бзылъфыгъэ ныбжьыкIэ миллионитфым ящыIэныгъэ шъхьэзакъоу къызэрагъэшIэщтыр ары. Адэ заор плъэгъу мыхъунымкIэ ащ нахьи нахь IэубытыпIэ дэгъу къэбгъотыжьына?! КъызыгурыжъугъаIо шъушIоигъоба тилъэпкъ щыщ бзылъфыгъэ ныбжьыкIэ миллионитфым ащ фэдэ бзэмыIу тхьамыкIагъоу акIэхэкIырэр зыфэдэр? Хъулъфыгъэхэу ахэмэ насыпышIо ашIынэу щытыгъэхэр зэор зыщыкIогъэ губгъохэм егъашIэрэу къарынагъэх. Ахэмэ афэдэ пшъашъэхэм ясIомэ сшIоигъуагъ: «Тхьэм ыцIэкIэ сышъолъэIу, зышъуIаж, шъо шъузыхэнырэр мыхъун зекIуакIэкIэ, къызыIэкIэжъугъэхьажьыным шъупымылъ! Хымэ унагъохэр насыпынчъэ шъумышIых!» Щынагъохэмрэ тилъэпкъ псэкIодшIэным фыдэзыхьын Iофхэмрэ яхыорхэр къытеуагъэх цIыф лъэпкъым. «Ары сыд адэ тэ тшIэщтыр?» – къыкIэупчIэщтыгъэх ахэр. Сэри ахэмэ джэуап ясэтыжьыгъ: «Ащ фэдэ шъхьэзэкъо щыIакIэ шъо къышъутефагъэмэ, сыдэу шъушIын, ащ зежъугъэзэгъын фае. ЗыгорэкIэ шъо лIы шъудэмыкIуагъэмэ, сыдэу хъугъэми насыпынчъэу зышъумылъытэжь!»

Тавифэ зыцIэ дэмыкIогъэ бзылъфыгъэм ехьылIагъэу Библием къыщеIуатэ. Къалэу Иоппие ары ар зыщыпсэущтыгъэр. Джы ащ зэреджэхэрэр Яффа. А бзылъфыгъэр зэлIэм, а чIыпIэм пэмычыжьэу щыIагъ апостолэу Петр. Ащ къеджагъэх. Хьадэр зэрылъ унэм ар зехьэм, ылъэгъугъэр ымыгъэшIэгъон ылъэкIыгъэп – ащ къызэрэшIошIыгъагъэр дэмыкIуагъэу, шъхьэзакъоу щыIэгъэ пшъэшъэжъым ихьадэ унэ нэкIым илъэу ылъэгъущтэу ары! Ау унэм цIыфыр изыгъ! Мары шъузабэ горэм къыIуагъэр: «Мы сщыгъ щыгъынхэр сфэзыдыгъэхэр Тавифэ ары!» Мары нитIунэшъум ащ къыпигъахъорэр: «Къин сыхэтэу сэ сизакъоу сыпсэущтыгъ, ау тхьэумафэ къэс Тавифэ садэжь къакIощтыгъ ыкIи сыхьатым къыкIоцI тхылъым къысфеджэщтыгъ. Ар сищыIэныгъэкIэ сыхьат нэфэу щытыгъ!» Мары щысых ренэу зыпэхэр цIынэ зэпыт кIэлэцIыкIухэр ыкIи мары ахэмэ къаIорэр: «Тэ гум тыранэжьыгъэу тыщыI, хэти къытфэгумэкIырэп, ау Тавифэ ыгу къытэгъущтыгъ, ынаIэ къыттыригъэтыщтыгъ!» Джащыгъум Петрэ

къыгурыIуагъ: «Тавифэ ищыIэныгъэ бэкIэ нахь гъэшIэгъонэу щытыгъ, ялIыхэм акIэлъырысыхэу зэщыгъом хэтхэу зищыIэныгъэ зыгъакIорэ шъузхэм анахьи!»

ШIулъэгъуныгъэ мэхьанэр къикIэу къырыпIонэу нэмыцыбзэм зы гущыI ныIэп хэтыр. Грекыбзэр пштэмэ, ащ гущыIитIу хэтыр. КъэбарышIур грекыбзэ зэратхыгъагъэр. Мы къэбарыр къызетэгъажьэм тэ тызытегущыIэгъэ шIулъэгъум грекыбзэкIэ зэреджэхэрэр «эрос». Джары къызытекIыгъэри гущыIэу «эротика» зыфиIорэр. Ау щыI джыри зы гущыIэ шIулъэгъу мэхьанэр къикIэу, ар «агапэ» зыфиIорэр ары. Ар Тхьэм къытфыриIэ шIулъэгъоу цIыфхэм сэ къафесIотэн сыгу хэлъыр ары. ДэмыкIогъэ пшъашъэхэр, шъузэрэшъхьэзакъом шъуеуцуалI ыкIи шIулъэгъоу «агапэ» зыфаIорэм тетэу шъуищыIэныгъэ жъугъэпсы. Дунаир ащ фэдэ шIулъэгъу зыкIэхъопсырэр. Джыри зэ шъугу къэзгъэкIыжьынэу фит сыкъэшъушI: шIумрэ емрэ зэхэзыфынхэу фиты закъоу щыIэр Тхьэр ары ныIэп! Тхьэм еIо: ныбжьыкIэхэр къабзэхэу щытынхэ фае, къэзэрэщагъэхэу зэлI-зэшъузыхэр зэфэшъыпкъэнхэ фае, ау зыгорэкIэ щыIэныгъэ гъогум шъхьэгъусэ шъумыгъотыгъэмэ, ащ зежъугъэзэгъын фае.

## 6. Тэ фитыныгъэ зыфытимыIэ шIулъэгъур

ИкIэухым сэ джыри Исус ехьылIагъэу къыкIэсIотыкIыжьмэ сшIоигъуагъ. СыкъызытегущыIэрэ Iофыгъом ыцIэр: «ШIу талъэгъунэу тифэшъуаш». ЩыI шIулъэгъу тэ тимыфэшъуашэу тэ къытатырэр. Ар – Исус Христос ишIулъэгъуныгъ. Тэ зэкIэри тыпсэкIодышI. КъэгъэнэжьакIо тищыкIэгъэ шъыпкъ. Сэ сищыIэныгъэ щыщ къэбар шыхьат фэдэу къышъуфэсIуатэ сшIоигъу. Ар зыхъугъагъэр шIошъхъуныгъэ зэрэсиIэм пае ящэнэрэ рейхым илъэхъан хьапсым сызычIэсыр ары. Хьапсым ипастор садэжь къэкIуагъ ыкIи къысиIуагъ: «УиIофхэр лъэшэу дэих». Пасторыр икIыжьыгъ ыкIи сизакъоу хьэпсэ унэ зэжъум сыкъинагъ. КIашъом гъонэ бгъузэ цIыкIу фэшIыгъагъ нэфынэ тIэкIу нэмыIэми унэм къыридзэнэу; сэ чъыIэ сылIэщтыгъ. Е-о-ой, сэ сызэрыфэгъэ чIыпIэр гугъэкIодэу чъыIагъэ. Сишъуз, сикIэлэцIыкIухэм, сиIофшIапIэ, синыбжьыкIэхэм сафэзэщыщтыгъ. НыбжьыкIэхэм сыряпасторэу сыщытыгъэба сэ. Джы мары хьапсэм сычIэс, зэгорэм шIэхэу сыкъычIатIупщыжьыным сыщымыгугъэу. Пчыхьэ зэхъум,

сшIэжьыщтыр сымышIэу сыгу кIодыгъапэ. Шъо шъуащыщ горэ ащ фэдэ чIыпIэ гукIодыгъо ифэгъагъэми сшIэрэп. Ау мыщ дэжьым – фэшъхьаф гущыIэхэмкIэ ар къышъуфэсыушыхьатын слъэкIыщтэп – хьэпсэ унэу сызычIэсым къихьагъ Зиусхьанэу Исус. Ар псэу! Пчъэ зэфэшIыгъэхэм Ар апхырыкIын елъыкIы. ЫкIи мыщ дэжьым Ащ аущтэуи ышIыгъ, къащым зэрэтелIыхьагъэр къысигъэлъэгъузэ. Ащ игущыIэхэр сэ зэхэсхыгъэх: «Мэлэхъо Хьалэлыр сэры. Мэлэхъо Хьалэлым ыпсэ мэлхэм апае еты». Ащ лъыпытэу Тхьэм ишIулъэгъушхоу Исус къыIэкIэкIыгъэу псыорышхом фэдэу къыстеуагъэр ерагъэу сщэIагъэ – джащ фэдизэу сыгукIэ ар иныгъэ. Сэри а чIыпIэм къыщызгурыIуагъ: а шIулъэгъоу тэ тынэу къытатырэр къэдгъэхъагъэп, ащ фэдэ шIулъэгъу Исус къытфыриIэнэу тифэшъуашэп.

А шIулъэгъур ори къыпфызэIухыгъ! Сыда ар о зыкIыблэбгъэкIырэр? А шIулъэгъур занкIэу о угу дэдэм къилъадэ шIоигъу!

# ТХЬЭМ УДЭГУЩЫIЭН ПЛЪЭКIЫНА?

Швабием зы тарихъ кIэкI горэ къыщаIуатэ. Швабием щыщ къуаджэ горэм гъучIыч гъумым рыкIохэрэр къэкIогъагъэх, пчыхьэм ахэмэ яIэпэIэсэныгъэ къоджэдэсхэм къафагъэлъэгъон фаеу щытыгъ. Ащ фэшI къэкIуагъэхэм пкъэуитIу агъэуцуи, ахэмэ азыфагукIэ гъучIыч гъумыр зэпыращыгъэ. ИкIэлэцIыкIу игъусэу ащ дэжьым бзылъфыгъэ горэ блэкIызэ, сабыир ным еупчIыгъ: «Нан, мо гъучIычым утетэу урычъэн плъэкIынэу щыта?» Ным джэуап сабыим ритыжьыгъ: «Хъущт, урычъэн плъэкIыщтмэ. Ау сэ слъэкIыщтэп». СыкъызытегущыIэрэ IофымкIэ апэрэу къасIомэ сшIоигъуагъэр мары:

## 1. Тхьэм удэгущыIэн плъэкIымэ, плъэкIыщт

Ары, Тхьэр щыIэшъ, удэгущыIэн плъэкIыщт. Мыщ дэжьым шъо шъуащыщ бэмэ мырэущтэу аIон алъэкIыщт: «Сэ ащкIэ лъэкI сиIэп!» Ау Тхьэм удэгущыIэн зэрэплъэкIыщтыр шъыпкъэ! Шъо зиусхьанэу Майер шъудэгущыIэн шъолъэкIыба, сыда ащыгъум щыIэныгъэ зиIэ Тхьэм шъудэгущыIэн зыкIэшъумылъэкIыщтыр? Ар псэоу щыI! Ау шъо Тхьэм шъудэгущыIэн шъолъэкIа?

СицIыкIуагъом сыгу къэкIыжьы орэдэу зэзгъашIэщтыгъэр: «Ошъогу лъагэм, мэлэIичыхэм ялъэгапIэ къеплъыхэу кIэлэцIыкIухэм къяплъы Тхьэр, къытфэхьалэл Тятэр!» А лъэхъанэм мары сэ сызэрэгупшысэщтыгъэр: «Ащыгъум Тхьэм уелъэIунэу нахьыбэкIэ мэхьан иIэжьэп, сыда пIомэ мощ фэдиз илъэгагъэу щыIэ Тхьэм зэхихынэу сэ сыкуон слъэкIынэу кIуачIэ сиIэп». ЦIыфхэм ащыщхэм сэмэркъэу зырагъэшIэу къаIоу зэхэпхыщт: «Тэ спутникыр дунэешхо гъунэнчъэм хэттIупщыхьагъ. Тхьэр щыIагъэмэ, тэ Ащ тыщыIукIэн фэягъ».

ШъошIа шъо, бэмэ ашIузэхэкIокIэжьы, бэхэр мы Iофым икъоу щыгъуазэхэп ыкIи аIоу зэхэпхыщт: «Тыда щыIа адэ Тхьэр? Ошъо лъагэр ара? Лъагэу, лъагэу ащ щыIа? Сыд фэдиза Ар зыдэщыIэ чIыпIэм илъэгагъэр – километри 100-а, хьауми 1000-а?» Аущтэу упчIэр къагъэуцумэ, гъэнэфагъэу сэ мыщ фэдэ джэуап къястыжьыщт: «Ошъо лъагэм» – ащ фэдэ гущыIэхэр Библием хэтхэп, ау ащ къыщеIуатэ щыIэныгъэ къэзытырэ Тхьэм ехьылIагъэу: «Ар...

тэ тащыщ пэпчъ пэмычыжьэу щыI». Фэшъхьаф чIыпIэм мырэущтэу къыщеIо: «Сыкъэоухъурэи саужкIи сапэкIи».

Ар нафэу къызыбгурыIощтыр дунаир шэпхъищ щэхъукIэ (икIыхьагъ, ишъомбгъуагъ, илъэгагъ) къызэрэдгурымыIорэр къызыдэплъытэкIэ ары. Ау дунаир ащ нахьи бэкIэ нахь ин. Тхьэр фэшъхьаф шапхъ зыдэщыIэр, ау тэ Ар къыдгот. О мыхъунхэр пшIэхэ зэхъуми, Ар о къыбготыгъ. Ар о къыбготэу щытыгъ ыкIи зыпари ыIощтыгъэп. Нэбгырэ зырызхэу илъэс 40 – 50 зыныбжьхэм ежь къагъэшIагъэм мыхъун зекIокIэ пчъагъэ къахэфагъ, ау Тхьэм зыпари ыIорэп.

Шъыпкъэ, Тхьэм удэгущыIэн плъэкIыщт. Ау гъучIычым рыкIохэрэм фэдэ къабзэу мыщи Iофыр джары зэрэщыщытыр: ар къызыдэхъун зылъэкIыщтыр зиамалыр ары. ЦIыфхэм янахьыбэмэ мары къаIон фаеу хъурэр: «Ары шъхьаекIэ, сэ ар скIуачIэ къыхьыщтэпи!» Мыдэ зэфагъэ къызыхэжъугъафи шъеуцолIэжь: шъо Тхьэм шъуелъэIун шъулъэкIыхэрэпи! Ар шъо шъулъэкIыгъэмэ, Тхьэм шъудэгущыIэн шъулъэкIыныгъи. Ары шъхьаекIэ, шъулъэкIырэп!

Тилъэхъан анахьэу гур зыгъэкIодэу къыхэщырэ нэшанэр цIыфхэр Тхьэм елъэIунхэ зэрамылъэкIыжьырэр ыкIи ащ дакIоу Тхьэр ашIошъ зэрэмыхъужьырэр ары. ТхэкIо цIэрыIоу Франц Верфел ытхыгъ: «АшIокIодыгъэ уашъор» зыфиIорэ тхылъыр. Ащ хэт сэ ренэу сызыгъэгумэкIырэ мыщ фэдэ гущыIэухыгъэ. Мары ар: Джырэ тилъэхъан къыхэщырэ нэшанэу щытыр метафизическэ шIыкIэу цIыфым зызэригъэделэрэр ары. ГущыIэу «метафизическэ» зыфиIор къикIырэр, мыкIодыжьын уахътэу, шъыпкъэу щыIэу, ау ар зыдэщыIэр нэмыкI шапхъэр ары. Метафэзическэ шIыкIэкIэ цIыфым зегъэделэ ыIомэ, тхакIом мары къыригъэкIырэр: радиом, телевидением, Iорыжъорыным, пропагандэм, идеологием, политикэм, гъунэгъухэм, фабрикхэм хэбзэнчъагъэу къащыдызэрахьэхэрэм апкъы къикIыкIэ цIыфым запари къыгурымыIожьэу зэрэхъурэм къыхэкIэу Тхьэр псэоу зэрэщыIэри, Ащ удэгущыIэн плъэкIынэу зэрэщытыри цIыфым къыримыдзэжьыхэу мэхъу. Тхьэм удэгущыIэн плъэкIына? Шъыпкъэ, плъэкIыщтыгъэ мы аужырэ илъэсишъэм къыкIоцI духовнэ тарихъымкIэ цIыфхэм зыпари къагурыIомыIожьы зэрэхъугъэр ары мыхъугъагъэмэ.

Илъэс пшIыкIух зыныбжь кIэлакIэм сэ къысфиIотагъ заом къыщехъулIэгъэ хъугъэ-шIагъэ горэ. Ар зыхэтыгъэ батареем пыим икъухьэлъатэхэм бомбэхэр къызытырадзэхэ нэужым, ежыр зэкIэми апэу чIыунэм къычIэкIыгъ ыкIи зэкIэм ылъэгъугъ зыны-

бэ зэIэтхъыгъэ дзэкIолIэу щылъыр. ЗыгорэкIэ IэпыIэгъу фэхъумэ шIоигъоу ащ зыкIэлъырэхьэм, адрэм къыриIуагъ: «СэлIэ сэ. ЗыкIи о IэпыIэгъу укъысфэхъужьын плъэкIыщтэп. Сэ сищыкIагъэр Тхьэм къызделъэIун зылъэкIын горэ. А кIал, къыфелъэIу Тхьэм!» Ау кIалэм ащ риIожьыгъ: «Гитлер иныбжьыкIэхэкIэ заджэхэу сэ сызыхэтыгъэхэм сызыфагъэсагъэр Iаеу сыхъонэныр ары нахькIэ, Тхьэм сызэрелъэIущтыр арэп».

КIалэр капитаным ыдэжь чъи, уIагъэм къырищэлIагъ. Капитаныр етIысэхи, зикIэтIыйхэр зыныбэ къизыгъэ дзэкIолI уIагъэм еупчIыгъ: «Сыда узыфаер, ныбджэгъур?» «А капитан, сэлIэ сэ, спсэ хэкIы. КъызделъэIу Тхьэм!» «О сиТхь! – къэкууагъ капитаныр, – Сэ Тхьэм сызэрелъэIущт шIыкIэр сшIэрэп». ЫкIи нахьыжъ лейтенантым лъигъэкIуагъэх. Джы мары ахэр зэкIэ зэготхэу щытых, лIыгъэ зыхэлъ дзэкIолIхэр, зызшIомыдэйхэр, анекдот гоштэгъуаджэхэр мымакIэу къэзыIотэн, Iаеу хъонэнхэ зылъэкIыщтхэр, ау ахэмэ ащыщ горэми Тхьэм узэрелъэIущтыр ышIэрэп. ЫкIи а кIэлакIэм сэ къысеIо: «Джащыгъум сэ сыщытэу сегупшысэщтыгъэ: мы зэо шIоим сыпсаоу сикъыхэкIыжьымэ, апэрэ чэзыоу сэ сызылъыхъущтхэр цIыфхэу Тхьэм узэрелъэIущт шIыкIэм сыфэзыгъэсэщтхэр ары. А дзэкIолIыр тхьамыкIагъом хэтэу зэрэлIагъэм фэдэу сылIэнкIэ сэ сыфаеп!»

Джырэ тилъэхъан джащ фэдэ чIыпI цIыфхэр зэрытхэ хъугъэр. Iэшъхьэтетхэми лэжьакIохэми зэфэдэу а зыр ары яслъэгъулIэщтыгъэр: зыхэм Тхьэм елъэIунхэу зэрапэсыжьырэп, сыда пIомэ ахэмэ зашIоIушыщэшъ ары, адрэхэм шъхьадж зэрэфаем тетэу егупшысэхэмэ: нахь тэрэз аIозэ, гъогум текIыжьых. Тэ Тхьэм темылъэIушъоу тыхъугъ. ЫкIи, шъыпкъэ, ащ къыхэкIэу Верфел «метафизическэ шIыкIэкIэ зэкIэкIогъэныр» зыфиIорэ тхьамыкIагъом цIыфхэр хафэх. ЗэкIэ ахэмэ къапкъырыкIэу щыIэныгъэм къиныгъо горэм зэрэщыIокIэхэу агу къэкIоды, ашIэщтыр амышIэу къанэх. Эссен сыщыIэу бомбэхэм зызыщаухъумэрэ чIыунэ горэм сычIэсэу мыщ фэдэ цIыфхэу заом текIоныгъэу къыщыдахынэу къашIошIыщтыгъэм пае пэшIорыгъэшIэу зыщытхъужьыщтыгъэхэм, зыфэдэ амылъэгъугъэ фюрерым ищытхъу зыIуатэщтыгъэхэм Германиешхом рыпагэхэу гущыIэщтыгъэхэм сахэсыгъ. Ау бомбэхэр къаохэу зэрэзэхахэу пцIымамэхэу ахэмэ къырагъажьэщтыгъэ. Тэ, христианхэр, Тхьэм телъэIущтыгъ ыкIи тхьэорэдхэр ахэмэ къафатIощтыгъ а сыхьат къиныр зэпачын алъэкIыным пае. Ежьхэр Тхьэм елъэIунхэ алъэ-

кIыщтыгъэп. Ары шъыпкъ, цIыфыр Тхьэм елъэIун ымылъэкIы зыхъукIэ, – ар тхьамыкIэгъошху!

Бэ мышIэу цIыф гъэсэгъэ Iуш горэ къыскIэлъырыхьи, мырэущтэу къысиIуагъ: «Зиусхьанэу пасторыр, тхьэлъэIум зыпари ишIуагъэ къысэкIырэп». Сэ ащ джэуап естыжьыгъ: «Делагъэхэр умыIо! О сыгу къэбгъэкIырэр лъакъохэр зыпымытыжь цIыфэу лыжэхэмкIэ къэпчъыхьаным шIуагъэ къымытэу зыIорэр ары. Ары шъхьаекIэ, ащ лыжэхэмкIэ къычъыхьан ылъэкIынэу щытэп ныIа!» ЛыжэхэмкIэ къэпкIухьаным иIоф фэгъэхьыгъэу узэнэкъокъун плъэкIыщт, ау ащкIэ узэнэкъокъун фаер сэкъатыр арэп ныIа, шъыпкъэба? Ау джарыба тэ тызэрэгъэпсыгъэр. Тэ Тхьэм телъэIушъурэп, етIани арэу зэрэщытзэ тыкъэтэджышъ къэтэIо: «ТхьэлъэIум зыпарэкIи ишIуагъэ къакIорэп!» СигущыIэхэм нафэ къышъуфашIыгъ джащ пае нэмыц цIыф лъэпкъым ызыныкъо хъурэ хъулъфыгъэхэм шъхьакIафэ зэрафэсымышIыжьырэр. КъышъуасIорэр шъушIошъ жъугъэхъу, ашкIэ сэ икъоу телъхьапIэ зэрэсиIэр. Тэ тизекIуакIэкIэ нахь дэи тыхъу къэс нахь тызыщэтхъужьы! Ей, мы пчыхьэ шъуеуцолIэжьэу, мырэущтэу зэшъуIожьышъуным сэ Iофыр нэзгъэсышъугъагъэмэ: « ЕшIэ Тхьэм, анахь макIэу христианым ышIэшъун фаеу щытыр – Тхьэм елъэIуныр ары. Ау сэ ар сшIэшъурэп».

Шъыпкъэ, тилъэпкъ тхьамыкIэ гулъытэгъуаеу зэрэхъурэм, сэ гухэкIышхо сщыхъоу зызэригъэгубжырэм имызакъоу, ащ къыпкъырыкIэуи нэшхъэигъэшхом сызыIэкIеубытэ. Сыгу хэкIырэр ащ фэдэу лъэпкъым иIоф изытет зэрэхъугъэм зыпари бгъэшIэгъон хэмылъэу дин пащэхэм зэралъытэрэр ыкIи цIыфхэр Тхьэм елъэIунхэ алъэкIы фэдэу зэралъытэрэр ары. Адэ шъори арэущтэу шъошIа? НэмыкI уахътэм егъашIэми чылысым чIэмыхьэрэ цIыфхэр Исус Христос къызыхъугъэ мафэшхом тефэрэ мафэхэм чылысым макIох. Ахэмэ афэдэ мафэхэм чылысхэм ачIэзэрэмыгъэфэжьыхэу цIыфхэр якIуалIэх. ЫкIи пасторым Тхьэм елъэIунхэу къазыриIокIэ, аIэхэр зэгуалъхьэшъ, ашъхьэхэр рауфэхых. Ар сэ куоу къысэнэсы ыкIи ахэмэ сякуомэ сшIоигъоу мэхъу: «Щыжъугъэт. Тхьэм елъэIун зылъэкIэу 10 % фэдизи къышъухэтэп шъо. ЗэкIэми шъо зыкъэшъошIыба!» Тэрэзба адэ сэ къасIорэр? Къэзэрэщэхэ зыхъукIэ Тхьэм елъэIунхэу араIо, лIагъэр агъэтIылъы зыхъукIи ары. ЫкIи мары, зэкIэми япаIохэр IэкIэ аIыгъыхэу щытых, ыкIи япаIохэм янэплъэгъу фагъэзагъэмэ, Тхьэм елъэIуагъэхэу мэгугъэх. ЕтIанэ Тхьэм зелъэIухэрэ нэужым зэрэугъои-

хэшъ ешъоным даублэ! Сэ дзэкIолI ныбжьыкIэу сызыщэтым, минрэ шъибгъурэ пшIыкIутфырэ илъэсым ыпэкIэ, зэгорэм унашъо къытфашIыгъагъ чылысым тыкIонэу. Фельдфебелым мары тызэрэзекIон фаеу къытиIогъагъэр: «ЦIыф сатырхэу щытхэм мэкIэ-макIэу шъуябгъукIу. ТIысыпIэхэр зыдэщытхэ чIыпIэм шъузынэсыкIэ, шъукъызэтеуцори, мэкIэ-макIэу пчъагъэр пшIыкIутIум нэс къэшъулъыт, етIанэ ащ нэужым шъуетIысэх». ДзэкIолIхэр зылъэгъугъэ цIыфхэм къашIошIыщтыгъ: «Сыдэу агу етыгъэу мыхэр Тхьэм елъэIухэра!» Ар зэраIуалIэхэрэм мэкIэ-макIэу пшIыкIутIум нэс къалъытэти етIысэхыщтыгъэх ныIэп! Сэ сицыхьэ зытелъыр джэгухэм ыкIи хьадагъэхэм къякIуалIэхэрэм: «Тхьэм тежъугъэлъэIу!» – аIоу зяджэхэрэ нэужым пчъагъэу пшIыкIутIум нэси къызэрамылъытэрэр ары. Сэ сызыгъэнэшхъэирэр нахьыпэм «Тхьэм тежъугъэлъэIу!» – аIоу цIыфхэм зяджэхэкIэ, ахэмэ тхьагъэпцIыгъэ къызыхамыгъафэу яшъыпкъэу Тхьэм зэрелъэIущтыгъэхэм сызегупшысэкIэ ары.

Африкэ гупчэр зыуплъэкIущтыгъэ цIэрыIоу Давид Ливингстон, дунаим щыцIэрыIо цIыф гъэсэгъэшхом, лIыгъэшхо зыхэлъыгъэм, шIэныгъэшхохэр зиIагъэм, лIы Iушэу щытыгъэм мары мыкIодыжьын щыIэныгъэм зэрэхэхьагъэр – мы дунаим ицIыф ыIощтыгъэ – лIагъэ – ищыIэныгъэ гъогу зэриухыгъэр. Ащыгъум Африкэ Гупчэм щыIэу туземцэ хьылъэзехьэхэу ищыкIэгъэ хьапщыпхэр фызезыхьэщтыгъэхэм ащэхъу имыгъусэу ар зекIощтыгъ. Пчэдыжь горэм хьылъэзехьэхэм ежьхэм къырахьакIыщт хьапщыпхэр зэкIоцIапхагъэх, шэтырхэр зэкIоцIащыхьажьыгъэх. Ливингстон ишэтыр ныIэп гъэIагъэу джыри щытыгъэр. Ар зыкIамыгъэгумэкIыщтыгъэр пчэдыжьырэ ащ Тхьэм зэрелъэIурэр ашIэти ары. Ежьым Ятэу ошъогум щыIэм, ежьым и Тхьэ ар дэгущыIэ. Ау мызгъэгум бащэрэ ар шэтырым чIэсыгъэу алъытагъ. Аужыпкъэм хьылъэзехьэ купым ипащэ шэтырым ынэз Iуищэий иплъагъ, ау ар джыри лъэгонджэмышъхьэкIэ зэрэщысыр ылъэгъугъ. Щэджагъом нэс ежагъэх. Джащыгъум ахэмэ шэтырым чIэхьанхэу тыраубытагъ. Ар джыри лъэгуанджэкIэ зэрэщысыгъ, ау ыгу къытеожьыщтыгъэп.

А цIыф цIэрыIошхоу, акъылышIоу щытыгъэм Тхьэм елъэIоу лъэгуанджэкIэ щысэу ыпсэ хэкIыгъ, Зиусхьаным ыдэжь адрэ дунаим кIожьыгъэ. МыдыкIэ нэмыц гъэсэгъэ Iушым еIо: «Тхьэм уелъэIуным ишIуагъэ къакIорэп!» ТыукIытэрэба арэущтэу къатIомэ? Нэпсыхэр къечъэххэзэ, еуцолIэжьыгъэн фае: «Ащ нахьыбэ-

рэкIэ сэ Тхьэм селъэIун слъэкIыжьышъурэп!» Ливингстон Тхьэм елъэIунэу ылъэкIыщтыгъ. ЛъэгуанджэкIэ щысэу ар лIагъэ. Iэзэгъу уцыхэр мастэкIэ къытхалъхьэзэ, тэ сымэджэщхэм тачIэлIыхьэ. Лыузынчъэ къытфамышIымэ, тэ хьадэгъум тыщэщынэ, тфэщэчырэп. Ау а лIым мастэкIэ Iэзэгъу уц халъханэу ищыкIагъэу щытыгъэп. Ар Тхьэм дэгущыIэзэ, мыкIодыжьын щыIэныгъэ ыгъотыгъ.

Адэ яунэхэм арысхэу цIыфхэр Тхьэм елъэIуха? Сятэ-сянэхэм яунэу кIэлэцIыкIуий зэрысыгъэм мары ар зэрэщыгъэпсыгъагъэр: пчэдыжьышхэм ыпэкIэ зэкIэ тызэрэугъоищтыгъ. Тэ къызэдатIощтыгъ тхьэорэд : пчэдыжь нэфым о Iэжь-лъэжьэу зыщыгъэт ыкIи укъызэрэтэджэу тхьэлъэIукIэ угу гъэпытэ». Е «Зиусхьаным ищытхъу о, сэ спсэ Iуатэ ыкIи зэкIэми АнахьышIум щитхъу фэшI!» Ащ нэужым Библием щыщэу зы шъхьэ тыкъеджэщтыгъ. Ащ икIэм тятэ Тхьэм елъэIущтыгъ. Ары пакIошъ, сэ Тхьэр сшIошъ мыхъу зэхъуми тиунагъо Тхьэм елъэIу зэпытыщтыгъэх. Сэ Исус игъогу сытекIи, дзэ пащэ ныбжьыкIэу сыщытэу щыIэныгъэм игъогу цIэнлъагъо сызытехьэм, сянэ-сятэхэр Тхьэм зэрелъэIущтыгъэхэм сэ сыкъызэтыриIажэщтыгъэ. Адэ шъо пчэдыжьырэ шъуиунагъокIэ Тхьэм шъуелъэIуным пае шъукъызэрэугъоиха? Сэ сигущыIэхэр зыфэгъэхьыгъэхэр шъоры, унагъом ышъхьэу щыт лIыхэр ары! ШъуикIэлэцIыкIухэмрэ шъуишъхьэгъусэхэмрэ апсэхэр зыфэдэ хъугъэхэмкIэ Тхьэр зэгорэм шъо къышъоупчIынэу щыт, шъо зэрифэшъуашэу шъуиунагъо пэщэныгъэ дызешъумыхьагъэмэ. Сыдэущтэу мафэр ежъугъажьэра? Шъуиунагъо тхьэорэдхэр къыщышъоIоха? Тхьэм и ГущыIэхэм шъукъыщяджа? Тхьэм шъуелъэIунэу шъушIэрэба? Адэ сыдэущтэу хъущта шъуикIэлэцIыкIухэр къышъолъэIухэмэ: «Тят, пчэдыжьым Тхьэм къыдделъэIу?!»

Эссен щыщ лIы бае горэ къысэлъэIугъ ыдэжь сыкIонэу. Ишъузырэ ежьырырэ язакъоу исхэу яунэ сихьагъ. Мары ащ къысфиIотагъэр: «КъытэхъулIагъэр гъэшIэгъоны. О ныбжьыкIэхэм зэIукIэ зафэошIы нэужым, илъэс пшIыкIух зыныбжь сишъао тадэжь къызэкIожьым мырэущтэу къысиIуагъ: Сыда тэ тиунагъо Тхьэм тызыкIыщемылъэIурэр? Ар шIокI имыIэу тшIын фаеу зэрэщымытыр ыкIи ащ фэдизэу мэхьанэ зэримыIэр гурызгъаIомэ сшIоигъоу сызфежьэм, ежьым джыри къытыригъази къысэупчIыгъ: Тят, Тхьэм ЫпсэЛъапIэ сыда о къепIолIэн плъэкIыщтыр? Сэ ащ семыгупшысэу сIуи джэуап естыжьыгъ. Джары шъыпкъ тиунагъо итхьамыкIагъо зыпкъ къикIырэр. Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ Тхьэм

елъэIун зылъэкIынэу ты тэ тищыкIагъэр! Джары а лIым къысфиIотагъэр. Джащыгъум ащ сеупчIыгъ: «Ятэ арэущтэу дысэу зэрэдэгущыIэрэм пае зыгорэкIэ уикIалэ серэушъыя?» Ау ар зиусхьаным къысфидэгъахэп: «Хьау, хьау! Сэ сызэгупшысэрэр сикIалэ къыIорэр тэрэзмэ, ащыгъум сэ гъогу пхэндж сызэрэрыкIорэр ары!» Сэ ащ есIожьын закъоу къысфэнэгъагъэр ишъао ыIорэр зэрэтэрэзыр къэзгъэшъыпкъэжьыныр ыкIи ежьыр гъогу пхэндж зэрэтетыр ары. «Джары сэри сызытещынахьырэр, ау сыда сэ сшIэн слъэкIыщтыр?» – джащ фэдэ упчI а зиусхьаным иIагъэр.

КъыжъугурэIуа, а лIым зэкIэм къызэхишIагъ унагъом ышъхьэу зэрэщытымкIэ пшъэдэкIыжьышхо зэрихьырэр. ШъуикIалэхэр зэрэшъуфапэхэрэр ыкIи зэрэжъугъашхэхэрэр икъунэу щытэп. Шъо, тыхэр, ащ нахьи нахь пшъэдэкIыжьышху къышъутефэрэр! Тхьэм шъуелъэIун шъолъэкIа?

Хым тетыхэм къызэфаIотэжьэу тхыдэжъ ахэлъ къухьэ ныбжьыкъоу хыхэр къэзыкIухьэу атетым ехьылIагъэу, цIыфхэм бэ шIагъэу ар къабгынагъ, ау щытми хым чIихьэрэп. НэмыкI къухьэхэр зыгорэкIэ а къухьэм зыIукIэхэкIэ, радиом иамалэу щыIэхэмкIэ ащ макъэ рагъэIунэу фежьэх, ау ащ джэуап къытыжьырэп. Тэ тилъэхъанэ щыIэ цIыфхэр а къухьэ ныбжьыкъум ехьыщырых. Ахэмэ къадэгущыIэным Тхьэр пылъ. Тхьэм Ежьым имэкъэгъэIухэр хъугъэ-шIэгъэ зэфэшъхьафхэмкIэ ыкIи зэкIэми апэу Ежьым и ГущыIэхэмкIэ къызэрэтлъигъэIэсынхэм ыуж ит. Ау тэ Ащ джэуап еттыжьын тлъэкIырэп. Къухьэ ныбжьыкъух!

ЗэIукIэгъу горэм сыщыIэу а темэм ехьылIагъэу уарзэ сакъызыфеджэгъэ нэужым, кIэлэцIыкIу горэ янэ еупчIэу зэхэсхыгъэ: «Сыда мы лIыр мыщ фэдизэу зыкIэцIацIэрэр?» СызэрэшъомыцIацIэрэр къызэрэжъугурыIоным сэ сыщэгугъу, ау сыгу мыузын ылъэкIырэп слъэгъухэрэм сызягупшысэкIэ: сыд тхьамыкIагъуа зынэсыгъэр тилъэпкъ насыпынчъэ – къулыкъушIэхэр ыкIи IофшIакIо къызэрыкIохэр, хъулъфыгъэхэр ыкIи бзылъфыгъэхэр, жъыхэр ыкIи ныбжьыкIэхэр – ахэмэ ащыщэу зы нэбгырэ горэми Тхьэу тпэблагъэу тэ къыдготым зыфигъазэу дэпсэлъэнхэ ылъэкIырэп.

Бэхэм христианкIэ залъытэжьы, ау Тхьэм елъэIунхэ алъэкIырэп.

Унагъохэм сызыхахьэкIэ, мыщ фэдэу къаIуатэу бэрэ зэхэсэхы: «Тэ Тхьэм тыгу етыгъэу тыфэлажьэ, зиусхьанэу пасторыр. Сэ сянэ инэIосагъ пасторэу Шульц. УинэIосагъа адэ о пасторэу Шульц? УинэIосагъэп, ара? Сэ сянэ ар дэгъоу ышIэщтыгъ!» Ащ фэдэу къы-

зыщыхэкIырэм сэ мыщ фэдэ джэуап ясэтыжьы: «Iофыр анахьэу зыфэгъэхьыгъэр Исус ыцIэ къашъуIозэ шъуепсэлъэн шъулъэкIыщтмэ, Тхьэм шъуелъэIун шъулъэкIыщтмэ ары. Исус шъо шъуимынэIуасэмэ, шъузытет гъогум шъузыдищэщтыр джэхьнэмыр ары». Шъор-шъорэу шъузэупчIыжь: «Тхьэм селъэIун сэлъэкIа? Тхьэм селъэIуа?» ЫкIи шъор-шъорэуи ащ иджэуап зэшъутыжь.

Мырэущтэу шъуIонкIи мэхъу: «Икъугъ, пасторэу Буш, джащ къыщыух! Ащ нахьи нахьышIу тхьэлъэIу зэрэтшIыщт шIыкIэр къытфэIуатэри!» Джары сэри джы къышъуфэсIотэн сыгу хэлъыр.

## 2. Сыдэущтэу Тхьэм сызэрелъэIущтым зыфэзгъэсэщта?

*а) ЩыIэныгъэм иапэрэ куомакъ*

Арышъ, сыдэущтэу гущыIакIэ зэрагъашIэра? Шъугу къэжъугъэкIыжьын шъулъэкIыщта гущыIакIэ зэрэзэжъугъэшIэщтыгъэр? Хьау, ар шъо шъугу джы къэжъугъэкIыжьын шъулъэкIыщтэп! Сэри джащ фэд. Ау Тхьэм шъузэрелъэIущт шIыкIэм зыфэжъугъасэ шъушIоигъомэ, ащыгъум зэкIэми апэу щыIэныгъэм иапэрэ куомакъэ шъужэ къыдэкIын фае, Тхьэм гъусэ шъузэрэфэхъугъэм ишыхьатэу. Мары къышъуфэсIотэщт ар зэрэшъушIыщт шIыкIэр.

Исус зэгорэм къыIотэгъагъ мыщ фэдэ хъугъэ-шIагъэ горэ. НэбгыритIу тхьэлъэIупIэм къэкIогъагъ. Зыр зэлъашIэрэу ыкIи лъэкIыныгъэшхуи зиIэ цIыфэу щытыгъ. Ар ащ лъыпытэу ыпэкIэ лъыкIуати, Тхьэм елъэIоу ригъэжьагъ: «Зиусхьанэу силъапIэр, инэу О сыпфэраз мырэущтэу сызэрэцIыф дэгъум пае». Зиусхьаными ытхьакIум ащ лъыпытэу Iуигъэзык Iыгъ. А лIым сыд фэдизэу зыфаер къыIон ылъэкIыщтыгъ, ау Тхьэр ащ къедэIущтыгъэп. Ащ фэдэ хъуни елъэкIы! ЯтIонэрэ лIыр уицыхьэ зытебгъэлъы хъущтымэ ащыщыгъэп. Мырэущтэу къэтIоныгъи – бзэджэшIэн шэныр хэлъыгъ. Щэф-щэжьым пылъыгъ, тхьагъэпцIэу, пцIыусэу щытыгъ, е джащ фэдэ гор. Ар хьэкъулахь ахъщэр хэзыхырэ цIыф. Чылысым ар зэрэчIахьэу ылъэгъурэм зэрымыр ышIыгъэу къызэтеуцуагъ. Чылыс кIоцIым идэхагъэ, ибаигъэ, зэкIэ ылъэгъурэм ыгуи къыIэтыгъэу, зэкIэ ахэр ежьым зэримыпэсыжьыхэу пчъэшъхьаIум дэжь къыщыуцугъ ыкIи ежьым зэриIожьыгъ: «Мыщ фэдэ чIыпIэр сэ сфэшъуашэп! Сэ къысэпэсыгъэ чIыпIэр шъхьадж зэрэфаеу зыщыхъушIэхэрэ ешхэ-ешъуапIэ гор». Ыгъэзэжьы-

нышъ чIэкIыжьын зыщиIоным дэжь ащ ыгу къэкIыжьыгъ къызыфэкIуагъэр. Бэ шIагъэу ар Тхьэм зэрэфалIэрэр! Тым ыдэжь ыгъэзэжьымэ шIоигъу! Арыти, а цIыфыр тхьэлъэIупIэм чIэкIыжьын ылъэкIыщтыгъэп. ТхьэлъэIупIэм чIэхьани ылъэкIыщтыгъэп. Мыщ дэжьым ащ ыгу къэкIыжьы ищыIакIэ зыфэдэр ыкIи джащыгъум ыIэхэр зэгуелъхьэхэшъ, зы гущыIэухыгъэ закъо къеIо: «Си-Тхь, сэ, псэкIод зышIэрэ цIыфым, гукIэгъу къысфэшI!» Библием къызэрэщиIорэмкIэ, а сыхьатым ошъогум ит орэдыIо мэлэIичыхэм къыхадзагъ яорэд, сыда пIомэ цIыфым псэ къыпыкIэжьыгъ.

ЩыIэныгъакIэм иапэрэ куомакъэм къикIырэр: «Сэ сыпсэкIодышI!» – ыIоу ары. Щысэ къэзгъэлъагъозэ, ащ ехьылIагъэу къышъуфэсIотэщт. Сиапэрэ шъао къыфэхъу зэхъум, сишъхьэгъусэ лъэшэу къины къыщыхъугъагъ. Исус игущыIэхэм сэ сягупшысэгъагъ: «Бзылъфыгъэм сабый къыфэхъунэу зыхъукIэ, къин ещэкIы». СикIэсэ сишъхьагъусэ ар фэмыщэчыщтэу сэ къысшIошIыщтыгъэ. Ау ащ дэжьым стхьакIумэ къыридзагъ мэкъэ псыгъо цIыкIу. Ар сабыеу къэхъугъакIэм ымакъэу щытыгъ! Ар щыIэныгъакI! А мэкъэ псыгъо цIыкIум нахьи нахь мэкъэ гохь къэхъун ылъэкIынэу щытыгъэп. Ар зэсэхэсэхым, сэ къысIуиути сыкъэгъыгъ. КъыжъугурэIуа шъо – ар щыIэныгъакIэм иапэрэ макъэу щытыгъ.

ЫкIи шъулъэгъурэба, щыIэныгъэм иапэрэ куо макъэу ТхьэмкIэ хъурэр – цIыфым, аужыпкъэм, шъыпкъагъэм инэфынэ къыфэлъагъо ыкIи къеIо: «Сэ псэкIод сшIагъэ. Сэ, псэкIодышIэм, гукIэгъу къысфэшI!» Ащ фэдэ апэрэ куо макъэ шъужэ къыдэмыкIыгъэмэ, зэкIэ шъуитхьалъэIухэм зи уасэ яIэп. Апэрэ куо макъэр ыжэ къыдэмыкIэу, псэлъэ кIыхьэкIэ ищыIэныгъэ езыгъэжьэгъэ кIэлэцIыкIу ныбжьи сэ сырихьылIагъэп. Джащ фэдэ къабзэуи Тхьэм и Тетыгъошхо екIурэ фэшъхьаф гъогу щыIэп!

ЩыIэныгъэм иапэрэ куо макъ! Зэгорэм ар зэхэшъушIэнэу къышъокIугъа шъо уахътэ? КъышъокIугъэп, ара? Ащыгъум, Тхьэм шъуешIужьын фае! Чылыс закъом паеп сэ цIыфхэм Тхьэм икъэбар зыкIясIуатэрэр, ау сэ лъэшэу сызыфэягъэр шъо шъуащыщхэр джэхьнэмым имыфэнхэр ары! Ащ фэшI пэмыкI гъогу гори щыIахэп, арышъ, щыIэныгъэм иапэрэ куо макъэ, Тхьэм игъогу шъутехьагъэу къэшъуIон фае: «Сэ псэкIод сшIагъэ! О си Тхьэ, сэ, псэкIодышIэм, гукIэгъу къысфэшI!»

Къохэу ыгъэхъущтыгъэхэр къыгъанэхи, къо кIодыгъэм къызегъэзэжьым ядэжь апэрэ гущыIэхэу къыIуагъэх: «Сят, уашъомкIи

оркIи псэкIод сшIагъэ!» Ар къызыщышъуIорэ такъикъым дэжь Тхьэм Ыкъо, Исус шъо къышъуиIощт: «Ныбджэгъу лъапI, о уипсэкIодшIагъэхэм апае Сэ сылIагъ! О чIыфэу къыптефэгъагъэр Сэ спщыныжьыгъэ!»

*в) Тхьэм ибынхэр арых ныIэп Тхьэм елъэIунхэ зылъэкIыщтхэр.*

Бэ мышIэу синэIуасэ горэм кIэлэцIыкIу дэхищ игъусэу – зы шъэожъыерэ пшъэшъэжъыитIурэ – сыIукIэгъагъ. Гу лъыстагъ зэкIэ кIэлэцIыкIухэр а зы уахътэм ятэ зэрэдэгущыIэщтыгъэхэм. Ахэр къызыкIэупчIэхэрэм зэкIэми яджэуапхэр аритыжьыным ятэ пылъыгъ. СызаIокIэм, сэ ахэмэ шIуфэс ясхыгъ: «Уимафэ шIу, зиусхьаныр, шъуимафэ шIух, кIэлэцIыкIухэр!» Ау кIэлэцIыкIухэм ащ лъыпытэу ажэ зэтыралъхьагъ. Агу зэIухыгъэу кIэлэцIыкIухэр зыдэгущыIэнхэ алъэкIыщтыр ят е ян арых ныIэп. Хымэ цIыф къарихьылIэмэ ахэр мэукIытэх.

Джащ фэдэ къабзэу тэри тишъыпкъэу Тхьэм телъэIун зытлъэкIыщтыр Тхьэм тырибынэу тызыхъукIэ ары ныIэп! Ау тэ Тхьэм телъэIун зыкIэтымылъэкIырэр Тхьэм тырибынэу тыщытэпышъ ары.

Адэ, тэ чылысым тэкIоба, тэ Тхьэр тшIошъ мэхъуба, тэ тыхрирстианхэба, тэ Исус къызыхъугъэ мафэшхом чылысым тэкIоба, тэ пасторым шъхьэкIафэ фэтшIызэ, шIуфэс етэхыба ыкIи ащ ыгу хэдгъэкIырэп ныIа. Дин пащэ горэм мырэущтэу къыIогъагъ: «Ахэр – аумэхъыгъэ тхьакIумкIыхьэх». А гущыIэхэм къарыкIырэмкIэ ащ зеупчIыхэм, мары къариIожьыгъэр: «ТхьакIумкIыхьэ Iэлыр къэуубытэу уумэхъэу птIупщыжьмэ, сыд фэдэкIи ар губгъом илъэдэжьыщт. Джащ фэдэх мыдрэхэри: заумэхъыхэрэ нэужым дунае щыIакIэм хэхьажьых». Ныбджэгъу лъапIэхэр! Арэущтэу зыхъурэм, ащыгъум шъо Тхьэм шъуелъэIун шъулъэкIыщтэп! Тхьэм ибынхэр арых ныIэп шъыпкъэу Тхьэм елъэIун зылъэкIыщтхэр! ЫкIи джащ пае Тхьэм ицIыфхэр арых ныIэп гушIогъо шъыпкъэр зэхэзышIэн зылъэкIыщтыхэр!

ЗэхэшъошIыкIа? Шъо Тхьэм ибынхэу шъухъунхэ фае! ШъуигъэпсыкIэ-зекIуакIэхэмкIэ шъо ащ фэдэ цIыфхэу шъущытэп. Христиан теплъэ шъуиIэнкIи мэхъу, ау шъо Тхьэм шъурибынхэп. Сабийхэр шIокI имыIэу къэхъунхэ фае, Тхьэм ибынхэр арымэ, ахэмэ шIокI имыIэу агукIэ икIэрыкIэу къэхъужьынхэ фае. Шъо Тхьэм икIэрэкIэу шъукъыгъэхъужьын фае, джащыгъур ары шъо Тхьэм шъуелъэIун зышъулъэкIыщтыр! Тхьэм ибынхэр щыIэнхэ алъэкIыщтэп емылъэIухэу. Тхьэм ибынхэмкIэ тхьэлъэIур жьы

къэщэным фэд. Сэ езгъэджэрэ кIалэхэм сэмэркъэухэзэ зым адрэм ыгу къыгъэкIыжьыныр яшэн: «Зыщымыгъэгъупш жьы къызэрэпщэн фаер!» Шъоры нэмыIэмэ, шъупсэ жьы къызэрищэн фаер зыщышъогъэгъупшэ! Тхьэм ибынхэмкIэ Тхьэм елъэIуным къикIырэр жьы къащэныр ары. Арышъ, шъо Тхьэм ибынхэу шъухъун фае.

Тхьэм ибынхэу шъузэрэхъун шъулъэкIыщтыр кIэкIэу сэ къышъуфэсIотэщт. Исус игъогу шъурыкIомэ ары ныIэп! Мары Ащ къыIорэр: «Къэлапчъэр сэры. СэркIэ дахьэрэр мыкIодэу къэнэжьыщт». Мары щыIэныгъэм ишIункI къызэпичзэ Исус шъуадэжь къакIо, гъучIыIунэ опIэ гъуанэхэр ыIэхэмэ яIэхэу. Джырэ нэс Ащ шъо Iоф дышъуиIагъэп. Исус ехьылIэгъэ къэбархэу къаIуатэщтыгъэхэр пшысэу къышъушIошIыщтыгъэх. Ау Ар шъо къышъупэгъокIы. Тхьэу псэум Ыкъо, шъуи Къэгъэнэжьак Iо, фэшъхьаф шапхъэм къикIыгъэу къэшъушIэнкIи мэхъу. Тхьэм ибын ухъунымкIэ апэрэ лъэбэкъоу щытыр Исус угукIэ пштэныр ары. ЯтIонэрэ лъэбэкъур – Исус уицыхьэ тебгъэлъыныр ары: угу илъхэр, угу ибырысырыгъэ, шъуIэкIэшIагъэхэу шъуушъэфыхэрэр, шъуикIэлэгъум мыхъун зекIуакIэу къыпхэфагъэхэр зэригъэзэфэн зэрилъэкIыщтымкIэ гъунэнчъэу цыхьэ фэпшIыныр ары! Пэсэрэ зэзэгъыныгъэм къыхэфэрэ лIы горэу Тхьэм ищынагъо зыгу илъым мырэущтэу къыщеIо: «Сыгу огъэпсэфыжьы». Исус шIошъхъуныгъэ фыуиIэ зыхъурэ нэужым уахътэ къыокIущт ащ нэсым щыIакIэу уиIагъэр зэкIэ щыбгъэзыенышъ, уапэкIэ щыIэныгъэу къэтыр Ащ зэригъэзекIонэу ыIэ зиплъхьащтыр. Тэ ащ тызэреджэрэр икIэрыкIэу укъэхъужьыныр ары. Ащ фэдэ уахътэ сэ сищыIэныгъэ къызыщыхэфагъэр илъэс пшIыкIуй сыныбжьэу Тхьэм ищынагъо сыгу имылъэу ащ нэс сызэрэщыIагъэр IэкIыб сшIи, зэкIэ сищыIэныгъэ Исус ыIэ зисэлъхьэр ары. АщкIэ сэ зы нэбгырэ гори IэпыIэгъу къысфэхъугъэп. Сэри ащкIэ шъо IэпыIэгъу сышъуфэхъун слъэкIыщтэп. Исусрэ шъорырэ шъуизакъоу ар зэшIошъухын фае. ЗыпарэкIи шъутемыщыныхьэу мырэущтэу Ащ ешъуIу: «О си Тхьэ, сищыIэныгъэ штэ, зэкIэ ар зэрэпсаоу О осэтыжьы». Джаущтэу зышъушIырэ такъикъым къыщегъэжьагъэу шъо Тхьэм шъурибынхэу шъухъущтых. Сэ садэжь къакIохэшъ, цIыфхэм къысаIо фэшъхьаф шIыкIэхэмкIэ ар къызыдэбгъэхъун плъэкIыщтэу. Шъуеплъыба шъори! Ау сэ къышъуасIомэ сшIоигъуагъэр Тхьэм и Тетыгъошхо екIоу зы гъогу закъо щэхъу зэрэщымыIэр ары! Ащ ыцIэр – Исус! Исусэу тэщ пае лIагъэр ыкIи лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэр ары!

СышъолъэIу, Исус шъупэгъокI. Бэ шIагъэу Ар шъо къышъулъэхъу! Тхьэм ибынхэу шъузыхъурэ нэужым шъо Тхьэм шъуелъэIун шъулъэкIыщт. Джащыгъур ары къинэу шъузыхэтыр, шъугукIэ шъукIэхэкIырэр зышъуухыщтыр, джащыгъур ары сабийм зэкIэ зыгъэгумэкIырэр ятэ зэрэриIуатэрэм фэдэу шъори Исус ешъуIотэн зышъулъэкIыщтыр.

Сэ жъы сыхъугъах, пасторэу Iоф зысшIэрэри бэ шIагъэ. Джащ къыхэкIэу цIыф бэ дэдэми саIукIэнэу хъугъэ ыкIи сыщыгъуаз бэмэ ящыIэныгъэкIэ аIэкIэшIэгъэ зекIокIэ мэхъаджэхэр, гоштэгъуаджэхэр мымакIэу зэракъолъхэр, ахэмэ а цIыфхэр лъэшэу зэрагъэгумэкIыхэрэр. Ау Тхьэм ибынэу шъузыхъурэ нэужым, зэкIэ шъугу илъэу гупсэф къышъозымытырэр Исус ешъуIотэн шъулъэкIыщт. Шъор-шъорэу шъуизакъоу кIочIэгъу шъузыфэмыхъухэрэ шэн-зекIокIэ шIойхэр, гуштэгъуаджэхэр зыхэжъугъэзыжьынхэм ехьылIагъэу зэкIэ Ащ ешъуIотэнхэ шъулъэкIыщт. Зы нэбгырэ горэми цыхьэ фэшъушIэу ешъуIотэн шъумылъэкIыщтхэр Ащ ешъуIотэнхэ шъулъэкIыщт. Илъэс пшIыкIуй зыныбжь кIалэ горэм къыIотэгъагъ ежь ехьылIагъэу христианэу щытыгъэ пэтми, зэгорэм шIошъхъуныгъэм игъогу ыкIыб фигъэзэжьыным макIэ къызэрэфэнэгъагъэр. ЕтIанэ, Библием изэгъэшIэн исыхьат рагъэжьэным ыпэкIэ ащ Исус зыфигъэзи риIуагъ: «Исус, мы пчыхьэ апэрэ ГущыIэр сэщ пае къызысэмыIокIэ, зэкIэри чIэсыдзыжьыщт. Гъэнэфагъэу О уигъогу ехьылIагъэу сымышIэу сэ скIуачIэкIэ сызыфырикъужьын ыкIи сыхэмыукъоу къэлэшхом сыдэсын слъэкIыщтэп». Библием изэгъэшIэн исыхьат заухы нэужым ядэжь кIожьызэ зэкIэ ащ нафэ къыфэхъугъ. Мырэущтэу къыIуатэщтыгъэр лъигъэкIотагъ: «Исус силъэIу зэхихыгъэ ыкIи Ежьым ышъхьэкIэ Ар сэ къыздэгущыIагъ». Сэ куоу сыгукIэ сэхэсшIагъэ кIалэм къыIотэгъэ къэбарыр, зыпари ышIошъ мыхъоу ыкIи кIэгъожьыгъэу ар Исус зыфигъэзи зыдэгущыIэм, джэуап ыгъотыгъ. Ей-ей, Тхьэм ибынхэм елъэIухэ зыхъукIэ, ятхьэлъэIухэм яджэуапхэу къаратыжьхэрэр зыфэдэр шъо къызышIожъугъэшIын шъулъэкIыгъагъэмэ!

Заом сыщыIэзэ, сянэ мырэущтэу къысфитхыгъагъ: «Мы чэщым сэ сыхьатыр щым сыкъэущыгъэти, зэкIэм сыгу къилъэдагъэх сикIалэхэр ыкIи сипхъорэлъфыхэр, шъо, зэо лыгъэм Iутхэр, сыгу шъукъэкIыгъэх, Елизаветэу Канадэ щыIэм ыдэжь къикIэу зи къэбар къызэрэсIумыкIэрэми сигъэгумэкIыгъ. Ау сэ мыщ дэжьым гумэкIыгъошхом сызэлъиишти, уIэшыгъэ дзэкIолI горэм гъучI

IэбыцохэмкIэ ситхьалэ фэдэу къысщыхъугъ. Ар сщэIэн слъэкIыгъэп ыкIи сыкъэлъэIуагъ: Исус, зы гущыIэ нэмыIэми къысаIу, сфэщыIэщтэп сэ мыщ фэдэ гумэкI-гузэжъогъур! ЕтIанэ остыгъэр хэзгъани, си Библие тхылъ къасшти, къызэгосхыгъ. Апэрэ гущыIэхэу сызэджагъэхэр мыхэр арых: ШъуигумэкIыгъо пстэури Тхьэм фэжъугъаз, сыда пIомэ ащ ынаIэ къышъутырегъэтышъ ары.... Джащыгъум ащ лъыпытэу сэ сигумэкIыгъо пстэури си Къэгъэнэжьак Iо фэзгъазэхи, остыгъэр згъэкIосэжьи, гушIом сызэлъиштагъэу сыхэчъыежьыгъ. Шъолъэгъуа ар! Тхьэм урибынмэ ары ныIэп арэущтэу пшIын зыплъэкIыщтыр!

Сыгу къэкIыжьы зэгорэм сянэ мырэущтэу къызэрэсиIогъагъэр: «Тыгъоспчыхьэ сэ лъэшэу сызэрэпшъыгъагъэм къыхэкIэу Тхьэм селъэIунэу кIуачIэ сиIэжьыгъэп. Джащыгъум мары ныIэп къэсIуагъэр: Си Къэгъэнэжьак Iоу сикIасэр, чэщ рэхьат къыокIу! Джащыгъум сэ семыгупшысэн слъэкIыгъэп: Арэущтэу къызэрыкIо шIыкIэу ежьхэм я Зиусхьан зыфагъэзэнышъ дэгущыIэнхэ зылъэкIыщтхэр Тхьэм ибынхэр арых ныIэп! Зытет шъыпкъэмкIэ, Ар тэ ренэу къытфэгумэкIы: чэщи, мафи, сыхьат горэми зэпимыгъэоу. Ар ренэу тэ къыдгот, сэрымэ, Ащ ыIэ силъ ыкIи сицыхьэ телъэу Ащ ренэу сыщыгугъын слъэкIыщт.

КъыжъугурыIуагъа? Шъо шъуащыщ горэ Тхьэм елъэIун ымылъэкIымэ, ащыгъум ар тхьамыкIэгъошхоу щыт. Сэ сшIоигъор щыIэныгъэм иапэрэ куо макъэ шъужэ къыдэкIынэу ары: «Сэ сыпсэкIодышIэ цIыф! О си Тхьэ, сэ, псэкIодшIагъэ зиIэм, гукIэгъу къысфэшI!» Исус ыIэ шъуилъэу, Тхьэм ибынхэу шъохъуфэкIэ шъумыгупсэфынэу сыфай. Джащыгъум шъощ пае сышъыгъожьыщтэп.

# ТЭ АЩ НАХЬЫБЭКIЭ ТШIОШЪ МЫХЪУЖЬЫМЭ, СЫДА ТИЩЫIАКIЭ ЗЫФЭДЭ ХЪУЩТЫР?

## 1. Тхьэр пшIошъ мыхъумэ, щыIэныгъэр къин къыпфэхъу

Ары, ащ лъыпытэу къышъуфэзгъэпытэн фае: Тхьэр зышIошъ зыгъэхъун зымылъэкIырэм щыIэныгъэр къин фэхъущт. Арэущтэу зыхъурэм сэ ащ IэпыIэгъу сыфэхъун слъэкIыщтэп. Тхьэр зышIошъ мыхъурэ цIыфым IэпыIэгъу уфэхъун плъэкIынэу щытэп. Арэущтэу зыкIыщытыр джы къыжъугурызгъаIо сшIоигъу.

Тэ Тхьэр къызэрэтшIошIырэр диным тегъэпсыхьагъэу гупшысэ горэу е ар кIуачIэ горэу ары. Ау, синыбджэгъухэр, Тхьэр – Ащ акъыл иI, фэеныгъэ иI, Ар щыIэ шъыпкъ ыкIи тыдэкIи щыщыI. ЫкIи сэ Тхьэм ибын сыщымыщмэ, Тхьэм семышIужьыгъэу щытмэ, ащыгъум щыIэныгъэм ыбгъукIэ сыщытэу ары ащ къикIырэр. Ау ар чIыпIэ щынагъоу щыт.

СищыIэныгъэкIэ анахь сщымыгъупшэжьынэу сыгу къинэгъэ сыхьатыр дзэ пащэ ныбжьыкIэу сыщытэу, апэрэ дунэе заошхом илъэхъан, зэкIэм зызэхэсэшIагъэр ары: Тхьэр щыIэ шъыпкъэ! Автомашинэм сисэу къуашъхьэ цакIэм еутэкIыгъэм сыфэдагъ ащыгъум. Нахьыпэм сэ сIощтыгъэ Тхьэр сшIошъ хъоу, ау икъукIэ зэхэсшIыкIыщтыгъэп Ар зэрэщыIэ шъыпкъэр. Ау мызгъэгум Тхьэр зэрэщыIэ шъыпкъэр ошIэ-дэмышIэу къызгурыIуагъ.

Сэбурым хэт Тхьэ орэдым къыщеIо Тхьэр гъэнэфагъэу зэрэщыIэр, Ащ тыдэ ущыIэми зшIобгъэбылъын умылъэкIынэу зэрэщытыр. Мары ащ итыр: «Уашъом сыдэкIуаеми, ащ О ущыI...» Америкэ астронавтэу Гленн къызэриIуагъэмкIэ, ежьымкIэ анахь гъэшIэгъонышхоу къыфызэIухыгъэ хъугъэр ащ, космосыми, Тхьэр зэрэщыIэр ары! Арышъ, «уашъом сэ сыдэкIуаеми» е космосым сыщыIэми: «О ащ ущыI!» ЫкIи анахь пцIый къычIэхыпIэ куушхом, метрэ миным къехъу зикууагъэм зыщызгъэбылъыгъэми, ащ дэжьыми О ущыI. Орэд лъапIэм къыщеIо: «Джэхьнэмым сычIахьэми, ащ ущыI». Джырэблагъэ Калифорние къухьэлъатэкIэ сыбыбын фаеу зэхъум, сишъхьэгъусэ а тхьэ орэдым щыщ усэ сипхъуантэ къыдилъхьэгъагъэти, Сан-Францискэ ар къыщызызэтесхым, сатырэм седжагъ: «Нэфшъагъом ытамэхэр сштагъэхэу,

хым ыгъунэ сыщетIысэхми, ащи пIэ сыщызэрищэщт». Тхьэр гъэнэфагъэу ыкIи техъырэхъышэ мыхъунэу щыI!

Тхьэр гъэнэфагъэу ыкIи темыхъырэхъышэжьынэу зэрэщыIэм пае, Ащ ыбгъукIэ щытхэу Ар зыгукIэ зымыштэхэрэм ащыщэу зы нэбгырэ гори къэнэщтэп пшъэдэкIыжь римыгъэхьэу. Тхьэр щымыIэ фэдэу, Ар къисымыдзэу сыщыIэмэ, Ащ иунашъохэр дэдзых сшIызэ сэпсэумэ, тхьэумэфэр сымыгъэлъапIэмэ, хэтэкIо Iофым сыпылъымэ, пцIы сэусымэ, сянэ-сятэхэм сямыдэIурэмэ ащыгъум щыIэныгъэ шъыпкъэм сыпэчыжь. Ау ащтэу хъумэ сыщыпсэун слъэкIыщтэп. Мы дунаим хъураеу зэ зыщыплъыхь: цIыфхэм ялэжьапкIэ ерагъэу афэхъу, ахъщабэ къэзыгъахъэхэрэри ары. АгукIэ разэхэп: ашъхьэкIэ ящыIэныгъи яунагъокIи зэрэпсэухэрэми ыгъэразэхэрэп.

«Ащ щэхъукIэ Тхьэр тшIошъ мыхъужьымэ, ащыгъум сыдэущтэу тыпсэун тлъэкIыщта?» Ащ фэдэ щыIакIэмэ тызыхэтыщтыр, ащыгъум ащ тыхэкIодэпэныба! Ащыгъум лIэныгъэми тыпэуцужьын тлъэкIыщтэп ныIа! Илъэсишъэ тешIэмэ, тащыщ гори псэ пытэу мыщ къыщынэжьыщтэп. ЗэкIэри тэ тылIэщт.

Мырэущтэу къэзыIони къахэкIынкIи мэхъу: «УзылIэрэ нэужым Iофыр ащ щыухыгъэ мэхъу. Зыпари зыдэщымыIэм тэ тэкIожьы!» Ау шъор-шъорэу шъуегупшысэлъ: хэты ыIорэр ара нахь шъушIошъ жъугъэхъун фаер – Тхьэм и ГущыIа, хьауми шъугу къышIошIырэр ара? Сыдэущтэу хьадэгъум упэгъокIыщта, ошIэ-дэмышIэу нафэ къыпфэхъумэ ущэIэфэ уугъоигъэм щыщ зыпари зыдэпштэн зэрэумылъэкIыщтыр. Унэ о зыфэпшIыжьыгъэнкIи мэхъу, сэ дэгъоу зэзгъэфэгъэ библиотекэ сиI. Мыщ щызгъэлъапIэщтыгъэ пкъыгъохэми цIыфэуи шIу слъэгъущтыгъэхэмэ ащыщхэри сэ зыдэсштэн слъэкIыщтэп. Ахърэт дунаим тыкIожьын зыхъукIэ тэ зэдэтштэн тлъэкIыщт закъор – ар Тхьэм ыпашъхьэкIэ мысэ тызэрэхъугъэр ары ныIэп. КъызышIожъугъэшI мырэущтэу: шъуихьадэгъу къэсыгъэу шъо пIэм шъухэлъ ыкIи мыщ дэжьым къызэхэшъошIэ: «Сэ зэкIэри къыщысынэн фае, зэкIэ бзэджэшIагъэу зесхьагъэри псэкIодшIагъэу сиIэхэри сигъусэхэу Тхьэ лъапIэу ыкIи зафэм ыпашъхьэ сиуцощт!»

ГукIэгъушхо зыхэлъ Зиусхьанэу Исус мырэущтэу ыIуагъ: «Псэр зыукIын зымылъэкIэу, пкъыр зыукIыхэрэм шъуащыщын. Ащ нахьи, псэри пкъыри джэхьнэмым щызыгъэкIодыщышъутым шъущыщын». Илъэс заулэкIэ узэкIэIэбэжьмэ, Норвегием

щыпсэущтыгъ профессор цIэрыIоу Халлесби, зэкIэми лъытэныгъэ зыфашIырэ цIыф. Тхьэмафэм къыкIоцI ащ радиомкIэ уарзэхэм цIыфхэм къафеджэщтыгъ. Джы дэдэми къызышIосэгъэшIы радиом ыпашъхьэ итэу ащ къызэриIощтыгъэр: «Пчыхьашъхьэ шъо шъугукIэ шъурэхьатэу пIэм шъухэгъолъхьажьынышъ, ау джэхьнэмым шъуифагъэу пчэдыжьым жьэу шъукъэущыжьынкIи мэхъу! Сэ шъусакъынэу зэрэщытыр къыжъугурызгъаIо сшIоигъуагъ!» А гущыIэхэм цIыфыбэ къызэлъигъэгубжыгъэх, сыда пIомэ норвежцэхэри джырэ лъэхъанэм ицIыфхэкIэ заджэхэрэм ащыщых, тэ тимафэхэм арэущтэу ущытыным мэхьанэшхо раты. Анахь газет инэу Осло къыщыдэкIырэм ижурналист горэм мыщ фэдэ мэхьанэ зиIэ пэрыт статья къыхаригъэутыгъ: «Тэ гурыт лIэшIэгъухэр арэп тызыщыщыIэр! Мышъомыл шъыпкъэм ехьылIэгъэ къэбархэр къаIотэнхэм пае радиор къызэрэзыфагъэфедэрэр афадэ хъухэнэу щытэп!» Газет иным ащ фэдэ гущыIэхэр къыхиутыгъэхэмэ, ащыгъум анахь газет цIыкIухэми ахэр къыкIаIотыкIыжьых. Джы мары зэкIэ газет нэкIубгъохэр къэззэрэгъэбырысырыгъэх: «Тэ гурыт лIэшIэгъухэп ныIа тызыщыпсэурэр! Профессорыр джэхьнэмым къытегущыIэ хъуна!» А Iофым фэгъэхьыгъэу Осло ирадио профессорэу Халлесби елъэIун фаеу хъугъагъэ нахь гъэнэфагъэу ащ ехьылIагъэу къафиIотэнэу. ЯтIонэрэу профессорэу Халлесби микрофоным къыкIэлъырэуцо ыкIи джыри къареIо: «Iофхэм язытет нахь зэхэугуфыкIыгъэу къышъуфэсшIымэ сшIоигъу: ар сэ згъэцэкIэщт. Пчыхьашъхьэ шъо шъугукIэ шъурэхьатэу пIэм шъухэгъолъхьажьынышъ, ау пчэдыжьым жьэу джэхьнэмым шъуифагъэу шъукъэущыжьынкIи мэхъу. Сэ шъусакъынэу зэрэщытыр къыжъугурызгъаIо сшIоигъуагъ!» Ащ нэужым а гущыIэхэм бырысырэу къапагъэкIыгъэр! Норвегием зэкIэ дин пащэу исхэм яупчIыгъагъэх: джэхьнэм щыIа-щымыIа? Ары пакIошъ, журналэу «Шпигель» Iофым хэгущыIэн ыкIи «Джэхьнэмым фэгъэхьыгъэу Норвегием зэрэщызэнэкъокъухэрэр» зыфиIорэ статьяшхо къыхиутын фаеу хъугъагъэ. А Iофэу ащ фэдиз бырысыр къызыпагъэкIыгъагъэм ыуж илъэси темышIэу сэ Осло истудентхэм лекцие сакъыфеджэнэу, пчыхьэм цIыф жъугъэхэм апае лекцие заулэ къафэсшIын фаеу хъугъагъэ. ХьакIэщым къыщызэрэугъоигъэх зэкIэ газетхэм ятхакIохэр. Ыпэ рапшIэ пресс-конференцие зэхэтщэгъагъэ. Мыщ дэжьым гъэшIэгъоны зэтефагъэхэр: сиджабгъукIэ къызгосыгъэр журналистэу ащ фэдиз быры-

сыр къэзыIэтыгъагъэр ары, сисэмэгубгъукIэ къызгосыгъэр евангельскэ прессэм илIыкIоу профессорэу Халлесби. Журналистым ащ лъыпытэу къызжэхахьэу къыздыригъэжьагъ: «Пасторэу Буш, тэрырэ профессорэу Халлесбирэ тызэгурыIорэп. О джырэ лъэхъанэм дезыгъаштэрэ цIыфэу ущытба. Сыдэущтэу о къыпшIошIыра – джэхьнэм щыIа?» «ЩыI адэ, – есIожьыгъ сэ ащ. – Шъыпкъэ, джэхьнэм щыIэ шъыпкъ! Ащ укIэупчIэжьынэуи щытэп!» – «Сэ къызгурыIон слъэкIырэп ащ уицыхьэ телъэу къэпIон зэрэплъэкIырэр», – еIо журналистым. «Сигуапэу ар къыбгурызгъэIон, – джэуап есэтыжьы сэ. – Джэхьнэм зэрэщыIэр сэ сшIошъ мэхъу, сыда пIомэ Ежьым Исус ар къыIуагъ. ЗэкIэ цIыф Iушэу щыIэхэм ашIэрэм нахьи нахьыбэ зышIэрэ Исус къыIорэр сэ сшIошъ мэхъу!»

Тхьэм и ГущыIэ мырэущтэу къыщеIо: «Тхьэр цIыф пстэури мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэуи шъыпкъагъэр зэрашIэнэуи фай». Джары тэри шIошъхъуныгъэм тыкъызыкIытегущыIэрэр, сыда пIомэ Тхьэм къытигъэлъэгъугъ шъыпкъагъэ тиIэу тыпсэуным ыкIи дунаим техыжьыным игъогу.

Тэ ащ нахьыбэкIэ тшIошъ мыхъужьымэ, ащыгъум сыда тищыIакIэ зыфэдэ хъущтыр? Къиныгъохэу сызэутэкIыхэрэр сыдэущтэу сщэIэнхэ слъэкIыщта ащ щэхъукIэ шIошъхъуныгъэ симыIэжь хъумэ? ШIошъхъуныгъэ Тхьэм фытимыIэу мы щыIэныгъэм икъиныгъохэр щызэпытчынхэ тлъэкIыщтэп!

Фэшъхьаф щысэкIэ ар къэсыушыхьатынэу фит сыкъэшъушI. Дышъэ пцэжъые цIыкIу шIагъо шъуиIэу къызышIожъугъэшI. «ТхьамыкIэ цIыкIу, ренэу о псы чъыIэм ухэсын фаеу мэхъу! Сэ сыфай нахь щыIэкIэ дэгъу уиIэ сшIынэу!» – оIошъ, зэгорэм теоубытэ. Ар о псым къыхэохы, IэплъэкI пхъашэкIэ олъэкIы ыкIи дышъэм хэшIыкIыгъэ хъагъэм иогъэтIысхьэ. Анахь Iус IэшIоу щыIэр – сшIэрэп сэ дышъэ пцэжъыем рагъэшхырэр – къамзэгу кIэнкIэнхэкIи мэхъу е фэшъхьаф гъомылэкIи пшIэщтэп, – ыкIи ащ еоIо: «Сидышъэ пцэжъые кIас, джы о щыIэкIэ дэгъу пфэзгъэпсыгъэр: дышъэм хэшIыкIыгъэ хъэгъэ шIагъом уизгъэтIысхьагъ, къамзэгу кIэнкIэ хэшыпыкIыгъэхэр уапашъхьэ илъых, жьы къабзэр къэощэ!» Адэ дышъэ пцэжъыем сыда ышIэн фаер? Къызэрэпфэразэм пае зэресырэ тамэхэр ыгъэсысхэзэ, «тхьауегъэпсэу, тхьауегъэпсэу» – къыуиIонэу ара? Арыхэп, ащ ышIэщтыр фэшъхьаф шъыпкъ: жьы ымыгъотэу пIэтIэраоу хъагъэм илъыщт. КъэгущыIэн ылъэкIынэу щытыгъэмэ, ащ мырэущ-

тэу къыуиIоныгъи: «Уидышъэ хъагъи уикъамзэгу кIэнкIэхэри сищыкIагъэхэп, сэ псым сыхэптIупщыхьажьынэу ары сызыкIэхъопсырэр!» ТэрыкIэ ащ фэдэр тыкъызыхэхъухьэгъэ щыIэкIэпсэукIэу щытыр щыIэныгъэ къэзытырэ Тхьэу, уашъори чIыгури, джащ фэдэу тэ зэкIэри тыкъэзыгъэхъугъэхэр ары. Швейцарием гимн мыщ фэдэ гущыIэхэмкIэ къырегъажьэ: «ЗэкIэ щыIэныгъэм ылъапсэ къызыщежьэрэр Оры». Тхьэр – Ар тэ тыкъызхэкIыгъэ ыкIи тищыкIэгъэ щыIэныгъ! Тхьэм сыгукIэ сыфэшъыпкъэ охъуфэкIэ сэ спсэ зэрэзгъэрэзэн слъэкIыщтыр – ар дышъэм хэшIыкIыгъэ хъагъэр ары ныIэп. КъыжъугурэIуа шъо?

Джырэ лъэхъанэм щыпсэурэ цIыфым зэкIэ анахьышIоу щыIэр ежьым пае къызыфегъэфедэх: зегъэтхъэжьы, къыкIухьэзэ, чIыпIэ зэфэшъхьаф гъэшIэгъонхэр зэрегъэлъэгъух, анахь шхын дэгъухэу щыIэхэр ешхых, анахь сэнэ дэгъум ешъо – зэкIэри егъотых, ау ащ ыпсэ зыреутэкIыжьы ыкIи къеIо: «ЗэкIэ мыхэр, зытет шъыпкъэмкIэ, сэ сищыкIагъэхэп! Сэ сызыфаер сыкъызхэкIыгъэ щыIакIэр ары, сыгукIэ Тхьэм гъусэгъу сыфэхъунэу ары! Шъор-шъорэу жъалымыгъэ хэлъэу шъузыфыщымытыжь! Тэ тыгу ткIоцIы къыщэкуо Тхьэм гъусэ тыфэхъуфэкIэ! Пцэжъыер ежь зэсэгъэ ыкIи ищыкIэгъэ шъыпкъэу щыт щыIакIэм зэрэкIэхъопсырэм фэдэу, тэ тпси Тхьэм лъэхъу, сыда пIомэ Тхьэр гъусэгъу тфэхъуныр ары тэ тищыкIэгъэ ыкIи къыттегъэпсыхьэгъэ щыIэкIэ-псэукIэу щытыр.

Тэ ащ щэхъукIэ шIошъхъуныгъэ тимыIэжьымэ, ащыгъум сыдэущтэу щыIэныгъэм зыкъетымыгъэуфэн тлъэкIыщта? Ащ иджэуапэу мары сэ къэсIон слъэкIыщтыр: «ЗыпарэкIи тлъэкIыщтэп! ЩыIэныгъэми, лIэныгъэми, мыкIодыжьын щыIэныгъэу тызыхэхьажьыщтыми!» Ащ шъукъемызэгъэу, арэу щытыми, цIыфхэр дэгъукIаеу щыIэхэу, щыIэныгъэми гъэхъэгъэ шIукIаехэр щашIыхэу шъоIомэ, сэ ащ иджэуапэу къышъосIон: «Ащ фэдэ теплъэ иIэу ар шъолъэгъу ныIэп». Джарыба зэрэщытыри? Тэжъугъаштэ, гущыIэм пае, Гете – ар хъулъфыгъэ дэхагъ, баигъ, Iушыгъэ, министрэ IэнатIэм Iутыгъ, кIэкIэу къэпIон хъумэ, зэкIэ зыфаер зэригъотылIэжьыщтыгъ, ау игъашIэ икIэухым еуцолIэжьыгъ, ыгукIэ рэхьатэу, зыфэрэзэжьэу ащ фэдиз щыIэныгъэм къыхэфэгъэ сыхьатхэр зызэхэбгъэхъожьхэкIэ, мэфищ икъунимыкъун. Джащ фэдэу гумэкIыгъоу гъэпсыгъэ щыIэныгъэр. Хьау, Тхьэм шIошъхъуныгъэ фыуимыIэу мы щыIэныгъэм ущыщыIэн плъэкIыщтэп.

Ар апэрэу сэ къышъосIон фэягъэр ары. КъыкIэлъыкIорэ Iофыгъом икъэIотэн сыфежьэ:

## 2. Iофыр зэкIэ зыфэгъэхьыгъэр шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ уиIэныр ары

Аужыпкъэм Iофыр зыфэгъэхьыгъэр шъыпкъагъэ зыхэлъ, укъэзыгъэнэжьырэ шIошъхъуныгъэ уиIэныр ары.

Нэбгырэ пэпчъ ежьым ишIошъхъуныгъэ иI. Сыстудент ныбжьыкIэу тадэжь сыкIуагъэу сянэ ыдэжь сыщыIэзэ, бзылъфыгъэ горэ ащ ыдэжь къэкIуагъ. Сянэ а уахътэм имысэу тефагъэти, бзылъфыгъэ хьакIэр унэм къезгъэблагъи, згъэтIыси есIуагъ сэ къыздэгущыIэным зыригъэзэгъын фаеу зэрэхъурэр. «Лъэшэу сигуапэу, – ыIуагъ ащ, – сыда о Iофэу узыпылъыр?» «Сэ дин Iофыр зэсэгъашIэ», – есIожьыгъ сэ ащ. «Сыдэущтэу къэпIуагъи? – мэкъэ IэтыгъэкIэ къысиIуагъ бзылъфыгъэм. – Дин Iофыр пIуагъа? Хэта джы Тхьэр зышIошъ хъужьырэр? Ащ фэдэ хъун ылъэкIырэп!» ЫкIи а зыныбжь хэкIотэгъэ бзылъфыгъэм щысэкIэ къегъэлъагъо Гете (хъугъэ-шIагъэр зыщыхъугъагъэр Гете зэгорэм зыщыпсэущтыгъэ Франкфурт-на-Майне ары), лъэшэу рыгушхоуи къысеIо: «Джы тэ Гете ары ныIэп тшIошъ хъурэр! Христиан диным бэ шIагъэ игъашIэ зиухыгъэр!» ТызытегущыIэрэ Iофыр зэрэрекIокIырэр сэ сыгу рихьырэпти, фэшъхьаф Iофхэм тахэхьагъ ыкIи сэ ащ сеупчIыгъ: «Лъытэныгъэ зыфэсшIырэ тихьакI, уищыIэкIэ-псэукIэ сыкъыкIэупчIэнэу фит сыкъэшI». Мыщ дэжьым ыгъэжьызэ ар Iанэм IапэкIэ теуIуи, псынкIэу къызыIуипхъотыгъ: «Тфу, тфу, тфу! Ащ укъыкIэупчIэ хъуна?!» Сэ бзылъфыгъэм сеупчIыгъ: «Къысфэгъэгъу, ау сыда тфу, тфу, тфу пIомэ къикIырэр? «Ащ тхьамыкIагъом ущеухъумэ!» «Арышъ, – згъэунэфыгъэ сэ, – Тхьэр псэур пшIошъы бгъэхъуным ыуж уикIыгъэу о тфу, тфу, тфу пшIошъ огъэхъу ыкIи ащ дакIоу пхъэм удытеожьы, ара? ГъэшIэгъоны! Дэгъоуи зэблэпхъугъэх уишIошъхъуныгъэхэр!»

Мыщ дэжьым сэ сшъхьэ къилъэдагъ: шъхьадж зыгорэ ышIошъ мэхъу. Iофыр зыфэгъэхьыгъэ закъор укъэзыгъэнэжьырэ шIошъхъуныгъэу ар щытымэ е щымытымэ ары. Джырэ тилъэхъан аIоу зэхэпхыщт: «Анахь мэхьанэ зиIэр зыгорэ тшIошъ зэрэхъурэр ары!» Нахьыбэрэ аIоу зэхэпхыщт: «Сэ Зиусхьанэу Тхьэр сшIошъ

мэхъу!» «Сэ – тыкъэзыуцухьэрэ дунаир (природэр) сшIошъ мэхъу!» «Сэ сищыIэныгъэкIэ синасыпыр сшIошъ мэхъу!» «Къэхъущт пстэури зэрэтхыгъэр сшIошъ мэхъу!» Хьау, хьау, синыбджэгъухэр, анахь мэхьанэшхо зиIэр шъыпкъагъэ зыхэлъ шIошъхъуныгъэр, Тхьэм гъусэгъу сыфэзышIырэ шIошъхъуныгъэр ыкIи сыгу рэхьатныгъэр къызылъхьэрэр ары. Сэ сиIэнэу сищыкIагъ шIошъхъуныгъэу джэхьнэмым сыщызыухъумэн зылъэкIыщтыр, мыщ сэ щызэхэсшIэн слъэкIыщтыр ары, сыда пIомэ ащ сэ щыIэкIакIэ къысетышъ ары, фэшъхьаф шIошъхъуныгъэр сэ сищыкIагъэп. ЦIыфыбэхэм зэгорэм Гитлер ыIохэрэр ашIошъ хъущтыгъэх, ащ яцыхьэ телъыгъ, аужыпкъэм текIоныгъэ къызэрэдахыщтым, фюрерым яцыхьэ телъыгъ! Ау сыда адэ ащ къикIыгъэр?... Сэ сищыкIагъэр шIошъхъуныгъэ шъыпкъэр, сыкъэзыгъэнэжьырэр ары!

Ау шIошъхъуныгъэ шъыпкъэр зыхэлъыр, укъэзыгъэнэжьырэ шIошъхъуныгъэр – ар Исус, Тхьэ псэум Ыкъор пшIошъ хъуныр ары. Исус уицыхьэ телъыныр, Ащ къыIохэрэр пшIошъ хъунхэр! Диным лъапсэ фэзышIыгъэхэр арымырхэу, – ахэр пчъагъэ мэхъух, – Исус Христос, Тхьэм Ыкъо шIошъхъуныгъэ фыуиIэныр ары ищыкIагъэр. Джы сэ къышъуфэсIотэн фае Исус шъушIошъ хъуныр зилIэужыгъор.

Укъэзыгъэнэжьырэ шIошъхъуныгъэу Исус фыуиIэн плъэкIыщтым ищысэ шIагъо нэрылъэгъоу къыщигъэлъагъоу хъугъэ-шIэгъэ гъэшIэгъон горэ Библием къыщеIуатэ. КъызышIотэжъугъэгъэшI мырэущтэу: илъэс 2000-кIэ узэкIэIэбэжьмэ, тэ Голгофэ, цIыфхэр зыщыпалъэщтыгъэхэ тхышъхьэм, Ерусалим идэхьэпIэ къэлапчъэхэм акIыбкIэ щыIэм тыкIоу. Къэзэрэугъоигъэ цIыфхэу бырсыр къэзыIэтыгъэхэм, дунэе бырсырыр апышIыкIэу куохэрэм ыкIи кIыихэрэм шъуапымылъ. Рим идзэкIолIыхэу къэрэгъулхэу зиIоф аIуагъэхэм ящыгъынхэр зыIукIэщтхэр язэрэмыгъашIэу ащкIэ пхъэдз зыдзыхэрэми шъуапымылъ! Моу тшъхьэ къэтэжъугъэIэтыри, тежъугъэплъ: агузэгурэ къащым палъагъ гъучIыIунэхэмкIэ хаIулIагъэу Тхьэм Ыкъо! Ащ ышъхьэ шъхьащагогъэ пэнэ паIом лъыр нэгушъом къырегъэчъэхы. Ащ Тхьэр щыпалъагъ. Ащ иджабгъукIэ пылъагъ хъункIакIо горэ. Ащи джащ фэдэу укI тыралъхьагъ. ИсэмэгубгъукIэ джыри зы бзэджашIэ щыпалъагъ. ЗэкIэм бзэджэшIитIумэ язым куоу къырегъажьэ: «Мыдэ, тазыфагукIэ пылъагъэр, моу къэдаIу: Тхьэм ури-Къоу пIощтыгъэ. О Тхьэм Ыкъо шъыпкъэу ущытмэ, ау умыпцIыусымэ, къащым къехыжьри, сэри IэпыIэгъу къысфэхъу!» Е-о-ой, ащ изекIуакIэ къыб-

гурыIонэу щыт хьадэгъум ищынагъо къызышъхьащыхьэгъэ цIыфым фэшъхьаф уахътэм къымыIощтыр къыIон ылъэкIыщт. Ащ нэужым ятIонэрэ бзэджашIэу палъагъэр Iофым къыхэгущыIэ. Иныбджэгъу зыфигъазэзэ, ащ къыIуагъ: «О джыри Тхьэм ущыщынэрэба?» Ащ къызэрэригъэжьагъэмкIэ, гъэнэфагъэ мэхъу – Тхьэр шыихъэу ыкIи щынэгъошхоу щыт!

Тикъалэхэм бомбэхэр къащыохэ зэхъум, цIыфхэр зэрмыр хъугъэхэм фэдагъэх. Чылысыр мысэнкIи мэхъу мырэущтэу зэримыIуагъэм пае: Тхьэр щынэгъошхэу щытын ылъэкIыщт! Тхьэм ыкIыб къытфигъэзэнышъ, къытфэмыгумэкIыжьынкIи мэхъу! «Адэ о джыри Тхьэм ущыщынэрэба?» Ахъщэ аугъоизэ, хьэдэ кIыIухэм арыкIорэ цIыфхэр зыщыщыIэм ущыкуон фае: «Адэ джыри о Тхьэм ущыщынэрэба?» Ахъщэ кIахыным пае угъуаехэзэ, цIыфхэр хьадэхэм атеуцохэмэ, къакIухьэ зэхъум а гущыIэхэр мэкъэ IэтыгъэкIэ къащыIогъэнхэ фэягъэ: «Джыри Тхьэм ущыщынэрэба?!» НыбжьыкIэхэу къэхьпэшэным пылъхэм яIогъэн фэягъэ: «Джыри шъо Тхьэм шъущыщынэрэба!? Сыда шъузэгупшысэрэр? Нэшъу шъухъугъа? Тхьэр зэрэшыихъыр ыкIи Ащ игубж щынэгъошхоу зэрэщытыр зэхэшъушIэныр ары зэкIэри къызыщежьэрэр.

ЫкIи мары мо хъункIакIоу палъагъэм къеIо: «ЗэфагъэкIэ тэ тагъэпщыныжьы, бзэджагъэу тшIагъэхэм яфэшъушэ тагъэгъотыжьы.» Ар ятIонэрэ зекIуакIэу къэзыгъэнэжьыхэрэ шIошъхъуныгъэм фэзэщыхэрэр ары – уипсэкIодшIагъэ уеуцолIэжьыныр.

Мырэущтэу къысэзыIорэ цIыфыбэхэм сарихьылIагъ: «Сэ сшIошъ згъэхъун слъэкIырэп!» Ахэмэ сяупчIыщтыгъ: «Адэ Тхьэм ыпашъхьэ лажьэ зэрэщыуиIэм уегупшысагъа?» «Хьау, сэ тэрэзэу сэзекIо ыкIи хэти сыщыщынэрэп». Джащыгъум ахэмэ мырэущтэу ясIощтыгъ: «Шъо зышъогъэпцIэжьыфэкIэ, егъашIэми шъыпкъагъэм шъукъыфэкIон шъулъэкIыщтэп!»

Джырэ благъэ сызыIукIэгъэ лIы горэми джащ фэдэу къысиIуагъ: «Сэ тэрэзэу сэзекIо ыкIи хэти сыщыщынэрэп!» Сэ ащ къыIорэм дезгъэштагъэп: «СыпфэгушIо! Арэущтэу сэ къэсIон слъэкIыщтэп. СищыIэныгъэ бэ сызымыгъэразэу къыхафэрэр». Ащ джэуап къыситыжьыгъ: «Шъыпкъэ, пхъэшэ дэдэу а Iофым уекIуалIэмэ...» «Ей-ей, – сIуагъэ сэ, – Тхьэр боу пхъашэу а Iофым екIуалIэ, ау ор-орэуи зыбгъэпцIэжьыщтэп ныIа!» ЗэжъугъашIэ! Шъукъэзыгъэнэжьырэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ шъо шъуиIэ зыхъущтыр шъуипсэкIодшIагъэ псэкIодшIагъэкIэ шъуеджэ зы-

хъукIэ, шъуикъэхьпэгъэ шэн-зекIуакIэхэр мыхъун зекIуакIэкIэ шъулъытэ зыхъукIэ, шъуишъхьагъусэхэм шъуафэмышъыпкъэу шъузекIомэ, ащ зэреджэхэрэ гущыIэ шъыпкъэр шъумыушъэфы зыхъукIэ, шъуипэгэгъэ-зышIошIыжьныгъэ Тхьэм фэдэу зыхэжъугъэзыжьмэ, зызэрэшъулъытэжьырэм кIэух фэшъушIымэ, – джащыгъур ары ныIэп ар къызыжъудэхъущтыр. Ар ятIонэрэ зекIуакIэу сэ сыкъэзыгъэнэжьырэ шIошъхъуныгъэм сыфэзыщэрэр ары. Аужыпкъэм, мыхъун зекIуакIэм мыхъун зекIуакIэкIэ седжэу езгъэжьагъ, Тхьэм зыфэсэгъазэшъ, Ащ есэIо: «О Зиусхьан, хьыкум къыстепшIыхьанэу сэ сифэшъуаш!» Сыдэу тхьамыкIагъуа тилъэхъан щыпсэурэ цIыфхэм ежь-ежьырэу зызэрагъэгупсэфырэр мырэущтэу аIозэ: «ЗэкIэри лъэшэу дэгъу!» Ау зэгорэм Тхьэм тынэгу рихыщт нэгурыхъор!

Ащ нэужым Исус зыфигъази, а хъункIакIор еупчIыгъ: «О зыпари ащ фэдэу дэй пшIагъэп ныIа. Сыда О мыщ узыкIыпалъагъэр?» ЫкIи а охътэ дэдэм ащ зэкIэм ышъхьэ къелъадэ: «Сэщ паеба Ар мыщ зыкIыщыпалъагъэр! Ащ сэ сипсэкIодшIагъэхэр ыпщыныжьынхэу ыпшъэ рилъхьажьыгъэх!» ЫкIи джащыгъум ар къаджэ: «О Зиусхьаныр, О у-Пачъыхь, угу сыкъэгъэкIыжь уи-Тетыгъошхо узыкIожьыкIэ!» Ар ящэнэрэр ары: ащ ицыхьэ телъ Исус мыкIодыжьын щыIэныгъэ къызэрэритырэм, сыда пIомэ Ар тэщ пае малIэ. Исус бзэджашIэм къыреIо: «Непэ Сэ усигъусэу джэнэтым ущыIэщт!»

Арышъ, укъэзыгъэнэжьырэ шIошъхъуныгъэр зэпхыгъэр: Тхьэр зэрэлъапIэр нафэ къыфэхъу, сызэрэхэкIуадэрэм сеуцолIэжьы, ыкIи сэщ пае къащым телIыхьэрэ Исус сэ сыкъэнэжьынымкIэ амал закъоу зэрэщытыр зэрэзэхэсэшIыкIырэр ары. Ащ фэдэ шIошъхъуныгъэ шъуимыIэу сыдэу хъугъэкIи шъо мы щыIэныгъэм шъуфырикъун шъулъэкIыщтэп! Ащ фэшъхьаф гори шъо къышъосIон слъэкIыщтэп!

Iофыгъор зы лъэныкъоу къэсэIуатэу алъытэзэ, цIыфхэр сэ къысэгыиищтыгъэх. Ащ ипэгъокIэу мары ныIэп ясIон слъэкIыщтыр: «Къысфэжъугъэгъу! ЩыIэныгъэм, лIэныгъэм ыкIи хьыкумым узэрафырикъун плъэкIыщт амал закъу ныIэп щыIэр, ар мары зыфэдэр: сэ – псэкIодышIэ цIыфыр, Исус ыдэжь сэкIо, сипсэкIодшIагъэхэм сафыкIэгъожьы, Ащ ыпашъхьэ ислъхьэх, ыкIи сшIошъ мэхъу мыхэр: «Къащым пылъагъэ Исус ылъ /ынатIэ, ынэкIу лъыр къячъэхы, /гъунэнчъэу псэкIодшIагъэхэр сэ сиIэхэшъ сищыкIагъ, /а лъымкIэ сэ ситхьакIыжьыгъ». А зы

гущыIэухыгъэ закъор зыщышъумыгъэгъупшэнэу ары сызыфэягъэр: «Исус сэщ пае лIагъэ!» Пчэдыжьым жьэу шъукъызыущыжьыкIэ, а гущыIэухыгъэр шъушъхьэ щэрэжъынч: «Исус сэщ пае лIагъэ!» Джащыгъум Тхьэм ишIуагъэкIэ Ащ шъхьащэ фэшъушIызэ къэшъуIощт: «Сэщ пае лIагъэ! Сэщ пае! Ащыгъум а къэбарыр сшIошъ згъэхъумэ хъущт!» А такъикъэу ар къызыщыжъугурыIорэм щегъэжьагъэу шъо Тхьэм ибынхэу шъохъу! Исус еIо: «Къэлапчъэр сэры. СэркIэ дахьэрэр мыкIодэу къэнэжьыщт».

Джы ящэнэрэу къышъосIон фаер цIыфыбэхэм къысаIорэр ары: «Шъыпкъэ, пасторэу Буш, джа къызфапIорэ дэдэр ары сэ сшIошъ згъэхъун сымылъэкIырэр. СыодэIу зыхъукIэ, зэкIэри тэрэзым фэд, ау сыдэу зысшIыгъэкIи сшIошъ згъэхъун слъэкIырэп». Ащи сэ джэуап джы къестымэ сшIоигъуагъ. Арэущтэу зыIорэ цIыфхэр купиплIэу згощыхэ сшIоигъу. Арышъ:

## 3. ЦIыфхэу зышIошъ зыгъэхъун зымылъэкIыхэрэр

*а) ...сыда пIомэ ахэр агукIэ диным фэщагъэхэп.*

Апэрэ купым хахьэхэрэр мырэущтэу къысэзыIохэрэр арых: «Сэ сшIошъ згъэхъун зыкIэсымылъэкIырэр сыгукIэ диным сыфэщагъэпышъ ары. О, зиусхьанэу пасторыр, угукIэ диным уфэщагъ, сэ сыфэщагъэп!» Ащ мыщ фэдэ джэуап ныIэп естыжьын слъэкIыщтыр: «Сэри джащ фэдэ къабзэу диным сыгукIэ сыфэщагъэп». Одыджын къытео макъэр, ладаныр ыкIи ахэмэ афэшъхьафхэр ащ фэдизэу сэ сыгукIэ лъэшэу зэхасшIэхэрэп. Сэ лъэшэу сигуапэ мы аужырэ илъэсхэм Эссен Iоф щысшIэ зэхъум духовой оркестрэ тэрэз щэхъу зычIэмытыгъэ залым уарзэхэм сыкъыщеджэнэу амал къызэрэсатыгъагъэр. Органи, одыджыни ащ чIэтыгъэхэп, ахэр сэри сищыкIэгъагъэхэп. Ахэр къисымыдзэу сафэмыеу арэп, ау ахэм сафэныкъопышъ ары. Джащ фэдизэу макIэу диным сыгукIэ сыфэщагъэу сыщыт!

Исус, Тхьэм Ыкъо дунаим къызытехьэм, диным зыгукIэ фэщэгъэ цIыфхэу щыIагъэхэр бэ хъущтыгъэх. А лъэхъаным щыIагъэх дин егъэджэкIо пащэхэри, фарисейхэри – зэкIэ ахэр зыгукIэ лъэшэу диным фэщэгъэ цIыфых. ГущыIэм пае, саддукейхэр зыгукIэ лъэшэу диным фэщагъэхэу, ау анахь шъабэхэу щытыгъэх. Ахэр мы лъэхъанэм мырэущтэу къэзыIонхэ зылъэкIыщтыгъэ

цIыфхэр арых: «Сэ тыкъэзыуцухьэрэ дунаим Тхьэм сыщылъэхъу». Нацистхэм тетыгъор заIыгъыгъэ лъэхъанэм ахэмэ мырэущтэу аIощтыгъ: «Тэ тибыракъхэм Тхьэм исурэт атешIыхьагъ». Ахэм сыд фэдэ лъэхъани диныр алэжьы. Ахэр арых Тхьэм Ыкъо къащым тезыIулIагъэхэр. Ар ахэмэ афэдэ купым къекIугъэп. Ау щыIагъэх зыгукIэ диныр зымыштэрэ цIыфхэр: ахэр – бзылъфыгъэ хэтакIохэр, хьакъулахь ахъщэр зыугъоихэрэр, зиIофшIэн щэхъу ымыгъэгумэкIыхэу, Iэмэ-псымэхэр зышIыхэрэ IэпэIасэхэр, сыда зыпIокIэ джары ахэр зэрэщыIэщтхэ гъомылэр къызэрагъахъэрэр, зэлъашIэрэ лIэу Закхей зыцIэу цIыф къызэрыкIохэм къашъудихьырэ ахъщэм хэбаикIыгъэр. Ахэр зэкIэ зыгукIэ диным зыпарэкIи фэмыщэгъэ цIыфых. Арэу зэрэщытызэ, ахэмэ Исус агукIэ зэхашIагъэ! Адэ ар сыдэущтэу хъугъа? Ахэмэ ашIэщтыгъ псэкIодшIагъэхэр зэряIэхэр, ящыIэныгъэ мытэрэзэу зэрэгъэпсыгъэр. Ау мары КъэгъэнэжьакIоу псэкIодшIагъэхэр зиIэхэр Тхьэм ибынхэу зышIыхэрэр къэкIуагъ ыкIи Ащ шIошъхъуныгъэ фыряIэу хъугъэ.

Исус мы дунаим къызыкIэкIуагъэр зыгукIэ диным фэщэгъэ цIыфхэр джыри нахь лъэшэу диным пыщагъэ ышIынхэр арэп, псэкIодшIагъэ зиIэхэр аджалымрэ джэхьнэмымрэ къахищыжьэу, мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэу, Тхьэм ибын ышIынхэр ары нахькIэ. «Сэ сшIошъ згъэхъун зыкIэсымылъэкIырэр, сыгукIэ диным сыфэщагъэу сыщытэпышъ ары» – къэзыIон цIыфхэр щыIэхэмэ, ахэмэ мары ясIон слъэкIыщтыр: «Тхьэм ибынхэу шъухъуным пае шъо зэкIэ амалхэр шъуIэкIэлъых!» Тэ зэкIэми тэшIэ тызэрэпсэкIодышIэр, ау «Исус сэщ пае лIагъэ!» Сэ джыри къыкIэсэIотыкIыжьы: «Исус дунаим къызыкIэкIуагъэр диным зыгукIэ фэщэгъэ цIыфхэр джыри нахь лъэшэу ащ пыщагъэу ышIынхэу арэп, кIодырэ цIыфхэу псэкIодшIагъэ зиIэхэр щыIэныгъэ къэзытырэ Тхьэм ибынхэу ышIынхэу ары нахь!»

*б) …сыда зыпIокIэ Ар ашIошъ хъункIэ ахэр фаехэпышъ ары*

ЯтIонэрэ купым хахьэхэрэр ар ашIошъ агъэхъун амылъэкIэу зыIохэрэр арых, ау, зытет шъыпкъэмкIэ, зэфагъэ хэлъэу къэпIон зыхъукIэ, ахэр зэуцолIэжьынхэ фэягъэр ар ашIошъ хъуным зэрэфэмыехэр ары. ЗыгорэкIэ Ар ашIошъ агъэхъугъагъэмэ, ащыгъум зэкIэ ящыIэкIэ-псэукIэ фэшъхьаф шIыкIэу агъэпсыжьын фаеу хъущтыгъэ. Ау ахэр ащ фаехэп... АшIэ ахэмэ ящыIэкIэ-псэукIэ тэрэзэу зэрэмыгъэпсыгъэр. Тхьэм ибынхэу хъугъагъэхэмэ, зэкIэ

ахэр къычIэщыщтыгъэх. Хьау, арэущтэу хъуным ахэр фаехэп. Ащыгъум ахэмэ яIофшIэгъухэр къадэхьащхыныгъэхи! ЗыгорэкIэ ахэр чыристан гъогум дэхьэгъагъэхэмэ, ащыгъум ахэмэ яIахьылхэм сыд къараIоныгъи? Хьау, зэрэщытым фэдэу къэнэжьымэ нахьышIу! Арышъ, ашIошъ агъэхъун зэрамылъэкIырэм пае къагъанэу зыIорэ цIыфхэм шъуарихьылIэмэ, нахь гуфаплъэу ахэмэ шъуапыплъыхь ыкIи шъуегупшыс: тызыкIыфэмыер тшIошъ дгъэхъункIэ тыфаепышъ ары, къаIоныр ахэмкIэ нахь тэрэзба?!

Библием къыщеIуатэ хъугъэ-шIэгъэ гъэшIэгъон горэ. Тхьэм Ыкъо, Зиусхьанэу Исус Елеон Iошъхьэ шыгум тес. Ащ ыпашъхьэ, хъотэ дэхэ дэдэм, тыгъэ хьажъум пэжъыужьэу, къалэу Ерусалим ит. А чIыпIэм пэмычыжьэу щыт Iошъхьэ бжъапэм дэхэ дэдэу гъэпсыгъэ тхьэлъэIупIэ тет, Тхьэр зышIошъ мыхъугъэхэми ар дунаим анахь гъэшIэгъонэу щагъэпсыгъэхэм зыкIэ ащыщэу лъытэгъэн фаеу аIощтыгъ. ЗэкIэ ахэр Исус инэплъэгъу итых. Ау Ащ игъогу рыкIохэрэм зэкIэм алъэгъугъ Исус ынэгушъхьэ нэпсыхэр къызэречъэхыхэрэр. Ар агъэшIагъоу, зыфахьыщтыри амышIэу ахэр Ащ еплъых. Джащыгъум Исус Христос мырэущтэу еIо: «Ей Ерусалим, Ерусалим! Бзыум ищырхэр ытэмэмэ ачIэгъ зэрэчIиугъуаехэрэм фэдэу, сыд фэдизрэ уибынхэр зэсыугъоилIэнхэу сэ сыфэягъ, ау шъо шъуфэягъэп! Мо зэ шъуеплъ, Тхьэр шъуикъалэ нэшIукIэ къеплъыжьыщтэп. Шъыпкъэр шъосэIо, мыжъуитIу къызэтемынэжьэу, пстэури къызэхэтэкъощтых». Библием хэт гущыIэхэм анахь бгъэшIэгъон фаеу щыт гущыIэх ахэр! «Ау шъо шъуфэягъэп!» Ерусалим щыпсэущтыгъэхэми джащ фэдэу аIощтыгъ: «Тэ тшIошъ дгъэхъун тлъэкIырэп!» – ау ахэмэ ашIошъ агъэхъункIэ фэягъэхэп!

Ау шъосIон фае, зышIошъ хъункIэ фэмыем ышIошъ ерэмыгъэхъу фэмыемэ. Джы къызынэсыгъэм егъэзыгъэ IофкIэ диныр ащарагъэлэжьэу чылысхэм уащырехьылIэ. Ау Тхьэм и-Тетыгъошхо чIэтхэр зэкIэ ежьхэм ашIоигъокIэ агу къызэрариIоу Тхьэр зышIошъ хъухэрэр арых ныIэп. Тхьэр имыгъусэу щыIэ зышIоигъохэр щэрэIэх зэрэфаехэу! Тхьэм Ежьым гъусэгъу тыфэхъунэу игъоу къытфелъэгъу, ау тыфэмыемэ, тэ Ар щыдгъэзыен тлъэкIыщт. Тхьэр уимыгъусэу ущыIэ пшIоигъуа? Адэ щыIэба! ТхьэлъэIу умышIэу ущыIэ пшIоигъуа? ЩыIэба адэ! Тхьаумэфэ мафэр умыгъэлъапIэу, хэтакIоу ухэтэу, уешъоу, пцIы уусэу, утыгъоу ущыIэмэ пшIоигъуа? ЩыIэба адэ! ПсэкIодшIагъэ зиIэхэр къыгъэнэжьынхэм пае Тхьэм къыгъэкIогъэ КъэгъэнэжьакIор зымыштэ-

рэм Ар щигъэзыен ылъэкIыщт. Джэхьнэмым фэзыузэнкIырэм ар фамыдэн алъэкIыщтэп! Тхьэр фаеп Ежьым пае егъэзыгъэ кIуачIэ-кIэ хэти дэзекIонэу, ау, къызыгурыжъугъаIу зэкIэ ащ къыкIэлъыкIон ылъэкIыщтымкIэ шъор-шъорэу пшъэдэкIыжь къызэрэзыфэшъухьыжьырэр. ТхьэмИсускIэ шъо шъуипсэкIодхэр шъуфегъэгъух ыкIи гупсэфыныгъэ къышъуеты. Шъо мырэущтэу къэшъуIон шъуфит: «Сэ ар сищыкIагъэп, сэ ащ сыфаеп!» Ащыгъум джаущтэу шъущыI! Ау шъулIэным ыпэкIэ такъикъитфэу къэнагъэм къыкIоцI шъущэIэфэ Тхьэм игъогу къышъуфилъэгъущтыгъэр шъугукIэ шъуштэнэу шъумыгугъ. ИсускIэ Тхьэм шъуешIужьыныр щыжъугъэзыен шъуфит, ау егъашIэми Тхьэм шъукIымыгъоу шъущыIэн фаеу хъущт. Ар зылIэужыгъор – джэхьнэм!

Джэхьнэмыр – ар, зытет шъыпкъэмкIэ, Тхьэм ыIэчIэгъ шъузчIэкIыжьырэ чIыпIэу щыт. Хэти ащ нахьэу шъущыригъэблэгъэжьынэу щыщытэп. Ащ шъущыIэу шъо хэти къышъоджэщтэп. Ащ шъущыIэу тхьэлъэIу шъушIымэ зышъушIоигъоу уахътэ къышъокIункIи мэхъу, ау ар шъуфэлъэкIыжьыщтэп. Сэ игъоу къышъуфэслъэгъурэ къэбархэр шъумыштэнхэкIи мэхъу. Ащ щэхъукIэ Исус шъуелъэIунэу зыфэшъумыгъэзэнкIи мэхъу, ау къызыгурыжъугъаIу, ащ къыхэкIэу джэхьнэмыр къыхэшъухыгъэу зэрэхъущтыр! Шъузыфэе шъыпкъэр къыхэшъухын шъуфит!

«Ау шъо шъуфэягъэп!» – ариIуагъ Исус Ерусалим щыпсэухэрэм. Ащ ахэр ригъэзыгъагъэхэп. Ау ахэмэ ежьхэм апае къыхахыгъэр тхьамыкIэгъо дэдагъ!

*в) … сыда пIомэ ахэмэ бащэ апэкIэкIыгъэр.*

Ящэнэрэ купэу ашIошъ агъэхъун амылъэкIэу зыIохэрэм, нахьыбэрэмкIэ хъулъфыгъэхэр арых хахьэхэрэр. Ахэмэ ушъхьагъоу ашIырэ къызыгурыгъэIогъуай. Бзылъфыгъэхэм ащ фэдэ къаIоу зыпарэкIи зэхэсхыгъэп. А ушъхьагъу-Iэубытыпlэр мыщ фэд: «Зиусхьанэу пасторыр! Сэ бэ дэдэ зэрэспэкIэкIыгъэм къыхэкIэу зыпари сшIошъ згъэхъужьын слъэкIырэп!» Сэ сяупчIы: «Сыда ащ фэдизэу ппэкIэкIыгъэр? Сэ сищыIэныгъи зэщыгъоу щытыгъ сIошъуштэп!» – «Ары… сэ бэ дэдэ зэрэспэкIэкIыгъэм къыхэкIэу зыпари сшIошъ згъэхъужьын слъэкIыщтэп!» ЫкIи ащ фэдэ гупшысэр дунаим щыпсэурэ хъулъфыгъэхэм апашъхьэ къаигъэу къыуцуагъ. Арэущтэу зыщыхъурэм, ахэмэ садэхьащхы ыкIи мырэущтэу ясэIо: «Адэ шъо къашъуIо: шъушIошъ хъухэрэба автобусхэр зэрэзекIохэрэ уахътэу тхыгъэр, полициемкъикIыгъэ

къэбархэр?» – «ТшIошъ мэхъух адэ!» – «Ащыгъум, ащ нахьыбэрэ къашъуIоу зэхэсэшъумыгъэхы зыпари шъушIошъ мыхъужьэу. Ау мары, шъуфаемэ, къызэрэшъуIон фаер: автобусхэр къызэрекIохэрэ уахътэу тхыгъэмрэ полицием къыIохэрэмрэ афэшъхьаф сэ сшIошъ хъужьыхэрэп». Нафэ зэрэхъугъэмкIэ, джыри джаущтэу ар лъызгъэкIотэн слъэкIыщтыгъэ, ау арымырми къыжъугурыIогъах. Джыри ащ пыдзагъэу къафэсэIуатэ: «Сэ сищыIэныгъэу Iаерэ, шIоирэ, зекIокIэ пхэнджырэ, шIункIыгъэрэ гъунэчъэу зыхэлъыгъэхэм Исус къыхэхьагъ. Джащыгъум сэ къызгурыIуагъ: Ар Тхьэм ЫIкъоу Тхьэм тэ къытфигъэкIуагъ. Джащыгъум сищыIэныгъэ сэщ пае бэ дэдэ зышIагъэм – Исус – ыIэ сэ ислъхьагъ. Зытет шъыпкъэмкIэ, шъо ащ щэхъукIэ зыпарэми цыхьэ фэшъумышIыжьэу, зыпари шъушIошъ хъужьын шъумылъэкIырэми, шъощ пае зищыIэныгъэ зытыгъэм шIошъхъуныгъэ фышъуиIэн шъулъэкIыщт. Ары, Ащ шъо шIошъхъуныгъэ фышъуиIэн шъулъэкIыщт. Шъо шъушIошъ бэ хъурэр, ау икъоу цыхьэ зыфэшъушIымэ хъун Закъоу щытым зыщышъодзые, Ащ гъусэгъу дэзышIыгъэ гори егъашIэми кIэмыгъожьыгъэми. Арэу зэрэщытзэ, Ащ шъо ешъоIо: «Хьау! Ар щхэныщэ мэхъу!» ЕтIани шъо къин бащэ шъущэчыгъэу шъоIо. Хьау, джыри шъо икъоу бэ шъукIэхэкIыгъэп.

*г) ...сыда пIомэ ахэмэ зыгорэ пэрыохъоу къафэхъу*

ЯплIэнэрэ купым хахьэхэрэр зышIошъ зыгъэхъун зымылъэкIыщтхэр арых, ахэр зэкIэри къыдэзылъытэрэ цIыфхэу щытых. Ахэмэ зэраIорэмкIэ, ашIошъ агъэхъун зыкIамылъэкIырэр чылысыр арыми, ащ къыщаIуатэхэрэр арыми, зыгорэ пэрыохъу къазэрэфэхъурэр ары.

Студенткэ ныбжьыкIэ горэм къысфиIотагъ: «Зиусхьанэу пасторыр, тыкъэзыуцухьэрэ дунаим изэгъэшIэн ары сэ сызыпылъыр ыкIи уилекциехэм ащыщ седэIузэ, зэхэсшIагъ сымышIэщтыгъэ Iофыгъо горэхэр къызэрэзгурыIощтыр, ау шIошъхъуныгъэ зизгъэIэн слъэкIыщтэп. ОшIа о, диным ихабзэхэр, игъэпсыкIэхэр сэ сштэнхэ слъэкIыщтэп. Ахэр пштэнхэри мэкъу гъугъэ IапIэ удырыныри – тIури зы!» Сэ ащ сигъэщхыгъ ыкIи есIожьыгъ: «А пшъашъ! ИщыкIэгъахэп о мэкъу гъугъэ IапIэ удырынэуи! Исус ехъылIагъэу зэгорэм къаIуатэу зэхэпхыгъэба?» – «Зэхэсхыгъэ», – ыIуагъ ащ. – «Адэ Исус пцIыусыщтыгъэу о къыуасIомэ пшIошъ хъуна?» – «Хьау, ар сшIошъ хъущтэп!» – ыIуагъ ащ. Джыри сэ пшъашъэм сеупчIыгъ: «А пшъашъ, адэ пцIы ымыусэу нэмыкI

цIыф горэм ыцIэ къепIон плъэкIына?» – « Хьау, – ыIуагъ ащ, – ащ фэдэ, енэгуягъо, зы нэбгырэ горэми къесIолIэн сымылъэкIынкIэ». – «Адэ, олъэгъуа, пшъашъ, шIошъхъуныгъэ зэрэуиIэр, ары пакIошъ, Исус уицыхьэ зэрэтелъыр, Исус о фыщытыкIэу фыуиIэр къэбгъэлъэгъуагъ. Ар шIэгъо дэдэба! Джары зэкIэ къызыщежьэрэри. Исус шъыпкъагъэ зыхэлъ щэхъу къыIорэп. Библием къызэрэщиIорэмкIэ, Тхьэм къыгъэкIогъэ лIыкIоу Исус Христос зыгукIэ зыштэхэрэм, мыкIодыжьын щыIэныгъэ яIэщт. Чылысым игъэпсыкIэ, изэхэтыкIэ гурыIогъуаехэр зэхэпфыхэу ыкIи уягупшысэу упылъынэу о Iоф уиIэп. Ау щыIэныгъэм ишIункI къыхэкIэу о уадэжь къакIорэр Зы нэбгырэ. О нахь нэрылъэгъоу олъэгъу зэпыт гъучIыIунэхэм Ащ ыIэхэу зэхаIулIагъэхэр ыкIи пэнэ паIоу щалъэгъагъэм ыуIэгъэ нэгум къечъэхырэ лъыр. Ахэмэ къаушыхьаты о уипсэкIодшIагъэхэр Ащ Ежьым зэрипщыныжьыхэрэр ыкIи о хэти шIу узэримылъэгъугъэу, Ащ шIу узэрилъэгъурэр. Икъу шъыпкъэу унэхэр къызэкIэрэкIых Исус уеплъы зыхъукIэ, мырэущтэу къэпIон плъэкIыным пае: «Си КъэгъэнэжьакIу! Си Зиусхьан ыкIи си-Тхьэ!» ШIошъхъуныгъэ уиIэ хъуным къикIырэр, мэкъу гъугъэм фэдэу къин теплъагъозэ хэбзэ гъэуцугъэхэр бдырынхэр арэп, Исус Христос угукIэ пштэныр ары нахькIэ!

Зыгорэм мырэущтэу къысиIогъагъ: «СшIошъ згъэхъун слъэкIырэп, сыда пIомэ пасторхэр, пасторхэр...» – ыкIи мыщ дэжьым къыщежьэ. Сэ къаIоу зэхэсхыгъэ пасторхэм яхьылIэгъэ къэбар зэфэшъхьафхэр. Зыр бзылъфыгъэ шъхьэмылъытэжьхэм апылъыгъ. Адрэм имые ахъщэ IэкIэшхыхьагъ. ТыдэкIи пасторхэм зыгорэхэр къыщяхъулIэх. «Джащ къыхэкIэу ары сэ зыпари сшIошъ згъэхъун зыкIэсымылъэкIышъурэр!» Сэ зэхэсхыгъэм сыкъызэригъэукIытагъэм къыхэкIэу плъыжьы сыкъэхъу, сыда пIомэ сэ зысэшIэжьышъ ары. Симые ахъщэ сIэкIэшхыхьагъэп, ау цIыфхэм сэ сызыфэдэр ашIэщтыгъэмэ, ясIуатэхэрэр ащ фэдизэу ашIошъ хъуныгъэхэп. Адэ ащ ехьылIагъэу сыда къепIолIэн плъэкIыщтыр? Джы моу шъукъедэIу: Библием зы чIыпIэ горэми къыщиIорэп: «Шъуипастор къышъуиIорэр шъушIошъ жъугъэхъури, джащыгъум зыкъэжъугъэнэжьын шъулъэкIыщт!» Ау гъэнэфагъэу мырэущтэу къыщеIо: «Зиусхьан ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зигъаIи, ори уиунагъуи шъумыкIодэу Тхьэм шъукъыгъэнэжьыщт!» Шъыпкъэ, IэнатIэу агъэцакIэрэм зэкIэ пасторхэр тегъэпсыхьагъэхэу щыт сIон слъэкIыщтэп – ау пасторыр гъогу тамыгъэу Исус екIурэ гъогур къэзыгъэлъэгъорэм фэбгъэдэн плъэкIыщт. Тэры-

кIэ зэрар къытфэхъущтэп а гъогум тамыгъэр тIэкIу уфагъэми, укъощыгъэми, е ащ тетхагъэр ощхым тIэкIу тырилъэсыкIыгъэми. Анахь мэхьанэ зиIэр, тызыдэкIон фэе лъэныкъоу ащ къытигъэлъэгъурэр ары. Къащым тыраIулIэгъэгъэ Исусэу лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэм екIурэ гъогур тэрэзэу къэзымыгъэлъэгъорэ пасторым ыIорэм сэри седэIун слъэкIыныгъэп. Ау сызыдэкIон фэе лъэныкъор къэсэзыгъэлъэгъурэ гъогу тамыгъэм сыфэгубжын слъэкIынэп ныIа, сэ сызыпылъыщтыр гухэлъэу зыфэсшIыжьыгъэр къызэрэздэхъуныр ары. А гухэлъыр мары: «Исусэу ынэшIу къытщызыфэрэр къытфэкIо». Адэ ахърэт мафэр къэсымэ, Тхьэм ыпашъхьэ шъукъиуцонышъ, мырэущтэу ешъуIонэу шъуфая: «О Зиусхьан, сэ шIоу къысфэпшIагъэр сыгукIэ сштагъэп, сипсэкIодшIагъэхэр къызэрэсфэбгъэгъугъэм сыкъеуцолIагъэп, сыда пIомэ пасторым зи хъун хэтыгъэп!?» Арышъ, зэгорэм Тхьэм ыпашъхьэ шъукъиуцон шъугу хэлъа? Хьау, синыбджэгъухэр, шъыпкъэп ар, шъушIошъ жъугъэхъун шъумылъэкIэу зэрэшъуIорэр! Исус зэгорэм къыIогъагъ мэхьанэшхо зиIэ мы гущыIэхэр: «Тхьэр зыфаер зыгъэцэкIэнэу фаем гущыIэхэу сэ цIыфхэм язгъашIэхэрэр Тхьэм ыдэжь къыкIыхэми ышIэщт». Iофыр зыфэгъэхьыгъэр сищыIэныгъэкIэ зэхэсшIагъэр гъэцэкIэгъэным пэублэ фэсшIыным сыфаемэ е сыфэмыемэ ары. ЕтIанэ ащ нахь зэзгъэушъомбгъоу езгъэжьэщт.

## 3. ПшIошъ бгъэхъун умылъэкIымэ, сыда пшIэн фаер?

Ащ ехьылIагъэу сэ гущыIэ заулэкIэ джэуап къестымэ сшIоигъуагъ.

*а) Тхьэм елъэIу нэфынэ къыуитынэу!*
Ар о къыпкIэлъырыт. ЕIу Ащ мырэущтэу: «О Зиусхьан, шIошъхъуныгъэм сыфащ! Уинэфынэ сэгъэлъэгъу!» ЫкIи Ащ о укъызэхихыщт!

*б) Тхьэр ренэу къызэрэпкIыгъур пшIошъ гъэхъу!*
Исус ренэу тэ тигъус! ЗыщыкIым-сымым, мырэущтэу Ащ еIу: «Исус, сищыIэныгъэ о пфэзгъэлажьэмэ сшIоигъу». Джары сэ зэрэсшIыгъагъэр Тхьэр сшIошъ мыхъоу сыхэтызэ, Ащ ищынагъо зызэхэсэшIэм ыкIи ащ ыуж ары Исус ехьылIагъэу зызэхэсэхыгъэр.

*в) Библием едж!*

Мафэ къэс Исус уригъусэу сыхьат плIанэ гъакIо. Библием едж ыкIи Тхьэм къыуиIо шIоигъор къызэрэбгурыIоным пылъ. Угу етыгъэу едж! ЕтIанэ пIэхэр зэголъыхэу Тхьэм елъэIу: «Исус, О къыосIон сыгу хэлъыр бэ мэхъу. Сэ сищыIэныгъэ тэрэзэу згъэпсынэу кIочIэгъу сыфэхъурэп, IэпыIэгъу къысфэхъу!»

*г) ШIошъхъуныгъэ зиIэхэм ахахь!*

Ощ фэдэу христиан шъыпкъэхэу хъухэмэ зышIоигъо цIыфхэм ахахь, заIугъакI! Уизакъоу зыкъэмыгъан! Ошъогум екIурэ гъогум изакъоу зы нэбгырэ рыкIоу хъурэп! А гъогум тетэу рыкIорэ христианхэм ахахь.

# ЗЭПЫМЫОЖЬЭУ ТЫХЭУКЪОУ МЫСЭ ТЫХЪУМЭ, СЫДЭУЩТЭУ ТИЩЫПЭНЫГЪЭ ЗЫПКЪ ИДГЪЭУЦОН ТЛЪЭКІЫЩТА?

Ар тэрыкІэ мэхьанэшхо зиІэ Іофыгъоу щыт. Зытет шъыпкъэмкІэ, тэ зэпымыожьэу хэукъоныгъэхэр тэшІых, зыгорэхэмкІэ мысэ тэхъу зэпыт. Джащ къыхэкІэу лъэшэу сынасыпышІоу зысэлъытэжьы, цІыфхэр гъунэнчъэу насыпышІохэу ыкІи байхэу зышІыхэрэ тын лъапІэм, тын ин дэдэм ыкІи тын шІагъом ехьылІагъэу къэсІотэн зэрэслъэкІырэм пае. Ар дунаим тет сыд фэдэрэ хэгъэгу горэми къыщыпщэфын плъэкІыщтэп. Ары пакІошъ, миллиард пчъагъэ уиІэу, зэкІэ а ахъщэр Іанэм къытеплъхьан плъэкІыщтыми, ар пщэфыныр пкІуачІэ къыхьыщтэп. НэІосэныгъэ-блэгъэ ІофкІи ар къызыІэкІэбгъэхьан плъэкІыщтэп. Ор-орэуи ар пщэфын плъэкІынэу щытэп. Джырэ тилъэхъан ыуасэкІэ пщэфын умылъэкІырэр къызэрэзыІэкІагъахьэрэр нэІосэныгъэкІэ ары ныІэп. Ар тын фэдэу ары ныІэп къызэрэпІэкІэхьан плъэкІыщтыр. А пкъыгъо шІагъоу сэ сыкъызытегущыІэмэ сшІоигъом, пщэфыни, нэІосэныгъэкІэ къызыІэкІэбгъэхьани умылъэкІыщтым зэреджэхэрэр – Тхьэм уипсэкІодшІагъэхэр пфигъэгъужьынхэр ары.

СэшІэ сэ агу щыкІыгъэу джы дэдэм зэрегупшысэхэрэр: «Тхьэм типсэкІодшІагъэхэр тфигъэгъунэуи?» ЫкІи ащ лъыпытэу упчІэ къэуцу:

## 1. СищыкІагъа сэ ар?

Шъо шъуазыныкъом япсэкІодшІагъэхэр Тхьэм афигъэгъунхэр ямыщыкІагъэу къызэраІощтым сицыхьэ телъ. ЛІы ныбжьыкІэ горэм джырэблагъэ къызгуригъэІуагъ: «Рекламэм тифэныкъоныгъэхэм къазыкІагъэблырэ лъэхъан тэ тызыщыщыІэр. Тятэхэм ятэжъхэм зыпари ахашІыкІыщтыгъэп агъэунэшкІурэ хьэшъо такъырхэмрэ тутынхэмрэ. Тэ джы, зэпымыожьырэ рекламэу телевиденеимкІэ, радиомкІэ ыкІи афишэхэмкІэ къызэрэтаджэхэрэр тутын темышъоу тыщыІэн тымылъэкІыщт фэдэу ары. Ыпэ рапшІэу фэныкъоныгъэхэм акІагъэблышъ, етІанэ къытащэн алъэкІынэу амал яІэу мэхъу!»

Ащ пыдзагъэу а кІэлэ дэдэм къеІуатэ: «Джары чылысыми зэри-

шIырэр. Тхьэм япсэкIодшIагъэхэр афигъэгъугъэнхэу зэрящыкIагъэр ащ цIыфхэм агурегъаIо, етIанэ ар ежьым къызыфегъэфедэ. КъыбгурэIуа къасIорэр: тэ диным щыкIэныгъэ фытиIэп, ау шъо ащ тыщыкIэ фэдэу тшIошъ шъогъэхъу, нэужым «шъущэн шъулъэкIыным пае!» Ада ара зэрэщытыр? Джыдэдэм апэрэ цIыфэу урамым узыIукIэрэр къэбгъэуцумэ, епIозэ: «Уимафэ шIу! Сыда о пцIэр?» – «Зиусхьанэу Майер!» – «Зиусхьанэу Майер, уипсэкIодшIагъэхэр Тхьэм къыпфигъэгъунхэу уищыкIагъа?» Зиусхьанэу Майер мыщ фэдэ джэуап къытитыжьыщт: «Сыд делагъа къапIорэр? Сэ сищыкIагъэр сипсэкIодшIагъэхэр Тхьэм сфигъэгъунхэу арэп, маркэ 2000 нахькIэ!» Арыба ыкIи зэрэщытыр! Нэужым БиблиемкIэ джэуап ептыжьын плъэкIыным пае джыдэдэм цIыфыр зыфыщымыкIэу имыщыкIагъэм фэбгъэблын плъэкIына?

КъышъосIон фае ар гъощэгъэ Iофэу, щынэгъошхо зыхэлъ хэукъоныгъэу зэрэщытыр. Тхьэм типсэкIодшIагъэхэр тфигъэгъунхэм нахь тищыкIагъэ тэрыкIэ щыIэп! ЯпсэкIодшIагъэхэр Тхьэм афигъэгъун фаеу зимыщыкIагъэхэу егупшысэхэрэм, ашIэрэп Тхьэ шыихъыр зэрэщынагъор ыкIи Ар зэрэпхъашэр. Тхьэм шIу тызэрилъэгъурэм фэгъэхьыгъэу бэ къызэраIотагъэм ыпкъы къикIыкIэ, тэ тшIэжьыхэрэп Тхьэр щынэгъо дэдэу зэрэщытыр, Библием къызэригъэшъыпкъэжьэу! Джаущтэу сэ зы лъэхъанэ горэм псэкIодшIагъабэ зыщысиIэ щыIэныгъэм сыкъыщынэхъэжьи, зэкIэм къызгурыIуагъ Тхьэм сыщыщынэн зэрэфаер! Тхьэм ипсэкIодшIагъэхэр фигъэгъунхэр зимыщыкIагъэу къэзыIохэрэм, щыIэныгъэ зиIэ Тхьэу цIыфым ыпкъышъоли ыпси джэхьнэмым изыдзэнхэ зылъэкIыщтыр зыфэдэм зыпари хишIыкIырэп. Ары, зытет шъыпкъэмкIэ, укIодыпэн плъэкIыщт! Аущтэу къытэзыIорэр Исус ары, Ащ ыIорэр зыфэдэр ешIэ. Зэрэдунаеу Ащ ыIорэр ашIошъ мыхъоу аIомэ, зэрэдунаеуи кIодыщт! Тэ тымылъэгъоу щытыр Исус елъэгъу ыкIи ешIэ. Ащ тэ теубытагъэ хэлъэу къытеIо тыкIодын зэрэтлъэкIыщтыр! ЕтIани, арэу зэрэщытызи, тэ типсэкIодшIагъэхэр Тхьэм тфигъэгъунхэр тимыщыкIагъэу ыкIи тызыфэмыныкъохэм чылысым тафегъэблэу тэIошъ тыщыт. Акъылынчъагъ ар! Тхьэм типсэкIодшIагъэхэр тфигъэгъунхэм нахь тищыкIагъэ гори тэрыкIэ щыIэп!!!

Джыри зы къэбар къышъуфэсIотэн фае. Къэлэ шIагъоу Цюрих зэIукIэ горэ щысшIын фаеу хъугъагъэ. Бэ ащ цIыфэу къекIолIэгъагъэр. Бэмэ тIысыпIэхэр афикъугъэхэп ыкIи ахэр дэпкъым кIэлъырытынхэ фаеу хъугъагъэ. Ахэмэ ащыщэу лIитIу

сынаIэ атесыдзагъ, ахэр зэрэгъэчэфыхэу зыгорэхэр къызэфаIуатэщтыгъ. Мыщ щызэхахыщтыр зыфэдэр зэрагъэшIэнэу ахэр къызэракIуагъэхэр гъуащэщтыгъэп. ЛIитIумэ язы жэкIэ зэкIужь тетыгъ. Ащ гу зыкIылъыстагъэр, ащ фэдэ жакIэ сэ сиIэн зэрэсымылъэкIырэр ары. Лекциер зэресэгъажьэу ахэр къызэрэзэзгъэдэIущтым сегупшысэгъагъ. Лъэшэу яшъыпкъэу ежьхэри къысэдэIущтыгъэх. Ау мары апэрэу игугъу къэсшIыгъ япсэкIодшIагъэхэм афыкIэгъожьыгъэн зэрэфаем ыкIи ащ лъыпытэу жакIэ зытет лIым адрэ къыготым мэкIэ-макIэу зыгорэ риIуагъ щхыпцIызэ. Сэ зэхэсхыгъэп ащ игъусэм риIуагъэр, ау ынэгу къызэрэхъугъагъэмкIэ риIуагъэм имэхьанэ къызгурыIуагъ. Ащ исэмэркъэу гущыIэхэр марын фае зыфэдагъэхэр: «СисэкIодшIагъэхэр Тхьэм къысфигъэгъунхэуи? Пасторхэм яIорыжъорыныгъэ арыба ренэу къызэрэрагъажьэрэр! О си Тхьэ!» Мыщ дэжьым етIани ар егупшысагъэн фае: «Сэ сыбзэджашIэп ныIа! СипсэкIодшIагъэхэр Тхьэм сфигъэгъунхэу сищыкIэгъахэп!» – шъори джащ фэд шъуIорэр, арыба? «Сэ сыбзэджашIэп ныIа! СипсэкIодшIагъэхэр Тхьэм сфигъэгъунхэу сэ сищыкIагъэп!» – джарын фае а лIым къыIуагъэр. Мыщ дэжьым сэ сыкъэгубжыгъ. Тхьэм ыпашъхьэ ущыгубжы зэрэмыхъущтыр сэ сэшIэ. Ау ащ пае къэмынэу, сыкъызэкIэгубжыхьагъ. «Зы такъикъэ шъукъэдаIу!» – сIуагъэ. – КъэсIуатэрэр такъикъныкъокIэ сэ зэпызгъэущт, а уахътэм къыкIоцI шъостыщт упчIэм иджэуап шъор-шъорэу зэшъутыжьы: «ЕгъэшIэрэу шъуипсэкIодшIагъэхэр Тхьэм шъуфигъэгъунхэкIэ шъуимыщыкIагъэу гущыIэ къэшъота? ЗанкIэу ары – шъуфая, хьауми шъуфэмыя?» ЫкIи а гущыIэхэм ауж цIыфхэр зычIиз унэшхом зэкIэм кIым-сым къыщыхъугъ. ЖакIэ зытет лIыр кIыфы хъугъэ, ары пакIошъ, ащ дэпкъым зыригъэкIыгъ. А цIыф цIыкIур къызэрэщтагъэр! Мырэущтэу ащ къыIомэ шIоигъуагъэн фае: «Сэ сыбзэджашIэп ныIа! Ау Iофыр хьадэгъум фэгъэхьыгъэмэ, Iофыр арэущтэу къагъэуцумэ, ащыгъум сыдэу хъугъэми сэ сипсэкIодшIагъэхэр Тхьэм къысфигъэгъунхэр щызгъэзыехэныгъэп. Ащ сыфэмыеу сIон сыгу хэлъыхэп». Адэ шъори аущтэу къэшъоIуа? Хьауми шъуимыщыкIагъэу шъуIозэ щышъогъэзыя?

ЩыI гущыIэухыгъэ горэ, къэзгъэшIагъэм бэ дэдэрэ зэхэсхыгъэу, ар мыры: «Сэ сыцIыф заф, зыми сыщыщынэрэп!» Ау шъуегупшыс зэ, ар илъэс тIокIитIу мыхъугъэм къыIоу зэхэсхыгъэп. НыбжьыкIэм гъэнэфагъэу ешIэ ежьым ищыIэныгъэ мыхъун зекIуакIэу бэ дэдэ къызэрэхафэрэр. УкIытэ уимыIэжьэхэу ущы-

тын фае, ащ фэдэ пцIыр бгъэшъыпкъэ пшIоигъоу къэпIоным пае. «Сэ сцIыф заф ыкIи зыми сыщыщынэрэп!» – зыгорэм къыIуагъэу зэхэсхымэ, мырэущтэу ащ есэIожьы: «О илъэс 40-м уныбжь къехъужьыгъ, щыгъупшапхи ухъугъ, джары арэущтэу зыкIапIорэр. Шъхьас уимыIэу укIытэу пхэлъыгъэр бгъэкIодыгъапэ». Тэ тиукIытэ чIэтымынэгъапэу, джыри ар псэоу теIэфэ, гъэнэфагъэу къыдгурэIо типсэкIодшIагъэхэр Тхьэм тфигъэгъунхэм нахь тищыкIагъэ зэрэщымыIэр.

Илъэс заулэкIэ узэкIэIэбэжьмэ, Эссен концерт къыщитыгъагъ «джырэ лъэхъан» орэдыIоу Хейли Билл, нахь тэрэзэу къэпIон хъумэ, «хьашI-къошI» орэдыIо ныбжьыкIэ горэм. Арырэ ащ кIыгъухэмрэ ядэIунхэм пае залышхом кIэлэ ыкIи пшъэшъэ мин пчъагъэ къыщызэрэугъоигъагъ. Ау апэрэ орэд къэIоныр къызэрэрагъажьэу, едэIухэрэм тIэкIу-тIэкIузэ залыр зэхакъутэу рагъэжьагъ. Зэрарэу залым рахыгъэр маркэ мин 60-м хьазырэу фэдизыгъ. Нэужым полицейскэ ныбжьыкIэ горэм къысфиIотэжьыгъагъ: «Сэ апэ исхэм сащыщыгъ ыкIи пхъэнтIэкIоу сызытесыгъэр пытэу сIыгъыгъ сэри зэо-банэм сыхэмылэжьэным пае». ЯтIонэрэ мафэм урамым сырыкIозэ, а концертым щыIагъэкIэ узэрагъэнэгуеу кIэлищ саIукIагъ. Ахэмэ сакIэлъырыхьи: «Шъуимафэ шIух!

«Шъори тыгъоспчыхьэ Хейли Билл едэIугъэхэм шъуащыщкIэ нэкъокъогъу сафэхъунэу сыхьазыр!»

«Тэрэз, зиусхьанэу пасторыр, тахэтыгъ тэри ахэмэ! – «А, тызэнэIуас зэрэхъурэмкIэ, – ясэIо сэ ахэмэ, – сыдэу дэгъуа! КъысашъуIоба адэ концертыр зыщыкIощтыгъэ унэр аущтэу зыкIызэхэшъукъутагъэр? Сэ ащ фэдэ зекIуакIэр къызгурыIорэп». Мыщ фэдэ джэуап зэхэсэхы: « Е-ей, пастор Буш, зэкIэ ахэр къызыхэкIыгъэр тшIэщтыр тымышIэу тыгу зэрэкIодыгъэр ары!» – «Сыда пIуагъэр? « Шъугу зэрэкIодыгъэм паеуи? Сыдым ыпкъы къикIыкIэ?» – «Тэри тшIэрэп ар къызыпкъырыкIыгъэр», – къысатыжьыгъ ахэмэ джэуап.

Данием щыщ теолог ыкIи философ цIэрыIоу Киркегард ищыIэныгъэ фэгъэхьыгъэу къызэриIуатэщтыгъэмкIэ, кIэлэцIыкIузэ ар ятэ бэрэ игъусэу лъэсэу къызэдакIухьэщтыгъ. Зыгъорэ ятэ къызэтеуцоти, егупшысэзэ къыриIощтыгъ: «А сикIал, зыгорэм уигъэгумэкIырэм фэдэу лъэшэу учэфынчъ». Илъэс 40 хъугъэу пасторэу Iоф зысшIэрэм къыкIоцI цIыфыбэхэм саIукIэнэу хъугъэ джащ фэдэу чэфынчъэхэу, зыгорэм зэригъэгумэкIыхэрэр къахэщэу. Джы сэ сышъоупчIы: адэ щыIэныгъэм а къыхэфэрэ нэшанэр –

шъугукIэ ыкIи шъушъхьэкIэ гукIодыгъо чIыпIэ шъуитэу, шъунэшхъэеу, шъучэфынчъэу – къышъокIугъэба? ЩысэкIэ къышъозгъэлъэгъущт арэущтэу хъунэу къызыхэкIырэр. Рур иIэгъо-блэгъухэм адэжь Iут шахтым сехэу бэрэ къыхэкIыгъ. ГъэшIэгъоны ар уушэтынкIэ. Ащ фэгъэшIыгъэ щыгъынхэр, танджыр зыщыолъэх ыкIи чIычIэгъым ехырэ клетым уитэу чIыгум икуупIэм уехы, гущыIэм пае, яенэрэ шъолъырым нэс, ащ нахь куункIи мэхъу. Ау ащ нахь куоу ехыхэрэп, сыда пIомэ ащ ублэкIымэ – «темэн». ЧIычIэгъ псыхэр шахтычIэм щызэхэлъэдэжьых ыкIи шахтерхэр ащ зэреджэхэрэр «темэн». Эссен сызыщыдэсыгъэ лъэхъанэм мыщ фэдэ хъугъэ-шIагъэ шахтым къыщяхъулIэгъагъ: гъучIыч гъумэу клетым пышIагъагъэр зэпыути, клетыр «темэным» хэфэгъагъ. ТхьамыкIэгъошхуагъ ар!

Сэ зэзгъапшэхэмэ сшIоигъуагъ – шахтым чIэт «темэныр» ыкIи цIыфхэр... Тэ зэкIэми тэшIэ тищыIэныгъэ шэпхъэ заулэ зэрэщагъэфедэрэр. ГущыIэм пае, учэфэу ашIобгъэшIын плъэкIыщт о, ау а охътэ дэдэм угу изытет фэшъхьаф шъыпкъэу щыт. Е ущхыпцIэу зыкъябгъэлъэгъун плъэкIыщт ыкIи а уахътэ дэдэм зытет шъыпкъэмкIэ лъэшэу угукIэ учэфынчъэщт. Мырэущтэуи къызэбгъэплъынхэ плъэкIыщт – щыIэныгъэм о зэкIэри псынкIэу къыщыпщэхъух, ау угукIэ пшIэщтыр ащыщэу умышIэжьэу, угу кIодыгъэу ухэт. Ащ къытегущыIэх Iазэхэр, философхэр, психиатрэхэр. Психиатрэ горэм къысиIуагъ: «НыбжьыкIэ пчъагъэу садэжь къычIахьэрэр зыфэдизыр орэшIэри бгъэшIэгъон!» АшIогъэшIэгъонкIэ арэп нахьыбэрэм: гукIодыгъэмрэ щынагъомрэ къыздэкIыхэрэр ыкIи хэкIыпIэ закъоу алъэгъурэр ешъоныр ары. Адэ ащ нахьи нахьышIуба шъыпкъэм ынэхэм занкIэу уакIаплъэмэ?!»

ЦIыфым ыгу куу шъыпкъэу лъапсэ щидзыгъэу гукIодыгъор илъэу зэраIорэр мы лIэшIэгъум къыхагъэщыгъэ фэдэу ары къызэрашIошIырэр. ГъэшIэгъон дэдэр илъэс 3000-кIэ узэкIэIэбэжьмэ Библием ар нафэ зэрэщишIырэр ары. «ЦIыфым ыгу тхьагъэпцI... гъунэнчъэу пцIапIэ,» – итхагъ ащ. Джащ фэдэуи Библием итхагъ ар къызыхэкIырэри. Ар къызыпкъырыкIырэ Iофыгъо заулэми ацIэ къыреIо: апэрэ псэкIодым къыщегъэжьагъэу Тхьэм тызэрэпэчыжьэр ары, сыда пIомэ ащ къыщегъэжьагъэу щыIэныгъэ зиIэ Тхьэр тэ тищыIэныгъэкIэ тищыкIэгъэ шъыпкъэу щытыр тыгукIэ тымыштэу тэпсэу! Сыда зыпIокIэ, зытет шъыпкъэмкIэ, щыIэныгъэ къызбгъодэкIырэ Тхьэм тищыIэныгъэ хьыкумэу къыттырищIыхьащтым тэ тыщэщынэ. Анахьэу лъэшэу тыгу зыгъэкIодырэр

типсэкIодэу тшIагъэхэр, Тхьэм ыпашъхьэкIэ тыпсэкIодышIэ цIыфэу тызэрэщытыр ары! Ар тищыIэныгъэкIэ анахь Iофыгъощхоу тиI, тэр-тэрэу ащ кIочIэгъу тыфэхъун тлъэкIынэу щытэп! Ар зэхэтэшIэ! Джащ къыхэкIыкIэ гукIодыгъэм тызэлъиштагъ.

ТищыкIагъа тэ типсэкIодшIагъэхэр Тхьэм тфигъэгъунхэу? ТищыкIэгъэ шъыпкъ! ТипсэкIодшIагъэхэр Тхьэм тфигъэгъунхэм нахь тищыкIэгъэ шъыпкъэ тэрыкIэ зыпари щыIэп!

Сыда зылIэужыгъор псэкIодшIагъэр? ПсэкIодшIагъэр сыд фэдэрэ шIыкIэкIи Тхьэм ыIорэр умыгъэцэкIэныр, Ащ угокIыныр ары! Ары пакIошъ, псэкIодшIагъэхэр зэрэтиIэхэу дунаим тыкъытехьэ. Щысэ къышъуфэзгъэлъэгъонэу фит сыкъэшъушI. Заом илъэхъан Англием къыщыхъугъэ кIэлэцIыкIум, шъыпкъэр пIощтмэ, джэгъогъу ыгукIэ къытфыриIэу щытэп, ау ар зыщыщыр типыеу щыт цIыф купыр, хэгъэгур ары. Джащ фэдэу тэри тигъэпсыкIэкIэ Тхьэм иджэгъогъоу щыт цIыф купым тыкъыхэхъухьагъ. Мыхъун зекIуакIэхэу къытхафэхэрэмкIэ тэ мафэ къэс Тхьэм нахь пэчыжьэ тэхъу, тазыфагу дэпкъ дэтэгъэуцо. А зэпэIапчъэ тызышIырэ дэпкъыр зыхэшIыкIыгъэ хъурэр Тхьэм иунашъохэм апэшIуекIорэ бзэджэшIагъэу зетхьэхэрэр ары. Арышъ, псэкIодшIагъэр щыбгъэзыен умылъэкIынэу къытэхъулIэрэ щынэгъошхо зыхэлъ хъугъэшIагъэу щыт.

Щыбгъэзыен умылъэкIынэу псэкIодшIагъэр тищыIэныгъэ къызэрэхафэрэр гъэнэфагъэу зэрэщытыр ыкIи сыд фэдэрэ псэкIодшIагъи бгъэкIодын зэрэмылъэкIыщтыр джы къышъуфэсIотэн фае. Сэ ты шIагъо сиIагъ, арырэ сэрырэ зэфыщытыкIэ дэгъу дэдагъэх тазыфагу илъыгъэхэр. Тиунэ къыпыт пышIыкIым ушэтынхэм защыфэзгъэхьазырзэ, зэкIэм сэ къызэрэсэджагъэхэр зэхэсхыгъэ. «Вильгельм!» – ар сэры зыцIэр. Сэ сшъхьэ шъхьаныгъупчъэм къисщэий, сятэу къысаджэрэм сыкъеупчIыгъ:

«Сыда къэхъугъэр? Зыгорэ мэста?» Ежьым джэуап къысетыжьы: «Сэ къалэм сыкIон фае. Уфэена гъусэ укъысфэхъунэу? ТынэбгыритIу зыхъукIэ, сыдэу Iо фаеми, нахь чэфыгъоу мэхъу!» «Ей, тят, – сыкъэкуо сэ шъхьангъупчъэм сыIутэу, – сишIэныгъэхэм яушэтынхэу зызфэзгъэхьазырыхэрэмкIэ Iофышху сызыпылъыр, ар зэпысимыгъэумэ лъэшэу сшIоигъуагъ». «Ащыгъум сэ сизакъоу сыкIон,» – ыIуагъ ащ. ЕтIанэ ащ ыуж мэфэ пшIыкIуплI нахь темышIэу сятэ лIагъэ. ТилъэпкъыкIэ мыщ фэдэ хэбзэ гъэуцугъэ тиIагъ: лIагъэм ихьадэ зыдэлъ пхъэмбаир унэм рагъэуцошъ, ыкъохэр чэзыу-чэзыоу ащ пэсых.

Чэщ рэхьат. ЗэкIэри мэчъыех, сэ сизакъоу пхъэмбаим сыкIэлъырысэу сыщыс ыкIи мыщ дэжьым сыгу къэкIыжьы мэфэ пшIыкIуплIыкIэ узэкIэIэбэжьмэ къалэм сыдэкIонэу сятэ къызэрэсэлъэIугъагъэр. Сэ ащ сыдэкIогъагъэп! Сэ ащ ынэгу сыкIаплъэ ыкIи есэIо: «Ей, тят, джыри зэ къысэлъэIури, о уфаемэ, усигъусэу километришъэ лъэсэу къыбдэскIун сыкъыбдежьэнышъ!» Ау ащ ыупшIэхэр пытэу зэрэзэтекъузагъэхэу къэнагъэх. Джащыгъум къызгурыIуагъ: сята шIу зэрэслъэгъурэр езгъэлъэгъугъэп ыкIи а псэкIодыр егъашIэми згъэтэрэзыжьын слъэкIырэп.

Сыдэущтэу шъо къышъушIошIыра – сыд фэдиза тэ тищыIэныгъэ мыхъун зекIуакIэу къыщытхафэрэр, сыд фэдиза блэттIупщырэр? Ахэмэ афэдэ зекIуакIэхэмрэ мыхъо-мышIэхэмрэ тэ зэпымыоу мафэ къэс тIэкIашIэхэмэ, сыдэущтэу тэ щыIэныгъэм къыщытфыкъокIырэ къиныгъохэм тапэуцужьын тлъэкIыщта? ТипсэкIодшIагъэхэр Тхьэм къытфимыгъэгъухэу, зытет шъыпкъэмкIэ, тэ тищыIэныгъэ зэпыдгъэфэн тлъэкIыщтэп!

Адэ хьадэгъум Iофыр фэгъэхьыгъэ зыхъукIэ, сыда тшIэщтыр? ЗэкIэ псэкIодшIагъэхэу шъуиIэхэр зыдэшъуIыгъхэу мыкIодыжьын щыIэныгъэм шъухэхьан шъугу хэлъа? Ар зыфэдэ хъущтыр сэ бэрэ къызышIосэгъэшIы. Сэри макIэ-макIэу сэри ащ нахь пэблагъэ сэхъу. ШIу плъэгъурэ Iэр джыри тIэкIурэ пIыгъынкIи мэхъу, ау бэ темышIэу ари къэптIупщын фаеу хъущт. КъышъуасIорэр шъушIошъ жъугъэхъу: шъори зэгорэм шIокI имыIэу Ащ ыпашъхьэ шъукъиуцощт! ЗэкIэ шъуихэукъоныгъэхэри, шъуIэкIэкIыгъэхэри шъуигъусэхэу Тхьэ псэум ыпашъхьэ шъукъиуцощт! ЗэкIэ мыхъун зекIуакIэу зешъухьагъэхэри, псэкIодшIагъэхэу шъуиIэхэри шъо къызыдэшъуштагъэхэу къызычIэкIыкIэ, сыдэу ар тхьамыкIэгъошхо къышъущыхъущта!

ТищыкIагъа тэ типсэкIодшIагъэхэр Тхьэм тфигъэгъунхэу? Ар тэ тищыкIэгъэ шъыпкъ, сыдрэми фэмыдэу псэкIодшIагъэхэр Тхьэм къытфигъэгъунхэу хьалыгъум нахьи нахь тищыкIагъ.

## 2. Тыда псэкIодшIагъэхэр зыщытфагъэгъущтыр?

БлэкIыгъэ уахътэр зыщыбгъэгъупшэн плъэкIыщта? ПлъэкIыщтмэ, сыдэущтэу ар къыздэбгъэхъун плъэкIыщта?

Сятэ ехьылIэгъэ къэбарыр джыдэдэм къышъуфэсIотагъ. Лажьэу сэ къыстефагъэр егъашIэми спщыныжьын слъэкIыщтэп.

КъасIорэр къыжъугурэIуа? Зытет шъыпкъэмкIэ, тизекIокIэ пхэнджхэр дгъэтэрэзыжьынхэ тлъэкIырэп. Тхьэм ыпашъхьэ мыхъунэу щызетхьэрэ пстэуми ахэмкIэ пщыныжьэу тхьын фаер къакIэлъэкIо. Иудэ зыцIэ лIым зэгорэм къумалыгъэ дызэрихьи, и Къэгъэнэжьак Io зыукIыщтхэм тыжьын ахъщэ щэкIкIэ аригъэубытыгъ. Ащ ыуж бэ темышIэу ащ къыгурыIуагъ мыхъунышхо зэришIагъэр. Арыти, а къумалыгъэр езыгъэшIагъэхэм адэжь ар макIошъ, ахъщэр аретыжьышъ, мырэущтэу ареIо: «Сэ бзэджэшIагъэ зесхьагъ. Шъуштэжь шъуиахъщэ! Сэ а мыхъунэу сшIагъэр згъэтэрэзыжьы сшIоигъу!» Адрэхэм аплIэIухэр зэфащэхэзэ, къыраIо: «Сыда тэ ащ тиIофэу хэлъыр? Ор-орэу еплъ!» Узыфаем еупчI фаеми, джары къыуиIощтыр: «Ор-орэу еплъ!» Арэу щытыми, ахэмэ афэдэ мыхъун зекIуакIэхэр зэрэбгъэкIодыжьынхэ шIыкIэхэр щыIэхэуи? Ар сыдэущтэу хъун ылъэкIыра? Сыдэущтэу псэкIодшIагъэхэр къыпфагъэгъунхэу?

Синыбджэгъухэр, шIошъхъуныгъэ зиIэ лIыхэм а упчIэм иджэуап зэдырагъаштэзэ библием къыщатыжьы: Пэсэрэ Зэзэгъыныгъэм /Ветхий Завет/ къыщегъэжьагъэу КъэбарышIум /Новый завет/ къынэсыжьэу Библием иорэд шъхьаIэу щытыр зы: Тхьэм псэкIодшIагъэхэр къытфегъэгъух!

Тыдэрэ чIыпIа ар зыщыхъурэр? Мыдэ гъусэ зыкъысфэшIыри, Ерусалим икъэлапчъэхэм тадэгъэкIыри, Голгофэ Iуашъхьэм тыдэгъэкIуай. Ащ къыщызэрэугъоигъэ цIыфхэми, джабгъумкIэ ыкIи сэмэгумкIэ щыпылъэгъэ бзэджашIэхэми, Рим щыщ дзэкIолIхэми тэ тяплъыщтэп, а бзэджашIэхэм азыфагукIэ щыпалъэгъэ цIыфыр ары ныIэп тынаIэ зытедгъэтыщтыр. Хэта а цIыфыр? Тэщ фэдэ цIыфэп Ар. Зэгорэм, цIыфыбэхэм ахэтэу, Ащ мырэущтэу къыIогъагъ: «Хэта Сэ псэкIодшIагъэ горэмкIэ сызыгъэмысэн зылъэкIыщтыр?» Хэти зы псэкIодшIагъэ горэм ыцIэ къыриIон ылъэкIыгъэп. Тащыщ горэми ащкIэ упчIэ къытынэу тегушхухьан ылъэкIыныгъэп. Ащ нэужым бзэджэшIагъэ зэрихьагъэкIэ Ар агъэмысагъ ыкIи ащ Рим ихьыкумышIэхэри джурт хьыкумышIэхэри ащкIэ Ащ еупчIыгъэх, ау Ащ мымысэу алъытагъ. Ар тэ тащыщ зы нэбгырэу щытэп. Ащ псэкIодшIагъэ иIэпышъ, фэбгъэгъун ищыкIагъэп. ЕтIани ащ фэдэр ара къащым щыпалъэрэр?! Хэта а цIыфыр?! ЦIыфхэр зыщыпсэухэрэ дунаир арэп Ар къызыдикIыгъэр, щыIэныгъэмкIэ фэшъхьаф шапхъэхэр зыщагъэфедэрэ чIыпIэм, Тхьэм идунай ары нахь. Сэ къышъуфэсIуатэрэр зэхьылIагъэр Исус, Тхьэм ЫкIъу ары. ЕтIани Ар къащым щыпы-

лъагъ, ара? Сыдым пае? Сыд илажьэкIэ агъэмысагъа? Синыбджэгъухэр, Тхьэр зафэу щыт: Ащ ыгъэпщынэн фае псэкIодшIагъэ зиIэр. Джащыгъум Ащ зэкIэ тэ типсэкIодшIагъэхэр Ежьым ЫкIъо ыпшъэ рилъхьагъэх ыкIи тэщ пае Исус Ащ егъэпщынэ! Тидунае зэкIэ псэкIодшIагъэу иIагъэхэр Ащ тыралъхьэгъагъэх! Ар къэбарышхоу Библием тэ къытигъэIугъэр ары: Тхьэм ихьыкум Исус тыришIыхьагъ, тыкъызэригъэшIужьыным пае. Джары Тхьэм типсэкIодхэр къызэрытфигъэгъухэрэр.

Тыда сэ сипсэкIодшIагъэхэр Тхьэм зыщысфигъэгъухэрэр? Тыда Тхьэм сыщешIужьыжьыщтыр? Исус икъащ ыдэжь ары! «Исус Христос, Тхьэм ЫкIъо лъэу къыкIэчъырэм тэ сыд фэдэрэ псэкIодшIагъи ттыреукъэбзыкIы». Тэ ар зэрифэшъуашэу къызыгурыдгъэIогъагъэемэ!

Американскэ дин пащэу Виллиам Л.Гулль тхылъ гъэшIэгъон къыхаригъэутыгъ. Нэбгырэ миллион пчъагъэ аригъэукIыгъэкIэ агъэмысэщтыгъэ Адольф Эйхман хьапсэм чIадзагъэу чIэсызэ, ащ ыдэжь гъогогъу пшIыкIущэ чIэхьагъ ар. Охътабэ зыкъудыигъэ зэдэгущыIэгъухэр ащ дыриIагъэх, ащ иаужырэ гущыIэхэр зэхихыгъэх, палъэ зэхъум ыкIи ащ ихьадэ истафэ Хышхом хатэкъожьы зэхъуми щыIагъ. Эйхман дыриIэгъэ зэдэгущыIэгъухэр пасторым тхылъ шъхьафэу къыдигъэкIыгъ ыкIи ащ шъхьэу фишIыгъ: «Зы нэбгырэм ыпсэ пае бэнэныгъ». УблапIэм дэжь къыщетхы щынагъо къызпкъырыкIырэ псэкIодышIэ цIыфыр къэнэжьы лъэшэу зэрэшIоигъуагъэр джэхьнэмым имыфэным пае. УзыгъэкIэзэзэу гъэшIэгъонэу щытыгъэр а цIыфэу нэбгырэ миллион пчъагъэ языгъэукIыгъэм, дунаим тхьэмыкIэгъуабэ къыфэзыхьыгъэм аужырэ сыхьатым нэсыфэ мырэущтэу зэриIощтыгъэр ары: «Сэщ пае зыгорэ лIэнэу сэ сищыкIагъэп.

СипсэкIодшIагъэхэр Тхьэм сфигъэгъунхэуи сищыкIагъэп. ПIопэн хъумэ, ар сэ сыфэяхэп».

Адэ Эйхман ыуж шъурыкIонэу ыкIи арэущтэу шъулIэнэу шъуфая? Арэущтэу хъунэу шъуфэмыемэ, ащыгъум зэкIэ шъугу къыжъудеIэу Исус, Тхьэм ЫкIъо зыфэжъугъаз, Ары ныIэп псэкIодшIагъэхэр афэзыгъэгъунхэ зылъэкIыщтыр, сыда пIомэ ахэмэ апае Ар лIэгъагъэ, ахэмэ апае Ащ пшъэдэкIыжь ыхьыгъ!

Дин пащэ Гулль Эйхман дэгущыIэ зэхъум, Исус ылъкIэ зиухыижьынэу игъоу филъэгъункIэ фэягъэп, ар ифэмышъуашэу ылъытэзэ. Мощ фэдэ цIыф жъалымэм ахърэт дунаим зыкъыщигъэнэжьын ылъэкIына? Ары ылъэкIыщт! ЫлъэкIыщт! «Исус Христос,

Тхьэм Ыкъо ылъ тэ сыд фэдэрэ псэкIодшIагъи ттыреукъэбзыкIы». Ау ащ ыпэкIэ сипсэкIодшIагъэхэм сэ сяуцолIэжьын фае, зэкIэ ахэр Ащ къыфэсIотэнхэ, етIанэ, къащым сеплъызэ, сыгукIэ сштэн фае мы гущыIэхэм къарыкIырэ мэхьаныр: «Исус ылъ къащым /Ащ ынатIэ, ынэкIушъохэм къячъэхыщтыгъ, /сэ псэкIодшIагъэхэр гъунэнчъэу бэу сиIагъэх, /ау ащ ылъ сигъэкъэбзагъ».

Къащым тыраIулIэгъэгъэ Зиусхьанэу Исус псэкIодшIагъэхэр зэрафигъэгъугъэхэ шIыкIэр зэхэтигъэшIыкIызэ, щысабэхэр Библием къыщеIуатэ. Исус пхъэмбаим къыдэнэгъагъэп ныIа, ящэнэрэ мафэм лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъагъ нахькIэ, шъори шъошIэкIэ енэгуягъо Ар псэоу зэрэщыIэр.

ГущыIэм пае, Библием къыщеIуатэ шэсым икъэбар. СичIыфэхэр зэрэстыжьынхэ амал симыIэ зыхъукIэ, сэ сыкъиухъумэнэу сишэсы къэуцу. Ау сыдэу хъугъэми а чIыфэр тыжьыгъэн фаеу щыт. ЩыIэныгъэм джары ренэу зэрэщыхъу хабзэр – зыгорэм ичIыфэ ытыжьын фаеу зыхъукIэ. ТищыIэныгъэ мыхъун зекIуакIэ горэ къыщытхафэ къэс Тхьэм ыпашъхьэкIэ пшъэдэкIыжь щытиIэу мэхъу. Библием мырэущтэу къыщеIо: «ПсэкIодым къыхэкIырэр лIэныгъэр ары». ПшъэдэкIыжьэу къыттефагъэр тищыIэныгъэкIэ ттыжьын фаеу Тхьэм пшъэрылъ пхъашэ къытфегъэуцу. Ау мары Исус тэ къытфехыгъ ыкIи тыщыIэным пае, типсэкIодшIагъэхэр къытфигъэгъунхэм фэшI Ащ ищыIэныгъэ ытыгъ. Ар джарэущтэу Тхьэм ыпашъхьэ тэ тишэсэу тичIыфэ ытыжьынэу иуцуагъ. Арышъ, псэкIодшIагъэ уиIэмэ, е о пшъхьэкIэ ар джэхьнэмымкIэ пщыныжь е Исус ыдэжь окIошъ, Ащ мыщ фэдэ гущыIэхэмкIэ уелъэIу: «Зиусхьанэу Исус, сэщ пае О уищыIэныгъэу птыгъэр къызыгурызгъаIомэ сшIоигъу!» Эрнст Готлиб Вольтерсдорф тхьэорэд горэм мырэущтэу щеуцолIэжьы: «Сэ сицыхьэ пытэ телъ, /шэсы къызэрэкIуагъэм/, Ащ Ежьым ищыIэныгъэкIэ /симыхъун зекIуакIэхэр зэкIэ сфипщыныжьыгъэх/, ахэмэ ащыщ гори сэ къыстенэжьыгъэп».

Библием джащ фэдэу нэрылъэгъоу къыщеIуатэ цIыфыр шъхьафит ашIэу, зэращэфыжьырэ шIыкIэр. ПщылIхэмкIэ сатыу зышIырэ горэм лIы горэ гъэрэу IэкIэфагъ. А гъэрым ежьым ышъхьэкIэ зищэфыжьын ылъэкIынэу амал иIагъэп. Ау мары лъэкI зиIэ зиусхьан хьалэл горэ къыIохьэ ыкIи а пщылIыр елъэгъу; лъэшэу ащ ыгу егъугъ ыкIи ар зыIэ илъым еупчIы: «Сыд фэдиза мыщ ыуасэ? Сэ ар сэщэфы!» Адэ сыд фэдэ уахътэм щегъэжьагъэу ара пщылIыр шъхьафит зыхъурэр? А такъикъэу

аужырэ чапычыр зылъатыгъэм къыщегъэжьагъэу ары. Исус ощ пае Голгофэ Iуашъхьэм аужырэ чапычыр щыпфитыгъ! Джы, ар къызбгурыIогъэ уахътэм къыщегъэжьагъэу, мырэущтэу пIон плъэкIыщт: «Зиусхьанэу Исус, сипсэкIодшIагъэхэр зэкIэ О уапашъхьэ къисэлъхьэх ыкIи сицыхьэ телъ ахэр О зэрэбгъэкIодыщтхэм!» Исус ахэр пфипщыныжьыщтых! Ащ псэкIодшIагъэм ипщылIыпIэ укъырехыжьы!

ЗэкIэлъыкIоу Библием щысакIэхэр къыщеIуатэх. ГущыIэм пае, зэрэзэшIужьхэрэ шIыкIэм фэгъэхьыгъэ щысэхэр къыщехьых. Тхьэр зымышIэрэ цIыф мыгъэсагъэхэми къагурэIо агукIэ Тхьэм ешIужьынхэ фаеу зэрящыкIагъэр. Джащ къыхэкIыкIэ дин лъэпкъ пстэуми дин IофышIэ пчъэгъабэхэу Тхьэм егъэшIужьыгъэнхэм пае къурмэн зышIыхэрэр яIэх. Ау зэшIужьынхэмкIэ Тхьэм ыштэрэ закъор зы къурмэн лъэпкъ ныIэп: «Мары Тхьэм икъурмэныпхъэ шъынэу зэкIэ дунаим ицIыфхэм япсэкIодхэр атезыхыжьырэр!» Дин IофшIабэхэм къурмэныпхъэ зэфэшъхьафхэр ашIыщтыгъэх. Исус – Ежьым ышъхьэкIэ дин пащэу Тхьэм цIыфхэр езыгъэшIужьыхэрэр ары! Ежьыр ары къурмэныпхъэу Тхьэм тезыгъэшIужьырэр! Альберт Кнапп зы тхьэорэд горэм мырэущтэу къыщеIо: «ГъэшIэным сынэгу кIэтэу слъэгъущт /Ар кIыфэу, ынэгу лъыр къечъэхэу /ыIэхэу пхъэм гъучIыIунэхэмкIэ теIулIагъэхэр /Къурмэныпхъэ хьалэлэу къащым пылъагъэу.../сэ сицыхьэ телъ, – сэщ паий Ар зыкIыпалъагъэр/ СиIоф ухыгъэ, – ыIуагъ Ащ, къащым пылъагъэу...»

Ащ фэшъхьафэу Библием щысэ къыщехьы гум игъэкъэбзэжьыным ехьылIагъэу. Зы чыристаным адырэм мырэущтэу фетхы: «Ащ тэ шIу тилъэгъу, лъэу къыщым щыкIэкIыгъэмкIэ типсэкIодшIагъэхэм ялъэкIыныгъэ тыкъыIэкIихыжьыгъ». Шъо шъошIэн фае кIалэу кIодыгъэм ехьылIэгъэ гъэсэпэ тхыдэр. Ар къохэм адыщыIэн фэягъ. Бэмэ ащ фэдэ хъугъэ-шIагъэхэр щыIэныгъэм къыщяхъулIэгъагъ. Ахэмэ афэдэхэм, шъыпкъэмкIэ, угу ябгъэгъу хъущт. Ау мары кIодыгъэ кIэлэ мыдаIом ышIагъэр зэрэмытэрэзыр къыгурыIуагъ ыкIи ятэу IаплIыкIэ къыпэгъокIыгъэм ыдэжь къэкIожьыгъ. Зифапэу, щыгъыныкIэхэр, цокъакIэхэр ыщэфыхэу ар фежьагъэп, – зытетым тетэу ядэжь къыгъэзэжьыгъ. ЕтIанэ ятэ ар ыукъэбзыжьи, щыгъыныкIэхэр щаригъэлъагъэх. ЦIыфыбэхэм зэралъытэрэмкIэ ыпэ рапшIэ ахэр цIыфышIухэу хъунхэ фае, джащыгъум ахэр чыристанхэу хъунхэ алъэкIыщтэу ары. Ар хэукъоныгъэшхоу щыт. Тэ тызытетым тытетэу,

тышIоеу ыкIи тызэхэцIэлагъэу ары Исус ыдэжь тызэрэкIон фаер. Ей, сыд фэдизэу тищыIэныгъэ зэхэуцIэпIагъэ ыкIи ушIоигъэ! Шъузэрэщытым фэдэу Исус ыдэжь шъукIу. Ащ шъо шъукъиукъэбзыщт! Ащ зэкIэри къыгъэкIэжьыщт! «Исус Христос, Тхьэм Ыкъо ылъ тэ сыд фэдэрэ псэкIодшIагъэхэри ттыреукъэбзыкIыжьых». Ар къеушыхьаты апостолэу Иуан. Тэри ар къэтыушыхьатын тлъэкIыщт!

А IофымкIэ Библием къыщиIотэрэ щысэ пстэухэр зэкIэ джы къышъуфэсIотэнхэ слъэкIыщтэп. Ау сэ къысшIошIы шъори Библием шъуеджэу ежъугъэжьэнэу ыкIи ащ ишIуагъэкIэ псэкIодшIагъэхэр Тхьэм зэрафигъэгъухэрэм фэгъэхьыгъэ къэбар шIагъом нахь куоу нэIуасэ зыфэшъушIын шъулъэкIыщт.

Мыхъун зекIуакIэхэр ренэу тIэкIашIэхэмэ, сыдэущтэу тищыIэныгъэ дгъэпсын? Тэр-тэрэу ащ кIочIэгъу тыфэхъушъущтэп. КIочIэгъу тыфэхъун зытлъэкIыщтыр Исус ыдэжь тыкIоу, типсэкIодшIагъэхэр къытфигъэгъунхэу Ащ тызелъэIурэр ары ныIэп. Джащыгъур ары ныIэп тыгукIэ тызэрэщынэрэр ыкIи тыгу зэрэкIодыгъэр щыдгъэзыенхэ зытлъэкIыщтыр. УищыIэныгъэ Исус фэбгъэшъошэныр – Iоф нэгъуаджэу ыкIи щынэгъошхоу щытэп, ар зыфэдэр къэхалъэм ишIункI ухэкIынышъ, гъэтхэ тыгъэ нэфым фэдэу Тхьэм къытырэ щыIэкIэшIум уфэкIоныр ары нахькIэ. Сыгу къыздеIэу сшIоигъуагъ шъо ар къыжъудэхъунэу.

Аужыпкъэм зэфэтэхьысыжьы: тищыкIагъа тэ типсэкIодшIагъэхэр Тхьэм тфигъэгъунхэу? Ары, тищыкIэгъэ шъыпкъ! Адэ тыда ар зыщыхъущтыр? Исус, къащым тыраIулIэгъэгъэ ыкIи лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэ КъэгъэнэжьакIом ыдэжь ары!

## 3. Сыдэущтэу ар къыздэзгъэхъун слъэкIыщта?

Джы зыгорэ мырэущтэу егупшысэнкIи мэхъу: «Ар дэгъу дэдэба! Ар шIагъоба – Тхьэм уипсэкIодшIагъэхэр пфигъэгъунхэр! Ау сыдэущтэу ар къыздэзгъэхъун слъэкIыщта? Ащ ехьылIагъэу гъэзетхэм къатхырэп, тхылъхэм къащаIуатэрэп ыкIи фильмэхэм къащагъэлъагъорэп. Адэ сыдэущтэу ар къыздэзгъэхъун слъэкIыщта?» Ары, сыдэущтэу ар къыздэзгъэхъун слъэкIыщта?

МыщкIэ хэти IэпыIэгъу къыпфэхъун ылъэкIыщтэп. Сэ сишIошIыкIэ, зэкIэми анахьышIур непэ шъыпкъэм о уизакъо зыпшIэу Исус зыфэбгъазэу уелъэIумэ ары. Ар лIагъэхэм къахэтэджыкIы-

жьыгъи! Ар псэуи! Исус зышIошъ хъугъэ цIыфхэм яхьылIагъэу Библием мары къызэрэщиIуатэрэр: «Хэти къыдэIэпыIэнэу Ежьым елъэIурэр..» Джыдэдэм Iофым шъуфежь, Ащ зыфэжъугъазэри шъуелъэIу!

ГущыIэу «елъэIуным» имэхьанэ зыфэдэр шъошIа? Ар Исус занкIэу шъудэпсэлъэныр ары! А шIыкIэр бэ шIагъэ шъо къызызыфэшъумыгъэфедагъэр. Шъо занкIэу шъушъхьэкIэ Исус шъудэгущыIэн шъулъэкIынэу амал шъуиI, ау шъо егъашIэми зэгорэм шъушъхьэкIэ Ащ шъудэмыгущыIэгъэнкIи мэхъу! Лъэшэу ар гухэкI! Зыфэжъугъаз шъушъхьэкIэ Ащ шъудэгущыIэнэу! Шъо Ащ ешъуIощт гущыIэхэм бэрэ шъуягупшысэнэу ищыкIагъэп, ау мыщ фэдэ гущыIэ къызэрыкIохэр къызэрэшъуIохэу: «Зиусхьанэу Исус!» – ыкIи Ар ащ лъыпытэу шъукъызэхихыгъэу зыкъышъуфигъэзагъэшъ гъэнэфагъэ. Ар къышъодэIу. Джары тхьэлъэIури зыфэдэ шъыпкъэр.

Адэ етIанэ сыд ащ къыкIэлъыкIон фаер? Сыда Ащ еIогъэн фаер? ЗэкIэ а уахътэм шъугу илъыр ары! Мырэущтэу Ащ ешъуIу: «Исус, сэ зы нэбгырэ горэм зэфыщытыкIэ мытэрэзхэр дысиIэх. Сэр-сэрэу а Iофым хэкIыпIэ къыфэзгъотышъурэп. Ау сэшIэ сэ къысхэфэрэ зекIуакIэр мыхъунэу зэрэщытыр. Арышъ, Исус, ащкIэ IэпыIэгъу къысфэхъу!» Е мырэущтэу: «Исус, сиIофшIапIэ иIофхэр тэрэзэу кIэкIыхэрэп. Хьакъулахьтыным иIоф бэшIагъэу къызэIэхьагъ, ау сшIэрэп ахэр зэрэзгъэтэрэзынхэ фэе шIыкIэр, сыда пIомэ сызэтезыщтэу къысшIошIы. Зиусхьанэу Исус, IэпыIэгъу О къысфэхъу!» Е мырэущтэу: «Зиусхьанэу Исус! Сишъуз сэгъапцIэ, фэшъхьаф бзылъфыгъэ ыдэжь сыкIозэ, ау сэр-сэрэу кIочIэгъу сызыфырикъужьын слъэкIырэп а мыхъун зекIуакIэр зыхэзгъэзыжьынымкIэ. Зиусхьанэу Исус, ащкIэ IэпыIэгъу къысфэхъу». КъыжъугурыIуагъа? Шъо нэбгырэ горэми цыхьэ фэшъушIэу ешъуIотэн шъумылъэкIыщтыр Исус джарэущтэу ешъуIон шъулъэкIыщт. Зэхехы Ащ. ЗэкIэри Ащ къыфэшъуIуат! Ащ ишIуагъэкIэ шъо къиныбэ шъутехыгъэу хъущт. ЗэкIэ шъуимыхъун зекIуакIэхэр ащ къыфэшъуIуатэх! ШъуеупчI Ащ: «Зиусхьанэу Исус! Пасторэу Буш къытиIуагъ О уилъ зэкIэри ыукъэбзыхэу. Ар шъыпкъа?» АщкIэ шъо Ащ шъуеупчI. Непэ шъыпкъэм блэшъумыгъэкIэу Ащ зыфэжъугъазэри шъуеупчI. Шъо джы къызынэсыгъэми къызыфэшъумыгъэфедэгъэ а амалымкIэ Исус шъудэгущыIэу ежъугъажь. А амалыр ренэу къызыфэжъугъэфед. АщкIэ шъо Исус шъузыщыфаем шъудэгущыIэн шъулъэкIыщт. Исус ыцIэ зыфэзы-

гъазэхэрэр ащкIэ упчIэжьэгъу шъушIыхэмэ ишIуагъэ къышъокIыщт!»

Мырэущтэу шъо шъуIонкIи хъун: «Ары, сэ Ащ зэкIэри къыфэсIотагъ, ау зыпари джэуап къыситыжьыгъэп!» Ау мыдэ шъукъэдаIу ащкIэ къышъосIощтым: Шъо Ар къызэрэжъудэгущыIэрэ шIыкIэм ехьылIагъэу къышъуфэсIотэщт. Ащ фэшI КъэбарышIур къашъуштэ – КъэбарышIур /Новый завет/ ары зыфасIорэр, Пэсэрэ Зэзэгъыныгъэм /Старый завет/ ащ нэужым шъуеджэщт. АщкIэ еджэныр ешъумыгъажь, шъоркIэ ар джырэкIэ къинэу щыт. КъэбарышIум иеджэн зэрежъугъэжьэщтыр КъэбарышIур Иуан къызэриIотагъэр ары, ащ нэужым КъэбарышIур Лука къызэриIотагъэм шъуедж. Iоф гъэнэфагъэ горэ къытегущыIэу журналым къихьагъэу шъуеджэу къызышIожъугъэшIызэ ащ фэдэу КъэбарышIум шъуеджэныр ежъугъажь. Джащыгъум шъори гу лъышъутэщт Ар шъо къызэрэжъудэгущыIэрэм. Джары КъэбарышIур адрэ тхылъ пстэуми зэратекIырэр – ар Тхьэр шъо къызэрэжъудэгущыIэрэ амалэу щыт. Зэгорэм мырэущтэу къысаIогъагъ: «Тхьэм къыIорэр, Ащ ымакъэ зэхэсхы сшIоигъо зыхъукIэ, мэзым сэкIо». Сэ ащ мырэущтэу есIожьыгъ: «Ар акъылынчъагъэба! Мэзым сыхэты зыхъукIэ сэ зэхэсхыхэрэр чъыгым пыт пкIашъэхэм къапыIукIырэ мэкъэ шъабэр, бзыухэм орэд къызэраIорэр ыкIи псыхъожъыехэм яжъынч макъ ары. Ахэр мэкъэ гохьых, ау мыщ фэдэ упчIэхэм мэзы джэуап къыситын ылъэкIыщтэп: СипсэкIодшIагъэхэр Тхьэм къысфигъэгъугъэха, сыгу илъхэр сыдэущтэу зэсхъокIыных, Тхьэм гукIэгъу кIысфишIына?. Ащ фэдэ упчIэхэм яджэуап мэзым къыситын ылъэкIыщтэп. Ахэмэ яхьылIагъэу Тхьэм къызэрэсфиIотэщтыр БиблиемкIэ ары ныIэп».

Мафэ къэс сыхьат плIанэ Исус шъуепсэлъэным тежъугъэкIуад. Ащ зыфэжъугъаз ыкIи зэкIэ шъузыгъэгумэкIырэ Iофыгъохэр Ащ къыфэшъуIуатэх: «Зиусхьаныр! Непэ сэ Iоф бэдэдэ сызыпылъын фаер. Сэр-сэрэу ахэмэ язэшIохын скIуачIэ къыхьыщтэп». КъышъуасIорэр къыжъурыIуагъа? ЗэкIэ шъузыгъэгумэкIырэ Iофыгъохэр Ащ ешъуIуатэх! Ащ нэужым КъэбарышIур къызэгошъухыри, шъхьэныкъо шъуедж. «Зиусхьанэу Исус, джы О къысэпсалъ!» ыкIи зэкIэм Тхьэм и ГущыIэу о къыпфэгъэзагъэм уIокIэ. Ащ лъыпытэу о гу лъыптэщт: «Сэщ пае Ащ ар къызыкIиIуатэрэр!» А чIыпIэм о тхылъым щыкIэгъэтхъ, ащ нахьи нахьышIужьыр ащ ыбгъукIэ мафэр гуаптхэмэ ары.

СиныбжьыкIэгъум унэ горэм сихьан фаеу хъугъагъэ. Ащ ит пианинэм Библие телъыгъ. Ар къасшти къызызэгосэхым гу лъыстагъ ащ щыщ чIыпIабэхэм къэлэм плъыжькIэ ыкIи уцышъокIэ зэракIэгъэтхъыгъэр ыкIи мафэхэр зэраготхагъэхэр. Сызэрыхьагъэр унэгъошхо щытыгъ ыкIи ащ пае сэри сяупчIыгъ Библиер зиемкIэ. «Ар зиер ти Эмми ары», – къысатыжьыгъ сэ джэуап. Сэ а Эмми сыгу рихьыгъ ыкIи нэужым къэсщагъ. Фэшъхьаф шIыкIэкIэ арымырэу Исус тэ къызэрэддэгущыIэрэр джащ фэдэ шIыкIэ закъомкIэ къызыгурыIогъэ пшъашъ сэ къэсщанэу сызыфэягъэр.

Библием ехьылIагъэу цIыфхэр зэнэкъокъухэу зызэхэсхыкIэ, сыгу мэкIоды. Библиер цIыфхэм атхыгъэ фэдэу ыкIи нэфэшъхьафырэ делагъэхэр ахэмэ къаIуатэх. Ахэмэ афэдэ гущыIэхэм зэщыгъошхо къыстырагъао.

Апэрэ дунэе заом илъэхъан сэ охътэ тIэкIурэ телефонистэу къулыкъу сшIагъэ. Ащыгъум тэ гъучIыч зымыщыкIэгъэ радиом тыщыгъозагъэп. Аппарат цIыкIухэр тиIагъэх гъучIычыхэр апышIагъэхэу. Зэгорэм зыплъыхьэпIэ чIыпIэу бгышъхьэм тетым сыщыIэн фаеу хъугъагъэ. УхъумэпIэ псэуалъэ гори ашIыгъэу щытыгъэп, арыти уцым сыхэлъэу батареем сыдэгущыIэн сыгу хэлъыгъ. Ащ дэжьым гу лъыстагъ а бгышъхьэм пэмычыжьэу рекIокIырэ гъогум дзэкIолI уIагъэ горэ къызэрэрыкIорэм. Сэ ащ секууагъ: «Егъолъэх псынкIэ шъыпкъэу! Тэ тыкъалъэгъугъ! Джыдэдэм къаохэу къырагъэжьэщт!» ДзэкIолIым ащ лъыпытэу зыридзыхыгъ, къысэцохъулIагъ ыкIи къысфеIуатэ: «Сэ сыуIагъэти, зызгъэхъужьынэу джы тадэжь сагъэкIуагъ, Мыдэ къэдаIолъ, сыдэу уиаппарати жъы дэда!» – «Ары шъыпкъ, – сымыразэу сэ сэгъумыгъу, – моделыжъым фэд». – «Клеммэхэри зэбгырэзых», – «Ары», – десэгъаштэ сэ ащ. – «Ары пакIошъ, мары къапызыгъэ такъырыри мыщ Iулъ,« – ащ пыдзагъэу къысеIо. Джащыгъум сфэмыщыIэу есэIо: «Джы сымыгъэохъу, ужи зэтелъхь, уиушъыйхэм сядэIоу сыщысынэу сэ уахътэ сиIэп, батареем сыдэгущыIэн фае!» джащ фэдэ къабз БиблиемкIэ къысэхъулIэрэр. Исус ымакъэ зэхэсхынэу зызызгъэпсырэ лъэхъэнэ дэдэм тефэу цIыфхэр садэжь къыIохьэхэшъ, Библиер зытхыгъэхэр цIыфхэр арых аIозэ сагъэохъу! Ащ иджэуапэу мары ахэмэ ясIожьын слъэкIыщтыр: «Зэ моу шъужэ зэтешъулъхь, а тхылъым Исус ымакъэ къыхэIукIэу сэ зэхэсэхы!»

КъасIорэр шъо къыжъугурыIуагъа? ШъуишIошъхъуныгъэ

шъутырахынэу афэшъумыд! Исус а амалымкIэ шъо занкIэу къыжъудэгущыIэ!

Джыри мары ащ къыхэзгъахъорэр: а гъогу шъыпкъэм рыкIорэ цIыфхэм нэIуасэ зафэшъушI, гущыIэгъу шъушIых!

ЕтIанэ мыщ шъунаIэ тежъугъэт: цIыфхэм садэгущыIэзэ а Iофыгъом сыкъытегущыIэу къызезгъажьэкIэ, нахьыбэрэмкIэ къыздырамыгъаштэу къысаIо: «А къэпIуатэрэр зищыкIагъэр чылысым кIохэрэ нэжъ-Iужъхэр арых ныIэп»: Джащ къыхэкIэу сигуапэу къышъосэIо: илъэс 30-м къехъугъэу пасторэу ныбжьыкIэхэм Iоф зэрадэсшIагъэм ишIуагъэкIэ ныбжьыкIэ пчъэгъабэхэм шъо къышъуфаущыхьатын алъэкIыщт къафэсIотагъэхэр яшIошъхъуныгъэу зэрэхъугъэр ыкIи мыхэри ары: псэкIодшIагъэхэр Тхьэм къафегъэгъух, Исус удэгущыIэни плъэкIыщт ыкIи Ащ лжэуап къыуетыжьы.

Исус пчъагъэрэ дэпсэлъэгъэ цIыфхэр нэIуасэ ыкIи гущыIэгъу шъушIых. Ары, ахэмэ афэдэ цIыфхэу ошъогум фэзыщэхэрэ гъогум тетхэр, Исус игъусэхэу а гъогум рыкIохэмэ зышIоигъохэр къэбгъотынхэ плъэкIыщт.

Арышъ, Исус шъо шъуапашъхьэ ит ыкIи мырэущтэу къышъуеIо:

«ЗэкIэ улэугъэхэу хьылъэ онтэгъу зытелъхэр садэжь шъукъакIуи, гупсэфыныгъэ шъостыщт. Сэ сибжьы зытешъулъхьи, сэ къасIорэр зэжъугъашIэ, сыда пIомэ сэ сыгу шъабэ, пэгагъи зи илъэп. ЕтIанэ шъугухэмкIэ гупсэфыныгъэ жъугъотыщт; сыда пIомэ, сэ сибжьи щэчыгъошIоу, сихьылъи псынкIэу щытышъ ары».

# ЦIЫФХЭМ ТАГЪЭГУБЖЫ ХЪУМЭ, СЫДЭУЩТЭУ ТЫЗЕКIОН ФАЯ?

ТыкъызытегущыIэщт Iофыгъом ыцIэ тэрэз дэдэу къэIуагъэу хъугъэп: «цIыфхэм тагъэгубжьымэ, – ахэмэ тагъэгубжьы – джарыба зэрэщытыр? ШъыпкъэмкIэ зыгорэм гъэнэфагъэу тегъэгубжы. Ары пакIошъ, мырэущтэу сяупчIынэуи сытегушхухьан слъэкIыщт: зыгорэм ымыгъэгубжырэ горэ шъухэтымэ, ащ макъэ къерэгъэIу». Шъолъэгъуа, зыми зыпари къыIорэп! Тэ тагъэгубжы, ар гъэнэфагъэ, тагъэгубжы хъумэ арэп, джары тыдэкIи зэрэщыхъурэр. Адэ сэ къасIорэр шъыпкъэба? Ары, ары, тэ ташыщ пэпчъ адрэр лъэшэу егъэгубжыба, зэраIо хабзэу, ыгу дэIахьы! ЗэкIэри арэп, гущыIэм пае, сэ сишъхьэгъусэ сигъэгубжырэп. Ау фэшъхьафыбэхэм сагъэгубжы. Шъори джащ шъуфэда? Адэ шъуфэд! Джащ къыхэкIэу ары тэ бэрэ тызыкIызэщыхьэрэр, унагъохэми, гъунэгъухэми, IофшIапIэхэми, ары пакIошъ, чыристан дин IофышIэ купхэм азыфагукIи – цIыфхэр ащызэщэхьэх. Тыдэ ущыIэми, а зыр ары зэхэпхырэр – зым адрэр зэригъэгубжырэр ары. ЦIыф бэдэдэ щыI мырэущтэу къаIон алъэкIынэу: «Адрэр е модрэр ары мыхъугъэемэ, сиIофхэр зэкIэ дэгъоу рекIокIыщтыгъэх! «ЗэрэхъурэмкIэ, а цIыфыр нэм къыкIэфэгъэ сэпацэу зыфэхъурэр нэбгырэ закъоу щымытэу, щыIэныгъэмкIэ ар пэрыохъоу цIыфымкIэ мэхъу. Ащ ехьылIагъэуи тегущэIэгъэн фае. Зыгорэм тэ ренэу тегъэгубжымэ, ащыгъум сыда тэ тищыIэкIэ-псэукIэ зэрэдгъэпсын фаер?

Синыбджэгъухэр, а Iофыгъом нахь зэхэугуфыкIыгъэу сыкъытегущыIэмэ сшIоигъуагъ... Зыгорэ бащэрэ хэпскэуIукIэу къыпщыхъункIи мэхъу, ау ар о къыпшIошIы ныIэп, зытет шъыпкъэмкIи, ащ ижъагъэхэр мэузых. Арышъ, арэущтэу зыхъурэм пскэм пае агъэфедэрэ уцIэзэгъур ащкIэ IэпыIэгъу хъун ылъэкIыщтэп, ищыкIагъ сымаджэр Iазэхэм ауплъэкIунэу ыкIи зэрифэшъуашэу еIэзэнхэу. А зэзгъэпшагъэхэр къыжъугурэIоха? Зым адрэ зэрегъэгубжырэм къыушыхьатырэр цIыфым ыпкъышъол уз зэрэхэлъыр ары. Арэущтэу цIыфыр гумэкIылэу зыкIэхъугъэр, ар зыпкъ къикIыгъэр уигъунэгъу бзылъфыгъэр тIэкIу угу зэрэримыхьырэр арэп, ащ нахьи нахь лъэпсэ куу ащ иIэр. Джащ къыхэкIэу а Iофыгъор нахь игъэкIотыгъэу къисIотыкIымэ сшIоигъу. ЦIыфхэр губжыпхэхэу зыкIэхъугъэхэр ежь зэкIэ цIыфлъэпкъыр зэрэ-

сымаджэм къыпкъырыкIыгъэу зэрэщытыр къышъуфэсыушыхьатымэ сшIоигъу.

## 1. Тэ тызыщыпсэурэ дунаим

Шъори зэрэшъулъэгъоу, сэ сидунэе еплъыкIэ зытегъэпсыкIыгъэр Библиер ары. Сэри а зызакъор ары тэрэзэу слъытэрэр, сыда пIомэ ащ нэмыкIыхэр зэкIэ, илъэс 20 горэмкIэ, сыд фэдэрэ шIыкI фаеми, хэкI итэкъупIэм щыратэкъужьынхэ фаеу хъущтых.

Библием къыщеIо: Тхьэм дунаир икъугъэу зэкIужьэу ыгъэпсыгъагъ. А лъэхъанэм Адам Хьаори къыгъэгубжыгъэп, Хьаоми Адамэ къыгъэгубжыгъэп. ЗэкIэми щыкIэгъэнчъэу зэдырагъаштэу псэущтыгъэх. ЕтIани Тхьэ псэум цIыфхэм агу хигъэкIыщтыгъэп, ежь цIыфхэми Тхьэм ыгу хагъэкIыщтыгъэп. ЗэкIэри лъэныкъо пстэумкIи зэдырагъаштэу зэдэпсэущтыгъэх: Тхьэри цIыфхэри.

Ау мары Библием къызэрэщиIуатэрэмкIэ, цIыфлъэпкъым итарихъ къызыщежьэным дэжь апэрэ тхьамыкIагъор къэхъугъ. Библиер ащ зэреджэрэр цIыфыр псэкIодшIэным зэрэхэфагъэр ары. Ащ къыщеIуатэ шэйтаным цIыфыр псэкIодшIэным зэрэхигъэфагъэр. Чъыг гъэнэфагъэм къыпыкIэрэр ащ ышхы хъунэу щытыгъэп. Тхьэм ар фигъэпытагъ. Ау Тхьэм цIыфым фитыныгъэ ритыгъагъ хэдэнэу ыкIи ащ къыхихыгъ мыхъун зекIуакIэр – Тхьэм фэмыIорышIэнэу. Ышхы мыхъунэу пхъэшъхьэ-мышъхьэр ащ ешхы. А уахътэу цIыфлъэпкъым итарихъ къызыщежьэным дэжь апэрэ мыхъун зекIуакIэр цIыфым къызыхафэм, зэкIэри зэщыкъуагъэ хъугъэ.

Ащ къыщегъэжьагъэу Тхьэмрэ цIыфхэмрэ зэпэIапчъэ мэхъух. Тхьэм цIыфыр джэнэтым къырефы ыкIи мэлэIичыр пчъэм къэрэгъулэу Iуегъэуцо. А уахътэм къыщегъэжьагъэу тэ Тхьэм тыкIэрычыгъэу тыкъэнагъ. Ащ къыщегъэжьагъэу тэ Тхьэм ыгу хэтэгъэкIы, Ежьыри тэ тыгу къыхэуIэ. Тхьэм ехьылIагъэу цIыфхэм уадэгущыIэнэу ебгъэжьэмэ, ахэр шIэхэу къэгубжых: еплъ: «Зэ мы Тхьэм укъытегущыIэным ыуж икIыжь! ПIопэн хъумэ, Ар щыIэми щымыIэми хэти ышIапэрэп!» Тхьэмрэ тэрырэ тазыфагу тIокIэ куу дэдэ дэкIы.

А охътэ дэдэр ары цIыфхэри гощыгъэхэу зыхъугъэхэр. Адамэрэ Хьаомрэ ялъфыгъэхэм къяхъулIагъэмкIэ ар нафэ къэ-

хъугъ. Джа уахътэм къыщегъэжьагъэу ары зым ыгу адрэм хигъэкIэу цIыфхэм къахафэу къызаублагъэр.

ЗэшитIур щысэкIэ тэжъугъаштэ. ШыIэныгъэм бэрэ къызэрэхафэрэмкIэ, зэшыхэм лъэшэу агу хэзэрэгъэкIын алъэкIыщт. Каинрэ Хьавэлрэ зэфэшъхьаф шэн-гъэпсыкIэхэр зиIэ цIыфхэу щытыгъэх. Зытет шъыпкъэмкIэ, къэтIон тлъэкIыщтэп ащ фэдэу цIыф зэфэшъхьаф шъыпкъэхэу ахэр къызыкIэхъугъэхэр. Мафэ горэм чIыгулэжьэу Каин губгъом итыгъ пхъэ шIуанэкIэ ичIыгу хьасэ дэлажьэу. Ау мары ащ ыдэжь къэкIуагъ ышэу Хьавэл. Сэ къызышIозгъэшIын сэлъэкIы Каин лъэшэу ар ыгу зэрэримыхьыгъэр: «Мы добэ-дашхэр нахь псынкIаIоу IукIыжьыгъоит. Сытеплъэн слъэкIырэп мыщ!» Ау Хьавэл ащ фэдэ гухэлъ иIахэп – ыш дэжь кIэлъырэхьэ ыкIи дэгущыIэу регъажьэ. Джащыгъум Каин пхъэшIуанэу ыIыгъыгъэмкIэ Хьавэл ышъхьэ ео ыкIи ыш ыпсэ зыхэкI нэужыр ары ныIэп зыкъызишIэжьыгъэр. Синыбджэгъухэр, тэ зэкIэми гъэсэныгъэ тэрэз зыгъотыгъэ цIыфхэу тыщыт ыкIи джащ къыхэкIэу пхъэшIуанэкIэ тэ тащыщэу зым адрэр ыукIырэп. Ау гъэзетхэм ахэмэ ащ яхьыщырхэр арыолъагъох. Ящэнэрэ рейхым илъэхъан цIыфхэр жъугъэу зэрэзэтыраукIэщтыгъэхэр угу къызыбгъэкIыжькIэ, къыжъугурыхIощт ащ фэдэ зекIуакIэм Каин ишэн къызэрэщылъагъорэр – ар цIыфхэр зэрэлъэгъу зэрэмыхъухэрэр ары! Джащ фэдэ шIыкIэкIэ нэбгырэ миллионишъэ пчъагъэ укIыгъэ хъугъэ! Ыш ыпсэ хэмытыжьэу ыпашъхьэ илъэу зелъэгъур ары Каин зыкъызишIэжьыгъэр. Ар зэкIэм тIэкIу къэщтагъ. ЕтIанэ гу къызыIэпешIыхьэшъ, машэ етIы, хьадэр ащ релъхьэ ыкIи етIэ тэкъу тыретэкъожьы. Ащ зеплъыхьэ ыкIи ышIошъ мэхъу хэти къымылъэгъугъэу, IэкIэшIагъэмкIэ шыхьат гори щымыIэу. Тэ, цIыфхэмкIэ, джары ренэу тызэрэгупшысэрэр: зыпарэм ымылъэгъугъэ нэмыIэмэ, ащыгъум, зытет шъыпкъэмкIэ, зыпари хъугъэп. Е-ей, шъо шъушIэщтыгъэмэ цIыфхэм бзэджэшIэгъэ шIоеу акъолъыр зыфэдизыр. Каин а чIыпIэм IокIыжьы, ау ыгу псэфырэп. Мыщ дэжьым ащ макъэ горэ зэхехы: «Каин!» Хэтын шъуIуа ар? «Каин!» Ащ ытхыцIшъоцхэр къэтэджых. ЗэкIэм ащ къыгурыIуагъ къеджэрэр: Ар Тхьэ псэур ары! Ащ зэкIэри къылъэгъугъ. Ар бзэмыIу шыхьатэу щытыгъэу къычIэкIыгъ! «Каин!!! Тыдэ щыI пшэу Хьавэл?» Каин джыри феуцуалIэрэп: «Сшэу Хьавэл кIэлэпIоу сыригъусэп ныIа сэ?! Сшэу Хьавэл сырикъэрэгъула сэ?» «Каин, – ыIуагъ Тхьэм, – пшы ылъ ымакъэ чIыгум къиIукIэу Сэ къысаджэ!»

Джы шъолъэгъуба а хъугъэ-шIагъэм зэкIэри нафэ къызэришIырэр: цIыфым апэрэ псэкIодыр къызыщыхэфагъэм къыщыублагъэу зэкIэри къызэIэхьагъ. ЦIыфхэм загощыгъ. Тхьэм Каин егъэгубжы, Ащ шъо шъуащыщыбэ зэригъэгубжырэм фэдэ къабзэу. Ау тэ тиIахьылхэр пыдзы тшIынхэ зэрэтымылъэкIыщтхэм фэдэ къабзэу Тхьэри IэкIыб тшIын тлъэкIынэу щытэп! Тэ тызыщыпсэурэ дунаир джащ фэдэ шIыкI зэрэгъэпсыгъэр!

## 2. АгурыбгъэIоныр пкIэнчъ

Ары, Iофыр зыфэдэр джы агурыбгъэIоным зи къикIыщтэп. ГущыIэп пае, «гукIэгъу зыхэлъ Тхьэм» фэгъэхьыгъэу сыд фэдиз къафэпIотагъэкIи ишIуагъэ къэкIощтэп. Тхьэмрэ тэрырэ тазыфагу иты хъугъэх дэпкъы лъагэ, тIокIэ куу. Заом илъэхъан къалэу Эссен ызыныкъо, сэ сиунэ зэрахэтэу, стыхэ зэхъум, садэжь къэчъэгъагъ бзылъфыгъэ горэ куозэ къысиIуагъ: «Сыдэущтэу а о уи-Тхьэ мы плъэгъурэр зэкIэ афидэхэра?» Ащ иджэуапэу сэ есIожьыгъ: «Сэ си-Тхьэ ащ фэдэ аригъэшIэн ылъэкIыщт. ЗыгорэкIэ о Тхьэр уипыеу щытмэ щIэ?» Апэрэ псэкIодыр къызахэфагъэм къыщыублагъэу зэкIэри зэщыкъуагъэ хъугъэ: Тхьэмрэ цIыфымрэ зэкIэрычыгъэ хъугъэх! Джары цIыфхэм тыгу хагъэкIыныр къызыхэкIырэр. ЗыгорэкIэ угу римыхьырэ гъунэгъу бзылъфыгъэ уиIэмэ, ар зилажьэр джа лъэхъэнэ чыжьэм псэкIодэу ашIэгъагъэр ары, нэмыкIэу къэпIон хъумэ, тэ, псэкIодшIагъэхэр зиIэ цIыфхэр, Тхьэм тыкIэрычыгъэу тызэрэхъугъэр ары. Джащ къыхэкIэу ар агурыбгъэIоным упылъыным зи шIуагъэ къыхьыщтэп.

Джырэблагъэ сыщыIагъ Швейцарие къэралыгъо гъунапкъэм дэжь. Гъунэпкъэ къэухъумапIэм мыщ фэдэ гущыIэхэр щытетхагъэхэу слъэгъугъэ: «Тызэгъусэмэ – нахьышIу!» Сэ сегупшысагъ: «КъызгурыIуагъ! Ау цIыфхэм сэ сагъэгубжы зыхъукIэ, а псалъэр IэпыIэгъу къысфэхъун ылъэкIыщтэп!» Е тэжъугъаштэ иыщ фэдэ джэпсалъэу джырэблагъэ сэ слъэгъугъэр: «Шъузэрэлъытэжьых!» «ШъхьэкIафэ зэфышъуиIэу шъузэфыщытых!» Американцэхэм гъогу зэпырыкIыпIэ пэпчъ мыщ фэдэ гущыIэхэр зытетхэгъэ пхъэмбгъухэр щагъэуцух: «Нэхъоеу шъузэIугушIу!» Ау, зытет шъыпкъэмкIэ, ащ IофымкIэ ишIуагъэ къэкIощтэп! Тэрэзба къасIорэр? Хьау, аIошъ бгъэхъуным упылъыным къикIын щыIэп!

Сыгу къэкIыжьы сыдин пащэ ныбжьыкIэу унагъо горэм сызэ-

рэкIощтыгъэр – зэкIэ а унагъом исхэр зэджэгъогъу зэфэхъугъагъэх. ЗэкIэ а зы лIакъом щыщхэр зы чIыпIэ щыпсэущтыгъэх ыкIи зэтеплъэжьынхэ амылъэкIэу зэщыхьагъу хъугъагъэх. Пчыхьэ горэм зэкIэ ахэр зэхэсыугъуаехи, гушхоныгъэу схэлъыр къызыфэзгъэфедэзэ, зэкIэ ахэр зэрэзэзгъэшIужьынхэм сыпылъыгъ. Сыбзэгу, зэраIо хабзэу, а пчыхьэм лырыгъужъ техъогъагъ! Сыхьатыр 11-мэ адэжь зэкIэ ахэр зэшIужьыхи, рэхьатэу зэбгырыкIыжьыгъэх. Лъэшэу насыпышIоу сэ зыслъытэжьыщтыгъэ ыкIи сэрсэрэу зэсIожьыгъэ: «УблапIэр ащ фэдэу дэгъоу егъэжьагъэ хъугъэмэ, ащыгъум сэ дин пащэ пшъхьапэ сыхъункIи мэхъу». ГушIом сызэлъиштагъэу тадэжь сыкъэкIожьыгъ, сыгукIэ сырэхьатэу ыкIи сызыфэрэзэжьэу сыхэчъыежьыгъ. Пчэдыжьым сыкъэтэджыжьи урамым сытехьагъэу а лIакъом щыщ бзылъфыгъэ ныбжьыкIэм сызыщыIокIэм, ащ есIуагъ: «ТыгъоспчыхьэзэкIэри дэгъоу зэпыфэгъагъэ, арыба?» «Дэгъоу оIуи? – есIуагъэм ащ къыздыригъэштагъэп. – Адэ ащ нэужым къэхъугъэ-къэшIагъэм ущыгъуазэба?» «Сыда къэхъугъэр?» – сеупчIыгъ сэ ащ, кIыфы сыкъэхъузэ. Нафэ зэрэхъугъэмкIэ, гъогум тетхэу ядэжь кIожьыхэзэ, зэкIэ ахэр икIэрыкIэу зэщыхьажьхи, зэрэзэфыщытыгъэхэм нахьи нахь Iаежьэу зэфыщытхэ хъугъэх! Шъощха шъо? Ащыгъум сэ сыщхыным сиIоф тетыгъэп. ЗэкIэм сэ къызгурыIуагъ бэшIагъэу апэрэ псэкIодэу зэрахьэгъагъэм иIоф мыпсынкIагъоу зэрэщытыр, тэ Тхьэмрэ тиIахьылхэмрэ апэIапчъэ тызэрэхъугъэр ыкIи мыщкIэ анахь гухэлъышIухэми атегъэпсыкIыгъэ псалъэм ишIуагъэ къызэрэмыкIощтыр.

Бэрэ цIыфхэр къысфатхэх: «ТилъэпIэ зиусхьанэу пасторыр, мыщ фэдэ чIыпIэм щыпсэухэрэ сиIахьылхэр зэщыхьагъу-зэджэгъогъу зэфэхъугъэх. Ахэмэ уахэхьан, уадэгущыIэн плъэкIыщта?» Ащ фэдэу къызыщыхэкIырэм ялъэIу зэрафэсымыгъэцэкIэщтыр занкIэу ясэIо, сыда пIомэ угу шIу зэрафилъыр къэзыушыхьатырэ гущыIэхэмкIэ мыщ уишIуагъэ къыщыбгъэкIон плъэкIынэу щытэп. Шъуягупшыс шъо цIыфхэу шъугу римыхьэхэрэм, шъузыгъэгубжыхэрэм. Сэ бэрэ сышъоушъыенгъи, шъушIошъ згъэхъумэ сшIоигъоу бэрэ сыпылъыныгъи, ау зэкIэ ахэр пкIэнчъэ хъуныгъэхи. Джары зэкIэ тхьамыкIагъор зыхэлъыр. Унагъо горэу сызыхэхьэгъагъэм ехьылIагъэу къышъуфэсIотэн. Илъэс пшIыкIубл зыныбжь кIэлакIэу джинс шхъуантIэ зыщыгъыр ыкIи зышъхьац зэхэупэрэцагъэр ядэжь къэкIожьы. Сэ гу лъыстагъ ащ ятэ къызэрэгубжырэм: «КIо еплъ мыщ игъэпсыкIэ-зекIуакIэ! – еIо ащ, –

моу зэ еплъэлъ!» КӀалэм ятэ лъытэныгъэ зыфашӀырэ ыкӀи шъырытэу зекӀорэ къулыкъушӀэу щыт. КъызышӀожъугъэшӀ ащ фэдэ ты ӀэпкӀэ-лъапкӀэм ыгу щышӀэрэр ыкъо мощ фэдэу зэмыкӀужьэу, зэхэлъэу зилъэгъукӀэ. Е фэшъхьаф унагъо тэжъугъаштэ: икӀалэхэр шӀущэ зылъэгъурэ нэу чыристан диныр зылэжьырэм елъэгъу ыпхъу ныбжьыкӀэ ыӀупшӀэхэр зэригъалэхэрэр. Ипшъашъэ изекӀуакӀэ фэмыщыӀэу ным къыӀуеутышъ къеӀо: «Мощ сызэригъэгубжырэр!» Адэ арэущтэу чӀыпӀэ пстэуми ащэхъуба? ЛӀы горэм есӀуагъ ишъуз зэрэгокӀыжьыгъэмкӀэ псэкӀод зэригъэхъагъэр. ЕсӀорэм а лӀым къысиӀожьыгъ: «Зиусхьанэу пасторыр, игугъу къысфэмышӀ мы бзылъфыгъэм! Лэпсым ешъо зыхъукӀэ, ар зэрехъумпӀэрэм къыпыӀукӀырэ макъэм изакъоми сэ сыкъызэщефы!»

Ар шъо щхэнызщэу къышъушӀошӀа? Сэ ар зэрэслъытэрэр гугъэкӀодэу ары! Шъо къэшъуӀон шъулъэкӀыщт: «Ахэр Ӏоф цӀыкӀушъокӀух ныӀэп!» «ЦӀыкӀу-шъокӀухэуи? ЗэкӀэ ахэмэ къаушыхьатырэр апэрэ псэкӀодым ыуж Тхьэм дунаир къызэрэӀэкӀэзыгъэр ыкӀи тэ зэкӀэми, Тхьэ зимыӀэ цӀыфхэм тафэдэу, дунэе кӀодыгъэм тызэрэщыпсэурэр ары!

Арэущтэу тызэрагъэгумэкӀырэм, тыгу зэрэхагъэкӀырэм загъорэ кӀэух дэйхэр афэхъунхэ алъэкӀыщт. Сэ сэшӀэ Эссен щыщ бзылъфыгъэ ныбжьыкӀэу зэкӀэ щызыгъэгъупщэрэ узыр къызэузырэр ыкӀи а узым ыпкъ къикӀыкӀэ ащ ыӀэпкъ-лъэпкъ зэкӀэубытагъ. Унэ цӀыкӀу ар зэрысыр. Ащ игъунэгъоу щэпсэу кӀэлэ мыдаӀоу пчыхьэм сыхьатыр им ныкъокӀэ кӀуагъэу ригъажьэмэ, пчыхьэм сыхьатыр пшӀыкӀузым нэс телевизорым мэкъэшхо къыпыӀукӀызэ еплъырэр. Бзылъфыгъэ сымэджэ тхьамыкӀэм джащ фэдиз мэкъэшхоу дэпкъ пӀуакӀэм къыпхырыкӀырэр пчыхьэ къэс ащ фэдиз сыхьат пчъагъэм зэхихын фаеу мэхъу. Ау тӀэкӀу нэмыӀэми телевизорым ымакъэ нахь макӀэ ышӀынэу кӀалэм елъэӀугъэ нахь мышӀэми, къегуаорэм фэдэу адрэм макъэр нахь лъэшы ышӀыщтыгъ. ШъушӀошъ хъуна, пшъашъэр джащ фэдэ къин мыухыжьым хэтэу илъэс пчъагъэ къыгъэшӀагъ. Сыд фэдизэу тэ тыжъалымын, сыд фэдизэу тыкъумалын тлъэкӀыщта?! А кӀалэм пшъэшъэжъые тхьамыкӀэм къинэу ригъэлъэгъугъэр къызышӀожъугъэшӀ. Джащ фэдэ къабзэуи а мэкъэшхор къызэмыкӀущтыгъэ пшъашъэми кӀалэр ыгъэгубжыщтыгъ. ЯщыӀэныгъэ щэӀэгъуае къафэзышӀырэ джащ фэдэ зэджэгъогъуныгъэ нэбгыритӀумэ азыфагу илъ хъугъагъэ.

Дин пащэ ныбжьыкӀэу сыщытэу сэ нэбгыри 150-рэ хъурэ куп, кӀали, пшъашъи шӀошъхъуныгъэм иӀоф езгъаджэщтыгъэх. Ары-

ти, сэ ахэмэ яунагъохэм адэжь сыкIонэу сыублагъ. ЗэкIэ ахэр фэтэрыбэ хъурэ унэ зэтетхэм ащыпсэущтыгъэх. Апэрэу ахэмэ адэжь сыкъызэкIом, зычIэсхэ унэм зэщыхьагъу щызэфэхъугъэхэу сыкъырихьылIагъ. ЯтIонэрэ, ящэнэрэ къэкIогъуми джащ фэдэ къэбзагъ. Джащыгъум зэкIэ ахэр къызыщызэрэугъоигъэ мафэ горэм ясIуагъ зыгорэм щыхьэгъу фэмыхъугъэу ахэтхэм аIэ къаIэтынэу. Нэбгырз зыщыплI къэтэджыгъэх. «Адэ адрэхэр зэкIэ зыгорэм щыхьэгъу фэхъугъэу щытха?» – сяупчIыгъ сэ ыкIи ежьхэми ар зэрэшъыпкъэр къысаIожьыгъ. ЕтIанэ зыгорэм щыхьагъу фэмыхъугъэхэм сяупчIыгъ арэущтэу къызэрадэхъурэмкIэ. Ахэмэ джэуап къысатыжьыгъ язакъоу щыIэхэу.

Джары Iофхэр зэрэщытытхэр. Тэ тыгукIэ тырэхьатэу, тыгушхоу, тыгушIоу тыщыIэн фае, тылэжьэн фае, ащ ычIыпIэкIэ тэ ташъхьамысэу тыгухэр зэщытэгъакъох! Зы пкъыгъо горэ тлъакъо къызытефэкIэ, лыуз тщэхъу. Зыгорэхэм тыгухэр ренэу къагъэпIэжъгъэихэ зыхъукIэ, ар щэIэгъуае къытфэхъу.

## 3. Тхьэм иIоф къызэрэхилъхьэрэр!

Джырэ нэс къэсIуагъэм щэхъу къэсIон сымышIэщтыгъэмэ, ащыгъум сэ къезгъэжьэныеп. Ау сэ къэбар шIагъо, тищыкIэгъэ шъыпкъэу щыт къэбар къышъосIотэн слъэкIыщт: цIыфхэр зыр зым щыхьэгъу зэфэхъужьхэзэ, агу зэрэхагъэкIырэм ыкIи зэрэзэрэгъэгубжыхэрэм гукIэгъу зиIэ Тхьэр къыхэгущыIэ! Гукъаор зытиз дунаер зэрэпсаоу Тхьэм ыпашъхьэ илъэу елъэгъу ыкIи Ащ ищыкIэгъэ Iофтхьабзэхэр зэрехьэх!

ТизэфыщытыкIэхэм Ащ иIоф къызэрахилъхьэрэр хьалэмэтэу гъэпсыгъэ. Библием къыщиIотэрэ къэбархэм анахь къэбар шIагъоу ар щыт. Тэрырэ Ежьырырэ зэпэIапчъэ тызышIырэ дэпкъэу тазыфагу итыр Ащ зэхегъэтакъо ыкIи Ежьым ЫIкъоу ИсускIэ тэ Ар къытфехы! Тинепэрэ щыIэкIэпсэукIэ зэкIэ Исус фэгъэхьыгъэ КъэбарышIур шъхьэкIафэ фимышIэу зэрэщигъэзыерэм, Исус фэгъэхьыгъэ КъэбарышIум пэшIуемыкIорэми, ащ зэрэтемыгущыIэрэм, игугъу зэримышIырэм къаушыхьатырэр тилъэхъанэ чыжьэу зэрэмыплъэрэр ары, сыда пIомэ тэ тыкъэзыгъэнэжьын зылъэкIыщт кIочIэ закъоу щытыр Исус ары ныIэп! Ежьырырэ тэрырэ тазыфагу итыгъэ дэпкъыр зэхигъэтакъуи, Тхьэм пэIапчъэ хъугъэ тидунаеу зэщыхьагъу зыщыхъугъэхэм Ежьым ЫIкъо къэзыгъэ-

кIогъэ Тхьэм зэрихьэгъэ Iофым нахь Iоф шIагъо къэхъужьын ылъэкIына? Тхьэм ЫкъоуИсус Христосыр къызэрэтфехыгъэм Iофхэм язытет фэшъхьаф шъыпкъэу зэрехъокIы!

*а) Исус Тхьэм тырегъэшIужьы*

Джы сэ къышъуфэсыушыхьатымэ сшIоигъуагъэр Исус зэкIэри зэрэщызэпхыжьыгъэхэр ары. Исус Тхьэм пэIапчъэу егъашIэми щытыгъэп. Исус – Тхьэм ЫкъуДжырэблагъэ сэ мырэущтэу къысаIуагъ: «Исус – тэ тащыщ пэпчъ фэдэ цIыфэу щытыгъ, мыхъу зымыхъужьыхэкIэ Ар диныр зыгъэпсыгъэр ары!» Ащ сэ мыщ фэдэ джэуап естыжьыгъ: «Ащыгъум енэгуягъо о фэшъхьаф горэкIэ укъызытегущыIэрэр. Сэ сыкъызытегущыIэрэр Ежьым ыпшъэ (уашъор ары) щыщэу, шъо ыхэ (чIыгур ары) шъущыщэу къэзыIуагъэр ары». Ары, сэ сыкъызытегущыIэрэр щыIэныгъэр къэзытырэ Тхьэм Ыкъоу шIагъор. Дунэе кIодыгъэу тэ тызыщыпсэурэм Тхьэм Ежьым Ыкъо къытфигъэкIуагъ. Ащ фэшъхьафэуи цIыфхэм ащыщэу зы нэбгырэ горэми изекIуакIэ Ар ыгъэгубжыгъэп. Ары пакIошъ, Ащ къумалыгъэ дызезыхьэгъэ Иудэ изекIуакIи Ар ыгъэгубжырэп. Сэ къумалыгъэ къыздызезыхьэрэм сегъэгубжы. Исус аужыпкъэрэ мафэм нэс Иудэ шIу елъэгъу! Исус итарихъ къызэрэгъэлъэгъогъэн фаер хэти изекIуакIэ ыгъэгубжын ымылъэкIырэ цIыфэу зэрэщытыр ары!

Мары, гущыIэм пае, лIэным ыпэкIэ аужырэ пчыхьэм хъугъэшIэгъэ гъэшIэгъонэу къэхъугъагъэр, Ащ игъогу рыкIохэрэр игъусэхэу пчыхьэшъхьашхэ ашIызэ. КъокIыпIэм ихэгъэгухэм ащыпсэурэ цIыфхэр пхъэнтIэкIухэп зытесыхэрэр, шъхьэнтэ шъуамбгъохэм атегъэкIагъэхэу Iанэм кIэлъырылъых нахькIэ. Арэущтэу щылъыхэу ахэр зэрэшхэщтыгъэхэр къызышIогъэшIыгъуае къысщэхъу. Цацэмрэ шъэжъыемрэ тIыгъыхэу арэущтэу тыщылъэу тэ тышхэн тлъэкIыныгъэп. Ау ахэр ащ есэжьыгъэхэу, джарэущтэу зы бгъумкIэ щылъыхэу шхэщтыгъэх. ЗэкIэми апэу ахэмэ яцокъэ псынкIэхэр зыщахыщтыгъэх. ЕтIанэ гъогум тетыхэзэ, алъакъохэу сэпэзакIэ хъугъэхэр атхьакIыщтыгъэх. А мафэм Исусрэ Ащ игъогу рыкIохэрэмрэ гъогушхо къакIугъагъ. Ахэр лъэшэу пшъыгъэхэти, яцокъэ псынкIэхэр зыщахыхи, шъхьантэхэм ежьыхэм затырагъэкIагъ. Сэ гъэнэфагъэу къызышIосэгъэшIы Петрэ Иуан шъхьэ фишIызэ ылъэныкъокIэ зэрэплъэрэр ыкIи нэхэмкIэ зэрэгуригъаIорэр а нэбгыритIумэ яз адрэхэм псы къафихьынышъ, зэкIэ ахэмэ алъакъохэр афитхьакIынхэ зэрэфаер. Иуан Петрэ

зыкIигъэгубжырэр, ар зэкIэми анахьыкIэу зэрэщытызи, а Iофыр ыгъэцэкIэнкIэ фэмыеу, ащ зыщидзыеным ренэу зэрэпылъыр ары. Ау Иуани ытамэхэр зэфищэхэзэ егупшысэ: «Сыдэу мы Петрэ сыгу къыхэуIэра, сшIэщтыр къысигъэлъэгъужь зэпытыным щэхъурэ гугъу ащ иIэп. Алъакъохэр зэратхьакIынхэ фэе псыр Якъубэ къыхьын ылъэкIыщтыба». Якъубэ зэгупшысэрэр ащ фэдэ Iоф ыгъэцэкIэныр ащ ынапэ къемыкIоу ары, сыда пIомэ Исус ар анахьышIу ылъэгъурэ игъогу рыкIохэрэм ащыщ, арышъ, мызэгъэгум Маттэ къерэхь псэу ящыкIагъэр. А уахътэм купым щыщ нэбгырэ пэпчъ зэфэгубжыгъэхэу, зэфэмыразэхэу щытых ыкIи къытефэу ышIэн фаем зэкIэми зыщадзые. Джащыгъум Исус къэтэджы. Игъогу рыкIохэрэр лъэшэу къэзэрэгъэщтагъэх. Ар Ежьыр шъыпкъэр псыхьэ кIонэуи?! Ау Ар псыхьэ макIо, къехьы, IэплъэкIыр къештэ ыкIи зэкIэми алъакъохэр афетхьакIых. Иуди! Петри! Иуани! Якъуби! Матти! Сэ къэсIонкIэ макIэ къэнэжьыгъагъэр: сэри! Джащ фэдэ Исус ары зэкIэри зыщызэгъэуIужьыгъэр, Тхьэр Ащ кIоцIыт, етIани Ащ тэ зэкIэми шIу телъэгъу.

Сэ къащым пылъэгъэ Исус къышъозгъэлъэгъун фае – джащ фэдэ чIыпIэм итэу ары Ар сэ анахь зэрэзгъэлъапIэрэр! Ерусалим идэхьэпIэ къэлапчъэмэ адэжь, цIыф жъугъэр зыщыбырысырэу, рим дзэкIолIхэу пчыпыджынхэмкIэ уIэшыгъэхэр зыдэщытыгъэхэм, зэкIэ ахэмэ ашъхьагъкIэ чIыпIэ Iэтыгъэу иIэм къащищэу тегъэуцуагъэхэр зыдэщытыгъэ чIыпIэм шъори шъусигъусэу сыд фэдэу сыщыIэмэ сшIоигъуагъ а лъэхъаным тефэу. Сэ зигугъу къэсшIымэ сшIоигъор азыфагукIэ ит къащыр ары. Панэм хэшIыкIыгъэ паIор зыщалъагъэр ары сэ къышъозгъэлъэгъумэ сшIоигъуагъэр, джары зэхьылIагъэр къышъуфэсIотэщтыр. Мы дунаеу тызыщыпсэурэу, зэкIэми зым адрэм ыгу зыщыхигъэкIырэм, шъори губжыпхэ шъузыщыхъугъэм шъухищыжьыным ыкIи Тхьэм шъуригъэшIужьыным фэшI Ар шъощ пае малIэ

Тхьэмрэ шъорырэ шъуазыфагу зэмызэгъыныгъэу зэкIэ илъхэр щыгъэзыягъэ хъунхэу шъуфаемэ, Исус икъащ ыдэжь шъукъакIу. А Исусэу шъощ пае лIэгъагъэр ыкIи зыпсэ къыпыкIэжьыгъэр Тхьэм имамыр лIыкIоу тидунае къыгъэкIуагъ. Бэ хъурэ джэнджэшыхэу шъуиIэхэр зэкIэри щыжъугъэзыехэри, Исусэу зыIаплI къышъуфызэIузыхыгъэм ыдэжь шъукIу. ЗэкIэ шъо шъузэсэгъэ шэн дэйхэу шъухэлъхэр ыкIи псэкIодшIагъэхэу шъуиIэхэр Ащ ыпашъхьэ ишъулъхьэх! Исус икъащ шъуеплъызэ, зэкIэ ахэр шъо жъугъэцэкIэнхэ шъулъэкIыщт. ШъуIэхэр Ащ фэшъущэих ыкIи

мырэущтэу ешъуIу: «Оры сэ сызиIэрылъхьэу сыхъумэ сшIоигъор!» ЫкIи джа гущыIэхэр Тхьэм шъуешIужьынымкIэ апэрэ лъэбэкъухэу хъущтых. Апостолэу Паул Рим щыпсэухэрэм афигъэхьыгъэм мырэущтэу къыщеIо: «Арышъ, шIошъхъуныгъэ зэрэтиIэм пае, ти Зиусхьанэу Исус Христос Тхьэм ыдэжькIэ гупсэфыныгъэ къытитыгъэу щыт». Исус – мамыр къытфэзыхьынэу лIыкIор. ШъугукIэ шъуштэ Ар! ГухэкIыр – цIыфыбэхэм а къэбарыр зэхахыгъэ нахь мышIэми, Тхьэм ешIужьынхэ зэрамылъэкIырэр ары. Ар тхьамыкIэгъошхоу щыт! Тхьэм мамыр лIыкIоу къытфигъэкIогъэр шъугукIэ шъуштэным фэшI шъо шъугухэмрэ шъупсэхэмрэ къэгъэнэжьыгъэнхэм пае а гухэлъхэм зэкIэ скIуачIэхэр есхьылIэнхэм сыфэхьазыр!

Непэ сэ журналист заулэмэ садэгущыIагъ. Iофыр зыфэгъэхьыгъэ хъугъэр шъыпкъагъэ зыхэлъкIэ штэгъэн фаер ары. Сэ шъхьэихыгъэу ахэмэ ясIуагъ зэуитIоу ыкIи нацизмэу сэ зэпысчыгъэхэм ауж ахэмэ афэшъхьафэу шъыпкъагъэ зыхэлъкIэ штэгъэн фаеу зыпари зэрэсымышIэрэр. Дунэе «пегъымбархэмрэ» политикэм пылъ IофышIэшхохэмрэ гущыIэ нэкIхэу къаIохэрэр арыха ащ фэдэ шъыпкъагъэкIэ тштэн фаехэр? Ежьыр шъыпкъэхэми ашIошъ хъужьырэп а къаIохэрэр, сэри ары. Тхьэм илIыкIоу чIыгум къыгъэкIогъэ Исус фэшъхьафэу уашъомрэ чIыгумрэ азыфагу шъыпкъагъэ зыхэлъэу щыпштэн щыI Iоу сэ сшIэрэп. Джар сэ шъыпкъэу сштэн слъэкIыщт. Шъыпкъэу а зызакъор ары ныIэп джы пштэн плъэкIыщтыр. Арэущтэу шIыгъэныри ифэшъуаш. ЗыгорэкIэ мыщ ныбжьыкIэхэу ыкIи зныбжь хэкIотагъэхэу зыпари шъыпкъагъэкIэ аштэн амылъэкIыщтэу зыIохэрэр къышъухэсыхэмэ, ахэмэ апае КъэбарышIум мары къыщиIорэр: «Шъо, Исус зыгукIэ зыштагъэхэм, шъыпкъэгъэшхо къышъуфыриIэу Тхьэр къышъуфыщыт». Джы шъори, ИсускIэ Тхьэм мамырныгъэу къытитырэр шъыпкъагъэ хэлъэу шъуштэ! Джы Исус икIэрыкIэу тэ Тхьэм гъусэгъу тыфешIыжьы. ШъорыкIэ Iофышхор христианкIэ шъузэджэжьхэми, чылыс хьакъулахьыр щыкIагъэ фэшъумышIэу яшъотыми, Тхьэм игъусэгъоу шъузэрэщымытыр ары! Мары шъо къышъуасIорэр: шъощ пае Исус лIагъэ. ШъуипсэкIодшIагъэхэр Ежьым ыпшъэ рилъхьажьыгъэх. Ащ арэущтэу зыкIишIыгъэр джы Ащ зыфэжъугъэзэнышъ, ыпашъхьэ лъэгонджэмышъхьэкIэ шъуитIысхьанышъ, мырэущтэу ешъуIон шъулъэкIыныр ары: «О Зиусхьан, псэкIодшIагъэхэр зиIэ сэ сыцIыф кIодыгъ, уадэжь сэкъакIо. Джы О шIошъхъуныгъэ пфысиI! Сэ сыгукIэ О усэштэ!»

Ащ фэдэ зекIуакIэм о щыIэныгъэм, Тхьэм мамыр дыуиIэным уафищэщт!

*б) Исус типэблагъэхэм тяригъэшIужьы*

Ау Исус тыгу илъ зыхъурэм Тхьэм тешIужьыгъэу зэрэхъурэм имызакъоу, тиблагъэхэми тяшIужьынхэм иамалхэр къаретых. Джащыгъум сыд фэдэрэ гузэгъабгъи, гухэзэрэгъэкIи кIэух яIэ мэхъу.

Джы къышъосIощтым шъунаIэ тетэу шъукъедэIу. Шъо шъухэтых христиан дэгъу дэдэхэр, ау адырэ цIыфхэр шъо шъуфэмылъэгъухэмэ, ащыгъум шъо шъуизытет тэрэзэп. КъыжъугурэIуа ар? Мырэущтэу къысэшъуIон шъулъэкIыщт: «О сигъунэгъу шъузыр зыфэдэр пшIэщтыгъэмэ, арэущтэу пIощтыгъэп! А пчэныр!» Арэу щытыми, сэ мырэущтэу къышъосэIо: «Шъо Ар шIу шъолъэгъуфэкIэ, шъуиIофхэр тэрэзэу зэпыфэщтхэп». Исус тищыIэныгъэ къызыхэхьэрэ нэужым зыгорэм ыпкъ къикIыкIэ ренэу шъузэрэгубжыщтыгъэр ащ щэхъукIэ къышъухэфэжьыщтэп».

ШъошIа, Исус зышIошъ хъугъэ цIыфыр, Тхьэмрэ ренэу зыгъэгубжыщтыгъэхэрэмрэ арегъэшIужьы. ЗыгорэкIэ шъо ренэу гумэкI къышъуфэзыхьырэ цIыфхэр шъуиIэхэмэ, ащыгъум шъо шъуищыкIагъэр Исус ары. Фэшъхьаф гори шъо IэпыIэгъу къышъуфэхъун ылъэкIыщтэп! Шъо шъуинервэхэм ащ нахьыбэ ащэIэжьын алъэкIыщтэп. Исус шъо Тхьэм шъуигэшIыжьыщт ыкIи Ар шъо шъуиIэрылъхьэу хъущт, джащыгъум нэмыкIыхэми зэфыщытыкIэхэу адышъуиIагъэхэр зыпкъ иуцожьыщтых!

Зы ныбджэгъу хьалэл сэ сиI. Фэтэр дэгъу ар зэрысыр, ау а фэтэрыр зыем шэн дэй дэд иI ыкIи ахъщэмкIэ нэйпсый дэд. Джы мары мафэ горэм ащ синыбджэгъу къыфигъэхьыгъ нэхъоинчъэ тхылъ, ащ къызэрэщиIорэмкIэ, фэтэрым чIэсым мыхэр ыкIи мыхэр ышIэнхэ ыкIи мыщ фэдиз фэтэрыпкIэу ащ ритын фае! Ащ епхыгъэу синыбджэгъу къысфеIотэжьы: «Сэ сшъхьацышъо къэтэджыгъагъ. Зэ Iанэм сыкIэлъырытIысхьагъ джащ фэдэ къабзэу джэуап фэстхыжьынэу. Ау зэкIэм сапашъхьэ къиуцуагъ сэщ пае, джащ фэдэуи фэтэрыр зыем пайй лIэгъэ Исус иIуплъэ. Арыти, ащ фэдэу Iэдэбынчъэу джэуап ащ фэстхыжьын слъэкIыгъэп. Джащыгъум сэ ащ ыдэжь сыкIуи мырэущтэу есIуагъ: «Мыдэ къыуасIорэм къедэIу. Мырэущтэу Iэдэбынчъэу тызэдэмыгъэгущыI! Тэ, нэбгыритIуми, гъэсэныгъэ тэрэз зиIэ цIыфхэу тыщытба! ЗыгорэкIэ акъылыгъэ хэлъэу тызэдэгущыIэн тлъэкIыщтыба? Зытет шъыпкъэмкIэ, сэ шъхьэкIэфэ пфэсэшIы! Джащ къыхэкIэу о зэрэпшIы-

гъэм фэдэу укъысфыщытыныр ищыкIагъэп!» Фэтэрыр зыем джаущтэу зэрэдэгущыIагъэхэм ишIуагъэкIэ а нэбгыритIур зэщымыхьэхэу, язэфыщытыкIэхэр агъэтэрэзынхэ алъэкIыгъ. Джы ахэр зэныбджэгъу хьалэлыхэу зэфэхъугъэх: шэн дэй зыхэлъ лIэу фэтэрыр зыемрэ Исус игъогу рыкIорэмрэ.

Джыри зы къэбар къышъуфэсIотэнэу фиты сыкъэшъушI. Шъусакъынэу сышъоджэ. Дапоццо зыцIэ лIы горэ синэIуас. Ар француз къэбарышIугъэIу. Концлагерым зыдэсыгъэм къыщегъэжьагъэу ащ ыIэкъупшъхьэ зэхэкъутагъэ. Ащ къысфиIотэгъэ къэбарыр егъашIэми сщымыгъупшэжьэу сыгу илъыщт: «Мафэ горэм щэджэгъошхэ шIыгъом адэжь концлагерым ипащэ къыслъигъэкIуагъэх. Гъомлапхъэхэр хъоеу къызытыралъхьэгъэ Iанэр зэрыт унэм сыращагъ. Лагъэу тетыгъэхэми, нэмыкIэу зэрышхэхэу агъэфедэхэрэми къагъэлъагъощтыгъэр зы нэбгырэ пае Iанэр зэрэзэгъэфагъэр ары. Лагерым ипащэ унэм къихьагъ. Сэ гъаблэм сыригъэзэгъэу сышхэмэ сшIоигъуагъ. Лагерыр зыIэ илъыр Iанэм пэтIысхьагъ ыкIи къэпIотэп умылъэкIынэу гъомылэ зэфэшъхьаф гъэшIэгъонхэр ащ Iанэм джыри къыфытыралъхьэхэу рагъэжьагъ, зи сымыIоу, зэкIэ ахэр сынитIукIэ слъэгъухэу сыщытын фэягъэ. Шхэрэм зэрилъэкIэу къысигъэлъэгъущтыгъэ зэрэтхъэрэр, а охътэ дэдэм сэ гъаблэм сигъалIэу ащ ыпашъхьэ ситыгъ. Ау ари ригъэкъугъэп лагерым ипащэ. Зэшхэхэ нэужым ащ кофе къыфахьыгъ, ежьым ащ ыдэжь ыгъэтIылъыгъагъ зэкIоцIыщыхьагъэ горэ ыкIи сэ зыкъысфигъэзагъэу къысеIо: «Къеплъ мыдэ: уишъхьагъусэу Париж дэсым печенье къыпфигъэхьыгъ!» Сэ сшIэщтыгъэ тадэжь къинагъэхэм гъомлапхъэмкIэ яIоф зэрэдэигъэр ыкIи мы печеньеу къысфаригъэхьыгъэр ыгъэжъэным пае сишъхьэгъусэ сыд фэдизэу кIиугъоен фаеу хъугъагъа. Джы мары лагерым ипащэ ар ежьым ешхы. Сэ ащ селъэIугъ: Зы печенье нэмыIэми къысэтыба, сэ ар сшхыщтэп, сишъхьэгъусэ ыцIэкIэ нэпэеплъэу къызыфэзгъэнэщт. Ау къыздэхьащхызэ, ащ зэкIэ печеньер ышхыгъ. Ащ фэдэ уахътэм хъурэр угу зэрэримыхьырэ закъом къыщымыуцоу ащ фэдэ цIыфыр плъэгъу мыхъоу охъу!» Дапоццо ащ пыдзагъэу къеIуатэ: «Джа такъикъыр ары сэ къызызгурыIуагъэр мыщ фэдэ гущыIэхэм ямэхьанэ шъыпкъэ зыфэдэр: ...Тхьэм ишIулъэгъуныгъэ тыгухэм къарилъхьагъ. Сэ а лIыр шIу слъэгъун слъэкIыщтыгъэ, сыда пIомэ сегупшысагъ: Е-о-ой, цIыф тхьамыкI, о шIу узылъэгъун зылъэкIын цIыф уиIэп. Джэгъогъу щэхъу тыдэкIи уплъагъэкIи плъэгъунэп! Тхьэм сырибынэу сыщытыныр

сыдэу сэрыкIэ тхъагъуа!» КъыжъугурыIуагъа шъо къышъуфэсIуатэрэм имэхьанэ? Дапоццо лагерым ипащэ ыгу ригъэгъун ыкIи шIу ылъэгъун ылъэкIыщтыгъэ. А лIым изекIуакIэ ащ ыгу къыхэуIэщтыгъэп. Лагерым ипащи ар къыгурыIуагъ: ар къызыщыхъушъути, унэм илъэтыгъ! Заом ыуж Дапоццо ащ ыдэжь кIуагъэ. Адрэр щтэм къыхэкIкIэ кIыфыбзэ хъугъэ: «ОсшIагъэр сэбгъэпщыныжьынэу укъэкIуагъ, арыба?» «Ары, – ыIуагъ Дапоццо, – сэ ар озгъэпщыныжьымэ сшIоигъуагъ. Сэ сызыфэягъэр кофе зы чашкэ уадэжь сыщешъонэу ары. Торт къызыдэсхьыгъ, арышъ, Iанэм тызэдыпэтIысхьанышъ, тызэдэшхэщт!» Джащыгъум а лIым къыгурыIуагъ: «Исус зи-Зиусхьан цIыфым адрэ цIыфыр ыуджэгъун ылъэкIыщтэп, ащ ыгу зыми ыгъэпIэжъгъэищтэп, сыда пIомэ Тхьэм ишIулъэгъу ащ зэкIэ ыгу зэлъиштагъэ.

Къэлэшхом сыридин пащэу сыщытыти бэрэ къысэтхьаусыхылIэхэу зэхэсхыгъэ: «Сэ сизэкъо шъыпкъ. Зыми сэ шIу силъэгъурэп!» Ащ нахьыбэкIэ ащ фэдэ гущыIэхэр зэхэсхынхэ слъэкIыщтыгъэп. Ащ фэдэу къызыщыхэкIырэм мырэущтэу ясIомэ сшIоигъу: «Адэ оры? Тыдэ щыIа а цIыфэу мыщ фэдэ гущыIэхэр о къыозыIолIэн зылъэкIыщтыр: Сэ ащ гукIэгъугъэ къыздызэрихьагъ!? ШъошIа шъо, мыщ фэдэ зекIуакIэр делагъэу ары сэ зэрэслъытэрэр, сыда пIомэ дунаим шIулъэгъу темылъыжьэу аIоу тхьаусыхэхэу зэхэохы, етIани ежьыр шъыпкъэхэр мылым фэдэу чъыIэх, хэти гуфэбагъэ памыгъохэу! Ащ фэдэ IэдэбынчъэгущыIэхэр къысфэжъугъэгъух, сыда пIомэ сыкъызыщыхъугъэр ыкIи сызыщапIугъэр Рур хэкур ары, ащ джарэущтэу гущыIэ хафэхэр къыщаIохэу бэрэ зэхэпхыщт.

Сэ ар къызызгурэIом, зэкIэми шIулъэгъу афысиIэнэу тесыубытагъ. Ау мыщ дэжьым гу лъыстагъ ар къэдгъэлъэгъон зэрэтымылъэкIырэм. КъэпIон умылъэкIынэу тэ тыгу ежьыр закъом шIу зелъэгъужьы. ЩыIэх цIыфхэр шIу плъэгъун плъэкIыхэу, сыда пIомэ ахэр гум рехьых. Ары шъхьаекIэ, адрэ цIыфхэу тыгу римыхьыхэрэр?

Сыгу къэкIыжьы лэжьэкIо-коммунист горэм сызэрэдэгущыIэгъагъэр, мары ащ къысиIогъагъэр: «Тэ Шанхай тызэкIом, ащ тыщыIэзэ, кулихэм ядемонстрацие тыхэлэжьагъ!» Ау ащ къыIуагъэм десымыгъаштэу мырэущтэу есIуагъ: «Ар дэгъу дэд! Адэ уигъунэгъу сыдэу уфыщыта?» Мо лIым зыфэмыщыIэжьэу ыжэ къыдэлъэтыгъ: «Ащ сыIорэкIэри, езгъэлъэгъущт ифэшъуашэ!» КъыжъугурыIуагъа? «Чыжьэу щыIэ цIыфхэр шIу плъэгъунхэр, –

ар ащ фэдизэу къинэп, ау «уигъунэгъу шIу плъэгъуныр», – ар нахь къиныIу.

Арышъ, зэрэхъурэмкIэ ыкIи сэ зэрэслъытэрэмкIэ, дунаир фэшъхьафэу гъэпсыгъэу хъун зилъэкIыщтыр сигъунэгъухэу, ахэмэ ащыщ шэн щэчыгъуае зиIэхэу, щынагъоу щытхэри зэрар къысэзыхымэ зышIоигъохэри шIу зыслъэгъухэкIэ ары ныIэп. Сэ сизакъоу ар скIуачIэ къыхьын ылъэкIыщтэп. Ар Тхьэм итынэу щыт. Синыбджэгъухэр, шъыпкъэ, ар псынкIэгъо Iофэу щытэп, сыда пIомэ сэ сшъхьэкIэ ар сыушэтыгъэ Iофэу щыт: Исус тищыIэныгъэ зыхэхьэ нэужым, Ащ тэ Тхьэм тырегъэшIужьы ыкIи ащ нэужы тигъунэгъуми тыригъэшIужьынэу фай. Ар лъэшэу лыузэу мэхъу, сыда пIомэ Ащ къытегъэлъэгъу тэ тызэрагъэгумэкIырэм нахьи нахьыбэу тэри ахэр тэгъэгумэкIых. Джащ къыхэкIкIэ ежьхэм нахь къин къащэхъу тащэчыныр. Исус сшIэу зыхъугъэм къыщыублагъэу Ащ къысегъэлъэгъу адрэ цIыфхэм афэгъэхьыгъэу мызэфэ зекIуакIэу къысхафэхэрэр. Джащыгъум нахь Iофышхо къытфэхъу КъэгъэнэжьакIор къащым зэрэтелIыхьагъэр ыкIи типсэкIодшIагъэхэр Ащ къызэрэтфигъэгъугъэхэр.

КъыжъугурэIуа шъо къышъуфэсIуатэрэм имэхьанэ? ДунаимкIэ анахь зэхъокIыныгъэшхор зышIырэр Исус ары, ау Ар тыгукIэ тштэн фае! Джащ пае сызэрэшъолъэIурэр зэкIэ мы къышъуфэсIуатэхэрэм шъукъызэрядэIурэм имызакъоу, Исус шъуишъыпкъэу шъугукIэ шъуштэнэу ары. Сэ къыжъудэхъумэ сшIоигъуагъэр мырэущтэу шъо къашъуIоу зэхэсхыныр ары: «Сэ Исус къэзгъотыгъ! Ежьыми сэ сыкъигъотыгъ!»

## ЗЭКIЭРИ ЗЭХЪОКIЫГЪЭ ХЪУН ФАЕ, АУ СЫДЭУЩТЭУ?

СикIэлэгъум илъэхъан лъэшэу агу пыщагъэу зэкIэри заджэщтыгъэхэр джы ащыгъупшэжьыгъэ тхакIоу Макс Эйт ытхыгъэ къэбар кIэкIхэр ары. ИсэнэхьаткIэ ар инженерэу щытыгъ ыкIи итхылъхэр ытхынхэмкIэ анахьэу ыгъэфедэщтыгъэхэр техническэ лIэшIэгъум ипэублэ итарихъ къыхихыщтыгъэхэр ары. Къэбар кIэкIхэм ащыщ горэм ыцIагъэр «ЫгукIэ зыфэщагъэм итхьамыкIагъу» ыIоу ары. Ащ къыщиIуатэщтыгъэр зэгорэм инженер ныбжьыкIэм пшъэдэкIыжьышхо зыпылъ пшъэрылъ къызэрэфашIыгъагъэр ары. Псыхъом, хытIуалэм нахь яхьыщырым лъэмыдж тырилъхьан фэягъэ. Мыщ фэдэ псыхъом телъ лъэмыджыр гъэпсыгъэн фаеу зыхъукIэ, хыр къызэрэдэкIуаерэри зэреохыжьырэри, уфэсакъызэ къыдэплъытэнхэ фае. Джы щыIэ амалхэм афэдэхэр техническэ лIэшIэгъум ипэублэ щыIагъэхэп. Къэхъуихъужьи, инженер ныбжьыкIэр а лъэмыдж ин дэдэм ишIын фежьагъ. Ар хьазыр зэхъум, корреспондентхэри зэрахэтхэу цIыфыбэ къырагъэблагъи, чэфыгъо хэлъэу къызэIуахыгъ. ЗэкIэ газетхэм къыхаутыгъагъэх а инженер ныбжьыкIэм ехьылIагъэу. Ар цIыфхэм лъытэныгъэшхо зыфашIырэ лIы цIэрыIоу хъугъагъэ. Архитектурнэ бюро ин Лондон щигъэпсыгъагъ, бзылъфыгъэ бай къыщэгъагъ, зыфаер зэкIэ зэригъотылIэжьэу псэоу ригъэжьагъ. Ау ащ ищыIэныгъэкIэ шъэфышхо горэ, гупсэфыгъо къыримытэу иIагъ, ар зышIэщтыгъэ закъор лIым ишъхьэгъус ары ныIэп. Илъэс къэс, бжыхьэр къызысырэм, ар зыдэхъугъэр амышIэу кIодыщтыгъ, ежьым ыгъэпсыгъэ лъэмыджым дэжь кIощтыгъ ыкIи жьыбгъэшхо зыхэт хыуаер къызежьэкIэ, ощхышхом хэтэу, гумэкIышхом зэлъиштагъэу илъэмыдж лъыплъэщтыгъ. Жьыбгъэшхоу къепщэрэр лъэмыдж лъакъохэм зэратеIункIэрэр ежьым ыпкъышъолкIэ зэрэзэхишIэщтым фэдэу, ащ зэхишIэщтыгъ. ИкIэрыкIэу ащ хьисапхэр пчъагъэрэ къыридзэжьыщтыгъэх, тэрэзэу къылъытэгъа мыр, лъакъохэр икъунэу пытэхэу ыгъэпсыгъа, жьыбгъэм ыкIуачIэ тэрэзэу къыдилъытэгъа? Хыоешхохэр зыуцужьхэкIэ, ар ядэжь Лондон къэкIожьы, лъэкIышхо зиIэ цIыфэу, къалэм ищыIэныгъэ чIыпIэу инэу щиубытырэм щыпедзэжьы. Хэти ышIэрэп ар гумэкIыгъом ренэу зэрэзыIэкIимытIупщырэр: «Лъэмыджыр тэрэзэу згъэпсыгъэн шъуIа? Ипытагъэ цыхьэ-

шIэгъоу щыт шъуIа?» Гъэпсэфыгъо къезымытрэ а гумэкIыгъохэр ащ ишъэфышхоу щытыгъэх. Макс Эйт гур ыгъэкIэзэзэу къетхы ащ фэдэ чэщ шIункI горэмэ ащыщым ар гумэкIым зэлъиштагъэу илъэмыдж дэжь зэрэщытыгъэр. Елъэгъу ащ лъэмыджым мэшIокур техьагъэу зэрэрыкIорэр. Джыри ащ елъэгъу аужырэ вагоным иостыгъэ нэфыхэр, ау зэкIэм ахэр хыуаем игъохъо макъэ хэкIодагъэх. Ащ лъыпытэу къыгурыIуагъ: мэшIокур лъэмыджэу зэхэкъутагъэм ефэхи, хъушIэрэ хым хэфагъ. Лъэмыджыр ыгузэгу дэжь щызэпыутыгъ.

СыкIэлакIэу а къэбарым сызеджэм, семыгупшысэн слъэкIыгъэп: «Адэ тэ тащыщ пэпчъыба ар зэхьылIагъэр?» Тэ зэкIэми тищыIэныгъэ илъэмыдж тэгъэпсы. Загъорэ чэщ мычъыехэр къытэкIухэмэ, ащыгъум нафэ тэ тищыIэныгъэ тэрэзэу зэрэтымыгъэпсыгъэр. Е зэгорэм лъэшэу тегъэгумэкIымэ, ащыгъум мыщ фэдэ щынагъо тапашъхьэ къиуцонкIи мэхъу: «Адэ сищыIэныгъэ илъэмыдж тэрэзэу згъэпсыгъэна? ЩыIэныгъэм ихыоешхохэр ащ ыщыIэнхэ ылъэкIыщта?» Тэри гъэнэфэгъэ шъыпкъэу тшIошъ къэхъу щыкIагъэхэр зэрэтфэхъухэрэр. ТищыIэныгъэ илъэмыдж зэрифэшъуашэу дгъэпсыгъэп! ЫкIи зэкIэми апэу сэ къышъуфэсыушыхьатымэ сшIоигъуагъэр:

## 1. ЗэкIэри зэрищыкIагъэу гъэпсыгъэп

Къэлэшхом идин пащэу сызэрэщытым къыхэкIэу цIыфыбэхэм садэгущыIэзэ, а Iофыгъом ехьылIагъэу сяупчIыщтыгъ: «Къысашъуlу, зэкIэ шъуищыIэныгъэ зэрэгъэпсыгъэн фаем фэдэу гъэпсыгъа?» – етIанэ зы нэбгырэ горэми ищыIэныгъэ гъэпсыгъэ зэрэхъугъэм ыгъэразэу къысиIонэу сырихьылIагъэп. Хьау! Бэ мэхъу фэшъхьаф шIыкIэ шъыпкъэкIэ гъэпсыгъэн фаер! Шъыпкъэ, сэ къышъосIон слъэкIыщт чIыпIэ махэу шъуищыIэныгъэ илъэмыдж иIэр. Ар шъори шъошIэба шъуищыIэныгъэ щыщэу зэхъокIыгъэн фаер бэ зэрэхъурэр.

Джащыгъум огъу-огъоу шъо тешъоубытэ: сэ зэхъокIыныгъэ зыфэсшIын фае! МыщкIэ ыкIи мощкIэ нахьышIум ылъэныкъокIэ зэхъокIыныгъэ сэ сшъхьэкIэ сфэхъун фае! КъашъуIо: шъо шъуицыхьэ телъа ащ фэдэ цIыфым зэхъокIныгъэ зыфишIын ылъэкIыщтэу? Хьау, зытет шъыпкъэмкIэ къэпIон хъумэ, цIыфым ежьым ышъхьэкIэ зэхъокIыныгъэ зыфишIын ылъэкIыщтэп! Ащ

ехьылӀагъэу Библием гъэнэфэгъэ шъыпкъэу къыщеӀо: «Эфиопием щыщ цӀыфым ышъо зэрихъокӀын ыкӀи хьашыумышым ыкӀышъо къолэныр зэблихъун ылъэкӀыщта? Джащ шъуфэдэкъабз шъори: ер шъушӀэныр шъуишэнымэ, адэ шъо шӀу шъушӀэным зыфэжъугъэсэжьын шъулъэкӀыщта?» ЗекӀокӀэ-шӀыкӀэ тэрэзхэр къахэфэнхэм цӀыфхэр пылъых, шӀу ашӀэнэу гухэлъ яӀ, ау зы нэбгырэ горэми ежь-ежьырэу зэхъокӀныгъэ зыфишӀын ылъэкӀыщтэп. ГущыӀэ пхъашэх ахэр! Сэ бэрэ сызыӀукӀэн фае хъурэ цӀыфхэу зищыӀэныгъэ илъэмыдж тэрэзэу мыгъэпсыгъэхэм лъэшэу сыгу ягъоу апашъхьэ сит. Ахэр гумэкӀыгъошхом хэтхэу сэ къысэупчӀых: «Сыда адэ тшӀэмэ хъущтыр? Тэр-тэрэу зэхъокӀныгъэ зыфэтшӀын тлъэкӀыщтэп!» Ары, джары шъыпкъ зэрэщытыри: хэтэкӀоным дихьыхыгъэ цӀыфым ежь-ежьырэу гу къабзэ зыфишӀыжьын ылъэкӀыщтэп. ПцӀыусхэри шъыпкъаӀохэу хъужьынхэ алъэкӀыщтэп. Зышъхьэ щэхъу шӀу зымылъэгъухэрэр цӀыфхэм афэгумэкӀыхэу хъунхэ алъэкӀыщтэп, ау зытетым фэдэу къэнэжьызэ, зэхъокӀыгъэ хъугъэу закъышӀуагъэшӀыным пае охътэ гъэнэфагъэм къыкӀоцӀ гукӀэгъу зыхэлъ цӀыфхэ фэдэу зыкъарагъэлъэгъун алъэкӀыщт ныӀэп. Мызафэми зафэу зишӀыжьын ылъэкӀыщтэп. ШъуищыӀэныгъэ илъэмыдж имэхэпӀэ чӀыпӀэ сэ шӀэу щытыгъэемэ! Ау Тхьэм ар къышъуигъэлъэгъун ылъэкӀыщт.

Библием тынаӀэ зытырытигъадзэрэ шъыпкъэгъэшхоу ар щыт. Сэ сиеплъыкӀэхэр арыхэп къышъуфэсӀуатэхэрэр, Тхьэм игущыӀэ къыӀуатэхэрэр арых нахькӀэ. Шъыпкъэгъэ гъэшӀэгъон Библием къыӀуатэрэр. Ащ мары къыӀорэр: щыӀэныгъэр къэзытырэ Тхьэм дунаим къытфигъэкӀогъэ Ыкъо зэкӀэ тищыӀэныгъи зэрихъокӀынхэ ылъэкӀыщт! Ар фэшъхьаф гори арымырэу Ежьым Ыкъоу, Зиусхьанэу Исус ары!

## 2. ЗэкӀэри зэхъокӀыгъэ хъун ылъэкӀыщт

Синыбджэгъухэр, христиан шӀошъхъуныгъэр зэщыгъоу цӀыфхэм зэралъытэрэр чылысыр ара зилажьэр? Сэрымэ, мары зэрэслъытэрэр: тэ тыкъигъэнэжьыным пае Тхьэм ежьым Ыкъо дунаим къызэрэтфигъэкӀуагъэм нахьи нахь узыӀэпызыщырэ къэбар щыӀэп! А Исус гущыӀэ хьалэмэтых къыӀохэрэр: «Мары, Ӏоф пстэури кӀэу сэшӀыжьых». Ары, ежьыр шъыпкъ ныӀэп цӀыфхэм зэхъокӀныгъэ афэзышӀын зылъэкӀыщтыр!

Сэ слъэгъугъэх ешъуакIощтыгъэхэу а нэшэнэ гоIуджэр зыхэзыгъэзыжьыгъэхэр. Ежьхэм ашъхьэ ащэхъу шIу зымылъэгъущтыгъэ ныохэу зизекIуакIэкIэ цIыфхэм зязыгъэуджэгъужьыгъагъэхэр зэкIэм зэхъокIныгъэ афэхъугъ ыкIи ежьхэм афэшъхьафхэм афэгумэкIыхэу рагъэжьагъ. ЩыIэкIэ-псэукIэ шIоим къыхэмыкIыщтыгъэ хъулъфыгъэхэр укъэбзыжьыгъэхэ хъугъэх. Исус цIыфхэр зэрехъокIых! Исус адэжь къызыкIокIэ – зэкIэри гъэкIэжьыгъэ мэхъух! Ар пшысэп. АщкIэ щысэ бэдэдэ сэ къышъуфэсIотэн слъэкIыщтыгъэ.

Джащ къыхэкIэу тэ, тищыIэныгъэ илъэмыдж щыкIагъэхэр зэрэфэхъухэрэр къызыгурыIохэрэмкIэ, а КъэгъэнэжьакIор тищыкIагъ. Тэ тищыкIагъ Зиусхьанэу Исус, христиан диныр арэп, Христосыр ары нахькIэ тищыкIагъэр! КъызыгурыжъугъаIу: тэ тызыфыщыкIэрэр диныр, догмэр, чылыс Iоф зехьанхэр арыхэп, КъэгъэнэжьакIор псаур ары нахькIэ. Ар мыщ щыI! Непэ Ащ шъо зыфэжъугъэзэн ыкIи тхьамыкIэгъо чIыпIэу шъузэрыфагъэр къыфэшъуIотэн шъулъэкIыщт. Джары къэбар хьалэмэтэу сэ къышъуфэсIуатэрэр зыфэдэр!

Джыдэдэм къышъуфэсIотагъэр щысэхэмкIэ къыжъугурызгъэIонэу фиты сыкъэшъушI. Джырэблагъэ Мюнхен сыкIуи тхьамафэрэ сыкъэтыгъ. Ащ ианахь чIыпIэ шIагъохэм ащыщыр къалэм игупчэ дэт парк ин дэдэу Инджылыз чъыгхатэкIэ заджэхэрэр ары. Сызэрысыгъэ хьакIэщыр паркым пэмычыжьэу щытыгъэти, пчэдыжь къэс ащ сэ сыдахьэщтыгъ. Ащ идэхьапIэ дэжь псыхъожъые блэчъыщтыгъ пхъэ лъэмыдж цIыкIу телъэу. А лъэмыдж цIыкIум исэмэгубгъукIэ зэпыгъэIыпIэ иIэу, ащ псыр къибыжъутыкIэу зэпырычъыщтыгъэ. Зэгорэм слъэгъугъэ а чIыпIэу псыр зыщызэIукIэрэм архъуанэ щыхъугъэу, ащ ипсыкорен пхъэ тыкъыр ифагъэу хъураеу къызэрэщечъэкIырэр. Сэ охътабэ сиIагъэти, шIукIаерэ сылъыплъагъ а пхъэ тыкъырыр хъурэябзэу псы архъуанэм къызэрэщечэрэгъокIырэм, зыпарэкIи ыпэкIэ лъыкIотэн ымылъэкIэу. Загъорэ къыпшIошIыщтыгъ ар псычэрэгъум IэкIэкIынышъ, ыпэкIэ чъэрэ псыорым хэфэн ылъэкIыщтэу. Ау мары джыри ар псычэрэгъум къызыхиубытэжьыти, ежь къызэречъэкIырэм игъусэу къызыдырихьакIэу ригъэжьэжьыщтыгъ. ЯтIонэрэ мафэм а чIыпIэм сыкъызыIохьэм, пхъэ тыкъырыр джыри архъуанэм къыщырихьакIыщтыгъ ащ ыпэрэ мафэм фэдэ къабзэу. ЫбгъукIэ ущытэу укъызеплъыкIэ, ар псыорым хафэмэ шIоигъом фэдэу къыпщыхъущтыгъэ. Ау ренэу ар псыкореным

къызылъикъудыижьыщтыгъ. Ар шъо къызышIожъугъэшIын шъолъэкIа? А чIыпIэм блэчъыщтыгъ псыор кIочIэшхо, ежь пхъэ тыкъырыр чIыпIэ икощыкIын ымылъэкIэу, псыкореным зыIэкIимытIупщэу ыгъэчэрэгъузэ къырихьакIыщтыгъ.

ЦIыфхэм янахьыбэмэ ящыIэныгъэ джары зэрэгъэпсыгъэр. ЗэкIэри а зы чIыпIэм имыкощыкIэу хъураеу къезэрэхьакIых: а зы псэкIодшIагъэхэр, а зы фэныкъоныгъэхэр, зытетыгъэм тетэу джыри щыIэныгъэм агу зэрэпыугъэр. А зы щыIэкIэ зэкIэлъыкIуакIэр, а зы чIыпIэу зэрымыкощыкIыхэу хъураеу къызыщакIухьэрэр! Ау ахэмэ блэгъэдэдэу блэчъы псыорышхоу Тхьэм Ыкъоу Исус ылъэныкъокIэ къикIырэр. А Исус ары тэщ пае къащым телIыхьагъэр. Сыдэущтэу шъо шъуеплъыра, Тхьэм Ежьым Ыкъо ащ фэдиз къин ылъэгъузэ аригъэгъэлIагъэмэ, ащыгъум ащ унаIэ зытебгъэтын фае горэ хэлъба, шъо джыри ар икъоу къыжъугурымыIорэ нахь мышIэми! ШъугукIэ Ащ ынэгу шъукIаплъ. Мэхьанэ гъэнэфагъэ горэ ащ къикIын фае! Ащ аукъодыеу ублэкIын плъэкIынэу щытэпи! Ар къызыгурыжъугъэIоным пае шъо зэкIэ амалэу ыкIи шIыкIэу шъуIэкIэлъыр къызыфэжъугъэфедэнхэ фае! Ащ нэужым ящэнэрэ мафэм Тхьэм Ар лIагъэхэм къахигъэтэджыкIыжьыгъ. Шъхьафитыныгъэм ипсыор Исус къыпкъырэкIы. Ау тэ, джа пхъэтыкъырэу псы архъуанэм икIын зымылъэкIэу къыщырихьакIырэм тыфэдэу, хъураеу зытэгъэчэрэгъу ныIэп, чIыпIэ тимыкощыкIэу. Джащыгъум сэ Инджылыз чъыгхатэм сыдэтэу сегупшысэгъагъ: мыщкIэ ищыкIэгъэ закъор а пхъэ тыкъырым тIэкIу уеIункIэнэу ары ныIэп, джащыгъум ар псыорым хэфэщт. Ау псым сыхэмыфэу ар чIыпIэ изгъэкощыкIын слъэкIынэу сыщытыгъэп. Ау тэ тыпхъэ тыкъырэу тыщытэп. А лъэбэкъоу тыдзын фаер егъашIэми тызыхэт чIыпIэ имыкощыкIыным тыхэкIэу щыIэныгъэм ипсыорэу рихьакIырэм тыхэбэкъоным фэкIорэ лъэбэкъу. А псыорэу Тхьэм ыкъо ылъэныкъокIэ къикIырэм тэ тыкъигъэнэжьынэу щыт ыкIи джащ пае лъэбэкъу тэр-тэрэу тыдзын фае. ЕтIанэ тэ тлъэгъущт Ежьым Тхьэм а чIыпIэ къиным тызэрэрищыжьырэр! Джы къышъосIон фаеу сипшъэрылъ: а лъэбэкъур шъоршъорэу шъудзын фае! ЕгъэшIэрэ чIыпIэ имыкощыкIым тыкъикIынышъ, Исус ылъэныкъокIэ къикIырэ псыорэу тыкъэзыгъэнэжьыщтым тызэрэхэхьащт лъэбэкъур тэр-тэрэу тыдзыным Тхьэм тыкъызэрэфиIэтырэр гъэнэфагъэу зэхэзышIэрэ цIыфхэр щыIэх!

## 2. Арэу хъугъэми, фэшъхьафми

Библием къыщиIотэрэ тхыдэ заулэхэмкIэ сэ ар къыжъугурызгъаIомэ сшIоигъуагъ: апостолэу Паул аубытыгъэу Кесарием ихьапсэ горэм чIагъэтIысхьанэу къащэгъагъ. А къалэ дэдэм Рим щыщ хэбзэ Iэшъхьэтетым иIофшIэпIэ унэшхор. Иудеим ипачъыхьэ Агриппэ ишъхьагъусэу Вереникэ кIыгъоу Рим къыгъэкIогъэ Iэшъхьэтетэу Фест ыдэжь къэкIогъагъ. Паул зыцIэ хьапсэчIэсым икъэбар ахэмэ зэхахыгъэу щытыгъэти, ащ къыIощтым едэIухэмэ ашIоигъуагъ. Фест ахэр ыгъэгугъагъэх ятIонэрэ мафэм ащ ригъэдэIунхэу. Джы мары Фест, Агриппэ, Вереникэ, дзэ пэщэшхохэри, къалэм итхьаматэхэри хьыкум зыщатырашIыхьэрэ унэшхом къихьэхи, анахь агъэлъапIэрэ хьакIэхэр зыдагъэтIысыхэрэ чIыпIэхэм ахэр агъэтIысыгъэх. ХьапсэчIэсэу Паул унэм къыращэнэу унашъо афашIыгъ. Ау такъикъ заулэ нахь темышIэу Iофхэр зэрэрекIокIыхэрэм зэхъокIныгъэ гъэшIэгъон афэхъугъ. Джы Паул арыгъэп агъэмысэн фаеу хъущтыгъэр, зэкIэ цIыф купыр ары нахькIэ. КъэбарышIум фэгъэхьыгъэу Паул къыIогъэ уарзэмкIэ зэрэугъоигъэхэм агуригъэIуагъ Исус зыфэдэ шъыпкъэр. Мызэгъогум ар анахьыбэу къызытегущыIагъэр псэкIодшIагъэхэр арыхэп, Тхьэм Ыкъо ары нахькIэ ыкIи хьыкумым къекIолIагъэхэм апашъхьэ къыригъэуцуагъ зэгорэм мырэущтэу къэзыIогъагъэр: «ПсыфалIэ лIэрэр садэжь къэрэкIуи ерэшъу!» «Шъо, зищыIэныгъэ ымыгъэразэхэу, етIани мыхъун зэрэшъушIагъэхэр зыдэзышIэжьхэу, хьадэгъум щыщынэхэрэр, Тхьэм зыгукIэ зыфэзыкъудыихэрэр, шъукъэдаIох: Исус ыIэхэр къышъуфищэихэзэ, къышъуаджэ: «ЗэкIэ улэугъэхэу, хьылъэ онтэгъу зытелъэхэр, садэжь шъукъакIуи, гупсэфыныгъэ шъостыщт». Джаущтэу, енэгуягъо, Паул иуарзэ гъэпсыгъагъэкIэ. Ащ фэдэ шIыкIэкIэ Исусэу Ежьым ышъхьэкIэ зыIукIагъэм ищытхъушхо къедэIухэрэм апашъхьэ къыригъэуцуагъ. Паул ипсалъэ къызеухым, Фест къыриIуагъ: «Дахэу зэгъэкIугъэу о укъэпсэлъэн олъэкIы, Паул, ау о къэпIотагъэр акъылынчъагъэм фэд!» Зыпари къыгурыIуагъэп а Фестым. Библием нэбгырэ зырызхэм ягугъу къешIы, цIыфхэу зыгухэр шэм зэлъикIугъэхэм. Ары, джаущтэу хъоуи къыхэкIы – ахэмэ зыпари ахэмыхьэу, зэкIэри къячъэхыжьы. Зыгухэр шэм зэлъикIугъэхэр шъори шъухэтынхэкIи мэхъу. Джащ фэдэ цIыфэу щытыгъ зиусхьанэу Фести. Ау пачъыхьэу Агриппэ ыгъэшIагъо икъугъ хьыкумым щызэхихыгъэр ыкIи ащ игущыIэхэр сэ сымыгъэшIэгъонхэ слъэ-

кIыгъэп: «Паул, джыри тIэкIу тешIэмэ, сшIошъ бгъэхъун плъэкIыщт Христос игъогу сытехьанэу». «Джыри тIэкIу тешIэмэ», – ау ар IукIыжьыгъ. ЫкIи зэкIэри зэрэщытыгъэм фэдэуи къэнэжьыгъ. Джа Инджылыз чъыгхатэм дэт псы архъуанэм пхъэ тыкъырыр къызэрэщырихьакIырэм фэдэу зэкIэри псычэрэгъум къыщырехьакIы. Мафэ къэс а зы Iофхэм апылъхэзэ, а зы щыIэкIэ-псэукIэм хэмыкIхэзэ, джарэущтэу яхьэдэгъу къэсыфэхэкIэ мэпсэух, занкIэуи джэхьнэмым факIох. Ар псэкIодшIэнымрэ зыухыижьыгъэнымрэ афэгъэхьыгъэ нахьыпэрэ орэдыжъ. Адэ шъори шъуищыIэкIэ-псэукIэ нахьыпэм зэрэщытыгъэм фэдэу къэнэжьа? Ащыгъум Исус шъощ пае зэрэлIагъэр пкIэнчъ. Ащыгъум Тхьэм къшъуфимыгъэгъоу, шъхьафитыныгъи шъуимыIэу, Тхьэм шъуемышIужьыгъэу шъукъанэх. ЩыкIэжьырэр зы лъэбэкъу закъо шъудзыныр ары. «Джыри тIэкIу тешIэмэ, сэ христиан сыхъущтыгъэ». Ар гукIодыгъэшху: христианкIэ зэджэжьхэрэ цIыфхэр, арэу щытми, Тхьэм ибынхэу щытхэп. ХристианкIэ зэджэжьхэрэ цIыфхэр, арэу щытми, кIодыпIэм макIох. ХристианкIэ зэджэжьхэрэ цIыфхэр, арэу щытми, Тхьэм ешIужьыгъэхэу хъухэрэп.

Джы фэшъхьаф хъугъэ-шIэгъэ шъыпкъ сэ къышъуфэсIуатэмэ сшIоигъор. Зэгорэм апостолэу Паул Европэм ит къалэу Филиппи къэкIогъагъ. Чэфыгъо зыщагъотырэ чIыпIэ зэфэшъхьафхэр, театр, нэмыкIэу къэлэ тэрэз дэтыпхъэ пстэури ащ дэтыгъэх. Къэлэ тэрэз пэпчъ хьапсэ иIапхъэу щытышъ, джащ фэдэу хьапси ащ дэтыгъ. А хьапсэм Iэшъхьэтетэу иIагъ Рим идзэ пащэхэм ащыщ горэ, бэшIагъэу къытыращэгъэгъэ уIагъэхэм яхьатыркIэ, енэгуягъо, а IофшIэн рэхьатым IуагъэхьэгъагъэхэкIэ. Библием къызэрэщиIуатэрэмкIэ, джа хьапсэм иухъумакIом мафэ горэм нэбгыритIу къыфащагъ, енэгуягъо ахэмэ афэдэ ныбжьи ымылъэгъугъагъэкIэ. Ахэр хьапсэчIэсхэу апостолэу Паулрэ ащ игъусэгъэ Силэрэ арыгъэх. Ахэмэ къэбарышIур къалэм щагъэIущтыгъ. Ау ащ фэдэ псалъэхэм къэлэдэсхэр къызэрагъэбырсырыхэрэм ыпкъ къикIыкIэ къалэм ипащэхэм рахъухьэгъагъ ахэр утын гъушъэкIэ зэхарагъэукIыхьанхэшъ, хьапсэм чIадзэнхэу. Арыти, Паулрэ Силэрэ хьапсэм ипащэ ыIэ ралъхьагъэх, пчэдыжь нэс ахэр хьапсэм щиIыгъынхэу ыкIи афэсакъынэу. Ежь хьапсэр зыIэ илъыгъэми, пшъэрылъэу фашIырэр хьалэлэу зыгъэцакIэрэ цIыфэу щытыгъэти, къариIожьыгъ: «Сакъэу салъыплъэщт! Унашъоу къысфэшъушIыгъэр згъэцэкIэщт!» Хьапсэм чIыунэ хэтыгъ идэпкъыхэм псыр къячъэхэу, джары ащ Паулрэ Силэрэ зычIидзагъэ-

хэр, алъакъохэм пхъэ лъахъэхэр атырилъхьагъэх. А лIым сыд фэдэ дин ылэжьыщтыгъэр шъуIоу шъукъысэупчIыгъэмэ, джэуа шъостынгъи: шъо шъуащыщ пэпчъ ылэжьырэм фэд. Тхьэр ащ ышIошъ хъущтыгъэ, тхьэ заулэ ышIошъ хъущтыгъэнкIи мэхъу. А лъэхъанэм Рим щыпсэущтыгъэхэм ежьхэми шъыпкъэу ашIошъ мыхъущтыгъэ динхэр алэжьыщтыгъэх, тэ тиуахътэм фэдэу. Хьапсэм иухъумакIор джащ фэдэ лIэу къызышIожъугъэшI. Ау ащ нэужым хъугъэр гъэшIэгъоны. Ар икъоу къыдгурыбгъэIон тлъэкIынэу щытэп. Чэщныкъом Паул Исус щытхъу фишIызэ, орэд лъапIэ къыIоу регъажьэ. Чэщныкъор къэсыфэ, ащ къехъулIагъэм ыгъэгумэкIэу, егупшысэу щысыгъэу сэ къысшIошIы. Утын гъушъэ рахи, хьапсэм зэрэчIагъэтIысхьагъэмкIэ зэфэнчъагъэу къызыдэзекIохэм ыуж къехъулIагъэмкIэ егупшысэнышъ зигъэрэхьатыжьыным пае ащ уахътэ ищыкIэгъагъэн фае. ЦIыфыр ащ фэдэ зекIуакIэм еуцолIэныр лъэшэу къины къыщэхъу. Ау нэужым ащ ышъхьэ къихьагъ: «Ары шъхьаекIэ Исус, Тхьэм Ыкъо, Ежьым ылъкIэ сэ сипсэкIодшIагъэхэр ыпщыныжьыгъэхэба! Мыщ сыщыIэ пэтми, Ащ сыриIэрылъхьэу сыщыт!» Джащыгъум ащ орэд лъапIэр къыIоу регъажьэ. Силэ ащ къыдежъыу. Дэгъу дэд! ЫкIи ар зэкIэ хьапсэм чIэсхэм зэхахы. А орэдышъор ныбжьи хьапсэм щызэхахыгъэп. ХьапсэчIэсэу сызэрэщытыгъэм фэшI, хьапсэхэр зэрэгъэпсыгъэхэ шIыкIэм сыщыгъуаз. Ащ бгыбзэр, гъогы макъэр щыхъой, къэрэгъулхэр гукIодыгъо хафэх, мэкуох. Тхьэм ищытхъу фэсшIызэ, орэд къэсIонэу зэгорэм къызесэгъажьэм, ащыгъум къысфадэгъагъэп. Тхьэм ищытхъу пIотэным щынагъо горэ халъагъон фае джырэ хьапс къэрэгъулэхэм. Ау а пэсэрэ лъэхъанэм ащ джыри Iофыр нэсыгъэгъэн фаеп. Джы мары Паулрэ Силэрэ хьапсэм дин орэдыр къыщаIо. Шъыпкъэ, хьапсыр зыIэилъым ар ымыгъэшIэгъон ылъэкIыгъэп. Енэгуягъо, дин орэдэу къаIорэр зыфэдэм ар кIэдэIукIыгъэкIэ. Ахэмэ дин орэд къаIорэр! Адэ джы къызнэсыгъэм цIыфым ежьым и Тхьэ ышIошъ шъыпкъэ мэхъуа? ЕтIани хьапсэ зычIэсыр? Мы чIыунэ цIынэ шIункIым угу щыкIодынэу щыт. ЕтIани ахэмэ я Тхьэ ехьылIэгъэ щытхъу орэд къаIо! Ахэмэ ягупшысэзэ, хьапсэм иухъумакIо чъыенэу гъолъыжьыгъэ. Ау зэкIэм лъэш дэдэу чIыгур къэсысыгъ. Ар Тхьэм къыпкъырыкIыгъэу щытыгъ. Хьапсэм ипчъэхэр къызэIукIыгъэх, хьапсэчIэсхэм япхъэ лъэхъухэр атезыжьыгъэх. Хьапсэм иухъумакIо къызыщыхъушъути, гузажъозэ ерагъэу зифапи, зэрылъыгъэ унэм къызекIым, зэкIэ хьапсэм ипчъэхэр зэрэзэIухыгъэхэр ылъэгъугъ.

ЗэкIэ хьапсэчIэсыхэр зэбгырычъыжьыгъэхэу къышIошIи, пшъэдэкIыжьэу рагъэхьыщтым щыщынэшъи, ащ зигъэлIэжьынэу тыриубытагъ. Ау Паул мэкъэ IэтыгъэкIэ ащ еджагъ: «Лые зэмыхыжь. Тэ зэкIэри мыщ тыщыI». Библием къыщиIуатэрэп хьапсэм иухъумакIо ыгу щышIагъэр зыфэдэр. Ау ащ зэкIэм нафэ къыфэхъугъ щыIэныгъэ къэзытырэ Тхьэр зэрэщыIэр ыкIи Ащ едэIухэрэр къызэриухъумэхэрэр! ЗэкIэ ежьым ищыIэныгъэкIэ мыхъун щэхъу зэримыIуалIэщтыгъэ Тхьэ псаур щыI! ЩыI щыIэныгъэ къызыпкъырыкIырэ Тхьэр! ЗэкIэ ежьым ипсэкIодшIагъэхэр зышIэрэ ыкIи шIоигъэ зекIуакIэу къыхэфэгъэ пстэуми ащыгъозэ Тхьэр щыI! Тхьэр щыI, ау ежь кIодыгъэ псэкIодышIэ цIыф! Паул зэрысыгъэ чIыунэм ар чIэлъэдагъ, куозэ: «Сизиусхьанхэр, сыд сшIэн фаер сымыкIодэу сыкъэнэжьыным пае?» Ащ зэкIэм зэхишIагъэ Инджылыз чъыгхатэм дэт псыхъожъыем ипсыархъуанэ пхъэ тыкъырэу къыщечэрэгъокIырэм фэдэу ищыIэныгъэ зэрэхъугъэр. Джы мары ащ ыпашъхьэ упчIэр къыуцуагъ: «Сыда джы сшIэн фаер сищыIэныгъэ къэзыгъэнэжьын зылъэкIыщт псыорым сыхэфэным пае?» Тэ ащ мырэущтэу етIоныгъэкIи мэхъу: «ЗэкIэ угукIэ узыгъэгумэкIырэ Iофыгъохэр къытфиIотыкIых, зыпари пымыушъэфыкIэу!» Паул ащ игъоу филъэгъугъэр фэшъхьаф: «Исус ары о уищыкIагъэр! Зиусхьан ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зигъаIэри, ори уиунагъуи шъумыкIодэу Тхьэм шъукъигъэнэжьыщт!» Хьапс ухъумакIор Исус ехьылIагъэу ышIэщтыгъэ хъатэ щыIагъэп. Ащ къэбарэу зэхихыгъэу щытыгъэр Тхьэм игубжы, хьыкумым, джэхьнэмым, щыIэкIэ-псэукIэ мытэрэзым Исус къыхихызэ, къыгъэнэжьынхэу ары. Ау джы мары IэпыIэгъу егъоты псыорэу чъэрэм хэфэнэу. Ар Исус IэкIафэ. Ащ пыдзагъэу гур зыIэпищэу къыщетхы хьапсэ ухъумакIом Паул хьапсэм къызэрэчIитIупщыжьыгъэр, Исус ехьылIэгъэ къэбарышIум зэредэIурэр ыкIи зэкIэ ежьым ыгукIи ыпсэкIи Исус ие шъыпкъэу хъуным пае а чэщ дэдэм зызэраригъэумэхъырэр. А къэбарыр мыщ фэдэ гущыIэхэмкIэ къеухыжьы: «Тхьэр ашIошъ зэрэхъугъэм пае, ежьыри иунагъуи гушIогъошхом зэлъиштэгъагъэх». Джы ар щыIэныгъэ шъыпкъэм ипсыор хэфагъ! Джы ар Тхьэм ешIужьыгъ!

ЫпшъэкIэ къэтIотэгъэ щысэхэм къахэфэгъагъ зы нэбгырэ горэ, зыкъигъэнэжьыным пае «джыри тIэкIу зэрищыкIагъэр». ЯтIонэрэ цIыфым IэпыIэгъу фэхъун ыгъотыгъ ыкIи щыIэныгъэ шъыпкъэм ипсыор хэфагъ. Адэ шъо зыкъызэрыжъугъэнэжьыщтым фэгъэхьыгъэ къэбарыр сыдэущтэу зэрэхъущтыр?

## 4. Шъуишъыпкъэу Исус шъуфыщыт!

ЗэкIэри зэхъокIыгъэ хъун фае, ау сыдэущтэу ара? ЗэкIэми апэу анахь мэхьанэшхо зиIэр шъо шъушъхьэкIэ Исус нэIуасэ зыфэшъушIыныр ары!

Мыр зыхъугъагъэр заор аухыгъэ къодыеу ары. Гурыт еджапIэм ипащэ зэгорэм къысиIуагъ: «Зиусхьанэу дин пащэр! Заом иилъэсхэм еджапIэр къаухыгъэу кIэлэкIэ нэбгырэ 15 сиI. Ау ахэмэ яшIэныгъэ икъурэп, ахэр джыри илъэсныкъо еджэнхэ фае, ахэр авиацием идзэкIолIых. Шъыпкъэ, джыри еджэныр лъагъэкIотэным пае партым дэтIысхьажьынхэ фаеу зэрэхъурэм ахэр лъэшэу егъэгубжых. ЗыгорэкIэ о диным ехьылIагъэу ахэмэ Iоф адапшIэна?» КъызэрэсIогъагъэу, ахэмэ адэжь сэ сытещыныхьэзэ ыкIи сыкIэзэзызэ сыкIогъагъ. Джы мары сапашъхьэ исых дзэкIолIхэу дзэшъошэ пкIыжьыгъэхэр зыщыгъэхэр, Iугъомрэ гынхэмрэ зышъхьацхэр фыжьы ашIыгъэхэр. «Шъуимафэ шIух, – шIуфэс ясэхы сэ ахэмэ, – диным ехьылIагъэу сэ къышъуфэсIотэн фае». Ау сипсэлъэ пэублэ къэухыгъуи сыримыгъафэу, дзэкIолIхэм ащыщ къэтэджи, къысэупчIыгъ: «Сыдэущтэу мощ фэдэ зэо жъалымэр къырагъэжьэныр Тхьэм афидагъа?» Адрэм ащ къыпидзэжьыгъ: «Тыдэ щыIа адэ Тхьэм шIулъэгъоу цIыфхэм къафыриIэр? Джурт нэбгырэ миллион пчъагъэр газкIэ зэрагъэлIагъэр сыпари ымыIоу ещыIэба?». Джахэмэ афэдэ упчIэх къысатыщтыгъэхэр! Лъэныкъо пстэухэмкIи къикIыхэу упчIэхэр къыстыратакъощтыгъэх. АужыпкIэм сIэ къэсIэтыгъ ыкIи мырэущтэу къясIуагъ: «Зы такъикъкIэ зышъуIаж! Шъо джыдэдэм шъузыфэдэр бэщыр игъуазэу пщагъом хэтэу кIорэ нэшъур ары. Шъо шъукъызэрэгущыIэрэм фэдэу Тхьэм утегущыIэныр акъылынчъагъ. Тхьэр зыдэщыIэр хэти ышIэрэп ыкIи Ар ухъумагъэу щыт. Ар къызыщылъагъорэр Исус ары ныIэп. ТапэкIэ тылъыкIотэным пае, зэкIэми апэу зэдгъэшIэн фаеу тищыкIагъэр Исус зыфэдэр ары. Зиусхьанхэр, тизэнэкъокъу едгъэжьэным ыпэкIэ шъо Тхьэм и ГущыIэ зэжъугъэшIэн фае. Джары тэри тызыфежьэщтыр. Ащ фэшI къыкIэлъыкIорэ еджэгъу мафэм шъо шъуи Библиехэр къызыдэшъухьых». Тэри теджэу едгъэжьагъ: «КъэублапIэм дэжь Тхьэм уашъомрэ чIыгумрэ къыгъэшIыгъэх». Тэ тызэдеджагъ апэрэ псэкIодыр къызыхэкIыгъагъэм ыкIи Тхьэм цIыф лъэпкъэу кIодыгъэм хьыкум зэрэтыришIыхьэгъагъэм. Библием хэт гущыIэхэу: «О зэбгъэшIэн ыкIи пшIошъ бгъэхъун фаер Зиусхьанэу Тхьэр

IэкIыб пшIы зыхъукIэ, ор-орэу тхьамыкIагъомрэ нэшхъэигъэмрэ къызэрэзыфэпхьыжьхэрэр ары» – зыфиIохэрэр ащымыгъупшэжьынхэу ахэмэ агу къинэжьыгъэх. Ар зэхашIэ цIыф лъэпкъхэм. Ар зэхашIэ цIыф зырызхэми. Ащ нэужым тэ Исус ехьылIагъэу тызэдеджагъ! А зы еджэгъум Ащ илIакIэ ыкIи икъэхъужьыкIэ яхьылIагъэу тызэдеджагъ. Сэ сщымыгъупшэжьынэу сыгу къинэжьыгъэр зэкIэ рэхьатэу зэхэсхэу, зыр къызэреджэрэм адрэхэр агу етыгъэу едэIухэу зысэлъэгъур ары. Тхьэм рихъухьэгъэ Iофышхохэу ИсускIэ къэлъэгъуагъэхэр тэ тымыгъэшIэгъонхэ тлъэкIыгъэп. ЗэкIэ зэхахырэр ашIогъэшIэгъонэу, гумэкI-гушхуагъэм зыIэкIиубытагъэхэу кIалэхэр сапашъхьэ исыгъэх ыкIи апэрэ мафэм делэгъэ упчIэхэу къатыгъагъэхэр джы имыщыкIэгъэжьхэу зэрэщытхэр нафэ къытфэхъугъ. Ахэмэ къагурыIуагъ нахьыпэм христианкIэ зызэралъытэжьыщтыгъэр ыкIи а охътэ дэдэм Тхьэ псаоу Исус къытфезыгъэхыгъэм ыкIи зэкIэри тэщ пае зышIагъэм ехьылIагъэу зыпари зэрамышIахэщтыгъэр ары.

Арышъ, Исус ыкIи Ар къызэрэшъуаджэрэр шъуишъыпкъэу шъугукIэ шъуштэх! Исус зэгорэм мыщ фэдэ тхыдэ къафиIотэгъагъ: пачъыхьэ горэм ыкъо пае нысэщэ джэгу зэхищэгъагъ. А джэгум цIыфхэр къыригъэблэгъэнхэу иIофтабгэхэр ащ ыIофытагъэх: «Джы шъукъеблагъ, пстэури хьазыр!» Ау зэкIэми ушъхьагъу горэхэр къагъотыщтыгъэх. ЛIы горэм къариIуагъ: «Сэ сигуапэу сыкъэкIоныгъи, ау Iофышхо горэм ыуж сит». КъыжъугурэIуа, бэмэ джары зызэраухыижьырэр: «О удин пащ, о уиIоф шъхьафы шъыпкъ, сэ, коммерсантым, арэущтэу сшIын слъэкIыщтэп». Адрэу зылъагъэкIуагъэми ушъхьагъу къегъоты: «Сэ лъэшэу пачъыхьэм сыфэраз сызэрэригъэблэгъагъэм пае. Ау бэшIагъэп къызысщагъэр. Шъори къыжъугурэIо къэзэрэщэгъакIэхэмкIэ апэрэ мазэр зыфэдэр. Джащ къыхэкIэу сэ химэ Iофхэм сапылъын слъэкIыщтэп». Джаущтэу пачъыхэм къыригъэблэгъагъэхэм ащыщ гори джэгум къекIолIагъэп. Нэужым а джэгум мыкIогъэ цIыфхэм зэраIожьыщтыгъэхэр сэ къызышIозгъэшIымэ сшIоигъоу сегупшысэгъагъ: «Зытет шъыпкъэр пIон зыхъукIэ, пачъыхьэм икIалэ инысэщэ джэгу сыкIонэу къыстефэщтыгъ, ау Iофхэм сагъэохъугъ».

Шъо шъуащыщыбэхэми джарыба къяхъулIэрэр: «Зытет щыпкъэмкIэ, Тхьэм сырибынэу сыхъун фаеу къыстефэ, ау уахътэ къыхэзгъэкIырэп...» Ей, сэ сызэрэшъолъэIурэр шъуицыхьэ телъэу, шъуишъыпкъэу Исус шъуфыщытынэу ары. ЦIыфыбэхэми

аIоу зэхэохы ТхьэмкIэ шIошъхъунығъэ яIэу. Ящэнэрэ рейхым илъэхъан нэмыцхэм хэта ыкIи сыда ашIошъ мыхъущтыгъэр: фюрерыр, Германиер, текIоныгъэр къызэрэдахыщт шъыпкъэр, Iэшэ хьалэмэтыр ыкIи нэмыкIхэри. Дунаим тшIошъ тымыгъэхъужьыгъэ къытенэгъагъэп. Ау сэри зыгорэ сшIошъ мэхъукIэ икъунэу щытэп. Сэ Тхьэм сешIужьыгъэу, ар сшIошъ хъун фае. Ар къыбдэхъун зыплъэкIыщтыр Исус уиIэпыIэгъумэ ары ныIэп! Джы къышъуфэсIуатэмэ сшIоигъор шIошъхъуныгъэр зылIэужыгъор ары. Щысэ заулэхэмкIэ ар къыжъугурызгъэIощт.

Дин пащэ сыхъугъэкIэ къодыягъ гукIодыгъоу щыт чIыпIэ горэм ит унагъо пэпчъы сарыхьан фаеу зэхъум. Сыд фэдэрэ унагъо ыдэжь сыкIуагъэми, сапашъхьэ япчъэхэр къыщызэфашIыжьыщтыгъэх мырэущтэу къысаIозэ: «Тэ зыпари тщэфырэп!» Ау сэ сятхьагъэпцIэкIызэ, псынкIэу слъакъо пчъэшъхьаIум тезгъэуцощтыгъэ ыкIи ащ лъыпытэу ясIощтыгъэ: «Сэ зыпари сщэрэп, ау шъощ пае шIухьафтын горэ зыдэсIыгъ! Сэ – сыдин пащ». – «ТищыкIагъэп дин пащэуи», – къысатыжьыщтыгъ джэуап. Зэгорэм фэтэр горэм сыкIуагъ. Пчъэр къызэрэIусэхэу пщэрыхьапIэм сифагъ. Унэ кIоцIым зэкIэгубжыхьагъэу кIалэ горэм модкIэ-мыдкIэ къыщызэпичъыхьэщтыгъ. «УимафэшIу!» – есIуагъ сэ ащ. ЗэхэшIыкIыгъуаеу ежьым джэуапышъо горэ къыситыжьыгъ. «Сэ КъэбарышIур цIыфхэм алъысэгъэIэсы, сыдин пащ» – зезгъэшIагъ кIалэм. Ар къызэтеуцуи къыстекууагъ: «Ухэт? Удин пащэуи? Ара джы сэ анахьэу сищыкIагъэр? УкI мыщ дэжьым! Сэ зыпари сшIошъ хъужьырэп, цIыфхэм цыхьэ афэсшIыжьырэп». Енэгугъо, кIалэм гухэкIышхо горэ иIагъэкIэ. Сэ ащ джэуап естыжьыгъ: «А кIал, IаплI зэтэгъэщэкI! Сэри цIыфхэм сицыхьэ ателъыжьэп! Арышъ, орырэ сэрырэ дэгъу дэдэу тыкъызэкIу». «Сыдэущтэу? – къысэупчIыгъ ар, зэхихырэр ыгъэшIагъозэ. – О удин пащ ыкIи джащ къыхэкIэу цIыфым яцыхьэ телъыным ищытхъу пIотэнэу уипшъэрылъыба». – «Арэущтэу оIуа? – джэуапым ычIыпIэкIэ ащ сеупчIыгъ, – гухэкI нахь мышIэми, а цыхьэу афэсшIыщтыгъэр джы сэ сиIэжьэп. Сэ заом сыщыIагъ. Сыгу къэкIыжьы ащ щыслъэгъугъэ Iэегъэ-шIоигъэхэр, зекIокIэ дэйхэр зэкIэ ыкIи зы нэбгырэ горэм адрэм шIу къыдэхъумэ зэрэшIомыигъор. Хьау, тхьауегъэпсэу, цIыфым сицыхьэу телъыгъэр зэбгырытэкъугъэ!» – «Ары шъыпкъэ, – еуцолIэжьыгъ кIалэр, – ау ащыгъум сэ къызгурыIорэп дин пащэу узкIэлажьэрэр?! «Ей, – сIуагъэ сэ, – егъашIэми зэбгырымытэкъужьыщт шIошъхъуныгъакIэ сэ сиIэ

хъугъэ!» – «Ыхьы, сшIэмэ сшIоигъуагъ ар зыфэдэ шIошъхъуныгъэр!» Сэри а кIалэм КъэбарышIум ехьылIагъэу къыфэсIотагъ: «ТыкъэгъэнэжьыгъэнымкIэ амал закъоу щыIэр чIыгум къытфыригъэхыгъэ Исус Христос икъу шъыпкъэу уицыхьэ тебгъэлъыныр ары!» – «Исусуи? – ыгъэшIэгъуагъ ащ. – Ар христиан диныр арыба! Сэ къысшIошIыщтыгъ ащ иIоф бэшIагъэу ашIэгъахэу, ар щымыIэжьэу». – «Сыдэущтэу щымыIэжьэу, Iофхэм язытет фэшъхьаф шъыпкъ, сыд фэдэрэ фэшъхьаф шIошъхъуныгъи зызэбгырытэкъукIэ, а шIошъхьуныгъэр ары къежьэрэр!»

Сыд фэдэрэ фэшъхьафырэ шIошъхъуныгъэхэр IэкIыб шъушIыхэу ИсускIэ шIошъхъуныгъэ шъуиIэ хъуным сыдэу сэ сыфэягъ.

Заор аухыгъакIэу машинэжъ цIыкIу Р4-м фэдэ сщэфыгъагъэ, сыда пIомэ бэрэ къэскIухьан сыгу хэлъыгъ. А машинэ цIыкIум сисэу, мэкъэшхор пыIукIэу чIыпIэ горэм сызыIохьэм, синыбджэгъухэм ащыщ горэм ыгъэшIагъозэ къысиIуагъ: «Ей-ей, дин пащэр, рулым IутIысхьагъ! Джы зэкIэ чъыгхэм шэкIы шъабэ къятщэкIын фаеу хъущт!» «Сыда ар зытепIуахырэр, машинэр зесфэн сымылъэкIынэу къыпшIошIа?» – сеупчIыгъ ащ сыгубжыгъэу. «Хьау, машинэр зепфэнымкIэ фитыныгъэ уиIэба!» «Адэ ащыгъум къитIысхьи, гъогум тытегъахь!» – есIуагъ сэ ащ. «Хьау, хьау, тхьауегъэпсэу, сэ джыри осыет къэсшIыжьыгъэгоп», – къезэгъыгъэп ар. А уахътэм сишъхьэгъусэ къыткIэлъырыхьагъ. «КъитIысхь, укъесщэкIын», – есIуагъ сэ ащ. Емыхъырэхъышэжьэу ар симашинэ къитIысхьагъ ыкIи джы къызынэсыгъэми псаоу щыI. Симашинэ къызитIысхьэгъэ уахътэм къыщегъэжьагъэу ащ зыкIи темыщыныхьэу ищыIэныгъэ сIэ къырилъхьагъ. Джащ фэдэ къабзэу шъори Исус шъуфыщытын фае. ШъуищыIэныгъэ зэрэщытэу Ащ ыIэ ишъулъхь!

ЯтIонэрэ дунэе заом илъэхъан ехьылIэгъэ къэбар гъэшIэгъон горэм джырэблагъэ седжагъ: Сталинград къыщыжъорэ заом урысыдзэм нэмыцхэу къыуцухьагъэхэм азыфагу аужырэ нэмыц къухьэлъатэр къызэрибыбэгъагъэр ары. А къухьэлъатэм дзэкIолI уIагъэхэу ифэн ылъэкIыщтыр къырагъэгъолъхьэгъагъэх. Ау мары джыри ащ къекIуалIэх уIэгъэ псынкIэ зытельхэри чъыIэм ыстыгъэхэри – ахэри къэнэжьхэмэ, къухьэлъатэм ифэхэмэ ашIоигъу. Ау ащ ифэщтым фэдиз рагъэтIысхьагъах. Джащыгъум ахэмэ къухьэлъатэм щыщ пкъыгъоу IэкIэ аубытын алъэкIыщтхэм запагъанэу рагъэжьагъ: пчъэкъопсыхэми щэрыхъхэми ... ыкIи къухьэ-

лъатэм зиIэтыгъ. ЕтIанэ ар къызыдэбыбырэ чIыпIэм къынэси, къызэтIысыжьым, ащ зыпызыгъэнэгъагъэхэм ащыщ гори къэмынэжьыгъэу къычIэкIыгъ – зэкIэ ахэр жьыбгъэшхом пихыгъэх. Къэнэжьыгъэхэр къухьэлъатэм ыкIоцI исыгъэхэр арых ныIэп.

Джащыгъум сэ сыфай-сыфэмыеми сегупшысагъ: Тхьэм ЫкъоуИсус тэщ пае лIэгъэу ыкIи лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэм ехьылIэгъэ КъэбарышIур а къухьэлъатэу къафэзыгъэнэжьырэм фэд. Ащ уитIысхьэмэ, чIыпIэ кIодыпIэм укъикIыжьын плъэкIыщт. Хэти фэхъун чIыпIэ ащ иI. Ау сыдэу бэ хъухэра ащ ыкIоцI имытIысхьагъэхэу зыпызыгъэнэрэ къодыехэр: Христос къызыхъугъэ мафэм щэхъу чылысым мыкIохэрэр; аумэхъыгъэхэу, ау сыд илIэужыгъоми зыгорэм шIошъхъуныгъэ фызиIэхэр. Ау ахэр зылIэхэкIэ, дин пащэм къафиушыхьатын фае ахэр цIыф зафэхэу ыкIи хьалэлыхэу зэрэщытыгъэхэр. КъыжъугурэIуа шъо къасIомэ сшIоигъор? Бэ мэхъух джыри къухьэлъатэм зыпызыгъэнэрэ къодыехэу, ащ имытIысхьагъэхэр. Шъуицыхьэ тежъугъэлъ зэкIэ ахэр жьыбгъэшхом зэрэпихыщтхэм! Зыкъэзыгъэнэжьыщтхэр ащ итIысхьагъэхэр арых ныIэп! Адэ шъо ащ шъуитIысхьагъа?

Исус зышIэщтыгъэхэу, ау Ащ ыдэжь мыкIогъэ цIыфхэр джэхьнэмым зэкIэ ифэщтых. КъыжъугурэIуа? Исус пшIошъ хъуным къикIырэр Ащ ыдэжь уихьаныр ары. Шъуихь Ащ ыдэжь! ЗыкIи шъуемыхъырэхъышахэу шъуищыIэныгъэ зыIэ ишъулъхьан шъулъэкIыщт закъоу джары ныIэп щыIэр.

Сипсалъэ икIэухым шъо шъуинэплъэгъу ыпашъхьэ къизгъэуцомэ сшIоигъор Исус зыпалъэгъэгъэ къащыр ары. КъызышIожъугъэшI тызэгъусэу Голгофэ, Ерусалим пэмычыжьэу щыт Iуашъхьэм тыдэкIуаеу. Ащ къащым щыпылъагъ Тхьэм Ыкъо. А къащым ыдэжь ары цIыфым ипсэкIодшIагъэхэр Тхьэм къызыщыфигъэгъунхэ ылъэкIыщтыр, зэкIэри зэхъокIыгъэ зыщыхъун ылъэкIыщт чIыпIэ закъоу мы дунаим тетыр.

Къалэу Любек чылысыжъ шIагъо дэт. Ащ къыщаухъумэу чIэлъ Исус къащым зэрэтыраIулIэгъагъэр къэзыгъэлъэгъорэ сурэтэу Ганс Мемлинг я 15-рэ лIэшIэгъум ышIыгъагъэр. 1942-рэ илъэсым, заор зыщыкIощтыгъэ мафэ горэм, а чылысыр мэшIошхом зэлъиштэгъагъ. Бомбэр ащ къызытефэ нэужым зыщыщ амышIэрэ дзэкIолI горэм иныбджэгъу заулэ игъусэу, ыпсэ емыблэжьэу а сурэтыр къыгъэнэжьыным пае чылысэу машIом зэлъиштагъэм чIэлъэдэгъагъэх. Заор заухыгъэм бэ темышIагъэу сэ Любек лекцие сыкъыщеджэн фаеу хъугъагъэ. Джа уахътэм искусствэхэм

ямузей идиректор сэ къысиIуагъ: «Мемлинг исурэт цIэрыIо музеим ичIычIэгъ зал чIэлъ, уфаемэ, сигуапэу къыозгъэлъэгъущт». Io хэмылъэу, ащ фэдэ амал сэ зыIэкIэзгъэкIыгъэп. Музеим идиректорырэ ащ фэшъхьафэу зы ныбджэгъурэ сигъусэхэу чIычIэгъ залым тычIэхьагъ. Сурэт хьалэмэт тапашъхьэ итыгъэр: дзэкIолIхэу пхъэдз изыдзэхэрэр, зэщымыщыбэу зэхэт цIыф купхэр, гъырэ бзылъфыгъэхэр, къадэхьащхыхэрэ нэшIошIыхэр. ЫкIи зэкIэ ахэмэ ашъхьагъ къащищмэ зыкъащаIэты. ЗэкIэм гъэшIэгъон горэм сэ гу лъыстагъ: а купэу зэхэтэу сурэтым итлъагъохэрэм агузэгу, къащым ычIэгъ уц зытет чIыпIэ нэкI сурэтышIэм къыщигъэнагъ. «Ар хьалэмэт дэдэба, – сIуагъэ сэ, – купым ыгузэгу, къащым ычIэгъ шъыпкъэ дэжь чIыпIэ нэкI иI. Сыда ащкIэ Ганс Мемлинг гу зылъытигъатэмэ шIоигъуагъэр?» Гурыт лIэшIэгъухэм ялъэхъан щыIэгъэ сурэтышIэхэм ясурэт шIыгъэхэмкIэ ренэу зыгорэм гу лъарагъатэмэ ашIоигъоу пылъыгъэх, ахэр экспрессионистхэм зыгорэмкIэ яхьыщырхэу щытыгъэх. Синыбджэгъу къызгуригъэIуагъ: «Сэ къызэрэсшIошIырэмкIэ, Исус ычIэгъ дэжь чIыпIэ нэкI къызэрэщигъэнагъэмкIэ мары ащ къытиIомэ шIоигъуагъэр: Мыщ, Исус зыпылъэгъэ къащым ычIэгъ дэжь, чIыпIэ нэкI иI, о ар уубытын плъэкIыщт!»

Сэ бэрэ сыгу къэкIыжьы а сурэтыр: «Мыщ, мы къащым ычIэгъ дэжь, / хьадэгъум ыбзэгупэ чан къыщэуцэку. / Христос иуIэгъэ куухэм / сэ ахэсэлъагъо сыкъызэрэнэжьырэр. / Ащ ыIэхэу тэ къытфищэигъэхэм / дунаим шъхьафитыныгъэ къыфахьы...» Ары, сэгушIо сэ, Исус, Тхьэм ЫкIо зыпалъэгъэ къащым ычIэгъ сэщ паий чIыпIэ нэкI иIэшъ. Шъощ паий а чIыпIэр джащ фэдэу нэкIы! Адэ а чIыпIэр егъэшIэрэу нэкIэу къэжъугъэнэщта?

# ХЬАУ, СЭРЭУ АР ОРЭМЫХЪУ!

Охътэ гъэнэфагъэ пэпчъ кIэщыгъоу къырахьыжьэрэ гущыIэ щэрыохэр щагъэфедэх, ахэр къекIухэми къемыкIухэми, ищыкIагъэхэми имыщыкIагъэхэми къаIохэу зэхэпхыщтых. Джащ фэдэу джырэ тилъэхъан анахьэу къаIорэ гущыIэхэм ащыщыр «Хьау, сэрэу орэмыхъу!» зыфиIорэр ары. А гущыIэмкIэ тэ утынхэр лъэныкъо пстэухэмкIи ятэхых, цIыфхэми ащкIэ утын ятэхы ыкIи, ары пакIошъ, тэри зытыукIыжьын тлъэкIыщт. «Хьау, сэрэу орэмыхъу!» – зыфиIорэр щыIэныгъэмкIэ лъэшэу щынагъоу щыт гущыI. Ау ащ джащ фэдэу ишIуагъи къыокIын ылъэкIыщт. Тызэгъусэу ащ тыхэжъугъаплъэба.

## 1. ЗыщищыкIэгъэ чIыпIэм ар щыдгъэфедэрэп

Библием къыщиIотэрэ пэсэрэ тхыдэ горэм джырэ тилъэхъанкIи зишIуагъэ къэкIон мэхьанэ иI ыкIи непэрэ Iофыгъоу тызытегущыIэрэм фэгъэхьыгъэ шъыпкъ. Сэ ар къышъуфэсIотэщт.

Зэгорэм шъо зэхэшъухыгъэн фае Ибрахьимэу Библием ипэублэ шъыпкъэм зигугъу къыщишIырэм ехьылIагъэу: «Ибрахьим Тхьэр ышIошъ хъугъэ ыкIи Тхьэм ар ащ пае шъыпкъагъэ иIэу ылъытагъ». Ибрахьим псэкIодшIагъэхэр зэриIэхэр зыдишIэжьыщтыгъэх. Ахэр Тхьэм ыпашъхьэ рилъхьагъэх ыкIи Тхьэм къызэрэфигъэгъухэрэмкIэ шIошъхъуныгъэ иIагъ. Зэгорэм Ибрахьим ежьым ипхъорэлъфэу ЛутIэ игъусэу чIыпIэ хьылъэ ифэгъагъ. Ащ ехьылIагъэу Библием мырэущтэу къыщеIуатэ: «Ибрахьим былымхэмкIэ лъэшэу баеу щытыгъ». Джащ фэдэу ЛутIэу Ибрахьим игъусэу къэзыкIухьэщтыгъэми былым жъгъэйхэри былым пIашъэхэри мымакIэу иIагъэх. Ащ пыдзагъэу Библием мырэущтэу къыщеIуатэ: «Зэнэкъокъу къихьагъ Ибрахьим иIахъохэмрэ ЛутIэ иIахъохэмрэ азыфагу». Ащ къыхэкIэу зэлъэкъогъухэм азыфагу зэнэкъокъу-зэщыхьагъушхо къитэджэн ылъэкIыщтыгъэ. Iахъохэм азыфагу къитэджэгъэ зэмызэгъыныгъэр нахь зэкIэблы зэпытыщтыгъэ. Ахэр язиусхьанхэм нахьыбэрэ адэжь къачъэхэу ыкIи шъхьадж адрэ лъэныкъор ыгъэмысэу къафаIуатэу рагъэжьагъ. Iофхэм язытет нахь дэй хъущтыгъ. Синыбджэгъухэр, ипхъорэлъфы нахьи бэкIэ нахьыжъэу щытыгъэ Ибрахьим

ичIыпIэ шъуитыгъэмэ, сыда шъо шъушIэщтыгъэр? А ЛутIэм ятэшэу сыщытыгъэмэ, мары ащ есIощтыгъэр: «Сыдэущтэу о уиIахъохэр сиIахъохэм къадэзекIохэра? Мыдэ санэIу зырегъэх!» ЛутIэ мыщ фэдэ джэуап ащ къыритыжьыныгъи: «Сыд фэдизкIи пIорэр къисыдзэнэп! Сэ сыкъызыкIэдаорэр хабзэкIэ къыстефэрэр ары ныIэп. Оры санэIу зырезыгъэхын фаер!» Джаущтэу а зэнэкъокъум гъунэ имыIэу зикъудыиныгъи. ШъунаIэ тешъудз: а зэщыхьэгъур Ибрахьимрэ ЛутIэрэ лъэшэу зэджэгъогъу зэфэхъунхэм щыбгъэзыен умылъэкIынэу фищэнхэ ылъэкIыщтыгъэ. Ау мары акъылыгъэм шъхьакIафэ фэзышIырэ Ибрахьим Тхьэм ыпашъхьэ къызеуцом, ежьым ипхъорэлъфэу ЛутIэм Iуплъи егупшысагъ: «Тызэщыхьанэуи? Бырсыр тазыфагу къитэджэнэуи? Хьау, сэрэу ар орэмыхъу! Сэрэу ар орэмыхъу!» Арыти, ащ ыIэ ЛутIэ ытэмашъхьэ тырелъхьэшъ, мэкъэ гъэтIылъыгъэкIэ реIо: «А си ЛутIэ, орырэ сэрырэ зэщыхьэгъу тызэфэхъунэу щытэп, сыда пIомэ тэ тызэIэхьылых!» ЫкIи зэнэкъокъу-зэщыхьэгъу азыфагу къимытэджэным пае ежьым изэрар хэлъэу Iофым хэкIыпIэу къыфигъотыгъэр адрэм къыфеIуатэ.

Мы чIыпIэм хъулъфыгъэхэу ыкIи бзылъфыгъэхэу щысхэм джы мыщ фэдэ упчIэ къястынэу фиты сыкъэшъушI: Зэнэкъокъу горэм шъухалъашъомэ ашIоигъоу адэ шъо шъуащыщ горэми ащ фэдэ къехъулIэгъагъэба? Адэ шъори джащ фэдэу шъуегупшысэгъагъа: «Зэщыхьэгъу тыхъунэуи? Хьау, ар сэрэу орэмыхъу!» Адэ ащ дэжьым Ибрахьим фэдэу шъузекIогъагъа? Хьау, енэгуягъо, шъо лъэшэу ар шъуигуапэу бырсыр ащ къижъугъэкIыгъагъэкIэ ыкIи джы къызынэсыгъэми фрау Шульце е шъугъунэгъухэм шъуряджэгъогъукIэ. Шъолъэгъуа шъо гущыIэхэу щэрыохэу: «Хьау, сэрэу орэмыхъу!» – зыфиIохэрэр игъом ыкIи къекIоу жъугъэфедэнэу бэрэ къызэрэхэкIырэр? Зиусхьанэу Исус мырэущтэу еIо: «ЗэшIуныгъэ цIыфхэм ахэзылъхьэхэрэр гъогу мафэ теуцуагъэх». ЗэкIэ тэ тычыристанхэм ткIуакIэ зэрэмакIэр къызыхэкIырэр чIыпIэ къиным тызыщифэрэм зэнэкъокъуным зыщытыдзыен зэрэтымылъэкIырэр ары, сыда пIомэ ащ фэдэ чIыпIэ тызифэрэм къыттекIох.

Сэ джыри къышъуфэсIотэщт зы тхыдэ кIасэ гор. Библием къыщиIотэрэ тхыдэ шIагъор шъошIа, джа кIэлакIэу Юсыф шъэожъыезэ Мысырым щыщ сатыушIхэм аращэгъагъэм икъэбар ары зыфасIорэр. А лъэхъанэм а хэгъэгур лъэшэу фэшIыгъэу, культурэ зэтегъэпсыхьагъи иIэу щытыгъ. Мысырым исатыушI-

хэм ар Потифар зыцIэ лъы баим иунэ къулыкъу щишIэнэу ращэгъагъ. А Потифарым пщылIыхэу ыкIи унэшхохэу бэ иIагъэхэр. Юсыф икIэлэцIыкIугъом къыщегъэжьагъэу Тхьэм Iуагъэ дишIыгъэу щытыгъ. Мэхъуба ащ фэди! КIэлэ ныбжьыкIэм унэшъо пытэ зыфешIыжьы ыкIи Тхьэм гущыIэ реты: «Сэ сищыIэныгъэ О пIэ къислъхьэмэ сшIоигъу!» Джы мары ар изэкъо шъыпкъэу Мысырым къинагъ. Ащ елъэгъу адрэ пщылIхэм пцIы зэраусырэр, зэрэтыгъохэрэр, ау ежьыр игущыIэ зэрэфэшъыпкъэу къанэ. Адрэхэр ащ къыдэхьащхых, ау Зиусхьаным ащ гу лъетэ ыкIи ицыхь телъэу мэхъу. Шъори шъошIэ чыристанхэм бэрэ адэхьащхыхэу къызэрэхэкIырэр, ау ахэмэ бэ цыхьэ зэрафашIырэр, сыда пIомэ ахэр тыгъохэрэп ыкIи пцIы аусырэп. А кIалэр лIыпкъы зеуцом, ежьым изиусхьанэу Потифар иIофхэр зэкIэ зэригъэзекIохэу хъугъэ. Юсыф ынэгукIи ыпкъыкIи зэдиштэу кIэлэ дахэу щытыгъ. Ар зэкIужьэу фэпэгъагъэ ыкIи зиусхьаным ишъхьэгъусэ ныбжьыкIэ кIалэм ынаIэ тыридзагъ. Ар тхьабэ зышIошъ хъущтыгъэ бзылъфыгъэ хьакъужъокъоу щытыгъ. Потифар ишъхьэгъусэ зэфэшъхьаф Iофхэм апае зэфэшъхьаф унэIутхэр иIагъэх. Нафэу зэрэщытымкIэ, мыпсэу-мылажьэр ары сыд фэдэрэ емыкIу зекIуакIэхэри къызыхафэхэрэр. Зэгорэм ащ Юсыф зелъэгъум, ащ къыщегъэжьагъэу кIалэм къенэшIэIушIэу къыдыригъэжьагъ. Юсыф ащ зыпарэкIи гу лъимытэрэм фэдэу зишIыщтыгъ. Ау мафэ горэм бзылъфыгъэ шъхьэмылъытэжьым мары ышIэрэр: Юсыфрэ ежьырырэ язакъоу унэм къызенэхэм, мо бзылъфыгъэм зыфэмыщыIэжьэу ыгу къэкIыгъэр къызыдигъэхъун ихьисапэу кIалэм пыхьагъ, ищыгъын IэкIапэ ыубыти, унашъо ащ фишIыгъ: «Моу джыдэдэм къыздэгъолъ!» Ащ къыкIэлъыкIуагъэр умыгъэшIэгъон умылъэкIынэу, гур зыIэпищэу Библием къыщеIуатэ: тIэкIурэ зегупшысэ нэужым Юсыф мо бзылъфыгъэм реIо: «Хьау, сэрэу ар орэмыхъу! Сэрэу ар орэмыхъу! Зыгорэм ишъхьэгъусэ сыголъынэуи! Хьау! Сэрэу ар орэмыхъу!» Джары ар тэ тыбзэкIэ къызэрэпIон плъэкIыщтыр. Ау цIыфхэу Библием зигугъу къыщишIыхэрэм ащ нахьи нахь жэбзэ дахэкIэ ар къаIощтыгъ! Юсыф мары а бзылъфыгъэм риIуагъэр: «Сыдэущтэу ащ фэдэ емыкIушхор сэ зесхьана ыкIи Тхьэм ыпашъхьэ мыхъун зекIуакIэ къызыщыхэзгъэфэна?» ЫкIи ащ къикIырэр «Хьау, сэрэу ар орэмыхъу!» – ыIоу ары.

Мыщ къекIолIагъэхэу зыныбжь хэкIотагъэхэм ащыщэу ищыIэныгъэкIэ ащ фэдэ зекIуакIэм дихьыхынкIэ щынэгъо чIыпIэ имыфагъэу макIэн фае къахэкIыщтыр, шыпкъэ, джы пшъхьэкIэ а

лъэныкъомкIэ къабзэу ущытыным ащ фэдизэу уасэ фамышIыжьырэми. Адэ джащыгъум шъо шъуIогъагъа: «Хьау, сэрэу ар орэмыхъу! Тхьэм сэ сыкъелъэгъу!» шъуIуи? Юсыф икъэбар тедэIу зыхъукIэ, сыд фэдэ гупшысэха тэ тшъхьэ къихьэхэрэр? Тхьэм тэ тыгукIи тизекIуакIэхэмкIи къабзэу тыщытынхэу къызэрэтфигъэпытэрэ закъом пае: «Хьау, ар сэрэу орэмыхъу! Сэрэу ар орэмыхъу!» тIонэу тэ тшъхьэ къимыхьаныгъэкIэ енэгуягъо. «Хьау, сэрэу орэмыхъу!» зыфиIорэ гущыIэхэр ащ фэдэ чIыпIэ тызыщифэрэм дэжь сыдэу тэ мэкIэ дэдэрэ тыгу къэкIыжьыра? Ау сэ къышъосIон фаеу сипшъэрылъыр псэкIодшIагъэхэуи мыхъун зекIуакIэхэуи тIэкIашIэхэрэ зэкIэ Тхьэм ахърэт мафэм нэсыфэ ыгу зэрилъхэр ары. Анахьэу тшIэщтым зыщытетыубытэщт уахътэм тэ гущыIэхэу: «Хьау, ар сэрэу орэмыхъу!» эыфиIохэрэр тыгу къызэрэмыкIыжьыхэрэр сыдэу адэ щынэгъошхуа! Тхьэм тшIэ мыхъунэу къытфигъэпытагъэхэр тыукъонхэм ищынагъо тыхафэ зыхъукIэ, сыдэу тэ ар тищыкIэгъэ шъыпкъэу щыта?! Тилъэхъанэ анахь къыхэщырэ нэшанэу хъугъэр Тхьэм къытфишIырэ унашъохэр пхъэтэпэмыхь зэрашIыхэрэр ары.

Зэгорэм сэ Ганновер щыщ дин пащэхэм апашъхьэ сыкъыщыгущыIэн фаеу хъугъагъэ, Iофыгъоу сыкъызытегущыIэн фэягъэр: «Тэ, пасторхэмыкIи тичылысхэм, сыда анахь тищыIэгъэ шъыпкъэр?» зыфиIорэр ары. А псалъэм къыщысIогъагъ: «КъышъуасIомэ сшIоигъуагъэр тэ зэкIэми щынэныр тишэнэу зэрэщымытыр, джэхьнэмым тифэн зэрэтлъэкIыщтыр, зытет щъыпкъэмкIэ, Тхьэр зэрэпхъашэр, унашъоу цIыфхэм къафишIыхэрэмкIэ Тхьэм теубытэгъэшхо зэриIэр ары».

А гущыIэхэу: «Хьау, ар сэрэу орэмыхъу!» зыфиIохэрэр гущыIэ шIагъох. Тилъэхъан къащыхафэ хъугъэ шэн-зекIуакIэхэм Тхьэм къытфишIыгъэ унашъохэр щыдгъэзыенхэм тытырагъэнэцIыхьэ зыхъукIэ, джащыгъум: «Хьау, ар сэрэу орэмыхъу!» – тIоныр зыщытэшъумыгъэгъупш.

Библием зы тхыдэ хьалэмэт горэ къыщеIуатэ. Тхьэм Ыкъо къушъхьэм ошыгум тет. Шэйтаныр (адэ шъо шъушIошъ хъурэба шэйтаныр зэрэщыIэр? ЩыI ар! Шъуицыхьэ тежъугъэлъ!) Тхьэм Ыкъо къыготэу дунаим ичIыпIэ дахэхэр зэкIэ къырегъэлъэгъух ыкIи мырэущтэу къыреIо: «ЗэкIэ джа плъэгъухэрэр уиIэрылъхьэхэу къыостыщтых зэзакъо нэмыIэми сапашъхьэ лъэгонджэмышъхьэкIэ укъитIысхьэмэ, зы такъикъ нэмыIэми». Ау Тхьэм Ыкъо ащ мыщ фэдэ джэуап ретыжьы: «Хьау, ар сэрэу орэмыхъу!»

Ары пакIошъ, зэрэдунаеу уапашъхьэ лъэгонджэмышъхьэкIэ къитIысхьагъэми, ар сэрэу орэмыхъу!» Ар тэ тикъэгущыIакIэ тегъэпсыкIыгъэу ары къызэрэсIорэр. Ау Зиусхьанэу Исус мары ар жэбзэ дахэкIэ зэгъэкIугъэу къызэриIуагъэр: «Зиусхьанэу уи-Тхьэ бгъэлъапIэзэ, ежьым изакъоу уфэлажьэн фай».

Е-ей, а «Хьау, ар сэрэу орэмыхъу!» зыфиIорэ гущыIэхэр зищыкIэгъэ уахътэм икIи чIыпIэм ренэу тыгу къэкIыщтыгъэхэмэ, шъыпкъэба къасIорэр? Ау нахьыбэрэмкIэ делагъэм фэкIожьэу ахэр зыщимыщыкIэгъэ чIыпIэхэр ары къызыщытIохэрэр!

## 2. ЗыщымыщыкIэгъэ чIыпIэр ары ахэр къызыщытIохэрэр

Синыбджэгъухэр, тэ тащыщхэм анахьыбэхэм гущыIэ щэрыохэу «Хьау, ар сэрэу орэмыхъу!» зыфиIохэрэр зыщимыщыкIэгъэ чIыпIэр ары зыщыдгъэфедэхэрэр. Сэ сыгу къэкIыжьы кIэлэ ныбжыкIэ горэ, кIэлэ пшъхьапэ горэ, джы къызэраIо хабзэу. Сэ ащ есIогъагъ: «Тхьэ псаум уищыIэныгъэ фэбгъэлэжьэнэу теуубытагъэмэ, бэ къыбдэхъун плъэкIыщтыгъэр!» Ау есIуагъэм ар къезэгъыгъэп: «Хьау, ар сэрэу орэмыхъу!»

Тхьэм тэ тызэрэдэзекIорэр зыфэдэр джы къэсIощт къэбарым къыхафэрэ диваным ныбжьыкIэхэр зэрэдэзекIуагъэхэр ары. IэзакIом игъоу къысфилъэгъугъ мафэ къэс пчэдыжьрэ сытезэкIуахьанэу. Джы мары къызыщыскIухьэрэ гъогум сытетэу сыкIозэ, мэшIоку къыблэ уцупIэкIэ заджэхэрэм ыбгъукIэ сырекIокIызэ, гъогу сызэрыкIорэм къытырагъэуцуагъэу диван горэ теслъэгъуагъ. Зиягъэхэм ар ящыкIэгъэжьыгъэп икIи пчыхьэ кIасэм ар урамым къытырагъэуцуагъ. А диваным къырыкIуагъэр сэ къызышIозгъэшIымэ сшIоигъоу сегупшысагъ: джырэблагъэ янэжьэу лIагъэм къыкIэныжьыгъэу ар къафэнэжьыгъэнкIи мэхъу. Ау джырэ ныбжьыкIэхэм яунэ рагъэуцорэр непэрэ уахътэм диштэрэ мебелыр ары ныIэп. «Сыда джы мы диваныжъым етшIэщтыр? – еIошъ лIыр шъузым еупчIы, – тэ тиунэ идгъэуцуагъэхэм къадекIухэрэп! Ащ фэшъхьафэуи зыми ышIэрэп ащ хьэцIэ-пIацIэу хэсынхэ алъэкIыщтхэр зыфэдэхэр. Щагум итыдзыжьынышъ, джащ Iофыр щытыухыщт!» Джарэуштэу ар урамым къытырагъэуцонэу хъугъэ. Джащ фэдэ къабз цIыфыри Тхьэ псаум зэрэдэзекIорэр. ЩыIэкIэ-псэукIэу тэ къыхэтхыгъэм Тхьэр къекIурэп,

джырэ цIыф зэхэтхэм Ащ чIыпIэ щыриIэп. Сыда адэ тэ Тхьэм етшIэщтыр? А «диваныжъыр» чылысим чIэдгъэуцожьыщт! Тхьэмэфэ псаум ар зэфэшIыгъэу щыты ныIэп.

Ау, синыбджэгъухэр, Тхьэр диваныжъэу щытэп. ШъоркIэ нафэба ар? Тхьэ псаур мебелыжъэу тыгу къызэрэкIырэм теткIэ тищыIэныгъэ къызэремыкIужьырэм пае, чIэтыдзыжьын тлъэкIыщтым Ар фэдэп. Адэ шъо шъошIа Тхьэр зилIэужыгъор? Тэ тилъэхъанэ Тхьэр Iофыгъэшхоу зэрэхъугъэр чылысим илэжьэнкIи мэхъу. «Тхьэр!» зыфиIорэ гущыIэ закъор къатIоми, тэ ткIышъоц къэтэджэу щытын фае! Тхьэм фыщытыкIэу фыряIэмкIэ «Хьау, ар сэры орэмыхъу!» пIоу къэпIоныр – акъылынчъагъ.

КъэсIуатэрэр джыри лъызгъэкIотэщт. Мы лъэхъанэм тыдэкIи щаIоу зэхэпхыщт зэкIэ КъохьапIэу тызыщыпсэурэм цIыфхэм къяузырэ узыхэм – ракым ыкIи фэшъхьафхэм ямызакъоу, психическэ узхэри жъугъэу къыщяузыхэ хъугъэу. ШъошIа шъо тыпсэкIэ тызэрэсымаджэр щынэгъошхоу зэрэщытыр? Шъущыгъуаза шъо психическэ узхэр къызэузыхэрэм япчъагъэ щынэгъошхоу зэрэхахъорэм? Тикультурнэ дунэежъ къеузырэ уз шъыпкъэр зэрагъашIэмэ ашIоигъоу цIыф Iушхэр зэрэгупшысэхэрэр шъошIа? А Iофым ехьылIагъэу швейцар Iазэ горэм лъэшэу Iушыгъэ хэлъэу къыIуагъ: «Тиджырэ лъэхъанэ къеузырэр Тхьэр ащ ыгукIэ зэримыштэрэр ары». ШъунаIэ тешъудз: лIэшIэгъум ыгузэгухэм адэжь Тхьэм джыри игугъу ашIыщтыгъ. Ар къызыушыхьатырэр чылысышхохэу щыIагъэхэр арых. Ау ащ нэужым Тхьэр щагъэзыеу фежьагъэх. Техникэм Тхьэм ичIыпIэ ыубытэу, нахь лъытэныгъэшхо зэрэфашIырэр ары Тхьэр IэкIыб ашIыныр къызыхэкIырэр. Тхьэр щымыIэ фэдэу аIозэ, ар къаушыхьатыным пае цIыф гъэсэгъэшхохэм аIапэхэм лъы къапычъы охъуфэкIэ тхагъэх. Зы купыр мэкуо: «Диныр – ар цIыф жъугъэхэм ашъхьэ зэрагъэунэзэрэ щынаут уц!» Ары пакIошъ, сабый гъыб-щыбыри къыкIэупчIэ: «Тыдэ щыIа Тхьэр? Сэ джыри Ащ сытеплъагъэп ыкIи, арэу зыхъукIэ, Ар псаоу щыIэп!» – еIошъ, ыIэхъуамбэ кIэшъоу регъэжьэжьы. Тхьэр щагъэзыемэ ашIоигъоу макIэп зэрэпыхьэгъагъэхэр. ЕтIани шъошIа, джырэкIэ ар хэти къыдэхъугъэп! Джырэ автоматикэм лъапсэ фэзышIыгъэ цIыф гъэсэгъэшхоу Макс Планк лIэнкIэ бэу къэмынэжьыгъэу тхылъ цIыкIу къыдигъэкIыгъагъ мыщ фэдэ шъхьэ иIэу: «Диныр ыкIи дунаим игъэпсыкIэ зэгъэшIэгъэныр». Ащ мырэущтэу а тхылъым щетхы: «Джырэ лъэхъанэм тэ, шIэныгъэм иушэтакIохэм, тыкъэзыуцу-

хьэрэ дунаир зыфэдэр зэзыгъашIэхэрэм, темыхъырэхъышэжьэу тшIошъ хъугъэр сыд фэдэрэ зэгъэшIэныгъи ГъэпсакIо псаум лъапсэ зэрэфишIыгъэр ары». Шъолъэгъуа шъо, сыдэу зызытэшIи Тхьэр тэ щыдгъэзыен тлъэкIыгъэп!

Къушъхьэхэм ахэт къэлэ цIыкIу горэм джырэблагъэ лекцие сыкъыщеджэн фаеу хъугъагъэ. Пчыхьэм чылысим сыкъызычIэкIыжьым, мычыжьэу а чIыпIэм Iутыгъэ кIэлэ куп сынэ къыпэшIофагъ, илъэс тIокI фэдизын фае ахэмэ ащыщ пэпчъ ыныбжьыгъэр. СяупчIыгъ ахэмэ чылысим къызыфычIэмыхьэхэрэмкIэ. Ащ иджэуапэу зэхэшIыкIыгъуаеу зыгорэхэр къысаIожьыгъ: «Ар джэуапэп ныIа, – ясэIо сэ. – Оры сэ сызэупчIырэр, – сэIошъ, нэмыкI кIалэ зыфэсэгъазэ, – Тхьэр псаоу щыIа, хьауми щымыIа?» «СшIэрэп», – къытыжьыгъ ащ джэуап. Ащ семызэгъэу джыри а кIалэм есэIо: «КъэдаIолъ зэ, тхьамыкIэгъошхуи ар! Тхьэр псаоу щыIэмэ, ащыгъум Ащ иIэрылъхьэу ущытын фае, арымырэу, Тхьэ псаор щымыIэмэ, ащыгъум, хэти о къыолъэIурэп, чылысим къекIуалIэхэрэм уахэтхэгъэн фаеу зымылъытэжь». НэмыкI кIалэ сеупчIы : «Псаоу Тхьэр щыIа?» «ЩыI, ыкIи сэ Ар сшIошъ мэхъу!» «Ей, сыдэу ар дэгъуа! Ащыгъум мыдэ къысаIу, Ащ иунашъохэр огъэцакIэха?» «Хьау!» Джаущтэу сэ а кIалэхэм садэгущыIагъ. Ахэмэ зы нэбгырэ гори къахэкIыгъэп Тхьэр щигъэзыеным тегушхухьагъэу. Ау джащ фэдэ къабзэуи ахэмэ зы нэбгырэ гори къахэкIыгъэп шъыпкъагъэ хэлъэу Тхьэм иIэрылъхьэу хъуным фаеу. Джары тыдэкIи зэрэщыгъэпсыгъэр!

Сэ къэскIухьэ хабзэ унагъомэ сарыхьэзэ, шIошъхъуныгъэм ехьылIагъэу садэгущыIэу, мыщ дэжьыи нахьыбэрэмкIэ хъулъфыгъэхэм мары къысаIорэр: «Тхьэр сшIошъы мэхъу, ау сэщ нэмыкIхэр чылысим орэкIох». КъыжъугурэIуа шъо, ахэмэ Тхьэр щагъэзыерэп, ау Ащ иIэрылъхьэхэуи щытхэп!

Тхьэм ехьылIэгъэ Iофыгъор зэрэзэшIомыхыгъэу цIыфхэм къалъэхэнагъ. Ахэмэ афэдэ Iофыгъо зэшIомыхыгъэхэр зэIукIэжьыхэмэ зэтырихьэхэзэ, цIыфыр зыгъэкIодырэ психическэ узым ар фещэ. Джаущтэу тэри тэкIоды, сыда пIомэ Тхьэм дытиIэ зэфыщытыкIэхэр дгъэтэрэзынхэу лIыгъэ къызыхэдгъэфэн тлъэкIырэп! Чылысим бзылъфыгъэу нэбгырипшI чIэс, ахэмэ афэшъхьафэу зы хъулъфыгъэ чIэтынкIи мэхъу. Адэ тыдэ щыIэх хъулъфыгъэхэр? Шъуицыхьэ тежъугъэлъ: ахэр джэхьнэмым имыфэхэ рапшIэ психическэ узыхэм якIодылIэщтых, сыда пIомэ Тхьэм иIэрылъхьэхэу зашIынымкIэ ахэмэ гупытагъэ къызыхагъэфэн

алъэкIырэп, ау джащ фэдэуи Тхьэр щагъэзыеныри акIуачIэ къыхьырэп.

Джащ фэдэ чIыпIэм, тэ чыристанхэмкIэ тит, а охътэ дэдэм джащ фэдэу къитымыдзэрэр Тхьэм Ежьыррэ тэрырэ тазыфагу итыгъэ дэпкъыр ыкъути, ИсускIэ тадэжь къэкIуагъ. Тхьэм щыщ КъэгъэнэжьакIор джарэущтэу тидунае къэкIуагъ. Ау Ар къызэрэкIуагъэр икъункIэ ылъытагъэп. Ар тэщ пае къащым телIыхьагъ. Тэщ пае къащым телIыхьаныр римыгъэкъоу фэшъхьафэу сыда тэ Тхьэм къытфишIэнэу къэнэжьыгъагъэр? Ащ нэужым Ар лъэкIышхокIэ лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьи, зэхэзыкъутэрэ утын хьадэгъум рихи, мыкIодыжьын щыIэныгъэм фэкIорэ гъогур тфыхихыгъ. Тэрымэ, мырэущтэу тэIо: «Ей, ары шъыпкъ! Ар хьалэмэт дэд, сэри а къэбар шIагъом зэгорэм седэIущт, ау, хьау джыдэдэр арэп!» Ащ фэдэ зыпкъ имытыныгъэ хэлъэу зэрэзекIохэрэм загъорэ угу къегъэкIоды, щэIэгъуае къыпщэхъу!

Дин пащэ ныбжьыкIэу Iоф сшIэ зэхъум, къытпэмычыжьэу зы лэжьакIо горэ щыпсэущтыгъ ренэу къыздэхьащхэу ыкIи сыд иушъхьагъуми къыспэуцужьэу Исус ехьылIагъэу ежьым сыдэгущыIэ зыхъукIэ. Мыщ фэдэ упчIэ зэгорэм зесэтым: «Уихьадэгъу уахътэ къэсымэ, сыдэущтэу улIэн угу хэлъа?» Ежьым мыщ фэдэ джэуап къыситыжьыгъ: «Шъо, дин пащэхэмкIэ шъуесагъ ренэу цIыфхэр хьадэгъумкIэ жъугъэщынэнхэу! Хьау, ар сэрэу орэмыхъу!» Джаущтэу ар ренэу къыспэгущыIэжьыщтыгъэ. Ау мары илъэс 40-ымыгъэшIагъэу малIэшъ щылъ. Чэщ горэм ащ ишъхьэгъусэ къыслъыкIуагъ. Сэ ащ дэжь сыкъэчъагъ ыкIи есэIо: «Исус аужырэу къызыоджэрэ сыхьатыр къэсыгъ!» Ар плъэгъункIэ гугъэкIодыгъ. Ар Тхьэм елъэIу шIоигъуагъ, ау ар иамал къыхьыжьынэу щытыгъэп. Библием ит гущыIэхэр ащ къыфэсэIуатэх, Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэм игущыIэхэр къыфэсэпчъых, ау ахэр ащ зэхишIыкIыжьыщтыгъэхэп. Нахьыпэм Тхьэр, «Хьау, ар сэрэу орэмыхъу!» ыIощтыгъэ. Джы Тхьэм ар щигъэзыягъ. ЫкIи ар Тхьэм емышIужьыгъэу, ащ пае гухэкI къинышхом хэтэу лIагъэ.

СышъолъэIу, мы гущыIэхэу къэбар шIагъоу щытхэр шъугу къыжъудеIэу шъушIошъ жъугъэхъункIэ: «Сыда пIомэ Тхьэм дунаим ицIыфхэр шIу зэрилъэгъугъэхэм къыхэкIэу, ежь Ыкъо закъор ытыгъ, хэти Тхьэм ЫкъокIэ шIошъхъуныгъэ зиIэр мыкIодэу къэнэжьыным ыкIи мыкIодыжьын щыIэныгъэ иIэ хъуным пае». Ау Исус ащ къыщыуцугъэп. ГумэкIышхо хэлъэу Ар тэ къытаджэ: «Мары пчъэм сыIутэу сыкъытео». Синыбджэгъухэр, зэфэшъхьаф

шъыпкъэхэу щыт чыристанхэр дунаим тетых бэ хъухэу: щыӀэх чыристанхэр дин хьакъулахьыр зэратырэм фэшъхьафкӀэ нэмыкӀ гори зымышӀэхэрэр. ЗекӀокӀэ гохь дэд, лъэшэу зэщыгъо нахь мышӀэми. ЩыӀэх сырисчтанхэр Христосыр къызыхъугъэ мафэм фэшъхьафырэ мафэхэм чылысым мыкӀохэрэр. Ей, шъо, Христос къызыщыхъугъэ мафэр зыгъэлъапӀэрэ чыристанхэу шӀу слъэгъухэрэр! ЩыӀэх чыристанхэу ежь ашъхьэкӀэ мыкӀохэу зишъузхэр чылысым зыгъакӀохэрэр. ЩыӀэх чыристанхэр мырэущтэу зыӀохэрэр: «Сэ саумэхъыгъэба!» Дэгъу дэд! Ау ар икъущтэп! ЩыӀэх чыристанхэр Зиусхьан псаум игущыӀэхэр зэхэзыхыгъэхэр: «Мары Сэ уипчъэ дэжь сыщытэу сыкъытео. Сымакъэ зэхэзыхэу зипчъэ къысфыӀузыхырэм ыдэжь сихьащт». Ащ ипэгъокӀэу мыдрэхэм мырэущтэу аӀо: «Сэрэу ар орэмыхъу!» Адэ сыдэу ар щынэгъошхуа! «Зиусхьанэу Исус, чыристан нэшэнэ тӀэкӀу схэлъыныр дэгъу, ау О укъыстекӀопагъэу сыщытыныр, ар бащэ. Сэрэу ар орэмыхъу!» Джаущтэу тэ зыщимыщыкӀагъэм а гущыӀэхэу «Сэрэу ар орэмыхъу!» зыфиӀохэрэр тэгъэфедэх.

Чыристан диным шъугукӀэ шъуфэмыщагъэу щытыгъэмэ, мыщ шъо шъукъэкӀоныгъэп. Ау къышъуасӀорэм шъукъедэӀу, Исус илъэкӀышхо шъо зызэхэшъушӀэщтыр Ар шъугу ипчъэ къызэрэтеорэм гу лъышъутэу, Ащ шъуипчъэ фызэӀушъухэу, Ежьыр шъуищыӀэныгъэ щыщ хъунэу шъугукӀэ зышъуштэрэ нэужыр ары ныӀэп.

## 3. ЩыӀ зы нэбгырэ закъоу икъу шъыпкъэу лъапсэ иӀэу «Сэрэу ар орэмыхъу» зыӀон зылъэкӀыщтыр, ау ар зымыӀорэр

А зы нэбгырэ Закъоу щытыр Ежьыр Зиусхьанэу Исус ары. Зытет шъыпкъэмкӀэ, ащ икъу шъыпкъэу лъапсэ иӀагъ «Сэрэу орэмыхъу!» къыӀон ылъэкӀынэу, ау Ащ а гущыӀэхэр къыӀохэрэп. ТхьэмкӀэ щытхъу, Ащ арэущтэу къызэримыӀорэмкӀэ!

Ащ епхыгъэу зы тхыдэ къышъуфэсӀотэнэу фиты сыкъэшъушӀ. Данием щыщ тхакӀоу Якобсен тхыдэ гъэшӀэгъон ытхыгъ «Бергамо щыӀэгъэ тэлаур» ыцӀэу. Бергамо – Италием ит къэлэ цӀыкӀу, ар Равеннэ пэмычыжьэу къушъхьэтхым тет. Къушъхьэ лъэгъо цӀыкӀум ащ удещэ. Якобсен къызэритхырэмкӀэ, а къалэм лӀэшӀэгъум ыгузэгухэм адэжь тэлау узым цӀыфхэр жъугъэу щызэтыригъалӀэхэу къыщыригъэжьэгъагъ. ГукӀодыгъошху! Шъыгъо одыд-

жын тео макъэр чэщи мафи зэпыущтыгъэп. ЦIыфхэр Тхьэм елъэIущтыгъэх. Ахэр IэпыIэгъу кIэлъэIущтыгъэх, ау хэти ишIуагъэ къаригъэкIыщтыгъэп, тэлаум джыри нахьыбэу цIыфхэр елIыкIых. Джащыгъум ахэр зыпарэми пымылъыжьыхэу, зыпари къырамыдзэжьэу хъугъэх. Ахэмэ аIо: «Тхьэ щыIэп!» Санэ зэрыт пхъэчаихэр ахэмэ шхапIэхэм къачIагъэукIорэикIых ыкIи фэдэ амылъэгъугъэу ешъоным зыраты. ЗамышIэжьы охъуфэкIэ езэрэгъэшъуагъэхэу ахэр шъхьэмылъытэжь зекIуакIэхэм зэлъафежьэх. АшIэрэри амышIэжьэу ешъонымрэ къэхьпэшэ зекIокIэ шэнхэмрэ зэкIэризэлъаштагъэх. Джарэущтэу мафэм мафэр кIэлъыкIощтыгъэ. АшIэщтымкIи зыми къыщыуцущтыгъэхэп ыкIи зыми щыукIытэщтыгъэхэп. Загъорэ ешъоным, къэшъоным хэтхэзэ, ахэмэ ащыщ горэхэм анэгу шIуцIэ хъугъэу къызэхафэщтыгъэ. Ащ ихьадэ а чIыпIэм щылъэу къагъанэщтыгъ. Ешъон-джэгуныр адрэхэм лъагъэкIуатыщтыгъэ: «Тешхэщт ыкIи тешъощт, сыда пIомэ неущ тылIэщт». Зэгорэм ахэр къэзэрэгъэщтагъэх: ахэмэ зэхахыгъ куп горэм дин орэд къыIоу. Къалэм икъэлапчъэхэм къазыкIэлъырэхьэхэм алъэгъугъэх тхьэлъэIу зышIырэ цIыф купэу къушъхьэ лъагъом тетэу кIохэзэ дин орэд къэзыIохэрэр: «О Зиусхьан, угу къытэгъэгъу! О Зиусхьан, гукIэгъу къытфэшI!» Купым ыпэ итэу кIощтыгъэ дин пэщэ ныбжьыкIэу пхъэ къащ шIуцIэр зыIыгъыгъэр.

Орэд къэзыIорэ купыр къалэм икъэлапчъэмэ адэкIыгъ. Бергамо щыпсэухэрэр ахэмэ адэхьащхыщтыгъэх: «Шъудел шъо! ЩыIэп Тхьэ! Шъуиделэгъэ орэд къэIон щыжъугъэт! НекIох, гъусэ шъукъытфэхъури, тышхэщт-тешъощт, сыда пIомэ неущы тылIэщт». Ау купэу дин орэдыр къэзыIощтыгъэм ыпэ итыгъэ дин пэщэ ныбжьыкIэр пхъэ къащ шIуцIэр ыIыгъэу ыпэкIэ лъыкIуатэщтыгъэ. Чылысым ипчъэхэр зэIухыгъагъэх – ащ джы зыпари чIэхьажьыщтыгъэп. Орэд къэзыIорэ купыр зыми ымыгъэохъоу ащ чIэхьагъ. Дин пэщэ ныбжьыкIэм ыIыгъыгъэ къащыр кIэсэным риусэигъ. Ахэмэ ауж итыхэу утэшъогъэ хьакъу-жъокъоу купыр чылысым чIэлъэдагъ. Анахь бырсыр зышIырэ лIышхо горэм лъызакIэу пэIупхъо Iупхагъэу, къурмэншIыпIэм дышъэм хэшIыкIыгъэ бжъэр къытырихишъ, ащ санэ къыригъэхъуагъэу дин орэд къэзыIорэ чылысым къычIэхьагъэхэм къареIо: «Шъуешъу шъушъхьамысэу! Тэ талъэныкъокIэ Тхьэ тиIэп!» Ау мары къэгущыIапIэм дин пэщэ ныбжьыкIэ кIыфыр къыIохьэ ыкIи зэкIэри самбырынхэу къяджэ. ЗэкIэ рэхьат къэхъугъ ыкIи ащ

ымакъэ къэIугъ: «Зэгорэхэр къышъуфэсIуатэмэ сшIоигъуагъ: Тхьэм Ыкъо къащым телIыхьэ зэхъум, ыIэхэмрэ ылъакъохэмрэ гъучIыIунэхэмкIэ зытыраIулIэгъэ къащым телIыхьэ зэхъум, джащыгъуми купыр ащ кIэнакIэщтыгъэ, дэхьащхыщтыгъэх. Ары пакIошъ, Ащ ыбгъуитIукIэ – исэмэгуабгъукIи иджабгъукIи – палъэгъагъэхэ бзэджэшIэ-укIакIохэри Ащ къыдэхьащхыщтыгъэх. Джащыгъум Тхьэм Ыкъо егупшысагъ: Сэ сызэрэлIэрэм зыкIи ымыгъэгумэкIыхэрэ мыщ фэдэ цIыфхэм апая сызыкIэлIэн фаер?! Мы цIыф мышъо-мылхэу зыкIи зыгу пщэфын умылъэкIыщтхэм апае сэ сищыIэныгъэ стын фая?! ЫкIи Тхьэм Ыкъо теубытагъэ хэлъэу ыIуагъ: Сэрэу ар орэмыхъу! Ащ Тхьэм ыкIуачIэкIэ гъучIыIунэхэр пхъэм къыхетхъыжьыхэшъ, къащым къехыжьы, ищыгъынхэу дзэкIолIхэм зэфагощынхэ агу хэлъыгъэхэр къаIэкIетхъыжьыхэшъ, пхъэдз зэрэрадзэщтыгъэ къупшъхьэхэр Iуашъхьэу Голгофэ къетэкъокъухэзэ, ищыгъынхэр къызыщелъэжьыхэшъ, а чIыпIэм щытыгъэхэм: Сэрэу ар орэмыхъу! зыфиIорэ гущыIэхэр къареIожьыхэшъ, уашъом дэкIыжьы. ЫкIи къащыри нэкIэу къэнагъ! Джащ къыхэкIэу джы шъхьафит шIыжьыгъэн фае гори, гукIэгъуи, къэгъэнэжьыгъэн Iофи щыIэжьэп. ДжырэкIэ къэнэжьыгъэхэр хьадэгъумрэ джэхьнэмымрэ арых ныIэп!» Джаущтэу уарзэ къариIуагъ дин пэщэ ныбжьыкIэр. ТыдэкIи щыкIым-сым хъугъэ. Анахь мыдаIоу бырысырыщтыгъэ лIышхор къурмэншIыпIэм бэшIагъэу къепкIэхыжьыгъагъ, ар дин пэщэ ныбжьыкIэр къызщыгущыIэрэ чIыпIэм дэжь щытыгъ. Дышъэм хэшIыкIыгъэ бжъэр ащ къыIэкIэзыгъ. «Ащ щэхъукIэ щыIэжьэп къэгъэнэжьын Iофыри, гукIэгъу шIыни!» – джэрпэджэжьым фэдэу ащ ышъхьэ къыщыжъынчыгъ. ЗэкIэм мо лIышхоу ышIэрэр зымышIэжьырэм ыпэкIэ лъэбэкъуищ ыдзи, ыIэхэр дин пэщэ ныбжьыкIэм ылъэныкъокIэ ыщэихи, макъэ лэш Iэтыгъэ икIыгъэкIэ къыIуагъ: «Ей, оры зыфасIорэр! КъэгъэнэжьакIор икIэрыкIэу къащым пылъэжь! КъэгъэнэжьакIор икIэрыкIэу къащым пылъэжь!»

Синыбджэгъухэр, дин пащэм КъэгъэнэжьакIом фэгъэхьыгъэ тхыдэр тэрэзэу къыIотагъэп. Ау анахьэу тэ гуапэ тщыхъурэр Ащ «Сэрэу ар орэмыхъу!» ыIоу къызэримыIуагъэр ары. «IофшIэныр, тычэфыныр ыкIи мы дунаим идэхагъэхэр нахь тэгъэлъапIэх тыпсэхэр къэдгъэнэжьыным нахьи», цIыфхэм аIо нахь мышIэми, Ар джы къызнэсыгъэми къащым зэрэпылъагъэу къин щелъэгъу.

А КъэгъэнэжьакIоу джы къызнэсыгъэми тэ тыкъэзыгъэнэжьымэ зышIоигъом икъукIэ лъапсэ иIагъ «Сэрэу ар орэмыхъу!

Шъузыфаер шъушIэн шъуфит!» ыIон ылъэкIынэу. Исусэу сэ сыщытыгъэмэ, зыкIи зыпыслъэныеп зэрэдунаеу кIодыгъэкIи. Ау Исусэу Тхьэм ЫIкъо, ыIорэп: «Сэрэу ар орэмыхъу! Сэрэу ар орэмыхъу! Хьау, сэ сыкъыхэмыхьэу ары!» Ар тэ къытлъэхъу! Адэ сыд фэдизрэ тэ Ар къытлъыхъунэу щыта? Ежьым иIэрылъхьэу шъо шъухъуным Исус зэрэфаер сыдигъо, аужыпкъэм, шъо къыжъугурыIощта? Сыдигъуа, аужыпкъэм, шъунэхэр къызызэкIэшъухыщтыр мырэущтэу къэшъуIон шъулъэкIыным пае: «Си Къэгъэнэжьакlу! Сшъхьэ зыщэфыжьыгъэр!» Аужырэ Iофыгъом кIэкI шъыпкъэу сыкъытегущыIэщт.

## 4. «Сэ сышъуимыгъусэу зыпари шъушIэн шъулъэкIыщтэп»

ШъунаIэ тешъудз гущыIэхэу «Сэрэу ар орэмыхъу! Сэрэу ар орэмыхъу!» зыфиIохэрэр тэ мэкъэ IэтыгъэкIэ къэтэIох. Исус зэзакъо къыIуагъ гущыIэхэу «Сэ сышъуимыгъусэу» зыфиIохэрэр, ау мэкъэ IэтыгъэкIэ арэп ахэр къызэриIуагъэхэр. Ащ пыдзагъэу мырэущтэу къыIуагъ: «Сэ сышъуимыгъусэу шъо зыпари шъушIэн шъулъэкIыщтэп!» Шъуицыхьэ зытежъугъэлъымэ хъущтыр ар дэдэу зэрэщытыр ыкIи Ар шъуимыгъусэу зэкIэ шъушIэхэрэм мыкIодыжьын щыIэныгъэм фэгъэхьыгъэу зыпари мэхьанэ зэрямыIэр ары.

Зэгорэм сэ сялъыплъэгъагъ урамым кIэлэцIыкIухэр зэрэщызэзаохэрэм. Ахэмэ ахэтыгъ шъэожъые цIыкIу дэдэ горэ, енэгуягъо, ар мышIэ IофкIэ ахэмэ ахэщагъэ хъугъагъэкIэ. Зэхэсщыщтхэмэ сымышIэу сегупшысэу бгъэшIэгъон Iоф хъугъэ. Шъэожъые цIыкIур бэнэ-заом къыхэкIыжьыгъ. ЫIнэхэм нэпсыр къакIэчъыщтыгъ, ыпэпси къичъыщтыгъэ, зэкIэми къарычъыщтыгъэ, ежьыри а чIыпIэм Iухъушъутыжьыщтыгъ. Лъэбэкъуитф горэмкIэ а чIыпIэм зыIохъушъутым, зэ джыри къызэплъэкIыжьи, къякуагъ: «Зэгу, зэкIэри сэ сшынахьыжъ есIотэжьыщт, къышъуигъэлъэгъущт шъо ащ!» Сэ гу лъыстагъ зэкIэри ащ лъыпытэу къызэрэIэсагъэхэм. А шъэожъыем шынахьыжъ иIагъ зэкIэ къехъулIагъэхэр риIотэнхэ ыкIи IэпыIэгъу къыфэхъун ылъэкIынэу. Джащыгъум сэ сегупшысагъ: «А сишъау, сыдэу дэгъу о пшынахьыжъ зэрэуиIэр!» Сэри гушIогъошхом сызэлъиштагъ IэпыIэгъу къысфэхъун сшынахьыжъэу Исус зэрэсиIэр ыкIи Ар сэ зэкIэмкIи IэпыIэгъу къызэрэсфэхъурэр! Сыд фэдэу дэгъу дэда а тшынахьы-

жъым кIочIэшхо иIэу ицIыфхэр къызэриухъумэхэрэр ыкIи, ары пакIошъ, Ащ мырэущтэу къызэриIуагъэр: «Сэ сышъуимыгъусэу зыпари шъушIэн шъулъэкIыщтэп!»

УсакIоу Хавергал идин орэд горэ мары къызэрэригъажьэрэр: «Тхьэр, сищыIэныгъэ штэ: ар зэкIэ Оры зыфэлажьэрэр. Симафэхэр штэх, сыхьат пэпчъ, зэхэоха, О щытхъур зифэшъошэ макъ!»

Сэ сызыфэягъэр шъо шъуи-КъэгъэнэжьакIоу ащ фэдиз къышъуфэзышIагъэм мырэущтэу ешъуIонэу ары: «Си Зиусхьан, Исус, сэри О усимыгъусэу зыпари сшIэнкIэ сыфаеп!»

# ДИН ІОФЫГЪОХЭМКІЭ ГЪЭНЭФЭГЪЭ ШЪЫПКЪЭУ ЗЫГОРЭ ПШІЭН ПЛЪЭКІЫНА?

Уицыхьэ зытелъэу къэпІон плъэкІыщтыр дин Іофыгъохэм гъэнэфэгъэ шъыпкъэу зыпари зэращыщымытыр ары. «Диныр» – ар Тхьэм егъашІэм улъыхъуныр ары, арэу зыхъукІэ ренэу гумэкІым ухэтыныр ыкIи уицыхьэ зытемылъыжьыныр ары. Ау КъэбарышIур пштэмэ, ар мызэгъэгум фэшъхьаф шъыпкъ, мыщ тэ Тхьэр Ежьыр къыщытлъэхъу. Джащ къыхэкІэу мырэущтэу а упчІэр дгъэуцумэ нахь тэрэз: «Тхьэм тыкъызэригъэнэжьыщтым тицыхьэ тедгъэлъын тлъэкІынэу чыристан шІошъхъуныгъэм гугъапІэ къытета?»

## 1. Тхьэм фыщытыкІэу тиIэр гурыIогъуаеу къэтэгъанэ

СигущыIэ ипэублэ къыщысIон фаер тэ, джырэ тилъэхъан щыIэ цIыфхэр, зытет шъыпкъэмкІэ, щхэн шъыпкъэу тызэрэгъэпсыгъэр ары. Зыныбжь икъугъэ хъулъфыгъэм ягъэ цIыкIу горэ къызытекIэкIэ, ащ лъыпытэу ар Іазэм ыдэжь мачъэ: «Зиусхьанэу Іазэр, мыр лъэшэу зэрэузырэр. Сыда мыр зилІэужыгъор?» Тэ зытет шъыпкъэр зэдгъашIэмэ тшIоигъу къытэхъулIагъэр зыфэдэр.

Е фэшъхьаф щысэ къэтхьын: унагъор бзылъфыгъэ ІофышIэ горэм унэгъо хъызмэтыр зегъэхьэгъэнымкIэ ищыкIагъэу лъэхъу. Мары джы ар къыгъотыгъ. Бысымгуащэм ар регъэлъэгъу ыгъэпсэолъэнэу унэу псы чъыIи, псы фаби, телевизори зэрытхэр ыкIи гурегъаIо Іоф ымышІэнэу тхьэмафэм зы мафэ зэрэритыщтыр. «Ар зэкIэ дэгъу, – еIо пшъашъэм, – ау сэ сшIэмэ сшIоигъуагъэр лэжьапкIэу къысэптыщтыр зыфэдизыр ары». Ащ иджэуапэу бысымгуащэм ащ реIожьы: «АщкIэ нэужым тызэзэгъыщт, ыпэ рапшIэу слъэгъумэ сшIоигъуагъ уипшъэрылъхэр зэрэбгъэцакIэхэрэ шIыкIэр». «Хьау, хьау, – къезэгъырэп пшъашъэр, – ащ лъыпытэу сэ сшIэмэ сшIоигъуагъ о лэжьапкIэу къысэптыщтыр зыфэдизыр». Тэрэза пшъашъэм зыфиIорэр? Іо хэмылъэу, тэрэз! ІофшIэным тэ тыIухьэ зыхъукIэ, тэркIэ анахь мэхьанэшхо зиIэу щытыр лэжьапкIэр ары. Ахъщэ ІофхэмкIэ зэкIэри гъэнэфагъэу тшIэмэ тшIоигъу, мыгъэнэфагъэ горэ къахэфэныр къытэкIурэп. Ары, Іофыгъо пстэухэмкIи гъэнэфэгъэ шъыпкъэу зэкIэри тшIэ-

хэмэ тшIоигъу. Ау анахь мэхьанэшхо зиIэ Iофыгъомкlэ – Тхьэм фэгъэхьыгъэмкIэ – мыгъэнэфэгъэ шIыкIэм, къыгурыIогъуаеу щыт нахь мышIэми, зетэгъэзыгъэ.

Илъэс пчъагъэкIэ узэкIэIэбэжьмэ, къалэу Аугсбург изэхэсыпIэу ермэлыкъхэр зыщызэхащэхэрэм щыIэгъэ зэIукIэм сыкъыщыгущыIэгъагъ. ЗэIукIэм изэхэшIакIохэм гухэлъ гъэшIэгъон ашъхьэ къихьэгъагъ: шэмбэт пчыхьэрэ зэкIэ ешхэ-ешъуапIэхэм ащычэфагъошхоу зэращыщытым къыхэкIэу а пчыхьэм сыхьатыр 12-м зэIукIэр рагъэкIокIынэу ары. Нахьыпэ рапшIэу ащкIэ макъэ арагъэIугъагъэп, сыда пIомэ а зэIукIэм къэкIонхэкIэ зыфэмыехэ чыристанхэу хъурэр-шIэрэр зэгъэшIэгъэным щэхъурэ гухэлъ зимыIэхэр ащ къыщызэрэугъоинхэ алъэкIыщтыгъэ. Синыбджэгъухэр машинэхэм арысхэу ешхэ-ешъуапIэхэу чэщым сыхьатыр 12-мэ адэжь зэфашIыжьыхэрэм къачIэкIыжьыгъэхэр, официантхэу ядэжь кIожьыхэрэр, бархэм закъыщызышIырэ пшъашъэхэр къаугъоихэти, а чIыпIэм къыращалIэщтыгъэх. Зэпымыоу ащ фэдэ цIыфхэр машинэхэм зэхэсыпIэм къырагъэуалIэщтыгъэх. ЫкIи сыхьатыр 12-м хэIэтыкIыгъэ къэгущыIапIэм сыкъызыдэкIуаем, бэрэ сымылъэгъурэ цIыфых сапашъхьэ итыгъэхэр. Дэгъуба адэ! Ахэмэ ащыщыбэхэр ешъогъагъэх. Ащ фэдэхэм ащыщ горэ сапашъхьэ шъыпкъэ исыгъ – лIы ныбэшъоу тутыныбжъэ ныкъогъэстыр зыIупшIэ къуапэ дэгъэнагъэр, ары пакIошъ, ащ ипаIуи зыщихыгъэп. Сэ мырэущтэу сегупшысагъ: «Сыдэу дэгъоу зэкIэри зэпыфагъа!» – ыкIи сипсалъэ къезгъэжьагъ. Апэрэ къэIогъоу гущыIэу «Тхьэр» къызэрэсэIоу, а зипаIо зыщызымыхыгъэ лIы ныбэшъур къыхэкуукIыгъ: «Ар щыIэп ныIа!» ЗэкIэри къэзэрэгъэщхыгъэх. Сэ ащ зыкъытесэуфи сыкъеупчIыгъ: «О уицыхьэ телъа Тхьэр щымыIэу? Уицыхьэ шъыпкъэ телъа?» Ар ышъхьэпхэтыку лъэшэу зэрэкIэпIэстхъэжьыгъэм къыхэкIэу ипаIо ынатIэ къытецохъогъагъ, тутыныбжъэ ныкъостэу ыIупшIэ зы къуапэм дэлъыгъэр адрэ къуапэм ыгъэкIуати, аужыпкъэм, мырэущтэу къыIуагъ: «Ар тэрэз шъыпкъэу къыуиIонэу хэти ышIэрэп». Джащыгъум а лIы ныбэшъум сыдэхьащхыгъ: «Арэу щытми! Сэ ащ фэгъэхьыгъэу тэрэз шъыпкъэу сэшIэ!» «Арэу оIомэ, – къысеIо лIы ныбэшъум сIуагъэм къемыуцуалIэу, – сыдэущтэу о тэрэз шъыпкъэу пшIэрэ Тхьэр щыIэмэ-щымыIэмэ?» Джащыгъум ащ есIуагъ Исус ищыIэныгъэкIэ тэрэз шъыпкъэу Тхьэм ехьылIагъэу зэрэсшIэрэр. Джащ нэужым зэIукIэм рэхьат шъыпкъэ къыщыхъугъ.

Тхьэм фэгъэхьыгъэу шъуицыхьэ пытэ зыхэлъ еплъыкIэ шъу-

иIа? Сэ чыристанхэм сяупчIы: «Шъуицыхьэ телъа шъо шъуипсэкIодшIагъэхэр Тхьэм шъуфигъэгъугъэхэу, шъуичIыфэхэр къышъупимыIэтыжьынхэу, зэкIэри Исус икъу шъыпкъэу къышъуфипщыныжьыгъэха?» Адэ сыд фэдэ джэуапых зэхэсхыхэрэр? «Ары, сыгугъэ арэущтэу!» КъышъуасIорэм къикIырэр къызыгурыжъугъаIу, щхэн дэди ар – Тхьэ зышIошъ мыхъурэ цIыфхэм афэдэу чыристанхэми зырагъэзэгъы ащ фэдэу гъэнэфагъэ гори зыхэмылъ фыщытыкIэ Тхьэм зэрэфыряIэм! Джыдэдэм къалэм сыхахьэу нэбгырэ пэпчъ сеупчIыгъагъэмэ: «Тхьэр зэрэщыIэр пшIошъ мэхъуа?» сIоу, мыщ фэдэ джэуап къысатыжьыныгъи: «Ары, Ар щыIэн фаекIэ енэгуягъо!» ЫкIи ащ пыдзагъэу джыри сяупчIыгъагъэмэ: «Адэ Ащ иIэрылъхьэу шъо шъущыта?» сIоу, енэгуягъо, мыщ фэдэ джэуап къысатыжьыныгъэкIэ. «СшIэрэп!» Адэ мыщ фэдэ цIыфхэу зыныбжь икъугъэхэм а IофымкIэ гъэнэфагъэу зыхэлъ еплъыкIэ зэрямыIэр умыгъэшIэгъон плъэкIына?

Синыбджэгъухэм ащыщ кIалэм мары джырэблагъэ къехъулIагъэр. Ар студентыгъ а уахътэм ыкIи каникулхэм ялъэхъан псэолъэшIыпIэм Iоф щишIагъ ахъщэ тIэкIу къыгъэхэным пае. Зэгорэм ащ иIофшIэгъухэм ашIэ хъугъэ а кIалэр КъэбарышIур зэзыгъашIэрэ ныбжьыкIэхэм якуп зэхэщагъэ ишъыпкъэу зэрэхэлажьэрэр. Арыти, ащ кIэнакIэхэу къырагъэжьагъ: «Пасторэу Буш иныбжьыкIэхэм ори уащыща?» – «Ары, сащыщ!» – «Адэ ори тхьаумафэрэ чылысым окIуа?» – «СэкIо адэ!» – «Тхьэумафэ пэпчъи?» – «Тхьэумафэ пэпчъ». – «Тхьэумафэ пэпчъ! Уиакъыл оуиежьыба?» – «Хьау! Ащ фэшъхьафэуи тхьэмафэм зэ сэкIо Библием изэгъэшIэн фэгъэхьыгъэ сыхьатэу зэхащэрэми!» – «КъызэрэчIэкIырэмкIэ, о уакъылынчъэ шъыпкъ!« ЫкIи зэкIэри ащ къыкIэнакIэхэу къыдырагъэжьагъ: «Дин пащэхэм цIыфыр делэ ашIы!» «Илъэс 2000 ащ ыуж тешIэжьыгъэ нахь мышIэми, чыристан диным уасэ зэримыIахэр къагъэшъыпкъэжьыгъэ хъугъэ!» «Библиер – мышъыпкъэ къэбар закIэу зэхалъхьагъэ!» Нахь кIэкIэу къэпIон зыхъукIэ, мо кIэлэ ныбжьыкIэм зэкIэри къыдэхьащхых, къыкIэнакIэх. Ау «пылым фэдэу кIышъо пытэ» зиIэ кIалэу ар къычIэкIыгъ, зэкIэри ыщыIагъ рэхьатэу. ЕтIанэ мо кIалэхэр зэIэсэжьыхэм, ежьым ариIуагъ. «Чыристан диным арары нэмыIэмэ шъузэрэфыщытыр, шъуащыщ гори чылысым хэмытэу ары къызэрэпшIошIыщтыр». ЗэкIэм зэкIэри къэрэхьатыгъэх. ЕтIанэ анахь зыныбжь хэкIотэгъэ псэолъэшI горэ, кIалэм къыIуагъэм емызэгъэу, Iофым къыхэгущыIагъ: «Сыда ащкIэ о къапIомэ

пшIоигъор? Сэри Зиусхьанэу Тхьэр сшIошъ мэхъуба! О зызакъом учыристанэу ара къызэрэпшIошIырэр? Сэри джащ фэдэу сычыристан! Тхьэри сшIошъ мэхъу!» Ащ ыуж зэкIэри къэщэрэгъэгущыIагъэх: «ПIопэн хъумэ, сыд фэдэ шэна о уиIэр, зэкIэми уанахь дэгъоу зызэрэплъытэжьырэр! Тэри ощ фэдэ къабзэу тычыристаных! Тэри джащ фэдэу Зиусхьанэу Тхьэр тшIошъ мэхъу!» Зэрэшъулъэгъоу, зекIуакIэр фэшъхьаф шыпкъэу хъугъэ. Джы зэкIэми зэдырагъаштэу къэкуощтыгъэх: «Тэри Тхьэр тшIошъ мэхъу. Тэри джащ фэдэу тычыристаных!» ЕтIанэ зэкIэри зэсамбырыжьхэм, синыбджэгъу яупчIыгъ: «Адэ ащыгъум сыд пае ащ фэдизэу шъукъыздэхьащхыра?» ЫкIи мыщ фэдэ джэуап зэхехыжьы: «Ей! О тыогъэделэ ныIэп! Зыгорэ къыбдэгущыIэн ылъэкIыщтэп о!»

КъыжъугурэIуа? Зыныбжь икъугъэ псэолъэшIхэу пкIантIэ къяхэу Iоф зашIэрэ нэужым пивэ бэшэрэб заулэ изышъун зылъэкIыщтхэм апэ кIалэр мыскъарэ ашIы, ау етIанэ зэкIэм ежьхэми къагурыIо: тэри тычыристанхэба?! Сицыхьэ пытэ зытелъыр шъо шъуащыщэу бэхэми джащ фэдэу Тхьэм фыщытыкIэу фышъуиIэр мыгъэнэфагъэу ыкIи зэхэфыгъуаеу зэрэщытыр ары.

## 2. Библиер теубытагъэ хэлъэу къэгущыIэ

Енэгуягъо, жъугъэшIагъоу шъукъыкIэупчIэнкIэ: «Пасторэу Буш, адэ чыристан диныр зыгорэм уицыхьэ телъыным зыгорэкIэ епхыгъэу щыта? Зыгорэм уицыхьэ телъыныр гъэнэфагъэу щыщымытэу, шIошъхъуныгъэу пхэлъымкIэ зэкIэ пштэн фаеу зэрэщытыр арыба чыристан диным ишэн-унаеу хэлъыр?» Джырэблагъэ джыри зэу сыгу къагъэкIыжьыгъ сищыIэныгъэкIэ бэрэ зэхэсхыгъэ гущыIэ щэрыор: «ТIур тIоу пштэмэ плIы зэрэхъурэр тэрэз шъыпкъэу тэшIэ, ау чыристан диным зыпари гъэнэфагъэу щыщытэп, зэкIэри шIошъхъуныгъэкIэ пштэн фае нахькIэ». ЗэрэхъурэмкIэ, диным фыщытыкIэу фытиIэр мары зытегъэпсыкIыгъэн фаер: а диным зэкIэ шъыпкъагъэхэу къыщиIуатэхэрэм еплъыкIэу афытиIэр пхъуантэм е гардеробым дэтэлъхьэхэшъ, шIошъхъуныгъэу тиIэр зыдэтэштэшъ, тызыдакIорэри тымышIэу тапэкIэ тылъэкIуатэ. Джары бэхэм а Iофым еплъыкIэ – екIолIакIэу фыряIэр. Загъорэ мыщ фэдэ къысаIоу мэхъу: шъо, чыристанхэм, шъуазыфагукIи зыкIыныгъэ щышъухэлъэп ныIа. ШъуиIэх шъо католикхэр, КъэбарышIум дезыгъаштэрэ чыристанхэри

ыкIи фэшъхьафхэри. Хэта адэ шъыпкъэр къэзыIощтыр? Сэ къызэрэсшIошIырэмкIэ, ежьым чыристан диным анахь зицыхьэ зытемылъыжьэу ыкIи анахь мыгъэнэфагъэу зелъытэжьы. Ау ар хэукъоныгъэшху.

ШъошIа шъо, чыристан диныр зилIэужыгъо шыпкъэр Къэбарышlум /Новый Завет/щэхъу къыжъугурызыгъэIон зылъэкIынэу зэрэщымытыр? Ар зыпштэкIэ, ащ изы сатыр пэпчъ теубытагъэ хэлъэу, нафэу къэгущыIэ! Арэущтэу зэрэщымытыр шъулъэкIыщтымэ шъо къысфэшъуушыхьат! Джащ къыхэкIэу щхэны мэхъу мыгъэнэфэгъэ-зэхэмыфыгъэ еплъыкIэ яIэу чыристанхэр зэрэщыIэхэр. Ау Iофыр мыщ дэжьым зэолIэжьырэр чыристан диныр арэп. Хьау! ЗэкIэ КъэбарышIур пштэмэ, ар теубытагъэ хэлъэу нафэу къэгущыIэ. КIэкIэу къышъуфэсIуатэзэ, ар къыжъугурызгъэIощт: КъэбарышIум ицыхьэ пытэ телъэу къыгъэлъагъорэр Тхьэр псэоу зэрэщыIэр ары!

А псэ зыпыт апшъэрэ псэушъхьэ горэу, нэм къыпэшIошIырэ горэу, тэ къытэрыкIоштыр арымырэу, Тхьэ шъыпкъэр, Исус Христос Ятэ, псэоу щыI! Тыдэ къитхыгъэу ар тшIэра? Ар Исус хэтлъэгъуагъ! Джы тэ ар гъэнэфагъэу тэшIэ. Библием, сыд фэдэрэ чIыпIэм шъуеджэмэ, шъори къыжъугурыIощт Тхьэр псэоу зэрэщыIэр нэкIубгъо пэпчъ къызэреушыхьатырэр! Ащ Исус зыкъыщигъэлъэгъуагъ! Тхьэр зыгу имылъ цIыфыр тэрэзэу псэурэп, ащ ищыIэныгъэ мэхьанэнчъэу щыт.

А тхылъ шъыпкъэм теубытэгъэ пытэ хэлъэу къыщеIуатэ: цIыф лъэпкъхэр зыгъэкIодынхэ зылъэкIыщт Тхьэм, зэгорэм ахэмэ хьыкум атезышIыхьэщт Тхьэм гъунэнчъэу сэ шIу сыкъелъэгъу, ар сэ къысшIошIырэ къодыеп, ащ ехьылIагъэу гъэнэфагъэу Рим ия 8-рэ шъхьэ къыщеIо нахькIэ: «...сэ сыщэгугъы, – шъунаIэ тешъудз, – сыщэгугъы Тхьэм шIулъэгъуныгъэу Исус Христос, ти Зиусхьан иIэмыркIэ къытигъэлъэгъугъэм лIэныгъэми псэуныгъэми тэ... тыпагъэкIын зэрамылъэкIыщтым». Тхьэм шIулъэгъоу къытфыриIэр Исус иIэмыркIэ къытлъигъэIэсыгъ! Ар къызышIодгъэшIырэп, ар арэущтэу зэрэщытыр шъыпкъэу тэшIэ нахькIэ. Адэ Тхьэм шIулъэгъоу къытфыриIэр сыда къызыщылъагъорэр? ИсускIэ Ащ тэ шIу тилъэгъугъ. Исус игъогу рыкIорэхэм мыщ фэдэ орэд къаIо: «Тхьэм ишIулъэгъу лъапIэу, цIыфхэм адэжь Христосыр къэзыгъэкIуагъэм щытхъур ыдэжь!» ШъошIа шъо ар?

Тхьэм иIэрылъхьэхэу зэрэщытхэм зицыхьэ телъ цIыфхэм яхьылIагъэу Библием къыщеIуатэ. Я 48-рэ орэд лъапIэм Даут

мырэущтэу къыщеIо: «Тхьэм спсэ ыщэфыжьыщт, сыIэкIихызэ хьадэгъум, сиштэжьыщт». А чIыпIэ дэдэм мырэущтэу къыщиIорэп: «Сэ сыщэгугъы Тхьэм спсэ хьадэгъум сыIэкIихынэу», теубытагъэ хэлъэу мырэущтэу къыщеIо нахькIэ: «Тхьэм спсэ ыщэфыжьыщт, сыIэкIихызэ хьадэгъум сиштэжьыщт, – джыри ащ пыдзагъэу, – Тхьэм шIункIыгъэм итетыгъо ыIэчIэгъ тыкъычIихыжьи, Ыкъоу шIу ылъэгъурэм итетыгъо ыIэчIэгъ тычIигъэуцуагъ». Исус игъогу рыкIохэрэм ящэн зэхъокIыныгъабэ фэхъугъ, Исус ишIуагъэкIэ ары ахэмэ а зэхъокIыныгъэхэр зэрафэхъугъэр ыкIи ар ахэмэ дэгъоу ашIэ! Джыри ащ пыдзагъэу мырэущтэу къыщеIо: «ТэшIэ тэ лIэныгъэм тыкъыIэкIэкIыжьи, щыIэныгъэм тыкъызэрэIэкIэхьагъэр» «ТэшIэ тэ». Адэ шъори арэущтэу къэшъуIон шъулъэкIыщта? Е мыщ фэд: «Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ шыхьат къытфэхъу Тхьэм ибын тызэрэщытыр». Джарэущтэуи итхагъ: «тызэрэщытыр».

Библием зэкIэ нэфэ шъыпкъэу къыщеIо. Адэ мы гущыIэ мышъо-мылыр тыдэ къикIыгъэхэу тицIыфхэм ахэлъы хъугъэха? «ТIур тIукIэ пштэмэ плIы зэрэхъурэр тэрэз шъыпкъэу сэшIэ, ау чыристан диным зыпари гъэнэфэгъэ шъыпкъэу щыпшIэнэу гъэпсыгъэп, сыда зыпIокIэ зэкIэ зэпхыгъэ хъужьыгъэр шIошъхъуныгъэр ары». ТIур тIукIэ пштэмэ плIы зэрэхъурэр сэри тэрэз шъыпкъэу сэшIэ, ау ащ нахьэу сицыхьэ зытелъыр Тхьэр псаоу зэрэщыIэр ары. ЦIыфхэу Тхьэм зыфэзыгъэзагъэхэм мырэущтэу аIо: «ТIур тIукIэ пштэмэ – зэрэхъурэр плIы, ар тэшIэ, ау ащ нахьэу тицыхьэ зытелъыр Тхьэм ибынхэу тызэрэхъугъэр ары!»

Джы сэ сышъоупчIы: «Джырэ чыристан диным фэдэу тыда шъо ащ фэдэу шIошъхъуныгъэу теубытагъэ хэлъым шъузыщыIукIэн шъулъэкIыщтыр? Тыдэрэ чIыпIа ар?» Ащ къыушыхьатырэр тIэкIу нэмыIэми Библием тызэрэкIэлъырыкIотыгъэр ыкIи икIэрыкIэу ащ нахь благъэу текIолIэжьын зэрэфаер ары. Сэ сызэрэшъуаджэрэр чыристан диным щыщ Iахь цIыкIу горэм зешъумыгъэзэгъынэу ары! Ащ фэдэ шIыкIэм зыпари мэхьанэ иIэп. Мэхьанэ зиIэ закъор Библием тегъэпсыкIыгъэу чыристан диныр ары ныIэп. Джащ фэдэ чыристан диныр ары ныIэп осэ шъыпкъэ зиIэр. Тхьэр зэрэпсаум тицыхьэ телъыныр, Ащ шIу тызэрилъэгъурэм ыкIи Ащ тыриIэрылъхьэу тызэрэщытым тицыхьэ телъыныр – джары осэ шъыпкъэ зиIэу щытыр! ЗэкIэ адрэхэм сыд фэдэрэ уаси яIэп!

Теубытагъэ хэлъэу джащ фэдэ шIошъхъуныгъэр ащэжъынчы

дин орэдхэр зыдэтхэ тхылъым инэкIубгъохэми. ГущыIэм пае: «Зиусхьаныр – тэ тимэIу ыкIи тызыщыгугъырэр ары, тэ Ар типытапI ыкIи тикъушъхьэ цакI; Ащ тэ къытитыгъ мамырныгъэ ыкIи Ежьым ыдэжькIэ шъыпкъагъэ тиIэу елъытэ. Ащ тэ псэкIодшIагъэхэр ттырихыжьхи, ем тыщиухъумагъ». Е: «СэшIэ сэ, ары, сэшIэ сэ си-КъэгъэнэжьакIу зэрэщыIэр, ыкIи ащ мыкIодыжьын щыIэныгъэм итын къысеты». Джыри: «СэшIэ сэ сицыхьэ зытелъыр, хэти Христос сыгуищын ылъэкIыщтэп, Ар джыри къызыкIожьырэ мафэм сыкъигъэнэжьыщт».

Ащ фэгъэхьыгъэу нэмыкI екIолIакIэм тегъэпсыкIыгъэу джыри къышъуфэсIотэнэу фиты сыкъэшъушI. ШIошъхъуныгъэу тиIэм тызщигъэгугъэрэр мары: Тхьэр шъыпкъэу щыI, Исус иIэмыркIэ зыкъытигъэлъэгъугъ. ЦIыфхэр Тхьэм ригъэшIужьынхэм пае Исус лIи, къэхъужьыгъ. Ар хэти къызыфигъэфедэным пымылъми, ар шъыпкъэ. ары. Сэ сшъхьэкIэ ащ сицыхьэ пытэ телъэу хъугъэ.

Профессор нэбгырэ 10000-мэ Исус къэмыхъужьыгъэу аIозэ, зы нэбгырэ ныбжьыкIэм ышIошъ агъэхъумэ ашIоигъоу едаохэ хъумэ, ащ мырэущтэу ахэмэ ариIозэ, къыушыхьатын ылъэкIыщт: «Лъытэныгъэ зыфэсшIырэ профессор 10000-р! СэшIэ сэ си-КъэгъэнэжьакIо зэрэпсэур!» ЫкIи ащ пае къамыгъанэу зэрэдунаеу ащ къыдыримыгъаштэ зыхъукIэ, ар зыкIи къыримыдзэу шIошъхъуныгъэм мырэущтэу къыIощт: «СэшIэ сэ ШIошъхъуныгъэ ЗыфысиIэр!» Шъори пчъэгъабэ хъухэу, шIэныгъэмкIэ къэгъэшъыпкъагъэхэу къэсIуагъэхэр къызэпырыжъугъэзэжьыхэзэ, шъукъысэдэонэу шъукъысфежьэмэ, мыщ фэдэджэуап къышъостыжьыщт: «Ащ фэгъэхьыгъэу шъощ нахь дэгъоу сэ сэшIэ!» ЗэкIэ зэрэдунаеу ехъырэхъышэщтыгъэми, мырэущтэу къэсIоныгъи: «Сэ ащ сицыхьэ телъ! Синыбджэгъухэр! Чыристан шIошъхъуныгъэу тэ Библием игъогу къытфилъэгъурэр джащ фэдэу гъэнэфэгъэ шъыпкъэу щыт».

### 3. Адэ шъо ащ фэдэ шIошъхъуныгъэ пытэ шъуиIа?

Джы сэ мыщ фэдэ упчIэ сиIэу зыкъышъуфэсэгъазэ : «Адэ ащ фэдэ шIошъхъуныгъэ пытэ шъо шъуиIа? Е ащ шъо шъуфыщэкIа?» Мырэущтэу шъо къэшъуIогъагъэмэ: «Сэ чыристанэу зысэлъытэжьы, ау ащ фэдэ дэдэу джыри сыхъугъэп. СэрыкIэ джыри бэба мыгъэнэфагъэу щытыр!» – джащыгъум сэ сипсалъэ мыпкIэнчъэу

слъытэныгъи. Голландием щыщ ныбжьыкIэхэм гъэпсэфыгъо уахътэр зэгорэм зэрадэзгъэкIогъагъэр сыгу къэкIыжьы. Чэщым сыхьатыр тIум сипчъэ къытеуагъэх. Пчъэр къызыIусэхым, пижамэхэр зыщыгъ кIэлэ заулэ сапашъхьэ къиуцуагъ. «Сыда шъузыгъэгумэкIырэр?» – сяупчIыгъ сэ. Ахэмэ ащыщ горэм джэуап къыситыжьыгъ: «Тэ чыристанэу джырэ нэс зытлъытэжьыщтыгъэ, ау джы гу лъыттагъ ныIэп ащ икъу шъыпкъэу джырэ нэс зэрэлъыкIэтымыгъэхьагъэм!» Ащ ахэр лъэшэу зэригъэгумэкIыгъэхэм къыхэкIэу чэщым сыхьатыр тIум гъэнэфагъэу ар зэрагъашIэмэ ашIоигъолу садэжь къэкIуагъэх. Теубытагъэ зыхэлъ шIошъхъуныгъэу Библием къытигъэлъэгъурэм лъэшэу тызэрэпэчыжьэр зэхэтшIэным лъэшэу осэшхо иIэу щыт.

Инджылызым щыщ дин пэщэ шIагъоу Сперджен ащ фэгъэхьыгъэу мырэущтэу ыIогъагъ: «ШIошъхъуныгъэр – ар тэрыкIэ яхэнэрэ тпкъынэ-лынэу тыкъэзыуцухьэрэ дунаир зэрэзэхатшIэрэр ары». Шъори шъошIэ дунаеу тыкъэзыуцухьэрэр зэрэзэхатшIэрэ пкъынэ-лынитф зэрэтиIэр: зэрытлъэгъурэр, зэрызэхэтхырэр, зэрызэхатшIэрэр, IэшIугъэр зэрызэхэтфырэр ыкIи мэхэр зэрызэтетфыхэрэр арых. А пкъынэ-лынитфымкIэ тэ шэпхъищ хъурэ тыкъэзыуцухьэрэ дунаир зэхэтшIэн тлъэкIыщт. Ащ фэдэ пкъынэ-лынэхэмкIэ щыIэ цIыфыр къыкIэупчIэ: «Адэ тыдэ щыIа Тхьэр? Сэ Ар слъэгъурэп. Исуси джащ фэдэу слъэгъурэп. Сэ ахэр сшIошъ хъухэрэп!» Ары шъхьакIэ Ежьым ЫIпсэ ЛъапIэкIэ Тхьэм тэ шIэныгъэхэр къытхелъхьэхэмэ, ащыгъум зэрызэхатшIэрэ яхэнэрэ пкъынэ-лынэр тиIэу мэхъуба. Джащыгъум тлъэгъун, зэхэтхын, зэхэтшIэн, IэшIугъэмрэ мэмрэ зэхэтфынхэ зэрэтлъэкIыхэрэм имызакъоу, фэшъхьафырэ дунаири зэхэтшIэн тлъэкIыщт. Библием мырэущтэу къыщеIо: «ЦIыфхэм мыкIодыжьын щыIэныгъэр яIэ зэрыхъурэ гъогур о Тхьэ шъыпкъэ закъор узэрашIэщтри о къэбгъэкIогъэ Исус Христос зэрашIэщтри ары». Ар цIыфхэм къызыдагъэхъун зэралъэкIыщтыр джа зигугъу къэтшIыгъэ зэрызэхашIэрэ яхэнэрэ пкъынэ-лынэр ары.

Джырэ благъэ сэ Эссен къалэм щыпсэурэ сатыушIэным пылъ лъэрыхь горэм ыдэжь сыщыIагъ. Ащ иIофшIапIэ зычIэт унэр чIыпIэ теIэтыкIыгъэм тетыгъ ыкIи а чIыпIэм ущытэу къалэм укъыдаплъэмэ, пIэгу итым фэдэу ар зэкIэ иплъэгъукIыщтыгъэ. Унэ кIоцI заулэхэм сызапхырэкIы нэужым, аужыпкъэм, ащ икабинет сыкъэсыгъ ыкIи ыпашъхьэ ситIысхьагъ. ПсынкIэу иIофхэр зэкIифэхи къыздэгущыIэныр зырегъажьэм ащ къысиIуагъ: «Сэ-

рыкIэ гъэшIэгъоны сиIофшIапIэ пасторыр щезгъэблэгъэныр. Заом ыуж сэри тIэкIурэ диным изэгъэшIэн сыпылъыгъ, ау арэу щытми, сэ ащ егупшысэкIэ шъхьаор фысиI…» «КъэIуат, къэIуат, – сыдеIэ сэ ащ, – сэ синервхэр пытэх!» «Сэ ащ еплъыкIэу хэсхыгъэр, – лъегъэкIуатэ ащ къыIуатэрэм, – чыристан диныр гъэнэфагъэ гори зыхэмылъ Iофэу зэрэщытыр ары! Тэ къытфеджэщтыгъэх мыхэмэ афэдэ Iофыгъохэм яхьылIагъэу: Чыристаныр ыкIи экономикэр, Чыристаныр ыкIи уIэшыгъэныгъ, Чыристаныр ыкIи ахъщэхэр, Чыристаныр ыкIи ащ ичылыс. Ау джы къызнэсыгъэм сэ хэти къызгуригъэIонэу сыIукIагъэп чыристан цIыфыр зыфэдэн фэе шъыпкъэр. Енэгуягъо, ар къэзыIуатэхэрэми ежьхэми ар тэрэз шъыпкъэу амышIэрэкIэ!» Джы мары ащ фэдэ IофшIапIэ зэтегъэпсыхьагъэм сычIэсэу ащ фэдэ гущыIэхэу къызжэхадзэхэрэм сядэIоу сыщыс. «Ей, – есIуагъ сэ ащ, – о огъуащэ! Ухэукъо о!» Ащ лъыпытэу ыгъэшIагъоу ар къысэупчIыгъ: «Чыристан цIыфыр зыфэдэн фаер о къысэпIон плъэкIыщт, ара?» «СлъэкIыщт адэ, – естыжьыгъ сэ джэуап. – КIэкIэу ыкIи гурыIогъошIоу сэ ащ ехьылIагъэу къыпфэсIотэщт. КъызыгурыгъэIогъуаеу мыщ зыпари хэлъэп». «Ыхьы, ыхьы, – IущхыпцIыкIыгъ ар, – зым зэриIорэмкIэ, чыристаныр – ар полициер щыхьэгъу зымышIырэр ары, адрэм зэриIорэмкIэ – чылысым щаумэхъыгъэр ыкIи щагъэтIылъыжьыгъэр ары. Къыздыригъаштэу ащ шъхьащэ къышIыгъ. Ащ зэкIэм къыгурыIуагъ. «Арымэ дэгъу, – сэIо. – Ащ сэ, цIыф кIодыгъэр ыкIи хэти къыгъэнэжьын ымылъэкIыщтыгъэр, псэкIодшIэгъабэ зиIэр сыкъигъэнэжьыгъ, стырихыжьыгъэх, лIэныгъэм сыIэпихыжьыгъ ыкIи шэйтаным ифэмэ-бжьымэ сыкъыIэкIихыжьыгъ!» Джыри сIорэм къыдыригъаштэу ащ шъхьащэ къышIыгъ. Ащ ехьылIагъэу зыгорэхэр ышIэу къычIэкIыгъ. Сэ къэсIуатэрэр лъызгъэкIуатэщтыгъэ: «Сэ Ащ иIэрылъхьэу сыхъуным пае сызэрищэфыжьыгъэр дышъэп ыкIи тыжьынэп. Ежьым ылъэу осэнчъэу щытымкIэ, хьазабэу ыщэчыгъэмкIэ ыкIи сэ Iэрылъхьэ сыфэхъуным пае зэрэлIагъэмкIэ ары нахь. Зэхэоха о? Сэ Исус сыриIэрылъхьэу сыщыт, сыда пIомэ Ащ Ежьым ылъкIэ сипсэкIодшIагъэхэм апае спщынын фэягъэр ежьым сфипщыныгъ, хьадэгъум ыкIи джэхьнэмым саIэпихыжьыгъ, сэ Ащ сицыхьэ телъ!» – джа гущыIэхэр къэзыIон зылъэкIыщтыр ары чыристаныр, зиусхьанэу генеральнэ директор. Кабинетым ащ лъыпытэу кIым-сым къыщыхъугъ. ЕтIанэ сезыгъэблэгъэгъэ лIыр къысэупчIыгъ: «Адэ сыдэущтэу ар сэ къыздэхъун слъэкIыщта? Сыдэущтэу сэ ар

къыздэхъущта?» Сэ ащ джэуап естыжьыгъ: «КъасIорэм къедэIу: джыдэдэм уисекретарь бзылъфыгъэ къыIоу зэхэсхыгъэ зыбгъэпсэфынэу узэрэкIорэр. Непэ шъыпкъэм, щэджэгъоужым сэ къыпфязгъэхьыщт КъэбарышIур. Ар зыдаштэри, мафэ къэс едж Иуан КъэбарышIур къызэриIотагъэм щыщ зы пычыгъо ыкIи Тхьэм елъэIу, джащыгъур ары ныIэп а зыфапIорэр къызыбдэхъун плъэкIыщтыр».

КъасIорэр тэрэзэу къызгурыжъугъаIу: КъэбарышIум къызэриIорэмкIэ объективнэ шъыпкъагъэхэр, зытет шъыпкъэмкIэ, шъыпкъагъэхэу зэрэщытхэр ыкIи сэ ар субъективнэу сIэ къизгъэхьан ыкIи ащ ишIуагъэкIэ зыкъэзгъэнэжьын зэрэслъэкIыщтыр ары. Адэ ащ фэдэ шIошъхъуныгъэр шъо шъуиIа? Ащ сызэриштагъэм сицыхьэ темылъэу сыщыIэн слъэкIыныгъэп. Зэгорэм кIэлэ ныбжьыкIэ горэм сеупчIыгъагъ: «Исус шIу олъэгъуа?» – «Сэлъэгъу». – «Адэ ошIа Ащ ыгукIэ уиштагъэу? Ащ уриIэрылъхьэу ущыта?» – «Сыщыт, ау ащ сэ сицыхьэ пытэ телъэу сIон слъэкIыщтэп. Джыри сыд фэдиз Iофыгъуа зэшIосхын фаеу сапэ илъыр». – «КъэдаIу, сэ аущтэу сыщыIэн слъэкIыныгъэп, – есэIо ащ. – Сэ сшIэн фае Ащ сиштагъэмэ е симыштагъэмэ!» Шъо, ехъырэхъышэрэ чыристанхэу Тхьэр щыIэми зымышIэхэрэр, зиахъщэ Iофхэм язытет дэгъу дэдэу щыгъуазэхэу, ау Тхьэм ехьылIагъэу зыпари зымышIэхэрэр! Шъучыристаныхэпи шъо! КъэбарышIум къызэрэщиIорэм теткIэ, чыристанхэкIэ алъытэхэрэр мырэущтэу къэзыIонхэ зылъэкIыщтхэр ары: «Сэ сшIошъ мэхъу Христосыр си Зиусхьанэу зэрэхъугъэр».

Ащ сэ къыхэзгъэхъожьыщт тарихъ кIэкI. Ар шъо шъушIэнкIи мэхъу. Генералэу фон Фибан къыIотэжьыгъагъ маневрэхэр зыщашIыщтыгъэхэ уахътэм шыоу мэзым хэтэу кIозэ, къутамэ горэм шIуани, ишъошэ кIыIутелъ зэрэзэIитхъыгъагъэр. ГенералымкIэ ар къекIунэу щытыгъэп ыкIи джащ пае къуаджэу ахэр зыдэсыгъэм идэхьэгъум дэжь дзэкIолI заулэ зэхэтэу зыщелъэгъум, зытес шыр къыгъэуцуи, ахэмэ яупчIыгъ: «Шъухэта шъо щыгъыныд?» ДзэкIолIыхэм ащыщ горэ генералым къечъэлIагъ, ыпашъхьэ зыщырищыгъ ыкIи джэуап ритыжьыгъ: «Ары шъыпкъ! Зиусхьанэу генерал, сэры щыгъыныд!» Фибан ащ унашъо фишIыгъ: «Арымэ, сифэтэр къакIори, сишъошэ кIыIутелъ сфэдыжь». Ау дзэкIолIым ащ риIожьыгъ: «Ар згъэцэкIэн слъэкIыхэщтэп». – «Сыда бгъэцэкIэн зыкIэмыплъэкIыщтыр? Ущыгъын дакIоба о?!» «Къысфэгъэгъу, зиусхьанэу генерал, сэ слъэкъуацIэр Щыгъы-

ныд, ау сэ зыкIи сыщыгъын дэкIуагъэп». Ащ фэгъэхьыгъэу къыIуатэзэ, генералэу фон Фибан дэгъу дэдэу къекIоу къыпигъэхъожьыгъагъ: «ЧыристанкIэ зызылъытэжьырэ нэбгырабэхэм яхьылIагъэу джарэущтэу къэпIон плъэкIыщт: анкетэхэм арыт сатырэу – Динэу улэжьырэр – зыфиIорэм итхагъэу плъэгъущт: – чыристан, евангельск. – Зытет шъыпкъэмкIэ, итхэгъэн фэягъэр «чыристанкIэ зысэлъытэжьы, ау арэущтэу сыщытэп».

Ей, сыд фэдизэу угу ябгъэгъунэу ыкIи щынагъоу щыт чIыпIэ итха ахэмэ афэдэ цIыфхэр! Ащ къыушыхьатырэр цIыфыр къэгъэнэжьыгъэу зэрэщымытыр арыба!

## 4. УмыкIодэу Тхьэм укъызэригъэнэжьыгъэр теубытагъэ хэлъэу сыдэущтэу зэрэпшIэщтыр?

Шъо шъукъысэупчIы: «Сыдэущтэу сымыкIодэу Тхьэм сыкъызэригъэнэжьыгъэр сыдэущтэу сшIэщта?» шъоIошъ. Ащ ехьылIагъэу бэ къэпIотэн плъэкIыщтыр, ащкIэ шъо Тхьэм шъуелъэIу! Ренэу Библием шъуеджэу ежъугъажь – мафэ къэс сыхьат плIан нэмыIэми! Ау сэ джыри мэхьанэшхо иIэу зыгорэ къышъосIон фае: шIошъхъуныгъэм игъэпытэным игъогу зыпхырыкIырэр акъылыр арэп, гур ары нахькIэ.

ШъошIа шъо, чыристан диным ехьылIагъэу цIыфхэм уадэгущыIэ зыхъукIэ, ащ лъыпытэу мыщ фэдэ гущыIэхэр зэхэсэхых: «Ары шъхьакIэ, сэ сшIошъ згъэхъун слъэкIырэп, зиусхьанэу пасторыр. Библием сыд фэдиза зэтемыфэныгъэу къыхафэхэрэр». «Зэтемыфэныгъэхэр пIуагъа?» – сэгъэшIагъо сэ. «Ары, гущыIэм пае, ащ къыщеIуатэ Адамэрэ Хьауэрэ шъэуитIу – Каинэрэ Авельрэ яIагъэхэу. Каин ыукIыгъ Авель, етIанэ фэшъхьаф хэгъэгу горэм кIуагъэ ыкIи ащ къыщищагъ. Адэ ахэр дунаимкIэ нэбгыритIу закъоу щыпсэущтыгъэхэмэ, сыдэущтэу ащ къыщэн бзылъфыгъэ зэригъэгъотын ылъэкIыгъа? Зиусхьанэу пасторыр, сэ ар къызгурыIон слъэкIырэп!» Зэхэшъухыгъа шъори а тарихъыр? А тарихъыр яушъхьагъоу нэмыцхэр зыпылъхэр Тхьэм зыщаухъумэнэу ары. Ащ фэдэу къызыщыхэкIырэм сэ мырэущтэу ясIоу хабзэ: «О къэбар гъэшIэгъоных къэпIуатэхэрэр. Мары Библиер къыосэты, къыщыгъот ащ чIыпIэу Каин фэшъхьаф хэгъэгу кIуи, ащ къыщищагъэу къызыщиIорэр». НахьыбэрэмкIэ мыщ дэжьым ахэр укIытэм къыхэкIэу плъыжьы мэхъух, ау сэ джыри лъысэ-

гъэкIуатэ: «Библиеу, зызылъытэжьырэ нэбгырэ мин пчъагъэхэм ашIошъ хъугъэр о щыогъэзыемэ ыкIи джауштэу ахэмэ анахьи нахь шъыпкъагъэ пхэлъэу узышIошIыжьымэ, ащыгъум Библиер о дэгъу дэдэу зэбгъэшIэн фае. Тыда ащ фэдэ гущыIэхэр зэрытхагъэхэр?» Ащ фэдэ упчIэм сыд фэдэрэ джэуапи ахэмэ къыратыжьын алъэкIырэп. Джащыгъум Библием а ичIыпIэ къызэгосэхы, ау а чIыпIэм итхагъэр фэшъхьаф шъыпкъ. Мары ащ къыIуатэрэр: «Каин хымэ хэгъэгу кIуагъэ ыкIи ишъхьагъусэ ащ щыгохьагъ». Ишъуз игъусэу ар хымэ хэгъэгу кIуагъэ. Хэта адэ ащ шъхьэгъусэ фэхъугъэр? А къэбарым ыпшъаIокIэ а тхылъ дэдэм итхагъ Адамэрэ Хьауэрэ бэ хъухэу къохэмрэ пхъухэмрэ зэряIагъэхэр. Арышъ, ащ шъхьэгъусэ фэхъугъэр ежьым ышыпхъухэм ащыщ. Библием нафэу къыщеIуатэ зэкIэ цIыфхэм ялIэужхэр зы лъэпкъым къыхэкIыхэмэ Тхьэм зэрэшIоигъуагъэр. Джащ къыхэкIэу апэ рапшIэу зы унагъом щыщ кIалэхэмрэ пшъашъэхэмрэ къэзэрэщэщтыгъэх, ау нэужым, нахь кIасэу Тхьэм ащ фэдэу къэзэрэщэнхэр афимыдэжьхэу хъугъагъэ. ЗэкIэри къыжъугурыIуагъа? Къэсыухыгъ! Сэ къышъуфэзгъэшъыпкъэжьыгъ ащ фэдэ къэбархэу къаIуатэхэрэм зы лъапсэ гори зэрямыIэр. Адэ а кIалэм къэсIуагъэр ышIошъ хъугъэу къышъушIошIа? Хьау! Ащ ущыгугъынэуи щытэп! Ащ лъыпытэу джыри ащ зы упчIэ къыгъэхьазырыгъ: «Зиусхьанэу пасторыр, къысаIоба адэ...» ыкIи джащ фэдэ упчIэ мышъо-мылыхэр. Гъэнэфагъэ мэхъу: ащ фэдэ упчIэ минишъэ пчъагъэмэ яджэуапхэр ащ естыжьынхэ слъэкIыщтыгъэ, ау ар зытетыгъэми фэдэу къэнэжьыщтыгъэ. ШIошъхъуныгъэм къызэрэфакIохэрэр акъылкIэ арэп, гукIэ ары нахькIэ!

Сэ сапэкIэ Эссен дин пащэу Iоф щызышIэщтыгъэр Юлиус Дамманн ары. Зэгорэм ащ ыдэжь къэкIогъагъ кIэлакIэ горэ ыкIи Каин ишъхьэгъусэ фэгъэхьыгъэу ыкIи джащ фэдэ фэшъхьаф упчIэхэри къыритыгъагъэх. Ау Дамманн ащ игухэлъхэр къыдигъэхъугъэхэп, зыкъыригъэубытыгъэп, мары ащ риIуагъэр: «А кIал, Исус Христос дунаим къызыкIехыгъэр ащ фэдэ хъоршэр упчIэхэм джэуап къаритыжьыным паеп, псэкIодшIагъэ зиIэхэр къыгъэнэжьынхэм пае нахькIэ! ЫкIи псэкIодшIагъэхэр зиIэ цIыф кIодыгъэу узэрэщытыр зыдапшIэ зыхъукIэ, джащыгъум джыри садэжь къакIо». ЦIыфхэу зыгукIэ зызыгъэмысэхэрэр, ящыIэкIэ-псэукIэ зэрэмытэрэзыр зыдашIэу, ежь-ежьырэу ащ фэдэ чIыпIэу зэрыфагъэхэм икIыжьынхэ зэрамылъэкIырэр зышIыхэрэр ИсускIэ шIошъхъуныгъэ яIэ хъун алъэкIы.

Зэгорэм къысэхъулIэгъагъэр джы къышъуфэсIотэщт. Хъулъфыгъэ сымэджэ нэбгырих зэрылъыгъэ сымэджэщ унэ кIоцIым сихьэгъагъ. Ахэр лъэшэу гушIогъагъэх ядэжь сызэрэкIуагъэм пае: «О зиусхьанэу дин пащэр, сыдэу дэгъоу пшIагъа тадэжь укъызэрэкIуагъэр! Тэ упчIэ къыпфытиI!» «УпчIэ шъуIуи? Бэу дэгъу! Сыд фэдэ упчIа ар?» Сэ гу лъыстагъ ахэмэ упчIэ хъоршэрыкIэ сыкъаубытымэ зэрашIоигъор. Сымаджэхэм ащыщ горэ къысэупчIыгъ: «О пшIошъ мэхъуба Тхьэм зэкIэри ыкIуачIэ къызэрихьыщтыр?» «Ары, ар сшIошъ мэхъу!» «Ащыгъум мыщ фэдэ упчIэ щыI: адэ о уи Тхьэ ыгъэпсын ылъэкIыщта Ежьыми къыIэтын ымылъэкIыщт мыжъошхо?» КъыжъугурэIуа а упчIэм тхьагъэпцIыгъэу хэлъыр? Ары зысIокIэ, ащыгъум Тхьэм зэкIэри ыкIуачIэ къыхьын ылъэкIынэу щытэп, хьау – сIуагъэми, джащ фэдэ къабзэу Тхьэм зэкIэри ыкIуачIэ къыхьынэу щытэп. Такъикъ горэм сегупшысагъ ащ фэдэ упчIэм имэхьанэ купкIэу щытыр зыфэдэм, ау а упчIэр сшIоделэгъаIоу къызэрэсщыхъугъэм къыхэкIэу а упчIэр къысэзытыгъэр сшIомыIушэу сеплъи ыкIи ар къыгурымыIоным сытещынахьэу джэуапым ычIыпIэкIэ мыщ фэдэ упчIэ естыгъ: «А кIал, ыпэ рапшIэу мыщ фэдэ упчIэ остынэу фиты сыкъэшI: УпчIэу къысэптыгъэм иджэуап умышIэмэ мыхъунэу уегупшысэзэ, чъые къыомыкIоу къыхэкIыгъа?» «Чъые къысэмыкIоуи? – къысэупчIыгъ ар, сызэреупчIырэр икъукIэ къыгурымыIоу. – Хьау!» Джащыгъум сэ ащ есэIо: «ОшIа, сэ скIуачIэхэм сашъхьасы ыкIи зиджэуап естыжьыхэрэр цIыфхэм чъые къязымыгъэкIурэ упчIэхэу къысатыхэрэр ары. КъысаIоба адэ, кIал, чъые къыомыкIоу къызыщыхэкIырэм, сыда анахьэу узыгъэгумэкIырэр?» Ащ фэдэ упчIэм иджэуап емыгупшысэжьэу ащ къытыжьыгъ: «Ай, ар зыпкъ къикIырэр пшъашъэу сызыпылъыр ары. Сабый къыфэхъунэу ар ежэ, ау тыкъэзэрэщэнэу тэ джыри амал тиIэп». «Ары Iолъ, – сэIо сэ, – джары о чъые къыозымыгъэкIурэр. Ащыгъум ащ тырыгущыIэн!» «Ары шъхьаем, ащ фэдэ Iофыгъор чыристан диным зыгорэкIэ епхыгъэу щыта?» – егъэшIагъо кIалэм зэхихыгъэр. «Ей, джа мыжъоу зигугъу пшIыгъагъэр чыристан диным зыпарэкIи епхыгъэп, мыдрэ пшъашъэу о узыпылъым дыуиIэ Iофыр арымэ, зэнкIэ шъыпкъэу епхыгъ! ОшIа о мыхъун зекIуакIэ къызэрэпхэфагъэр? Тхьэм узэрэзекIон фаеу ыухэсыгъэр уукъуагъэ, пшъашъэр бгъэпцIагъэ! ЫкIи джы узэгупшысэрэр Iофым хэкIыжьыпIэу къыфэбгъотыщтыр ары. ЕмыкIу зекIуакIэхэмрэ псэкIодшIагъэхэмрэ уахэгъощахьыгъ. О

IэпыIэгъу къызэрэпфэхъунхэ алъэкIыщт закъор Тхьэ псэум зыфэбгъазэу – Сэ псэкIод сIэкIэшIагъ! – пIоу уипсэкIодшIагъэ уфыкIэгъожьэу уелъэIумэ ары. Джащыгъум КъэгъэнэжьакIор къыбгоуцощт ыкIи IэпыIэгъу къыпфэхъущт». КIэлэ ныбжьыкIэр есIорэм къедэIоу щытыгъ ыкIи зэкIэм къыгурыIуагъ Христос ежьым иемыкIу зекIуакIэ зэригъэгумэкIырэр! Исус ащ IэпыIэгъу къыфэхъун ылъэкIыщт! ХэкIыпIэ зимыIэу ылъытэгъэ чIыпIэм икIыжьынымкIэ Ар ащ къыдеIэщт!

КъэсIуатэрэр тэрэзэу къыжъугурыIуагъа? КIалэм иакъылкIэ зэхишIыкIымэ шIоигъуагъэр делэгъэ упчIэу IэкIэхъухьагъ, ау а Iофыгъор ежьым изекIуакIэ фэгъэхьыгъэ зэхъум, ащ зэкIэм къыгурыIуагъ Iофыр зыфэдэр. КъыжъугурэIуа шъо ар? Тхьэм тыкъызэригъэнэжьыщтым тэ тицыхьэ тетльхьэу зыхъурэр хъоршэр упчIэхэр яттыхэмэ, ахэмэ яджэуапхэу къытатыжьхэрэр арэп, тэ тизекIуакIэ зыфэдэр зэхатшIэу ыкIи: «Сэ псэкIодшIагъэ сиI!» тIоу тызеуцолIэжьыкIэ ары нахькIэ. Джащыгъум тэ Исусэу къащым тыраIулIагъэр тлъэгъун тлъэкIыщт. ЫкIи джащыгъур ары мы гущыIэхэр зэхэтхынхэ зытлъэкIыщтхэр: «О уипсэкIодшIагъэхэр зэкIэ пфэзгъэгъугъэх!» Ащ нэужым тицыхьэ телъ хъущт: «Ащ ыгукIэ сэ сиштагъ!» А гъогур зыпхырыкIырэр цIыфым ыгу нахькIэ, иакъылэп.

Арышъ зэрэхъурэмкIэ, Тхьэм укъызэригъэнэжьыщтым уицыхьэ телъэу хъуным пае, мырэущтэу къапIомэ хъущтмэ, тIэкIукIэ узытещыныхьэрэ Iофым изэшIохын уфежьэн фае. Чылысхэм ахэлъ апчыхэр нахьыбэрэмкIэ шъо зэфэшъхьафхэмкIэ гъэлагъэх. Мафэрэ щагум удэтэу ахэмэ уяплъымэ, шIуцIэхэу къыпщэхъух ыкIи ашъо шъыпкъэ зыфэдэр зэхэпшIыкIырэп. Ау о чылысым узэрэчIахьэу олъэгъу ахэр шъо зэмылIэужыгъохэмкIэ зэрэзэпэлыдыжьыхэрэр. Джащ фэд чыристан диным фыщтыкIэу фыряIэм къехъулIэрэри.

Щагум сыдэтэу ахэмэ сяплъы зыхъукIэ, зыпари къызгурыIорэп пIоми хъущт: зэкIэри шIуцIэу къысщэхъу. СычIэхьан сэ мыщ, хъущтыри орэхъу, Исус нэIуасэ зыфэсшIын! Исус сэ сшIошъ згъэхъун фае! ЫкIи джащыгъум зэкIэри гъэнэфагъэу, къыгурыIогъошIоу хъущт! ЛIэныгъэм ухэбэкъукIэу зы лъэбэкъу закъо щыIэныгъэм ылъэныкъокIэ зыбдзыкIэ – джащыгъум чыристан диныр къыгурыIогъошIу мэхъу.

Мафэ горэм Зиусхьанэу Исус уарзэ къыIуатэщтыгъэ ыкIи Ащ нэбгырэ мин пчъагъэ къэзэрэугъоигъэу едэIущтыгъ. Ау зэкIэм

Ащ гугъэкIод гущыIэ пхъашэхэр къыжэдэзыгъэх: «Шъо джы шъузтетым шъуфэдэщтымэ, егъашIэм уашъом щыIэ Тхьэм и Тетыгъошхо шъучIэхьэщтэп! Шъо икIэрыкIэу шъукъалъфыжьын фае! Шъо шъуишэн, анахь дэгъу дэдэр арэуи орэхъу, Тхьэм и Тетыгъошхоу уашъом щыIэм къекIунэу щытэп!» Ар зызэхахым, хъулъфыгъэ заулэ къэтэджыжьыхи: «НекIох, тыжъугъэкIожьых, мы зэхэтхыхэрэр нэпэнчъэгъэ псалъэх!» – аIуи, IукIыжьыгъэх. Джаущтэу хъулъфыгъэ нэбгырищ IукIыжьыгъ. Ахэр алъэгъугъэх бзылъфыгъэ нэбгырихмэ, ахэр мырэущтэу егупшысагъэх: хъулъфыгъэхэр IукIыжьыгъэхэмэ, тэри тыIукIыжьын. Арэущтэу аIуи, ахэри уIкIыжьыгъэх. Ахэр зэрэIукIыжьыгъэхэр кIалэхэми алъэгъугъ: хъулъфыгъэхэр IукIыжьыгъэх, бзылъфыгъэхэри IокIожьых, тэри джащ фэдэу тыIукIыжьын фае! ТIэкIу-тIэкIузэ къэзэрэугъоигъэхэр зэбгырыкIыжьыщтыгъэх. Ар плъэгъункIэ гукIодыгъоу щытыгъэн фае. Сэ къызышIосэгъэшIы ар зэрэхъугъэн фаер, адэ зыгорэкIэ уарзэ къафэсIуатэзэ, тIэ-тIэкIузэ арэущтэу цIыфхэр зэбгырыкIыжьыхэу къырагъэжьэгъагъэмэ? ЫкIи зэкIэм анахь сызыгъэныбджэгъурэ нэбгырэ заулэ нахь симыгъусэу сыкъэнэгъагъэмэ? Джа дэдэр ары Исус къехъулIэгъагъэр. ГугъэкIод шъыпкъ! Аужыпкъэм ар изакъоу къэнагъ. Ащ иуарзэ къафиIуатэ зэхъум, нэбгырэ мин пчъагъэ зэбгырыкIыжьыгъэ. Ахэр Ащ едэIунхэкIэ фэягъэхэп. Ежьым игъогу рыкIорэ нэбгырэ 12-р ары ныIэп къэнэгъагъэр. Сэ Зиусхьанэу Исусэу сыщытыгъэмэ, ахэмэ сялъэIоу езгъэжьэныгъи: «Шъоры нэмыIэми зыгорэ къэрэн! Шъо, синыбджэгъу шъыпкъэхэр, сышъуигъусэу шъукъанэх!» Ау Исус фэшъхьаф зэрэзекIорэр. ШъошIа шъо а кIалэхэм ариIорэр? Мары ариIорэр: «Шъуфаемэ, шъори шъуIукIыжьын шъуфит!» Тхьэм и Тетыгъошхоу уашъом щыIэм егъэзыгъэ Iоф щыIэп. Уашъом щыIэ Тетыгъошхор дунаим тет пачъыхьагъу закъоу полицие зыдэщымыIэр ары. Адрэ пачъыхьагъу тетыгъошхоу щыIэхэм афэмыдэу Тхьэу уашъом щыIэм и-Тетыгъошхо чIэтхэм ежьхэр фаехэу чIэхьагъэх. «Шъори шъуIукIыжьын шъуфит, шъузэрэфай!» – джаущтэу Исус ежьым игъогу рыкIохэрэми ариIуагъ. Нэбгырэ 6000 а чIыпIэм IукIыжьыгъэхэмэ, ащ фэдэ шIоигъоныгъэ ахэми агу къыихьанкIэ гъэшIэгъоныгъэп. Исус игъогу рыкIорэхэри IукIыжьынхэкIи хъуныгъи, сыда пIомэ Зиусхьанэу Исус ахэмэ мырэущтэу ариIуагъэба: «Шъузэрэфай, шъори шъуIукIыжьын шъуфит!» Ащ ахэмэ апашъхьэ пчъэр къафызэIуеубгъукIы: «Шъори джащ фэдэу шъукIожьын шъуфит!

Шъори джащ фэдэу шъузыхэкIодэщт чIыпIэм шъукIон шъуфит! Шъузэрэфаеу шъузекIу!» Ау мыщ дэжьым Птрэ егупшысагъ: «Тыдэ сэ сыздэкIощтыр? Тыда? IофшIэнымрэ пкIантIэмрэ сахэтэу, псэкIодшIэным ишIой сыхэмыкIэу сыщыIэнышъ, аужыпкъэм джэхьнэмымым сифэнэу ара сапэкIэ къыспыщылъыр? Ащ зыпари мэхьанэ иIэп!» ЗэкIэм ар Исус Iуплъагъ ыкIи ащ гъэнэфагъэ шъыпкъэу къыгурыIуагъ: мэхьэнэ гъэнэфагъэ зиIэ закъор зы щыIэныгъ – ар Исус угукIэ уригъусэу ущыIэныр ары. ЫкIи ащ еIо: «Тыда тэ тызыдэкIощтыр, Зиусхьанэу Исус? О мыкIодыжьын щыIэныгъэ къытэзытырэ гущыIэхэр уиIэх, О тицыхьэ птелъэу хъугъэ ыкIи икъукIэ тшIошъ хъугъэ О Христосэу, Тхьэ псэум Ыкъоу узэрэщытыр. О тыуигъусэу тэ тыкъэнэщт!»

Синыбджэгъухэр, джары шIошъхъуныгъэр яIэ къызэрэхъурэр.

ЩыIэныгъэм игъогу зэфэшъхьафхэр къызэпытчыхэзэ, тэ мыщ фэдэ зэфэхьысыжьын тыкъыфакIо: Исус тэ зыкъэдгъэнэжьынымкIэ амал закъоу щыт! Ей, сыдэу сэ сыфэягъа ащ фэдэ шIошъхъуныгъэ шъори шъуиIэ хъуным: «Тэ тицыхьэ телъы хъугъэ ыкIи зэхэтшIагъэ Христос – Тхьэ псэум Ыкъоу зэрэщытыр».

ИкIэухым гущыIэ заулэ къызасIомэ сшIоигъуагъэр шIошъхъуныгъэм иапэрэ лъэбэкъухэр зышIыгъэхэу, зыгухэр Исус езытыгъэхэу, ау арэу щытми мырэущтэу зыIохэрэм апае: «Тхьэм сыкъигъэнэжьыным джыри сэ сицыхьэ телъыгоп. Сыдэущтэу ащ сицыхьэ телъэу сшIын слъэкIыщта? СищыIэныгъэ джыри бэ псэкIодшIагъэу хэслъагъорэр!» Ащ фэдэ цIыфхэу зыкъэгъэнэжьыгъэным фэгъэхьыгъэ къэбарышIур ишъыпкъэу зыгукIэ зыштэхэрэм сэ ясIомэ сшIоигъуагъ: «Тхьэм шъукъызэригъэнэжьыщтым шъуицыхьэ пытэ телъэу зыхъущтыр зыпари псэкIодшIагъэ шъуимыIэмэ арэу къышъушIошIы шъуIуа? Ащыгъум шъо чIыпIэ зыщышъуиIэр уашъор ары! Исус Христос ылъ сыщэIэфэкIэ, аужырэ мафэм нэсыфэкIэ, аужырэ жьыкъэщэгъум нэсыкIэ сэ сищыкIагъ сипсэкIодшIагъэхэр Тхьэм сфигъэгъунхэм пае!»

КIодыгъэ къом ехьылIэгъэ гъэсэпэ тхыдэм икъэбар шъо шъущыгъуаз. Ядэжь къыгъэзэжьи, ащ ятэ риIуагъ: «Сэ псэкIод сшIагъэ!» Арыти, ятэ ащ изекIуакIэ фигъэгъугъ ыкIи ешхэешъошхо фишIыгъ. Джы мырэущтэу къызышIосэгъэшIы: ятIонэрэ мафэм ипчэдыжь кIалэм имышIахэу лагъэр Iэпэзы. Къохэм ахэтэу ащ ыпэкIэ щыIагъэти, ар щысэхъукIыжьыгъагъ Iэнэ зэгъэпэшыгъэм узэрэпэсын фэе шIыкIэ-хабзэм ыкIи

ымышIахэу лагъэр IэкIэзыгъагъ. Лагъэр мэкъэшхо пыIукIэу зэкъутэм, ар хъонагъэ. Сыдэущтэу шъо къышъушIошIыра, ятэ мыщ фэдэ гущыIэхэр риIохэзэ, ыкъо унэм рифына: «КIо! Зегъахьыжь бгъашхэщтыгъэ къохэмэ адэжь?» Арэущтэу шъолъытэ шъо? Хьау! Iофхэм язытет зэрэхъугъэр фэшъхьаф шъыпкъ, ятэ мары ыкъо риIощтыр: «Зыфэзгъэгъугъэм зэкIэри фэсэгъэгъу! – ащ ыкъо гуригъэIощт: – А сикIал, арэущтэу тымыгъэзекIу, тызыпылъыщтыр Iанэм упэс зыхъукIэ, лагъэхэм нахь уафэсакъыныр, умыхъонэныр ыкIи мэкIэ-макIэзэ, тиунэ шэн хабзэу илъхэр угу къэбгъэкIыжьынхэр ары!» Ау сыд хъугъэкIи ащ икIалэ ыгъэшхэщт ыкIи къохэм адэжь ыгъэкIожьыныеп. ШъунаIэ тетэу шъукъедэIу къышъуасIорэм: цIыфым ежьым ищыIэныгъэ Исус ыIэ зырилъхьэкIэ, лъэшэу щтагъэу зыдишIэжьырэр ишэныжъ бзаджэр джыри ащ зэрэхэлъыр ары! Джыри щыIэба хэукъоныгъэр! Ау Исус ыIэ зиплъхьэ нэужы хэукъоныгъэхэр пшIыхэмэ, ащыгъум ащ лъыпытэу угу умыгъэкIоды, лъэгонджэмышъхьэкIэ тIысыри, Тхьэм мырэущтэу елъэIу: апэрэмкIэ – «О Зиусхьан, лъэшэу сыпфэраз джыри пIэ сызэрилъым пае!» ЯтIонэрэмкIэ – «Къысфэгъэгъу ыкIи О плъыкIэ сыкъэтхьакIыжь!» ЯщэнэрэмкIэ – «СипсэкIодышIэ шэныжъ сыкъыIэкIыхыжь!» Ау зэкIэми апэу: «О Зиусхьан! Сыпфэраз О джыри пIэ сызэрилъым пае!»

КъыжъугурыIуагъа шъо? ШъумыкIодэу Тхьэм шъукъызэригъэнэжьыгъэм шъуицыхьэ телъыныр къызыпкъырыкIырэр сэ сшIэрэр ары: тадэжь сыкъэкIожьыгъ ыкIи а унэм ренэу щыпсэурэ сыцIыф, охътэ гъэнэфагъэкIэ арымырэу, къэкIо-кIожьэу арымырэу, егъэшIэрэу сыкъызэрэкIожьыгъэр ары. УмыкIодэу Тхьэм укъигъэнэжьын фаеу мафэ къэс уарзкIэ заIокIэ, ащ нахь дэй хъужьырэп. СикIэлэцIыкIухэм зыкIи ящыкIэгъахэп мафэ къэс садэжь къакIохэу пчэдыжь къэс мырэущтэу къысэупчIынхэу: «Тат, непи о тиуибынэу тыщытмэ хъущта?» Ахэр сибынхэшъ гъэнэфагъэ! Тхьэм ибынхэу хъугъэхэр Тхьэм ибынхэу ренэу къэнэжьых ыкIи ащ щегъэжьагъэу зыпылъхэр, Тхьэм ибынхэу зэрэщытхэм пае, агу агъэкъэбзэжьынэу ары!

Арышъ, шъо къыжъудэхъумэ сшIоигъуагъэр Тхьэм ибынхэу шъузэрэщытхэм теубытагъэ хэлъэу шъуицыхьэ телъыныр ары!

# ШIОШЪХЪУНЫГЪЭР ЦIЫФЫМ ЕЖЬ ЫШЪХЬЭ ИIОФ АРА?

Мыщ фэдэ къэIуакIэр бэрэ зэхэпхын плъэкIыщт: «ЦIыф горэм шIошъхъуныгъэ иIэмэ, имыIэмэ ежьым ышъхьэ иIофэу щыт!» Адэ ар шъыпкъа? Ащ нахьи нахьышIу мырэущтэу упчIэр къэдгъэуцумэ: «ЦIыф горэ Исус игъогу рыкIомэ ар ышъхьэ закъокIэ иIоф щыта?»

Ащ фэдэ упчIэм иджэуап къестыжьыным ыпэкIэ ащ ипэгъокIэу упчIэ къэзгъэуцумэ сшIоигъуагъ: маркитф хъурэ ахъщэ жъгъэир шъуIыгъэу къызышIожъугъэшI. Сыда ащ тешIыхьэгъагъэр? Тфа, хьаумэ бгъэжъа? Ари адрэри ары! Маркитф хъурэ ахъщэ жъгъэим кIэлъэныкъуитIу иI. Джащ фэдэ къабзэу гъэпсыгъэ упчIэу «шIошъхъуныгъэм игъогу урыкIоныр шъхьадж ежьым ышъхьэ закъокIэ иIофэу щыта?» зыфиIорэр. Джэуапыр: адрэри мыдрэри ары. Ары ыкIи арэп.

ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэм кIэлъэныкъуитIу иI: шъхьэ закъом фэгъэхьыгъэуи цIыф зэхэтыкIэм фэгъэхьыгъэуи. ТIуми яз щымыIэ зыхъукIэ, ащыгъум а Iофыр зыгорэ къыщыкIагъэу мэхъу!

Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ ыгъэпсыгъэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэм ыкIэлъэныкъуитIуи сэ къышъозгъэлъэгъумэ сшIоигъуагъ.

## 1. ШIошъхъуныгъэм икIэлъэныкъоу шъхьэ закъом фэгъэхьыгъэр

КъэсIотэщтыр нахь тэрэзэу къыжъугурызгъэIоным пае зы хъугъэ-шIагъэ горэ къышъуфэсIотэщт. Зэгорэм сэ «къэбарIуатэкIэ» къысэджэгъагъэх. Ащ иджэуапэу сэ ясIожьыгъ: «Ар емыкIоу щытэп ныIа? Сэ ренэу сызытещынахьырэр чылысым чIэс цIыфхэу сапашъхьэ исхэу къысэдэIухэрэр хэчъыенхэр ары. Арышъ, зэпыгъэупIэхэм зэфэшъхьаф къэбархэр ахэмэ къафэсэIуатэх ыкIи джащыгъум ахэр хэчъыехэрэп!» ПIопэн хъумэ, зэкIэ щыIэныгъэр зэрэзэхэтыр хъугъэ-шIагъэхэу ары нахькIэ, теорие арэп ныIа.

БлэкIыгъэ лIэшIэгъум щыIагъ дин пащэ шIагъоу Генрих Фолькенинг. Ащ иуарзэхэм яшIуагъэкIэ Билефельд иIэгъо-блэгъухэм ащыпсэухэрэр зэкIэ икIэрыкIэу къэхъугъэхэм афэдэхэу хъугъагъэх. Джы мары а Фолькенингыр мэкъумэщышIэ бай горэм

ыдэжь рагъэблэгъагъ. А мэкъумэщышIэм щагу зэтегъэпсыхьэгъэшхо иIагъ, ежьыри лэжьэкIо хьалэлэу щытыгъ. Ау дин уарзэхэр ыгучIэ нэсэу ащ ылъэгъу хъущтыгъэхэп. ПсэкIодшIагъэ иIэкIэ ащ зилъытэжьыщтыгъэп. ПсэкIодшIагъэхэр зыIэхэм я-КъэгъэнэжьакIоу къащым палъэгъагъэр ащ ищыкIагъэу щытыгъэп. Мары ащ ыIоу ихэбзагъэр: «Сэ шъыпкъагъэ зиIэ цIыф ыкIи хэти сыди сыщыщынэрэп». ЫкIи а мэкъумэщышIэ баеу зэрылIыкIыщт узыр къызэузыгъэм ыдэжь, ар лIэным ыпэкIэ, Зиусхьаным ипчыхьэшъхьашхэ хэлэжьэным пае Фолькенинг ригъэблэгъэгъагъ. Ар лIы лъэпэ-лъэгэшхоу, ямышIыкIэу ынэхэр къилыдыкIыхэу щытыгъ. Джы мары ар сымаджэм ыдэжь къэкIуагъ, зыхэлъ пIэм къыкIэлъырыхьагъ, бэрэ зи ымыIоу еплъы, етIанэ ащ реIо: «Генрих, лъэшэу сыпфащтэ. Зытетыгъэм фэдэу зэкIэри къызынэжьыкIэ, о уигъогу узыдищэщтыр уашъор арэп, занкIэу джэхьнэмыр ары нахькIэ». Джарэущтэу сымаджэм реIошъ, къегъазэшъ унэм къекIыжьы. МэкъумэщышIэ баир губжыгъаеу мыдкIэ мэхъушIэ: «Мощ фэдэ цIыфыр етIани пасторкIэ зэджэжьы! Адэ чыристан шIулъэгъур ара зыфэдэр?» Чэщыр къэсыгъ. Сымэджэ хьылъэр хэчъыерэп. ЫгукIэ ар рэхьатэп: «Гъогур зэкIурэр уашъор арэп, джэхьнэмыр ары нахькIэ! ЗыгорэкIэ ар шъыпкъэу къычIэкIымэ?» ЫкIи джы ащ псэкIодшIэгъабэхэр зэриIэхэр ыгу къэкIыжьых. Ащ Тхьэм щыщынэщтыгъэп. Амал иIэу къызыщыхэкIырэм хъоршэрыгъэ шIыкIэкIэ цIыфхэр ыгъапцIэщтыгъэх. КъыкIэлъыкIорэ чэщхэм щынагъом зэкIэлъиубытыгъ. Рэхьат имыIэжьэу хъугъэ, зэкIэм ащ ылъэгъугъ псэкIодшIагъэхэр бэ хъухэу зэриIэхэр, ар Тхьэм ибынэу пIоным Iофыр зэрэпэчыжьэр. Джы ар фаеу хъугъэ ишъыпкъэу зэхъокIыныгъэ зыфишIынэу. Мэфищ тешIагъэу ишъхьагъусэ джыри Фолькенинг лъегъакIо. «Шъузыр, Фолькенинг къедж!» Пчыхьэ кIасэ хъугъэхагъэ, ау Фолькенинг сымаджэм ыдэжь къэкIуагъ ащ лъыпытэу. ГумэкIыгъошхом зэлъиштэгъэ мэкъумэщышIэм къеIо: «Пасторыр, сэ къызэрэслъытэрэмкIэ, зэхъокIныгъэ зыфэсшIын фае!»

»Ары адэ, – еIо Фолькенинг, – ащ укъызыкIыкIэлъэIурэр егъэзыгъэу ухъугъэшъ ары, егъэзыгъэу ухъугъэу уфыкIэгъожьыныр – кIэгъожьыныгъэ шъыпкъэп! ЗэрэпшIыгъэн фэягъэр фэшъхьаф шъыпкъ». Джаущтэу сымаджэм реIошъ, къегъазэшъ иунэ къекIыжьы. Джары анахьэу мэкъумэщышIэр пхъэшэ дэдэу къэзыгъэгубжыгъэр. Шъори джащ фэдэу ащ фэдэ пасторым лъэшэу шъуфэгубжыныгъэба? Аужыпкъэм ежь пасторымкIи нахьышIугъ мэкъу-

мэщышIэ баим нахьыбэу шъхьэкIафэ фишIызэ дэгущыIэгъагъэмэ. А сымаджэр шIэхэу лIэнэу зэрэщытым уенэгуенэу щытыгъэба. Ау Фолькенинг Тхьэм ыпашъхьэ ит цIыфэу щытыгъ ыкIи ыIорэр зыфэдэр ышIэщтыгъ.

Ащ нэужым мэфищ тешIагъ. МэкъумэщышIэм изытет дэи дэдэ хъугъэ. Ащ къыгурыIуагъ шIэхэу зэрэлIэщтыр! Сыдигъуа ащ ищыIэныгъэ къызыхэфагъэхэр шIулъэгъуныгъэр, гушIуагъор, гупсэфыныгъэр, щэIагъэр, шIугъэр, гукIэгъуныгъэр, шIошъхъуныгъэр, гушъэбагъэр, зыщыIэныгъэр? Ежь къыгъэшIагъэм ащ КъэгъэнэжьакIоу ежьым пае лIагъэр къыридзагъэп, шIулъэгъоу къыфыриIэр хилъагъоу ежьым ыпашъхьэ итыгъэ КъэгъэнэжьакIор ащ ыдэжь Iуифыщтыгъ. Джы ежьым зелъэгъужьы джэхьнэм гъунапкъэм Iутэу ыкIи ыгу мэкIодыпэ. «Шъузыр, – къэлъаIо ар, – пасторым лъыкIоба!» Шъузыр къезэгъырэп: «Ащ щэхъукIэ сылъыкIожьыщтэп! Сыдэу хъуми ар IэпыIэгъу къыпфэхъущтэп!» – «Шъузыр, лъыкIу ащ! Джэхьнэмым сифэщт!» Арыти, шъузыр кIуагъэ. Фолькенинг къызэкIом, ащ ылъэгъугъ ыпашъхьэ илъ цIыфым къызэрэгурыуагъэр: «ЗышъумыгъэпцIэжь, Тхьэм зышъуигъэгъэпцIэщтэп. ЦIыфым хьасэм зэрэхилъхьэрэм фэдэу къыгъотыжьыщт!» Фолькенинг пхъэнтIэкIур лъегъэкIуатэшъ, сымаджэм кIэлъырэтIысхьэ ыкIи еупчIы: «Шъыпкъэба, гъогум узыфищэрэр джэхьнэмыр арыба?» – «Ары, джэхьнэмыр ары!» Ау мары Фолькенинг ащ реIо: «Генрих, тыдэгъэкIуай Голгофэ! Ощ пайи ары ащ Исус зыкIыщылIагъэр!» АщкIэ къыригъажьэшъ, гъэшIобзэ гущыIэхэмкIэ, шъабэу ыкIи рахьэтэу ащ къыфиIотагъ Исус псэкIодшIагъэхэр зиIэхэр къызэригъэнэжьыхэрэр. Ау ащ пае ищыкIагъэр псэкIодышIэхэу зыдэтшIэжьыныр, теуцолIэжьыныр ары. «Сэ сыпсэкIодышIэп, арышъ, зыми сыди сыщыщынэрэп» зыфэпIощт гущыIэхэм кIэух афэшIыгъэн фае. Ащ пае шъыпкъагъэм угукIэ зептын фае. Джащыгъум Исуси укъигъэнэжьын ылъэкIыщт». МэкъумэщышIэм зэкIэм къыгурэIо: «Исус сэщ пае къащым телIэгъагъ! Ащ Ежьым ылъыкIэ сипсэкIодшIагъэхэр сфигъэгъужьыгъэх! Тхьэм ыпашъхьэкIэ уасэ щызиIэ шъыпкъагъэ къысэзытын зылъэкIыщтыр ежьыр ары ныIэп!» ЫкIи ежьым ищыIэныгъэкIэ апэрэу мэкъумэщышIэр ыгу къыдеIэу Тхьэм елъэIу: «О си Тхьэ, псэкIодшIагъэхэр зиIэм, угу къысэгъэгъу, Зиусхьанэу Исус, джэхьнэмым сыщыхэмыкIодэжэу сыкъэгъэнэжь!» Фолькенинг рэхьатэу ядэжь мэкIожьы. Исус зыгукIэ зыштэгъэ, Ащ зыфэзыгъэзагъэ цIыфым ар бгъодэкIыжьы. Фоль-

кенинг ыгукIэ разэ, сыда пIомэ Библием щэгъогогъу итхагъэба: «Хэти къыдэIэпыIэнэу ежьым елъэIурэр мыкIодэу Зиусхьаным къыгъэнэжьыщт!» Дин пащэр ятIонэрэ мафэм сымаджэм ыдэжь къызэкIом, ащ ылъэгъугъ Тхьэр зыгукIэ зыштагъэу, Ащ ешIужьыгъэ цIыфыр: «Генрих, Iофхэр сыдэу щытых?» Генрихи джэуап къыретыжьы: «ЫнэшIукIэ сэ Ащ сиштагъ!» Iоф шIагъо хъугъэ!

ЦIыф пагэр икIэрыкIэу къызэралъфыжьыгъэр шъолъэгъуа! Джы къэсIотэщтым лъэшэу шъунаIэ тежъугъэтызэ шъукъедэIу. Зэгорэм чэщэу Зиусхьанэу Исус ыдэжь цIыф гъэсэгъэшхо къэкIуагъ ыкIи къыриIуагъ: «Зиусхьанэу Исус, дин IофхэмкIэ сыонэкъокъумэ сшIоигъуагъ». Исус ащ дыригъэштагъэп: «МыщкIэ тызыфызэнэкъокъун щыIэп! Ау цIыф горэ икIэрыкIэу къамылъфыжьмэ, ащ Тхьэм и Тетыгъошхо ылъэгъун ылъэкIыщтэп!» – «Сыдэущтэу къэпIуагъа, – къыкIэупчIэ а лIыр. – Сэ джы икIэрыкIэу сабый сыхъужьынышъ, сянэ ыныбэ ятIонэрэу сихьажьынышъ, етIанэ сыкъэхъужьын фая?» Ау Исус фызэкIакIорэп: «Псымрэ Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэрэ къахэкIэу цIыфыр икIэрыкIэу къамылъфыжьмэ, Тхьэм и-Тетыгъошхо чIэхьэн ылъэкIыщтэп!» ШIошъхъуныгъэм ыкIэлъэныкъоу цIыфым ежьым ышъхьэкIэ фэгъэхьыгъэм имэхьанэ купкIы джары зыфэдэр: щыIэныгъэм уфэзыщэрэ къэлэпчъэ зэжъухэм цIыфыр адэхьэн фай, ар икIэрыкIэу къалъфыжьын фае. Ар Тхьэм ыгъэхъэрэ Iофышху!

Сэ къышъуфэсIуатэхэрэр Тхьэм ехьылIэгъэ къэбархэу мэхьанэ хъатэ зимыIэхэр арэп, мыкIодыжьын щыIэныгъэм уфэзыщэрэ гъогум ехьылIагъэу ары нахькIэ. Сэ сыхэукъомэ, ар сэгъэлъэгъу! Шъо шъуилIэгъу къэсэу Фолькенинг фэдэ горэ къышъуфащэн амылъэкIынэу хъункIи мэхъу. Зэхэшъоха? ИкIэрыкIэу шъукъалъфыжьыным пае ищыкIэгъэ шъыпкъэу щытыр Тхьэр шъыпкъэу зэрэщытым, цIыф кIодыгъэу шъузэрэщытым, шъугу мыхъун щэхъу зэримылъым шъуяуцолIэжьыныр ары. ИкIэрыкэу шъукъалъфыжьыным къикIырэр – Исус, КъэгъэнэжьэкIо закъоу дунаим тетым шъуфэзэщыныр ары. ИкIэрыкIэу шъукъалъфыжьыным къикIырэр шъугукIэ шъуипсэкIодхэм шъуафыкIэгъожьыныр ары: «УашъомкIи оркIи псэкIод сшIагъэ». ИкIэрыкIэу шъукъалъфыжьыным къикIырэр – шIошъхъуныгъ: Ащ ылъ зэкIэ псэкIодшIагъэхэу сиIэхэр стыреукъэбзыкIыжьых. Ащ сшъхьэ ыщэфыжьыгъ ыкIи Тхьэм ыдэжькIэ шъыпкъагъэ сиIэу селъытэ. ИкIэрыкIэу шъукъалъфыжьыным къикIырэр – икъу шъыпкэу Зиусхьаным шъугукIэ зешъутыныр, Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ шъо шъузэриштагъэр

къыушыхьаты зыхъукIэ ары. Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ имыхъур къытыредзы, къытфеушыхьаты Тхьэм ибынхэу тызэрэщытыр. ИкIэрыкIэу шъукъамылъфыжьымэ, Тхьэм и Тетыгъэшхо ыIэчIэгъ шъучIэхьан шъулъэкIыщтэп! Ау Тхьэм ибын хъугъэм, гъэнэфагъэу ар ешIэ. Ныбджэгъухэр, псым ситхьалэзэ зыгорэм сыкъыхихыжьыгъэмэ, ащыгъум гъэнэфагъэу сэшIэ ащ сыкъызэригъэнэжьыгъэр, нэпкъым сыкъызэрэдахьыежьыгъэр ыкIи рэхьатэу жьы къэсщэн слъэкIэу хъугъэмэ.

КъыжъугурыIуагъа? ШIошъхъуныгъэм икIэлъэныкъоу цIыфым ежьым ышъхьэкIэ фэгъэхьыгъэр ары. Нэбгырэ пэпчъ ежьым ышъхьэкIэ лIэныгъэм хэкIыхэу мыкIодыжьын щыIэныгъэм зэрэхахьэрэ шIыкIэр зэхишIэн фае. Сэ икIэрыкIэу сыкъызэралъфыжьыгъэр сыгу къэкIыжьызэ, сищыIэныгъэ зэхъокIыныгъэу фэхъугъэхэр Iоф гъэшIэгъонышхом фэдэу зэрэщытхэм сеуцуалIэ. Сэ псэкIодшIэным сыхэтэу сыпсэущтыгъ ыкIи Тхьэм сыпэчыжьэу сыщыIагъ. Ау мары Исус сищыIэныгъэ къыхэхьагъ, джы сэ ащ сыриIэрылъхь ыкIи сищыIэныгъэ икIыхьагъэкIэ Ащ сыфэлажьэмэ сшIоигъу, цIыфхэр лIэныгъэм Iэпысхынхэм пае Исус игъогу рыкIонхэу ахэмэ сяджэмэ сшIоигъу. Сэри шъо сызэрэшъуаджэрэр икIэрыкIэу шъукъалъфыжьыфэ нэс зышъумыгъэгупсэфынэу.

Ау, икIэрыкIэу укъалъфыжьыныр – ар шIошъхъуныгъэм игъогу иаужыпкъэрэ лъэбэкъур арэп, ар иегъэжьапIэ ныIэп. Ащ нэужым шIошъхъуныгъэм игъогу лъэкIуатэ.

Мыр къышъуфэсыушыхьатымэ сшIоигъу: икIэрыкIэу сыкъызэралъфыжьыгъэу, мырэущтэу зэсIожьыгъыгъ: «Джы сэ мафэ къэс си Ныбджэгъу ымакъэ зэхэсхын фае!» Арыти, Библием седжэу езгъэжьагъ. Джырэ тилъэхъан Библием еджэрэр дин пащэр ары ныIэп. Сиунэ пэмычыжьэу парк цIыкIу Iут. Библием седжэзэ, сыхьакIо-бгъуакIоу пчэдыжь къэс ащ сыдэхьэ сигуапэу. А чIыпIэм къыпэблагъэу щыпсэурэ цIыфхэм ренэу ащ сыщалъэгъун алъэкIыщт. Джырэблагъэ ахэмэ ащыщ горэм къысиIуагъ: «Сэ ренэу сыкъэплъэплъэ тхьэлъэIу зыдэт тхылъ цIыкIум уеджэ зыхъукIэ». ТхьэлъэIу тхылъ цIыкIухэм яджэхэрэр католик дин пащэхэр арых. Ары пакIошъ, ащ къызышIуигъэшIын ылъэкIыгъэп сэ сызэджэрэ тхылъым шъо шъуащыщ нэбгырэ пэпчъ еджэн зэрилъэкIыщтыр – зэкIэри Библием еджэнхэ алъэкIыщтыба!

Эссен щыщ ныбжьыкIэхэу сигъусэхэу гъэпсэфыгъо мафэр щыдгъэкIонэу чIыпIэ горэм тыщыIэ хъумэ, мафэ къэс

пчэдыжьышхэр тымышIызэ, такъикъ пшIыкIутфым къыкIоцI Тхьэр дгъэлъэпIэнэу тызэрэугъоищтыгъ. ЫпэрапшIэу, гущыIэм пае, мыщ фэдэ тхьэорэдыр къатIощтыгъэ: «Сыкъэущыжьыгъэу, о тэ тыкъэзыгъэхъугъэм, уапашъхьэ сыкъеуцо...» Ащ нэужым шъхьадж изакъоу Библием щыщ сатыр гъэнэфагъэхэм яджэнхэу игъоу афэслъэгъущтыгъ ыкIи шъхьадж ежь и Библие зыдиIыгъэу къогъупэ горэм къотIысхьэти ежь изакъоу а нэкIубгъом еджэщтыгъэ. ИсускIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэу, Ар ахэм агу илъэу псэунхэу фежьагъэхэм джары ядэжь исыхэ зыхъукIэ зэрашIырэр, сыда пIомэ ежьхэм яегъэджэкIошхо хьалэл ымакъэ зэхамыхэу ыкIи Ащ дэмыгущыIэхэу ахэр щыIэнхэ алъэкIыщтэп.

Джы сэ сызэрэшъолъэIурэр КъэбарышIум иеджэн ежъугъэжьэнышъ, Исус шъугу илъэу щыIэныгъэу шъуиIэр нахь кIуачIэ ежъугъэгъотынэу ары. Пчэдыжьырэ е пчыхьэрэ ащ сыхьат плIанэ тежъугъэкIуад!

ЕтIанэ КъэбарышIур зэгошъопIожьышъ, шъуIэхэр Тхьэм шъуелъэIунэу зэгошъолъхьэхэшъ, мырэущтэу къэшъоIо: «Зиусхьанэу Исус, джы сызыфаер О сыкъыбдэгущыIэнэу ары. Непэ сэ бэ Iофэу зэшIосхын фаеу сапэ илъыр. IэпыIэгъу къысфэхъу! Сэ сикIэсэ псэкIодхэм сащыухъум! Сиблагъэхэм шIулъэгъу афысиIэу сышI! Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ сыгу илъхь!» Тхьэм шъуелъэIу! Исус шъудэгущыI! Ар тпэмычыжьэу къыдгот! Шъо къашъуIорэр Ащ зэхехы! Чыристаным тхьэлъэIу ышIызэ Тхьэм зыфигъазэ зыхъукIэ, ар ежь ышъхьэ шIошъхъуныгъэу иIэм щыщ мэхъу.

ШIошъхъуныгъэ зиIэ хъугъэ лIы горэм джырэблагъэ есIуагъ: «Мафэ къэс сыхьат плIанэ нэмыIэми Исус удэгущыIэн фае». Ау ар къезэгъыгъэп: «Арэп, сэ сыпасторэп ныIа, ащ пае пасторым зыфаем фэдиз уахътэ иI, сэ уахътэр сфикъурэп, Iофыгъуабэмэ ауж сит». «ЫIхьы, зэрэхъурэмкIэ, уахътэ уиIэп, арыба?» – сеупчIыгъ сэ ащ. Ежьыр арэущтэу зэрэщытым къызеуцуалIэм, есIорэм пысыдзэжьыгъ: «Олъэгъуа джы! Джа къыохъулIэхэрэр гупсэфэу тхьэлъэIум пае сыхьат плIанэ къызэрэхэмыгъэкIышъурэр ары. Пчэдыжьрэ Исус удэгущыIэу, КъэбарышIум ренэу уеджэу ыкIи тхьэлъэIу пшIэу зызебгъасэкIэ, гу лъымытэнхэу хъущтэп уиIофхэр нахь псынкIэу зэшIопхыхэу зэрэхъущтым. О нахьыбэу Iофхэр уиIэ хъухэрэм къэс а сыхьат плIанэр тхьэлъэIум тебгъэкIодэныр нахь уищыкIагъэу хъу зэпытыщт. ЕтIанэ охътэ гъэнэфагъэ зытешIэкIэ, мырэущтэу хъункIи пшIэщтэп: шъузыгъэгумэкIырэ Iофыгъохэр Тхьэм къыфэшъуIуатэхэу зежъугъажьэкIэ, а

сыхьат плIанэр сыхьатныкъо хъужьынкIи мэхъу, ау шъо гу лъышъутэщт ащ пае къэмынэу шъуиIофхэр нахь дэгъоу зэрэкIэкIыхэрэм. Сэ сшъхьэкIэ згъэунэфыгъэм елъытыгъэу ары къышъуфэсIуатэрэр къыздисхыгъэр. Загъорэ мырэущтэу къысэхъулIэуи къыхэкIы: къэтэджыжьыгъо симыфэзэ, телефоныр къытео. ЕтIанэ гъэзетыр къэсэштэ – ыкIи джыри телефоныр къытео. Ащ ыуж бэ темышIэу зыгорэ садэжь къакIо. Джащыгъум мэфэ реным зыпарэми сIэ емыкIоу уахътэр сшIуакIо, сиIоф кIэкIырэп. Мыщ дэжьым сыгу къэкIыжьы: сэ джыри Исус сыдэгущыIагъэп ныIа, Ежьыри къыздэгущыIэнэу амал естыгъэп! Адэ ащыгъум сыдэущтэу сиIофхэр дэгъоу зэпыфэщтха?

КъыжъугурэIуа, шъуизакъоу, гупсэфэу Исус шъудэгущыIэныр цIыфым ежь ышъхьэ иIэ шIошъхъуныгъэм иIофхэм ащыщ.

Ахэмэ афэшъхьафэу цIыфым ежь ышъхьэ шIошъхъуныгъэу иIэм иIофхэм ащыщ мэхъу мафэ къэс ипсэкIодышIэ щэныжъыр къащым «тыриIулIэныр» ары. Сэ къэзгъэшIагъэм бэрэ цIыфхэм садэгущыIэнэу хъугъэ. ЫкIи, зытет шъыпкъэмкIэ, нэбгырэ пэпчъ зы тхьаусыхэ горэ иIагъ. Шъузхэр ялIыхэм апае тхьаусыхэщтыгъэх. ЛIыхэр яшъузхэм апае тхьаусыхэщтыгъэх. Ны-тыхэр якIалэхэм апае тхьаусыхэщтыгъэх. КIалэхэр янэ-ятэхэм апае тхьаусыхэщтыгъэх. Шъхьадж зыпылъыгъэр ежьым итхьамыкIэгъо щыIакIэ пае адрэ лъэныкъор зэригъэмысэныр арыгъэ. Ау сэ шъуасIорэр шъушIошъ жъугъэхъу: а сыхьат плIанэу зыфасIорэр Тхьэм шъудэгущыIэным пае къызыфэжъугъэфедэу зызежъугъасэкIэ, джащыгъум насыпынчъагъэр шъор шъыпкъэм шъуилажьэу зэрэщытыр Зиусхьаным къыжъугуригъэIощт. Шъуиунэгъо Iофхэр тэрэзэу зыкIыремыкIокIыхэрэр Тхьэм къыгъэуцугъэ шапхъэхэм атегъэпсыкIыгъэу шъузекIорэпышъ ары. IофшIэным зыгорэ къыщыжъудэмыхъоу къыхэкIымэ, ари зилажьэр Тхьэм къыгъэуцугъэ унашъохэр зэрэшъумыгъэцакIэхэрэр ары. Чыристанхэм зызыфагъэсэн фаер мафэ къэс япсэкIодышIэ шэныжъыр къащым «тыраIулIэнэу» ары.

Мары джы къышъуфэсIуатэмэ сшIоигъор: Эссен щыщ ныбжьыкIэхэр сигъусэхэу мэфий гъэпсэфакIо тыщыIагъэу тыкъэкIожьыгъакI. Къэптхыхьан умылъэкIынэу зэкIэри гъэшIэгъоныгъэ. Тэ зэкIэми тызэрэнасыпышIуагъэр къэIотэжьыгъуай. ЗэкIэри дэгъоу рекIокIыгъ. Ау аужырэ мафэм Зиусхьаным ипчыхьэшъхьашхэ тшIынэу тызызэхэтIысхьэм, ныбжьыкIэхэм ащыщыбэхэм, ахэр къафагъэгъунэу аIозэ, зыр зым елъэIущтыгъ. Сэри джащ

фэдэу нэбгырищ сякIуалIи сялъэIугъ къысфагъэгъунэу: джырэблагъэ ахэмэ Iэдэбынчъэу садэгущыIэгъагъ. Ау ахэр ясIуагъэм къезэгъыгъэхэп, агу хэзгъэкIыгъэкIэ алъытагъэп: «О къытэпIуагъэр шъыпкъэу щытыгъэба!» – аIощтыгъэ ахэмэ. Аш пае къэсымыгъанэу сэ ахэмэ сялъэIугъ къысфагъэгъунэу. КъыжъугурэIуа, сэ псынкIагъо къысфэхъущтыгъэп илъэс 20 нахь зымыныбжь ныбжьыкIэхэм апашъхьэ зыщызгъэцIыкIуныр, ау ащ пае къэсымыгъанэу сялъэIугъагъ, сыда пIомэ армырэуи сэ сыгупсэфын слъэкIыщтыгъэп.

Шъуизакъоу рэхьатэу Исус шъудэгущыIэнэу шъузытIысыкIэ, мафэ къэс зыфэжъугъас шъуипсэкIодышIэ шэныжъ къащым тешъуIулIэным. Джащыгъум зэкIэри псынкIэу къышъущыхъущт, шъугукIи нахьышIоу зэхашъушIэу хъущт. ШIошъхъуныгъэм икIэлъэныкъоу цIыфым ежь ышъхьэ фэгъэхьыгъэр ары ар зэпхыжьыгъэу щытыр. Ау ар шъо шъуинэIуасэу щымытмэ, ар зыфэжъугъэсэн шъолъэкIы.

ШъошIа шъо, урамым сытетэу зыкIозэ, бэрэ сегупшысэу къыхэкIы: зэкIэ а урамым сызыщыIукIэрэ цIыфхэм чыристанхэкIэ залъытэжьы, зэкIэ пIоми хъунэу ахэмэ чылыс хьакъулахьыр аты, ау джыдэдэм ахэмэ ащыщ горэм къэзгъэуцоу, мырэущтэу сеупчIымэ: «Къысфэгъэгъу! КъысаIоба: учыристана о?» – Мыщ фэдэ джэуап ащ къыситыжьыныгъи: «Адэ сычыристан, армырмэ сыбыслъымэн пшIошIа?!» Ау ащ кIэлъыкIоу мырэущтэу сеупчIымэ: «Мыдэ къысаIоба: о чыристанэу узэрэщытым пае угушIоу, ащ ыпкъ къикIыкIэ чъыер къыомыкIоу къыхэкIыгъэба?» – Джащыгъум сэ ясIорэр къагурымыIоу, сшъхьэ зэIэхьагъэу къашIошIыныгъи. Джы мары мыщ фэдэ зэфэхьысыжь ащ къыпкъырыкIырэр: гушIуагъо зыхэмылъ чыристан дин. Чыристан диныр зылэжьыхэрэм къаIоу зэхэпхыщт чылыс хьакъулахьыр зэрарагъэтырэм рымыразэхэу, ау шIошъхъуныгъэм гушIуагъо хагъуатэу къаIоу зэхэпхыщтэп. Ау икIэрыкIэу шъукъалъфыжьмэ, зэхэшъушIэщт мы гущыIэхэм къарыкIырэр: «Зиусхьаныр шъугу зэрилъым пае шъугушIу, джыри зэ къышъосэIо: шъугушIу!»

Сиыбджэгъухэр, Iоф зыдасшIэрэ кIэлакIэхэр сигъусэхэу джырэблагъэ Библием щыщ сатырэ шIагъохэм тызэдяджагъ: «Шъо, Сэ сцIэ зыгъэлъапIэхэрэм, шъощ пае шъыпкъагъэм итыгъэ къышъуфыкъокъыщт, – Ар Исус арэу щытыщт, – ыкIи Ащ инурэхэм шъуахэтэу шъуиузхэр кIодыжьыщтых». Сыдэу ахэр гущыIэ шIагъоха! ЕтIани шъошIа шъо ащ пыдзагъэу къыщиIо-

рэр? Ащ пыдзагъэу мары къыщиIорэр: «...ыкIи шъо унэм шъукъикIынхэшъ, гъэпщэрыгъэ шкIэ ныбжьыкIэ цIыкIухэм афэдэу шъухъушIэщт». Исус агу зэрилъым пае гушIохэу, «гъэпщэрыгъэ шкIэ ныбжьыкIэ цIыкIухэм афэдэу» хъушIэхэрэ чыристанхэм, зыфэшIыри сымышIэу, сэ джырэкIэ сарихьылIагъэп. Сыд шъуIуа арэущтэу зыкIэхъурэр, сыда арэущтэу зэрифэшъуашэу тыгушIон зыкIэтымылъэкIырэр? Iофыр зыфэгъэхьыгъэр чыристан шъыпкъэхэу тыщытэпышъ ары! Сыгу къэкIыжьы шIу слъэгъущтыгъэ сянэ. Зиусхьаныр ыгу зэрилъыгъэм пае ащ ренэу игушIогъуагъ. Джащ фэдэу гушIощтыгъэ чыристанхэу сищыIэныгъэ гъогу сызыщыIукIагъэхэри сыгу къэкIыжьых. Жъыгъор къызэрэсырэм елъытыгъэу сэри Зиусхьаныр сыгу зэрилъым сызэригъэгушIорэр нахь лъэшэу зэхэсшIэным сыфай. Ау ащ пае чыристан диным нахь угу етыгъэу упылъын фае нахькIэ, теушъорыкIоу ащ изэгъэшIэн упылъкIэ хъущтэп!

Арышъ, шIошъхъуныгъэм ар изы кIэлъэныкъоу щыт. Адэ шIошъхъуныгъэм иIоф цIыфым ежь ышъхьэ иIоф щыта? Iо хэмылъэу, джары зэрэщытыр!

Ау маркитф хъурэ ахъщэ жъгъэим иятIонэрэ кIэлъэныкъо джы теплъын. ШIошъхъуныгъэм угукIэ уетыгъэу упылъыным джыри фэшъхьафырэ кIэлъэныкъо иI, – зэкIэ цIыфхэми ар янэрылъэгъу.

## 2. ШIошъхъуныгъэм икIэлъэныкъоу цIыф зэхэтхэм афэгъэхьыгъэр

ШIошъхъуныгъэм икIэлъэныкъоу цIыф зэхэтхэм афэгъэхьыгъэр зэхьылIагъэр шIошъхъуныгъэ зиIэ цIыфхэр зэIукIэнхэр ары. Сэ джы къышъуфасIуатэмэ сшIоигъом мэхьанэшхо иI: чыристан шъыпкъэхэр гъусэгъу зэфэхъухэу зыгуахьэхэрэр ежьхэм афэдэу зыкъагъэнэжьхэмэ зышIоигъохэр ары.

Тхьаумафэ къэс тхьэлъэIу зэхащэ. Сыда шъо ащ шъузыкIыхэмылажьэрэр? «ТхьэлъэIум сэ радиомкIэ седэIу», – джэуап къэшъотыжь шъо. Сэ мыщ сакъыщытегущыIэрэп сымаджхэм, тхьэлъэIум радиомкIэ едэIухэзэ, ахэмэ зарэгъэтхъэжь. Ау шъо тхьэлъэIу шъыпкъэм шъузыфимыкъудыимэ, ащыгъум шъо шъугу изытеткIэ агу къышъогъунэу шъуифэшъуаш.

300-рэ илъэсым, Христосыр къызэхъу нэужым, арышъ, бэшIа-

гъэу-бэшIагъэу узэкIэIэбэжьмэ, Рим империе ин дэдэм иимператорэу щытыгъ цIыф хьалэмэт дэдэу Диолектиан. Зэгорэм ар пщылIэу щытыгъ, ау Iоф зэрэзыдишIэжьыгъэм ишIуагъэкIэ инасып къыхьи Рим императорэу хъугъагъэ. А уахътэм ехъулIэу чыристан диным игъэкIотыгъэу зиушъомбгъугъэу щытыгъ. Императорэу Диолектиан дэгъоу ышIэщтыгъ ежьым ыпэкIэ тетыгъор зыIыгъыгъэ императорхэм чыристанхэр зэрэзэрафэкIыщтыгъэхэр. Ау нахь цIыф Iушхэр зэрифэкIынхэу – ащ фэдэ цIыф акъылынчъэу ар щытыгъэп. Зыфаехэр цIыфхэм ашIошъ орэхъу. Iэшъхьэтетхэр нахьыбэрэмкIэ зэрэфаехэрэр шIошъхъуныгъэу ахалъхьэрэмкIэ цIыфхэм пэщэныгъэ адызэрахьаныр ары, арэу зыхъукIэ Диоклетиан зекIуакIэу къыхихыгъэр императорымкIэ анахь зекIокIэ Iушхэм ащыщэу щытыгъ. Ау императорэу Диоклетиан гуадзэу иIагъ лIы ныбжьыкIэу Галериус зыцIэр. Диоклетиан ыуж джары а IэнэтIэшхор зыубытын фаеу щытыгъэр. А Галериус зэгорэм Диоклетиан мырэущтэу риIуагъ: «УасIорэм къедэIу, Диоклетиан: чыристанхэм тетыгъор заубытыкIэ, хэгъэгум бырсырышхо къырагъэтэджэщт. Ахэр ренэу тегущыIэх ежьхэм япачъыхьэу Исус. Ахэр дгъэсамбырыным пае зыгорэ тымышIэмэ хъущтэп!» «Ей, – езэгъыгъэп къыраIорэм Диоклетиан, – сымыудэгу! Сэ сапэкIэ Iэшъхьэтетыгъом Iутыгъэхэр илъэс 250-м къыкIоцI чыристанхэм ябэныжьыщтыгъэх, ау сыдэу зызашIыми, ахэмэ атекIонхэ алъэкIыщтэп...» Акъылыгъэ хэлъыгъ ащ къыIуагъэм. Ау Галериус ыжэ ыгъэтIылъыщтыгъэп: «Ары шъхьаекIэ чыристанхэр фэшъхьаф цIыф лъэпкъыхэу плъытэнхэ плъэкIыщт. Ахэмэ аIорэр ежьхэм язакъоу Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ агу илъэу, адрэхэм агу имылъэу ыкIи джащ къыхэкIэу ежьхэр шыихъэхэу, адрэхэр мышыихъхэу ары. ЦIыф пагэхэу щытых ахэр. Ахэмэ апэшIуекIоу Iофтхьабзэ горэхэр земыхьэхэ хъущтэп!» Ащ пае къымыгъанэу Диоклетиан чыристанхэр къырафэкIынхэм фэгъэхьыгъэ Iофтхьабзэ гори рихъухьагъэп. Ау Галериус ыуж имыкIэу Диоклетиан едаозэ, сыдэу зыфишIыми адрэр къыригъэзэгъыгъ: «Адэ хъунба, чыристанхэм язэIукIэхэр зэхащэнхэ фимытыхэу унашъо афэтшIын». Арэущтэу IэшхьэтетитIумэ зэдашти, мыщ фэдэ унашъо къыдагъэкIыгъагъ: «Хэтырэу фаем чыристанэу щытынэу фитыныгъэ иI. Ау чыристанхэм зэIукIэхэр зэхащэнхэ фитхэп. А хэбзэ ухэсыгъэр зыукъорэм укI тыралъхьащт». ЗэрэхъугъэмкIэ, шъхьадж, мырэущтэу къапIомэ хъущтмэ, чыристанэу зилъытэжьын фит, ар – шъхьадж ежьым ышъхьэкIэ иIофэу

щыт, ау ахэмэ зэIукIэхэр зэхащэнхэ фитхэп! Джащыгъум чыристанхэм яанахьыжъхэр акъылэгъу зэфэхъунхэу зэIукIагъэх: «Сыда шIэгъэн фаер? ЗыгорэкIэ тэтафызэкIэкIон фаемэ шIэ? Армырыми, шъхьадж ежьым зыфаер иунэ исэу ышIэн фитыба. Хэти ащкIэ Iэпэо-лъэпао фэхъун ылъэкIыщтэп». Джы мары анахь гъэшIэгъоныр, къызырафэкIырэ лъэхъэнэ чыжьэми, мыщ фэдэ унашъо зэрашIыгъагъэр ары: «Тхьэм телъэIуным, тхьэорэдхэр къэтIоныхэм, Тхьэм игущыIэхэми уарзэхэми тядэIуным, ыкIи къурмэнхэр тшIынхэм апае тэ тызэIукIэн фае. Ахэмэ афэдэ зэIукIэхэр, пIопэн хъумэ, Тхьэм уфэлэжьэным гопхынхэ умылъэкIынхэу щыщ хъугъэх. Тэ тызэрэзэIукIэщтыгъэм фэдэу джыри тапэкIэ тызэIукIэщт!» Ежьхэм якуп зэхэщагъэхэм ахэр зэращызэIукIэщтыгъэхэм фэдэу ащызэIукIэнхэр, ахэмэ зэIукIэхэр зэращашIыщтыгъэхэр лъагъэкIуатэхэу аублэжьыгъ. Галериус ахэмэ атекIуагъэкIэ ылъытэу гушIогъошхом зэрихьэщтыгъэ:

«Олъэгъуа, Диолектиан! Ахэр къэралыгъом игъэпсыкIэ зэхэзыкъутэрэ бзэджашIэх! Ахэо даIохэрэп!» ЫкIи джащ къыщегъэжьагъэу анахь жъалымэгъэ шIыкIэкIэ ахэр къырафэкIэу аублагъ. Ахэмэ ащыщэу бэхэр къырагъэуцолIэгъагъэх, мары ахэмэ аIощтыгъэр: «Тиунэ тызэрисэу тычыристанын тлъэкIыщтыба! Тахэлэжьэщтэп тэ зэIукIэхэм!» – ыкIи джащ фэдэ шIыкIэкIэ ящыIэныгъэ къагъэнэжьыгъ. Ау чыристан зэхэщэгъэ купым ахэр ежьхэм апызыгъэхэкIэ алъытагъэх: «Чыристан зэIукIэхэм къямыкIуалIэхэрэр тхэмытыжьыхэкIэ тэлъытэх».

Джырэ тилъэхъан щыIэхэ чыристанхэм а хъугъэ-шIагъэм икъэбар ядгъэшIэн фай. Ахэмэ афэдэхэу апызыгъэхэр мыдрэхэми бэ хъухэу ахэтых. Императорым иунашъо фэмыIорышIагъэхэ чыристанхэу а лъэхъэнэ чыжьэм щыIагъэхэм аIорэр тэрэзыгъ! Библием гъэнэфагъэу къыщеIо: «ЦIыф заулэмэ зэряхабзэ фэдэу тызэIукIэныр хэтэшъумыгъан!» Джы мырэущтэу яIогъэн фае: «ЗэкI пIоми хъунэу зэрашIырэм фэдэу!» Джащ къыхэкIэу сызэрэшъолъэIурэр зэкIэми мыкIодхэу къэнэжьынхэу фэе пстэуми, зыгу етыгъэу чыристан шъыпкъэу хъумэ зышIоигъохэм гъусэгъу шъуафэхъунэу ары! Ахэмэ афэдэ шIоигъоныгъэ зиIэхэм шъуаIукIэнкIэ бэ мэхъух амалхэу щыIэхэр. ЩыIэх чылысым екIуалIэхэрэм якуп зэхэщагъэхэр. ЩыIэх унагъохэм ащызэхащэгъэ купхэу Библием еджэхэрэр. ЩыIэх фэшъхьаф куп зэхэщагъэхэу шIошъхъуныгъэм ехьылIагъэу зэзыгъашIэхэрэр, щыIэх ныбжьыкIэ куп зэхэщагъэхэр. Теубытагъэ хэлъэу сышъолъэIу чыристанхэмкIэ

шъузэхэхьанэу, шъузэIукIэнхэу! Француз горэм мырэущтэу къысиIогъагъ: «ЩыIэх цIыфхэр пцэжъые гъэшIоIугъэр зэрашхырэм ыгъатхъэхэу, щыIэх цIыфхэр чылысым зэрэкIохэрэм ыгъатхъэхэу». Ау Iофыр ащ нахьи нахь пхъэшаIоу гъэпсыгъэ: зыхэр джэхьнэмым макIох, адрэхэр шIошъхъуныгъэ зиIэхэм ахахьэх. Джары, зытет шъыпкъэмкIэ, Iофхэр зэрэгъэпсыгъэхэр! ЫкIи шъо шъуишъыпкъэу Исус игъогу шъурыкIомэ шъушIоигъомэ, шъо шъуипасторым ыдэжь шъукIуи шъуеупчI гъусэ шъузыфэхъущт купымкIэ, Исус ехьылIагъэу нахьыбэу къэбар зыщызэхэшъухын шъулъэкIыщтымкIэ. КъэгъэнэжьакIом ехьылIагъэу шъыпкъэмкIэ зыщызэхэшъухын шъулъэкIыщт чIыпIэм шъукIу! Зиусхьанэу Исус шIу зылъэгъурэ цIыфхэр чIыпIэ пстэуми ащыIэх. Ахэр бэ мыхъункIи мэхъу. Загъорэ язекIуакIи гъэшIэгъонэу къышъущыхъункIи мэхъу. Ау шIошъхъуныгъэ зиIэхэм шъо шъуаIукIэзэ шъумышIымэ, ащыгъум шъо шъушIошъхъуныгъэ псэ пымытэу щытыщт!

Зэрифэшъуашэм тетэу чыристан зэIукIэм инэшэнэ шъыпкъэу щытхэр: апэрэмкIэ – зэгъусэхэу орэд къызэдаIоныр, ятIонэрэмкIэ – зэгъусэхэу Тхьэм и ГущыIэ едэIунхэр, ящэнэрэмкIэ – зэгъусэхэу тхьэлъэIу зэдашIыныр, яплIэнэрэмкIэ – ахъшэкIэ чылысым IэпыIэгъу фэхъугъэныр арых. ЗэкIэ ахэр чыристан зэIукIэгъум фэгъэхьыгъэ шъыпкъэхэу щытых. Апэрэ чыристанхэм джары зэрашIыщтыгъэр. Тхьэм ылъэныкъокIэ къикIэу щыIэныгъэр джары къызэрэлъагъорэр.

ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэр зыдэщыIэр ахэр зыщызэхахьэхэрэ чIыпIэхэр ары. Библием мырэущтэу къыщеIо: «Тэ тэшIэ лIэныгъэм тыкъыIэкIыжьи, щыIэныгъэм тыкъызэрэIэкIэхьагъэр, сыда пIомэ ткъошхэр шIу тэлъэгъух». Ащ къикIырэр мары: нэмыкIырэ чыристанхэм аIукIэнкIэ фэмыем джыри ыгукIэ ыпсэкIэ лIагъэм фэд.

Джы къызынэсыгъэми сыгу къэкIыжьы дин пащэ IофшIэныр зэрезгъэжьэгъагъэр, ащыгъум къалэу Билефельд пэмычыжьэу дин пащэм сыриIэпыIэгъоу щезгъэжьэгъагъ. Чылысым ащыгъум мэкIэ дэд къыщызэрэугъоищтыгъэр. Ау мары, Тхьэм ыIуагъэти, шэмбэт пчыхьэхэм ащыщ горэм лэжьакIохэм яклуб тыщызэIукIи, чэщым сыхьатыр зым нэсыфэкIэ къэзэрэугъоигъэхэм садэгущыIэн слъэкIыгъагъ. Уахътэр ащ зынэсым, клубыр зыIэ илъым ащ тыкъычIифыгъ. Ощхым тыхэтэу урамым тэ тыкъытенэгъагъ. фабрикэм Iоф щызышIэрэ лэжьакIо нэбгыришъэ фэдиз сэ къа-

фэсIуатэрэм къедэIухэу апэрэу сапашъхьэ итыгъ. Урамым къыщыблэрэ остыгъэ чIэгъым тычIэтыгъ. Ежьхэр къысэупчIыщтыгъэх, сэ джэуапхэр ястыжьыщтыгъэх. Исус тытегущыIэщтыгъэ. Адрэ дунаим Ар къызэрыкIыгъэр къафэсIуатэщтыгъэ. Ахэр агукIэ цIыф тхьэмыкIэхэу зэрэщытхэм тытегущыIэщтыгъэ, ахэмэ псэкIодшIагъэ ямыIэу зэрэмышъыпкъэри тызэгурыIуагъ, ау пIопэн хъумэ мыкIодыжьын щыIэныгъэ зэрэщыIэри Тхьэм цIыфхэм хьыкум зэратыришIыхьэщтри ахэмэ ашIошъ мэхъу. Чэщым сыхьатыр тIу зэхъум ахэмэ ясIуагъ тадэжь сызэрэкIожьырэр. Неущ сыхьатыр пшIым тхьэлъэIу зэхэсщэн фаеу щытыгъ. «СэшIэ шъуигуапэу ащ шъукъызэрекIолIэщтгъагъэр зым зыр щымыщынэжьыщтыгъэмэ», – ясIуагъ сэ ахэмэ. Ахэр шахтерхэу щытыгъэх. Сапашъхьэ итыгъ илъэс 35-рэ фэдиз зыныбжь лэжьакIоу Б-р. Шахтер шъыпкъэу щытыгъ ар. «Зыгорэм сэ сыщыщынэуи?» – къытыжьыгъ ащ джэуап, ащ игугъу пшIыжьынэуи щытэп!» Ау сэ ащ дезгъэштагъэп: «Зыгъэрэхьат, синыбджэгъу, тхьаумэфэ мафэм чылысым укIогъагъэу арэшIэри, Iоф зыщыпшIэрэ фабрикэм лъэшэу къыщыбдэхьащхыных. Джары о узыщыщынэрэр!» «Сащыщынэрэп!» – джыри зэ теубытагъэ хэлъэу ащ къысиIуагъ. Ау джыри зэ ащ сызэрехъырэхъышэрэр зесэIом, ежьым джэуап къыситыжьыгъ: «Мары плъэгъун! Дин орэдхэр зыдэт тхылъыр сIыгъэу неущ пчэдыжь уадэжь сыкъакIо!» Тхьаумэфэ пчэдыжьым, нахь тэрэзэу къэпIон хъумэ, тызызэдэгущыIэм ыуж сыхьат заулэ тешIагъэу, а шахтерыр дин орэдхэр зыдэт тхылъыр ыIыгъэу тхьэлъэIум кIоу урамым щалъэгъугъ. А кварталым щыпсэухэрэ зэкIэ зэрэшIэщтыгъэх. Блыпэ пчыхьэм ар садэжь къэкIуагъ ыкIи мыр къысфиIотагъ: «О къысэпIогъагъэр тэрэзэу къычIэкIыгъ, чылысым сызэрэкIогъагъэм пае фабрикэм машIор къыщызгуагъэкIыгъ! Джы къызгурыIуагъ тихэку зым адрэм зэрэщыщынэрэр. Тышъхьафит тэIошъ тэкуо, тэры цIыфхэм тащэщынэ, пщылI тафэхъу. Ау сэ сафызэкIэкIуагъэп. КъысфэIуат нахьыбэ Исус ехьылIагъэу!» ЫкIи джарэущтэу а лэжьакIор ипсэкIодшIагъэхэм афыкIэгъожьи, Исус игъогу рыкIоу хъугъэ.

КъыжъугурэIуа зэкIэри егъэжьагъэ зэрэхъугъэ шIыкIэр: апэ рапшIэу ар зэIукIэ тхьамыкIэ цIыкIум Тхьэм щелъэIунэу къэкIогъагъ. ЕтIанэ ащ къэкIозэпытынэу зы нэбгырэм зырехъухьэм, адрэхэми къакIоу рагъэжьагъ. Джаущтэу Iофым ублапIэ фэшIыгъэу хъугъэ. ЕтIанэ Тхьэм ынэшIу джыри нэбгырабэхэм ащигъэфэнэу ыублагъ. Ау ащ лъыпытэу гу зылъыстагъэр тэ, чыристан-

хэм, къытхэхьанхэм пае лэжьакIохэм гупытэгъэ теубытэныгъэ къызыхагъэфэн фаеу зэрящыкIагъэр ары.

Лъэшэу сышъолъэIу – шъупсэ мыкIодэу къэнэжьыным пае – шIошъхъуныгъэ зиIэхэм язэIукIэхэм шъуахэхьанэу. Чылысым ыкIи дин пащэхэм е зэIукIэхэм ыкIи ахэмэ яIэшъхьэтетхэм сэ сыряочылэп ыкIи сырякIэщакIоп, ау Iофыр зыфэгъэхьыгъэр, апэрэ чэзыоу, шъо шъумыкIодэу шъукъэнэжьыгъэныр ары!

ЫкIи ятIонэрэу шIошъхъуныгъэ шъыпкъэм инэшанэу цIыф зэхэтхэм афэгъэхьыгъэу щытыр – ар Исус Христос икъэбар цIыфхэм афэтIотэныр ары.

ЕмыкIу чIыпI тэ тызэрыфагъэр: чылыс хьакъулахьыр тэтышъ, адрэ къанэрэр – КъэбарышIур цIыфхэм зэлъягъэшIэгъэным иIоф – дин пащэм изакъоу лъэхэтэнэ, ар тэ тимыIофэу тлъытэзэ. Чылыс хьакъулахьыр амыугъоижьэу хъуным сэ сыд фэдэу сыкIэхъопсыра, джащыгъум Христос игъогу рыкIохэрэм къагурыIощтгъагъэ КъэбарышIур цIыф жъугъэхэм алъыгъэIэсыгъэныр дин пащэм имызакъоу, ежьхэми яIоф-пшъэрылъэу зэрэщытыр. Исус ыцIэ ехьылIагъэу тыдэрэ чIыпIэхэу тэ тызыдэщыIэхэм – IофшIапIэхэм, еджапIэхэм – ащызэлъядгъэшIэнэу тэ типшъэрылъ. КъащыфэшъуIотагъа шъо зыгорэм Исус псаоу зэрэщытым, хъонэныр псэкIодшIагъэу зэрэщытым, мыхъун зекIуакIэхэр къизыIотыкIырэ къэбархэр къэIотэгъэнхэр Тхьэм ыпашъхьэкIэ емыкIоу зэрэщытым ехьылIагъэу? Шъо Исус игъогу шъузэрэрыкIорэр чIыпIэ горэм къащыфэшъуIотагъа? ЦIыфхэм ащ лъэшэу анаIэ къытырадзэныгъи. Сэ къышъосIон фаер ти КъэгъэнэжьакIо игъогу тызэрэрыкIорэр цIыфхэм ядгъэшIэнымкIэ гупытагъэ къызыхэдгъафэфэ тэ, зытет шъыпкъэмкIэ, чыристан шъыпкъэхэу тыщытэп!

ШъунаIэ къытежъугъэтызэ къасIорэм шъукъедэIу. Исус мары ыIорэр: «Зыгорэм цIыфмэ апашъхьэ сэ сигъогу рыкIохэрэм зэращыщыр цIыфхэм апашъхьэ щиIомэ, ар сигъогу рыкIохэрэм зэращыщыр Сятэу уашъом щыIэм ыпашъхьэ сэри щысIощт, ау хэтми сэ сигъогу рыкIохэрэм ащымыщэу цIыфмэ апашъхьэ щызыIорэр, ар сигъогу рыкIохэрэм зэращымыщыр Сятэу уашъом щыIэм ыпашъхьэ сэри щысIощт».

Сыдэу тхьамыкIэгъошхо хъущта мырэущтэу къяхъулIэмэ. Ахърэт мафэм чыристанкIэ зызылъытэщтыгъэхэм мырэущтэу къаIомэ: «Зиусхьанэу Исус! Сэри оркIэ шIошъхъуныгъэ сиIагъ!» Исус Ятэ зыфигъэзэнышъ, мырэущтэу риIощт: «СшIэхэрэп сэ мыхэр!»

«Зиусхьанэу Исус, сыщыIагъэба сэ...» «УсшIэрэп о! Уигъунэгъу ышIэщтыгъэп джэхьнэмым фэзыщэрэ гъогум зэрэтетыр! Ащ узэрэщыгъуазэзэ, щыIэныгъэм уфэзыщэрэ гъогум ар къызэрэтепщэжьыным упылъыгъэп, ащ фэбгъэпытагъэп гъогу пхэндж зэрэрыкIорэмкIэ! ШIошъхъуныгъэ зимыIэ цIыфхэм адэгущыIэхэ зэхъум, о ужэ къызэтепхыгъэп, КъэгъэнэжьакIом икъэбар къафэпIотагъэп». Сэ къасIорэм шъукъемызэгъэу мырэущтэу шъуIонкIи мэхъу: «Ары, ар тэрэз, ау сэ сишIошъхъуныгъэ ащыгъум икъоу пытэу щытыгъэп!» Джащыгъум Зиусхьанэу Исус джэуап къытыжьыщт: «Ащыгъум о шIошъхъуныгъэ макIэу уиIэм ехьылIагъэу къэпIотэн фэягъэ! ШIошъхъуныгъэ хъыбыем и КъэгъэнэжьэкIо кIочIэшхо иI! ПIопэн зыхъукIэ, о уишIошъхъуныгъэ армырэу, сэ сикъэбар къяпIотэн фэягъэ! О ухэт узыщыщыр сшIэрэп». – «Зыгорэм цIыфмэ апашъхьэ сэ сигъогу зэрэрыкIорэр щиIомэ, ар сигъогу рыкIохэрэм зэращыщыр Сятэу уашъом щыIэм ыпашъхьэ сэри щысIощт. Ау хэтми сэ сигъогу рыкIохэрэм ащымыщэу цIыфхэм апашъхьэ щызыIорэр, ар сигъогу рыкIохэрэм зэращымыщыр Сятэу уашъом щыIэм ыпашэхьэ сэри щысIощт», – ар къэзыIуагъэр Исус ары. Ащ пцIы ыусырэп! Адэ тэ сыдигъо гупытагъэ къызыхэдгъэфэнышъ, тыжэ къызэтетхыщта?

Сэ джыри зы хъугъэ-шIагъэ къышъуфэсIотэн фае. Тхьэмэфэ заулэкIэ узэкIэIэбэжьмэ, Рур хэкум ит къалэ горэм уарзэ цIыфхэм афэсIотагъ.

ЗэIукIэм изэхэщэкIуагъэр мастер ныбжьыкIэу автомобилистэу синыбджэгъоу Густав арыгъэ. А Густав Исус ишыхьат гушIубзыоу хъун зыкIилъэкIыгъэр анахь зыщищыкIэгъэ уахътэм ыкIи чIыпIэм Исус ехьылIагъэу къафиIотэным зызэрэфигъэсагъэр ары. Блыпэ пчэдыжь къэс IофшIапIэм хъулъфыгъэ пэпчъ гъэпсэфыгъо мафэхэм гоштэгъоджэ зекIуакIэхэу къыхэфагъэхэр иныбджэгъу-IофшIэгъухэм къафиIотэжьыщтыгъ. ЗамышIэжьы охъуфэхэкIэ зэрешъогъагъэхэр зым къеIотэжьы, адрэм шъхьэмылъытэжь бзылъфыгъэхэм адэжь зэрэкIогъагъэхэр къафеIуатэ. «Адэ, Густав, о тыдэ ущыIагъ?» – еупчIыгъэх ащ, джыри ар еджакIоу щытыгъ ныIэп. «Сэ пчэдыжьым тхьэлъэIум сыщыIагъ, – къаритыжьыгъ ащ джэуап, – щэджэгъоужым пасторэу Буш дэжь, ащ иныбжьыкIэ купэу зэхищагъэм сыкIогъагъ». Арыти, бгъу пстэумкIи къиIукIыхэу ащ къекIэнакIэхэу къыдаублагъ. ЕджэкIо цIыкIум ышIэщтыр ымышIэу ашIыгъ. Мыщ дэжьым, мастерыри зэрахэтэу иныбджэгъухэр кIалэм зыщыдэхьащхыщтыгъэхэм ар

къызэкIэгубжыхьэ ыкIи мырэущтэу егупшысэ: «Сыда чыристанхэм азыфагу зекIокIэ гоштэгъуаджэхэм яхьылIагъэу къыщыпIуатэхэмэ хъунэу, ау КъэгъэнэжьакIом фэгъэхьыгъэу къыщыпIуатэ зыкIэмыхъущтыр?» А такъикъ дэдэм IофшIапIэм щэлажьэхэрэр Исус гъусэгъу фишIынхэу кIалэм тыриубытагъ. Апэ рапшIэу ар ежьым илэгъу еджакIо-IофышIэ ныбжьыкIэхэм адэгущыIагъ, шъхьэихыгъэу ариIуагъ ахэр занкIэу джэхьнэмым екIурэ гъогум тетхэу зэрэкIохэрэр ыкIи ахэмэ ащыщхэм Христос ехьылIагъэу зыщызэхахын алъэкIыщт куп зэхэщагъэу кIэлакIэхэр къызэкIуалIэрэм къэкIонхэу игъоу афилъэгъугъ. Иеджэн зеухы нэужым, ежьыр мастер зэхъу нэужым, ащ Iоф зыщишIэрэ чIыпIэм итеплъэ умышIэжьынэу зэхъокIыгъэ хъугъагъэ. Сэ сшъхьэкIэ ар сшIошъ хъугъэ. ЗэкIэ а IофшIапIэм сэнэхьатым зыщыфэзыгъасэщтыгъэ кIэлакIэхэр тэ зэхэтщэгъэ купэу ахэмэ ялэгъухэр къызэкIуалIэщтыгъэм къыхэхьэгъагъэх. Гоштэгъоджэ къэбархэр IофшIапIэм къыщиIотэнхэр хэти джы зэрипэсыжьыщтыгъэп. Къахэхьэ кIэлакIэ горэм къэбар хъугъэ-шIэгъэ гоштэгъуаджэхэр къыIуатэхэу къыригъажьэмэ, ащ лъыпытэу ар къызэтыраIажэщтыгъэ: «Ужэ зэтелъхь! Густав къакIо!» ЗэкIэми ащ шъхьэкIэфэшхо фашIыщтыгъэ. Джы ар автомастерскоишхом ипащэу, лъытэныгъэ зыфашIырэ IофышIэ Iэшъхьэтетэу хъугъэ. Джаущтэу ар Тхьэм гъогу шIагъом тырищагъ.

Сэ джыри сыкъыкIэупчIэ: «Адэ, аужыпкъэм тыдэ щыIэха цIыфхэу Исус ехьылIагъэу цIыфхэм къафаIотэным пае зыжэ къызэтезыхыныр зилIыгъэ къыхьыщтхэр?» Ар тэ зэрэзэшIотхырэ шIыкIэм елъытыгъэу тыгукIи тыпсэкIи хэхъоныгъэ тэшIы! Адэ шIошъхъуныгъэм иIоф шъхьадж ежьым ышъхьэкIэ иIоф закъоу щыта? Исус ехьылIагъэу тэ зэкIэми, дунаим ичIыпIэ пстэухэми цIыфхэм къащыфэтIотэн фае. Шъугу къызэжъугъэгъоу шъужэ къызэрэзэтешъумыхырэм зэгорэм кIэух фэшъушI. Армырымэ, ахърэт мафэм Исус шъо шъущигъэзыещт!

Ящэнэрэ рейхым илъэхъан сэ зэхэсщэгъэ купым къекIолIэщтыгъэ кIэлакIэхэу илъэс 16-17 зыныбжьыгъэхэр дзэм ащэхэу къызырагъажьэм, ахэмэ ащыщ пэпчъ Библие тхылъ цIыкIу естыщтыгъэ ыкIи есIощтыгъэ: «Шъуфэсакъыжь! ШъуикъулыкъузежъугъажьэкIэ, апэрэ пчыхьэ дэдэм шъуи Библие Iанэм къытешъулъхь, ар къызэгошъух ыкIи зэкIэри зэрэщысэу ащ шъукъеджэу ежъугъажь. Апэ рапшIэу ащ зэкIэри къызэлъигъэгубжыщтых. Ау ятIонэрэ мафэм шъо текIоныгъэр къыдэшъухыщт. Апэрэ

мафэм ар шъо зышъумыгъэцакIэкIэ, егъашIэми нэужым ащ фэдэ текIоныгъэ къыдэшъухын шъулъэкIыщтэп». КIалэхэми джары зэрэзекIуагъэхэри. Апэрэ мэфэ дэдэм Библие зэгохыгъэр Iанэшъхьэм къытыралъхьэгъагъ ыкIи еджэхэу къырагъажьэщтыгъэ. «Сыда а узаджэрэр?!» «Библиер ары!» Зытет шъыпкъэмкIэ, ары пэпчъ гранатэр къэуагъэм фэдэу ащ ыгъэгубжыщтыгъэх, сыда пIомэ сыд фэдэрэ къэбари гоштэгъуаджи нэмыц чыристанхэр еджэнхэ алъэкIыщт, Библием еджэщтхэп нахькIэ. Сэ синыбджэгъугъэу Паулэу а заом къыщаукIыгъэм ащкIэ мары къехъулIэгъагъэр: ятIонэрэ пчэдыжьым ишкаф къызызэIуехым, Библиер ащ дэмылъыжьэу къычIэкIыгъ. Ар кIалэу унэм къыдисхэм къафызэплъэкIыгъ, адрэхэр зэкIэ IущхыпцIыкIыгъэх. «Си Библие шъо шъутыгъугъа? – яупчIыгъ ар. – Тыдэ шъухьыгъэ ар?» «Ар обер-фельдмейстерым ыдэжь щыI!» ЫкIи ащ къыгурыIуагъ ишIошъхъуныгъэ ишъыпкъэу фэбэнэн фаеу зэрэхъущтыр. Пчыхьэм ар изакъоу тIыси, Тхьэм елъэIоу ригъэжьагъ: «Зиусхьанэу Исус, сэ мыщ щысизакъу. Илъэс 17 ныIэп сыныбжьыр. СыолъэIу гум симынэнэу! IэпыIэгъу къысфэхъу О къыохьылIагъэу цIыфхэм къафэсIотэнымкIэ!» Ащ нэужым ар обер-фельдмейстрым ыдэжь макIо ыкIи ащ ипчъэ тео. «Къихь!» – зэхехы ащ бысымым ымакъэ.

Паул и Библие зытелъ Iанэм обер-фельдмейстерыр кIэлъырыс. «Сыда о узыфаер?» «Зиусхьанэу обер-фельдмейстер, си Библие къысэптыжьынэу сыолъэIу. Сэры ар зышъхьэкIэ зыер!» Обер-фельдмейстерым Библиер къештэ, итхьапэхэр зэпыригъазэхэзэ къеупчIы: «КъызэрэпIорэмкIэ, оры ар зыер, ара?! Адэ о зыгорэкIэ ущыгъуаза мыр тхылъ щынагъоу зэрэщытым?» «Ары шъыпкъ, зиусхьанэу обер-фельдмейстер, мыр тхылъ щынагъоу зэрэщытыр сэшIэ. Библиер щынагъоу щыт, ары пакIошъ, ар шкаф егъэтыгъэм дэлъы зыхъукIи. Ары пакIошъ, арэущтэу щылъы хъуми, ащ егъэгумэкIых!» Обер-фельдмейстерыр къэтэджы: «КъэтIыс мыдэ!» ЫкIи джащыгъум ар еуцолIэжьы: «Зы лъэхъан горэм сэ теологиер зэзгъашIэмэ сшIоигъуагъ». «Арышъ зэрэхъурэмкIэ, зиусхьанэу обер-фельдмейстерыр нэужым шIошъхъуныгъэм игъогу текIыгъ, арыба?!» – еупчIыгъ ащ Паул. ЫкIи ащ нэужым зэдэгущыIэгъу гъэшIэгъонэу ахэмэ зэдыряIагъэм илъэс 40 зыныбжь хъулъфыгъэм къыщыфеIуатэ илъэс 17 зыныбжь кIэлакIэм ежьыр насыпынчъэу зэрэщытыр, ищыIэныгъэкIэ зыпарэми къыригъэгъэзэжьын зэримылъэкIыщтыр, сыда пIомэ ащ пае бэу чIинэн фаеу зэрэхъущтыр. Ащ ипэгъокIэу

кӀэлакӀэм а лӀым реӀо: «Сыгу огъу, обер-фельдмейстер! ПшӀэрэба Исус сыд фэдэрэ къурмэни зэрифэшъуашэр!» Обер-фельдмейстерым кӀэлакӀэр къытӀупщыжьызэ къыреӀо: «О укӀэлэ насыпышӀу!» «Ары, сынасыпышӀу, зиусхьанэу обер-фельдмейстер!» – риӀожьыгъ мыдрэми ыкӀи Библиер Ӏыгъэу унэм икӀыжьыгъ. Ащ нэужым лагерым къулыкъу щызышӀэрэ горэми Библием ехьылӀагъэу хэти зыгорэ кӀалэм къыриӀожьыгъэп!

Е, ей, тыдэ щыӀэха цӀыфхэу Исус икъэбар цӀыфхэм афаӀотэнэу зыжэ къызэтезыхынэу лӀыгъэ къызыхэзыгъэфэн зылъэкӀыщтхэр?!

ШӀошъхъуныгъэр шъхьадж ежьым ышъхьэкӀэ иӀофэу щыта? Ары! ИкӀэрыкӀэу укъалъфыжьыгъэу, шӀошъхъуныгъэ угу илъэу упсэумэ, угу изытети зэхъокӀыныгъэ куухэр фэхъух!

ШӀошъхъуныгъэр цӀыф зэхэтхэм афэгъэхьыгъэ Ӏофи щыта? ШӀошъхъуныгъэ зиӀэхэр Тхьэм елъэӀунхэу тхьэлъэӀупӀэм щызэӀокӀэх, унэгъо унэ горэм щызэрэугъоих Библием еджэнхэм пае, ныбжьыкӀэ зэхэщэгъэ купхэм, хъулъфыгъэ зэхэщэгъэ купхэм ащызэӀокӀэх. Чыристанхэм Христос икъэбар адрэ цӀыфхэм афаӀуатэ. Дунаим ицӀыфхэм ашӀэн фай Христос къытфигъакӀозэ, Тхьэм шӀошъхъуныгъэм имашӀо къызэрэзэкӀигъэнагъэр!

# СЫДИГЪУА ДУНАИР ЗЫХЭКІОДЭЩТЫР?

Джырэблагъэ сэ сатуушIэ цIыф горэм гущыIэгъу сыфэхъугъагъ. Ар стамэ къытеуIуагъ ыкIи къысиIуагъ: «Зиусхьанэу дин пащэр! КIэлакIэхэм зекIокIэ хьалэлхэр къызыхагъэфэнхэу узэряджэрэмкIэ о дэгъу дэдэу озекIо!» Ащ ипэгъокIэу сэ есэIожьы: «Шъыпкъэр къэпIон зыхъукIэ, ащ фэдизэу бэ къыздэхъунэу сыщыгугъырэп. Библием къызэрэщиIорэмкIэ, исабыигъом къыщегъэжьагъэу цIыфым ыгу мыхъунхэр илъыхэу къэтэджы. ЫкIи джащ къыхэкIэу, агукIэ хьалэлхэу щытынхэу ахэмэ сэ сызэряджэрэм ащ фэдизэу шIуагъэ къыхьынэу сыгугъэрэп. Сэ сызыфэягъэр ащ нахьи бэкIэ нахьыбэу фэшъхьаф гор». «Сыд фэдэ шIоигъоныгъа ар?» «Сэ лъэшэу сызыфэягъэр а кIэлакIэхэр Зиусхьанэу Исус иIэрылъхьэхэу – Тхьэм ибынхэу хъунхэу арыгъэ!» – есэIо сэ ащ. «Ей, зиусхьанэу дин пащэр – къезэгъырэп ар есIотагъэм, – сыд гущыIэх къапIохэрэр? Тэ тыфаеба лъэпсэ пытэ тиIэнэу! ГущыIэ дэгъухэба, шъыпкъэба къасIорэр? Тэ тыфаеба лъэпсэ пытэ тиIэнэу!» Сэ лъэшэу сыщхыгъ ыкIи сеупчIыгъ: «СилъапIэу зиусхьанэу директорыр, пIопэн хъумэ, сыд фэдэрэ лъапсэ пыта о уиIэмэ пшIоигъор? Адэ о джы къызынэсыгъэми гу лъыптэрэба тэ тлъакъо зытет пытапIэр бэшIагъэу зэрэсысырэм?»

КъызэрэсшIошIырэмкIэ, сатыушIэ тучанышхом уридиректорынэуи ищыкIагъэп тэ тлъакъо зытет пытапIэр цыхьэшIэгъуаджэ дэдэу зэрэхъугъэр къыбгурыIоным пае. ГумэкIыгъом зэкIэ цIыфлъэпкъыр зэлъиубытыгъэ: зэкIэри щынэгъончъагъэм лъэхъух, ау шъхьадж зэхешIэ ар тыдэкIи зэрэщымыIэр. Зыхэм яахъщэ зэIугъэкIагъэхэр Швейцарием ибанкхэм аралъхьэх, адрэхэм бомбэхэм зыщызыщаухъумэрэ чIыунэхэр Боливием щарагъэгъэпсых. Зы чIыпIэ горэм щынагъо щымыIэу щырэхьатынкIи мэхъу! Арэу щытыми, тэ зэхэтэшIэ аужыпкъэм тыдэкIи щынэгъончъагъэ зэрэщымыIэр! ЫкIи, къызэрэбгурыIонэуи, тэ тилъэхъан упчIэр пхъашэу къэуцугъ: «Сыда тапэкIэ тидунае къехъулъэщтыр?» УпчIэу: «Сыдигъуа дунаир зыхэкIодэщтыр?» зыфиIорэр, тилъэхъан ибыракъ фэдэу, занкIэу тапашъхьэ къиуцуагъ.

Илъэс заулэкIэ узэкIэIэбэжьымэ, зэлъашIэрэ швейцар тхакIоу Дюрренматт ипьесэ техыгъэу спектаклэу «Физикхэр» зыфиIорэр къагъэлъагъощтыгъ. Ар къызэриухырэр физикхэм ащыщ горэм гугъэкIод зэфэхьысыжьэу ышIырэр ары: зэгорэм цIыф

лъэпкъым ежь-ежьырэу атом бомбэкIэ зигъэкIодыжьыщт. ЕтIанэ ащ къыкIэлъыкIоу къыIуагъ: «Аужыпкъэм, чIыпIэ горэм, амалынчъэу ыкIи зэпимыгъэоу радиоактивнэ чIыгур къыщечэрэгъокIэу хэтыщт». Арышъ, тапашъхьэ къырагъэуцо илIыкIыгъэу, ныкъозэхэкъутэ ашIыгъэ тичIыгоу, амалынчъэу космосым щычэрэгъоу къыхэнэщтыр. УнаIэ зытебгъэтынэу зифэшъуашэр джырэ тилъэхъан щысэурэ тхакIом ащ фэдиз жъалымагъэ хэлъэу дунаир зэгорэм зэрэкIодыжьыщтыр къызэриIуатэрэр ары. Ау, сэ къызэрэсшIошIырэмкIэ, тхакIом зэриIорэм фэдэу радиоактивнэ чIыгур жьым къыщечэрэгъокIэу къэнэн фаеп. Арэущтэу сэ тхакIоу Дюрренматт есIогъагъэмэ, ащ мырэущтэу къысиIожьыныгъи: «Сыда арэущтэу зыкIэплъытэрэр? Джы арыба Iофыр зыфакIорэр?!» Сэ мырэущтэу ащ гурызгъэIоныгъи: «Сыда зыпIокIэ Библием ащ ехьылIагъэу фэшъхьаф итхагъэшъ ары, Зиусхьанэу Исус къызэриIуагъэмкIэ, цIыфлъэпкъыр ыкIэм нэсэу къытегъазэ имыIэжьэу кIодыжьынэу щытэп. Арышъ, о къызэрэпшIошIырэм тетэу арэп ар зэрэхъущт шIыкIэр, ащ яхьщыр хьазырэуи хъун ылъэкIыщтыми!»

КъызэрэбгурыIонэуи, мыщ фэдэ упчIэ къэуцу: дунаим кIэухэу фэхъун ылъэкIыщтэу къашIошIырэм фэгъэхьыгъэу хэты къыIохэрэр ара пшIошъ бгъэхъун фаер? КъэкIощт уахътэр зыфэдэ хъущтыр къаIоным пае Тхьэм ымыдэрэ шIыкIитIу щыI.

Ахэмэ афэдэ шIыкIэхэм ащыщыр шIущэу ыIэ къыригъэхьэгъагъ Иозеф Гебельс. Ащ къэкIощт уахътэм ехьылIагъэу пшысэхэр зэхилъхьагъэх. Сэ джыдэдэм зэхэсхырэм фэд ащ мырэущтэу къызэриIощтыгъэр: «ИлъэситфыкIэ нэмыц къалэхэр егъашIэми зэрэщымытыгъэхэу дэхэ дэдэу гъэпсыгъэхэу хъущтых». Арышъ, а шIыкIэм Iоф зэришIэрэр мары: къадэхъумэ ашIоигъор пщагъом щагъэбылъэу къагъэлъагъо. Ащ фэдэ шIыкIэм фэIэпэIасэхэр «Иеговым ишыхьатхэр» зыфаIохэрэр арых. Тэщ нахьыжъхэм дэгъоу агу къэкIыжьы 1925-рэ илъэсым гъогу зэхэкIыпIэ пэпчъ мыщ фэдэ гущыIэхэр зэрэтетхэгъагъэхэр: «Мы лъэхъанэм щыIэ нэбгырэ миллион пчъагъэхэр мылIэхэу егъашIэм щыIэщтых». А гущыIэ щэрыохэр зытIупщыгъагъэхэр «Библиер зишъыпкъэу зэзыгъашIэхэкIэ» зэджэжьыщтыгъэхэр ары. Ащ пае къэмынэу, цIыфлъэпкъым къырыкIуагъэм фэдэ къыхэмыфагъэу цIыфхэр лIэщтыгъэх. КIо къэпIон хъумэ, къэкIощт уахътэм ехьылIагъэу зыгорэ дэгъу дэдэу, дэхэ дэдэу къэугупшысыгъэн фэягъэ. Нэужым ежьхэр зэрэзэджэжьыщтыгъэхэр ахэмэ зэбла-

хъугъэ ыкIи «Иеговым ишыхьатхэу» хъужьыгъэх. Джыри ахэмэ джащ фэдэ горэхэр къаугупшысыхэкIэ енэгуягъо.

Джащ фэдэу икъукIэ лъапсэ имыIэу, Тхьэм ымыдэрэ фэшъхьаф шIыкIэу агъэфедэрэр джэнчыдзхэм тапэкIэ къэхъущтыр зыфэдэу къаIорэр ары. Ащ ехьылIагъэу сэ зыпари сшIэрэп ыкIи сшIэнкIи сыфаеп: джэнчыдзыным, спиритизмэм, картхэм яплъыгъэнхэм, гороскопым ыкIи ахэмэ афэдэхэм яхьылIагъэхэм. Ахэмэ афэгъэхьыгъэу зыпари сшIэнкIэ сызыкIыфэмыери къышъосIон. Сэ си Библие ичIыпIэ заулэ мырэущтэу къыщеIо: Зиусхьаным къеIо: «Джэнчыдзыхэм ыкIи къэхъущтыр зышIэ фэдэу къэзыIохэрэм адэжь кIохэрэр сэ сицIыф лъэпкъым къыхэшъуфын фай». Тхьэм къыхихыгъэ цIыф лъэпкъым сэ сыщыщмэ сшIоигъошъ, джащ пае ахэмэ афэдэ Iофыгъохэм зыдясымыгъэхьыхыным сыпылъ, шъумыкIодэу шъукъэнэжьыным пае сызэрэшъолъэIурэр мары: шъуизакъоу зышъушIыри, Исус зыфэжъугъазэри, шъуипсэкIодшIагъэхэр Ащ ыпашъхьэкIэ ишъулъхь ыкIи ахэр къышъуфигъэгъунхэу шъуелъэIу.

Тхьэм и ГущыIэу Библием итхагъэм сицыхьэ телъэу ар сшIошъ мэхъу. АпэрэмкIэ, ащ уиакъыл къызэпегъэнэфы, сыда пIомэ ащ итхагъэр шъыпкъэшъ ары. ЯтIонэрэмкIэ, Библиер зытхыгъэхэм аIощтыгъ: «Зиусхьаным джары къызэриIорэр!» Арэу зыхъукIэ, къэкIощт лъэхъанэр зыфэдэ хъущтыр зэдгъэшIэныр гъогу гъэнэфэгъэ шъыпкъэ щыI: къэкIощт лъэхъанэм ехьылIагъэу тэ къытфэзыIуатэрэр Библиер ары.

Мы аужырэ заом ижъотыпIэм шъэфэу цIыфхэм алъыплъэщтыгъэ полицием сэ къысфигъэпытагъ Тхьэм игущыIэхэр цIыфхэм уарзэу афэсIотэн сыфимытэу зэрашIыгъэмкIэ. Уарзэхэр цIыфхэм афэсIуатэхэзэ къэскIуахьан сыфимытэу сашIыгъагъ. Эссен закъор ары ныIэп ащ фэдэ Iофым сызыщыпылъын сыфитыгъэр. Арыти, сэ пчыхьэ пэпчъ бомбэхэм зыщызыщаухъумэрэ чIыунэхэм Библием фэгъэхьыгъэ лекциехэр ащызэхасщэщтыгъэхэми, джыри бэ охътэ лыеу къысфанэщтыгъэр. Ар сэ зэрэзгъэфедэщтыгъэр «Исус Христос апостол Иуан Iофхэу къыфигъэнэфагъэхэр» (Апокалипсис) – Библием иаужырэ тхылъ дэдэр сишъыпкъэу тетэу зэзгъэшIэныр ары. Мыщ дэжьым къызгурыIуагъ непэрэ уахътэми дезыгъэштэрэ тхылъэу ар зэрэщытыр ыкIи джащ пае сэ исхъухьэгъагъ а тхылъым къыдэсхыгъэм щыщэу сэщ фэшъхьафхэми язгъашIэзэ сшIынэу.

ЫкIи джары мары къэкIощт уахътэм ехьылIагъэу Библием

гъэнэфэгъэ шъыпкъэу къыщиIуатэрэр къэшъозгъэлъэгъумэ сшIоигъу.

## 1. Исус дунаим къэкIожьыщт

Ащ ехьылIагъэу Библием гъэнэфагъэ шъыпкъэу къыщеIуатэ: къэкIощт уахътэм къэхъущтхэу чыристанхэр зажэхэрэр мэхьанэшхо дэдэ зиIэ хъугъэ-шIагъэр – щытхъушхо иIэу Исус Христосыр къызэрэтфехыщтыр ары!

Уашъом Ар дэкIыжьы зэхъум, Ащ игъогу рыкIохэрэр щытыгъэх ыкIи еплъыщтыгъэх нэмыкI шапхъэ (къэшыпIэ) ихьагъэу Ар зэрэхэкIодэжьыщтыгъэр: «Ар ошъуапщэхэм аштагъ!» – къыщеIо Ащ ехьылъагъэу. ЗэкIэм Ащ игъогу рыкIохэрэм апашъхьэ къиуцуагъ Тхьэм илIыкIуитIу мырэущтэу аIозэ: «Мы Исусэу Тхьэм уашъом дищэежьыгъэр уашъом дэкIоежьыгъэу зэрэшъулъэгъугъэм фэдэ къабзэу къехыжьыщт!» Исус джыри къытфехыжьыщт! Зэгорэм Зиусхьанэу Исус джыри щытхъу иIэу – Тхьэм ишапхъэ итэу – тидунае къехыщт! Ар чыристанхэр зыщыгугъыхэрэр!

СэрыкIэ хымэ фэдэу щыт а къэбарыр сэ къысфызэIухыгъэ зэрэхъугъэ шIыкIэр къышъуфэсIуатэ сшIоигъу. Сыдин пащ ныбжьыкIэу шахтерхэм якъалэу Эссен ирайон Iоф щысшIэнэу сыкъызыкIогъагъэм ыуж илъэс 35-рэ фэдиз тешIагъ. Джы мары илъэс 27-рэ нахь зымыныбжь кIалэр /ар сэры/ шахтер мин 12 хъурэ купышхом сыхэтын фаеу хъугъагъэ. Сэ къэсIотэн сыгу хэлъ КъэбарышIур зы нэбгырэ горэми шIогъэшIэгъоныгъэп. Районым ыгузэгу цIыф зэфэсыпIэ нэкIышхоу итыгъэм казармэ афэдэ унэхэр къегъэуцокIыгъэхэу щытыгъэх. А цIыф зэфэсыпIэм икъогъупэхэм ащыщ горэм унэ цIыкIоу къотыгъэм Библием изэгъэшIэн фэгъэхьыгъэу лекциехэр щыдгъэкIонхэм пае зэтедгъыпсыхьэгъагъ. Сыдэу дэгъоу хъугъагъа тIэкIу-тэкIузэ ащ къакIохэу цIыфхэм зэраублэгъагъэр: шахтер заул, коммунист ыкIи «шъхьафитэу егупшысэрэ» нэбгырэ заул – ахэр зыфэягъэхэн фаер мы «попым» къыIотэн ылъэкIыщтым едэIунхэу арыгъэнкIи мэхъу, ахэмэ афэшъхьафэу ныо заул, кIэлэцIыкIу заул, кIэлитIу-щы аIоу къызэрэугъоищтыгъэх. Щхэным Iофыр фэкIожьыщтыгъ: мо куп цIыкIоу зэхэщагъэ хъугъэм районым щыпсэущтыгъэхэр зэкIэ къызэлъигъэпIэжъыгъэигъэх. Аужыпкъэм

ренэу тагъэгумэкІэу къэрагъэжьагъ. Зэгорэм тишъхьаныгъупчъэ хэлъ апчыр къакъутэгъагъ. Джащыгъум ащ къэбэкъхэр фэтшІыгъэх. ЕтІанэ а къэбэкъхэм мыжъохэмкІэ къяохэу къыддаублагъ. Ащ къыкІэлъыкІоу типчъэ пашъхьэ дэжь консерв банкэхэмкІэ футбол щешІэхэ хъугъэти, джащыгъум къатІорэри зэхэтхыжьын тымылъэкІыжьэу хъугъагъэ. Загъорэ сырынэхэм япщэхэзэ, демонстрациехэр тызыщызэрэугъорэ унэм дэжь щызэхащэщтыгъэх. Урамым мы орэдыр къыщаІощтыгъ: «Тхьэми, лІыхъужъыми, пачъыхьэми тэ шъхьафитныгъэ къытфахьыщтэп. /Тэ тиунэе тІэхэмкІэ ары шъхьафитныгъэр къызэрэзыфэтхьыжьыщтыр!» Тэ, мыдкІэ унэ цІыкІум исхэм, мыщ фэдэ орэд къатІощтыгъэр: «Тхьэр – ар шІулъэгъу! /Ей, ар сыд фэдэ насыпа!» Ары, охътэ гъэшІэгъоныгъэх ахэр! Зэгорэм щынэгъо бэлэхь Іофыр хъугъэ, джащыгъум къытшІошІыщтыгъэр пшъэхъур къызэпаути, джынэмрэ шэйтанымрэ къаІэкІэкІыжьыгъэхэу ары. ЕтІанэ тэ къыташІагъэр егъашІэми сщымыгъупшэжьыщтыр ары: пчъэр къызэгуеуты пІонэу зы пкъыгъо онтэгъу горэ къытефагъ ыкІи гурымэу чІыгум ефэхыжьыгъ. Бомбэ типчъэ къыІуадзагъэу ары апэм къызэрэсшІошІыгъэр ыкІи урамым тетыгъэх ащ лъыпытэу зэрэзэбгырычъыжьыгъэхэр зэхэсхыгъэ. Тыгухэр къызэтеуцуагъэм фэдэу хъугъагъэ. Пчъэ кІыбым щыкІым-сым хъугъагъэ. Сэ сыкІырыуи пчъэр къызыІусэхым, гъучІым хэшІыкІыгъэ къащыр (Христосыр къащым зэрэтыраІулІэгъагъэр къызыгъэлъагъорэр) ызыныкъо псынжъым хэлъэу типчъэІупэ къыІуадзагъэу Іулъыгъ. Сэ а къащыр ыпэкІэ слъэгъугъэу щытыгъ: ар чІэслъэгъогъагъ католик хъулъфыгъэ дин егъэджэпІэ-псэупІэм. Джы ащ къычІахи, типчъэ къыІуадзагъ: «Мары шъуи Христос! Псынжъым хэлъынэу ары ныІэп Ащ ифэшъуашэр!» Ноябрэ чэщ шІункІыгъ, ощхыр къещхыщтыгъ. Къащыр псынжъым хэлъыгъ. Сэ а цІыф зэфэсыпІэм нэкІышхоу «казармэ» унэхэр къызэшІэкІыгъэм ситыгъ. СакІыбкІэ къыскъотыгъ тизэІукІэ къэкІорэ цІыфхэр, зэрэщынэщтыгъэм къыхэкІэу кІэзэзыщтыгъэх. Къащым тыраІулІэгъэгъэ Къэгъэнэжьакlор псынжьым хэлъ! Мырэущтэу сэ сегупшысагъ: мыщ фэдэ дунаир щигъэзыеным пае Тхьэм ушъхьагъу мин пчъагъэ иІагъ. Ау Ащ арэущтэу ышІэрэп! Ащ Ежьым Ыкъо тэ къытфегъаІо! ЫкІи Тхьэм а Ыкъо тэ къытфегъакІо! ЫкІи Тхьэм а Ыкъо цІыфхэм зыфэдэ егъашІэми зэхамыхыгъэр къытфешІэ: зэкІэ типсэкІодшІагъэхэр Ащ Ежьым ыпшъэ релъхьа-

жьыхэшъ, къащым зытырарегъэIулIэ. Мыдрэ цIыфыр арымэ, Ащ ыпашъхьэ зыридзэнышъ, тхьэлъэIу фишIыным ычIыпIэкIэ Ар къащым тыраIулIэгъагъэр псынжъым хедзэ. Джаущтэу Тхьэм къафищэигъэ ыIэхэ цIыфыр атеужъунтхэ! Джыри зы щысэ: ахэмэ Исус шIу алъэгъущтыгъэп ныIэп, джырэ лъэхъаным ицIыфхэу къыддыщыIэхэр арымэ, ахэр нахь Iэежьэу мэзекIох: ахэмэ Ар алъэгъу зэрэмыхъурэм къыщымыуцужьхэу Ащ икъащ псынжьым хадз! Мырэущтэу къапIомэ хъущтымэ, зыкIи Ащ зэримыгъэгумэкIыхэрэмкIэ, Ащ къырыкIощтыр къызэрэрамыдзэрэмкIэ джащ фэдэ къабзэу ахэми Ащ икъащ псынжьым хадзэгъэу мэхъу! Сэ лъэшэу сыкъэгубжыгъ. Слъэгъугъэм лъэшэу сыригъэгупшысагъ: сыда адэ джы Тхьэм къытишIэщтыр? МашIор уашъом къыритэкъохыщт шъыпкъ! Ау зы машIо гори уашъом къетэкъохыгъэп. Ощхыр къэщхыщтыгъ. ЧыжьэкIэ къиIукIэу тэ къызэрэддэхьащтыгъэхэр къырыпшIэнэу щхымакъэ къэIущтыгъ. Сэры ахэр къызыдэхьащтыгъэхэр. Джащыгъум сыгу къихьагъ: «Тхьэм Ыкъоу зэкIэ дунаим пае лIагъэм удэхьащхын плъэкIыщтэп». Ары, плъэкIыщтэп! Хэбзэ кIуачIэу IэкIэлъымрэ щытхъоу иIэмрэ джырэкIэ Ащ къэгъэлъагъорэп ныIэп. Ау къэсыщт зэгорэм а мафэр ыкIи зэкIэри ячIыпIэ игъэуцожьыгъэхэу хъущт. Джащыгъум зэкIэ дунаеу Ар къизымыдзэщтыгъэм ылъэгъущт зыкъигъэнэжьынымкIэ амал закъоу Ар зэрэщытыр, Ар дунаим и Пщэу зэрэщытыр! ЯтIонэрэу щытхъур пылъэу Ар къытфэкIощт. А пчыхьэ оялэм сизэIукIэ щыщ цIыф заулэрэ псынжьым хэлъ къащымрэ азыфагу ситы зэхъум апэрэу сегупшысагъ ыкIи сыгу къыздеIэу сигъэгушIуагъ Исус ятIонэрэу къызэрэтфехыщтым икъэбар. Унэм сыкъызехьажьым, къэгущыIапIэм сыкIэлъырыуцуи, Маттэ къытхыжьыгъэ КъэбарышIум ия 24-рэ шъхьэр къызэгосхи сакъыфеджагъ: «ЦIыф Лъэпкъым Ыкъоу ошъуапщэхэм ахэтэу, лъэкIыныгъэшхорэ щытхъушхорэ иIэхэу, къакIоу алъэгъущт». ЫкIи джащ къыщегъэжьагъэу Ащ сэ сыгушIозэ сыпэплъэ.

ШъошIа шъо, КъэгъэнэжьакIо, КъэгъэнэжьакIоу кIодыпIэм цIыфхэр къыхэзыхыжьхэрэр, псэкIодшIагъэхэр афэзыгъэгъухэрэр, насып къафэзыхьырэр зэрэщагъэзыерэр зыслъэгъукIэ, сэ сыгушIозэ сызыпэплъэрэ мафэм а къызэрэрамыдзэрэ кIышъор тезынышъ, щытхъушхор иIэу Ар тэ тичIыгу къызэрехыщтыр ары!

Эссен сыкъэкIуагъэу апэрэу ныбжьыкIэ клубым сызычIахьэм, дэпкъым пылъэгъэ сурэт закъор ары сынэмэ къапэшIофагъэр. Залышхоу ныбжьыкIэхэр къызыщызэрэугъоихэрэм Христос тичIыгу къызэрэтфехыгъэр къэзыгъэлъэгъорэ сурэтыр щыпылъэгъагъ. Сурэтым ычIэгъыкIэ къалэм итеплъэ чIэплъагъощтыгъ, ащ ышъхьагъыкIэ шы пкIэгъуалэр зыхэплъэгъорэ ошъуапщэхэр щесыщтыгъэх. Шым тес Ар, Пачъыхьэр, ыкIи къащым гъучIэIунэхэмкIэ зыщыпхыраутыгъэ ыIэ къеIэты. А сурэтыр зысэлъэгъум, сэ сапэкIэ а районым дин пащэу щылажьэщтыгъэ Вайгле мырэущтэу есIуагъ: «Адэ ныбжьыкIэ клубымкIэ мы сурэт закъоу мыщ щыпылъагъэр тIэкIу щхэнэу плъытэрэба? Сэрыгъэмэ, фэшъхьаф сурэт горэ пыслъэщтыгъэ!» Ау дин пащэм мырэущтэу къызгуригъэIуагъ: «СилъэпIэ скъошэу Буш! Тхьэмэфэ псэум кIалэхэр зэпымыужьэу конторэхэм, еджапIэхэм, фабрикэхэм, шахтэхэм ачIэсых, ачIэтых. Ахэмэ Iоф ащашIэзэ, Исус ехьылIагъэу цIыфхэм къафаIуатэ зыхъукIэ, ахэмэ къадэхьащхых ыкIи къакIэнакIэх! ЗэкIэ адрэхэм ягъусэхэу мыхъун ашIэным зэрэфэмыехэр зараIокIэ, ахэмэ къадэхьащхых ыкIи емыкIу гущыIэхэр къараIуалIэх. Ащ фэдэу къызыщыхэкIырэм ахэмэ агу кIодэу бэрэ къыхэкIы. Мыщ къакIохэмэ, мы сурэтым ахэмэ агу къыгъэкIыжьыщтыр Исус текIоныгъэр къыдэзыхыгъэу зэрэщытыр, ащ зыкIи уехъырэхъышэжьынэу зэрэщымытыр, дунаир зыIэ илъэу хъущтыр Исус закъор арэу зэрэщытыр ары!»

Ащ фэдэ гугъапIэр дэхэ дэдэу зэрэщытыр сэ сищыIэныгъэ мызэу-мытIоу щысыушэтыгъ. Ящэнэрэ рейхым илъэхъан сагъэтIысыгъагъ. Ар зыхъугъэр Дармштадт къыщызэрэугъоигъэхэм Исус ехьылIагъэу къызафэсIуатэ нэужыр арыгъэ. Машинэу сызэрагъэтIысхьагъэм къыщызгосыгъ комиссар гор. Машинэм къыкIэлъырытыгъэх нэбгыришъэ пчъагъэ. Рулым кIэлъырысыгъэм раIуагъ гъогум техьанэу. Ау моторыр къызэкIанэщтыгъэп. «Ежьэба!» – текуощтыгъ ащ комиссарыр. Сэ ащ сыгосыгъ аубытыгъэ цIыфэу сызэрэщытым пае. Ау моторыр афызэкIэгъанэщтыгъэп. А уахътэм тефэу чылыс чIэхьагъум ыдэжь къыщызэрэгъэбырысырыгъэ купышхом кIэлэ ныбжьыкIэ горэм ымэкъэ чан къыхэIукIыгъ: «Исус – текIоныгъэ къэзыхьыгъэр ары, ащ уехъырэхъышэжьынэуи щытэп ыкIи дунаир ЗыIэ Илъэу хъущтыри Исус закъор ары ныIэп! ЛIагъэхэм къызахэтэджыкIыжьыгъэм къыщегъэжьагъэу зэкIэ хабзэр Ащ ыIэ ары зэралъхьагъэр ыкIи къащым къинышхор зытырелъэгъо

нэужым Ятэ итахътэ зыдэщыIэм Ар дэкIоежьыгъ. Ары шъыпкъ, Исусыр ары текIоныгъэр къэзыхьыгъэр!» Джахэ къыIуи, кIэлэ ныбжьыкIэр цIыф купым хэкIокIэжьыгъ, моторыри ащ ехъулIэу зэкIагъэнэн алъэкIыгъ. Сэ комиссарым есэIо: «УцIыф тхьамыкI о! Сыдэу хъугъэми сэрыба текIуагъэу хъурэр!» Ащ зиутыIугъ ыкIи къыугъумыгъугъугъ: «Сэри нахьыпэм ныбжьыкIэхэм ячыристан зэIукIэ сыхэтыгъ»ю – «Ары Iолъ? – згъэшIэгъуагъэ сэ, – джы чыристанхэр къыофэкIыха? Сыдэу ащыгъум уцIыф тхьамыкIа, пчIыпIэ сифэнкIэ сэ сыфэеныгъэп!» Тэ хьапсэм кIорэ гъогум тытетэу тыкIощтыгъ ыкIи ащ дэжьым къысфызэIухыгъэ хъугъагъэ Христос дунаим къызэрэкIожьыщтым игугъапIэ.

Дунаим Iофхэр нахь дэеу къыщызэIахьэхэрэм къэс Исус дунаим къызэрэкIожьыщтым тызэрежэрэм имэхьанэ нахь инэу мэхъу.

ШъошIа шъо щытхъур иIэу Исус джы дунаим къызэрэкIожьыщтыр ящэнэрэеу зэрэщытыр?

Апэрэу Ар къызэрэкIуагъэр цIыфэу къызэхъур, пшъашэу Мерэм сабыеу къызыфэхъурэр ары. Бэтлэхьэм дэт къакъыр шхынлъэм Ар дэлъыгъ. А хъугъэ-шIагъэр тэ Христос къызыхъугъэ мафэшхом хэтэгъэунэфыкIы, зыгорэкIэ ар зыфегъэхьыгъэр тэ тэшIэмэ: Тхьэм ЫкIъо цIыфэу, тшэу зыкIэхъугъэр Тхьэм ибынхэу тыхъуным пае.

Христос ятIонэрэу тичIыгу къызыкIорэр джырэ лъэхъанэр ары, Исус цIыф горэм ыпсэ щыщ зыхъурэр ары. Исус мырэущтэу къыIуагъ: «Мары пчъэм сыIутэу сыкъытео. Зыгорэм сымакъэ зэхихэу, пчъэр къыIуихымэ, сихьанышъ, сэ ащ сыдэшхэщт, ежьыри сэ къыздэшхэщт». ШъошIа шъо евангелизациер зыкIырагъэкIокIырэр? Исус шъуадэжь къихьан ылъэкIынымкIэ Ащ IэпыIэгъу тыфэхъумэ тшIоигъошъ ары. Библием мырэущтэу итхагъ: «Ежьыр зэкIэ зыштэгъэ цIыфхэу ежьымкIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэр Тхьэм ибын хъунхэу фитыныгъэ аритыгъ». Шъо Ащ шъугу къыфызэIушъухын фае!

Щытхъушхо иIэу Ар ящэнэрэу мыщ, мы дунаим къехыщт. Шъолъэгъуа ащ зэкIэлъыкIуакIэу хэлъыр зыфэдэр? А уахътэм нэсыфэ тэ хабзэм илъэпкъ пстэухэри зэпытчыщтых: конституциери, монархиери, абсолютнэ монархиери, президентскэ демократиери ыкIи цIыфхэм ядемократиери, диктатурэри ыкIи фэшъхьафхэри. Джащыгъум тлъэгъущт зэкIэ ахэр тэрыкIэ къы-

зэремыкIухэрэр. Джащыгъум, Исус, сэ си Пачъыхьэ, къыушыхьатын фае Ащ пэщэныгъэ зэрихьан зэрилъэкIыщтыр!

## 2. Исус къэкIоным ыпэкIэ сыда къэхъунэу щытыр?

Библием къызэрэщиIуатэрэмкIэ, дунэе тарихъым лIэшIэгъу заулэхэм къакIоцI хэхъоныгъэ ешIы, ау гу лъамытэу ежьым икIэух дунэе тарихъыр къызыфэкIощт уахътэр къэсыщт. А уахътэр къырызгъэлъэгъоным пае къызыфэзгъэфедэмэ сшIоигъор Библием хэмыт гущыIэр ары. «Аужырэ уахътэкIэ» ащ тежъугъадж.

Библием къыщеIо цIыфхэр амалынчъэу, къулайцызхэу зыхъущтхэ уахътэр къызэрэсыщтыр, джащыгъум цIыф лъэпкъым ыпашъхьэ зэшIохыгъураеу Iоф жъугъабэ къыиуцощт. А аужырэ уахътэм ашIэщтыр амышIэжьэу цIыфхэр къэнэщтых ыкIи агу кIодыгъэу хэтыщтых. Ежьым Исус аужырэ уахътэм инэшанэхэу плIымэ ацIэ къыриIуагъ. Политикэм ылъэныкъокIэ зэхэмыфыгъэ-зэхэлъэшъогъэ шIыкIэр инэшанэу зэрэщытыр Ащ къыIуагъ. Мары ар къызэраIогъэ шIыкIэр:

«Лъэпкъым лъэпкъыр езэожьынэу, пачъыхьагъур пачъыхьагъум езэожьынэу зыкъаIэтыщт». ЛэжьэпкIэшхо зэратырэ дипломатхэм лъапIэу къафыдэкIырэ конференциехэр джырэ фэдэу бэ хъухэу зэхащэхэу егъашIэми къыхэкIыгъэп. Джырэ тимафэхэм афэдэу егъашIэми къыхэфагъэп цIыфхэм къалэжьыгъэ ахъщэшхохэр акъылынчъэгъэ шIыкIэкIэ зыуIэшыгъэным пэIуагъахьэхэу. Атом IашэкIэ зыуIэшыгъэным тырагъэкIодэрэ ахъщэмкIэ къэлэшхохэр агъэпсынхэ ыкIи унэхэм афыщыкIэхэрэр зэкIэ агъэрэзэнхэ алъэкIыщтыгъэ. Ау ахэмэ ачIыпIэкIэ мары къытаIорэр: тэ зытыуIэшын фае. Анахь къэралыгъо цIыкIум атом бомбэ иIэн фаеу елъытэ! А охътэ дэдэм етIани мамырныгъэм цIыфхэр зэрэфаблэхэрэм фэдэу егъашIэми къыхэкIыгъэу къашIэжьырэп. Тэ тыфай мамырныгъэм. Зы нэбгырэ гори къэбгъотынэп зао фаеу. Ау шъхьадж зимышIэжьэу зеуIэшы. Аужырэ уахътэм политическэ Iофхэр бырысырхэу, зэхэлъэшъуагъэхэу щыщытынхэм инэшанэу зэраIогъагъэр джары къэзыушыхьатырэр.

ЯтIонэрэ нэшанэу Исус зыцIэ къыриIогъагъэр экономикэм ылъэныкъокIэ амалынчъэхэу зэрэхъущтхэр ары. Исус мырэущтэу еIо: «Къэхъущтых гъаблэхэр, лIэщтых цIыф жъугъэхэр». ЗэкIэ цIыфхэр гъэшхэгъэнхэм пае икъун фэдиз гъомлапхъэ

дунаим щалэжьы ыкIи щыIуахыжьы. ЕгъашIэми къыхэкIыгъэп гъэсэныгъэшхо зиIэ джы щыIэ экономистхэм афэдиз япчъагъэкIэ зэгорэми щыIагъэхэу. Тэ тимафэхэми афэдэу егъашIэми джыри фэдэу Iужъоу зэхэлъ экономикэ яIагъэу къашIэжьырэп. ЕтIани зэкIэ ахэмэ апае къэмынэу, ООН-м къызэритырэмкIэ, цIыфлъэпкъым ызыныкъом къехъу зигъэшхэкIыфэ шхэнэу амал иIэп. Адэ мощ фэдэу культурэшхорэ гъэхъэгъэ инрэ зиIэхэ цIыф зэхэтыкIэм (общество), икъукIэ шIуагъэхэр зыIэкIэлъхэм, ицIыфхэм заригъэгъэшхэкIын ылъэкIынба? Ау ар къызыдэдгъэхъуныр ткIуачIэ къыхьырэп. Сыда пIомэ экономикэм иIофыгъохэмкIэ джырэ лъэхъанэм щыIэ цIыфхэр амалынчъэхэу щытых!

Аужырэ уахътэм къыхэщырэ ящэнэрэ нэшанэу Исус зыфиIуагъэр дин Iофхэр зэхэмыфыгъэхэу, зэхэлъэшъуагъэхэу зэрэхъухэрэр ары. Ахэмэ къахэкIэу цIыфхэм апашъхьэ зэшIохыгъуаеу Iоф бэдэдэ къеуцо. Арэущтэу зэрэхъурэр Исус мары къызэригъэлъагъорэр: «Мырэущтэу о къышъуаIощт: мыщ дэжь е мощ дэжь Христосыр щыI».

Джырэблагъэ кIэлэ ныбжьыкIэ горэ къысэупчIыгъ: «ПIон хъумэ, сыда сэ сшIошъ згъэхъун фаер? ЩыIэх католикхэр, ортодоксхэр, реформистхэр, лютеранхэр, униатхэр, методистхэр, баптистхэр, къэгъэнэжьыгъэнхэм идзэ, пэнтекостхэр, апостолыкIэхэр, ислъамыр, буддизмэр ыкIи ахэмэ анэфэшъхьафхэри. Сыд фэдэрэ дин лъэпкъыр ара сэ сшIошъ згъэхъун фаер?» Сэ ащ сыдэхьащхыгъ ыкIи мырэущтэу есIуагъ: «А кIал, угу умыгъэкIоды, Библием къызэрэщиIуатэрэмкIэ, джыри тапэкIэ ащ нахьи нахь дэижьэу хъунэу ары».

А къэтIотагъэхэр аужырэ уахътэм къыхэщырэ нэшанэхэу щытхэр ары. Тхьэм и ГущыIэ икъукIэ зэхэзыфын зымылъэкIырэ цIыфхэр шэйтаным егъэдаIохэшъ дегъэхых, хегъэукъох. Аущтэу хъунэу Тхьэм фит ешIэ. «Христос мыщ щыI, Христос мощ щыI». Дин IофымкIэ зэхэмыфыгъэ-гурыIогъое Iофыгъоу щыIэр бэдэд. Къэлэшхохэм зы дин зэIукIэ гъэшIэгъоным кIэрыкIыхэу адрэ зэIукIэ гъэшIэгъоным зыфадзэу зыслъэгъукIэ, сыгу мэкIоды. Мыщ дэжьым сэ къышъосIон фаер зы КъэбарышIу мэкъэгъэIу горэми шъукъигъэнэжьын зэримылъэкIыщтыр ары. Шъор-шъорэу КъэгъэнэжьакIом ыдэжь шъумыкIомэ, зыкъэжъугъэнэжьынымкIэ хэти шъо IэпыIэгъу къышъуфэхъун ылъэкIыщтэп!

Аужырэ уахътэм къыхэщырэ яплIэнэрэ нэшани щыI. Джурт лъэпкъэу зэкIэ дунаим щызэбгырытэкъугъэ хъугъэр зэгорэм Па-

лестинэ хэгъэгум щызэрэугъоижьын фае. Мы аужырэ лъэхъанэмкIэ сэ анахь гушIогъошхо къысщыхъоу зэхэсхыгъэ къэбарыр зыфэгъэхьыгъэр Израил къэралыгъо щыIэ зэрэхъугъэр ары. Ащ фэдэ къэралыгъуакIэ щыIэ зэрэхъугъэр тиуахътэ инэшанэкIэ зымылъэтэхэрэр щыIэх, ау джырэблагъэ сэ Швейцарием икъэралыгъо гъунапкъэ дэжь сыкъыщыуцугъэу Израил къэралыгъо тамыгъэ зытедзэгъэ автомашинэ сапэ итэу зысэлъэгъум, сыфайсыфэмыеми семыгупшысэн слъэкIыгъэп: Библием итхагъэхэр щыIэныгъэм къыщэшъыпкъэжьых. Ары пакIошъ, ахэр къаушыхьатых автомобильхэм яномер тамыгъэхэми!

Сятэ къызэриIотэжьыщтыгъэмкIэ, 1899-рэ илъэсым джуртхэм игъоу афалъэгъугъагъ ежьхэм якъэралыгъо хыгъэхъунэу Мадагаскар щагъэпсынэу. Ау джуртхэм мыщ фэдэ джэуап къатыжьыгъ: «Хьау, тэ зы чIыпIэ ныIэп Тхьэм тыкъызэригъэгугъагъэр: ар тятэжъхэр зыщыпсэущтыгъэхэ чIыгур ары!» «Ащ фэдэхъун ылъэкIыщтэп», ары зэрэдунаеу аIуагъэр. Арэу щытми, Къэралыгъоу Израил мы лъэхъанэм щыIэу мэпсэу.

Арышъ, аужырэ уахътэм къыхэщырэ нэшанэхэу щытхэр, цIыфлъэпкъым хэхъоныгъэхэр ышIыгъэхэ нахь мышIэми, ар анахь амалынчъэу мэхъу зэпыт икIи ежьым ыпашъхьэ къиуцогъэ Iофыгъохэр зэшIуихынхэр ыкIуачIэ къыхьыжьхэрэп. ЦIыфлъэпкъым иамалынчъагъэ къычIэгъэщыгъахэ хъугъэ. Илъэс пчъагъэу къэнагъэр гъэнэфэгъэ шъыпкъэу къыщимыIорэми, Библием къафегъэпытэ: «Шъумычъыеу шъусакъ». Исус игъогу рыкIохэрэм афэгъэхьыгъэу Паул мары ыIорэр: «Тэ цIыф чъыехэрэм тащыщэп, тэ нэфынэм тырибын икIи тымычъыеу тысакъызэ Тхьэм телъэIущт».

Ау цIыфлъэпкъыр амалынчъэу зэрэщытым икубзыпIэ зынэсыкIэ, Исус къэкIожьыным ыпэкIэ Антихристым иуахътэ къихьащт. А охътэ пычыгъом сэ кIэухкIэ седжэмэ сшIоигъуагъ. Мы аужырэ лъэхъанэм цIыфхэр амалынчъэхэу зэрэхъугъэхэр джыдэдэми тэ зэхэтэшIэ. ЦIыфхэр амалынчъэхэу зэрэхъугъэхэр кубзыпIэм зынэсыкIэ, кIочIэшхоу ыкIи инышхоу щыт пащэр къэлъэгъонышъ, дунаим и КъэгъэнэжьакIокIэ ар зэджэжьыщт. Ау Ар ар Христосэу щытыщтэп, ар Антихрист ары нахькIэ.

Библием къызэритхырэмкIэ, хышхом фэдэу щыт цIыф жъугъэхэм къахэкIыгъэ диктаторым хабзэр зыIэкIиубытэщт. Тэ ащ АнтихристкIэ теджэ. Зы лъэхъанэ горэм ащ ыIэмычIэ зэкIэ дунаир чIэты хъущт. Тарихъым щыщ а Iахьым анахь къыхэщыщт

нэшанэу щытыр цIыфым къаигъагъэ къызэрэзыхигъэфэщтыр ары. Политикэмрэ экономикэм ипрограммэрэ иIэпыIэгъухэу дунаим мыкIодэу зыкъигъэнэжьынымкIэ аужырэу зэрэпылъыр ары. Библием узыIэпищэу къыщеIуатэ аужырэ диктатурэшхом ехьылIагъэу. Гум къинэжьырэ символ хэлъ гущыIэхэмкIэ ар ащ къытегущыIэ. Ар къыдгурыIоным пае Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ тигъэшIэнэу фит тшIын фае. А Антихристэу аужырэ диктаторэу щытым ехьылIагъэу Библием итхагъэр сэ къышъуфэсIуатэмэ сшIоигъуагъ. Пегъымбарэу Иуан мары ыIорэр: «ХыIушъом сыIутэу, хьакIэ-къокIэжъ хым къыхэкIэу слъэгъугъэ. Шъхьибл пытыгъ, бжъакъуипшIи тетыгъ. Ыбжъакъохэми танджишI ателъыгъ. Ышъхьэхэми Тхьэм зэрехъонырэ цIэхэр телъыгъэх«. Сыдэущтэу къызгурыбгъэIон фая а къатхыхьэгъэ сурэтышхор? Хыр – ар цIыфлъэпкъыр ары. Хым щыIэгъэ цIыф пэпчъ ешIэ ар гупсэфэу зэрэщымытыр, егъашIэми ар рэхьатэу алъэгъугъэп. Джащ фэдэ къабз цIыф лъэпкъыри. Ари джащ фэдэу гупсэфэу къыхэкIырэп. Ренэу ар гумэкI горэм хэты. ЦIыф лъэпкъым икубзыпIэ къыхэкIыщт дунаир аужырэу къэгъэнэжьакIоу хъущтыр.Мы аужырэ илъэсипшIыхэм къакIоцI политическэ IофышIэшхохэу къэхъугъэхэр къэгъэнэжьакIохэу ары зэралъытэщтыгъэр. ЗэкIэ ахэр къызыхэкIыгъэхэр цIыф къызэрыкIохэр ары: хыгъэхъунэу Корсикэм щыщ лIы кIакоу Наполеон, дунэе заом иефрейторэу Адольф Гитлер. ЗэкIэ ахэр Антихристыр къэкIоным ыпэкIэ къэхъугъэх. Ахэр къызыхэкIыгъэхэр цIыф къызэрыкIохэрэр. ЦIыфхэр гъэшIэгъонышхо ащыхъоу ахэр мэкуох: «Ар тэ тилъэпкъыгъохэр ары къызыхэкIыгъэр!» Сэ си КъэгъэнэжьакIоу Исус Христосыр къызыхэкIыгъэр цIыф къызэрыкIо жъугъэр арэп, Тхьэм идунай нахькIэ, Ар Тхьэм Ыкъоу щыт!

Антихристым хьэкIэ-къуакIэкIэ еджагъэх. Сыда ащ къикIырэр? ЦIыфым ехьылIагъэу Библием мары къыщиIуатэрэр: «Ежьым яхьыщырэу Тхьэм цIыфыр къыгъэхъугъ». Сэ Тхьэм нахь пэблагъэу сыхъу къэс нахь цIыфыгъэ схэлъэу мэхъу. ЦIыфыр Тхьэм нахь чыжьэу кIэлъырыкIы къэс ар нахь хьакIэ-къуакIэу мэхъу. Чыристан диным ипый шъыхьахьэу Ницше мырэущтэу ыIощтыгъ: «Анахь цIыфы шIагъоу щытыр зыкIышъорэ зышъхьацырэ фыжьыбзэу щыт цIыф мэхъаджэр ары». Ар ащ къыгурыIуагъ. Антихристыр зыфэдэ хъущт цIыфыр – Тхьэр икъу шъыпкъэу щызыгъэзыерэу щытыр ары ыкIи джащ пае хьакIэ-къуакIэкIэ – гукIэгъу зыхэмылъ цIыфкIэ ащ еджагъэх.

Шъхьабэ зышIот хьэкIэ-къуакI. Сыда ащ мэхьанэу иIэр? Ащ къикIырэр ар зэрэмыделэр ары! Ащ «аслъаныжэ» иI. Ащ къикIырэр пропагандэкIэ зэкIэ дунаир зэриудэгущтыр ары. Зыгорэущтэу ащ яхьыщырэу тиIагъэуи къэтэшIэжьы... макъэр зыгъэлъэшыхэрэм зэпымыужьэу ымакъэ къарыIукIыщтыгъэу. Ей, сэ къызышIосэгъэшIы Антихристыр къызытфакIокIэ акъылынчъэгъэ пропагандэмкIэ зэкIэри зэхэгъэтэкъуагъэ зэрэхъущтыр! ЕтIани ащ иIофхэр зэпыфэщтых, Ежьым и КъэгъэнэжьакIо шъыпкъэ, Исус Христос иIоф къыхэмылъэу дунаир къыгъэнэжьыным цIыфыр аужырэу зэрэпыхьащтыр ары ащ къикIырэр. Ащ къикIырэр ипсэкIодшIагъэхэм афыкIэмыгъожьэу ыкIи икIэрыкIэуи къэмыхъужьэу цIыфыр къэбгъэнэжьыным уфежьэныр ары. Ар цIыфхэм къадэхъу ылъэкIырэп. ЗэкIэ Iофыгъохэр зэрэзэшIохыгъэнхэ фаем тетэу рекIокIыщтых.

Политическэ Iофыгъохэри зэшIохыгъэ хъущтых, сыда пIомэ Антихрист зэкIэ дунаир къызэлъызыубытырэ къэралыгъо зыкI ыгъэпсыщт. Экономикэ Iофыгъохэри зэшIохыгъэ хъущтых. Шъхьадж гъомлапхъэхэр къызэрэратыщтхэ карточкэхэр IэкIагъэхьащтых. Диным фэгъэхьыгъэ Iофыгъохэри зэшIохыгъэ хъущтых. «Сэ дунаим сыри- КъэгъэнэжьакIоу сыщыт, арышъ, сэры шIошъхъуныгъэ зыфышъуиIэн фаер!»

Тилъэхъанэ ащ фэдэ кIэухым зэрилъэкIэу зэрэфачъэрэр плъэгъункIэ, шъхьацышъор къыгъэтэджэу, щынагъо.

Антихристым зэкIэ дунаир IэкIэлъ зыхъурэ нэужым чыристанхэр арых ныIэп мырэущтэу ащ езыIощтыр: «Тэ о шъхьащэ пфэтшIыщтэп!» Шъхьадж тамыгъэ ынэтIэгу тедзэгъэщт. Ау чыристанхэм мырэущтэу аIощт: «Хьау, тэ КъэгъэнэжьакIоу зызакъу ныIэп тиIэр ыкIи Ар Исус ары!» Джащыгъум ахэр къырагъэфэкIэу къырагъэжьэщт. Библием мырэущтэу къыщеIо: «ынатIэ тамыгъэ тырадзэнэу зымыштэрэм... щэфэни-щэни ылъэкIыщтэп». Илъэси 150-кIэ узэкIэIэбэжьмэ диным итхылъхэм ямыхьанэ дэгъу дэдэу зышIэщтыгъэу Ауберлен мырэущтэу ытхыгъагъ: «ДжырэкIэ тэ ар икъоу къыдгурыIорэп, ау уахътэ зытешIэкIэ, зэкIэри гъэнэфагъэу хъущт». Тэрымэ, ар джы къыдгурэIо. Ахэмэ афэдэ къэралыгъохэм тэ тащыгъуаз. ТэшIэ тэ зыфэдэр узыщыпсэущт чIыпIэмкIэ фитныгъэ уимыIэныр хьалыгъу пщэфынымкIэ карточкэ уимыIэныр ыкIи IофшIэным уаштэнымкIэ ищыкIэгъэ тхылъ цIыкIур уимыIэныр. Зыфаер ащ ышIошъ орэхъу, зыфэе диныри ерэлэжь, ау зыщыпсэун хэгъэгурэ фитны-

гъэхэмрэ ащ иIэхэп. Тэри джащ фэдэхэр къызэхъулIэхэрэр къытхэкIых.

Ащ фэдэ хъугъэ-шIагъэм ехьылIагъэу сызеджэм, сэ лъэшэу сигъэгумэкIыгъагъ ыкIи мырэущтэу сегупшысэгъагъ: щыIэх цIыфхэу Библиер жъы хъугъэкIэ зылъытэхэрэр. Ау жъы хъугъэр Библиер арэп, тэ тидунэе еплъыкI нахькIэ. Библиер арымэ, ар къэкIощт уахътэм тыфэзыщэщт гъуазэу тэ тиI.

КъэгъэнэжьэкIо шъыпкъэу Зиусхьанэу Исус Христосыр агукIэ аштэным фэшъхьафыхэрэр зэкIэ аштэнымкIэ Антихрист цIыфхэм пэрыохъу афэхъущтэп. Ащ ыпкъы къикIыкIэ чыристанхэм джыри зэ лъэшэу къырафэкIыщт.

Ащ ехьылIагъэу зэгорэм сэ сисабыйхэм къафэсIуатэ зэхъум, сипшъэшъэжъые анахь цIыкIур зэкIэм къэгъыгъ. Сэ ащ сеупчIыгъ: «А сипшъашъ, сыда узыкIэгъырэр?» – сIуи.

Зэрэгъырэм пае хэщэтыкIызэ, ащ джэуап къыситыжьыгъ: «Ар непэми неущми къежьэн ылъэкIыщтба?» «Ары, къежьэн ылъэкIыщт», – есIуагъ сэ ащ. «Адэ сэ си КъэгъэнэжьакIо сыфэшъыпкъэу сыщытын сымылъэкIымэ, ащыгъум сыда къысщышIыщтыр?» – ыIуагъ ащ зэрэгъырэр зэпимыгъэоу. Ащ иджэуапэу мырэущтэу есIожьыгъ: «Ар тхьамыкIэгъошхоу хъуныгъи. Ау о уищыкIагъэр зы ныIэп: мы лъэхъанэм щегъэжьагъэу теубытэгъэ пытэ фыуиIэу Ащ дебгъэштэныр ары». Ар къэхъун ылъэкIыщт неущи. Джащыгъум тэ уахътэ тиIэжьыщтэп Исус къэдгъотынымкIэ. Джащыгъум тхьэлъэIу зэIукIэхэр тшIыжьыни тыфитыщтэп. Антихристым саугъэтэу фагъэуцущтхэр хашIыкIыным пае чылысхэм апылъэгъэ одыджынхэр къыпахынхэшъ, зэкIэ зэхагъэткIухьащтых. Чылысхэр музейхэу ашIыжьынхэшъ, Антихрист икIэлэгъум тырахыгъэгъэ сурэтхэр ахэмэ къащагъэлъэгъощтых. ЦIыфыхэр кIэхъопсыщтых къяушъыин, зыгъэрэхьатынхэ амыгъотхэу. Джащыгъум цIыфхэм ягукъаор ашъхьэщызыхыжьырэр щыIэжьыщтэп, сыда пIомэ гукъао ашъхьэщызыхыжьырэ закъоу щыIэр – Исус ахэмэ къырадзагъэп. Пегъымбарэу Иеремие мыщ фэдэ игущыIэхэм сэ сяджагъ: «Шъо сыкъызэришъумыдзагъэм пае, – еIо Зиусхьаным, – гукъао шъушъхъэщызыхыжьырэ зыгорэ джы къыщегъэжьагъэу шъо шъуиIэжьыщтэп». Джащыгъум игукъао шъхьэщызыхыжьын горэ имыIэжьэу цIыфыр къызылъэхэнэжьыщтыр ежь фэдэ цIыфыр ары. Сэ чыристанхэр цIыф насыпышIохэу сэлъытэх, ары пакIошъ, ахэр лIэнхэ фае хъугъэхэми, ары

пакIошъ, мы охътэ гугъэкIодэу щытым ахэмэ ягукъао ашъхьэщызыхыжьын горэ яI!

Исус мы игущыIэхэм самыгъэгумэкIын слъэкIырэп: «Дунаим къышъхьащыхьащт тхьамыкIагъохэм зэращыщынэхэрэм ыкIи зэряжэхэрэм къахэкIэу цIыфхэр гумэкIыгъошхом хэтыщтых». Иуан и тхылъэу «Исус Иуан Iофэу къыфигъэнэфагъэхэр» зыфиIорэм ит, Антихрист дунаим тизы къышIыщтых гъуаплъэм хэшIыкIыгъэ, мэкъамэхэр къызэрэрагъаIорэ Iэмэ-псымэхэр, ахэмэ къатырэ мэкъамэхэр ыкIи быракъхэр. Сэ ащ сыригъэгупшысэгъагъ: сыдэущтэу ар къыбгурыIон фая? Зы лъэныкъомкIэ, тхьамыкIагъом зэрэщыщынэхэмрэ ащ зэрежэхэрэмрэ яхьылIагъэу къаIуатэ, адрэ лъэныкъомкIэ гъэхъэгъэ инхэм игугъу къыщашIы. Ау, 1933-рэ илъэсым къыщыублагъэу, сэ сэшIэ шIуфэс псалъэхэр, гъоплъэ музыкэ Iэмэ-псымэхэм ямэкъамэхэр ыкIи быракъхэр дунаим тизы пшIынхэ зэрэплъэкIыщтыр ыкIи ащ дакIоу тхьамыкIагъоу дунаим къышъхьащыхьащтым щыщынэхэу ыкIи ежэхэу цIыфхэр щытынхэ зэралъэкIыщтыр.

Ау Антихрист ищытхъу икубзыпIэ исэу зыхъурэ уахътэм, итекIоныгъэ хигъэунэфыкIы зыхъукIэ ыкIи Исус текIуагъэу къызыщыщыхъурэм дэжь Тхьэр а Iофым къыхэхьащт: джащыгъум Исус щытхъур иIэу дунаим къэкIожьыщт! Антихрист иIоф щыухыгъэ хъущт, Исус епщэнышъ, ар дунаим тырыригъэлъэсыкIыщт!

Уахътэр нахь Iаеу зэIэхьагъэу ыкIи нахь гоштэгъуаджэу хъурэм къэс, цIыфымрэ Антихрист икъэралыгъорэ яамалынчъагъэ нахь нафэ хъурэм къэс, Библием еджэрэ цIыфхэм ашъхьэ нахь лъагэу къаIэты. Исус дунаим къызэрэкIожьыщтым ахэр ежэх!

## 3. Исус дунаим къызыкIожьырэ нэужым сыда къэхъущтыр?

Библием джыри хъугъэ-шIэгъэ ин заулэхэм ягугъу къешIы. АпэрэмкIэ, Исус мы чIыгум илъэс миным къыкIоцI тетыгъор зэрэщиIыгъыщтыр ары. Ар гущыIэ егъэпшагъэкIэ къэIогъэным паекIэ арын фае арэущтэу къызыкIаIуагъэр ыкIи ащ къикIырэн фаер Исус джыри бэрэ-бэрэ тетыгъор зэрэIэкIэлъыщтыр ары. Хъугъэ-шIагъэхэр мары зэрэзэкIэлъыкIощт шIыкIэхэр: апэ рапшIэу цIыфлъэпкъыр амалынчъэ дэдэу зэрэхъугъэр къэнэфэщт;

етIанэ цIыфым икъаигъагъэкIэ дунаир къыгъэнэжьынэу зэрэпыхьащтыр ащ къыкIэлъыкIощт; етIанэ си Пачъыхьэ итетыгъо ригъэжьэщт. Пэщэнывгъэ Ащ зэрихьан зэрилъэкIыщтым уемыхъырэхъышэжь! Исус тетыгъор зыщиIыгъ унагъохэм шъуарыхьанэу игъоу къышъуфэсэлъэгъу. Ары, джы мы лъэхъанэм ащ фэдэ унагъохэу Исус тетыгъор зыщиIыгъхэр щыIэх. Ащ фэдэ унэм узихьэрэ нэужым фэшъхьаф цIыф зэфыщытыкIэхэр ащ иолъагъох.

Сэ зэшъхьагъусэ ныбжьыкIитIу сшIэщтыгъэ. Зэгорэм лIыр садэжь къакIуи къысиIуагъ: «Сэ Тхьэм ыпашъхьэкIэ зыкъыщысэты. Джырэ нэс сэ Тхьэр щызгъэзыещтыгъэ, зэкIэми апашъхьэ Ащ сыпэшIуекIоу сыкъыщыгущыIэщтыгъ. Ау джы ащ фэдэ щыIакIэкIэ ащ щэхъукIэ сыщыIэнэу сыфаеп!» Нафэ зэрэхъугъэмкIэ, иунэгъо ныбжьыкIэ ищыIэкIэ-псэукIэ изэхэщэнкIэ ащ иIоф къикIыгъэп. Мары ащ къысфиIотагъэр: «Тхьэм иIоф къыхэмыхьэу унэгъо щыIэкIэ насыпышIо згъэпсын зэрэслъэкIыщтыр къэсыушыхьатын сыгу хэлъыгъ». Ау мары зэкIэри зэхэтэкъуагъэ. Ежьхэм яапэрэ сабый ихьадэ пашъхьэ ахэр щызэжэхэбэнагъэх. Джы ар еуцолIэжьыгъ: «Тхьэр тэ къытпэшIуекIощтыгъ. Сэ зыкъызэрэстырэм сеуцолIэжьы». Сэри сыхэлажьэзэ, ахэмэ ясабый зэрагъэтIылъыгъэр бэмэ агу къинэжьыгъ. Гупчэм ит сабыим ихьадэ зыдэлъ пхъэмбаир. Ащ ипэчIынатIэу щыт бзылъфыгъэ дэхэ ныбжьыкIэу, зыгу пхъащэ хъугъэмрэ иблагъэхэмрэ, ахэмэ азыфагу ит лIэгъэ сабыим ихьадэ. ДунэитIу, купитIу ыкIи ахэмэ азыфагу сабыим ихьадэ. Ащ нэужым илъэсым къехъу тешIагъ шъузым Тхьэр ышIошъ мэхъуфэ, Зиусхьанэу Исус ыгукIэ ештэфэ. Сэ егъашIэми сщыгъупшэщтэп Пасхэ пчэдыжьым ащ къысфигъэхьыгъэгъэ тхылъыпIэ тхьапэр: «Сэ сыгуи Ащ илъ хъуи, лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъ!» Ащ нэужым ахэр икIэрыкIэу къэзэрэщэжьыгъэх, зытет шъыпкъэмкIэ, чылысым щызэготхагъэхэу ахэр щытыгъэхэп ныIа. Джаущтэу ахэмэ щыIэкIакIэр зэдырагъэжьагъ. Ахэр цIыф зыгу-зыкIуачIэхэу, цIыф Iушыхэу щытыгъэх. Джы ахэмэ ящыIэныгъэ гъэшIэгъонэу гъэпсыгъэ хъугъэ. «Нахьыпэм тэ тиунагъо щыIакIэ тызэрэфаеу тфэгъэпсыщтыгъэп», – ыIощтыгъ ащ. «Адэ сыда джы зэкIэри дэгъоу гъэпсыгъэ зыкIэхъугъэр?» – сеупчIыгъ сэ ащ. Лъэшэу гуапэ щыхъоу ащ джэуап къытыжьыгъ: «Сыда зыпIокIэ джы тиунагъо тетыгъор щызыIыгъыр Христос ары. Джы сишъхьагъусэ къысэдэожьырэп ежьым ишIоигъоныгъо дгъэцэкIэн

фаеу, сэри сIожьырэп сэ сIорэр хъун фаеу. Джы тэ мары Iофыгъор зэрэдгъэуцурэр: Сыда Исус ыгу зэрэрихьыщтыр? – джащыгъум зэщыхьагъу тазыфагу къимытаджэу зэкIэри зэшIотхын тэлъэкIы!» Джащыгъум сэ къызгурыIуагъ: адэ Исус арэущтэу шIущэу унагъом тетыгъор щегъэцакIэмэ, ащыгъум зэкIэ дунаим Ащ пэщэныгъэ дызэрихьэ зыхъукIэ, сыдэущтэу Iофыхэр хъун шъуIуа! Илъэс миным къыкIоцI пачъыхьагъур шIущэу рекIокIыщт. КъызышIожъугъэшI Исус пачъыхьэу! «О мэфэ шIагъор, о, Исус, тыгъэу узыщыщытыр!»

Исус ипачъыхьагъу насыпышIоу щыIэгъэ цIыф лъэпкъыр Тхьэм джыри зэ ыуплъэкъущт икIэрыкIэу гухэр къалъфыжьыгъэмэ.

Зытет шъыпкъэмкIэ, шэйтаныр шъхьарытIупщэу къатIупщыщт, джащыгъум цIыфыгур зытетыгъэм фэдэу къызэрэнэжьыгъэр ыкIи цIыф лъэпкъыри зыфэдагъэм тетэу джыри зэрэщытыр къэнэфэщт. Библием зэрэщыхигъэунэфыкIырэмкIэ, джар аужырэу цIыфхэр емыдаIохэу зэрэпэуцухэрэр. Джащыгъум кIэухыр къэсыщт. Тыгъэ-жъогъо зэхэт дунаир къэощт. Уашъомрэ чIыгумрэ кIодыжьыщтых. Библием мырэущтэу къыщеIо: «Тахътэ фыжь инымрэ ащ тесымрэ слъэгъугъэх. ЦIыф лIагъэхэр – цIыкIуи ини, тахътэм ыпашъхьэ щытхэу слъэгъугъэх. МэлэIичхэм тхылъ горэхэр зэгуахыгъэх. МыкIодыжьын щыIэныгъэ зыгъотыщтхэм ацIэхэр зэрыт тхылъым цIыфхэу зыцIэхэр рамыгъотагъэхэр машIокIэ стырэ хым хадзагъэх».

Зэгорэм сэ къысэупчIыгъагъэх: «Адэ тыдэ щытыщта тахътэр, зэкIэри щымыIэжьхэ зыхъукIэ?» Ащ иджэуапэу сэ ясIожьыщтыгъ: «ШъорыкIэ нахьышIур а тахътэм ыпашъхьэ шъукъызыщиуцоным дэжь шъугу изытет зыфэдэщтым шъуфэгумэкIыныр ары!» УхэкIодэнкIи мэхъу! Сэ сшIоигъуагъэр а шъыпкъагъэу тхьамыкIэгъошхо зыпылъыр Библием имытхэгъэныр ары. Ау ащ фэдэ щынэгъошхор зэрэщыIэр гъэнэфагъэ: тэ егъэшIэрэу тыхэкIодэнкIи хъун!

Ащ фэгъэхьыгъэу зы хъугъэ-шIагъэ къышъуфэсIотэщт. Шотландием ит пытапIэ горэм хьэкIэ куп горэ къыщызэрэугъоигъагъэх. Чыристан шIошъхъуныгъэм тегущыIэхэу рагъэжьагъ. ЗэдэгущыIэхэрэр машIор зэрылъ хьакум кIэлъырысыгъэх. ЕтIанэ зыныбжь хэкIотэгъэ лIы зэтегъэпсыхьагъэ горэ бысымгуащэм еупчIыгъ: «О укъызэрэгущыэрэмкIэ сэ къызгурыIуагъ чыристанэу узэрэщытыр. Адэ Библием итхагъэхэр, пIопэн хъумэ,

пшIошъ мэхъуа?» «СшIошъ мэхъу, адэ!» «МыкIодыжьын щыIэныгъэр зыгъотыщтхэм ятхылъ зыцIэ имытхагъэхэр зэкIэ джэхьнэмым ифэщтха?» «Ары, ар сэ сшIошъ мэхъу!» Джащыгъум мо лIыр къэтэджи, унэу зэрысхэм попугаим игъучI хъугъэу итым екIуалIэшъ, ащ ипчъэ цIыкIу къыIуихыгъ, а бзыур ащ къырихыгъ ыкIи машIор зэрылъ хьакум къыкIэлъырыхьи, ар машIом пидзэн гухэлъ иIэм фэдэу зишIыгъ. Лъэшэу щтагъэу бысымгуащэм ар къызэтыреIажэ: «Сыд о пшIэн угу хэлъыр? Бзыу тхьамыкIэ цIыкIу!» ЛIыр къэщхыгъ: «Адэ джары зэрэхъурэр, джы олъэгъуа, мы бзыу цIыкIум о угу егъу. О ТхьэкIэ узаджэрэм нэбгырэ миллион пчъагъэхэр машIом педзэх. Адэ шIулъэгъум ащ фэдэ и Тхьэ щхэнэу щытба?!» Такъикъ горэм къыкIоцI унэм щырэхьатыгъ, ащ ыужым бысымгуащэм лIы хьакIэм риIуагъ: «Ухэукъо! Тхьэм хэти машIом пидзэрэп. Тэ тишIоигъоныгъэкIэ тыгуIэзэ ащ тыпахьэ. Тхьэр зыфаер зэкIэри тэ тымыкIодэу тыкъэнэжьыныр ары!»

Библием тэ къытегъэлъэгъу хьыкум пхъашэр зыфэдэр. Тхьэм и Хьыкум тэлъэгъу: «ЦIыф лIагъэхэр, цIыкIуи, ини – Тхьэм итахътэ ыпашъхьэ щытхэу слъэгъугъэх».

Хьыкумым къытегущыIэрэ къэбарым цIыфыр къытебанэ: «Шъыпкъэп ар!» Синыбджэгъу ныбжьыкIэхэм ащыщ горэм фабрикэм къыщеупчIыгъэх: «Хьыкум пхъашэр, шъыпкъэмкIэ, пшIошъ мэхъуа?» «Ары, мэхъу». ЕтIанэ кIалэм къыдэхьащхыхэу къыдаублагъ: «КъэдаIу мыдэ! Сыд фэдиз хъурэ джы цIыфэу дунаим тетыр? Адэ сыд фэдиз хъурэ щымыIэжьхэр? Джы къызышIогъэшI ахэмэ ащыщ пэпчъ зырызэу хьыкумым ыпашъхьэ къиуцоу. Егупшыс мы зызакъом: сыд фэдиз уахътэу хьыкумым хэсхэм ящыкIагъэ хъущтыр ащ фэдэ хьыкумыр рагъэкIокIыным пае?» Ау кIэлэ ныбжьыкIэм ахэмэ мыщ фэдэ джэуап аритыжьыгъ: «А сыхьатыр къызысыкIэ, шъхьадж ащ пае ищыкIэгъэ уахътэм фэдиз иIэу хъущт. Ащ щэхъукIэ зыпылъын щыIэжьыщтэп ныIа!»

Ары, джащыгъум Тхьэми тэщ пае икъунэу уахътэ иIэщт. Тхьэм шъхьадж нэбгырэ зырызэу ихьыкум иIоф зэрэщиIощтымкIэ Ащ тэ джыри аужырэу къытигъэлъэгъурэр Ащ Ежьым фыщытыкIэу къытфыриIэм мэхьанэшхо зэрэритырэр ары. Ар къэзыушыхьатырэр джащ фэдэу Ежьым ЫIкъо лIэн фаеу Ащ къызэраритыгъэр ары. Шъо шъуищыIэныгъэ ишъотэкъухьэ псэкIодшIагъэхэр жъугъахъэхэзэ ыкIи шъушIэрэм шъуемыгупшысэу шъузекIозэ, ау Тхьэм ащ лъэшэу ынаIэ тыригъэтызэ дэзекIо.

КъэкIощт лъэхъаным фэгъэхьыгъэу Библием къыщиIуатэрэр мырэущтэу къеухыжьы: «ЫкIи зэфагъэ зыдэщыIэ ошъуакIэри чIылъакIэри слъэгъугъэх». Библием узыIэпищэу, гум къинэжьрэ гущыIэ закъохэмкIэ къатхыхьэ дунэякIэр зыфэдэр, ау зэкIэ ахэмэ ащ гупшысэ шъхьаIэр ащыкIегъэтхъы: Тхьэм Ежьым игухэлъ къызыдигъэхъугъ. А дунэякIэм ЩыIэныгъэм и Тхылъ итхагъэхэр зэкIэ щыIэщтых ыкIи ахэр Ежьым, Тхьэм Ыкъо ещхыгъэхэу щытыщтых. Ар полицие зыдэщымыIэ, хьапсэхэр зыдэщымыIэхэ, хьыкумхэр зыдэщымыIэхэ, шэйтанэри зыдэщымыIэ, заохэр къызыщымыхъухэрэ, узыхэр къызыщямыузыхэрэ, псэкIодшIагъэхэр зыщамышIыхэрэ, лIэныгъэр зыдэщымыIэ дунаеу щытыщт. Шъор-шъорэу шъуядж «Исус апостол Иуан Iофхэу къыфигъэнэфагъэхэр» (Апокалипсис) я 21-рэ ыкIи 22-рэ шъхьэхэм. Тэ тиакъыл къымыубытыщтхэ щыIэныгъэ сурэтхэу ахэр щытых, сыда пIомэ псэкIодшIагъэхэм, лIэныгъэм ыкIи къинхьазабхэм ядунай ныIэп тэ тызыщыгъуазэр. Сэ сыфэягъ а Тхьэ дунаим сыщыщыIэнэу! Адэ шъоры?

## 4. Е мощтэу, е мырэущтэу!

ЗэкIэ къэсIотагъэхэм кIэух зэфэхьысыжь афэсшIымэ сшIоигъуагъ. ШъошIа шъо, Библием икIэух теуфагъэу нахьыбэрэ зэзгъашIэрэм къэс нахь сицыхьэ телъэу сшIошъ хъурэр цIыф лъэпкъ купитIу аужыпкъэм къэнэщтхэр: мыкIодхэу Тхьэм къыгъэнэжьыгъэхэмрэ кIодыгъэхэмрэ арыхэу зэрэщытыр ары. ЫкIи джырэ дунаим Исус зышIогъэшIэгъонэу мэкIэ дэдэ хъоу шъо къысашъуIомэ, ащ иджэуапэу къышъосIожьыщтыр зы ныIэп: кIодыгъэхэр бэдэдэ хъунхэ алъэкIыщт! Тятэхэм мары тхьэлъэIу зэрашIыщтыгъэ шIыкIэр: «Ары пакIошъ, О гъусэ къыпфэмыхъухэрэр бэ мыхъухэми, фитныгъэ къысэт а цIыф макIэхэмэ сахэтэу садэжь сихьажьынэу!» ЫкIэм-ыкIэжьым мы купитIур ары къэнэщтхэр: мыкIодхэу Тхьэм къыгъэнэжьыгъэхэмрэ кIодыгъэхэмрэ ары. Сэ джыри Iоф гор къышъосIон фае.

Ыпэ рапшIэ сэ зызыфэзгъазэхэрэр кIодыгъэхэр ары. Синыбджэгъоу Паул Гумбург зэгорэм къысфиIотэгъагъ: «Сэ пчыхьыкIэ слъэгъугъэ Ахърэт Мафэр. Сэ зэхэсхыгъэ Исус мырэущтэу кIодыгъэхэм зэрариIуагъэр: «Садэжь шъуIукI, шъо Тхьэм ынае зыщифагъэхэр!» Джары Библием зэритхагъэр. Сэ слъэгъугъэ

ахэр – зышъхьэ ефэхыгъэхэр, щтагъэхэр, гукІодыгъэм зэлъиштагъэхэр – зэрэІукІыжьыщтыгъэхэр. ЕтІанэ гу лъыстагъ ахэр зыр зым зэреупчІыжьыщтыгъэхэр: «Плъэгъугъа о? Ащ тэ тызэрэщигъэзыягъэр пхырыкулъыкІыгъэу щытыгъ, уІэгъагъэ! Тэщ пае Ар къащым тыраІулІэ зэхъум ыІэ гъучІыІунэкІэ пхыраутыгъагъ, ау тэ ащ фэдиз мэхьанэ ащыгъум еттыгъагъэп. Джы тэ зэрэтифэшъуашэу кІодыгъэ цІыфхэу тыщыт!»

ШъунаІэ тешъудз, шъощ паий ары Ар зыкІэлІагъэр! Ар шъо шъушІошъ мэхъуми мыхъурэми, мэхьанэ иІэп. Шъо зэжъугъэшІэн фаер шъощ паий Исус ищыІэныгъэ зэритыгъэр ары! Арэу зыхъукІэ, Зиусхьаным ыдэжь шъукІу! ЗыгорэкІэ шъо псэкІодшІагъэхэр шъуиІэхэу шъолъытэмэ, сэ къышъосІон фаер Ар зылъыхъухэрэр шъощ фэдэ шъыпкъэ цІыфхэр арэу зэрэщытыр, фэшъхьафырэ цІыф, псэкІодшІагъэ зимыІэ цІыф, щыІахэпи! ЗыгорэкІэ псэкІодшІагъэ зимыІэу зызылъытэжьырэ цІыф щыІэмэ, ар пцІыгъушъэу щыт. Ахэмэ афэдэ цІыфхэр лъэшэу хэукъох, мыщ дэжьым къыщысІон цІыф кІодыгъэхэу зэрэщытхэр ежьхэми къызэрагурымыІорэр.

Джы сэ зыкъызыфэзгъазэрэр мыкІодхэу Тхьэм къыгъэнэжьыгъэхэр ары. ШъунаІэ тешъудз: тапэкІэ къэкІощт дунаир къытхыхьэзэ Библием къызэрэщиІорэмкІэ, ЕрусалимыкІэм ылъапсэ осэшхо зиІэ мыжъо лъэпкъ пшІыкІутІоу КъэбарышІум ишыхьатхэу щытхэ апостол пшІыкІутІумэ ацІэхэр зытетхагъэхэр. Сэ мары ар къызэрэзышІозгъэшІырэр: мыжъохэм мырэущтэу цІэхэр атетхагъэх: «Петр, Иуан, Якъуб». Мыжъохэм ащыщ горэм тетхагъ: «Маттэ». Адэ шъошІа шъо Маттэ къызыдикІыгъэр? Ар щэф-щэжьыным ыгуи ыпси зэтыгъэ цІыфэу щытыгъ, цІыфхэр ыгъапцІэщтыгъэх ыкІи тыгъокІуагъэ. Зэгорэм ар иІоф шІоихэм ауж итэу Исус ыдэжь блэкІызэ, Ар еджи, ыуж ихьанэу риІуагъ. Джащыгъум Левий, джары ащ нахьыпэм ыцІагъэр, зэкІэри зыдэщытыгъэ чІыпІэм къыІуенэхэшъ, Исус ыуж ехьэ. Ежьым пае КъэгъэнэжьакІор зэрэлІагъэм, ащ нэужым ыпсэ къызэрэпыкІэжьыгъэу, амылъэгъурэ дунаим зэрэкІожьыгъагъэм ыкІи Тхьэм Ыпсэ ЛъапІэ къызэрэтфигъэкІуагъэм ар яшыхьатэу щы-тыгъ.

Нахь кІасэу иныбджэгъухэм ащ мырэущтэу раІуагъ: «О охътабэрэ Исус уригъусэу къэпхьыгъ, зэкІэ плъэгъугъэхэр къэтхыхэба!» ЫкІи ежьыми джарэущтэу ышІыгъ. Джарэущтэу щыІэ хъугъэ Маттэ къытхыжьыгъэ КъэбарышІур, Библием щыщ Іахьэу тэ тиІэ хъугъэр, ащ ишІуагъэкІэ нэбгырэ миллион пчъагъэхэм Исус

агукIэ аштагъ. А цIыф шIоеу Исус къыгъэнэжьыгъэм кIэу цIэ «Маттэ» аIоу фаусыгъэр дунэякIэм ичIыпIэ лъапIэ щытэу хъугъэ. Исус Христос инэшIугъэ джащ фэдизэу ин дэд! Цыфым икъэгъэнэжьынкIэ сыд фэдэ кIуачIа ащ хэлъыр!

Исус ынэшIу ори ущигъэфэнэу фэхьазыр! Упэмыуцужь ащ! Iофыр зыфэгъэхьыгъэр лIэшIэгъум лIэшIэгъур кIэлъыкIоу егъашIэми о умыкIодэу укъэнэжьыныр ары!

# ТИЩЫІЭНЫГЪЭ ТХЬЭМ ІЭКІЭТЛЪХЬЭМЭ, СЫДА ТЭ АЩ ХЭТХЫЩТЫР?

Пасторэу Буш къызэджэгъэ аужырэ уарзэу мыр хъугъэ, ар ащ къызиІотагъэр 1966-рэ илъэсым июным и 19-м хыгъэхъунэу Рюген ит къалэу Засниц ары. Ащ къикІыжьэу къэкІожьызэ, 1966-рэ илъэсым, июным и 20-м Зиусхьаным ар ежьым ыдэжь ыщэжьыгъ.

ТыкъызытегущыІэщт Іофыгъом ыцІэр мары: «ТищыІэнығъэ Тхьэм ІэкІэтлъхьэмэ, сыда тэ ащ хэтхыщтыр?» Мырэущтэуи а упчІэр къэдгъэуцун тлъэкІыщтыгъ: «Чыристанэу ущытыныр ищыкІагъа?» Ащ иджэуап къестыжьыным пае Библием щыщ сатыр къэсІон фае. Ефес цІыфхэм афагъэхьыгъ тхылъым мырэущтэу къыщеІо: «Тхьэу ти Зиусхьанэу Исус Христос Ятэ щытхъушхор ий. Христос тыгухэм зэрарылъым пае, уашъом епхыгъэу, лъэныкъо пстэумкІи гурэ псэрэкІэ Тхьэм ынэшІу къытщифагъ!» А гущыІэхэм хьалэмэт шІыкІэ дэдэу къыраІотыкІырэр Исус агу зэрилъым пае Тхьэм ынэшІу щыфэныгъэ христианхэм зэралъигъэсырэр ары. Ау ащ ыпэкІэ сэ къышъуфэсІотэщтым нахь тэрэзэу шъуущызгъэгъозэным пае нахь чІыпІэ къыгурыІогъуаехэм ямэхьанэ къисІотыкІыщт. Апэрэу сэ къышъосІон фаер:

## 1. Тхьэм ІэкІэтлъхьэгъэ щыІэныгъэр нэпцІэу щытэп!

Ары, щыІэныгъэу Тхьэм ІэкІэтлъхьагъэр къытшІошІырэ щыІэныгъэ нэпцІэу щытэп! Ар сэ апэ рапшІэу къыжъугурызгъаІомэ сшІоигъуагъ.

Къалэ иным дин пащэу ущэлажьэмэ, зэІукІэгъу зэфэшъхьафыбэхэр цІыфхэм адыуиІэнхэ фаеу мэхъу. Мары сэ джырэблагъэ кІэлэ ныбжьыкІэ горэм сыІукІэнэу хъугъагъэти, мырэущтэу есІуагъ: «КъэдаІолъ зэ, уищыІэныгъэ Тхьэм ІэкІэплъхьагъэмэ, щыІэныгъэм бэ гъэхъагъэу щыпшІын плъэкІыщтыгъэр!» «Ей, пасторэу Буш, – есІуагъэм къемызэгъэу кІалэм къысиІожьыгъ, – алырэгъум зыкІэрымыч!» Шъо шъуинэІуаса ащ фэдэ гущыІэ щэрыом? А гущыІэхэмкІэ мары ащ къыІомэ шІоигъуагъэр: «Плъакъохэмкlэ чІыгум зыкІэрымыч! Тхьэр арымэ, Ар щыІахэпи!» Сэ кІалэм мырэущтэу есІожьыгъ: «О укъызытегущыІэхэрэр сэрыкІэ

аужырэ къэбарыкIэх!» «УнаIэ къытегъэтызэ уасIорэм къедэIу, – къысиIуагъ ащ,– нахьыпэм тыкъэзыуцухьэрэ дунаим ыкIуачIэхэм апашъхьэкIэ амалынчъэхэу цIыфхэм зыщалъытэжьыщтыгъ ыкIи ащ елъытыгъэу ащкIэ IэпыIэгъу къызыфашIынхэ алъэкIыщт кIочIэ лъэшыхэр къаугупшысыгъагъэх. Зыхэр ахэмэ зэряджэщтыгъэхэр Алахь, фэшъхьафхэр – Тхьэ, ящэнэхэрэр – Иегов, яплIэнэхэрэр – Буддэ, ятфэнэхэрэр – джыри джащ фэдэ горэмкIэ. Арэу зэрэщытзи, къызэрэчIэкIыгъэмкIэ, зэкIэ ахэр ашIошъ агъэхъумэ ашIоигъоу къызышIуагъэшIыжьыгъэ къодый, уашъор арымэ, ар нэкIы!» Арышъ, зэрэхъурэмкIэ, а кIэлэ ныбжьыкIэр сэ уарзэ шIагъо къысфеджагъ. ЕтIанэ ащ къысфиIуатэрэр къызеухым, къысфиIотагъэм семызэгъэу есIожьыгъ: «Е, сикIэлэ лъапI, Исус о зыпари хэпшIыкIырэпи!» «Исус оIуи? – къэупчIагъ ар,– дин пчъэгъабэ хъухэрэм ащыщ зыгъэпсыгъэр арыба о зыфапIорэр?» «Хьау! Ар хэукъоныгъ! – гурызгъэIуагъ сэ ащ.- Ар хэукъоныгъэшхоу щыт, силъэпIэ кIал! Сэ къыосIощт Исус зыфэдэ шъыпкъэр. Исус сшIэ зыхъугъэм къыщегъэжьагъэу Тхьэ псаур зэрэщыIэ шъыпкъэр сэ сшIошъ хъугъэ! Исус щымыIагъэмэ, тэ Тхьэм ехьылIагъэу зыпари тшIэщтыгъэп!» ЕтIанэ сэ ащ къыфэсIотагъ Исус зыфэдэр.

Хэта Исус? Щысэ къэдгъэлъагъозэ, Ащ ехьылIагъэу къышъуфэсIотэщт. ШъошIа шъо, сищыIэныгъэкIэ бэ къинэу зэпысчын фаеу хъугъагъэр. Бэрэ хьапсэм сычIэсын фаеу зыкIэхъугъэр – тыжьын джэмышхыхэр стыгъугъэхэкIэ арэп, Тхьэм сызэрэфэлэжьагъэм пае нахькIэ. Ящэнэрэ рейхым илъэхъан нацистхэм сэщ фэдэ пасторэу ныбжьыкIэхэм Iоф адэзышIэщтыгъэхэр алъэгъу хъущтыгъэхэп ыкIи сэ сызаубытыкIэ, анахь хьэпсэ гоштэгъуаджэхэм сачIагъэтIысхьэщтыгъэ. Зэгорэм сэ хьапсэ дэй горэм сычIагъэтIысхьэгъагъ. ЗэкIэ унэр мыжъом хэшIыкIыгъагъ, ау дэпкъыхэр зэрэпIуакIэм къыхэкIэу уачIэгъыкIэ зыгорэ пскэуIугъэми, ящэнэрэ этажым зыгорэ нарэм къыщефэхыгъэми зэхэпхыщтыгъэ. Сэ камерэ зэжъу дэдэм сисыгъ, сигъунэгъу камерэм гестапом сэщ фэдэу ыубытыгъэ горэ къызащэм. А лIым ыгу кIодыгъапэу щытыгъэкIэ енэгуягъо. Дэпкъыр къызэрэсIогъагъэу, пIуакIэу зэрэщытыгъэм къыхэкIэу сэ чэщым зэхэсхыгъэ ар зэрэгъыщтыгъэр. ИгъолъыпIэ телъэу, чъыер къемыкIоу зызэригъэчэрэгъущтыгъэр. Бэрэ зэхэсхыгъагъ ымакъэ Iоу зэрэгъыщтыгъэр. ТхьамыкIэгъо дэд хъулъфыгъэр гъы зыхъукIэ. Мафэрэ тэ гъолъыпIэхэм татырагъэлъыщтыгъэп. Сэ гу лъыстагъ ащ

икамерэ цIыкIоу зэрысыр зэрэрикIукIырэр: лъэбэкъуитIурэ нықъорэ – зы бгъумкIэ, лъэбэкъуитIурэ нықъорэ – къытыригъэзэжьымэ... ХьэкIэ-къокIэ Iэлэу гъучI хъагъэм рагъэтIысхьагъэм фэдэу ащ къыричъыхьакIыщтыгъэ. Загъорэ зэхэсхыщтыгъэ ар зэрэхэщэтыкIырэр. Сэрымэ, сэ сикамерэ Тхьэм имамыр щыгъэуцугъагъ! ШъошIа шъо, Исус сикамерэ къэкIогъагъ! ЫкIи сигъунэгъу камерэм исыгъэ хъулъфыгъэм къинэу кIэхэкIырэр сыгу къызыкIыкIэ, мырэущтэу сегупшысэщтыгъэ: «Сэ ащ ыдэжь симыхьэ хъущтэп! Ащ сыдэгущыIэн фае! Сыд Iо фаеми, сэ сыдин пащэба!» Къэрэгъулэм сыкъеджагъ. Ар къызысэкIуалIэм, мырэущтэу есIуагъ: «Сигъунэгъу камерэм ис хъулъфыгъэм ыгу кIодыгъапэ! Сэ сыдин пащ, ащ ыдэжь сихьанэу фиты сышъушI! Ащ сыдэгущыIэн фае!» Къэрэгъулэм джэуап къыситыжьыгъ: «СыкIонышъ сыкъыкIэупчIэщт». Сыхьат тешIагъэу къыгъэзэжьи, ащ къысиIуагъ: «Къыпфадагъэп! УIукIэ хъущтэп!» Арышъ а хъулъфыгъэр сэ егъашIэми слъэгъугъэп, ащ итеплъэ зыфэдэри сшIэрэп, жъыгъэми е ныбжьыкIагъэми сыщыгъуазэп. Сэ зэхасшIэщтыгъэр гукIодыгъэу ащ къинышхо зэрищэчыщтыгъэр ары. Ар шъо къызышIожъугъэшIын шъулъэкIыщта? Сэ бэрэ дэпкъым сыкIэлъырытэу сегупшысэу къыхэкIыгъ: «мы дэпкъыр пхырысыутэу мы хъулъфыгъэм ыдэжь сихьан слъэкIыгъагъэмэ!» Ау дэпкъыр пхырысыутын слъэкIынэу ащ фэдэ кIуачIэ сиIагъэп зэкIэ кIуачIэу сиIэр есхьылIагъэми.

Джы шъунаIэ тежъугъэтэу шъукъедэIу! Сэ джащыгъум сызэрытыгъэ чIыпIэм джыдэдэм Тхьэ псаур, уашъомрэ чIыгумрэ къэзыгъэхъугъэр ит. Тэ нэкIэ алъэгъурэ ыкIи шэпхъищ зиIэ дунаим тыщэпсэу. Тхьэр къытпэблэгъэ шъыпкъэу къыдгот. Библием мырэущтэу къыщеIуатэ: «Бгъу пстэумкIи О сэ укъызгот». Тхьэм ыIэ къыщэимэ, ащкIэ къытэнэсын ылъэкIыщт, ау тазыфагу иты дэпкъым фэшъхьафырэ шапхъ иIэр. Джы мары Тхьэм зэхехы мы чIыгум итхьаусыхэхэр зэкIэ. Ащ зэхехы зыгу пхъащэ хъугъэхэм яхъонэгъо гущыIэхэр, зыгукIэ шъхьэзакъохэм ягъы макъэ, пхъэмбаим кIэлъырытыхэм ялыуз, зэфэнчъагъэм къин зэригъэлъэгъухэрэм яхэщэтыкI макъэ. ЗэкIэ ахэр Тхьэм ыгу хэтIысхьэх джа хъулъфыгъэм итхьамыкIагъо тхьаусыхэ макъэ дэпкъым къыпкъырыкIэу сэ зэрэзэхэсхыщтыгъэм фэдэу. КъызышIожъугъэшI, сэ скIуачIэ къымыхьыгъэр Тхьэм зэгорэм ышIэн ылъэкIыгъ: Тхьэм тэрырэ Ежьырырэ тазыфагу итыгъэ дэпкъыр пхыриути, Ежьым Ыкъоу ИсускIэ тэ тидунаеу нэкIэ алъэгъурэм

къыхэхьагъ. КъыжъугурыIуагъа? Ежьым ЫIкъоу ИсускIэ Тхьэр тэ къытфехыгъ, мы дунаим шIоеу телъым къыхэхьагъ! ЫкIи сэ Исус зысшIагъэм къыщыублагъэу Тхьэ псаур зэрэщыIэр сэшIэ. Сэ нахьыбэрэмкIэ мары зэрэсIо хабзэр: «Исус къызытфехыгъэм къыщегъэжьагъэу Тхьэр щыбгъэзыеным къикIырэр Iофым хэшIыкI фыуимыIэныр ары».

Джы сэ Исус сытегущыIэн фае. Сиуарзэхэм, сэ сыфитыгъэмэ, Исус щэхъу сигуапэу сакъыщытегущыIэныгъэп, ау а къэбар шIагъор икъоу къипIотыкIыным пае типчыхьэхэр икъуныгъэхэп.

Арышъ, Исус Бэтлэхьэм къыщыхъугъ, Ар иныы хъугъэ, ыныбжь икъугъ. Тхьэм ищытхъу пылъэу хъущтэу пшIошъ зыгъэхъурэ зы нэшанэ гори апэрэ уахътэм Ащ хэплъагъощтыгъэп. Арэу щытыми, цIыфхэм агукIэ Ащ зыфакъудыищтыгъ. Ахэмэ зэхашIэщтыгъэ АщкIэ тэ Тхьэм ишIулъэгъурэ ишIушIагъэрэ къызэрэтлъыIэсыгъэхэр!

Ханаан хэкоу джурт цIыф лъэпкъым щыщэу зэрэщытым елъытыгъэу Исус зыщыпсэущтыгъэм Рим идзэхэр итыгъэх. Къалэу Капернаум дэт дзэм ипащэу щытыгъэр рим дзэкIолI пащэр арыгъэ. Рим щыпсэущтыгъэхэм тхьабэ яIагъ, ау ахэмэ ащыщэу зыгори ашIошъ хъущтыгъэп. Рим идзэкIолI пащэу Капернаум дэсыгъэм иIофтабгэхэм ащыщ мыхъужьынэу зэгорэм сымэджэ хьылъэ хъугъагъэ. ДзэкIолI пащэм а Iофтабгэр лъэшэу икIэсагъ. Арыти, ащ сымаджэм ыдэжь Iазэхэр къыригъэблэгъагъэх, ау ахэми ащыщ горэми сымаджэм ишIуагъэ ригъэкIын ылъэкIыгъэп. КъыгурыIуагъ дзэ пащэм иIофтабгэ лIэн зэрилъэкIыщтыр. Мыщ дэжьым ащ ыгу къэкIыжьыгъ: «Исус ехьылIагъэу бэба сэ зэхэсхыгъэр. IэпыIэгъу хъун ылъэкIыщтыба Ар? СыкIон Ащ ыдэжь!» Джарэущтэу а шIошъхъуныгъэ зимыIэ лIыр Исус ыдэжь кIуагъэ ыкIи Ащ елъэIугъ: «Зиусхьанэу Исус, сиIофтабгэ къэсымэджагъ. ЗыгорэкIэ ар бгъэхъужьын плъэкIына?» «Ары, згъэхъужьын слъэкIыщт,– еIо, – некIо гъусэ сыкъыпфэхъунышъ ащ ыдэжь тыкIон!» Ау дзэкIолI пащэм ар ыдагъэп: «ИщыкIагъэп арэущтэу пшIыныр. Сэ унашъоу афэсшIыхэрэр Iо хэмылъэу агъэцакIэхэ хабзэ. Джащ фэдэ къабзэу Ори гущыIэ къызэрэоIоу сиIофтабгэ псаоу хъужьыщт». НэмыкI гущыIэхэмкIэ къэпIон хъумэ, тхьабэ зышIошъ хъурэ а дзэкIолI пащэм мыщ фэдэ мэхьанэ зиIэ гущыIэх къыIуагъэхэр: «Хэти зэшIуихын ымылъэкIыщтыр О зэшIопхын плъэкIыщт! О Тхьэр ары пхэсыр!» Исус ащ зыфе-

гъазэшъ, мырэущтэу еIо: «Израил Сэ ащ фэдэ шIошъхъуныгъэ зиIэ цIыф изгъотагъэп». А гущыIэхэм мыщ фэдэ мэхьан къарыкIырэр: «Мы лIэу Тхьэр зышIошъ мыхъурэм шIошъхъуныгъэу къысфыриIэм фэдэ зэкIэ тичылыс къекIуалIэхэрэмэ Сэ ахэслъэгъуагъэп». ШъолъэгъуагъэпШъолъэгъуа шъо, Рим къикIыгъэ дзэкIолI пащэм къыгурыIуагъ ИсускIэ тэ Тхьэр къызэрэтфэкIуагъэр!

Исус Христос икъэбар шъо шъушIэн фае! СышъолъэIу, инэу сышъолъэIу: зэжъугъэгъот КъэбарышIур. «КъэбарышIур Иуан къызэриIотагъэм» шъуедж, етIанэ ащ къыкIэлъыкIохэрэм ыкIи фэшъхьафхэми шъуядж. Исус ехьылIэгъэ къэбар шIагъох ахэр! КъэбарышIум къыдэхьагъэхэм афэдэ тарихъ шIагъохэр къыхэзыутырэ журнал гъэкIэрэкIагъэ гори сэ сшIэрэп.

Ау Исус, Тхьэм ЫкъоЫкъо дунаим къызыкIытфехыгъэр, а IофтабгэрIофтабгэр ыгъэхъужьынэу изакъо арэп, Тхьэр зэрэщыIэр къытфиушыхьатынэу изакъо арэп. Ар къызыкIытфэкIуагъэр цIыфхэр Тхьэм ригъэшIужьынхэу ары!

ШъошIа шъо, Тхьэмрэ тэрырэ тазыфагу фэшъхьаф шапхъэ зиIэ дэпкъым изакъоп итыр. Тхьэмрэ тэрырэ тазыфагу фэшъхьафырэ дэпкъ дэтыр: тэ тимысагъэ идэпкъ ары. Зэгорэм пцIы шъуусыгъагъэу шъугу къэкIыжьа? Ара? АщкIэ шъор-шъорэу Тхьэмрэ шъорырэ шъуазыфагу ит дэпкъым джыри зы мыжъо хэшъулъхьагъ. Зы мафэ нэмыIэми тхьэлъэIу шъумышIэу тешIагъэмэ, джыри зы мыжъо хахъо. Гумыкъэбзагъэ, зинэ, тыгъоныр, тхьаумафэм имыгъэлъэпIэныр, ыкIи фэшъхьафырэ цIыкIу-шъокIу мин пчъагъэхэр шъуукъуагъэхэмэ, – ары пэпчъ телъытагъэу Тхьэр цIыфхэм апэIапчъэ зышIырэ дэпкъым джыри зы мыжъо хэхъуагъэу мэхъу. Ары шъыпкъ зэрэхъурэр: тэ зэкIэми тызэгъусэу цIыфхэр Тхьэм пэIапчъэ зышIыхэрэ дэпкъым игъэуцун тиIахь хэтэлъхьэ. Ау Тхьэр Тхьэ лъапIэу щытыба. КъыжъугурэIуа, гущыIэу «Тхьэр» сыжэ къызэрэдэкIыгъэм лъыпытэу сапашъхьэ къеуцо псэкIодшIагъэхэу сIэкIэшIагъэхэр ыкIи лажьэу сиIэхэр. А Iофыгъор зэшIохыгъэн фае! ПсэкIодшIагъэ пэпчъ Тхьэм ынаIэ тыригъэтызэ еплъы! Мырэущтэу къызышIошIырэ цIыфхэр сэшIэх: «Ей, сыд фэдэу Тхьэр къысфэрэзэн фая джы къызынэсыгъэм Ар сэ сшIошъ зэрэхъурэм пае!» ШIу слъэгъурэ сикIасэхэр, ар мэкIаIо! Шэйтаными Тхьэр ышIошъ мэхъуба! Тхьэр зышIошъ мыхъухэрэм ар ащыщыхэп. Ащ дэгъу дэдэу ешIэ Тхьэр зэрэщыIэр. Ау ар Тхьэм ешIужьырэп! Тхьэм ешIужьын дыуиIэн зыплъэкIыщтыр

Тхьэм пэӀапчъэ тыфэзышӀырэ дэпкъыр Ӏухыгъэмэ ары ныӀэп. Джащ пае Исуси дунаим къызыкӀытехьагъэр. ТипсэкӀодшӀагъэ идэпкъ Ащ зэхигъэтэкъуагъ! Ащ фэшӀ Ащ къащым зытыраригъэӀулӀэгъагъ! Ащ ышӀэщтыгъэ цӀыфыр арыми Ежьырми ащыщ горэм типсэкӀодхэм апае пшъэдэкӀыжь ыхьын фаеу зэрэщытыр! Зэхэшъоха шъо? Е Вильгельм Буш ары, е Исус ары! ЫкӀи джащыгъум, Тхьэ псаум Ыкъо хыеу Исус Христос, сэ сипшъэдэкӀыжь пае агъэпщынагъ. О уипшъэдэкӀыжь пайй ары!

Джы къащым теӀулӀэгъэ Христосым итеплъэ шъунэгу къыкӀэзгъэуцощт. СэрыкӀэ а Ӏуплъэр анахь Ӏуплъэ лъапӀэу щыт. Джы мары Ар тапашъхьэ щыпылъагъ, Ащ иамалкӀэ Тхьэм тазыфагу ит дэпкъыр пхыриутыгъ ыкӀи джы мары Ар тидунэе чэфынчъэгъо дэдэ къытехьагъ. Мы гущыӀэхэр Библием къызэриӀолӀагъэр ары къащым пылъагъэр: «Зиусхьаным зэкӀэ тэ типсэкӀодшӀагъэхэр Ащ ыпшъэ рилъхьагъэх». ЗэкӀэ типсэкӀодшӀагъэхэм ямыжъохэр, тилажьэхэм ямыжъохэр зыплӀэӀу илъыр ары пылъагъэр. Тэ тащыщ горэми зэшӀуихын ымылъэкӀыщтыр зэшӀозыхын зылъэкӀыщтыр ары пылъагъэр. ТипсэкӀодшӀагъэхэм ямыжъохэр джары ттезыхыжьыхэрэр. Ащ ехьылӀагъэу Библием итхагъэм шъор-шъорэу шъуедж. Мы къащым мы гущыӀэхэр къыщэшъыпкъэжьых: «Тидунае пшъэдэкӀыжь ыхьын фэягъэр Ащ ыпшъэ ралъхьагъ».

Фэшъхьафырэ шӀыкӀэкӀэ ар къыжъугурызгъэӀонэу фиты сыкъэшъушӀ. Сэ Швейцарием ныбджэгъу хьалэл щысиӀ, арырэ сэрырэ бэ къызэдэткӀухьагъэр. ЧӀыпӀэ горэм щэджэгъуашхэ щызэдэтшӀыгъэ зыхъукӀэ, тызэрагъэшхагъэм ыпкӀэ ттыным пае ащ тефэрэр зыфэдизыр тетхагъэу тхылъыпӀэ къытфахьыщтыгъэ ыкӀи къытаӀощтыгъэ: «ШъуитӀу язы ыпкӀэ къытын фае! Хэты иахъщалъа нахь Ӏужъур?» Шъыпкъэ, сэ моущтэу къэсӀон слъэкӀыныгъи: «Ныбджэгъур, непэ о уичэзыу. Къытелъхь шхапкӀэр!» КъыжъугурэӀуа, хэтми титӀу язы шхапкӀэр ытын фае! Тхьэм ыпашъхьэ тэ хьакъэу щытиӀэм, зэкӀэ типсэкӀодшӀагъэхэмрэ тиемыкӀу зекӀуакӀэхэмрэ апае зыгорэ пщынэн фае! Е о пшӀошъ хъун фае ощ пае Исус пщыныжьыр зэрихьыгъэр е зэгорэм о пшъхьэкӀэ ар ппщыныжьын фаеу хъущт. Сыд фэдэрэ псэкӀодым уасэ иӀ. ШъолъэгъуаджыИсус сэ анахьэу шӀу зыкӀэслъэгъурэр? Сэ ащ гъусэгъу пытэу сызыкӀыготыр сэщ пае Ар зэрэпщынагъэр ары!

Ау а Исусыр къэунэм къычIэнэжьыгъэп. Хьау! ЫкIи ар шIагъо! Исус зылIагъэм ыуж мэфищ тешIагъэу зы лIы горэ лъэшэу хэгупшысыхьагъэу щытыгъ. Ар егупшысэщтыгъэ: «Сыд шъуIуа Исус къехъулIагъэр? Джы Ар хьадэу щылъ. Сэ слъэгъугъэ Ащ ихьадэ мыжъо къэунэм зэрэчIалъхьагъэр, етIанэ а къэунэм ичIэхьапIэ дэжь мыжъошхо зэрэIуагъэукIорэягъэр. Тхьэм Ыкъоу Ар щытыгъа-щымытыгъа?» А лIым зэреджэщтыгъэхэр Фомэ. Ар джащтэу егупшысэфэкIэ, ащ иныбджэгъухэр гушIогъошхом зэлъиштагъэхэу ыдэжь къэкIуагъэх: «КъэдаIу! Ар псау! Сыда о джыри узыфэшъыгъорэр? Ар псау!» «Хэта псаур?» «Исус арыба!» «Арэущтэу хъун ылъэкIыщтэп!» «Арэу оIоми, тэ тлъэгъугъэ къэунэр нэкIы! Тэ ащкIэ тышыхьат ыкIи, ары пакIошъ, ащкIэ тхьэлъанэ тшIын тлъэкIыщт! Тэ Ащ тыIукIагъ!» «Ар шъыпкъэу хъун ылъэкIыщт шъуIуа,– егупшысагъ Фомэ,– лIагъэм ыпсэ къыпыкIэжьынэуи? Ар шъыпкъэмэ, ащыгъум Ар Тхьэм Ыкъо шъыпкъэу щыт». Ау Фомэ шIошъхъугъуаеу щытыгъ, щыIэныгъэм ар пчъагъэрэ къыщагъэпцIэу рихьылIагъ, джащ къыхэкIэу ежьым ынэхэмкIэ ымылъэгъугъэр ышIошъ хъущтыгъэп. Хэгъэгур къызыщыскIухьэхэрэм ащыщ горэм сыкъырищэкIынэу гъусэ къысфашIыгъэгъэ бзылъфыгъэм Исус ехьылIагъэу сыдэгущыIагъэти, мыщ фэдэ джэуап къыситыжьыгъагъ: «Сэ сшIошъ хъурэр сынитIукIэ слъэгъурэр ары ныIэп!» Джащ фэдэ къабзэу гупшысэщтыгъэ Фоми. Ар мырэущтэу игъусэхэм ариIуагъ: «ГъучIыIунэ опIэ гъуанэхэр Исус ыIэмэ атесымылъагъохэу, сэ сIэхъуамбэ а гъучIэIунэ уапIэ гъуанэхэм атесымылъхьэу, сэ сIи Исус ычапэ тесымылъхьэу сшIошъы хъущтэп». Сыд фэдизэу ащ ышIошъ агъэхъуным игъусэхэр пылъыгъэхэми, Фомэ ренэу къариIожьыщтыгъ: «СшIошъ хъурэп!» Ащ нэужым мэфий тешIагъэу ащ иныбджэгъухэр игъусэхэу чIыпIэ горэм щыIагъэх. ЗэкIэм ахэмэ азыфагу къиуцуагъ Исус. «Гупсэфыныгъэ шъуиIэ шъопсэу!» – ыкIи Фомэ зыфигъази, Ащ къыIуагъ: «О пIэхъуамбэ мо къытелъхь, сIэмэ къяплъ. ПIи къэщэий, сэ счапэ къытелъхь, пшIошъ мыхъоу ущымытэу, шIошъхъуныгъэ зигъаI». Джащыгъум а лIэу ехъырэхъышэ зэпытэу щыIагъэр лъэгуанджэкIэ етIысэхи, мэкъэ IэтыгъэкIэ къыIуагъ: «О уси-Зиусхьан ыкIи уси-Тхь!»

Джы къыжъугурыIуагъа сэ сигущыIэхэу Тхьэм IэкIэтлъхьэгъэ щыIэныгъэр нэпIэхъэу щымытэу зыфэсIогъагъэхэр? Зыгорэхэм зэраIорэм фэдэу, Тхьэр мыгъэнэфагъэ горэу щытэп: «Тхьэр чIыпIэ горэм щыIэн фае, ау Ащ итеплъэ зыфэдэр хэти ышIэ-

рэп». Хьау, арыхэп ар зэрэщытыр! Тхьэм игъусэхэу щыIэныгъэр тиIэн зэрэтлъэкIырэр къэзыгъэшъыпкъэжьырэр Тхьэм Ыкъо чIыгум къызэрэтфехыгъэр, тэщ пае Ар зэрэлIагъэр ыкIи нэужым лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэр ары. Джащ къыхэкIэу Тхьэм ехьылIагъэу джы сэ гъэнэфэгъэ шъыпкъэу сэшIэ.

Iофыгъор икъукIэ къыжъугурызгъэIоным пае апэрэ чэзыоу сэ сищыкIэгъагъэр Тхьэм IэкIэтлъхьэгъэ щыIэныгъэр нэпIэхъэу е къытшIошIырэ къодыеу зэрэщымытыр къышъуфэсIотэныр арыгъэ. Джы ащ ыпэкIэ щыт упчIэм иджэуап къестыжьын фае, ар зыфэдэ упчIэр:

## 2. Тхьэр угу илъэу ущыIэныр сыдэущтэу къызIэкIэбгъэхьащта?

Сэ цIыфхэм бэрэ къысаIоу сырехьылIэ: «Пасторэу Буш, уцIыф насыпышIу о! Сэ симыIэ горэ о уиI». Сэри ахэмэ мыщ фэдэ джэуап ясэтыжьы: «Делагъэхэр шъумыIох! Шъори джащ фэдэ къабзэу шъуиIэн шъулъэкIыщт! Исус шъощ пайй щыI!» НахьыбэрэмкIэ джащыгъум мыщ фэдэ упчIэ джыри къысаты: «Ары шъхьаекIэ, сыдэущтэу сэ Тхьэр сыгу илъэу щыIэныгъэ къызыIэкIэзгъэхьан слъэкIыщта?» Ащ иджэуап сатыр кIэкIыкIэ Библием къыретыжьы: «Зиусхьанэу Исус Христос шъушIошъ жъугъэхъу!»

Ей, а шIошъхъуныгъэм шъукъыфэсщэн слъэкIыгъаемэ! Ащ фэшI къыжъугурызгъэIон фае гущыIэу «шIошъхъуныгъэ» зыфиIорэм имэхьанэ купкI зыфэдэр. Нэбгырабэхэм шIошъхъуныгъэм еплъыкIэ мытэрэз шъыпкъ фыряIэр.

Зэгорэм Норвегием икъэлэ шъхьаIэу Осло уарз сыкъыщеджэн фаеу хъугъагъэ. Шэмбэт пчэдыжьым къэзгъэзэжьын фэягъэ, сыда пIомэ ятIонэрэ мафэм Вупперталь щыIэщт зэIукIэшхом сыкъыщыгущыIэн фаеу щытыгъ. Ау гъогум зы сызэрэтехьагъэм къыщегъэжьагъэу сиIофхэр зэпыфэщтыгъэхэп: пщэгъошхом ыпкъы къикIыкIэ къухьэлъатэр сыхьат псэукIэ гужъон фаеу хъущтыгъэ. Аужыпкъэм тикъухьэлъатэ зиIэти, Копенгаген фиузэнкIыгъ, а къалэм нэмыкI къухьэлъатэ тыщитIысхьажьын фэягъэ. Копенгаген тикъухьэлъатэ къыщышъхьащэбыбэм, пилотым къухьэлъатэм къыригъэгъази, Швецием ылъэныкъокIэ ыузэнкIыгъ. Макъэр къэзыгъэлъэшырэмкIэ ащ тэ

къытиIуагъ Копенгаген пщэгъошхо къызэрэщегъолъэхыгъэр ыкIи ащ тыкъыщытIысын зэрэтымылъэкIыщтыр. Ащ къыхэкIэу Мальмэ тыбыбыгъ. Швецием, Мальмэ сиIоф щыIэгъахэп. Сэ сызыдэкIон фэягъэр Дюссельдорф арыгъэ! Вупперталь уарзэ сыкъыщеджэн фаеу къыщысажэщтыгъэх! Аужыпкъэм Мальмэ тыкъыщетIысэхыгъ ыкIи тэлъэгъу зэкIэ аэропортыр зэлъаупIыцIэу гъогурыкIохэр ащ зэрэтизхэр. ЕтIани зым ыуж адрэр къыкIэлъыкIоу къухьэлъатэхэр ащ игубгъо къыщетIысэхыщтыгъэх. Нафэ къызэрэтфэхъугъэмкIэ Мальмэ закъу ары пщагъо зыдэщымыIагъэр. Джащ къыхэкIэу зэкIэ къухьэлъатэхэр мыщ къэбыбыщтыгъэх. А аэропорт цIыкIум зыщыбгъэпсэфынэу зы тIысыпIи иIэжьыгъэп. Австрием щыщ коммерсант горэм ащ нэIуасэ сыщыфэхъугъагъ. НэбгыритIури тызыгъэгумэкIыщтыгъэр а зы Iофыгъор ары: сыдэу хъущта тигъогупэ? Мырэущтэу пчэдыжь нэс тыщытын фаеу хъункIи пшIэщтэп. Ащыгъум тлъакъохэм таIэтыжьын амылъэкIэу хъунхэкIи мэхъу! ЗэкIэри рэзаджэхэу цIацIэщтыгъэх, кIэупчIэщтыгъэх, гъумытIымыщтыгъэх, ащ фэдэ чIыпIэм зифэхэкIэ зэрашIы хабзэу. ЗэкIэм радиомкIэ макъэ къагъэIугъ: «Къыблэ лъэныкъомкIэ быбырэ къухьэлъатэм шIэхэу зиIэтыщт. КъызыщытIысыщт чIыпIэр Гамбургмэ, Дюссельдорфмэ е Франкфуртмэ джыри гъэнэфэгъагъэп. Быбымэ зышIоигъохэр къухьэлъатэм итIысхьанхэ алъэкIыщт». Iофыр зэхэмыфыгъаIоу тэ къытщыхъугъ. Тэ тпэблагъэу щытыгъэ бзылъфыгъэм бырысыр къыIэтыгъ: «А къухьэлъатэм сэ ситIысхьащтэп! Сэщынэ!» Арыти, сэ ащ есIуагъ: «А силъэпIэ бзылъфыгъ! Ащ уимытIысхьэу рэхьатэу мыщ укъэнэн уфити!» Сигъусэ австрийцэм ар зызэхехым къыIуагъ: «Ары шъыпкъ, мыщ фэдэ пщагъом ухэтэу убыбыныр ащ фэдизэу тхъагъоп! Ар имыкъужьэу укъызыщетIысэхыщтыри мыгъэнэфагъэу!» Куощтыгъэ бзылъфыгъэмрэ австрийцэмрэ сызэрагъэхъырэхъышэщтыгъэ уахътэм щыгъын шхъонтIэ ошъуашъор зыщыгъ пилотыр къыдблэкIыгъ. Сэ ащ сызыIоплъэм зэкIэм гу лъыстагъ ащ ынэгу сэмэркъэу хэмылъэу ыкIи гупшысэ куум зэлъиубытыгъэу зэрэщытыр. ЗэкIэ ащ итеплъэIуплъэ пшIошъ къыгъэхъущтыгъэр пшъэдэкIыжьэу иIэр икъукIэ къызыгурыIорэ хъулъфыгъэу ар зэрэщытыр ары. Джащыгъум сэ сиавстрийцэ ныбджэгъу мырэущтэу есIуагъ: «Мы пилотым уицыхьэ тебгъэлъы хъущт, тигъэтIысхь мы къухьэлъатэм! Мы слъэгъугъэр хъулъфыгъэ шъхьэпсынкIэхэм ащы-

щэп!» ЫкIи титIо къухьэлъатэм титIысхьагъ. Къухьэлъатэм титIысхьи, ащ ипчъэхэр рагъэтыжьхи, чIыгум зызытетэIэтыкIым ыуж тищыIэныгъэ зэлъытыгъэ хъугъагъэр а лIыр арыгъэ. Къухьэлъатэр Франкфурт къыщетIысэхыгъ. Тадэжь сынэсыжьыфэкIэ чэщ псэур тешIагъ. Ау сэ сигухэлъ къыздэхъугъ. Джары цыхьэ афэпшIыным къикIырэр! Цыхьэ афэпшIыным къикIырэр зыгорэм уицыхьэ тебгъэлъыныр ары.

Сыдэущтэу Тхьэр угу илъэу ущыIэныр сыдэущтэу зыIэкIэбгъэхьащта? «Цыхьэ тегъэлъ Зиусхьанэу Исус Христос!» Сэ мырэущтэу къасIомэ сшIоигъуагъ: «Исусым ыдэжь ихь!» КъасIорэр шъо къыжъугурыIуагъа? Къухьэлъатэм титIысхьэ зэхъум австрийцэр лъэшэу зыфэягъэу гу зылъыстагъэр зы лъакъомкIэ къухьэлъатэм итIысхьанэу, ащ дакIоу адрэ лъакъомкIэ аэропортым къытенэнэу арыгъэ. Ау арэущтэу пшIын плъэкIынэу щытэп. Ар е аэропортым къытенэн, е пилотым икъу шъыпкъэу ицыхьэ тыригъэлъын фэягъэ! Джары Исусым фэгъэхьыгъэуи зэрэщытыр. Шъо къызыдэжъугъэхъун шъулъэкIыщтэп зы лъакъомкIэ Исус Iоф дышъуимыIэу шъущытынэу ыкIи адрэ лъакъомкIэ Ащ ыдэжь шъуихьанэу! Арэущтэу къызыдэбгъэхъун плъэкIыщтэп! Зиусхьанэу Исус Христос уицыхьэ тебгъэлъын, уищыIэныгъэ Тхьэм IэкIэбгъалъхьэзэ ущыIэн зыплъэкIыщтыр икъу шъыпкъэу Ащ цыхьэ фэпшIы зыхъукIэ ары ныIэп. Сэ Ащ мырэущтэу есIон фае: «О си Тхьэ, сищыIэныгъэ штэ, зэкIэ ар зыIэкIэслъхьагъэр Оры».

Мырэущтэу сышъоупчIынэу фит сыкъэшъушI: Тхьэм Ыкъо фэшъхьафэу хэта шъо Ащ нахьышIоу уицыхьэ зытебгъэлъын плъэкIынэу щыIэр? Исус къысфишIагъэм фэдиз къысфишIагъэу дунаим зыпари тетэп! Ащ шIу сызэрилъэгъурэм къыхэкIэу сэщ пае лIагъэ. Джащ фэдэу ощ паий лIагъэ! Ащ шIу тызэрилъэгъурэм фэдэу хэти тилъэгъурэп. Ар лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъ. Адэ лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэм сищыIэныгъэ ыIэ ислъхьан слъэкIыщтыба? Ащ теуубытэн умылъэкIыным пае уакъылынчъэн фае! СищыIэныгъэ Исус ыIэ зислъхьэрэ уахътэм къыщегъэжьагъэу сэ Тхьэм сыфэлажьэзэ щыIэныгъэ шъхьаф езгъэжьагъэу мэхъу. Зы тхьэорэд горэм хэт гущыIэхэр сэ лъэшэу сыгу рехьых: «Орымырмэ, хэта сэ сищыIэныгъэ зыIэкIэслъхьащтыр, о Пачъыхьэр, сэ, псэкIодшIагъэ зиIэм пае, О къащым укIэрылIыхьагъ. ЗэкIэ сищыIэныгъэ Ощ пае къурмэншIыпIэм сэ къытесэлъхьэ. Аужыпкъэрэм нэс сыпфэшъыпкъэным сыфай, сэ

О сиудзэкIолI ыкIи сыуиIофтабг». Ей, арэущтэу шъори къэшъуIон шъулъэкIынэу щытыгъэемэ!

Сэ къышъуфэсIотагъэм джыри зыгорэхэр къыхэзгъэхъожьынхэ фае. КъышъуасIорэм шъукъедэIу, шъуищыIэныгъэ Исус IэкIэшъулъхьан, Ащ шъуицыхьэ телъэу шъушIын шъугу хэлъмэ. Ащыгъум ащ ехьылIагъэу Ащ шъудэгущыI! Ар шъо къышъупэблагъэу къышъукIэлъырыт! Ащ шъо ешъуIорэр зэхехы! Мырэущтэу Ащ ешъуIу: «Зиусхьанэу Исус, сищыIэныгъэ О пIэ къисэлъхьэ!» СикIэлэгъум сэ Тхьэри сшIошъ мыхъоу, кIэлэкIэ кIодыгъэу сыщытэу Исус зыфэзгъази селъэIуи, Ар сыгукIэ зысэштэм, мары Ащ сызэрелъэIугъагъэр: «Зиусхьанэу Исус! Джы сэ сищыIэныгъэ О пIэ къисэлъхьэ. Сэ узгъэгугъэн слъэкIыщтэп цIыф хьалэл сыхъущтэу. Ащ фэшI О фэшъхьафэу гу къысэптын фае! Сэ шэны Iае сиI, ау сызытетым фэдэу уадэжь сыкъакIо. Узыфэе цIыфыр сэ схэшIыкI!» А уахътэр ары слъэкъуитIукIэ Исус ыдэжь сызихьагъэр ыкIи Ежьым ылъыкIэ сызыщэфыжьыгъэм сищыIэныгъэ зэрэфаеу зэригъэзекIонэу зыIэкIэслъхьагъэр.

Ау ащ фэдэ щыIэныгъэм укъыхэтэджэным пае шIокI имыIэу бгъэцэкIэн фаеу ищыкIагъэр Iофыгъуищ мэхъу: Тхьэм и ГущыIэ уеджэныр, Тхьэм уелъэIуныр ыкIи Тхьэм ицIыфхэм уахэхьаныр.

КъыжъугурэIуа, Исус ехьылIагъэу зыпарэми шъуемыджэу ыкIи Ащ ехьылIагъэу зыпари зэхэшъумыхэу Ащ шъуриIэрылъхьан шъулъэкIыщтэп. Библием е КъэбарышIум мафэ къэс шъуядж сыхьат плIанэм къыкIоцI, Тхьэм шъуелъэIузэ ыкIи шъузаджэрэм имэхьанэ лъэшэу шъуегупшысэзэ. КъыжъугурымыIорэ чIыпIэхэм зяшъумыгъэгъэгумэкI. Нахьыбэрэ шъуеджэрэм къэс нахь шъыпкъагъэ хьалэмэтхэр къышъуфызэIухыгъэ хъущтых. А КъэгъэнэжьэкIо шIагъом сыриIэрылъхьэу сызэрэщытым ыкIи Ащ ехьылIагъэу къэсIотэн слъэкIынэу амал зэрэсиIэм сягупшысэ зыхъукIэ, гушIуагъом сыгу зэлъештэ. Тхьэм IэкIэплъхьэгъэ щыIэныгъэ уиIэным имызакъоу, ар цIыфхэм адэбгощын плъэкIын фае.

ЯтIонэрэу ищыкIагъэр – Тхьэм уелъэIуныр ары. Исус шъо ешъуIорэр зэхехы, псэлъэ дэхэ зэгъэкIугъэ Ащ фэгъэхьыгъэу бгъэхьазырынэу ищыкIагъэп. Бысымгуащэ горэ Тхьэм зэрелъэIурэм фэдэу Ащ зыфэбгъазэми хъущт: «Зиусхьанэу Исус, непэ сэрыкIэ мэфэ хьылъэу щыт: силI ыгу изытет хъатэп, кIэлэцIыкIухэр къысэдэIухэрэп, непэ сэ сыгыкIэн фае, ахэмэ афэшъхьафэуи непэ тиунагъокIэ марки 10 тищыкIагъ. Зиусхьанэу Исус,

О уапашъхьэ къисэлъхьэ зэкІэ ситхьамыкІэгъо щыІакІэ. СыолъэІу сыгу гушІуагъо къиплъхьанэу, сыда пІомэ зэкІэ сищыІэныгъэ зыІэкІэслъхьагъэр Тхьэр ары! ЗэкІэ мы Іофыгъохэр сфэукІочІынхэмкІэ ІэпыІэгъу къысфэхъу! Зиусхьанэу Исус, Іоф зэкІэмкІэ сицыхьэ О птезгъэлъын зэрэслъэкІырэм пае сызэрэпфэразэр къыосэІо!» КъыжъугурэІуа, зэкІэ сыгу илъыр Исус есІотэн слъэкІыщт! Ары пакІошъ, Ащ мырэущтэу селъэІуни слъэкІыщт: «Зиусхьанэу Исус, джыри нахьыбэу сищыІэныгъэ О пІэ къислъхьан слъэкІыным пае О узыфэдэр нахьышІоу зызэхэсэгъэшІыкІ!»

Тхьэр угу илъэу упсэунымкІэ ящэнэрэу ищыкІагъэр Ар зышІошъ хъухэрэм уаІукІэныр ары. Ащ къикІырэр Исус фэшъыпкъэхэм уахэхьан-уахэкІын зэрэфаер ары. ШІошъхъуныгъэу иІэм хигъэхъон ымылъэкІэу ыІозэ, джырэблагъэ сэ зыгорэ къысэтхьаусыхылІагъ. Сэ ащ игъоу фэслъэгъугъэр чыристанхэм нахьыбэрэ заІуигъэкІэнэу ары. Ау ар ащ къезэгъыгъэп ыкІи ахэр ежьым ыгу римыхьыхэу къысиІуагъ. Джащыгъум ащ мырэущтэу есІуагъ: «Зыпари ащ хэпшІыхьан плъэкІыщтэп, ахэмэ уашъом уадыщыІэн угу хэлъмэ, джырэрапшІэ мы чІыгум уадыщыІэн плъэкІыным зыфэгъас! Тхьэм ощ пае чыристан шъхьафхэр къыпфигъэхъунхэ ылъэкІыщтэп!»

СиныбжьыкІэгъум банкир горэ синэІосагъ. Ар зыныбжь хэкІотэгъэ лІэу щытыгъ ыкІи бэрэ къысфиІуатэщтыгъэ иныбжьыкІэгъу щыІакІэ къыщехъулІэгъэ хъугъэ-шІагъэхэр. Еджэныр ащ къызеухым, ятэ ахъщэ шІукІае къыритыгъ Европэм зэкІэ икъэлэ шъхьаІэхэр къыкІухьанхэ ылъэкІыным пае. КъызышІожъугъэшІ илъэс 18 зыныбжь кІэлакІэу ащ фэдэ амал зиІэ хъугъэр. Хэти ащ фэдэм емыхъопсэн ылъэкІынэп! ЫкІи а зыныбжь хэкІотэгъэ лІым къысфеІуатэ: «Сэ сшІэщтыгъ ахэмэ афэдэ къэлэшхохэм узэнэцІын ыкІи удэзыхьыхын зылъэкІыщтыбэ зэрадэплъэгъон плъэкІыщтыр ыкІи сэри охътабэ темышІэу сыхэукъон слъэкІыщтыгъэ. Ау Исус сищыІэныгъэ ІэкІэслъхьагъэу щытыгъэти тэрэзэу сыщыІэмэ сшІоигъуагъ ыкІи джащ къыхэкІэу КъэбарышІур зыдэсштагъ. ХьакІэщым сыкъикІырэп къэс Исус ымакъэ зэхэсхымэ ыкІи Ащ сыдэгущыІэмэ сщІоигъуагъ. Тыдэ сыкІуагъэми чыристанхэм салъыхъуштыгъ, саІукІэным пае Исус игъогу рыкІорэхэр тыдэкІи щыІагъэх, ахэр къащызгъотыщтыгъэх Лиссабони, Мадриди, Лондони... Ау анахь къызыщыгъотыгъоягъэхэр Париж ары. Ащ сэ бэрэ ахэмэ

сащылъыхъун фаеу хъугъагъэ Исус игъогу рыкIорэр къыщызгъотыным пае. Аужыпкъэм сэ къысаIуагъ цокъэдыжьэу Библием ренэу еджэу алъэгъурэм ехьылIагъэу. ЫкIи мары а кIэлэкIэ тегъэпсыхьагъэр цокъашIэм иIофшIапIэу чIыунэм хэтым чIахьэ ыкIи ащ еупчIы: «Исус ошIа о?» Ащ иджэуапэу цокъашIэм ынэхэр гушIом къызэлъигъэлыдыгъэх. КIэлэ ныбжьыкIэр ащ елъэIугъ: «Тызэгъусэу Тхьэм телъэIуным пае пчэдыжь къэс уадэжь сыкъэкIоным сыд къепIуалIэра?» Джарэущтэу ащкIэ мэхьанэшхо иIагъ ящэнэрэу гъэцэкIэгъэн фэягъэм – Исус игъогу яшъыпкъэу рыкIонхэу фаехэм заIуигъэкIэным. Арышъ, зэкIэми апэу зэхэшъозгъэшIыкIынэу сызыфэягъэр мары: Исус къызытфехыгъэм къыщегъэжьагъэу Тхьэм IэкIэтлъхьэгъэ щыIэныгъэ уиIэныр нэпцIэу зэрэщымытыр ары. ЯтIонэрэмкIэ, Тхьэр шъупсэ щыщ хъуным пае ищыкIагъэр Зиусхьанэу Исус шIошъхъуныгъэ фышъуиIэныр ары. ЫкIи, аужыпкъэм, Iофыгъо шъхьаIэм сэ сыкъыфэкIуагъ:

## 3. Тхьэр угу илъэу ащ уфэпсэумэ, сыда ишIуагъэу къакIорэр?

Ныбджэгъу лъапIэхэр! Тхьэр тыгу илъэу, Исус тигъусэ тыпсэуным ишIуагъэу къакIорэм ехьылIагъэу къэсIотэным сыфэягъэмэ, ащыгъум уахътэр сфырикъуныгъэп. Джащ фэдизэу бэ ащ къызэлъиубытырэр.

Илъэс 53-рэ ыныбжьэу лIэгъэ сятэ ыпсэ зыщыхэкIыным къысиIогъагъэр егъашIэми сщыгъупшэжьыщтэп: «Вильгельм, зэкIэ синыбджэгъухэм ыкIи синэIуасэхэм сфяIотэжь сищыIэныгъэкIи Исус насыпышIо сызэришIыгъэр!» ШъошIа шъо, цIыфым ыпсэ хэкIы зыхъукIэ къыIомэ шIоигъор псэлъэ дахэкIэ къызэригъэкIуными егупшысэжьырэп. ЫкIи ащ фэдэ уахътэм Исус ар щыIэныгъэм ыкIи лIэныгъэм насыпышIо зэращишIыгъэм егупшысэмэ, ащыгъум ащ фэдэ гущыIэхэр къупшъхьэкуцIым нэсыжьэу къыпхахьэх. Адэ шъо шъуихьадэгъу сыд фэдэщта?

Сэ дин пащэ ныбжьыкIэу сызыщэтым, Рур хэкум хъугъэ-шIэгъэ гъэшIэгъон къыщыхъугъагъ. ЗэIукIэшхо горэм къыщыгущыIэзэ, лIы гъэсэгъэшхо горэм Тхьэр зэрэщымыIэр сыхьатитIум къыкIоцI къыушыхьатэу къыщыгущыIэгъагъ. Ар къыгъэшъыпкъэным фэшI зэкIэ ащ шIэныгъэу иIэхэр къызыфигъэфе-

дагъэх. Iэгутеошхор зэпыущтыгъэп: «Ура! Тхьэр щыIэп! Тызыфаер тшIэн тлъэкIыщт!» Псалъэр къэзышIыщтыгъэм къыIорэр сыхьатитIу тешIагъэу къызеухым, зэIукIэр зезыщэщтыгъэ тхьаматэм къэзэрэугъоигъэхэм къариIуагъ: «Джы а Iофым тегущыIэгъэныр едгъэжьэн. КъэгущыIэмэ зышIоигъом ыIэ къерэIэт!» Шъыпкъэ, ащ фэдэ лIыгъэ хэти хэлъыгъэп. ЗэкIэри мары зэрегупшысэщтыгъэхэр: «Мощ фэдэ лIы гъэсэгъэшхом сыдэущтэу упэгущыIэжьын, уенэкъокъужьын плъэкIына!» Шъыпкъэ, ащ къыIуагъэм дезымыгъаштэу ахэтыгъэри макIэп. Ау хэта ащ фэдэ лIыгъэ къызыхэзыгъэфэн зылъэкIыщтыр мощ фэдиз нэбгырэ мин пчъагъэу зэхэсыр Iэгу теохэмэ?! Арэу щытми! Зыгорэм ыIэ къыIэтыгъ. Аужырэ сатырхэм къахэтэджыкIыгъ ныо цIыкIу горэ – Пруссием икъокIыпIэ лъэныкъо щыпсэурэ ныо цIыкIухэм афэдэ къабзэу, бзылъфыгъэ пэIо шIуцIэ цIыкIур щыгъэу – ахэмэ афэдэхэр Рур округым бэдэдэ хъухэу исых. Тхьаматэр къэупчIагъ: «Нэнэжъыр, зыгорэ къапIомэ пшIоигъуагъа?» «Ары, – къытыжьыгъ ащ джэуап, – зыгорэ къасIомэ сшIоигъуагъ!» «Ары шъхьаекIэ, ащ пае о уакъыхэкIын, къэгущыIапIэм укъекIолIэн фае!» «Адэ сыкъахэкIынба, – ыIуагъ ныо цIыкIум, – сыщынэрэп сэ!» Ныо бэлахь шъыу! Ар зыхъугъагъэр 1925-рэ илъэсыр арыгъэн фае. Ар къэгущыIапIэм къекIуалIи къыригъэжьагъ ипсалъэ: «Зиусхьанэу псэлъэшIыр! Джыдэдэм сыхьатитIум къыкIоцI о Тхьэр пшIошъ зэрэмыхъурэм ехьылIагъэу къытфэпIотагъ. Джы сэ такъыкъитфым къыкIоцI Тхьэр сшIошъ зэрэхъурэм ехьылIагъэу къэсIуатэ сшIоигъу. Сэ къэсIуатэмэ сшIоигъор си Зиусхьан, уашъом щысиIэ Сятэ къысфишIагъэр ары. Сыбзылъфыгъэ ныбжьыкIэу силIы тхьамыкIэгъошхо къехъулIэгъагъ. Шахтэм чIэтэу Iоф ышIэзэ, ошIэ-дэмышIэу къехъулIэгъэ тхьамыкIагъом ар хэкIодагъ. Ащ ихьадэ сиунэ къызахьыжьым, сыгу кIодыпэгъагъэ. КIэлэцIыкIуищ ащыгъум къыслъэхэнэгъагъ. А лъэхъанэм щыIэкIэ къин хэтхэм IэпыIэгъу афэхъунхэу зипшъэрылъхэр ащыгъум кIочIэджагъэх. СилIы ипхъэмбай сыкIэлъырыты зэхъум, сищыIакIэ тапэкIэ зыфэдэ хъущтыр къызышIозгъэшIын слъэкIыщтыгъэп. Ау цIыфхэм ащыщ горэ къысэушъыин зэрилъэкIыщтым нахьи нахьышIоу Тхьэм сигъэгупсэфыгъ. ЦIыфхэм къысаIощтыгъэхэр зы тхьакIумэмкIэ къихьэщтыгъэ ыкIи адрэ тхьакIумэмкIэ икIыжьыщтыгъэ. Ау Ар – Тхьэ псаур – къысэушъыизэ, сигъэрэхьатын, сыгу къызыIэпысигъэшIыхьажьын ылъэкIыгъэ! Сэ

мырэущтэу Ащ есIуагъ: «О Зиусхьан, джы къыщегъэжьагъэу О сикIэлэцIыкIухэм ты уафэхъун фае!» (УзыIэпещэу дэдэу бзылъфыгъэм а къэбарыр къызэриIотагъэр.) «Пчыхьэрэ сшIэщтыгъэп ятIонэрэ мафэм сикIэлэцIыкIухэр зэрэзгъэшхэщтхэ ахъщэр къызыдисхыщтыр. Ащ ехьылIагъэуи сэ си КъэгъэнэжьакIо есIуатэщтыгъэ: О Зиусхьан, ошIэба сэ къинышхом сызэрэхэтыр. КъыздеI сэ! – Ащ нэужым ныожъым мырэущтэу къыIуагъ: «ЕгъашIэми сэ Ащ гум сыринэу къыхэкIыгъэп, егъашIэми ары! Загъорэ мэфэ шIункIыхэр къысфакIощтыгъэх, ау зыпарэкIи Ащ гум сыринагъэп. Ащ нахьи нахьыб Ащ къысфишIагъэр: Ежьым Ыкъо, Зиусхьанэу Исус Христос къытфигъакIуи, сэщ пае ищыIэныгъэ ригъэтыгъ ыкIи ылъыкIэ зэкIэ сипсэкIодшIагъэхэр стыритхьакIыкIыгъэх! Ары, сэ джы жъы сыхъугъ, бэ сымыгъэшIэжьэуи сылIэщт. Ау къэсIорэм къедэIу, мыкIодыжьын щыIэныгъэр сиIэу зэришIыщтымкIэ Ащ гугъэпIэ пытэ къыситыгъ. Мы дунаим сынэхэр щызэтепIожьыгъэхэу хъухэмэ, ащ пае къэмынэу сэ уашъом сыкъыщыущыжьыщт, сыда пIомэ сэ сищыIэныгъэ Исус ары зыIэ илъыр. ЗэкIэ ахэр Ащ къысфишIагъэх! Джы о сыоупчIы, зиусхьанэу псэлъэшIыр, зыпари пшIошъ зэрэмыхъурэм сыда о къыпфишIагъэр?» ПсэлъэшIыр къэтэджыгъ, ныо цIыкIум ытамэ теIэбагъ ыкIи къыIуагъ: «Ей, мощ фэдэ ныо цIыкIоу зыныбжь лъэшэу хэкIотагъэм ишIошъхъуныгъэ IытхынкIэ тыфаеп! Жъы хъугъэ цIыфым ащ фэдэ шIошъхъуныгъэ къекIоу щыт!» А уахътэм а ныо цIыкIур шъулъэгъугъэемэ! ЗэкIэ а раIуагъэхэр ащ ишъыпкъэу щигъэзыехи, псэлъашIэм къыжэхэхьагъ: «Хьау, хьау, арэу шIэхэу о усIэкIэкIыщтэп! Сэ о сыоупчIыгъ, зиусхьанэу псэлъэшIыр, ори ащ иджэуап къептыжьынэу уипшъэрылъ! Сэ си Зиусхьан къысфишIагъэр къыпфэсIотагъ, джы о къытфэIуат пшIошъ зыпари зэрэмыхъурэм къыпфишIагъэр». Ащ нэужым псэлъэшIым къыIожьын ымышIэу хъугъэ. Ныо цIыкIур бзылъфыгъэ Iушэу къычIэкIыгъ...

ЫкIи джы КъэбарышIум дунаим лъэныкъо пстэухэмкIи къикIыхэзэ къызыщытебанэхэрэм, упчIэхэр сапашъхьэ къеуцох ахэмэ афэдэ цIыфхэм апае: «Адэ шъо зыпари шъушIошъ зэрэмыхъурэм сыда къышъуфихьыгъэр?» ПIопэн хъумэ, сэ къызэрэсшIошIырэмкIэ, ащ ишIуагъэкIэ цIыфхэм агухэр нахь мамырэу хъухэрэп ыкIи ахэр ащ пае нахь насыпышIохэп. Хьау, синыбджэгъухэр!

Аужыпкъэм мыщ джэуап къеттыжьын: Исус ІэкІэтлъхьэгъэ щыІэныгъэ зэрэтиІэм сыда тэ къытфихьырэр? Сэ сшъхьэкІэ сищыІэныгъэ къыхэхыгъэу ащ ехьылІагъэу къышъуфэсІуатэмэ сшІоигъуагъ.

Исус ихьатыркІэ Тхьэм сешІужьыгъэу сыщымытыгъэмэ, ащыгъум сэ сищыІэныгъэ щэчыгъуаеу хъуныгъи! Загъорэ сыгу къызэгоутыным фэхьазырэу къысшІошІыщтыгъэ: непэ зэхэсхыгъэ унэгъуитІу зыгъэунэхъугъэхэ тхьамыкІэгъошхо къяхъулІагъэу. Шъори джащ фэдэу тхьамыкІагъо ошІэ-дэмышІэ ІофкІэ къышъуфыкъокІын ылъэкІыщт, арышъ, гущыІэ гъэкІэрэкІагъэхэр имыщыкІагъэхэу къычІэкІыщт, ащ нахьи нахьышІур мырэущтэу тыупчІэрэм фэдэу: сэ къыздеІэн зылъэкІын кІуачІэ щыІэн шъуІуа? – тІозэ, мэзэхэ шІункІым тІэхэр хэтщаехэрэм фэдэу тэжъугъэшІы. ШъошІа шъо, анахь къинышхом узыщыхафэрэм Исус шІошъхъуныгъэу къыуитырэр ащ къыщэлъагъо. Сэ къызысэщэм, шъхьэгъусэм есІогъагъ: «Шъузыр, сэ шъэуих сиІэмэ сшІоигъу, етІани зэкІэри тромбоным къырагъэІон алъэкІэу». Сэ ар дэгъу дэдэу къысщыхъущтыгъэ – тиунагъокІэ тиунаеу духовой оркестрэ тиІэныр. ЫкІи, нэужым зэрэхъугъэ шІыкІэмкІэ, сабыих тэ къытфэхъугъагъ: пшъэшъэжъые дэхэцІыкІуиплІырэ шъэожъыитІурэ. Ау шъэожъыитІури джы сиІэжьхэп. Тхьэм нэбгыритІури сІихыгъэх анахь тхьамыкІэгъо шІыкІэкІэ: нахьыпэ рапшІэ зыр, етІанэ адрэр ащ кІэлъыкІоу. Джы къызынэсыгъэм арэущтэу зыкІэхъугъэр сэ къызыгурызгъэІон слъэкІырэп. Сэ сигъашІэ кІэлэ ныбжьыкІэхэм Іоф адэсшІэнэу хъугъагъэ, сыда пІомэ ныбжьыкІэхэм япасторэу сыщытыгъ, ау сэ силъфыгъэ шъэожъыехэр... Джы къызынэсыгъэми сыгу къэкІыжьы ятІонэрэ сишъао зэрэхэкІодагъэр къызысаІом, сыгу шъэжъые къыхаІугъэм фэдэу лыузгумэкІыгъошхом сызэрэзыІэкІиубытэгъагъэр. Сагъэгупсэфыжьын фаеу цІыфыхэр садэжь къакІощтыгъэх, ау ахэмэ къысаІорэ гущыІэхэр къысхахьэщтыгъэхэп ыкІи ягущыІэхэм яфэмэбжьымэ гори зэхасшІэщтыгъэп. Ау сэ ныбжьыкІэхэм ядин пащэу сыщытыгъэти, сшІэщтыгъэ непэ пчыхьэм ныбжьыкІэмэ яклуб сыкІонышъ, сыІугушІукІызэ, Тхьэм и ГущыІэ кІэлэкІэ нэбгыри 150-мэ къафэсІотэн зэрэфаер. Сыгу нэмыІэмэ, ащ лъыр къыкІэчъыщтыгъэ! Джащыгъум сэ унэм зисшІыхьи, лъэгуанджэкІэ сытІыси, Тхьэм селъэІоу езгъэжьагъ: «Зиусхьанэу Исус! О псаоу ущыІ, гукІэгъу къысфэшІ сэ, дин пащэ насы-

пынчъэм!» Сэ ситхылъ – КъэбарышIур къызэгосхи сыкъеджагъ: «Исус мырэущтэу еIо: «Сэ сигупсэфыныгъэ къышъосэты!» СшIэщтыгъэ сэ: Ащ къыуиIорэр ыгъэцэкIэжьыщт. Арыти, сэри Ащ сеупчIыгъ: «Зиусхьанэу Исус, джыри сэ къызгурыIон слъэкIырэп а тхьамыкIагъоу къысэхъулIагъэр зыкIыщымыгъэзыягъэр, ау арэу щытми, О уигупсэфыныгъэ сэ къысэт! О уигупсэфыныгъэр сэ сыгу изы къэшI!» ЫкIи Ащ ар къысфишIагъ! Ащ ехьылIагъэу сэ шъуапашъхьэ къыщысэушыхьаты!

Шъори Ар шъуищыкIэгъэщт, зы цIыф горэм шъуигъэгупсэфыжьын зимылъэкIыкIэ. Ей, сыдэу дэгъуа пшIэныр зы нэбгырэ горэми уигъэгупсэфыжьын ымылъэкIынэу зыщыхъурэм къащым зытырарigъэIулIи, уипсэкIодшIагъэхэр пфэзыпщыныжьыгъэ Исус IэпыIэгъу къызэрэпфэхъурэр! Тэ Ащ мырэущтэу етIон тлъэкIыщт: Зиусхьаныр! Къытэт тэ уигупсэфыныр!» Ащ къытырэ гупсэфыныр псыор кIочIэшхоу гум къызэлъехьэ. Ар мызэгъогум зыфэгъэхьыгъэр тищыIэныгъэкIэ анахь сыхьат хьылъэхэр – лIэныгъэр къэблагъэ зыхъукIэ ары. Адэ сыд фэдэу хъущта шъо шъуилIэныгъэ уахътэ? Джащыгъум шъо зы нэбгырэ гори IэпыIэгъу къышъуфэхъун ылъэкIыщтэп. Ары пакIошъ, анахь шIу шъулъэгъурэ Iэри къызэIэкIэшъутIупщын фаеу хъущт. Ей, сыд фэдэу хъущта а такъикъыр? ЫкIи шъо Тхьэм ыпашъхьэ шъукъиуцощт! Адэ шъуипсэкIодшIагъэхэр зэкIэ зыдэшъуIыгъыхэу шъо Тхьэм ыпашъхьэ шъукъиуцон шъугу хэлъа? Ей, КъэгъэнэжьакIом пытэу ыIапэ шъуIыгъэу мырэущтэу къашъуIозэ: «О уилъ лъапIэкIэ сшъхьэ къэпщэфыгъ, ыкIи зэкIэ мыхъунэу сшIагъэхэр сфэбгъэгъугъэх!» – арэущтэу хъумэ, ащыгъум рэхьатэу шъулIэн шъулъэкIыщт.

Адэ аужыпкъэрэм Тхьэм IэкIэтлъхьэгъэ щыIэныгъэу тиIэм сыда тэ къытфихьырэр? ЗэкIэлъыкIоу ахэр къышъуфэслъытэхэмэ сшIоигъу: Тхьэм уешIужьыщт, гусэфыныгъэ бгъотыщт, Тхьэмрэ уиблагъэрэ шIу плъэгъущтых, арышъ, ары пакIоу, уиджэгъогъухэри зэкIэ узыгъэгубжыхэрэри шIу плъэгъунхэ плъэкIыщт, тхьамыкIагъо къыохъулIэми Тхьэм уигъэгупсэфыжьыщт. Мафэ къэс тыгъэм инэфынэ плъэгъущт, мыкIодыжьын щыIэныгъэ зэрэуиIэщтым уицыхьэ тебгъэлъыщт, Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ угу илъыщт, уипсэкIодшIагъэхэр зэкIэ Тхьэм пфигъэгъущтых, щэIагъэ уиIэу хъущт... Ей, джыри бэрэ лъызгъэкIотэн слъэкIыныгъи!

Сэ лъэшэу сикIасэ тхьэорэдым щыщ усэхэмкIэ къэсIуатэрэр къэсэухы:

КъэгъэнэжьакIор упсэ щыщ хъуныр дэгъу,
О Исус, сэ упсэ сыщыщ, О спсэ ущыщ
ЫкIи зыпарэкIи уемыхъырэхъышэу
Ар уиочылэу, уи Зиусхьан, уищытхъу,
О Ащ уриIахь, уримылкъу
плъытэныр – ар насыпыгъ.

КъэгъэнэжьакIом иIэрылъхьэу ухъуныр – ар насыпыгъэ дэд! Ащ фэдэ мылъкушху шъуIэ къихьанэу, ащ фэдэ насып шъуиIэ хъунэу сышъуфэлъаIо!